

**UNOGONA KUNZWISISA BHAIBHERI!**

***VHANGERI YAKANYORWA NAPAURO:***

***VaROMA***

BOB UTLEY  
MUZVINAFUNDO WEZVEKUPIRIKIRWA KWESHOKO  
PROFESSOR OF HERMENEUTICS  
(BIBLICAL INTERPRETATION)

*IMWE YEDUNGWERUNGWE RE TSOROPODZO DZE  
TESTAMENDE ITSVA, YECHISHANU.*

ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI PASI ROSE(BIBLE LESSONS INTERNATIONAL, MARSHAL, TEXAS)

1998

Ikaitwa patsva mugore ra2010

## ZVIRI MUKATI

Mavara emuchidimbu akashandiswa mutsoropodzo .....	7
Shoko romunyorori :Tsoropodzo ino ingakubatsira sei? .....	9
Maverengerwo ebhaibheri akanaka:Tsvakurudzo pazvokwadi inobatika.....	12
Tsoropodzo:	
Nhanganyaya yavaRoma .....	21
vaRoma.1 .....	33
vaRoma.2 .....	84
vaRoma.3 .....	103
vaRoma.4.....	127
vaRoma.5 .....	142
vaRoma.6.....	167
vaRoma.7.....	183
vaRoma.8.....	200
vaRoma.9 .....	237
vaRoma.10 .....	272
vaRoma.11 .....	287
vaRoma.12 .....	305
vaRoma.13 .....	326
vaRoma.14 .....	350
vaRoma.15 .....	368
vaRoma.16 .....	386
Dudziro muchidimbu yezvivakamutauro zvechiGiriki.....	405
Ongororo yechinyorwa .....	416
Donongodzo yemazwi nezvirevo zvawo .....	422
Mitsara yedzidziso yokutenda.....	434

## ZVIRI MUKATI ZVENHAURWA DZINOKOSHA MUNAVAROMA

Tuma( <i>Apostellō</i> ), 1:1 .....	37
Mharidzo dzekereke yakare “ <i>Kerygma</i> ” 1:2 .....	39
Mwanakomana waMwari, 1:3 .....	40
Nyama( <i>sarx</i> ), 1:3 .....	42
Mutumwa, 1:4 .....	44
Mazita ouMwari, 1:4 .....	45
Tenda, vimba, Rutendo muTestamende Itsva, 1:5 .....	50
Rerekero yemaonero eVhangeri yaBob, 1:5 .....	54
Daidzwa, 1:6 .....	55
Vatsvene, 1:7 .....	57
Hubaba hwaMwari, 1:7 .....	58
Mweya( <i>pneuma</i> ) mutestamende itsva, 1:8 .....	61
Ruponeso(izwi remutestamende yekare), 1:16 .....	64
Kururama, 1:17 .....	65
Mwari achitsanagurwa somunhu( <i>anthropomorphic Language</i> ), 1:18 .....	70
“Chokwadi” muzvinyorwa zvaPauro, 1:18 .....	71
Ziva, 1:19 .....	73
Paradza, Shopora, Shopodza( <i>Ptheire</i> ), 1:23 .....	76
Mwoyo, 1:24 .....	76
Nokusingaperi Dimikira echiGiriki), 1:25 .....	78
Ameni, 1:25 .....	78
Chingochani, 1:26,27 .....	80

Mano nounaku muTestamende Itsva,1:29-31 .....	81
Mubatanidzwa unoitwa izwi nemamwe mazwi, <i>Huper</i> naPauro,1:30 .....	81
Rutendeuko,2:4 .....	88
Rusaruraganda,2:11 .....	92
Kuzvirumbidza,2:17.....	97
Mazwi echiGiriki anoreva kuti”kuedza” neminongedzo yawo,2:18 .....	98
Kusava chinhu nekuva demhe( <i>kataregeō</i> ),3:3.....	106
Kubwinya,3:23.....	115
Umboo hweruponeso rwemunhu mutestamende itsva,3:24 .....	116
Muripo/dzikinura,3:24 .....	116
Zvinyorwa zvokumabvazuva,3:27.....	122
Kutenda Mwari mumwechete <i>Monotheism</i> ,3:30 .....	124
Kutenda/Kana Vimba,4:5 .....	131
Chidhindo,4:11.....	135
Simbiso ,4:16 .....	138
Runyararo,5:1.....	145
Mira( <i>Histemi</i> ),5:2.....	147
Simbiso,5:2 .....	148
Sei maKristu achitambura?,5:3.....	151
Matambudziko,5:3 .....	151
Kukura kwemuKristu,5:4.....	152
Kubata Ushe muumambo hwaMwari,5:17,18 .....	162
Rubhabhatidzo,6:3-4.....	171
Kuitwa mutsvene,6:4 .....	172
Rudzi ( <i>Tupos</i> ),6:17 .....	179

Kurumbidza, munyengetero nokuvonga kwaPauro kuna Mwari,7:25 .....	198
Jesu neMweya,8:9 .....	208
Mwari vatatu mumwe,8:11 .....	210
Nhaka yevatendi,8:17 .....	216
Zviwanikwa zvepanyika,8:19 .....	218
Tariro,8:25 .....	222
Kudiwa kwekutsungirira,8:25.....	223
Humunhu hweMweya,8:27.....	226
Dangwe,8:29 .....	229
Sananguro/Kuziva kare nokudiwa kwenengaidzo yezvidzidzo zvouMwari,8:33 .....	231
<i>Arche</i> ,8:38.....	235
Hana,9:1 .....	241
Kunyengeterera,9:3 .....	242
Kutukwa( <i>Anathema</i> ),9:3 .....	245
Isiraeri,9:4 .....	246
Chipikirwa,9:4 .....	247
Mwari achitsanangurwa somunhu,9:13 .....	253
Rudo rweunyororo ( <i>hesed</i> ),9:15.....	255
Vakasara/ nzira nhatu,9:27-28 .....	261
Mazita ouMwari,9:29.....	263
Ibwe romugwava,9:33.....	269
Ziva,10:2 .....	274
Ruteero,10:3.....	275
Zvirevanguva zvechiGiriki zvakashandiswa kureva ruponeso,10:4.....	277
Mhupuro,10:9.....	279

Zita raishe,10:9 .....	280
Rujeko,10:18.....	284
Kusava nokutenda,11:21.....	297
Chakavanzika,11:25.....	300
Mutsvene,12:1.....	308
Nguva ino nenguva irikuuya,12:2.....	309
Vandudza( <i>Anakainōsis</i> ),12:2.....	310
Kuda kwaMwari( <i>Thelema</i> ),12:2.....	310
Chiporofita chetestamende itsva,12:6.....	314
Mupavhurire ,nemwoyo wose( <i>Haplotēs</i> ),12:8.....	317
“ <i>Koinōnia</i> ”Kuwadzana,12:13.....	322
Masimba,13:1.....	329
Hurumende yavanhu,13:1.....	330
Maonero aPauro kumurayiro waMosesi,13:9.....	336
Zvinyorwa pamusoro paEkisodho.20,13:15,17.....	337
Kurenguka,14:1.....	353
Ko vaKristu vanofanira kutongana here?,14:13.....	360
Ushe hwaMwari,14:17.....	362
Simbisa,15:2.....	371
Zvakawandisa( <i>perissevō</i> ),15:13.....	375
VaKristu nevanenzara,15:26.....	381
Madzimai muBhaibheri,16:1.....	389
Kereke( <i>Ekklesia</i> ),16:1.....	392
Huipi pazima,16:20.....	398
Nokusingaperi,16:26.....	403

## MAZWI EMUCHIDIMBU AKASHANDISWA MUTSOROPODZO

**AB** -- iyi ipfupiso inoreva tsoropodzo yebhaibheri yakapepetwa navaWilliam Foxwell Albright pamwe navaDavid Noel Freeman”*Anchor Bible Commentary* “

**ABD**—Iyi ipfupiso inoreva duramazwi rebhaibheri rakapepetwa navaDavid Noel Freeman”*Anchor Bible Dictionary(6 vols)*

**AKOT**—Iyi ipfupiso inoreva gwaro reongoroyetestamende yekare rakanyorwa nava John Joseph Owens”*Analytical key to the Old Testament*”

**ANET**—Iyi ipfupiso inoreva zvinyorwa zvakare zvokumatunhu akadziva kumabvazuva zvakanyorwa navaJames B Richards”*Ancient Near Eastern Texts*”

**BAGD**—Iyi ipfupiso yokureva duramazwi guru rechirungu nechiGiriki retestamende itsva pamwe nezvinyorwa zvakare zvechiKristu izvo zvakanyorwa nava Walter Bauer, chinyorwa chepiri anavaF.W Gingrich pamwe navaFredrick Danker

**BDB**—Iyi ipfupiso yokureva duramazwi rechiHebheru nechirungu retestamende yakare rakanyorwa navaF Brown S.R Driver pamwe navaC. A Briggs

**BHS**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri rechiahaebheru (GBS)iro rakanyorwa mugore ra1997”*Biblia Hebraica Stuttgartensia, GBS*”

**IDB**—Iyi ipfupiso yokureva duramazwi rinoshandiswa nevapirikiri vebhaibheri rakapepetwa navaGeorge A Buttrick”*Interpreter’s Dictionary of the Bible, 4 vols*”

**ISBE**—Iyi ipfupiso yokureva jengeta mazwi ebhaibheri guru rakapepetwa navaJames Orr”*International Standard Bible Encyclopedia, 5 vols*”

**JB**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri reJerusarema”*Jerusalem Bible*”

**JPSOA**—Iyi ipfupiso yokureva mashoko matsvene maringe negwaro re’Mesoteric Text’ :shandurudzo itsva(vaburitsi vezvinyorwa zvechiJudha muAmerica)”*The Holly Scripture according to the Mesoteric Text*”

**KB**—Iyi ipfupiso yokureva duramazwi rendimi dzechiHebheru nechiAramaic reTestamende yekare rakanyorwa navaLudwig Koehler pamwe nava Walter Baumgartner”*Hebrew and Aramaic Lexicon of the old Testament*”

**LAM**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri dzvene rakabva muzvinyorwa zvakare zvekumatunhu akadziva kumabvazuva iro rakanyorwa navaGeorge M Lamsa”*The holly Bible from Ancient Near Eastern Manuscripts(Peshiita)*

**LXX**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri rakare rechiGiriki nechirungu rakanyorwa neve Zondervan mugore ra1970”*Septuagint(Greek-English)*”

**MOF**—Iyi ipfupiso yokureva testamende itsva yebhaibheri yakanyorwa navaJames Moffat

**NAB**—Iyi ipfupiso yokureva chinyorwa chebhaibheri chitsva chokuAmerica *“New American Bible”*

**NASB**—Iyi ipfupiso yokureva Bhaibheri rinoshandiswa zvikuru kuAmerica *“New American Standard Bible”*

**NEB**—Iyi ipfupiso yokureva Bhaibheri idzva rechirungu *“New English Bible”*

**NET**—Iyi ipfupiso yokureva shandurudzo itsva yebhaibheri rechirungu *“New English Translation”*

**NIDNTT**—Iyi ipfupiso yokureva duramazwi idzva reongororo yezvidzidzo zvouMwari zvetestamende itsva iro rakapepetwa navaWillem A. VanGemeren *“New International Dictionary of New Testament Theology and Exegesis(5 vols)”*

**NRSV**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri rakanyorwa patsva *“New Revised Standard Version”*

**NIV**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri idzva re *“New international Version”*

**NJB**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri idzva rekuJerusarema *“New Jerusalem Bible”*

**OTPG**—Iyi ipfupiso yokureva gwaro rinobatsira pakuverengwa kweTestamende yekare rakanyorwa nava Todd S.Beal, vaWilliam A.Banks pamwe nava Collin Smith *“Old Testament Parsing Guide”*

**REB**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri rakaitwa patsva rechirungu re *“Revised English Bible”*

**RSV**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri rakaitwa patsva re *“Revised Standard Version”*

**SEPT**—Iyi ipfupiso yokureva rakare rechiGirki nechirungu rakanyorwa neve Zondervan mugore ra1970 *“Septuagint(Greek-English)”*

**TCNT**—Iyi ipfupiso yokureva gwaro retestamende itsva rakanyorwa mumakore zviuru zviviri enguva ino *“Twentieth Century New Testament”*

**TEV**—Iyi ipfupiso yokureva bhaibheri razvino rakanyorwa nesangano re’United Bible Society’ *“Today’s English Version”*

**YLT**—Iyi ipfupiso yokureva shandurudzo dzvene yakaitwa nava Robert Young *“Young’s Literal Translation of the Holly Bible”*

**ZPBE**—Iyi Jengeta mifananidzo guru reZondrevan rakapepetwa nava Merrill C.Tenney



## **SHOKO ROMUNYORI: TSOROPODZO INO INGAKUBATSIRE SEI?**

Kupirikira bhaibheri ibasa rinoda pfungwa pamwe neMweya, basa iri nderekuedza kunzwisisa munyori wakare akatuswa, nenzira yokuti shoko raMwari rinzwisise nokushandiswa munguwa yedu.

ZveMweya zvinokosha asi zvakaoma kududza. Zvinosanganisira kuzvirerutsa nokuzvipira kunaMwari. Panofanira kuva nenzira (1) yokuda Mwari (2) yokumuziva ne(3) yokumushumira. Basa iri rinosanganisira munyengetero, kupupura nechido chokushandura mararamiro. Mweya unokosha mubasa rokupirikira, asi kuti sei vaKristu vanouMwari vachinzwisisa bhaibheri nenzira dzakasiyana ndicho chinhu chino katyamadza.

Basa rokushandisa pfungwa rakapfava kutsanangura. Tinofanira kutsetsenura basa uye nokuita kuti rerekero yedu irege kunyangadza chinyorwa. Tose takaumbwa nenhoroondo. Pakati pedu hapana mupirikiri anganzi haana kwaakarerekerera. Tsoropodzo ino inopa mubatiro webasa une misimboti mitatu yokupirikira iyo inotibatsira kukunda rerekero dzedu.

### **Musimboti wokutanga**

Musimboti wokutanga ndoweku tarisa chimiro chenhoroondo iyo yakanyorerwa chinyorwa chebhaibheri uye nechitiko chacho chakakonzero kuti chinyorwa chinyorwe. Munyori wemabviro aiva nechinangwa, neshoko rokutaura. Chinyorwa hachingarevi kwatiri izvo zvachisina kumboreva kumunyori wemabviro uyo akatuswa. Vavairo yake – kete nhoroondoyedu, dengetera tsika nemagariro kana sangano redu — ndiyo shanguriro. Kuita kunobatira pamwe nokupirikira, asi kupirikira chaiko kunotanga kuita kusati kwavapo. Zvinofanira kurangarirwa kuti chinyorwa chose chemubhaibheri chine chirevo chimwechete uye chimwe choga. Chirevo ichi ndicho chaivavarirwa kutaurwa nemunyori wemabviro kuburikidza nokutungamirwa neMweya, pazuva ranhasi. Chirevo chimwechete ichi chinogona kuva nemashandisirwo akawanda kutsika nemagariro dzakawanda. Mashandisirwo aya anofanira kuva nehochekoche nezvokwadi chaiyo yemunyori wemabviro. Nokudaro, tsoropodzo ino yakaitwa nenzira yokupa nhanganyaya kubhuku roga roga rebhaibheri.

### **Musimboti wepiri**

Musimboti wepiri ndowekudoma chidzidzo chemuraudzo wechinyorwa. Bhuku rose remubhaibheri igwaro rakabatana. Vapirikiri Havana kodzero yokumisikidza nyaya imwechete yezvokwadi vachirasa dzimwe. Naizvozvo, tinofanira kuedza zvikuru kunzwisisa chinangwa chebhuku rose remubhaibheri tisati tapirikira muraudzo wechinyorwa. Mbadzi, zvikamu, ganhuro, kana ndima—hadzigone kureva zvisingarehwi nemuraudzo wose. Kupirikira kunofanira kushanduka kubva mukushandisa nzira dzokusunhaidza kuchishandisa nzira dzokuongorora zvose zviripo. Naizvozvo, tsoropodzo ino yakarongwa nenzira yokubatsira mudzidzi kuti akwanise kuongorora murongerwo wemuraudzo wechinyorwa choga choga paganhuro yoga yoga. Mhatsanurwa dzeganhuro nechikamu hadzina kutuswa, asi dzinoti batsira kudoma pfungwa yemuraudzo.

Kupirikira panhanho yeganhuro—kwete mutsetse, mutsumbu wemazwi, mutsara kana panhanho yezwi—ndiyo shanguriro yokutevedza chirevo chaidiwa nomunyori wemabviro,

ganhuro dzinoumbwa nenhaurwa izere, ndiyo inodanwa kuti dingindira kana kuti mutsetse wenhaurwa, nguva zhinji. Izwi roga roga, mutsara, mutsumbu wemazwi, nemutsetse muganhuro zvine hochekeche nedingindira iri. Zvinori pendera, kurivandudza, kuritsanangura, nokuribvunzurudza. Shanguriro chaiyo yokupirikira ndeyekutevera pfungwa yomunyorori wemabviropaganhuro yoga yoga kuburikidza nemuraudzo wechinyorwa choga choga icho chinoumba gwaro remubhaibheri. Tsoropodzo ino yakarongwa kuti ibatsire mudzidzi kuita izvi nokuenzanisa shandurudzo itsva dzechirungu. Shandurudzo idzi dzakasarudzwa nokuti dzinoshandisa mashandurudziro akasiyana:

1. Gwaro rechiGiriki re'United Bible Society'(UBS<sup>4</sup>)ndiro gwaro rechina rakanyorwa patsva. Gwaro iri rine ganhuro dzakarongwa nevanzveri vemagwaro vemazuva ano.
2. Gwaro re 'New King James version' (NKJV) iri gwaro rakashandurudzwa izwi roga roga zvichibva muchinyorwa chechiGiriki che Textus Receptus.' Kupatsanurwa kweganhuro dzacho kwakareba kupfuura dzimwe shandurudzo. Miraudzo mirefu iyi inobatsira mudzidzi kuti aone nhaurwa.
3. Gwaro re'New Revised Standard Version' (NRSV) ishandurudzo yezwi roga roga yakavandudzwa. Inomira pakati peshandurudzo mbiri itsva dzirikutevera. Kupatsanurwa kweganhuro dzaro kunobatsira zvikuru pakudoma zvidzidzo.
4. Gwaro re'Today's English Version' (TEV) ishandurudzo yakanaka zvikuru inofambirana nedzimwe, yakatsikiswa ne(UBS). Rinoedza kushandurudza bhaibheri nenzira yokuti muverengi kana mutauri wechirungu chemazuva ano akwanise kunzwisisa chirevo chezvinyorwa zvechiGiriki. kunyanya mudzivhangeri, rinopatsanura ganhuro maringe nemutauri kwete nechidzidzo, sezvinoita re'NIV.' Kumupirikiri, izvi hazvibatsiri. Zvinofanira kuzivikanwa kuti magwaro e 'UBS<sup>4</sup> ne TE' anotsikiswa nekambani imwechete, asi ganhuro dzawo dzinosiyana.
5. Gwaro re'Jerusalem Bible' (JB) ishandurudzo yakanaka zvikuru inofambirana nedzimwe, shandurudzo iyi yakabva pashandurudzo yekaturike yerurimi rweFrench. Inobatsira pakuenzanisa murongerwo weganhuro maringe nemaonero emanyorero ekunyika dzakadziva kumavirira kweAsia.
6. Chinyorwa chakadhindiswa ndeche 'Updated New American Standard Bible' (NASB), chinyorwa ichi chakashandurudzwa zvichiteverwa izwi roga roga. Tsoropodzo dzendima yoga yoga dzinotevera ganhuro idzi.

### **Musimboti wetatu**

Musimboti wetatu ndowekuverenga shandurudzo dzebhaibheri dzakasiyana siyana kuitra kuti ubate muvanzarira wezvirevo zvingangova mumazwi nemitsara yemubhaibheri. Kazhinji mutsara kana izwi rechiGiriki zvinogona kunzwisiswa nenzira dzakawanda. Shandurudzo dzakawanda idzi dzinoburitsa zvese izvi nokubatsira kudoma nokutsanangura musiyano wezvinyorwa zvechiGiriki. Izvi hazvikanganise gwara redzidziso, asi zvinoti batsira pakuedza kudzokera kuchinyorwa chemabviro icho chakanyorwa nemunyorori akatuswa.

Tsoropodzo ino inopa nzira yechimbi chimbi yokuti mudzidzi atarisise mhirikiro dzake. Haina kuitirwa kupa dudziro yose, asi kupa hukorokodzwa nokutekenya ndangariro. Kazhinji dzimwe mhirikiro dzinoti batsira kusava nererekro yakanyanya, kuomesa pfungwa nokumira nemasngano edu. Vapirikiri vanofanira kuva noruvanzarira rwakatambanuka

rwokupirikira kuti vaone kuti zvinyorwa zvine zvirevo zvakawanda sei.Zvinoshamisa kuti pane kubvumirana kushoma pakati pevaKristu avo vanoti bhaibheri ndiro hwaro hwezvokwadi yavo.

Misimboti iyi yakandibatsira kukunda zvizhinji zvekukuriswa kwangu nokundiita kuti ndishangazhike zvikuru nemagwaro akare.Tariro yangu ndeyekuti newewo uchawana kukomborerwa nazvo.

Bob Utley  
East Texas University  
June 27, 1996

**NHUNGAMIRI KUMAVRENGERWO EBHAIBHERI AKANAKA  
TSVAKURUDZO PAUZIMA YEZVOKWADI INOBATIKA**

Tinokwanisa kuziva zvokwadi here?iripi?zvinogoneka here kuti isu nepfungwa dzedutive noumboo hwezvokwadi?kuna samasimba ariko here?kune zvokwadi dzakazara dzingatungamira hupenyu hwedu nyenika yedu here?Ko hupenyu hunechirevo here?Tiri kuitei pano panyika?Tirikuendepi?Mibvunzo iyi—iyo inofungwa nevanhu vose vane pfungwa—iyo yakakanganisa pfungwadzevanhu kubva kare(Muparidzi.1:13-18;3:9-11).Ndinorangarira tsvakurudzo yangu yechirevo muupenyu .Ndakava mutendi ndiri mwana mudiki,apa ndaiteverawo vamwe vemhuri yangu.Pandaikura kuva munhu mukuru ,mibvunzo pamusoro pangu ini pauzima nezvakandipoteredza yaikurawo.Izvo zvekunamata netsika zvaigaro taurwa zvakatanga kusava nechirevo kune zvaitika izvo zvandaiverenga nokuona. Iyi yakava nguva yokuvhiringika, kutsvaka nokushuvira kukuru pamwe nokunzwa ndisisina tariro mukati menyika yakaoma iyo yandairarama mairi.

Vazhinji vaiti vane mhinduro yemibvunzo iyiasi mushure mokutsvakurudzanokufungisisa ndakaona kuti kuti mhinduro dzavo dzaingova dze (1)udzamu hwendangariro dzavo pauzima, (2) nyaya dzakare dzemashiripiti, (3) zvoupenyu hwavo kana (4) zvokudzidzwakwemafungiro.Ini ndaida zvokwadi, humboo, mirangariro yokuona nayo hupenyu,gungo rokusungisa hupenyu hwangu,chinangwa changu chokuraramira.

Ndakawana mhinduro idzi mukudzidza kwangu bhaibheri.Ndakatanga kutsvakurudza humboo hwokuvimbika kwaro, Izvi ndakazviwana mu(1) kuvimbika kwenhorooondo yebhaibheri iyo inotsigirwa netsvakurudzo yeavo vanoita zvokutsvaka nhoroondo nokuchera, (2) kunangana kwezviporofita zvetestamende yekare, (3) kubatana kweshoko rebhaibheri mukati menguva yemakore chiuru chine makore mazana matanhatu okunyorwa kwaro, ne (4) Kupupura kwevanhu vaneupenyu hwakashandurwa nebhaibheri.Chikristu, senzira yorutendo nokutenda ,chinokwanisa kubata mibvunzo iyi youpenyu hwevanhu.Izvi hazvina kungondipa hwaro hwemaonero,asiwo kutenda kwoupenyu hwebhaibheri kwakandipawo mufaro nokugadzikana.

Ndakafunga kuti ndainge ndawana gungo roupenyu hwangu—Kristu,sekunzwisiswa kwaanoitwa mushoko. Ichi chakava chinhu chikuru,kusununguka chaiko.Zvisineyi,ndichiri kurangarira kukatyamara nokurwadziwa apo ndakatanga kuona kuti paiva noupirikiri hwakasiyana siyana hwebhuku iri hwaitwa, dzimwe nguva chero musangano rimwechete chaimo nemune avo vanemaonero mamwechete. Kuva nerutsigiro rwe kutuswa nokuvimbika kwebhaibheri kwakanga kusiriiko magumo, asi kwaitova mavambo.Ndaizobvuma kana kuramba sei zvaitaurwa nevaipirikira mivaravara yemubhaibheri nenzira dzakasiyana uye dzinotopikisana, avo vaiti ndivo vanezvokwadi chaiyo inovimbika?

Basa iri rakava chinangwa nevavariro yokutenda kwangu.Ndaiziva kuti kutenda kwangu munaKristu kwaiva (1) kwandipa mufaro norugare rukuru.Pfungwadzangu dzaida chokwadi maringe netsika nemagariro angu; (2) Gakava rezvitendero zvaipikisana (zvitendero zvepanyika); ne(3) kuzvitutumadza kwemasangano.Mutsvakurudzo yangu yokuti ko zvinyorwa zvakare zvingapirikirwa sei, ndakakatyamara nokuona rerekero yangu panhorooondo,tsika nemagariro, sangano, nezvoupenyu. Nguva zhinji ndaiverenga bhaibheri senzira yokutsigira maonero angu.Ndairishandisa sechombo chokurwisa pakukakavara nevamwe uku ndichiviga kutya pamwe nokusaziva kwangu. Ruzivo urwu rwakandirwadza zvikuru!

Chero ndisingagoni kusava nererekero zvachose, zvino ndavakukwanisa kuva muverengi webhaibheri ari nane. Ndinogona kupombodza rerekero dzangu nokudziona nokuziva kuti

dziripo. Handisati ndasununguka kwadziri, asi ndakaringana nokusasimba kwangu. Kazhinji mupirikiri ndiye muvengi mukuru wokuverengwa kwakanaka kwebhaibheri!

Regai ndidonogodze mamwe mafungiro andinounza mudzidzo yangu yebhaibheri, kuitira kuti iwe, muverengi uaongorore pamwe neni.

## 1. Mafungiro

- A. Ndinotenda kuti bhaibheri ndiro chete gwarorakatuswa rokuzviratidza kwaMwari mumwe wezvokwadi. Naizvozvo rinofanirwa kupirikirwa maringe nevavariro yemunyori woutsvene (Mweya) kuburikidza nemunyori wenyama pane imwe nguva munhoroondo.
- B. Ndinotenda kuti bhaibheri rakanyorerwa munhuwo zvake—vanhu vose! Mwari akada kutaura nesu zvakajeka mukati menguva, nhoroondo netsika nemagariro. Mwari haavigi chokwadi—anoda kuti tinzwisise! Naizvozvo, rinofanira kupirikirwa maringe nenguva yaro, kwete yedu. Bhaibheri harifanire kureva kwatiri zvarisina kumboreva kuna avo vakatanga kuriverenga kana kurinzwa. Rinonzwisika chero naanizvake uye rinoshandisa nzira dzakajairika dzokutaurirana kwevanhu.
- C. Ndinotenda kuti Bhaibheri rineshoko nechinangwa zvakabatana. Harizvipikisi, nyangwe zvaro riine mivaravara yegangaidzo yakaoma. Nokudaro, mupirikiri webhaibheri akanaka, ndiro bhaibheri pacharo.
- D. Ndinotenda kuti muvaravara woga woga (kusiya kwezvivorofita) Une chirevo chimwechete icho chiri maringe nevavariro yemunyori akatuswa. Chero tisingakwanise kuva nechokwadi chaicho chokuti tinoziva vavariro yemunyori wemabviro, kune minongedzo mizhinji:
  1. Manyorerwo (mhando yechinyorwa) akasarudzwa kutaura shoko
  2. Chimiro chenhoroondo nechitiko chakakonzeresa kunyorwa uku.
  3. Zviri muchinyorwa chose pamwe nemurudzo wechinyorwa woga woga.
  4. Marongerwo echinyorwa (donogodzo) nokuva nesungano yemirudzo yechinyorwa neshoko rose
  5. Zvimiro zvezvivakamutauro zvakashandiswa kutaura shoko
  6. Mazwi akasarudzwa kutaura shoko
  7. Mivaravara inofambirana


Dzidzo yezvese izvi ndiyo inova chinangwa chedzidzo yedu yemivaravara. Ndisati ndataura nzira dzangu dzokuverenga bhaibheri zvakakanaka, regai nditsanangudze dzimwe nzira dzisakarurama idzo dziri kushandiswa mazuva ano, idzo dzakonzera kusiyana kukuru kwekupirikira, idzo dzinofanira kusashandiswa:

## 2. Nzira dzisakarurama


- A. Kusiya chirevo chechidzidzo chemabhuku ebhaibheri nokushandisa mutsetse woga woga, mutsumbu wemazwi, chero izwi chairo semutsara wezvokwadi usina sungano nechinangwa chemunyori kana chirevo chaicho chechinyorwa. Izvi zvinodanwa kuti ”proof texting.”
- B. Kusiya chimiro chenhoroondo yemabhuku kuchitsivaniswa nechimiro chenhoroondo yefungidziro zvisina rutsigiro kubva muchinyorwa chacho
- C. Kusiya chimiro chenhoroondo yemabhuku ebhaibheri nokuaverenga sechitiko chatoitika ipapo chakanyorerwa vaKristu vazvino.

- D. Kusiya chimiro chenhorooondo yemabhuku ebhaibheri nokutora zvinyorwa seshoko rezvirahwe zvokudzamiswa kwendangariro/zvidzidzo zvouMwari izvo zvisina hochekeche nevavariro yemunyori wemabviro kana vanzwi veshoko vokatanga.
- E. Kusiya shoko remabviro nokuritsivanisa negwara rako rezvidzidzo zvouMwari,gwara redzidziso rokuzviitira kana imwewo nyaya isina hochekeche nevavariro yemunyori wemabviro pamwe neshoko raakadonongodza.Kuita uku kunowanzowanikwa mushure mokuverengwa kwebhaibheri kokutanga senzira yokuratidza ruzivo rwomutauri.Izwi zvinodanwa kuti “reader response” kureva kuti (“kupirikira kwokuti, zvinorehwa neshoko kwandiri”).

Pane zvinhu zvitatu zvinogona kuwanika munyaya dzokutaurirana kwevanhu:



Kare, mhando dzokuverenga dzakasiyana siyana dzaitarisa chimwe chezvitatu zvarehwa pamusoro. Asi kuti tikukumikidza zvizere kutoswa kwebhaibheri, mufananidzo wakavandudzwa ndiwo ungabatsira:



Zvokwadi ,zvinhu zvose zviri zvitatu izvi zvinofanira kuwanikwa pakupirikira.Nokuda kwokuda kuburitsa zvokwadi ,kupirikira kwangu kunotarisisa nzira mbiri dzokatanga:munyori wemabviro nechinyorwa. Ndinoona sokuti ndiri kunyanya kuda kugadzirisa kukanganiswa kwekupirikira kwandakaona (1) kuisa zvirahwe nokuisa zvemweya muzvinyorwa ne(2) kupirikira zvinyorwa maringe nokuti zvinorevei kwauri.kukanganiswa kweshoko kunogona kuwanikwa panhanho ipi zvayo.Tinofanira kutarisisa rerekero yedu,zvinangwa zvedu,mapirikiro edu nemashandisiro edu.Zvino izvi tingazvione sei nokuti happana muganho

wekupirikira,hakuna mhendero kana mapimiro? Apa ndipo pandino shandisa vavariro yemunyori wemabviro nemanongerwo echinyorwa kundipa mapimiro okuti ndingapirikira sei. Nokuda kwokuvapo kwenzira dzokuverenga bhaibheri dzisakarurama,ndedzipi dzimwe nzira dzingabatsira pakuverengwa nokupirikirwa kwebhaibheri kwakananaka?.

### 3. NZIRA DZOKUVERENGA BHAIBHERI DZAKANAKA

Parizvino handichatauri nezvemhando dzokupirikirwa kwemanyorerwo ebhaibheri asi ndirikutaura nezve misimboto yezvidzidzo zvokupirikira iyo inoshanda kuzvinyorwa zvose zvebhaibheri.Gwaro rakanaka rinotaura nezve nzira dzemanyorerwo nderavaGordon Fee nava Douglas Stuart rinonzi Maverengerwo ebhaibheri zvariri zvose *"How To Read The Bible For All Its Worth,"* rakatsikiswa neZondervan.

Nzira yangu ndeyekutanga kupa muverengi mukana wokubvumira kuti Mweya mutsvene uise rujeko kubhaibheri kuburikidza nokuzviverengera bhaibheri runa.Izvi zvinoita kuti Mweya ,chinyorwa nemuverengi vave chinhu chokutanga,kwete chepiri.Izvi zvinodzivirira muverengi kuti asakanganoswa nevatsoropodzi.Ndakambonzwa zvichinzi bhaibheri rinopa rujeko kutsoropodzo."Aya haasi mashoko okudzikisira tsoropodzo,asi chikumbiro chokuti dzishndiswe zvakafanira.

Tinofanira kutsigira mhirikiro dzedu kubva muzvinyorwa chaizvo.Zvinhu zvitatu zvinotipa zvokwadi dzakapenderwa:

1. Munyori wemabviro
  - a. Chimiromo chenhorondo
  - b. Zviri muchinyorwa
2. Sarudzo yemunyori wemabviro
  - a. Murongerwo ezvivakamutauro(murongerwo wemazwi)
  - b. Mashandisirwo emazwi mazuva ano
  - c. Manyorerwo
3. Kunzwisisa kwedu kwe
  - a. Mivaravara inofambirana
  - b. Sungano yegwara rezvidzidzo(gangaidzo)

Tinofanira kukwanisa kupa musaka nemafungiro edu pamusoro pemhirikiro dzedu.Bhaibheri ndiro chete tsime rokutenda nokuita kwedu.Zvino tsamwisa ndezvekuti vaKristu vanowanzo pikisana pamusoro pokuti bhaibheri rinodzidzisei kana kutsigirei.Ndiko kuzviparadza chaiko kwokutaura nezvekuti bhaibheri rakatuswa bvepo vatendi votadza kubvumirana kuti bhaibheri rinodzidzisei nokudei!

Maverengerwo mana kakarongawa nechinangwa chokupa chidza munezvokupirikira zvinotevera:

#### A. Maverengerwo okutanga

1. Verenga bhuku kamwechete. Riverengezve mushandurudzo yakasiyana, ndinotarisa kuti mumashandurudziro akasiyana.
  - a. Izwi nezwi (NKJV,NASB,NRSV)
  - b. Imwewo shandurudzo yakanaka uye inofambirana nedzimwe (TEV,JB)
  - c. Ongorora nemuvaravara mudiki (Living Bible, Amplified Bible)
2. Tsvaga chinangwa chikuru chechinyorwa chose. Doma dingindira racho.

3. Taramutsa (kana zvichiita) muraudzo wechinyorwa, chikamu, ganhuro, kana mutsetse unonyatsoburitsa dingindira iri zvakajeka.
  4. Doma nzira yemanyorero yakanyanaya kushandiswa muchinyorwa
    - a. Testamende yekare
      - 1) Rondedzero yechiHebheru
      - 2) Nhetembo dzechiHebheru (zvinyorwa zvouchenjeri, Mapisrema)
      - 3) Chiporofita chechiHebheru (rondedzero pfupi, nhetembo)
      - 4) Mitemo
    - b. Testamende itsva
      - 1) Rondedzero (vhangeri, Mabasa)
      - 2) Mifananidzo (vhangeri)
      - 3) Tsamba .
      - 4) Zvinyorwa zvemagumo
- B. Maverengero epiri
1. Verenga bhuku rose zvakare, uchitsvaka kudoma nhaurwa nezvidzidzo.
  2. Donongodza nhaurwa, wodenengudza muchidimbu zviri mukati menhaurwa idzi nemutsara mumwe
  3. Tarisa mutsara unechirevo chechinangwa nedonongodzo maringe negwaro retsoropodzo
- C. Maverengero etatu
1. Verenga bhuku rose zvakare, uchitsvaka kudoma chimiro chenhoroondo nechiitko chakakonzera kunyarwa kwebhuku remubhaibheri.
  2. donongodza zviitiko zvenhoroondo zvakanyorwa mubhaibheri
    - a. munyori
    - b. zuva negore
    - c. vagamuchiri vechinyorwa
    - d. chinangwa chaicho chakanyorerwa chinyorwa
    - e. Zvinechekuita netsika nemagariro, zvinesungano nechinangwa chokunyorwa kwechinyorwa
    - f. Zvinonongedza zvenhoroondo nezviitiko
  3. Vandudza donongodzo yako kusvika panhanho yeganhuro yembadzi yebhuku iroro remubhaibheri rauri kupirikira. Nguva dzose garo doma nokudonongodza muraudzo wechinyorwa .Uyu muraudzo unogona kuva zvikamu zvakawanda kana ganhuro. Izvi zvinokubatsira kutevera muronga wemunyori wemabviro nemaumbiro aanoita chinyorwa chake.
  4. Tarisisa chimiro chenhoroondo nokushandisa magwaro etsoropodzo.
- D. Maverengero echina
1. Verengazve muraudzo wechinyorwa mushandurudzo dzakasiyana
    - a. Izwi neizwi(NKJV,NASB,NRSV)
    - b. Imwewo shandurudzo yakanaka uye inofamnbirana nedzimwe(TEV.JB)
    - c. Ongorora nemuvaravara mudiki(Living Bible, Amplified Bible)
  2. Tsvaka kuumbwa kwezvivakamutauro nezvidzidzo
    - a. Mitsara yakadzokororwa, vaEfeso.1:6,12,13
    - b. Kudzokororwa kwekuumbwa kwezvivakamutauro, vaRoma.8:31
    - c. Maonero akasiyana
  3. Donongodza zvinhu zvinotevera



- a. Mazwi anokosha
  - b. Mazwi asina kujairika
  - c. Zviumbwa zvezvivakamutauro zvinokosha
  - d. Mazwi,mitsumbu yemazwi nemitstetse yakaoma
4. Tsvaga mivarvara inofambirana
- a. Tsvaga muvaravara unodzidzisa zvakajeka pamusoro pechidzidzo chako uchishandisa
    - 1) Magwaro anodzidzisa nzira yokupirikira yokuti bhaibheri rireve chinhu chimwe”systematic theology”
    - 2) Mamwe wo mabhaibheri anojekesa zvinyorwa
    - 3) Mabhaibheri anojekesa kufanana kana kufambirana
  - b. Tsvaga hunyambiri hwegangaidzo muchidzidzo chako.Zvokwadi zhinji dzebhaibheri dzinoburitswa dziri muunyambiri;makakava mazhinji emasangano anobva pakupirikira bhaibheri nenzira yokutorwa chikamuchimwe chegakava rounyambiri.Bhaibheri rose rakatuswa,uye tinofanira kutsvaga chirevo charo chose kuti tipe nenfaidzo yeshoko kumhirikiro dzedu.
  - c. Tsvaga zvnhu zvinofambirana mubhuku rimwechetero,munyori mumwe,kana manyorero mamwe;bhaibheri roga ndiro rinogona kuzvipirikira nokuti rakanyorwa nomunyori mumwechete,Mweya.
5. Shandisa magwaro anobatsira kudzidza kutarisa ongororo yako yechimiro chenheroondo nechitiko
- a. Mabhaibheri anoshandiswa kudzidza
  - b. Maduramazwi ebhaibheri
  - c. Nhanganyaya dzebhabheri
  - d. Tsoropodzo dzebhaibheri(panhanho ino yokudzidza kwako bvumira vatendi kuti vakare nevazvino kuti vakugadzirise mukudzidza kwako)

#### **IV. KUSHANDISWA KWEMHIRIKIRO YEBHAIBHERI**

Parizvino tava kutarisa nyaya yekushandiswa .Watora nguva yako kuti unzwisise chinyorwa muchimiro chacho chemabviro,zvino unofanira kuchishandisa muupenyu hwako,netsika nemagariro ako.Ndinodudzira masimba ebhaibheri sokuti”kunzwisisa zvairehwa nemunyori wemabviro panguva yake nokushandisa zvokwadi iyi panguva yedu.”

Kushandisa kunofanira kutevera kupirikira vavariro yemunyori wemabviro zvole panguva pamwe nemafungiro.Hatigone kushandisa muvaravara munguva yedu kusvika taziva kuti wairevei pannguva yawo!Muvaravara wemubhaibheri haufanire kureva zvausina kumboreva!

Donogodzo yako yakadzama,panhanho yeganhuro(maverengero eperi),ndiyo ichakutungamira.kushandisa kunofanira kuitwa panhanho yeganhuro,kwete yezwi.Mazwi anongori nechirevo kana ari muchirevo chechinyorwa.Munhu akatuswa chete mukupirikira ndiye munyori wemabviro.Tinotevera iye nerujeko rweMweya mutsvene.Asi rujeko harusi kutuswa.Kuti “ndizvo zvinoreva Ishe ,”tinofanira kubatirira pavavariro yemunyori wemabviro. Kushandisa kunofanira kuva nehochekeche nevavariro yechinyorwa chose,muraudzo wechinyorwa nevandudzo yepfungwa panhanho yeganhuro.

Usaite kuti nyaya dzenguva yedu kuti dzipirikire bhaibheri; ita bhaibheri ritaure! izvi zvinogona kureva kuti titore misimboti muchinyorwa. Izvi zvinoshanda chete kana chinyorwa chichitsigira musimboti. Asi nguva zhinji izvi hazviitke nokuti misimboti yedu, yakangodarowo—haisi misimboti yechinyorwa.

Pakushandisa bhaibheri, zvinoksha kurangarira kuti (kunze kwemuzviporofita) chirevo chimwechte chete ndicho chokwadi chechinyorwa chemubhaibheri. Chirevo ichocho ndicho chine hochekeche nevavariro yemunyori wemabviro paaigadzirisa matambudziko enguva yake. Mashandisiro mazhinji anogona kubva pachirevo chimwechete ichochi. Mashandisiro aya anenge achienderana nezvinodiwa neagamuchira shoko asi mashandisiro aya anofanira kunge aine hochekeche nechirevo chemunyori wemabviro.

## V. Basa reMweya pakupirikira

Kusvika parizvino ndataura nezvekupirikira kwekushandisa pfungwa nekwekushandisa zvinorwa. Zvino regai nditaureb muchidimbu nezvekupirikira kweMweya. Denengudzo inotevera inogaro ndibatsira zvikuru:

- A. Nyengeterera rubatsiro rweMweya (cf. 1vaKorinde. 1:26-2:16)
- B. Nyengeterera kuchenurwa nokuregererwa kubva muzvivi zvaunoziva (cf. 1Johani. 1:9).
- C. Nyengeterera kuda kuziva Mwari (cf. Mapisarema. 19:7-14; 42:1ff; 119:1ff)
- D. Shandisa ruzivo rwose rutsva kuopenyu hwako nokuchimbida.
- E. Ramba wakazvinipisa nokudzidzisa.

Zvakaoma zvikuru kunengaidza hukama pakati poupikiri hwepfungwa noutungamiri hweMweya mutsvene.

Mazwi anotevera akandibatsira kunengaidza zvinhu zviviri izvi:

- A. Kubva kuna vaJames W. Sire rinonzi kumonyorwa kweshoko, *Scripture twisting*, pp. 17-18 vanoti: “Rujeko runouya kupfungwa dzevanhu vaMwari—kwete kuna avo veMweya chete. MuchiKristu hamuna boka rinokosha kupfuura rimwe, hamuna vabati vorujeko, hamuana vanhu vanganzi rujeko runouya kuburikidza navo. Zvino sezvo Mweya mutsvene unopa zvipo zvakasanangurwa zvouchenjeri, ruzivo nokukwanisa kusiyanisa paMweya, hausarudze vaKristu ava kuti vave ivo vapirikiri veshoko rake. Zviri kumumwe nomumwe wevanhu vake kuti vadzidzire, kufunga nokusiyanisa maringe nebhaibheri iro rinomira semasimba ake chero kuna avo vaakapa zvipo zveMweya. kuzviisa mupfupiso, nyaya yandirikuedza kutaura mubhuku rose ndeyekuti, bhaibheri ndiro kuzviratidza kwaMwari kwezvokwadi kuvanhu vose, ndiro masimba edu epamusoro pazvinhu zvose zvarinotaura, kuti harina kuvanzika zvachose asi rinogona kunzwisisiwa nevanhuwo zvavo mutsika nemagariro dzose dzose.”
- B. Pamusoro paKierkegaard, kubva mubhuku ravaBernad Ramm, rinonzi mhirikiro dzebhaibheri dzeavo vakapandukira sangano reKaturike *Protestant Biblical Interpretations*, p. 75 vanoti: Kuna Kierkegaard, dzidzo yezvivakamutauro maduramazwi nenhorondo yebhaibheri yaikosha uye iri yokutanga kukverengwa kwebhaibheri kwezvokwadi kwakanaka. “kuverenga bhaibheri seshoko raMwari, unofanira kuriverenga mapapu ari mukanwa, nokutarisira kukuru, mukutaurirana naMwari. kuverenga bhaibheri usingafunge, usina shungu, uchiitira bvunzo kana sebasa hakisiri iko kuverenga bhaibheri seshoko raMwari. Uyo anoriverenga setsamba yerudo, ndiko kuriverenga seshoko raMwari.”

C. VaH .H.Rowley mubhku ravo rinonzi ,kukosha kwebhaibheri”*The Relevancy Of The Bible*,p.19”:

“Hapana kunzwisisa bhaibheri nesimba rendangariro dzako,kungabata zvinokosha zvaro zvose. Bhaibheri harishore rudzi rwenzwisiso urwu,nokuti runokosha pakunzwisisa kwakazara.Asi kunofanira kuperera mukunzwisisa paMweya kwezvinokosha zveMweya zvebhuku iri kuti kuzova kwakazara.Uye kuti kunzwisisa kweMweya uku kuvapo kunodiwa chimwe chinhu chinodarika kuchechuka kwesimba rendangariro .Zvinhu zveMweya zvinongokwanisa kusiyaniwa chete paMweya,uye mudzidzi webhaibheri anotoda murangariro wekugamuchira kweMweya ,chido chokuwana Mwari,kuti azvirerutsire kwaari,kuti apfuure kudzidza kwake kweongororo achipinda mukuva mudyi wenhaka yegwaro remagwaro iri.”

## VI. Mhando Yemaitiro Yakashandiswa Netsoropodzao Ino

Tsoropodzo ino yakarongwa nenzira yokubatsira basa rako rokupirikira nenzira dzinotevera:

A. Donongodzo muchidimbu ndiyo inotura bhuku roga roga.Kana wapedza” maverengero etatu”tarira horokodzwa iyi.

B. Ruono rwezviri mugwaro runowanikwa pamavambo echikamu choga choga.Izvi zvinokubatsira kuona kuti muraudzo wechinyorwa wakaumbwa sei

C. Pamavambo echikamu choga choga,panopiwa tsanangudzo yemhatsanuro yeganhuro kubva kushandurudzo dzakasiyana siyana dzemazuva ano.

1. Gwaro rechiGiriki re’UBS<sup>4</sup>,rakanyorwa patsva rechina

2. Gwaro re’NASB .1995’rakavandudzwa

3. Gwaro re’NKJV’

4. Gwaro re’NRSV’

5. Gwaro re’TEV’

6. Gwaro re’JB’

Mhatsanuro dzeganhuro hadzina kutuswa.Dzinofanira kududzirwa kubva muchirevo chegwaro.Nokuzanisa shandurudzo itsva dzakashandurudzwa nenzira dzakasiyana nemaonero akasiyana ezvidzidzo zvouMwari,tinogona kuongorora maumbirwo epfungwa dzomunyorori wemabviro.Ganhuro yoga yoga ine zvokwadi imwechete.Zvokwadi iyi ndiyo inodanwa kuti”mutsetse wenhaurwa”kana kuti “pfungwa chaiyo yechinyorwa”Iyi pfungwa inopa sungano kuchinyorwa ndiyo shanguriro yemhirikiro yenhoroondo ,nezvivakamutauro.Haufanire kupirikira ,kuparidza kana kudzidzisa chinyorwa chisingasviki ganhuro!Rangarirawozve kuti ganhuro yoga yoga inesungano nedzimwe dzakaipoteredza.Ndokusaka donongodzo panhanho yeganhuro ichikosha .Tinofanira kukwanisa kutevera kufamba kwakanaka kwenyaya inenge ichitaurwa nemunyorori wemabviro akatuswa.

D. Zvinyorwa zvaBob zvinotevera nzira yokupirikira yendima nendima .Izvi zvinotiita kuti titevere pfungwa dzemunyorori wemabviro.Zvinyorwa zvinotipa horokodzwa inobva kwakawanda

1. Chirevo chechinyorwa

2. Ruono rwenhoroondo netsika nemagariro

3. Horokodzwa yezvivakamutauro

4. Dzidzo yemazwi

5. Mivaravara inofambirana inokosha

- E. Pane dzimwe nhanho mutsoropodzo, zvinyorwa zvakadhindwa zve ('NASB' zvakavandudzwa) zvinowedzerwa neshandurudzo dzimwe dzemazuva ano
1. Gwaro re'NKJV', iro rinofambirana nere "Textus Receptus."
  2. Gwaro re'NRSV,' iro rakaitwa patsva zvezwi roga roga kubva ku "Nationa council of churches of the revised standard version."
  3. Gwaro re 'TEV' iro rinova shandurudzo inofambirana zvakanaka nedzimwe, rakaitwa ne"American Bible Society."
  4. Gwaro re 'JB,' iro rinova shandurudzo yechirungu rinobva mururimi rweFrench.
- F. Kune avo vasingaverengi rurimi rwechiGiriki,kuenzanisa shandurudzo dzechirungu kunogona kubatsira mukudoma matambudziko muzvinyorwa:
1. Kusiyana kwezvinyorwa
  2. Zvirevo zvezvima anotsinhaniswa
  3. Zvinyorwa zvakaoma zvezvivakamutauro nemaumbirwo
  4. Zvinyorwa zvinoreva zvakawanda
- Nyangwe zvazvo shandurudzo dzechirungu dzisinga gone kugadzirisa matambudziko aya, dzinoatarisa senzvimbo dzedzidzo yakadzama.
- G. Pamagumo echikamu choga choga pane mibvunzo yenhaurirano iyo inoedza kutarisisa nyaya huru dzekupirikira dzechikamu ichocho.

# NHANGANYAYA YETSAMBA YAPAURO KUVAROMA

## ZARURO

- A. Tsamba yaPauro kuvaRoma ndiro gwaro rakanyorwa nounyanzvi uye rine udzamu hwezvechinamoto. Tsamba iyi inoratidza kuti yakanyorwa mushure mokunge paitika chimwe chinhu, naizvozvo tsamba yakanyorwa nechinangwa. Zvisinei inoratidza kuva tsamba isinakwayakarerekera, zvichiratidza kuti Pauro akanyora tsamba nechinangwa chokuyanana gakava rinogona kudai rakanga rava pakati pehutungamiriri hwevatendi vechJudha nehwe chiHedheni saka tsamba iyi inoburitsa pachena kuturwa kwe Vhangeri nezvarinoita mumaramiro emisi yose youpenyu.
- B. Tsamba kuvaRoma ivandudzo yedzidziso yezvouMwari yezvokwadi inowanikwa mutsamba yaPauro kuvaGaratiya iyiwo tsamba kuva Efeso Ivandudzo yetsamba kuvaRoma muchidimbu. Vhangeri raPauro harina kushanduka asi maturiro aanoita ndiwo akashanduka
- C. Maturirwo akaitwa Vhangeri naPauro mutsamba yake KuvaRoma akabatazvikuropenyu hwekereke hwose.
1. Augustine akatendeuka gore raA386 mushure mokuverenga vaRoma 13:13-14.
  2. Kunzwisisa ruponeso kwaMartin Luther kwakashandurwa zvikuropenyu apo ayienzanisa mapisarema 31:1 neVaRoma 1:17 (cf Hab 2:4)
  3. John Wesley apo aipfuura zvake paiva negungano reavo vechitendero chekuzvinipisa gore raAD 1738 akatendeuka mushure mekunzwa mharidzo yaitwa naMartin Luther pamsoro penhanganyaya yeTsamba yaPauro kuvaRoma, izvo muparidzi aifanira kuparidza zuva iri ainge asina kuuya pangungano iri.
- D. Kuva neruzivo rweTsamba yaPauro kuvaPauro, kuziva ChiKristu. Tsamba iyi inovaka dzidziso noupenyu hwaJesu. Zvakasimba izvo zvinosimbisa kereke hupenyu hwayo hwose.
- Martin Luther achitaura nezvetsamba iyi anoti “Gwaro iri ndiro guru pane ose ari muTestamende Itsva, uye rineVhangeri yakatsvinda.”
- E. Ndinogaro yambira vatendi vatsva kuti vaverenge Bhaibheri mazuva ose. Ndinokurudzira kuti vatange nemabhuku matatu eTestamende Itsva anotevera
1. Vhangeri raJohani: Iri Vhangeri rinoverengerwa kuti tinzwisise Jesu
  2. Tsamba yaPauro kuvaRoma: Iyi tsamba inovengerwa kuti tinzwisise mashandiro edzidziso yaJesu muKereke
  3. Johani wekutanga: Iri Vhangeri rinoverengerwa kuti tizive kurarama hupenyu maringe neVhangeri zuva ne zuva

## MUNYORI

Pauro ndiye chaiye munyori. Makwazisire ake anowanika paVaRoma 1:1 zvinozivikanwa kuti Pauro aiva nedambudziko ramaziso, naizvozvo haana kuzonyora tsamba iye mbune asi kuti akashandisa Teritiosi kunyora. Humboo uhu huri paVaRoma 16:22.

## **GORE NEZUVA RAKANYORWA TSAMBA**

A. Tsamba iyi inofungidzirwa kuti yakanyorwa mumakore ari pakati pa AD 56 kusvika kuAD 58. Iri ndiro rimwe ramabhuku eTestamende Itsva rinogona kuzivikanwa parakanyorwa zvisina dambudziko. Izvi zvinoitwa nokuenzanisa zvakanyorwa panaMabasa avaPositori 20:2 nezviri pana VaRoma 15:17. Tsamba kuvaRoma inogona kunge yakanyorerwa munyika yeVaKorinde apo Pauro akanga achipedzisa rwendo rwake rweutumwa rwetatu, asati aenda kuJerusarema.

**B. Mazuva anogona kunge Pauro akanyora tsamba dzake uye nenzimbo dzaano gona kunge akanyora ari. Tichitevera Tsanagudzo yava F.F. Bruce naVa Murry Harris**

<u>BHUKU</u>	<u>GORE – AD</u>	<u>NZVIMBO</u>	<u>MARINGE NAMABASA AVAPOSITORI</u>
VaGaratiya	48	Kusiriya	14:28,15-2
1 VaTesaronika	50	KuvaKorinde	18:5
2 VaTesaronika	50	KuvaKorinde	
1 VaKorinde	55	KuvaEfeso	19:20
2 VaKorinde	56	kuMakedhoniya	20:2
VaRoma	57	kuVaKorinde	20:3

### **7-10 Tsamba Dzomutirongo**

VaKorose	Kutanga kwa AD 60		
VaEfeso	60	KuvaRoma	
Firimoni	60		
VaFiripi	Kupera Kwa 62-63		28:30-31

### **11-13 Rwendo rwechina rweutumwa**

1 Timoti	AD 63 Kana mberi	KuMakedhoniya
Tito	Shure kwaAD 63	KuVaEfeso
2 Timoti	AD 63 kana AD 64	KuVaRoma

## VaTambiri Vetsamba

Mutsamba makayorwa kuti yaenda kuVa Roma. Hatizivi kuti ndiani akatanga kereke kunyika YeVaRoma.

- A. Zvinogona kuti ingadai yakatangwa nevanhu vaishanya muJerusarema mazuva. ePendekositi avoVakatendeutsa Vakazoti vadzokera kumusha ndokuronga kuvamba kereke. (verenga mabasa avopositori 2:10)
- B. Inogona kuva yakatangwa nevadzidzi vaJesu waitiza kutambudzwa kuJerusarema mushure merufu rwa Stefani (Verenga Mabasa avapositori 8:4)
- C. Vanogona kuva avo vakatendeutsa naPauro munzendo dzake dzoutumwa avo vakazoendawo kunyika yevaRoma. Iye Pauro haana kunge amboshanyira kereke iyi asi atodawo kwazvo kuishanyira (verenga Mabasa avapositori 19:21) Aivawo neshamwari zhinji ikoko (verenga VaRoma 16). Kwazvo kwazvo zano raPauro raiva rokushanyira nyika yeVaRoma achipfuura nekuSipeini apo ainge adzoka kuJerusarema nechipo cherudo. Pauro ainzwa kuti basa rakae rokuparidza rakanga rapera nechekumabvirazuva kweGungwa re Medhitereniya, naizvozvo akanga otsvaka dzimwe nzvimbo itsva dzokuno paridza (Verenga VaRoma 15:20-23, 28) Akatakura tsamba yaPauro iyi kubva kunyika yevaKorinde kuenda kunyika yevaRoma, mukadzi aiva mushandiri wekereke ainzi Fibhi (Verenga VaRoma 16:1).

Sei tsamba iyi, iyo yakanyorerwa mumigwagwa yenyika yevaKorinde nemuJudha aiita basa rokugadzira matende munguva yamakore zana okutanga, ichikosha kudai? Martin Luther anoti “Gwaro iri ndiro guru pane ose muTestamende Itsva zvakare rine vhangeri rakatsinda.” Kukosha kwe gwaro iri kunowanika pakuti rinopa tsanangudzo yakadzama pamusoro peVhangeri reMudzidzisi wechiJudha akanga atendeuka, Sauro wekuTaso, uyo akadanwa kuva mupositori kuvaHedheni. Tsamba zhinji dzaPauro dzinoratidza kuti dzakanyorerwa munzvimbo dzaaigara uye achizivikanwa, asi kwete tsamba yake kwaRoma. Tsamba kuVaRoma intaura zvakarongeka rutendo rweMupositori. Munozviziva here vanhu vaMwari kuti mavara ose anoshandiswa kutsanangura rutendo anoti “Ruenzaniso, Ruponeso, Sanduro neKuereswa, ose anobva mutsamba yaPauro kuvaRoma? Tsamba iyi ivandudzo yedzidziso yoUshe hwaMwari yechokwadi chiri mutsamba yakanyorerwa VaGaratiya naPauro. Namatai kuti Mwari akuzarurirei tsamba yakanaka zvakadai apo tose tiri kutsvaga kudakwake paupenyu hwedu nhasi uno!

## Chinangwa

- A. Chikumbiro kukereke yekuVaRoma kuti imubatsire parwendo rwake rwekuenda kuSipeini, sezvo akanga achiona basa rokuparidza kumabvirazuva Egungwa Medhitereniya rapera (verenga VaRoma cf 15:20 – 23, 28)

- B. Kunogadzirisa dambudziko regakava rakanga rava mukereke yekunyika yeVaRoma pakati pevatendi VeChiJudha nevatendi VechiHedheni, izvi zvinogona kuva zvakakonzereswa nekumbodzingwa kwange kwamboita maJudha ose munyika yeVaRoma nekuzodzoka kwavakazoita. Pavakazodzoka vaTungamiriri vevatendi VechiJudha vakanga vatotsiviwa nevatungamiriri vechihedheni.
- C. Pauro aidawo kuzvisuma kukereke yeKuVaRoma. Pauro akatopikisiwawo nevamwe vatendi vaiva muJerusarema (verenga Mabasa Avapositori 15) muGaratiya ne muKorinde (verenga 2 VaKorinde 3, 10-13) zvakare nevahedheni avo vanosanganisira vaKorose neVaEfeso avo vaiedza kusanganisa Vhangeri nemafungiro avo.
- D. Pauro aipomerwa mhosva yekuva munyori wemabasa akaipisira uye kuwedzeredza zvisina maturo mudzidziso yaJesu. Tsamba yaPauro kuVaRoma yakavanhovo yake yokuzvidzivirira nokuratidza kuti vhangeri rake raiva rechokwadi, achishandisa mamwe mashoko kubva kuTestamende yakare pamwe nedzidziso yaJesu.

### **Tsananguro Muchidimbu**

- A. Nhanganyaya (VaRoma 1:1-17)
  - 1. Musumo (vaRoma 1:17)
    - a. Munyori (VaRoma 1 -5)
    - b. Kunoenda tsamba (VaRoma 6-7a)
    - c. Kwaziso (VaRoma 7b)
  - 2. Chiitiko (vaRoma 1:8-15)
  - 3. Dingindira (VaRoma 1:16-17)
- B. Kudikwa kweruramo yaMwari (VaRoma 1:18 – 3:20)
  - 1. Kuparara kwehuhedheni (VaRoma 1:18-32)
  - 2. Unhavatava hweMaJudha kana kuti hunhu hwevakarasika (VaRoma 2:1-6)
  - 3. Kutongwa kwemaJudha (VaRoma 2:17; 3:8)
  - 4. Rusvoro rwepasirose (VaRoma 3:9-20)
- C. Chii Chinonzi ruramo yaMwari (VaRoma 3:21-8:39)
  - 1. Ruramo inobva mukutenda koga (VaRoma 3:21 -31)
  - 2. Hwaro hweruramo : Vimbisiro yaMwari (VaRoma 4:1-25)
    - a. Kururama kwaAbhuramu (VaRoma 4:1-5)
    - b. Dhavhiti (VaRoma 4:6-8)
    - c. Hukama hwaAbhuramu nekudzingsiwa (VaRoma 4: 9-12)
    - d. Vimbisiro yaMwari kunaAbhuramu (VaRoma 4:13-25)
  - 3. Mawanirwo eruramo (VaRoma 5:1 -21)
    - a. Maonero emunhu mupfungwa dzake : Rudo rusima makodzero: mufaro usingaperi (VaRoma 5:1-5)
    - b. Hwaro hwemaonero akatambanuka: Rudo rwaMwari runoshamisa (5:6-11)
    - c. Ongororo yeChimiro chaAdhamu maringe naJesu: Mhosva yaAdhamu, kupa kwaMwari (VaRoma 5: 12 – 21)
  - 4. Ruramo yaMwari inofanira kuonekwa pamunhu pazvima (VaRoma 6:1-7:25)
    - a. Kusunungurwa kubva Muzvivi (VaRoma 6:1-14)



1. Fungidziro yekuramba zvivi (VaRoma 6:1-2)
  2. Chirevo cherubhabhatidzo (VaRoma 6:3-14)
  - b. Kuva Muranda wowakaipa kana kuva Muranda waMwari. Sarudzo ndeyako (VaRoma 6:15-23)
  - c. Kuroodzwa komunhu kuMutemo (VaRoma 7:1-6)
  - d. Mutemo wakanaka asi chivi chinoipisa chose chakanaka (VaRoma 7:7-14)
  - e. Kurwisana kusingaperi pakati peutsvene nouipi mumoyo womutendi (VaRoma 7:15-25)
  5. Zvibereko zvino-onekwa zveruramo yaMwari (VaRoma 8:1-39)
    - a. Upenyu mumweya (VaRoma 8:1-17)
    - b. Dzikinuro yorusiko (VaRoma 8:18-25)
    - c. Rubatsiro rwomweya urwo runoramba ruripo nguvadzose (VaRoma 8:26-30)
    - d. Kundiso youtongi nemufaro werutendo (VaRoma 8:26-30)
- D. Chinangwa choutsvene hwaMwari kumunhu wose (VaRoma 8:31-39)
1. Kusarudzwa kwaIsiraeri (VaRoma 9:1-11)
    - a. Vadyi venhaka yorutendo (VaRoma 9:1-33)
    - b. Hutongi hwaMwari (VaRoma 9:1-13)
    - c. Zano raMwari pasi rose rinosanganisira maHedheni (VaRoma 9:14-26)
  2. Ruponeso rwaIsiraeri (VaRoma 9:27-33)
    - a. Ruramo yaMwari maringe neruramo yomunhu (VaRoma 10:1-13)
    - b. Nyasha dzaMwari ndidzo dzino simudza vatumwa rudaidzo rwe Utumwa pasi rose (VaRoma 10:14-18)
    - c. Kuramba kutenda Jesu kweIsiraeri (VaRoma 10:19-21)
  3. Kukoniwa kwaIsiraeri (VaRoma 11: 1-36)
    - a. Tsarirwa dzava Judha (VaRoma 11:1-10)
    - b. Godo ravaJudha (VaRoma 11:11-24)
    - c. Kudzimirwa kwenguva pfupi kwaIsiraeri (VaRoma 11:25-23)
    - d. Bufuko yerumbidzo yakaitwa naPauro (VaRoma 11:33-36)
- E. Zvibereko zveChipo cheruramo tsvene (VaRoma 12:1-15:13)
1. Rudaidzo rwekuzvipira kunaMwari (VaRoma 12:1-2)
  2. Kushandiswa kwezvipo (VaRoma 12:3-8)
  3. Ukama pakati pevatendi (VaRoma 12:9-21)
  4. Ukama naVatongi venyika (VaRoma 13:1-7)
  5. Ukama navavakidzani (VaRoma 13:8-10)
  6. Ukama naShe Jesu Kristu (VaRoma 13:11-14)
  7. Ukama nenhengo dzekereke (VaRoma 14:1-12)
  8. Zvimuko zvamabasa edu kunavamwe (VaRoma 12:13-23)
  9. Ukama mu uKristu hwedu? (VaRoma 15:1-13)
- F. Mhendero (VaRoma 15: 14 -33)
1. Mazano aPauro pazima (VaRoma 15:14-29)
  2. Chikumbiro chekunamatirwa (VaRoma 15:30-33)

- G. Onekano (VaRoma 16:1-27)
1. Kwaziso (VaRoma 16:1-24)
  2. Ropafadzo (VaRoma 16:25-27)

### **MAVERENGERO OKUTANGA**

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verenga Bhaibheri rose. Nyora dingindira reBhaibheri nemazwi ako

1. Dingindira rebhuku rose
2. Mhando yemanyorerwo

### **MAVERENGERO ECHIPIRI**

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verengesa Bhaibheri rwepiri. Tora zvidzidzo zvikuru zvawanzwisisa ugonzora nezvazvo mumutsara mumwe chete

1. Chidzidzo chokutanga
2. Chidzidzo chepiri
3. Chidzidzo chetatu
4. Chidzidzo chechina
5. Nezvimwewo..

## **NHANGANYAYA YETSAMBA YAPAURO KUVAROMA**

### **ZARURO**

- A. Tsamba yaPauro kuvaRoma ndiro gwaro rakanyorwa nounyanzvi uye rine udzamu hwezvechinamoto. Tsamba iyi inoratidza kuti yakanyorwa mushure mokunge paitika chimwe chinhu, naizvozvo tsamba yakanyorwa nechinangwa. Zvisinei inoratidza kuva tsamba isinakwayakarerekera, zvichiratidza kuti Pauro akanyora tsamba nechinangwa chokuyanana gakava rinogona kudai rakanga rava pakati pehutungamiriri hwevatendi vechJudha nehwe chiHedheni saka tsamba iyi inoburitsa pachena kuturwa kwe Vhangeri nezvarinoita mumararamiro emisi yose youpenyu.
- B. Tsamba kuvaRoma ivandudzo yedzidziso yezvouMwari yezvokwadi inowanikwa mutsamba yaPauro kuvaGaratiya iyiwo tsamba kuva Efeso Ivandudzo yetsamba kuvaRoma muchidimbu. Vhangeri raPauro harina kushanduka asi maturiro aanoita ndiwo akashanduka
- C. Maturirwo akaitwa Vhangeri naPauro mutsamba yake KuvaRoma akabatavikuru upenyu hwekereke hwose.
1. Augustine akatendeuka gore raA386 mushure mokuverenga vaRoma 13:13-14.
  2. Kunzwisisa ruoneso kwaMartin Luther kwakashandurwa zvikuru apo ayienzanisa mapisarema 31:1 neVaRoma 1:17 (cf Hab 2:4)
  3. John Wesley apo aipfuura zvake paiva negungano reavo vechitendero chekuzvinipisa gore raAD 1738 akatendeuka mushure mekunzwa mharidzo yaitwa naMartin Luther pamsoro penhanganyaya yeTsamba yaPauro kuvaRoma, izvo muparidzi aifanira kuparidza zuva iri ainge asina kuuya pangungano iri.
- D. Kuva neruzivo rweTsamba yaPauro kuvaPauro, kuziva ChiKristu. Tsamba iyi inovaka dzidziso noupenyu hwaJesu. Zvakasimba izvo zvinosimbisa kereke hupenyu hwayo hwose.
- Martin Luther achitaura nezvetsamba iyi anoti “Gwaro iri ndiro guru pane ose ari muTestamende Itsva, uye rineVhangeri yakatsvinda.”
- E. Ndinogaro yambira vatendi vatsva kuti vaverenge Bhaibheri mazuva ose. Ndinokurudzira kuti vatange nemabhuku matatu eTestamende Itsva anotevera
1. Vhangeri raJohani: Iri Vhangeri rinoverengerwa kuti tinzwisise Jesu
  2. Tsamba yaPauro kuvaRoma: Iyi tsamba inovoverengerwa kuti tinzwisise mashandiro edzidziso yaJesu muKereke
  3. Johani wekutanga: Iri Vhangeri rinoverengerwa kuti tizive kurarama hupenyu maringe neVhangeri zuva ne zuva

### **MUNYORI**

Pauro ndiye chaiye munyori. Makwazisire ake anowanika paVaRoma 1:1 zvinozivikanwa kuti Pauro aiva nedambudziko ramaziso, naizvozvo haana kuzonyora tsamba iye mbune asi kuti akashandisa Teritiosi kunyora. Humboo uhu huri paVaRoma 16:22.

## GORE NEZUVA RAKANYORWA TSAMBA

- A. Tsamba iyi inofungidzirwa kuti yakanyorwa mumakore ari pakati pa AD 56 kusvika kuAD 58. Iri ndiro rimwe ramabhuku eTestamende Itsva rinogona kuzivikanwa parakanyorwa zvisina dambudziko. Izvi zvinoitwa nokuenzanisa zvakanyorwa panaMabasa avaPositori 20:2 nezviri pana VaRoma 15:17. Tsamba kuVaRoma inogona kunge yakanyorerwa munyika yeVaKorinde apo Pauro akanga achipedzisa rwendo rwake rweutumwa rwetatu, asati aenda kuJerusarema.
- B. Mazuva anogona kunge Pauro akanyora tsamba dzake uye nenzimbo dzaano gona kunge akanyora ari. Tichitevera Tsanagudzo yava F.F. Bruce naVa Murry Harris

BHUKU	GORE – AD	NZVIMBO	MARINGE NAMABASA AVAPOSITORI
VaGaratiya	48	Kusiriya	14:28,15-2
1 VaTesaronika	50	KuvaKorinde	18:5
2 VaTesaronika	50	KuvaKorinde	
1 VaKorinde	55	KuvaEfeso	19:20
2 Vakorinde	56	kuMakedhoniya	20:2
VaRoma	57	kuVaKorinde	20:3
<b>7-10 Tsamba Dzomutirongo</b>			
VaKorose	Kutanga kwa AD 60	KuVaRoma	
VaEfeso	60		
Firimoni	60		
VaFiripi	Kupera Kwa 62-63		28:30-31
<b>11-13 Rwendo rwechina rweutumwa</b>			
1 Timoti	AD 63 Kana mberi	KuMakedhoniya	
Tito	Shure kwaAD 63	KuVaEfeso	
2 Timoti	AD 63 kana AD 64	KuVaRoma	

## VaTambiri Vetsamba

Mutsamba makayorwa kuti yaenda kuVa Roma. Hatizivi kuti ndiani akatanga kereke kunyika YeVaRoma.

- A. Zvinogona kuti ingadai yakatangwa nevanhu vaishanya muJerusarema mazuva. ePendekositi avoVakatendeutsa Vakazoti vadzokera kumusha ndokuronga kuvamba kereke. (verenga mabasa avopositori 2:10)
- B. Inogona kuva yakatangwa nevadzidzi vaJesu vaitiza kutambudzwa kuJerusarema mushure merufu rwa Stefani (Veranga Mabasa avapositori 8:4)
- C. Vanogona kuva avo vakatendeutsa naPauro munzendo dzake dzoutumwa avo vakazoendawo kunyika yevaRoma. Iye Pauro haana kunge amboshanyira kereke iyi asi atodawo kwazvo kuishanyira (verenga Mabasa avapositori 19:21) Aivawo neshamwari zhinji ikoko (verenga VaRoma 16). Kwazvo kwazvo zano raPauro raiva rokushanyira nyika yeVaRoma achipfuura nekuSipeini apo ainge adzoka kuJerusarema nechipo cherudo. Pauro ainzwa kuti basa rakae rokuparidza rakanga rapera nechekumabvirazuva kweGungwa re Medhitereniya, naizvozvo akanga otsvaka dzimwe nzvimbo itsva dzokuno paridza (Verenga VaRoma 15:20-23, 28) Akatakura tsamba yaPauro iyi kubva kunyika yevaKorinde kuenda kunyika yevaRoma, mukadzi aiva mushandiri wekereke ainzi Fibhi (Verenga VaRoma 16:1).

Sei tsamba iyi, iyo yakanyorerwa mumigwagwa yenyika yevaKorinde nemuJudha aiita basa rokugadzira matende munguva yamakore zana okutanga, ichikosha kudai? Martin Luther anoti “Gwaro iri ndiro guru pane ose muTestamende Itsva zvakare rine vhangeri rakatsinda.” Kukosha kwe gwaro iri kunowanika pakuti rinopa tsanangudzo yakadzama pamusoro peVhangeri reMudzidzisi wechiJudha akanga atendeuka, Sauro wekuTaso, uyo akadanwa kuva mupositori kuvaHedheni. Tsamba zhinji dzaPauro dzinoratidza kuti dzakanyorerwa munzvimbo dzaaigara uye achizivikanwa, asi kwete tsamba yake kwaRoma. Tsamba kuVaRoma intaura zvakarongeka rutendo rweMupositori. Munozviva here vanhu vaMwari kuti mavara ose anoshandiswa kutsanangura rutendo anoti “Ruenzaniso, Ruponeso, Sanduro neKuereswa, ose anobva mutsamba yaPauro kuvaRoma? Tsamba iyi ivandudzo yedzidziso yoUshe hwaMwari yechokwadi chiri mutsamba yakanyorerwa VaGaratiya naPauro. Namatai kuti Mwari akuzarurirei tsamba yakanaka zvakadai apo tose tiri kutsvaga kudakwake paupenyu hwedu nhasi uno!

## Chinangwa

- A. Chikumbiro kukereke yekuVaRoma kuti imubatsire parwendo rwake rwekuenda kuSipeini, sezvo akanga achiona basa rokuparidza kumabvirazuva Egungwa Medhitereniya rapera (verenga VaRoma cf 15:20 – 23, 28)
- B. Kunogadzirisa dambudziko regakava rakanga rava mukereke yekunyika yevaRoma pakati pevatendi VeChiJudha nevatendi VechiHedheni, izvi zvinogona kuva zvakakonzereswa nekumbodzingwa kwange kwamboita maJudha ose munyika yevaRoma nekuzodzoka kwavakazoita. Pavakazodzoka vaTungamiriri vevatendi VechiJudha vakanga vatotsiviwa nevatungamiriri vechihedheni.

- C. Pauro aidawo kuzvisuma kukereke yeKuvaRoma. Pauro akatopikisiwawo nevamwe vatendi vaiva muJerusarema (verenga Mabasa Avapositori 15) muGaratiya ne muKorinde (verenga 2 VaKorinde 3, 10-13) zvakare nevahedheni avo vanosanganisira vaKorose nevaEfeso avo vaiedza kusanganisa Vhangeri nemafungiro avo.
- D. Pauro aipomerwa mhosva yekuva munyori wemabasa akaipisira uye kuwedzeredza zvisina maturo mudzidziso yaJesusu. Tsamba yaPauro kuvaRoma yakavanhovo yake yokuzvidzivirira nokuratidza kuti vhangeri rake raiva rechokwadi, achishandisa mamwe mashoko kubva kuTestamende yakare pamwe nedzidziso yaJesusu.

### **Tsananguro Muchidimbu**

- A. Nhanganyaya (VaRoma 1:1-17)
  - 1. Musumo (vaRoma 1:17)
    - a. Munyori (VaRoma 1-5)
    - b. Kunoenda tsamba (VaRoma 6-7a)
    - c. Kwaziso (VaRoma 7b)
  - 2. Chiitiko (vaRoma 1:8-15)
  - 3. Dingindira (VaRoma 1:16-17)
  
- B. Kudikwa kweruramo yaMwari (VaRoma 1:18 – 3:20)
  - 1. Kuparara kwehuhedheni (VaRoma 1:18-32)
  - 2. Unhavatava hweMaJudha kana kuti hunhu hwevakarasika (VaRoma 2:1-6)
  - 3. Kutongwa kwemaJudha (VaRoma 2:17; 3:8)
  - 4. Rusvoro rwepasirose (VaRoma 3:9-20)
  
- C. Chii Chinonzi ruramo yaMwari (VaRoma 3:21-8:39)
  - 1. Ruramo inobva mukutenda koga (VaRoma 3:21 -31)
  - 2. Hwaro hweruramo : Vimbiso yaMwari (VaRoma 4:1-25)
    - a. Kururama kwaAbhuramu (VaRoma 4:1-5)
    - b. Dhavhiti (VaRoma 4:6-8)
    - c. Hukama hwaAbhuramu nekudzingsiwa (VaRoma 4: 9-12)
    - d. Vimbiso yaMwari kunaAbhuramu (VaRoma 4:13-25)
  - 3. Mawanirwo eruramo (VaRoma 5:1 -21)
    - a. Maonero emunhu mupfungwa dzake : Rudo rusima makodzero: mufaro usingaperi (VaRoma 5:1-5)
    - b. Hwaro hwemaonero akatambanuka: Rudo rwaMwari runoshamisa (5:6-11)
    - c. Ongororo yeChimiro chaAdhamu maringe naJesusu: Mhosva yaAdhamu, kupa kwaMwari (VaRoma 5: 12 – 21)
  - 4. Ruramo yaMwari inofanira kuonekwa pamunhu pazvima (VaRoma 6:1-7:25)
    - a. Kusunungurwa kubva Muzvivi (VaRoma 6:1-14)
      - 1. Fungidziro yekuramba zvivi (VaRoma 6:1-2)
      - 2. Chirevo cherubhabhatidzo (VaRoma 6:3-14)
    - b. Kuva Muranda wowakaipa kana kuva Muranda waMwari. Sarudzo ndeyako (VaRoma 6:15-23)

- c. Kuroodzwa komunhu kuMutemo (VaRoma 7:1-6)
  - d. Mutemo wakanaka asi chivi chinoipisa chose chakanaka (VaRoma 7:7-14)
  - e. Kurwisana kusingaperi pakati peutsvene nouipi mumoyo womutendi (VaRoma 7:15-25)
5. Zvibereko zvino-onekwa zveruramo yaMwari (VaRoma 8:1-39)
- a. Upenyu mumweya (VaRoma 8:1-17)
  - b. Dzikinuro yorusiko(VaRoma 8:18-25)
  - c. Rubatsiro rwomweya urwo runoramba ruripo nguvadzose (VaRoma 8:26-30)
  - d. Kundiso youtongi nemufaro werutendo (VaRoma 8:26-30)
- D. Chinangwa choutsvene hwaMwari kumunhu wose(VaRoma 8:31-39)
1. Kusarudzwa kwalsiraeri (VaRoma 9:1-11)
    - a. Vadyi venhaka yorutendo (VaRoma 9:1-33)
    - b. Hutongi hwaMwari (VaRoma 9:1-13)
    - c. Zano raMwari pasi rose rinosanganisira maHedheni(VaRoma 9:14-26)
  2. Ruponeso rwalsiraeri (VaRoma 9:27-33)
    - a. Ruramo yaMwari maringe neruramo yomunhu(VaRoma 10:1-13)
    - b. Nyasha dzaMwari ndidzo dzino simudza vatumwa rudaidzo rwe Utumwa pasi rose (VaRoma 10:14-18)
    - c. Kuramba kutenda Jesu kwelsiraeri (VaRoma 10:19-21)
  3. Kukoniwa kwalsiraeri (VaRoma 11: 1-36)
    - a. Tsarirwa dzava Judha (VaRoma 11:1-10)
    - b. Godo ravaJudha (VaRoma 11:11-24)
    - c. Kudzimirwa kwenguva pfupi kwalsiraeri (VaRoma 11:25-23)
    - d. Bufuko yerumbidzo yakaitwa naPauro (VaRoma 11:33-36)
- E. Zvibereko zveChipo cheruramo tsvene (VaRoma 12:1-15:13)
1. Rudaidzo rwekuzvipira kunaMwari (VaRoma 12:1-2)
  2. Kushandiswa kwezvipi (VaRoma 12:3-8)
  3. Ukama pakati pevatendi(VaRoma 12:9-21)
  4. Ukama naVatongi venyika (VaRoma 13:1-7)
  5. Ukama navavakidzani (VaRoma 13:8-10)
  6. Ukama naShe Jesu Kristu (VaRoma 13:11-14)
  7. Ukama nenhengo dzekereke (VaRoma 14:1-12)
  8. Zvimuko zvamabasa edu kunavamwe (VaRoma 12:13-23)
  9. Ukama mu uKristu hwedu? (VaRoma 15:1-13)
- F. Mhendero (VaRoma 15: 14 -33)
1. Mazano aPauro pazima (VaRoma 15:14-29)
  2. Chikumbiro chekunamirwa (VaRoma 15:30-33)
- G. Onekano (VaRoma 16:1-27)
1. Kwaziso (VaRoma 16:1-24)
  2. Ropafadzo (VaRoma 16:25-27)

### **MAVERENGERO OKUTANGA**

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verenga Bhaibheri rose. Nyora dingindira reBhaibheri nemazwi ako

1. Dingindira rebhuku rose
2. Mhando yemanyorerwo

### **MAVERENGERO ECHIPIRI**

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verengesa Bhaibheri rwepiri. Tora zvidzidzo zvikuru zvawanzwisisa ugonyora nezvazvo mumutsara mumwe chete

1. Chidzidzo chokutanga
2. Chidzidzo chepiri
3. Chidzidzo chetatu
4. Chidzidzo chechina
5. Nezvimwewo



# VAROMA 1

## GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO\*

UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Musumo 1:1-7	Kwaziso nomusumo 1:1-7	Musumo 1:1-6  1:7a 1:7b	Musumo 1:1 1:2-6 1:7a 1:7b	Nhenherero 1:1-2  1:3-7
Chido chaPauro chokushanyira Roma 1:8-15	Chido chaPauro chokushanyira Roma 1:8-15	Kutenda 1:8-15	Munyengerero wokutenda 1:8-12	Kutenda nomunyengerero 1:8-15
Simba reVhangeri 1:16-17	Vakanaka Vanorarama nokutenda 1:16-17	Dingindira netsamba 1:16-17	Simba reVhangeri 1:16-17	Kudenengudzwa kwedingindira 1:16-17
Kuvanemhaka kusevanhu 1:18-23 1:24-25	Hasha dzaMwari kune vasakarurama 1:18-32	Mutongo waMwari pachivi 1:18-23 1:24-25 1:26-27 1:28-32	Kuva nemhaka kwevanhu 1:18-23 1:24-25 1:26-27 1:28-32	Chirango chaMwari kuvaHedheni 1:18-23 1:24-25 1:26-27 1:28-32

### MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.vii)

#### ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anakodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara

\* Nyangwe zvisina tuso yemweya, batsanuro neganhuro ndiro donzvo rekunzwisisa nokutevera chinangwa chomunyorori (muzvingwaro). Shandurudzo yose yezvinozvino inebatsanuro nepfupiso yechikamu chekutanga. Ganhuro yoga yega inotenderera panhaurwa imwechete, kana pfungwa. Mhando yechinyorwa yoga yega inoputira nhaurwa iyoyo nenzira yacho choga. Pauno verenga chinyorwa, zvibvunze huti ndeipi chandurudzo inofambirana nekunzwisisa kwako zvidzidzo ne batsanuro rendima.

Pachikamu choga choga, unofanira kutanga maverenga Bhabheri, unoedza kuona zvidzidzo (ganhuro). Wobva waenzanisa kunzwisisa kwako nemhando yezvinyorwa zvechizvinozvino. Kana chete manzwisisa zvinangwa zvomuzvinagwaro (munyorori) nokutevera mafungiro nematuriro aanoita nyaya, ndipo paanogona kunzwisisa Bhaibheri zvakanakwana Muzvinagwaro (munyorori) ndiye chete akatuswa – Vaverengi Havana kodzero yokushandurwa kana kugadzurudza shoko. Vaverengi veBhaibheri vane murandu wokuita chokwadi chetuso mumazuva nepenyu hwavo.

ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari.Usafe wakasiyana nazvo,zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

## **RUONO RWEZVIRI MURUGWARO**

- I. Ndima yokutanga kusvika pandima yechinomwe(v.1-7) ndidzo ndima dzinovaka musumo wetsamba. Musumo-uyu ndivo wakarebesa pamisumo yose yetsamba dza Pauro. Pamusumo uyu Pauro aiedza kuzvisuma iye pachake pamwe nedzidziso yake yezvouMwari, kukereke yaisamuziva zvakare ingadai yakange yambonzwa zvisakarurama pamusoro pake.
- II. Ndima yesere kusvika pandima yegumi nembiri (8-12) izaruro yemunamato wekutenda.Uyu munyorero uno wanzo wanikwa mutsamba dzeChiGiriki, uye kunyanya mutsamba dza Pauro.
- III. Ndima yegumi nenhanhatu kusvika pandima yegumi nenomwe (16-17) dzinogadzira ndingindira retsamba.
- IV. Ndima yegumi nesere yechikamu chekutanga, nechikamu chetatu pandima yemakumi maviri inovaka chinyorwa chedzidziso yekutanga nechinangwa chevhangeri ra Pauro, vanhu vese (muzvikwata zvitatu) vakarasika uye vanoda raramiso (cf.Genesi 3)
  1. Vahendeni vasina hunhu.
  2. Vahendeni vane hunhu.
  3. VaJudha.
- V. VaRoma (1:18- 3:20) inopa ringanidzo ya (Genesi 3) (Zvinoshamisa ndezvekuti vadzidzisi vechiJuda havaise ndangariro dzavo pazvinyorwa izvi asi vanonyanya kutarisa Genesi 6 semabviro echivi). Munhu akasikwa nemufananidzo waMwari kuti ave nehukama hwakanaka naMwari.(Genesi 1:26-27) Svisinei munhu akasarudza kusvinuka, chivimbiso chesimba nerusunguko. Kwazvo kwazvo munhu akatsinhamidza rusimudziro rwaMwari nekuzvisimudzira (hunhu hwevasingatendi)!

Mwari akabvumira kuti ndambudziko iri rivepo kuva mumumifananidzo waMwari, kuva neudaviri, kumirira unhu hwako uye nezvibereko zvahwo. Mwari ano kamuranisa vanhu kudurikidza ne sarudzo yako uye yavo(hukama hwechisungu). Anovabvumidza chero kuzvisarudzira pamwe nezvibereko zvesarudzo iyoyo. Mwari anoshungurudzika (Genesi 6:5-7) asi vanhu\_vanerusununguko rwekusarudza pamwe nekodzero uye udaviri hwezvibereko zvesarudzo idzi. Mutauro unodzokororwa wekuti “Mwari wakavaregerera” (cf 1:24, 26,28) Ruziwururo rwerusununguko kwete kurambwa naMwari. Iyi haisi sarudzo yaMwari. Haisiriyo nyika yainge yakatarisirwa naMwari (cf Genesi 3:22,6:5-7, 11-13)!

- VI. Pfupiso yedzidziso yezvouMwari muna (vaRoma 3:21-31)iyi ndiyo dzidziso yezvouMwari yokutanga ye “Vhangeri” - Vanhu vose vakapinda muchivi naizvozvo vanoda ruregerero rwaMwari. Mwari nenyasha dzake anopa nzira yekudzokazve muukama hwaakawaka navo (Kureva Zviitiko zvemubindu reEdheni, yenzanisa Genesi 1-2 naZvakazarurwa 21-22)
- VII. Pahunyorwa hwekutanga, Pakaturwa kunoitwa vhangeri naPauro chinobata ndangariro ndechekuti vanhu vanopiwa udaviri hwezvibereko zvokusateerera Mwari pamwe nekupinda muzvivi pasingataurwe nezvaSatani kana mweya yakaipa (cf VaRoma 1:18, 3:20) ichi chidimbu chevhangeri, chinotipa chirangaridzo chedzidziso youMwari iri pana Genesi 3. Asi musiyano unozova pakuti pane ichi chidimbu chevhangeri, hapana nyoka inenge ichiendza munhu pazuma. Mwari haasiri kuzobvumira kuti vanhu vapomere Satani mhoswa yekusateerera kwavo (cf Genesi 3:13) kana kupa rusvoro kunaMwari wacho pachake (cf Genesi 3:12) vanhu vakasikwa nemufananidzo waMwari (cf Genesi 1:26, 5:1, 3, 9:6). Vanhu vanekodzero, simba uye vanosungirwa kusarudza zvavanoda. Vanhu vane udaiviri hwechivi chemusiiranwa chaAdhamu uye chivi chekuzviitira munhu mumwe nemumwe pazuma(cf 3:23)

## **DZIDZI YEMAZWI NEMITSARA**

**NASB.....Zvinyorwa zvakavhenekwa patswa 1:1-6**

**Pauro muranda waKristu Jesu, akadanwa kuti ave muPostori, akatsaurirwa vhangeri yaMwari, yakapira kare navaPorofita wake magwaro matswene, zvomwanakomana wake, akabva kurudzi rwaDavidi panyama, akaratidzwa nesimba pamweya hweutswene kuti ndiye mwanakomana waMwari, nekumuka kwake kuvakafa, ndiye Jesu Kristu Ishe wedu watakagamushira nyasha neupositori kuti pakati pevahedeni vose pave nekuteerera kokutenda nokuda kwezita rake, nemiwo muri pakati pavo makadanwa kuti muve vaJesu Kristu;**

**1:1 “Pauro”** maJuda mazhinji enguva yaPauro aivane mazita okutanga maviri, rechiJuda nerimwe reChiRoma (cf MaBasa 13:9) zita raPauro rechiJuda rainzi Sauro. Iye pamwe naShe wakare Isiraeri aiwa werudzi rwaBhenjamini (cf vaRoma 11:1, VaFiripi 3:5). Zita rake reChiRoma rokuti Pauro muchiGiriki rinodanwa richinzi (Paulos) zvichireva kuti chinhu chidiki. Izvi zvaidaro nokuda kwe :-

1. Chimiro chemutumbi wake uyo unotaurwa nezvawo mugwaro rakanyorwa pamakore mazana maviri okutanga (AD200) rainzi mabasa aPauro muchikamu chinotaura nezve Tesaronika chinodaizwa kuti “Pauro na Tekira”
2. Chimiro cheunhu hwake hwekumbove arimumwe vevaya vaishungurudza Kereke (cf 1Korinde 15:19, vaEfeso3:8, 1Timoti 1:15)
3. Raingovevo zita raakapihwa pakuzvarwa nevabereki vake.

Tsanangudzo yetatu inoratidza kuva yakanaka pane dzose.

▣ “Muranda wechisungo” NKJV, NRSV,TEV neshanduro yeJB ose magwaro anonyora kuti “Muranda”. Muonero uyo unogona kuva uchibva pa:-

1. Rupikiso rwekuti Jesu ndiShe
2. Zita roruremekedzo rinobva pamazuva eTestamende yakare (cf Moses: Numeri 12:7 naJoshua 1:1; Joshua muna Joshua 24:29 , naDhaviti mumaPisarema na Isaya 42:1, 19, 52:13)

▣

NASB, TEV, NJB, REB,

NJB,REB, “Kristu Jesu”

NKJV, NRSV Jesu Kristu

“Kristu Jesu” Madaidzirwo aya haana kunyanya kujairika naizvozvo angangova ari iwo chaiwo (MSSP 10, B) Ma UBS 4 anopa maonero aya chipimo chepiri “B” Kureva kuti maonero aya angangova iwo chaiwo.

Zvisinei mamwe madaidziro anotsigirwa neuchapupu hwakanaka kwazvo (cf MSS P 26, N,A,B,G pamwe neutungamiri hwemadzibaba hweKereke yekare).

Tarira chikamu chepiri chemagumo egwaro, rino maererano nestsoropodzo yezviri mugwaro. Musiyano muzhinji wezviri mugwaro wakangofanana pakuti haukanganisi donzo rechirevo chezviri muzvinyorwa zvechiGiriki.

▣ Kudanwa semu Positori iyi yaiwe sarudzo yaMwari kwete yake (cf MaBasa 9:15, vaGaratia 1;15; vaEfeso 3:7) Nemutsara uyu Pauro anodzika budiriro, hukuru nesimba rake pamweya, sezvaanoita mubhuku re (1vaKorinde 1:1, 2 vaKorinde 1:1, vaGaratia 1:1, vaEfeso 1:1, 1Timoti 1:1) KuKereke iyo yaakange asati ambosangana nayo. Tarisa panhaurwa inokosha inotaurwa. pavaRoma 1:6.

Iri vara rechiGiriki chakavandudzwa rekuti “MuPositori” kumaJudha echi Parazitina enguva yamakore zana ekutanga, raireva kuti “uyo akatumwa semumiriri” (cf 2 MaKoronika 17:7-9) muTestamende Itswa vara iri rinoshandiswa nenzira mbiri :-

1. Kureva vadzidzi vaJesu gumi nevaviri pamwe naPauro
2. Kureva chipo chemweya chisingaperi muKereke (cf 1 vaKorinde 12:28-29, vaEfeso 4:11).

## **NHAURWA INOKOSHA : Tuma (APOSTELO)**

(Apostelo ) ivara rinoshandiswa zvakanyanya mururimi rwechiGiriki richireva kuti “tuma” iri ivara rinoshandiswa zvakasiyana siyana panyaya dzezvidzidzo zvouMwari.

1. Vadzidzisi vechiJudha vanorishandisa kureva, munhu akadanwa nokutumwa kunomiririra akamutuma, zvinonofanana nemumiriri vatinoreva muchirungu (cf 2 vaKorinde 5:20).
2. Vhangeri dzinowanzoshandisa vara iri kutsanangura kutumwa kwaJesu naMwari Baba. Muvhangeri raJohani vara iri rinoreva zvikuru nezveutumwa (cf Mateo 10:40; 15:24; Mako 9:37; Ruka 9:48; kunyanya Johane 4:34; 5:24; 30,36, 37, 38; 6:29, 38,39,40, 57; 7:29; 8:42; 10:36; 11:42; 17:3,8,18,21,23,25; 20:21). Rinoshandiswa zvakare kureva kuti Jesu anotuma vatendi (cf Johani 17:18; 20:21).
3. Testament Itswa inoshandiswa kureva vadzidzi vaJesu.
  - a. Vadzidzi gumi nevaviri vekutanga (cf Ruka 6:13 MaBasa 1:21-22).
  - b. Chikwata chevaibatsira maPositori nevamwe vavaishanda navo
    - 1) Banabas (cf MaBasa 14:4, 14,)
    - 2) Andironiko naJunia (KJV Junia, cf vaRoma 16:7).
    - 3) Aporo (cf 1 vaKorinde 4:69)
    - 4) Jacobho muningina vashe Jesu (cf vaGaratiya 1:19)
    - 5) Sirivano naTimoti (cf 1 vaTesaronika 2:6)
    - 6) Tito anogonavo kunge akambodanwa kuti mutumwa (cf 2vaKorinde 8:23).
    - 7) Epafirodhito anogonavo kunge akambodanwa kuti mutumwa (cf vaFiripi 2:25).
  - c. Chipa chemweya chisigaperi muKereke (cf 1vaKorinde 12:28-29; vaEfeso 4:11)
4. Pauro anoshandisawo vara iri nguva zhinji mutsamba dzake sezita reruremekedzo rwekuva nesimba raMwari semutumwa vaJesu (cf vaRoma 1:1; 2 vaKorinde 1:1; vaGaratiya 1:1; vaEfeso 1:1; vaKorose 1:1; 1Timoti 1:1; 2Timoti 1:1; Tito 1:1).

▣ **“Kusanagurwa”** iri ibusa mutauro rinorewa kuti akasanangurwa naMwari kareko (cf Jeremiya 1:15 na vaGaratiya 1:15) izvi zvakaenda mberi zvikatova sechimiro chake. Iri rinogona kuva dambe raiitwa nenzwi rechi Aramika (Aramaic) rekuti “Mufarisi”. Vana Pauro nevamwe vaive vakasanangurirwa murawo wechiJudha, ndiyo nguva Pauro akanga asati asangana naJesu mumugwagwa vekuenda kuDamasiko (vaFiripi 3:5) Asi parizvino akanga asanangurirwa vhangeri.

▣ **Zvinechekuitawo nevara rechiHebheru rekuti “utswene”** (BDB 872),rinorevavo kuti “kusangurirwa basa raMwari” (cf Ekisodho 19:6; 1Petirosi 2:5) Mavara anoti “Anoera” “Kueresa” na “Kusanangurwa” ose aibva pazimai rimwe revara rechiGiriki rekuti “utswene” (haigos).

“KuVhangeri yaMwari” chirevamwene chekuti (eis) muchinyorwa chino, zvakare “pa ndima 5” rinoratidza vavairo “yekudanwa” kwaPauro.(v.1b) “nekusanangurwa”. Izwi rekutiVhangeri mumubatanidzwa wemazwi maviri anoti “unaku”(eu) na “shoko” (angelos). Izwi iri rakava iro rakatsanangura gwara redzidziso yakaburitswa muTestamende itswa ( Jeremiya 31:31-34; Ezekieri 36:22-32) uye zviine rumwero nekuvapo kwemuzodzwa akavimbiswa naMwari (cf vv 3-4). “IVhangeri remwanakomana vake” (v.2)

Iri iVhangeri raMwari kwete raPauro (cf 15:16; Mako 1:14; 2 vaKorinde 11:7; 1 vaTesaronika 2:2; 8,9; 1Petirosi 4:17). Pauro akanga asiri murongi wezvetsika namagariro asikuti aiparidza shoko rechokwadi raaitambira kubva kunaMwari (cf MaBasa 9:1 ; 1vaKorinde 1:18-25).

**1:2 Yaakavimbisa kare navaporofita vake mumagwaro matswene** “Iri izwi rinoreva Chiito rinechirevo chinonongedza muiti. Rinonyanya kushandiswa muzvinyorwa zva Pauro (2 vaKorinde 9:5). Vhangeri harisiri pfungwa yakazofungwa naMwari pava paya, ndiro zano revavariro yaMwari nokusingaperi (cf Genesi 3:15; 12:3; Eksodho 19:5 ; Isaya 53; Mapisarema 118; Mako 10:45; Ruka 2:22; MaBasa 2:23; 3:18; 4:28; Tito1:2). Mharidzo dzakare, dzirimuna MaBasa avapositori (kerygma) dzinotura Jesu seruzadzikiso rwevimbiso neChiporofita chose cheTestamende yekare. Testamende yekare inotaurwa nezvayo muTestamende Itsva ne nzira mbiri:-

1. Inonyorwa (kana kuti “Zvinyorwa”kureva, 2Timoti 3:16; 2Petirosi 3:16)
2. Shoko/mashoko

Inotaurwa nezvayowo iine hochekeche nemaporofita. MaJudha ane mafungiro ekuti maporofita ndivo akanyora shoko.

- 1) “Mutemo wemaporofita” Mateu 5:17-18 pamwe naRuka 24:44.
  - 2) “Chiporofita” Ruka 24:27
  - 3) “Zvinyorwa zveaporofita” Mateu 26:56
  - 4) “Kunyora kwechiporofita” VaRoma 16:26 (VaRoma 1-2 inodura kuti “Maporofita”
  - 5) “Shoko rechiporofita” 2Petirosi 1:20  
Pane nhambo mbiri dzechipauro chinoreva “Utsvene” chinowanikwa chichiiswa muhochekeche nezwi rekuti shoko kana kuti magwaro.
- 1) Shoko dzvene (nechemberi ndima inodura kuti Maporofita) VaRoma 1:2
  - 2) Magwaro matsvene 2Timoti 3:15

## NHAURWA INOKOSHA:MHARIDZO DZEKEREKE YEKARE (KERYGMA)

- A. Vimbiso dzaMwari dziri muTestamende yekare dzakazadziwa nokuuya kwaJesu muzodzwa (MaBasa 2:30; 3:19, 24; 10:43; 26:6-7,22; VaRoma 1:2-4; 1Timoti 3:16; vaHebheru 1:1-2; 1Petiroso 1:10-12; 2Petiroso 1:18-19).
- B. Jesu akazodzwa naMwari pakubhabhatidzwa kwake (MaBasa 10:38).
- C. Jesu akatanga basa raMwari paGaririya apedza kubhaphatidzwa.
- D. Basa rakaitwa naJesu rakaburitsa kuitwa kwezvakanaka uye nemabasa makuru anoshamisa airatidza simba raMwari(Mako10:45; Mabasa 2:22; 10:38).
- E. Muzodzwa akaroverwa maringe nehurongwa hwaMwari (Mako 10:45; Johani 3:16; Mabasa 2:23; 3:13-15, 18; 4:11; 10:39; 26:23; VaRoma 8:34; 1vaKorinde 1:17-18; 15:3; vaGaratiya 1:4; vaHebheru 1:3; 1Petiroso 1:2, 19; 3:18; 1 Johani 4:10).
- F. Akamutswa kuvakafa akaonekwa nevadzidzi vake (Mabasa 2:24, 31-32; 3:15, 26; 10:40-41; 17:31; 26:23;VaRoma 8:34; 10:9; 1vaKorinde 15:4-7, 12 ff; 1vaTesaronika 1:10; 1Timoti 3:16; 1Petiroso 1:2; 3:18, 21).
- G. Jesu akyemurwa naMwari akapiwa zita rokuti “Ishe” (Mabasa 2:25-29, 33-36; 3:13; 10:36; VaRoma 8:34; 10:9; 1Timoti 3:16; waHebheru 1:3; 1Petiroso 3:22).
- H. Akapa mweya mutswene wokuvaka rudzi rutswa rwaMwari. (Mabasa 1:8; 2:14-18, 38-39; 10:44-47; 1Petiroso 1:12).
- I. Achadzoka kuzotonga nekumutsidzira zvinhu zvose (Mabasa 3:20-21; 10:42; 17:31; 1vaKorinde 15:20-28; 1vaTesaronika 1:10).
- J. Vose vanonzwa shoko ngavatendeuke vabaphatidzwe.(Mabasa 2:21, 38; 3:19; 10:43, 47-48; 17:30; 26:20; VaRoma 1:17; 10:9; 1Petiroso 3:21).

Urongwa uhu hwakashanda semharidzo mukereke yakare, zvisinei kuti vanyori vakasiyanasiyana veTestamende Itswa, havanyori nezvechikamu ichi asi kuti vanotarisa zvimwewo mumharidzo dzawo. Vhangeri raMako rinotevera zvikuru mhando yemaparidziro aPetiroso. Zvinooneka sekuti Mako anoronga nekunyora mharidzo dzaPetiroso idzo dzakaparidzwa kunyika yavaRoma. Mateu naRuka vanoteedzerawo hurongwa hwemanyorerorwa aMako.

**1:3 “Zvomwanakomana wake”.** Pakatikati peVhangeri pane aripo, Jesu weNazareta anova mwanakomana akazvarwa nemhandara Maria. Mumatauriro nemanzwisiro evanhu veTestamende Yekare, mambo nemuzodzwa zvose zvaiddidzwa kuti “mwanakomana” (2 Samueri 7:14; Hosea 11: 1; Mateu 2:15).

MuTestamende Yakare Mwari aitura kuburikidza navaranda nemaporofita. Jesu akanga asirimuranda waMwari, aiva nhengo yemhuri (cf vaHebheru 1:1-2; 3:6; 5: 8; 7:28). Chishamiso ndechokuti apa ndipo chete apo Pauro anonyatsotarisisa nezvechidzidzo chouKristu. Gwaro ravaRoma harisi gwaro rezvidzidzo zvouMwari rakaperera.

## **NHAURWA INOKOSHA : Mwanakomana waMwari**

Iri ndiro rimwe ramazita rinonyanya kunanganurwa Jesu naro muzvinyorwa zveTestamende Itsva. Rinoratidza kwazvo kwazvo kudura huMwari. Kunanganurwa uku kunosanganisira Jesu achinzi “Mwanakomana”, “Mwanakomana wangu” Ukuwo Mwari wachidaidzwa kuti “Baba”. Izvi zvinoitwa muTestamende Itsva runokwana zana rinemakumi maviri ane ina (124). Chero kuzvidaidza kuti “Mwanakomana wemunhu” nakowo kune chirevo chouMwari. Verenga (Danieri 7:13-14).

MuTestamende Yakare, runanganuro rwekuti “mwanakomana” runogona kureva zvikwata zvina zvinoti:-

1. Ngirozi (Kazhinji ririmuhwandu, cf Genesi 6:2; Jobho 1:6; 2:1).
2. Mambo we Isiraeri (cf 2 Samueri 7:14; Mapisarema 2:7; 89:26-27).
3. Rudzi rwaIsiraeri rwose (cf Ekisodho 4:22-23; Dhuteronomi 14:1; Hosea 11:1; Maraki 2:10).
4. Vatongi vechiIsiraeri (cf Mapisarema 82:6).

Runanganuro rwechipiri ndirwo runehochekeche naJesu. Naizvozvo kuti “Mwanakomana waDhaviti” nekuti “Mwanakomana waMwari zvese zvinesungano nezviri pana 2Samueri 7”: Mapisarema 2 naMapisarema 89. MuTestamende Yakare kuti “mwanakomana waMwari” hakushandiswi kurewa muzodzwa woga, kunze kwekureva kuti ishe womugumo senzira yekutsanagura nyembe dzeuzodzwa we Isiraeri. Zvisinei mumagwaro e “dead C scrolls” zita roruremekedzo rousodzwa rinowanikwa zvikuru. Verenga (duramazwi raJesu neVhangeri, P770). Zvakare kuti “Mwanakomana waMwari izita rousodzwa rinowanika mumagwaro arimuBhaibheri ose kusanganisira nerechiJudha. Ayo anechekuitane magumo enyika. Verenga magwaro echiJudha anoti (cf 2Esidirasi 7:28; 13:32, 37, 52; 14:9 naEnoki105 :2).

Hwaro hwetsanangudzo iyi MuTestamende Itsva apo painotaura maringe naJesu runotsangudzwa zvakajeka muchidimbu nenzira dzakasiyanasiyana. Dzimwe dzacho ndedzinotevera:-

1. Kuwapo KwaJesu kubva kare (cf Johani 1:1-18)
2. Ziita kamwe rokuzvarwa kwa Jesu nemhandara (cf Mateu 1:23; Ruka 1:31-35).
3. Kubhaphatidzwa kwake (Mateu 3:17; Mako1:11; Ruka 3:22 Izwi raMwari richibva kudenga rinobatanidza mambo anorehwa pana Mapisarema 2 nemuranda anotambura anorehwa pana Isaya 53)
4. Kuedzwa kwake naSatani (Mateu 4:1-11; Mako 1;12,13; Ruka 4:1-13: anoedzwa kuti apokane neuMwanakomana hwake kana kuti azadzise chinangwa chahwo neimwe nzira isiri chipianiso).
5. Kupupura hushe hwake kwakaitwa nevaisatarisira kuita izwi.
  - a. Mweya yetsvina (cf Mako 1:23-25; 4:31-37,41; Mako3:11-12; 5:7).
  - b. Vaisatenda (cf Mateu 27:43; Mako14:61; Johani 19:7).
6. Kupupura kwakaitwa nevadzidzi vake
  - a. Mateu 14:3; 16:16.
  - b. Johani1:34,49; 6:69; 11:27.
7. Kuzvipupura kwake
  - a. Mateu 11:25-27
  - b. Johani 10:36
8. Kushandisa kwaakaita chibhende chine munongedzo vekuva nhengo yemhuri apo anotaura nezvaMwari saBaba.
  - a. Kushandisa izwi rekuti Baba “Abba” achirevaMwari.



- 1) Mako 14:36
- 2) vaRoma 8:15
- 3) vaGaratiya 4:6

Kudzokorora kwaanoita kushandisa izwi rokuti Baba (pater) kutsanangura hukama hwake neuMwari.

Muchidimbu zita reruremekedzo rokuti “Mwanakomana waMwari” raiva nechirevo chedzidzo youMwari huru kune avo vaiziva TestamendeYekare, zvikamu nevimbiso dzayo. Asi vanyori veTestamende Itsva vaikatyamara nenyaya iri pamusoro pe VaHedheni nokuda kwenhoroono yekurasika kwavo uko kunonzi vamwari vakaziva madzimai vakazvara “vana vainge vakakura kwazvo”

- ▣ “Akazvarwa ari wedzinza raDhaviti” Izvi zviru maringe nechiporofita chiri pana 2Samueri 7. Muzodzwa akange ari wedzinza roUshe raDhaviti (cf Isaya 9:7; 11:1, 10; Jeremiya 23:5; 30:9; 33:15). Kubva kurudzi rwaJudha. (cf Genesi 49:4-12; Isaya 65:9). MuVhangeri raMateu, Jesu anodudzwa kuti ndewedzinza raDhaviti kakawanda (cf Mateu 1:6; 9:27; 12:23; 15:22; 20:30 31; 21:9, 15; 22:42)

Izvi zvinotaridza kuti maJudha vaive ne Tariro yekuti kuchauya Muponesi wedzinza raDhaviti. Zvinoshamisa kuti Pauro haana paanotaura nezva Jesu maringe nenyaya iyoyi. Anongozvitauro ipo pano uye nepana 2Timoti 2:8 mivaravara miviri iyi inogona kunge yakatorwa muhurongwa hwemhiko dzekereke yekare. Mu NIDNTT gwaro retatu P.61 panoburitswa zvinyorwa zvizhinji zveTestamende Itsva zvinoratidza kuva nehunyorwa hwakabva mumhiko nezvidzidzo zveKristu nziyo neurongwa hwemanamatiro. Verenga (vaRoma 1:3-4; 8:34; 1vaKorinde 15: 3-4; vaFiripi 2:6-11; 1Timoti 3:16; 2Timoti 2:8; 1Petirosi 3:18-20).

- ▣ NASB, NKJV, NRSV “Maererano nenyama  
TEV “Pakuva munhu kwake”  
NJB “Maererano nechimiro chokuva munhu”

Iyi yakava zadzikiso yechiporofita nekupupura kuva munhu kwaJesu. Iyo yairambwa neavo vezvitendero zvaiparidza musanganiswa panguva yemakore zana okutanga (cf 1Johani 1:1- 4; 4: 1-3) Iyi ndima inoratidza pachena kuti Pauro aisashandisa vara rokuti “Nyama” (sarx) nenzira yekusvora (cf vaRoma 2:28; 9:3). Zvisineyi Pauro ainyanyo shandisa vara rokuti “nyama” paanenge achida kusiyanisa “nemweya” (cf vaRoma 6:19; 7:5,18,25; 8:3-9; 12, 13; 1vaKorinde 5; 2vaKorinde 1:17;11:18; vaGaratiya 3:3; 5:13,16,17-19,24; 6:8; vaEfeso 2:3; vaKorose 2:11,13, 18, 23).

Zvivakamutauro pamwe nezvireva-chiito zvevara rokuti “kata” “zvinofambirana pandima yechina (vv 4). Jesu nerimwe divi munhu (maererano nenyama ndima yetatu). Nerimwe divi mutsvene (Maererano nemweya, ndima yechina). Iri gwara redzidziso rokuti Mwari akavamunhu rinokosha. Verenga (cf 1 Johani 4:1-3) Zvigona kuva zvakabva pakusarudza kuzvinanganura kwakaitwa naJesu achiziti “Mwanakomana wemunhu” (cf Mapisarema 8:4; Ezekieri 2:1 [munhu] naDhanieri 7:13 [uMwari]).

## **NHAURWA INOKOSHA:NYAMA**

Izwi iri rinonyanya kushandiswa naPauro mutsamba yake kuvaGaratiya muvandungo yedzidziso youMwari yetsamba iyi, iyo inoburitswa mutsamba yaPauro kuvaRoma.

Vadzidzi vemagwaro vanoona zvakasiya, pamsoro pezvirevo zvakasiyana zvinobva pachimiro chezwi irori. Kwazvo kwazvo panezvirevo zvinoraudzira zvezwi rimwero zvinotevera vavariro yekuongoorora zvirevo zvezwi nehuwandu hwaro.

- A. Mutumbi wemunhu, Johani 1:14; vaRoma 2:28; 1vaKorinde 5:5; 7:28; 2vaKorinde 4:11; 7:5; 12:7; vaGaratiya 1:16; 2:16, 20; 4:13; vaFiripi 1:22; vaKorose 1:22, 24; 2:5; 1Timoti 3:16.
- B. Dzinza romunhu, :- Johani 3:16; vaRoma 1:3; 4:1; 9:3,5,8; 11:14; 1vaKorinde 10:18; vaGaratiya 4:23,29.
- C. Umunhu hwemunhu:-vaRoma 3:20; 7:5, 8:7-8; 1vaKorinde 1:29; 2vaKorinde 10:3; vaGaratiya 2:16, 5:24.
- D. Kutaura somunhu:- Johani 8:15; 1vaKorinde 1:26; 2vaKorinde 1:12; 5:16; 10:2 vaGaratiya 6:12.
- E. Utera hwemunhu:- vaRoma 6:19; 7:18, 8:5-6, 9; 2vaKorinde 10:4; vaGaratiya 3:3; 5:13, 16, 19-21; vaKorose 2:18.
- F. Kupandukira Mwari kwevanhu uko kune hochekeche nekusateerera:- vaRoma 7:14; 13:14; 1vaKorinde 3:1, 3; vaEfeso 2:3; vaKorose 2:18; 1Petirosi 2:11; 1Johani 2:16.

### **1:4**

<b>NASB, NKJV, NRS, NIV</b>	<b>akadzikwa</b>
<b>TEV</b>	<b>akaraidzwa</b>
<b>NJB, RSV</b>	<b>akanan'anurwa</b>
<b>NET</b>	<b>akagadzwa</b>
<b>REB</b>	<b>akaparidzwa</b>

Iri izwi rechiito risina chirevo chekuita. Zvechokwadi Jesu akasarudzwa naMwari kuva “Mwanakomana waMwari” Asi izvi hazvirevi kuti muBheterehema ndimo makatangira Jesu kana kuti iye anotarisirwa pasi maringe naMwari. Verenga Nhaurwa inokosha, inoti Mwari Vatatu mumwe pa vaRoma 8:11. Verengazve ganhuro yetatu inotevera.

- ▣ **“Kuva Mwanakomana waMwari anesimba”** Vanyori veTestamende Itsva havanyanyi kutaura Jesu vachiti “Mwanakomana waMwari” (cf Mateu 4:3) nokuda kwezvirevo zve manyepo zvinobva muzvitendero zvemaGiriki (zvinobatawo nyaya yekuzvarwa nemhandara) iyi nyaya inotozotaurwa ichinzi “Ziitakamwe, Chiitiko chiri choga” (monogenes, cf Johani 1:18; 3:16, 18; 1Johani 4:9). Zvakadaro chirevo ndechekuti “Jesu, Mwanakomana waMwari wezwokwadi” Verenga Nhaurwa Inokosha pavaRoma 1:3.

- Testamende Itsva ine nhungo mbiri dzinesungano naMwari Baba naJesu Mwana komana
  - 1. Idzi nhungo dzakaenzana :- Verenga (cf Johani 1:1; 5:18; 10:30; 14:9; 20:28; 2vaKorinde 4:4; vaFiripi 2:6; vaKorose 1:15; vaHebheru 1:3).
  - 2. Asi dzine hunhu hwakasiyana:- Verenga (cf Mako 10:18; 14:36; 15:34).

Zvinogoneka kuti Pauro angadai akatora maonero nemhiko dzedzidzo yechiKristu chekare kana kuti aitsinhirana nekuvapo kwaShe muzodzwa waMwari anorehwa paMapisarema 2:6,7, kana Mapisarema 110:1. Verenga (maBasa 2:34-36) Nenzira iyoyi Pauro aiburitsa pachena mutsara wekuti “Mwanakomana waMwari anesimba” (NIDNTT, gwaro repiri P.79) gwaro iri rinotarisisa kwete kuzvarwa kwake kana kubhabhatidzwa. Asi kukwira kudenga kwake Zvisinei avo vezvidzidzo zvechiKristu zvinoti Jesu haana kunge arimwanakomana waMwari asi kuti akasarudzwa mushure mokunge Mwari vaona mabasa ake, vakatora ndima iyi vakaishandisa kusimudzira zvinangwa zvavo. Nemhando iyi yekuongorora zvinyorwa nedudziro yeBhaibheri zvinogoneka kuti Bhaibheri rireve zvese zvese. (Munga verenga dzidziso yangu yezve kududzirwa kweBhaibheri, pa-dzimudzangara pa [www.freebiblecommentary.org](http://www.freebiblecommentary.org))

- ▣ “Nekumuka kuva kuvakafa” Mwari Baba vakapupura hupenyu neshoko raJesu nekumumutswa kubva kuvakafa (cf vaRoma 4:24; 6:4, 9, 8:11; maBasa 2:31-33) huMwari (cf Johani1:1-14; vaKorose 1:15-19; vaFiripi 2:6-11; vaHebheru 1:2-3) nekumuka kwaJesu. Verenga (cf vaRoma 4:25; 10:9-13; 1 vaKorinde 15).Ndiyo mitsigo miviri yechiKristu.
- ▣ Iyi ndima yainyanyo shandiswa kusimudzira kutenda kuvakarasika “Kwekuramba kuti Jesu aiva Mwari panyama asi akazoitwa mwanakomana waMwari mushure mokuita mabasa rakanaka”. Ava vokutenda kuvakarasika vanoti Jesu haana kuzvarwa ane huMwari asi kuti akazotova nahwo apo Mwari vakamumutsa kubva kuvakafa. Zvisinei kuti aya manyepo ari pachena kana tichienzanisa nezvinyorwa zvakawanda sepama Johani 1 na 17, panoratidzawo kuti pane chinhu chinoshamisa chakapiwa Jesu pazuva rerumuko iri. Zvinonetsa kutsanangura kuti huMwari hunopiwa sei, zvakadaro izvi ndizvo zvakaitika. Chero zvazvo Jesu aigovana mbiri yedenga naBaba, Iye chimiro chake chakazo simudzirwa nekuzadzisa kwaakaita basa raakanga atumwa rerudzikinuro. Kumuka kubva kuvakafa kwaiva kupupura kwaMwari Baba kweupenyu, muenzaniso dzidziso nekuzvipira kusvika murufu kwaJesu weNazereta; Aneutsvene husingaperi, munhu akazara, Muponesi akarurama, akamutsidzirwa akatuswa, Mwanakomana weziitakamwe! Tarira dudziro yezvirimugwaro yetatu pamusoro pezvechitendero chevakararika chesanduro.

▣	
<b>NASB,NKJV</b>	<b>“Nemweya woutsvene”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Nemweya woutsvene”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Nezveutsvene wouMwari hwake”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Nenzira yomweya, mweya woutsvene”</b>

Mamwe magwaro akashandurwa akanyora vara guru “M” pana Mweya kureva Mweya mutsvene vara diki “m” rinomirira mweya waJesu womunhu. Sezvo Mwari Baba ari Mweya na Jesuwo Mweya. Zvinyorwa zvakare zvechiHebheru nechiGiriki zvakanga zvisingasiyanisi mavara nohudiki kana hukuru, kutara panoperera mutsara uye kuisa zvikamu nendima. Naizvozvo izvi zvinechekuita netsika nemagariro kana dudziro yevashanduri vemagwaro.

Pane nzira nhatu dzokutarisa nadzo ndima yechitatu neyechina.

1. Setarisiso yezvimiro zviviri zvaJesu umunhu nouMwari.
  2. Setarisiso yenhambo mbiri dzeupenyu hwake panyika, uMunhu nokuvaShe akamuka kuvakafa.
  3. Seimwewo nzira yekutarisa kuna “Kristu Ishe wedu”
- ▣ “Jesu” Zita rokuti Jesu, mururimi rwechiAramaika (Aramaic) runoreva kuti Joshua muchiHebheru. Raiva mubatanidzwa wemazwi maviri echiHebheru, rokuti “Mwari” (YHWH) nerokuti “Ruponeso” Ringangoreva kuti “Mwari anoponesa”, Mwari anosungura” :Mwari ruponeso” Donzo rezvinoreva zita rinoonekwa pana Mateu 1:21, 25
- ▣ “Kristu” Iyi yaiva shandurudzo yechiGiriki yezita rechiHebheru rokuti Mutumwa (BDB603) raireva kuti “Akazodzwa”. MuTestamende yekare zvikwata zvevanhu vakasiyana zvevatungamiri vanoti (Maporofita Mapirisita nemadzimambo) Vaizodzwa sechiratidzo chokusarudzwa nokusimbiswa naMwari. Jesu akazadzisa zvinhanho zvouzodzwa zvose zvirizvitatu (cf vaHebheru 1:2-3)
- Testamende Yekare inotaura kuti Mwari vachatuma muzodzwa kuzozarura chikamu chitsva cheruramo. Jesu ndiye akava “Muranda anokosha”, “Mwanakomana” “Mutumwa”.

#### **NHAURWA INOKOSHA MUTUMWA**

Izwi zvinobva patsoropodzo yangu panaDhanieri 9:6. Chakaoma pakududzira ndima iyi inyaya yekuti kune zvimwewo zvirevo zvinesungano ne zita rokuti Muzodzwa kana Mutumwa (BDB603)

1. Rakashandiswa kureva Madzimambo echiJudha. Verenga (Samueri 2:10; 12:3)
2. Rakashandiswawo kureva Mapirisita echiJudha verenga (Revhitiko 4:3,5)
3. Rakashandiswawo kureva koreshi. Verenga (Isaya 45:1)
4. Tsanangudzo yekutanga neyechipiri dzinobatanidzwa pana Mapisarema 110 na Zekariya 4.
5. Rakashandiswawo kureva kuuya kunokosha kwaMwari, Mambo werudzi rwaDhaviti achaunzachikamu chitsva cheruramo.
  - a. Dzinza raJudha (cf Genesi 49:10)
  - b. Imba yaJese (cf 2 Samueri 7)
  - c. Kutonga pasirose (cf Mapisarema 2; Isaya 9:6; 11:1-5; Mika 5:1-4ff)

Ini pachangu ndinotorwa moyo nokuburitswa pachena kune “Muzodzwa” na Jesu weNazareta nokuda kwe:-

1. Nhanganyaya inotaura nezveutongi husingaperi pachikamu chechipiri muushe hwechina.
2. Nhanganyaya inotaura nezve “Mwanakomana wemunhu”. Verenga (vaRoma 7:13) achipiwa hutongi husingaperi.
3. Mazwi erudzikinuro ari pavaRoma 9:24 anonongedza nhoroondo ye kunyanya kusateerera kwenyika.
4. Jesu anoshandisa bhuku raDhanieri muTestamende Itsva (cf Mateu 24:15; Mako 13:14).

- ▣ “Ishe muchiJudha iri ndiro zita raMwari rechisungo (YHWH) iri zita rakava zita rinoera kwazvo zvekuti vadzidzisi vechiJudha vaitorisiya kana voverenga magwarovachitya kuti

vaizoritura nenzira isina mature (cf Ekisodho 20:7; Dhuteronomi 5:11). Izvo zvaizoita kuti vatyore umwe wemitemo ine gumi. Vanyori veTestamende Itsva pavakaidza Jesu kuti “Ishe”, Muzvidzidzo zvouMwari vaitopupura uMwari hwake. (cf Mabasa 2:36; varoma 10:9-13; vaFiripi 2:6-11)

### **NHAURWA INOKOSHA ;- MAZITA OUMWARI**

#### **A. El (BDB 42, KB 48)**

1. Mabviro evara rinotsangura uMwari haanyatsozivikana asi vamwe vadzidzivanotenda kuti rinobuda mururimi rwe chi Akkadian richireva kuti “Kusimba” “kuva nesimba” (cf Genesi 17:1; Numeri 23:19; Dhuteronomi 7:21; Mapisarema 50:1).
2. Munzvimbo inochengeterwa ndangariro pamwe nokuvigwa vaTungamiri muKenani, Mwari wedenga anodanwa kuti El Verenga (zvinyorwazve Ras Shamra).
3. MuBhaibheri vara “El” harinyanye kubatanidzwa nemamwe mavara. Mubatanidzwa yemavara yakava nzira yaitsanangura chimiro chaMwari.
  - a. El-Elyon (Izvi zvinoreva kutiMwari wekumusoro BDB 42 NA 75π), Genesi 14:18-22 Dhuteronomi 32:8; Isaya 14:14.
  - b. El-Roi (zvinoreva kuti “Mwari anoona” kana kuti “Mwari anozviratidza” BDB 42 NA 909), Genesi 16:13.
  - c. El –Shaddai (Zvinoreva kuti “Mwari Samasimba” “Mwari weTsitsi” “Mwari wegomo” BDB 42NA 994) Genesi 17:1; 35: 11; 43:14; 49:25; Ekisodho 6:3
  - d. El-Olam (“Mwari nokusingaperi” BDB 42 na 761) Genesi 21:33 iri zita rinonyanyoonekwa nevezvidzidzo zvouMwari riinesungano nevimbiso yaMwari kunaDhaviti, verenga 2Samueri 7:13,16.
  - e. El-Berit (“Mwari wechisungo” BDB 42 na 136) Vatongi 9:46.
4. Vara *El* rinoenzaniswa na;-
  - a. YHWH “Mwari muna Mapisarema 85:8; Isaya 42:5
  - b. Elohim munaGenesi 46:3; Jobho 5:8 ‘Ndini’,( El),( Elohim) “Ndini iye Mwari wemadzibaba enyu”
  - c. Shaddai “wamasimba” ose muna Genesi 49:25
  - d. “wegodo” muna Ekisodho 34:14; Dhuteronomi 4:24; 5:9; 6:15.
  - e. “Tsitsi” muna Dhuteronomi 4:31; Nehemiya 9:31
  - f. “Mukuru anotyisa” muna Dhuteronomi 7:21; 10:17;Nehemiya 1:5; 9:32;Dhanieri 9:4
  - g. “Runoziva” muna 1Samueri 2:3
  - h. “Nhare yangu yakasimba” 2Samueri 22:33
  - i. “Anonditsivira” 2Samueri 2:48
  - j. “Iye Mutsvene” Isaya 5:16
  - k. “Ane Simba” Isaya 10:21
  - l. “Ruponeso rwangu” Isaya 12:2
  - m. “Mukuru Anesimba” Jeremiya 32:18
  - n. “Ripidziro” Jeremiya 51:56
5. Mubatanidzwa wamazita ose aMwari ane ukurumbira ari muTestamende yekare, anowanikwa muna Joshua 22:22 (“Mwari” “Ndini iye” “Mwari” izwi

rakadzokororwa)

B. *Elyon* “wekumusoro” (BDB 751,KB 832)

1. Izwi iri rinoreva kuti “pamusoro” “Akaremekedzwa” kana kuti “Akasimudzirwa” (cf Genesi 40:17; 1Madzimambo 9:8; 2Madzimambo18:17; Nehemiya 3:25; Jeremiya 20:2; 36:10; Mapisarema 18:13).
2. Rinoshandiswawo nedzimwe nzira dzokutsanangura mazita eruremekedzo rwaMwari.
  - a. Elohim “Ndini iye” – Mapisarema 47:1-2; 73:11; 107:11
  - b. YHWH “Mwari” Genesi 14:22; 2Samueri 22:14.
  - c. El-Shaddai “Mwari Samasimba” Mapisarema 91:1, 9.
  - d. El “Mwari” Numeri 24:16.
  - e. Elah “Mwari wekumusoro-soro” rinonyanyoshandiswa mubhuku raDhanieri 2-6 naEzira 4-7 rine hochekeche nere chiAramaika rokuti “illair” rinoreva kuti Mwari urikumusoro-soro” VerengaDhanieri 3:26; 4:2; 5:18, 21.
3. Rinonyanyoshandiswa nevemamwe marudzi vasiri vechiIsiraeri.
  - a. Merikizedeki, Genesi 14:18-22
  - b. Bharamu Numeri 24:16
  - c. Mosesi, achitaura zvendudzi muna Dhuteronomi 32:8
  - d. Muvhangeri rakanyorwa naRuka, muTestamende Itsva apo ainyorera kuvaHendheni anoshandisa izwi reChiGiriki rekuti “Hupsistos” iro rinoreva zve kuti wekumusoro-soro. Verenga (Ruka 1:32, 35,76, 8:28; MaBasa 7:48; 16:17.

C. *Elohim* (“Ndini Iye” (muuwandu) *Eloah* (Muumwe) rinoshandiswa mukundetemba (BDB43 KB 52).

1. Iri izwi harionekwi musiri muTestamende yekare.
2. Iri izwi rinogona kunan’anura Mwari vavaIsiraeri kana vamwari vedzimwe vendudzi:- Verenga (Ekisodho 12:12; 20:3) Madzibaba aAbhurhamu aishumira vamwe Vamwari. Verenga (Joshua 24:2).
3. Rinoga kureva Vatongi vechiIsiraeri (Ekisodho 21:6; Mapisarema 82:6.
4. Izwi rekuti Elohim “Ndini iye” rinoshandiswawo kureva imwewo mweya inosanganisira(ngirosi; mweya yetsvina) verenga Dhuteronomi 32:8; (lxx) Mapisarema 8:5; Jobho 1:6; 38:7.
5. MuBhaibheri ndiro zita rokutanga rinoreva huMwari. Verenga (Genesi 1:1) rinoshanda riri roga inoreva huMwari kusvika pana Genesi 2:4 apo rinozobatanidzwa na YHWH “Mwari”. Rinotsanangura Mwari semusiki, muraramisi, muchengeti. Rinofanana rekuti naEl “Mwari”(cf Dhuteronomi 32:15-19) rinogona kuva maringe nerekuti YHWH rinorevazve kuti “Mwari” sepana Mapisarema 14.

Elohim rinofambira nezvakanyorwa pana Mapisarema 53 (YHWH) kunze kwu kusiyana pama zita ouMwari.
6. Nyangwe riri muwandu richimboshandiswa kureva vamwe vamwari, Izwi iri rinowanzo shandiswa kunan’anura Mwari waIsiraeri asi kazhinji, rinonge riri Izwi rechiito riri muumwe. Kuburitsa gwara rekushumira Mwari mumwe.
7. Izwi iri rinotaurwa neavo vasiri Vana ve Isiraeri vachireva umwari.
  - a. Merikazedeki Genesi 14:18-22
  - b. Bharamu Numeri 24:2
  - c. Mosesi achitaura zvendudzi Dhuteronomi 32:8.
8. Zvinoshamisa kuti zita iri iro rinozivikanwa kuvara Mwari mumwe waIsiraeri,

rinodanwa muchimiro chouwandu. Nyangwe zvazvo pasina chokwadi chokuti sei zvakadai, mamwe maonero ndeanoti:-

- a. Mutauro wechiHebheru une mazwi akawanda ari muuwandu, izvi zvinoitirwa kunyatsoburitsa chirevo chemazwi. Zvimwe zvinesungano nazvo, zvivakamutaro zvechiHebheru izvo zvinoisa mazwi muuwandu senzira yekuratidza kukosha kwezvinoreshwa nezwi.
- b. Izvi zvinogona kureva dare rengirozi iro rinosangana naMwari kedenga, zve ndiro rinomubatira mabasa mazhinji. (cf Madzimambo 22:19-23; Jobho 1:6; Mapisarema 82:1; 89:5,7)
- c. Zvinobva zvatsigira zvirimuTestamende Itsva zvaMwari Vatatu Mumwe. MunaGenesi 1:1Mwari anosika, Genesi 1:2 Mweya unozvoratidza, Mutestamende Itsva, Jesu ndiye mutumwa waMwari mukusika (cf Johani 1:3, 10; vaRoma 11:36; 1vaKorinde 8:6; vaKorose 1:15; vaHebheru 1:2; 2:10).

D. YHWH “MWARI” ( BDB 217, KB394)

1. Iri ndiro zita rinoratidza uMwari, saMwari weChisungo; Mwari muponesi, mudzikinuri! Vanhu vanotyora zvisungo asi Mwari anomira neShoko rake, Chivimbiso uye chisungo (cf Mapisarema 103).  
Iri zita rinotanga kutaurwa rakabatanidzwa nerekuti Elohim “Ndini Iye” pana Genesi 2:4. Hapana nhorodno mbiri dzokusika Muna Genesi 1 na 2 asi pane tsanangudzo dzakazara mbiri (1) Mwari anotsanangurwa semusiki wenyika nezviripairi (2) Mwari anotsanangurwa semusiki anokosha musiki vevanhu. Genesi 2:4; 3:24. Inotanga nekuburitsa chinzvimbo chinokosha, uye chepamusoro chinopihwa munhu, inoenderera mberi ichitaura nezve dambudziko rechivi nekusateerera kunoenderana nechinzvimbo ichi.
2. Muna Genesi 4:26 zvinonzi “Vanhu vakatanga kudana zita raJehova (YHWH) zvakadaro Ekisodho 6 :3 inotiwo vanhu vechisungo Chekutanga (Vatungamiri vaive vari vechirume nemhuri dzavo). Vaiziva Mwari achinzi El-Shaddai “Mwari Samasimba” Zita rokuti Mwari (YHWH) rinotsanangurwa kamwe muna Ekisodho 3:13-16 kunyanya ndima yechina, zvisineyi zvinyorwa zva Mosesi zvinodudzira nenzira inonzwisika nemumunhu wose zvake kwete sedzidzo yehoroondo yezwi kana chikamu charo (cf Genesi 17:5; 27:36; 29:13-35) kune tsanangudzo dzakawanda maererano nezvinoreshwa zita iri (zvinobva muchinyorwa IDB gwaro repiri pp. 409-11)
  - a. Kubva mururimi rwechiArabhu “kuratidza rudo rwakadzama”
  - b. Kubva mururimi rwechiArabhu “kuvhuvhuta (YHWH) Mwari wedutu”
  - c. Kubva mururimi rwechiKenani “kutura”
  - d. Kubva parunyoro rwechifonika (Phoenician) zita iri rinechimiro chinesungano nehuwonzeri, rinoreva kuti “Iye anoraramisa”, “Iye anodzika”.
  - e. Kubva muvara rechiHebheru rokuti “Qal” iro rinoreva kuti “Iye ari” kana kuti “Iye aripo”. Muchimiro chekureva ramangwana rinoreva kuti “Iye achava”
  - f. Kubva muvara rechiHebheru rekuti “Hiphil” rinoreva kuti “Iye anokonzera kuva”.
  - g. Kubva mururimi rwechiHebheru rinoreva kuti “kurarama”. (sezvakanyorwa pana Genesi 3:20). Zvichireva kuti “Anorarama nekusingaperi, Iye mumwe anorarama”.
  - h. Kubva pane zviri muna Ekisodho 3:13-16. Apa pakaitwa dambe nechimiro chemazwi, kubva mukusatsarukana achiiswa mukutsarukana mukureva kwavo

sokuti “Ndichava iye vandaiwa” kana kuti “Ndichava iye vandichava” verenga (J Wash Watts muongororo yezvivakamazwi Mustestamend yakare (a Survey of syntax in the Old Testament p67). Zita rokuti (YHWH) “Mwari” rinoburitswa muchidimbu kana muchimiro chemabviro aro.

- 1) YAH (sokuti “Halelu-yah” (Hareruya) BDB 219, cf Ekisodho 15:2; 17:16; Mapisarema 89:9;104:35).
  - 2) YAHU “Iah” (Aya) zvipeta mazita sokuti “Isaiah”, “Isaya )
  - 3) YO (“Jo” ndangazita sokuti “Joshua” kana kuti Joere
3. MuchiJudha zita rechisungi iri rakazova rinoera zvikuru (Tetra grama ton) zvekuti maJudha aitoty kuritaura nokuti zvaizovaitakuti vatyore uri pana Ekisodho 20:7; Dhuteronomi 5:7; 16:13 . Naizvozvo vakaritsiva nemamwe echiHebheru okuti “Muridzi”, “Tenzi”, “Murume”, “Ishe”----- Adon kana kuti (adonai) zvichireva kuti (Ishe vangu). Pavaisvika oazita rokuti (YHWH) muzvinyorwa zveTestamende Yakare vaidudza vachiti “Ishe” Ndokusaka zita rokuti (YHWH) Mwari. Rakanyorwa richinzi “Ishe” (Lord Muma Bhaibheri echirungu).
  4. Zvimwechetezvo nezita rokuti El, rokuti YHWH rinonyanya kubatanidzwa nemamwe mazwi kuti riburitse pachena chimiro chaMwari wechisungo weSiraeri. Pane mazwi akawanda aigona kubatanidzwawo, mamwe acho ndeaya:
    - a. *YHWH – Yireh* (Mwari anopa, BDB 217 na 906) Genesi 22:14
    - b. *YHWH – Rophekha* (Mwari murapi wako BDB 217 na 950, Qal “Iye ari”) Ekisodho 15:26.
    - c. *YHWH – NISSI* (Mwari mureza wangu, BDB 217 na 651) Ekisodho 17:15
    - d. *YHWH – Meqaddishkem* (Mwari mumwe anokuitai vatsvene, BDB 217 na 872) Ekisodho 31:13.
    - e. *YHWH – Shalom* (Mwari worunyararo BDB 217 na 1022). VaTongi 6:24
    - f. *YHWH - Sabbaoth* (Mwari wehondo, BDB 217 na 878) 1Samueri 1:3, 11, 4:4; 15:2 rinowanika kazhinji muzvinyorwa zveMaporofita.
    - g. *YHWH – Ro’I* (Mwari mufudzi wangu, BDB 217 na 944 muchirevanguva cha “Iye ari” Qal) Mapisarema 23:1.
    - h. *YHWH – Sidqenu* (Mwari ndiye kururama kwedu, BDB 217 na 841) Jeremiya 23:6
    - i. *YHWH – Shammah* (Mwari aripano, BDB 217 na1027) Ezekieri 48:35.

**1:5** “Isu”Pauro haana mumwe munhu waanotaura nezvake munhanganyaya yake sezvaano nyanya kuita mune dzimwe tsamba dzake. Mutsara wekutanga unotaura nezve rupinduko nekusarudzwa kwa Pauro mumgwagwa wekuenda kuDhamasiko. Verenga (MaBasa 9) zvinopa chirevo chakasimba chekushandiswa kwezwi “Isu’ paipepeptwa gwaro.

- ▣ “Takagamuchira nyasha nehupositori” Pauro arikududza kwete chipo cheruponeso kudurikidza naKristu, asi chipowo chehupositori kuvaHedheni. Izvi zvose zvakaitika chiriporipo pa mugwagwa wekuenda kuDhamasiko (hunyorwa huri muchimiro chechiito chinemunongedzo, maBasa 9:1-22; 22:3-16; 26:9-18). Zvakanga zvisiri zvounyanzvi asi kwaiva kuda kwenyasha!



Zvino gona kuti “Nyasha” ne “hupositori” zviatwe sechinhu chimwe “Chipo Chehupositori” (Net verenga chinyorwa chegumi netatu) Ose magwaro akashandurudzwa akasiyana-siyana ayo akanyorwa mugwaro rinotaura nezveshandurudzo makumi maviri nenhanhatu dzeTestamende itsva (The New Testament in 26 translations) (P.646) Anozvitora sechinhu chimwe.

- ▣ “Kuburitsa” aka ndekechipiri vara rekuti “eis” richishandiswa zvinechinangwa mugwaro (cf ndima yekutanga). Vhangeri rinomutsidzira chimiro chaMwari muvanhu kudurikidza nekutenda muna Jesu. Izvi zvinoita kuti chinangwa chaMwari chiratidzwe, chinova icho chokuva noruwadzano rwakadzama pakati paMwari nevanhu avo vanoburitsa hunhu hwaMwari kuburikidza nokuita kwavo. (cf Ndimba yechinomwe)



**NASB, NJB** “Ruteerero rwerutendero”  
**NKJV** “Yeruteerero rwekutenda”  
**NRSV** “Kuburitsa ruteerero rwerutendero”  
**REV** “Kutendera nokuteerera”

Ndekekutanga kushandisa izwi rekuti “Rutendero” nenzira iyi munavaRoma.(Tarira nhaurwa inokosha pa 4:5). Rakashandiswa nenzira nhatu dzakasiyana muchikamu uye bhuku rino.

1. Ndimba yechishanu . rakashandiswa sengaringiro rezvokwadi kana gwara remaonero rine sungano naJesu nehupenyu hwechiKristu.(cf Mabasa 6:7; 13:8; 14:22; 16:5; vaRoma 14:1;16:26; VaGaratiya 1:23; 6:10; Vatongi 3:20).
2. Ndimba yesere. Rinoshandiswa nenzira yekududza kuvimba naJesu. Mazwi echirungu anoti “believe” (Tenda), “Faith” (Rutendo) “Trust” (Ruvimbo). Ose kana akashandurudzirwa muchiGiriki anoreva izwi rimwe rokuti (pistis/pisteuo). Vhangeri iri igwara remaonero pazvima (cf vaRoma 1:16; Johani 1:12; 3:16). Tarira nhaurwa inokosha 4:5.
3. Ndimba yegumi nenomwe. (vv.17) Rinoshandiswa nenzira iri muTestamende Yekare yekuratidza kuvimbika, kutendeseka kana, kumuririsika. Izvi ndizvo zvinorehwa pana Habakuki 2:4. MuTestamende Yekare maive musina hurongwa hune gwara rerutendero asi tinowana mifananidzo yakawanda yehupenyu hwe rutendo.(Abhurahama muna Genesi 15:6) kwaiva kusirikutenda kusina mhoshho asi rutendo rwematsaratsara (cf waHebheru 11) Tariro yevanhu haisiri yekugona kana kuva nerutendo rusina mhoshho, asi iri muzviito zvaMwari. (cf vaRoma 3:24; 6:23; vaEfeso 2:8-9). Mwari chete ndiye ane rutendo (cf Maraki 3:6)

Pane mitute mitute yemabasa inogona kudanwa kuti naniso yeruponiso.

- a. Rupinduko (cf vaRoma 2:4; Mako 1:15; Ruka 13:3,5; Mabasa 3:16,19; 20:21)
- b. Tendo /Rutendo (cf vaRoma 1:16; Johani 1:12; 3:16; Mabasa 16:31, kubhaphatidzwa kuburitswa kwerutendo rwemunhu pachena).
- c. Ruteerero (cf vaRoma 2:14; 2vaKorinde 9:13; 10:5; 1Petirosi 1:2, 22). Tsungiriro (cf vaRoma 2:7; Ruka 18:1; 2vaKorinde 4:1, 16; vaGaratiya 6:9; 2vaTesaronika 3:13). Izvi zvimiso zvechisungo chitsva. Tinofanira kutambira- kutenda tigoramba tichitambira/ kutenda pfupiro yaMwari munaKristu (cf VaRoma 1:16; Johani 1:12).

**NHAURWA INOKOSHA :- TENDA, VIMBA, RUTENDO NERUTENDERO  
MUTESTAMENDE ITSVA (IDN)**

**I. Zaruro**

Zvinoda kudenengura nezvemashandisirwo emaonero ezvouMwari aya anokosha muTestamende itsva. Ayo asina kunyatsoburitsva pachena muTestamende yekare. Denengudzo iripo, inoratidzwa muganhuro dzakasarudzwa uye navanhu.

ZvemuTestamende Yakare:-

A. Munhu nemana raagere

B. Hwekwe pazima pamwe nekuteerera chisungo

Rutendo ihwekwe pazima pamwe nemararamiro emazuva ose. Rwakareruka kutsanangura rutendo pamunhu pane kutsanangura nenzira ye Dhuramazwi, ichi chiitiko pazima chinoburitswa pachena muna:

A. Abhurahamu nemwana wake

B. Dhaviti neIsiraeri

Ava varume vakaita mahwekwe naMwari, hupenyu hwavo hukabva hwashanduka (kweteupenyu hwaka rurama, asi hwekuramba vachitenda). Kuedzwa kwababuritsa pachena kusasimba nokusimba kwerutendo rwavo apo vakaita mahwekwe naMwari, asi kuwadzana nokuvimba naMwari kwavo kwakavapo kwenguva refu. Upenyu hwavo hwakaedzwa hukanhadzurudzwa, hwakaenderera mberi izvo zvino buritsa humboo hwekuzvipira nenzira yemararamiro emazuva ose.

**II. Nzira Yakashandiswa**

**A. אמו (BDB 52)**

**1. Izwi rechiitiko**

a. Dzitsi rezwi “*Qal*” – kutsigira, kureva (2Madzimambo 10:1, 5; Esiteri 2:7, Kushandiswa kusineyi nezvidzidzo zveuMwari)

b. Dzitsi reizwi “*Niphal*” – kusimbisa, kudzika, kubvumira, kuva norutendo kana kutendeseka.

1) Zvavanhu -Isaya 8:2; 53:1; Jeremiya 40:14

2) Zvezvinhu- Isaya 22:23

3) Zva Mwari Dhuteronomi 7:9, 12; Isaya 49:7; Jeremiya 42:5.

c. Dzitsi reizwi “*Hiphil*” – kumira Mungingingi, kutenda, kuvimba.

1) Abhurahamu akatenda Mwari, Genesi 15:6

2) vaIsirarei muljipita vakatenda, Ekisodho 4:31; 14:31; Dhuteronomi 1:32 inoti havana kutenda Mwari)

3) Vana vaIsirarei waitenda kuti Mwari aitaura kudurikidza naMosesi (Ekisodho 19:9; Mapisarema 106:12,24.

4) Ahaazi haana kuvimba naMwari Isaya 7:9

5) Chero nani anotenda maari Isaya 28:16

6) Tenda zvokwadi yaMwari Isaya 43:10-12.

2. Zita rine chimiro chechirume –Rutendo (sezviripana Dhuteronomi 32:20; Isaya 25:1; 26:2)

3. Izwi rinesungano nechitiko – Zvokwadi, zvedi, ndinobvuma ngazvive saizvozvo (cf Dhuteronomi 27:15-26; Madzimambo 1:36 ; 1vaKorinde 16:36; Isaya 65:16; Jeremiya 11:5; 28:6).

Iyi inzira inofanana yekushandisa izwi rekuti “Amen” muurongwa hwe manamatiro mu Testamende Yekare neItsva.

B. אמת (BDB 54) Zita rinechimiro chechikadzi; kuva negukuta, Rutendero, chokwadi.

1. Zvavanhu -Isaya - 10:20; 42:3; 48:1
2. ZvaMwari- Ekisodho - 34:6; Mapisarema 117:2 Isaya 38:18, 19; 61:8.
3. ZveChokwadi - Dhuteronomi 32:4; 1Madzimambo 22:16; Mapisarema 33:4; 98:3; 100:5; 119:30; Jeremiya 9:4; Zekariya 8:16.

C. אמנה (BDB 53) kuva negukuta, kuteramira, kutendeseka.

1. Zvamaoko -Ekisodho 17:12
2. Zve nguva - Isaya 33:6
3. Zve vanhu - Jeremiya 5:3; 7:28; 9:2.
4. zva Mwari - Mapisarema 40:11; 88:12; 89:2’ 3,6,9; 119:138 .

III. Mashandisirwo anoitwa maonero aya eTestamende Yekare naPauro.

A. Pauro anoshandisa mahwekwe aakaita naJesu mumungwagwa wekuenda Dhamasiko sehwaro hwekunzwisisa Mwari neTestamende Yekare (cf Mabasa 9:22, 26)

B. Akawana rutsigiro rweTestamende yekare pakunzwisisa kwake rutsva paganhuro mbiri dzeTesamende yekare, idzo dzinoshandisa izwi reubviro hwemazwi anoti (Tenda, Vimba, rutendo nerutendeseko).

1. Genesi 15:6- Mahwekwe pazima aAbhurhamu naMwari ayo akarongwa naMwari (Genesi 12) kwakava nezvibereko zvoupenyu hwokuteerera nerutendo (Genesi 12:22) Pauro anotsinhira izvi muna VaRoma 4 ne vaGaratiya 3
2. Isaya 28:16 – Avo vanotenda mazviri (Kureva kuti nheyo yebwe yemugwava verutendo, yaMwari iyo yakaedzwa ikadzikwa zvakasimba) Haizofi yaka:-
  - a) VaRoma 9:33 “Kunyadziswa” kana “Kuodzwa moyo”
  - b) VaRoma 10:11 sezviri pamusoro.
3. Habakuki 2:4 -Avo vanoziva Mwari akatendeka vachararama hupenyu hwakatendeka (cf Jeremiya 7:28) Pauro anoshandisa hunyora uhu muna VaRoma 1:17 ne vaGaratiya 3:11 na (Hebheru 10:38).

IV. Mashandisirwo anoitwa maonero eTestamende Itsva na Petirosi

A. Petirosi anobatanidza:

- 1) Isaya 8:14 -1 Petirosi 2:8 (chibinga mupini)
- 2) Isaya 28:16 – 1 Petirosi 2:6 (nheyo yemugwava)
- 3) Mapisarema 111:22 – 1 Petirosi 2:7 (Ibwe rakaraswa)

B. Anoshandurudza mutauro unotsanangura Isiraeri “Rudzi rwakasarudzwa”, “Imbahuru youPirisita” “Rudzi runoera”, “Vanhu vaMwari pachake” kubva kuna:-

1. Dhuteronomi 10:15; Isaya 43:21.
2. Isaya 61:6; 66:21.
3. Ekisodho 19:6; Dhuteronomi 7:6. Achishandisa pakukurudzira Kereke mukutenda munaKristu.

## V. Mashandisirwo arinoitwa naJohani

### A. Mashandisirwo awo muTestamende Itsva

Izwi rekuti “akatenda” rinobva pane rechiGiriki (Pisteuo) rinogonazve kushandurwa roreva kuti “Tenda” “Rutendo” kana “Ruvimbo” semufananidzo, izwi rinoreva zita harionekwi muVhangeri raJohani asi izwi rinoreva chiito rinoonekwa zvakanyanya. Pana Johani 2:23-25 pane kusanyatsoonekwa rudairo rwavanhu rwakakwana kuna Jesu ve Nazareta semutumwa. Mimwe mifananidzo yekusashandiswa zvakakwana kwezwi rinoti “Kutenda” iri muna Johani 8:31 naMaBasa 8:13, 18-24. Rutendo rwechokwadi rweBhaibheri harusi parudairo rwekutanga. Rutendo runofanira kuteverwa negwara rokuzvibata nokutevera shoko (cf Mateu 13:20-22, 31-32).

### B. Rinoshandiswa rakateverwa nechireva mwene

1. Vara rekuti “eis” chirevamwene chinoreva “Mu” kuvakwa kwemutauro uku kunotsinhidzira kuisa kunoita vatendi ruvimbo/rutendo rwavo muna Jesu.
  - a. Muzita rake (Johani 1:12; 2:23; 3:18; 1Johani 5:13).
  - b. Ma ari(Johani 2:11; 3:15, 18; 4:39; 6:40; 7:5, 31, 39, 48;
    - i. 8:30; 9:36; 10:42; 11:45, 48;17:37, 42.
    - ii. Mateu 18:16; MaBasa 10:43; vaFiripi 1:29; 1Petirosi 1:8)
  - c. Mandiri (Johani 6:35; 7:38; 11:25, 26; 12:44, 4; 14:1, 12; 16:9; 17:20).
  - d. Mumwanakomana (Johani 3:36; 9:35; 1Johani 5:10)
  - e. Muna Jesu (Johani 12:11; Mabasa 19:4; vaGaratiya 2:16)
  - f. Muchiedza (Johani 12:36).
  - g. Muna Mwari (Johani 14:1).
2. Vara “en” Chirevamwene chinoreva kuti “Mu” sezvakanyorwa muna Johani 3:15; Mako 1:15; Mabasa 5:14.
3. Vara “epi” Chirevamwene chinoreva “Pa” semanyorerwo akaitwa muna Mateu 27:42; Mabasa 9:42; 11:17; 16:31; 22:19; vaRoma 4:5, 24; 9:33; 10:11; 1Timoti 1:16; 1Petirosi 2:6.

Izwi rinonongedza chimiro chechiito (DATIVE CASE) risina chirevamwene sezvakanyorwa muvaGaratiya 3:6; Mabasa 18:8; 27:25; 1Johani 3:25; 5:10.

Izwi rekuti “Hoti” rinoreva kuti “Tenda kuti” rinopa gwara rezvekutenda.

- a. Jesu ndiye mutsvene waMwari (Johani 6:69)
- b. Jesu ndiye iye (Johani 8:24)
- c. Jesus ari munaBaba, naBaba vari Maari (Johani 10:38).
- d. Jesu ndiye Muzodzwa (Johani 11:27; 20:31).
- e. Jesu ndiyeMwanakomana waMwari (Johani 11:27; 20:31)
- f. Jesu akatumwa naBaba (Johani 11:42; 17:8,21)
- g. Jesu anerumwe naBaba (Johani 14:10-11).
- h. Jesu akabva kuna Baba (Johani 16:27, 30).

- i. Jesu akazviratidza muzitarechisungo chaBaba, rokuti “Ndini” (Johani 8:24; 13:19).
- j. Tichagara naye (vaRoma 6:8)
- k. Jesu akafa akamukazve (1vaTesaronika 4:14)

## VI. Mhendero

Rutendo rweBhaibheri ndirwo rudairo rwavanhu kushoko routsvene nevimbiso. Mwari nguvadzose anoparura (sezviri muna Johani 6:44, 65) asi chimwe chikamu choruwadzano woutsvene ndechekuti vanhu vanofanira kuva norudairo.

### A. Ruvimbo

### B. Ruteerero rweChisungo

Rutendo rweBhaibheri kuita zvinotevera:-

1. Hukama naMwari pauzima (rutendo rwekutanga)
2. Kudaira chokwadi cheBhaibheri (kutenda kuzviratidza kwa Mwari)
3. Kudaira kudurikidza nokuteerera (rutendo rwemisi yose)

Kutenda Bhaibheri hakuendese kudenga. Nyaya huru ndeyehukama naMwari. Ichi ndicho chinangwa chokusikwa uye kusikwa nemufananidzo waMwari (cf Genesi 1:26-27). Nyaya huru ndeye “ruwadzano”, “Mwari anoda kuwadzana, kwete gwara rezve dzidzo youMwari! Asi kuwadzana naMwari mutsvene kunoda vana vane hunhu hwekuva nhengo dzemhuri (kureva ‘Utsvene’ . Verenga (Revhitiko 19:2; Mateu 5:48; 1Petirosi 1:15-16). Kusateerera kwakanyangadza rudaviro rweedu (Genesi 3) . NaizvozvoMwari akatimirira (cf Ezekieri 36:27-38) achitipa moyo mutsva, uyo unoti sesedza murutendo nerupinduko kusvika muruwadzano nokuteerera Mwari!

Zvose zviri zvitatu zvinokosha, zvinofanira kuchengetedzwa. Chinangwa ndechekuziva Mwari (Mumaonero echiHebheru nemaonero echiGiriki) nekuratidza zviito zvake mumaramire edu. Chinangwa cherutendo hakusi kuenda kudenga rimwe zuva. Asi kuva sa Kristu mazuva ose.

Rutendo rwevanhu ndizvo zvibereko (Testamende Itsva) kwete hwaro (Testamende Yekare) hwe hukama naMwari; Rutendo rwevanhu mukutendeseka kwaMwari, ruvimbo rwevanhu mukuvimbisika kwa Mwari. Gwara remweya weTestamende Itsva, weruponeso ndewekuti vanhu vanofanira kudavira nguva dzose kumharuro dzenyasha netsitsi dzaMwari, izvo zvinoratidzwa naKristu. Akada, akatuma, akapa, tinofanira kudavira nerutendo nokutendeseka (vaEfeso 2:8-9 na 10)!

Mwari akatendeka anoda vanhu vanotenda kuti azviratidze kunyika isina rutendo kuti itende pauzima Maari.



<b>NASB</b>	<b>“nokuda kwezita rake”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“kwe zita rake”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“nokuda kwezita rake”</b>
<b>TEV</b>	<b>“nokuda kwa Kristu”</b>
<b>NJB</b>	<b>“nokuda kweruremekedzo rwezita rake”</b>

Tarira Nhaurwa inokosha pa 10:9

- ▣ “Ruteerero rwerutendo” Shandurudzo yechiGiriki inobatanidza vara “eis” narutendo kuti mutsara uyu ukwane. Vhangeri rine:-

1. Ruteerero rwechiriporipo runerupinduko nerutendo
2. Ruteerero rweupenyu hwechikristu nekutsungirira

Vhangeri, chipo chenyasha chinotarisirwa kuva nezvibereko! Testamende Itsva, chisungo kufanana neTestamende Yekare. Dzose dzinoda rudaviro neruteerero nerutendo. Dzose dzine rubatsiro, rudaviro netarisiro (sezviri muna vaEfeso 1:4; 2:10) Iyi haisiri ruramo yemabasa asi rudziko rwemabasa (cf James, 1Johani) hupenyu husingaperi hune maitiro anookwa!



<b>NASB NRSV</b>	<b>“kuvaHedheni vose”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“kundudzi dzose”</b>
<b>TEV</b>	<b>“kuvanhu vendudzi dzose”</b>
<b>NJB</b>	<b>“kundudzi dzakarasika dzose”</b>

Iri iVhangeri repasi pose. Vimbiso yaMwari yerudzikinuro muna Genesi 3:15 inosanganisira marudzi ose. Rufu rrutsivo rwaJesu runosanganisira vana vaAdhamu vose vakadarika murayio wa Mwari (cf VaRoma 5:18; Johani 1:29; 3:16; 4:42; 6:33, 51; vaKorinde 15:22; 2vaKorinde 5:19; vaEfeso 2:11-3:13; 1Timoti 2:4; 4:10; Tito 2:11; vaHebheru 2:9; 2Petirosi 3:9; 1Johani 2:2; 4:14). Pauro anoona kudanwa kwake naMwari kune chinangwa chokuparidza Vhangeri raMwari kuvaHedheni (cf Mabasa 9:15; 22:21; 26:17; vaRoma 11:13; 15:16; vaGaratiya 1:16; 2:29; vaEfeso 3:2, 8; 1Timoti 2:7; 2Timoti 2:17).

**NHAURWA INOKOSHA : REREKERO YEMAONERO EVHANGERI YABOB.**

Panhambo ino ndinobvuma kutaurira muverengi kuti ndine rutivi rwandakarerekerwa. Dzidzo yezvouMwari yangu haina kurerekera kune ya(Calvin) kana kuneiya yegwara rehurongwa hwaMwari, Asi ndeye gwara re Utumwa hweubvuwi (cf Mateu 28:18-20; Ruka 24:46-47; Mabasa 1:8). Ndinotenda kuti Mwari aiva nehurongwa hwerudzikinuro rwevanhu wose (semufananidzo Genesi 3:15; 12:3; Ekirodho 19:5-6; Jeremiya 31:31-34; Ezekieri 18; 36:22-39; Mabasa 2:23; 3:18; 4:28; 13:29; VaRoma 3:9-18, 19-20,21-31), vose vakasikwa nemufananidzo wake (cf Genesi 1:26-27). Zvisungo zvakabatana muna Kristu (cf vaGaratiya 3:28-29; vaKorose 3:11). Jesu ndiye ninji raMwari, rakavigwa asi razoburitswa pachena (cf vaEfeso 2:11-3:13). Vhangeri reTestamende Itsva, kwete Isiraeri ndiyo nzira ye shoko.

Uhu ndihwo hwaro hwangu hwekuturikira shoko. Ndino verenga zvinyorwa zvese nahwo. Pachokwadi urwu rwurerekero (vaturikiri vose vanarwo) Asi ifungidziri inotungamirirwa neshoko.

**1:6** “Nemiwo” Pauro aiva muenzaniso chaivo usina pokano (kureva, mushungurudzi wekereke) we nyasha dzaMwari, asiwo vaverengi vezvinyorwa zvake naizvozvo vaiva vasingakodzere zvachose kuwana nyasha dzaMwari.



<b>NASB, NKJV</b>	<b>“Vakadanwa vaJesu”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Vakadanwa kuti vave vaJesu”</b>

**TEV** “Vakadanwa naMwari kuti vave vaJesu”  
**NJB** “Nerudano rwake ivai vaJesu”

Iri rinogona kuva:-

1. Dambanemazwi rakaitwa pazwi rokuti (church) “kereke” iro raireva kuti “avoVakadanwa” kana kuti “Avo vakaungana”
2. Rondedzero yekusimudzira kwouMwari (cf VaRoma 8:20-30; 9:1ff; vaEfeso 1:4, 11; 3:21; 4:1, 4)
3. Shandurudzo iri mu Bhaibheri rechirungu rakanyorwa patsva yemutsara unoti “imi manzwa rudaidzo nekuva vaJesu”.

Izvi zvinoratidzawo kunzwisiswa kwemutsara uyu sekushandurudzwa kwavakaitwa mumaBhaibheri anoti NRSV, TEV, ne JB. Tarira Nhaurwa Inokosha inotevera.

#### **NHAURWA INOKOSHA: DAIDZWA**

Nguva dzose Mwari ndiye anoparura mukudaidza, kusimudzira nekukwezva vatendi kuti vauye kwaari (cf Johani 6:44,65; 15:16; 1 vaKorinde 1:12; vaEfeso 1:4-5, 11) Izwi rekuti “rudaidzo” rinoshandiswa nenzira dzakasiyana-siyana mune zve zvidzidzo zvouMwari.

- A. Vatadzi vanodanwa kuruponeso nenyasha dzaMwari kudurikidza nebasa rakapedzwa raKristu neruvimbo rweMweya (zvichireva kuti “kletos” cf vaRoma 1:6-7; 9:24 Idzo dzinofanana pazvidzidzo zvouMwari na 1vaKorinde 1:1-2 na 2Timoti 1:9; 2Petirosi 1:10).
- B. Vatadzi vanodana zita rashe kuti vaponeswe. (kureva kuti, epicateo, cf Mabasa 2:21; 22:16 vaRoma 10:9-13) mutsara uyu chirahwe cheminaato yechiJudha.
- C. Vatendi vanodanwa kuti vararame hupenyu saKristu.(kureva kuti,Klesisi, cf 1vaKorinde 1:26; 7:20; vaEfeso 4:1; vaFiripi 3:14; 2vaTestaronika 1:11; 2Timoti 1:9)
- D. Vatendi vanodanwa kubasa rekushumira Ishe. (cf Mabasa 13:2; 1vaKorinde 12:4-7; vaEfeso 4:1).

#### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA)**

Kuna vose vari MuRoma vadikani vaMwari vakadanwa kuti vave vatsvene, nyasha ngadziwe nemi norugare zvinobva kuna Mwari Baba vedu, nokuna Ishe Kristu.

**1:7** “Vadikanwa vaMwari” mutsara uyu wainyanyoshandiswa kuna Jesu (cf Mateu 3:17; 17:5) Zvino vakanga woshandiswa kukereke yekumaRoma. Izvi zvinoreva kudzama kwerudo rwaMwari

Kune avo vanovimba nemwanakomana wake. Shandurudzo iyi inowanikwavozve muna vaEfeso 1:20 (zvakaaitirwa Jesu naMwari) navaEfeso 2:5-6 (Zvakaitirwa vatendi naJesu).

- “MuRoma” Pauro haana kuvamba Kereke iyi,hapana anoziva akaivamba (verenga Nhanganyaya). VaRoma itsamba yaaizviture kukereke yakanga yatovapo kare. Tsamba yaPauro kuvaRoma ndiyo tsamba yakaturwa zvinevandudzo kupfuura Vhangeri dzose dzaakaparidza. Haina kunyanya kukanganiswa nezvaitika, zvisineyi nemakakatanwa

akanga ari pakati peVatendi vechiJudha nevechiHedheni avo vaanotaura zvikuru nezvavo mutsamba iyi yose (kunyanya muzvikamu 9-11).

- **NASB** “Kudanwa sevatsvene”  
**NKJV, NRSV, NJB** “Kudanwa kuti vave vatsvene”  
**TEV** “Kudanwa kuti vave vanhu vake”

Izwi rokuti “vatsvene” raireva chimiro chevatendi muna Kristu (tarira Nhaurwa inokosha pa 6:4) kwete kusava nezvivi kwavo. Rinofanirawo kutsanangura kuburikira kwavo muhupenyu hwekuva saKristu. Izwi iri raigara riri muuwandu kunze kwe muna vaFiripi 4:21. Zvisineyi, chero muchimiro ichi rinoshanda nemamwe mazwi. Kuva mu Kristu, kuva nhengo yemugarisanwa, yemhuri yemutumbi.

Ndima yekutanga inonongedza kuti Pauro akadanwa kuva mupositori. Vatendi ndivo “vakadanwa vaJesu Kristu” Mundima yenhanhatu (v.6) vatendi vanodanwawo kuti “Vatsvene” mundima yechinomwe (v.7). Uku “kudanwa” kwaiva nzira yeTestamende Itsva yekuratidza kukosha kwekuparura kwaMwari (Tarira Nhaurwa Inokosha pa 1:6). Hakuna mutadzi akambozvidana (cf vaRoma 3:9-13; Isaya 53:6; 1Petiroso 2:25). Nguva dzose Mwari ndiye anoparura (cf Johani 6:44,65; 15:16). Anogarounza chisungo (Tarira Nhaurwa Inokosha pa 9:4)kwatiri Ichi ichokwadi maererano neruponeso rwedu (nezvokururama, kana isu maringe nemutemo) pamwewo nekushanda kwezvipo zvatinzvo mubasa raMwari (cf 1vaKorinde 12:7,11) nehupenyu hwedu hwechiKristu. Tarira Nhaurwa Inokosha inotevera-



## **NHAURWA INOKOSHA : VATSVENE**

MuchiGiriki izwi iri rinofanana nerechiHebheru rekuti “Kadash” iro rinoreva kuti kusanangura munhu, chinhu kana nzvimbo kuti ive ya Mwari “YHWH” kuti ashandiswe, chishandiswe kana ishandiswe naMwari oga (BDB 871). Zvinofambirana nemuonero weChirungu wekuti “Zvinoera, inoera kana anoera” “Mwari YHWH”. Anosiyana navanhu nokuda kwezvaari.(Mweya usakasikwa usina magumo)nehunhu hwake (kuva nemaitiro akaperera) ndiye chipi chazvose. Ndiye mutsvene asina magumo, zindoga mutsvene, mumwe mutsvene.

Mwari akasikira vanhu Ruwadzano asi kutadza (Genesi 3) kwakakonzero kukanganisika kwehukama pakati paMwari mutsvene navanhu vane zvivi, Mwari akasarudza kumutsiridza husikwa hwake; naizvozvo anodana vanhu vake kuti vave “Vatsvene (cf Revhitiko 11:44; 19:2; 20:7, 26; 21:8). Nehukama hune rutendo naMwari, vanhu vake vanoita vatsvene nekuda kwechidanho chechisungo muna Mwari, asi vano kurudzirwa kuti vararame hupenyu hweutsvene. (cf Mateu 5:48).

Uhu hupenyu hutsvene hunogoneka nokuda kwekuti vatendi vakatambirwa zvizere, nokuregererwa nokuda kweupenyu nebasa raJesu uye nokuvapo kweMweya mutsvene mupfungwa nemuhanadzawo. Izvi zvinogadzira mamiriro ezvinhu anonetsa kunzwisisa maererano ne:-

1. Kuva vatsvene nokuda kwekururama kwaKristu.
2. Kudanwa muupenyu hutsvene nokuda kwokuvapo komweya mutsvene.

Vatendi “Vatsvene” (hagioi) nokuda kwe (1) Uyo Mutsvene (Baba (2) Basa reMwanakomana Mutsvene (Jesu), Kuvapo kweMweya mutsvene.

Testamende Itsva inogaro taura nezve “Vatsvene” muuwandu (kunze kwekamwechete muna vaFiripi 4:21 asi chero zvakadaro chimiro chenyaya chinongoita kuti zvive muuwandu) kuponeswa kuva nhengo yemhuri, mutumbi,chivakwa! Rutendo rwemuBhaibheri runotanga nerugamuchiro rwako pazvima, asi runozova ruwadzano rwako ne vamwe. Mumwe nemumwe wedu ane chipo (cf 1vaKorinde 12:11) Chekushandira hutano, kuvandudzika, nekugara zvakanaka kwemuviri waKristu – Kereke (cf 1vaKorinde 12:17). Takaponeswa kuti tishumire. Utsvene, maitiro emhuri!

- ▣ “Nyasha ngadziwe nemi norugare zvinobva kuna Mwari Baba vedu” Aya ndiwo mazaruriro ekukomborera anoitwa naPauro. (dambanemazwi rezwi rechiGiriki “kwaziwai” (charein) nezwi rechiKristu rokuti “Nyasha” (charis). Pauro anogona kunge aibatanidza zaruro yechiGiriki nezwi rakajairika muchiHebheru rokukwazisa rokuti “runyararo” (Shalom). Zvisineyi iyi ingori fungidziro. Ona kuti pazvidzidzo zvouMwari, nyasha dzinotanga kuchitevera runyararo.
- ▣ “Kubva kuna Mwari Baba vedu nokuna Ishe Jesu Kristu” Pauro anonyanya kushandisa chirevamwene chimwe kureva mazita ose ari maviri (cf 1vaKorinde 1:3; 2vaKorinde 1:3; vaGaratiya 1:3; vaEfeso 1:2; vaFiripi 1:2; 2vaTesaronika 1:2; 1Timoti 1:2; 2Timoti 1:2; Tito 1:4). Iyi yaiwa nzira yake yokushandisa unyanzvi hwemutauro kusanganisa vanhu vaviri vanovaka chikamu chaMwari Vatatu Mumwe. Izvi zvino kumikidza uMwari hwaJesu uye nokuenzana kwahwo nohwaBaba.

## NHAURWA INOKOSHA : HUBABA HWAMWARI

### I. Testamende Yekare

#### A. Pane maonero okuti Mwari ndibaba nokuda kwekusika

1. Genesi 1:26-27
2. Maraki 2:10
3. Mabasa 17:28

#### B. Baba iringanidzo inoshandiswa nenzira dzakawanda

1. Baba vaIsiraeri (nesarudzo)
  - a. Mwanakomana “Ekisodho 4:22; Dhuteronomi 14:1; 39:5; Isaya 1:2; 63:16; 64:8; Jeremiya 3:19; 31:20; Hosea 1:10; 11:1; Maraki 1:6.
  - b. “Dangwe” Ekisodho 4:22; Jeremiya 31:9.
2. Baba vaMambo weIsiraeri (Utumwa)
  - a. 2Samueri 7:11-16
  - b. Mapisarema 2:7; Mabasa 13:33; vaHebheru 1:5; 5:5; Hosea 11:1; Mateu 2:15.
3. Ringanidzo yeMubereki anerudo
  - a. Baba (Dimikira)
    - 1) Anobereka Mwanakomana wake – Dhuteronomi 1:31
    - 2) Anoranga – Dhuteronomi 8:5; Zvirevo 3:12
    - 3) Anoriritira – Dhuteronomi 32:1 (saEkisodho)
    - 4) Haafi akarasa- Mapisarema 27:10
    - 5) Anopa rudo – Mapisarema 103:13
    - 6) Shamwari/Muperekedzi – Jeremiya 3:4
    - 7) Muporesi/Muregereri – Jeremiya 3:22
    - 8) Munzwiri wetsitsi – Jeremiya 31:20
    - 9) Mudzidzisi – Hosea 11:1-4
    - 10) Mwanakomana anokosha – Maraki 3:17
  - b. Amai (Dimikira)
    - 1) Haafi akarasa – Mapisarema 27:10
    - 2) Rudo rwaamai vanomwisa – Isaya 49:15; 66:9-13 na Hosea 11:4 (nepfungwa yokunatsurudza izwi rokuti “Joko” kuriti “Ndumure”

### II. Testamende Itsva

#### A. Mwari Vatatu Mumwe (muzvinyorwa makadurwa vose vari vatatu)

1. Vhangeri
  - a. Mateu 3:16-17; 28:19
  - b. Johani 14:26
2. Pauro
  - a. vaRoma 1:4-5; 5:1, 5; 8: 1-4, 8-10.
  - b. 1vaKorinde 2:8-10; 12:4-6
  - c. 2vakorinde 1:21; 13:14
  - d. vaGaratiya 4:4-6
  - e. vaEfeso 1:3-14, 17; 2:18; 3:14-17; 4:4
  - f. 1vaTesaronika 1:2-5
  - g. 2vaTesaronika 2:13
  - h. Tito 3:4-6

3. Petirosi – 1Petirosi 1:2
  4. Judhasi – Judhasi ndima 20-21.
- B. Jesu
- a. Jesu se “Mumwe Oga” – Johani 1:18; 3:16, 18; 1Johani 4:9
  - b. Jesu se”Mwanakomana waMwari “Mateu 4:3; 14:33; 16:16; Ruka 1:32, 35; Johani 1:34; 49:6:69; 11:27.
  - c. Jesu se “Mwanakomana Mudikani “Mateu 3:17; 17:5
  - d. Jesu achishandisa vara rokuti “abba” Baba kureva Mwari – Mako 14:36.
  - e. Jesu anoshandisa vara rinesungano ne zita kuratidza hukama hwake nehwedu naMwari.
    - a) “Baba Vangu” somuna Johani 5:18; 10:30. 33; 19:7; 20:17.
    - b) “Baba Venyu” somuna Mateu 17:24-27
    - c) “Baba Vedu “somuna Mateu 6:9, 14, 26.
- C. Rimwe remadimikira anoreva mhuri akashandiswa kutsanangura hukama pakati paMwari navanhu.
1. Mwari saBaba
  2. Vatendi se:-
    - a. Vanakomana vaMwari
    - b. Vana
    - c. Vakazvarwa naMwari
    - d. Vakazvara patsva
    - e. Vakaiswa muukama utsva.
    - f. Vakaunzwa
    - g. Mhuri yaMwari

**NASB (ZVINYORWAZVAKAVANDUDZWA) : 1:8-15**

<sup>8</sup><sup>23</sup>Pakutanga ndinotenda Mwari wangu muna Jesu Kristu, pamusoro penyu mose, nokuti kutenda kwenyu kunoparidzirwa panyika yose <sup>9</sup>Nokuti Mwari ndiye chapupu changu, iye wandinoshumira mumweya wangu muVhangeri yomwanakomana wake, kuti handiregi kukurangarirai <sup>10</sup>ndichikumbira nguva dzose pakunyengetera kwangu, kuti zvimwe ndifambiswe hangu zvakanaka ndiuye kwamuri nokuda kwaMwari. <sup>11</sup>Nokuti ndinoda zvikuru kukuonai ndikupei chimwe chipo chomweya, kuti musimbiswe. <sup>12</sup>Nokuti ini ndinyaradzwe pamwe chete nemi pakati penyu, mumwe nomumwe nokutenda kwomumwe kwenyu nokwangu. <sup>13</sup>Handidi kuti musaziva hama dzangu, kuti kazhinji ndaida kuuya kwamuri (ndikadziviswa kusvikira zvino), kuti ndive nezvibereko kwamuriwo, sapakati pavamwe vaHedheni. <sup>14</sup>Ndine ngava kuvaGiriki nokuvatorwa, kuvakachenjera navasina kuchenjera. <sup>15</sup>Naizvozvo, kana ndirini, ndakagadzirira kukuparidziraiwo Vhangeri, imimuri paRoma.

**1:8 “Pakutanga”** Muchinyorwa chino izwi iri rinoreva kuti “kubva pakutanga” kana kuti “Ndinofanira kutanga” (kubva muongororo yavaJB Phillips)

▣ “Ndinotenda Mwari wangu muna Jesu Kristu” Pauro kazhinji anonangisa munamoto yake kuna Mwari kudurikidza naJesu Kristu – Jesu ndiyo chete nzira yokusvika kuna Mwari. Tarira nhaurwa inokosha: Minamoto yaPauro yokurumbidza neyekupa matendo pa7:25.

▣ “Pamusoro penyu mose” Uku kushandisa vara “mose” sepa VaRoma 1:7 zvinogona kuratidza negakava pakati peVatungamiri hwevatendi vechiJudha navo vakambonge vatiza muRoma panguva yekutonga kwaNero nevechiHedheni avo vakanga vatsiva vatungamiri vechiJudha kwamakore mashoma. VaRoma 9-11 inotaura nezvenyaya imwecheteyo.

Zvingangodaro kuti kusanganisa uku kwaitirwa vaive vakasimba pamwe nevaive vasina kusimba muVaRoma 14:1-15:13. Mwari anoda vose vekereke yeMuRoma zvakare anovada zvakenzana.

▣ “Nokuti kutenda kwenyu kunopupurwa panyika yose”. VaRoma 16:19 inotsigira chokwadi chimwechete cho. Apa zviripachena kuti pakaitwa gudzanyaya maererano nezvaitika muRoma (cf 1vaTesaronika 1:8).

**1:9** “Mwari Chapupu changu” Pauro aiita mhiko nezita raMwari (cf VaRoma 9:1; 1vaKorinde 1:23; 11:10-11, 31; 12:19; vaGaratiya 1:20; 1vaTesaronika 2:5). Iyi yaiva nzira yake yechiJudha yokuratidza chokwadi chake chose.

▣

**NASB**

**“Kusapera kwazvo”**

**NKJV, NRSV**

**“Zvisinga peri”**

**NJB**

**“Kuenderera mberi”**

**NIV**

**“Zvakangodaro”**

Iri dingindira raPauro rokuramba achinyengetera zvisingaperi (cf 1vaTesaronika 1:2; 2:13; 2Timoti 1:3). Chinofanira kuva chidzidzo chinotevedzerwa kwazvo kwazvo nevatungamiri vekereke (cf 1vaTesaronika 5:17) Munamoto unozarura suo rine simba reMweya. Hatina nokuti hatikumbiri (Jakobho 4:2).

▣ “Mumweya wangu” Uyu mufananidzo wakanaka wekushandisa vara rinoreva mweya womunhu (pneuma) (cf VaRoma 8:5, 10, 16; 12:11) richishandiswa munzwisiso youpenyu hwomunhu (kureva kuti, femo, muchiHebheru (ruach), BDB 924 cf Genesi 6:17; 7:15, 22).

## **NHAURWA INOKOSHA: MWEYA (PNEUMA) MUTESTAMENDE ITSVA**

Vara rechiGiriki rinoreva “Mweya” rinoshandiswa nenzira dzakawanda muTestamende Itsva, iyi ndiyo mimwe mifananidzo yekupatsanurwa kwaro:-

### **A. WaMwari Watatu Mumwe**

1. waBaba (cf Johani 4:24).
2. weMwanakomana (cf VaRoma 8:9-10; 2vaKorinde 3:17; vaGaratiya 4:6; 1Petirosi 1:11).
3. weMweya Mutsvene (cf Mako 1:11; Mateu 3:16; 10:20; Johani 3:5, 6, 8; 7:39; 14:17; Mabasa 2:4; 5:9; 8:29, 35; VaRoma 1:4; 8:11, 16; 1vaKorinde 2:4, 10, 11, 13, 14; 12:7).

### **B. Wehupenyu hwemunhu**

1. WaJesu (cf Mako 8:12; Johani 11:33, 38; 13:21).
2. Wemunhu (cf Mateu 22:43; Mabasa 7:59; 17:16; 20:22; VaRoma 1:9; 8:16; 1vaKorinde 2:11; 5:3-5; 7:34; 15:45; 16:18; 2vaKorinde 2:13; 7:13; vaFiripi 4:23; vaKorose 2:5).

### **C. Wenyikadzimu**

1. Zvisikwa dzimu
  - a. Zvakanaka (Ngirosi; Mabasa 2:8-9; Vahebheru 1:4)
  - b. Zvakashata (Mweya wetsvina, Mateu 8:16; 10:1; 12:43, 45; Mabasa 5:16; 8:7; 16:16; 19:12-21; vaEfeso 6:12).
  - c. Saradzimu (cf Ruka 24:37).
2. Dandiro dzimu (cf Mateu 5:3; 26:41; Johani 3:6; 4:23; Mabasa 18:25; 19:21; VaRoma 2:29; 7:6; 8:4, 10; 12:11; 1vaKorinde 14:37).
3. Zvinhu zvomweya (cf Johani 6:63; VaRoma 2:29; 8:2, 5, 9, 15; 15:27; 1vaKorinde 9:11; 14:12).
4. Zvipo zvoMweya (cf 1vaKorinde 12:1; 14:1).
5. Kutuswa noMweya (cf Mateu 22:43; Ruka 2:27; vaEfeso 1:17).
6. Mutumbi woMweya (cf 1vaKorinde 15:44-45).

### **D. Zvinoratidza Maitiro**

1. Dandiro remafungiro enyika (cf VaRoma 8:15; 11:8; 1vaKorinde 2:12).
2. Mafambiro emafungiro evanhu (cf Mabasa 6:10; VaRoma 8:6; 1vaKorinde 4:2).

### **E. Zvepanyika**

1. Mhepo (cf Mateu 7:25, 27; Johani 3:8; Mabasa 2:2)
2. Femo (cf Mabasa 17:25; 2vaTesaronika 2:8).

Zviripachena kuti izwi iri rinofanira kududzirwa maererano nechimiro chezvirikuitika. Pane nzira dzakawanda dzedudziro dzakanangana ne:- (1) Zvepanyika (2) Nyikadzimu (3) Vanhu vepanyika kana dandiro dzimu.

Mweya Mutsvene ndicho chikamu chaMwari Vatatu Mumwe chirikushanda padanho rino renhoroondo. Chidanho chitsva chemweya chauya. Zvese zvakanaka, zvitsvane, zvakarurama nezvechokwadi zvinechekuita naye. Kuvapo kwake, zvipo nekushumira kunokosha mukufambisirwa mberi kweVhangeri nekubudirira kweUshe hwaMwari (cf Johani 14 na 16) Haazviratidzi asi anoratidza Kristu (cf Johani 16:13-14). Ane ruvimbo, anopa rudairo ano kwezwa, anobhabhatidza nekukudza nzwisiso yevatendi (cf Johani 16:8-11).

**1:10** “Ndichikumbira nguva dzose pakunyengerera kwangu” Pauro haana kuvamba kereke iyi, asi anoinyengerera nguva dzose (2vaKorinde 11:28). Zvaanoitira Kereke dzake dzose! Tarira Nhaurwa Inokosha : Minyengetero yourevereri pa 9:3. Zvisineyi Pauro aiva neshamwari pamwe neavo nevamwe vaaishandidzana navo mukereke yekuRoma, sezvinoburitswa pachena muchikamu cheguni nenhanhatu(16).

▣ “Kuti” Uyu mutsara unemunongedzo unefungidziro yechokwadi maererano nemaonero emunyori kana zvinangwa zvezvidzidzo zvezvinyorwa zvake. Pauro aive nehurongwa hwekushanyira nyika yeRoma apo ainge oenda kuSipeini (cf 15:22-24). Aigona kunge ainge asina hurongwa hwekugarako kwenguva refu. Pauro aida kushumira munzvimbo itsva isina kunge yambosvikwa nevamwe (cf VaRoma 15:20; 2vaKorinde 10:15,16). Zvinogoneka kuti chimwe chezvinangwa zvetsamba yaPauro kuVaRoma chakanga chiri chokukumbira mari yokufambisa parwendo rwake routumwa kuSipeini (cf VaRoma 15:24).

▣ “Zvimwe ndifambiswe hangu zvakanaka ndiuye kwamuri nokuda kwaMwari” Izvi zvinofambirana nezviri pa ndima 13 na 15:32. Pauro aisaona sokuti upenyu nenzendo dzake zvaiva zvake, asi zvaiva zvaMwari (cf Mabasa 18:21; 1vaKorinde 4:19; 16:7). Tarisa Nhaurwa Inokosha pa 12:2. Zivavo vakare kuti kuda kwaMwari kunogonawo kushandurwa nemunyengerero yeVatendi!

**1:11** “Nokuti ndinoda zvikuru kukuonai” Zvinofambirana nezviri pa ndima 15: kwenguva yakareba Pauro aida kusangana naVatendi vekereke yekuRoma (cf Mabasa 19:21).

▣ “Ndikupei chimwe chipo choMweya” mavara okuti “chipo choMweya” akashandiswa kureva muono womweya kana kuti makomborero (VaRoma 11:29; 15:27). Pauro aizviona sokuti akadanwa nenzira yake oga kuti ave mupositori kuvaHedheni (cf VaRoma 1:15).

▣ “Kuti musimbiswe” Iri izwi rechiiito risinganongedzi muiti. Izwi iri rine zvirevo zvitatu.

1. Kusimbiswa, VaRoma 1:11; 16:25; vaTesaronika 3:13; 2Petirosi 1:12.
2. Simbisa, Ruka 22:32; 1vaTesaronika 2:17; 3:3; Jakobho 5:8; Zvakazarurwa 3:2.
3. Izwi remadunhurirwa rerumi rwechiJudha raireva chiisungo cheurongwa, Ruka 9:51. Tarira Nhaurwa Inokosha pa 5:2

**1:12** Ichi ndichochinangwa cheruwadzano rwamaKristu. Zvipo zvakafanira kubatanidza vatendi muushumiri. Zvipo zvevatendi zvinonongedza chinhu chimwe. (cf 1vaKorinde 12:7) Zvipo zvose zvinokosha. Zvipo zvose zvinopihwa nomweya mutsvene paruponeso (cf 1vaKorinde 12:11) Vatendi vose vanonzi vanezvipo, vashumiri vakaperera, (cf VaEfeso 4:11-12) Pauro anoburitsa pachena pfungwa dzake nezve simba reuPositori, asiwo sechinhu chinova mumugarisanwa wedu.  
Vatendi vane rudo pautendi hwavo.  
Vatendi ndiwo muviri waKristu.

**1:13** “Handidi kuti musaziva hama dzangu”. Iri idunhurirwa rinoshandiswa naPauro kutura mazwi anokosha (cf VaRoma 11:25; 1vaKorinde 10:1; 12:1; 2vaKorinde 1:8;

1vaTesaronika 4:13). Zvinofanana pachinangwa chenyorwa nezvakataurwa naJesu zvekuti “zvapera zvapera”.

- ▣ “Ndikadziviswa kusvika zvino” Iri izwi rechiito rine hunyoro. Mutsara mumwechetewo unowanikwa muna 1vaTesaronika:18, apo Satani anonyorwa ari iye mudzivisi. Pauro aitenda kuti hupenyu hwake hwaitungamirwa naMwari, huchikanganiswa naSatani. Zvakadaro zvose izvi ichokwadi. Verenga (jobho 1-2; Dhanieri 10) Mushandisirwe wezwi iri muna VaRoma 15:22 unoratidza kuti chaidziviswa ibasa ibasa raPauro reutumwa kumabvira zuva egungwa reMeditereniya iro rakanga risatiradziswa (Asi ravapedo nemagumo).
- ▣ “Kuti ndive nezvibereko kwamuriwo” Muchimiro chemaonero aya “Zvibereko” zvingangoreva vanhu vakanga vaita rupinduko, asi muna Johani 15:1-8 naVaGaratiya 5:22 zvinoreva kukura muchiKristu. Muna Mateu zvinonzi “Muchaonekwa nezvibereko zvenyu “ Asi hapaburitswi chirevo chezwi rokuti zvibereko. Panonyatso kufambirana nezwi iri ndemuna vaFiripi 1:22, apo Pauro anoshandisa dimikira reurimi iri.

**1:14 “Ndine ngava”** Pauro anoshandisa mazwi aya kakawanda muna VaRoma.

1. Pauro anengava rokuparidza Vhangeri kuvaHedheni vose (Pano)
  2. Pauro haana ngava kunyama. (8:12)
  3. Kereke yevaHedheni inengava rokubatsira Kereke huru iri muJerusarema (15:27).
- ▣ “Kuva Giriki” Izvi zvinoreva vanhu vakapangana njere, vane unhu avo vaigara munzvimbo dzaiva nechekugungwa reMeditereniya. Murwi mukuru wechiGiriki ainzi Alexander nevaimutevera vakadzidzisa tsika dzerudzi rwavo munzvimbo idzi. MaRomawo akasviko enderera mberi netsika dzechiGiriki idzi.
  - ▣ “Kuva torwa” Iri izwi rechimiro chemutauro rinoreva kutevedzera ruzha raireva vanhu vasina kudzidza, vasina hunhu, ruzhinji rwavo rwaiwanikwa neche kuchamhembe, rainyanyoreva vanhu vaisataura rurimi rwe chiGiriki. Mutauro wawo vainzvika sokuti varikuti “bhara bhara bhara” kumaGiriki nemaRoma.
  - ▣ “Kuva Chenjeri nevasina kuchenjera” Zvinogoneka kuti izvi zvinofambirana nemanyorero echiGiriki okuti “Vatorwa” Asi zvisinganyatsorevi izvozvo. Izvi zvinogona kuva imwe nzira yekureva vanhu vose vakasiyana-siyana.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) 1:16-17.**

**<sup>16</sup>Nokuti handinyari pamusoro peVhangeri, nokuti isimba raMwari rokuponesa mumwe nomumwe anotenda, kutanga muJudha uye muGiriki, <sup>17</sup>Nokuti mairi kururama kwaMwari kunoratidzwa kunobva pakutenda; kuchienda kukutenda; sezvakanyorwa zvichinzi, “Akarurama achararama nokutenda.”**

VaRoma 1:16-17 ndima mbiri idzi ndidzo dzinopa dingindira kubhuku rose. Dingindira iri rinovandudzwa nokupfupiswa pana VaRoma 3:21-31.

**1:16**

**NASB, NRSV “Handinyari pamusoro peVhangeri”**

**NKJV “Handinyari pamusoro peVhangeri raKristu**

**TEV “Ndine ruvimbo rwakazara pamusoro peVhangeri**

**NJB “ Handinyari pamusoro peshoko rakanaka”**

Pauro anogona kunge aitsinhira mazwi a Jesu ari muna Mako 8:38 na Ruka 9:26. Haanyari nezviri muVhangeri kana kutambudzwa kwaro. (cf 2Timoti 1:12; 16, 18).

Muna 1vaKorinde 1:23 maJudha ainyara pamusoro peVhangeri nokuti raitaura nezve mutumwa anotambura. MaGiriki aiva nedambudziko pamusoro pezvaipupurwa neVhangeri zvokumuka kuvakafa.

- ▣ **“Ruponeso”** MuTestamende yekare, izwi rechiHebheru rokuti “yasho” rinoreva chete kuponeswa panyama (cf Jakobho 5:15) Asi mutetamende Itsva, izwi rechiGiriki rokuti “SozO” rinoreva kuponeswa pamweya chete (cf 1vaKorinde 1:18, 21). Verenga gwaro raRobert B Grindlestone (Synonyms of the Old Testament pp124-126) kureva kuti “Mazwi anofambirana emu Testamende Yekare”

**NHAURWA INOKOSHA: RUPONESO (Izwi remuTestamende Yekare)**

Izwi iri (BDB 447) rinoreva zvakanwanda

1. Raramo yakanaka, Budiriro , Jobho 30:15
2. Ruponeso rwemweya urwo runosanganisira mweya pamwe nenyama
  - a. Genesi 49:18
  - b. Dhuteronomi 32:15
  - c. Mapisarema 3:2,8; 22:1; 35:3; 62:2; 69:29; 70:5; 78:22; 80:3; 89:26; 91:16; 106:4; 140:7.
  - d. Isaya 12:2; 33:2; 51:6, 8; 52:7, 10; 56:1; 59:11; 60:18; 62:1.
3. Nyaya yoruponeso rwemweya nenyama inoburitswa pachena muna Jona 2:9-10.
4. Kazhinji “Mufaro” unesungano neruponeso rwaMwari, 1Samueri 2:1; Isaya 25:9; 26:1; Mapisarema 9:14; 13:5; 35:9.

Ruponeso runofambirana nokuitwa kweruwadzano rwaivavarirwa naMwari kuvanhu vake. Zvinechekuita nomunhu pazvima pamwe nechita chavanhu chose!

▣

**NASB “Kuna vose vanotenda”**

**NKJV “Zva vose anotenda”**

**NRSV Kuna wose anorutendo”**

**TEV “Vose vanotenda”**

**NJB “Vose vanorutendo**

Vhangeri ndero munhu wose (Ndinoda zvikuru mazwi anoti “Munhu wose” ”Aninani” vose tarira chinyorwa pa 1:5 dama retanhatu). Asi kutenda chimwe chezvimo cherutambiro (cf maBasa 16:30-31)Chimwe chacho rupinduko (cf Mako 1:15; Mabasa 3;16 na 19; 20:21) Mwari anoshanda navanhu kudurikidza nezvisungo (Tarira Nhaurwa Inokosha pa 9:4)



Anoparura, odzika gwara (cf Johani 6:44,65) Asi pane zvimiso zvemitambidzanwa zvakawanda (Tarira pa 1:5 dama rechina).

Izwi rechiGiriki rokuti “Tenda” rinorevavo kuti “rutendo” kana “ruvimbo” kana rashundurudzirwa muchirungu rinoreva zvakawanda kudarika mazwi echirungu mazhinji. Ziva kuti riri muchimiro chezvichangoitika. Ruponeso rwerutendo kuenda mberi norutendo. (cf 1Vakorinde 1:18; 15:2; 2vaKorinde 2:15; 1vaTesaronika 4:14)! Tarira Nhaurwa Inokosha pa 10:4.

Pakutanga izwi rechiHebheru rinofambirana neiri rechiGiriki rokuti “rutendo” raireva kumira zvakasimba, murume akatanyarara kuti asa sundidzirike nyore. Dimikira rinopikisa remuTestamende Yekare rinoti “Tsoka dzangu dzaiva mudzwetetswete ramatope” (Mapisarema 40:2) “Tsoka dzakanga dzotsauka (Mapisarema 73:2).

Mazwi echiHebheru okuti, emun, emunah, aman, akazoshandiswa samadimikira okureva munhu anovimbika, anoteerera kana anovimrika naye. Ruponeso rwerutendo haruratidzi rutendo rwomutadzi, asi rutendo rwaMwari. Tariro yevatendi haisiri pakugona kwavo asi pazviito zvaMwari nevimbiso dzake. Kuvimbisika, kuva norutendo, nevimbiso dzaMwari. Tarira Nhaurwa Inokosha pa 1:5.

▣ Kokutanga, kumaJudha “Chinangwa cheizwi chinotaurwa nezvacho zvishoma muna vaRoma 2:9-10 na 3:1-20 uye zvichizovandudzwa muzvikamu 9-11. Zvinotevera mazwi a Jesu muna Mateu 10:6; 15:24; Mako 7:27; Johani 4:22.

Izwi zvingangova nechekuita negodo pakati pevatumamiri vevatendi vechiJudha nevechiHedheni mukereke yokuRoma.

**1:17 “Kururama kwaMwari”** Izwi iri muchinyorwa rinoreva (1) Hunhu hwaMwari (2) Kupa kwaanoita hunhu ihwohwo kuvatadzi. Shandurudzo yeBhaibheri reJerusarema (JB) rinoti “Izwi ndizvo zvinoratidza ruenzaeniso rwaMwari.” Nyangwe izwi zvichireva hupenyu hwemutendi. Zvinoratidza chete munhu amire pamberi pemutongi akarurama. Aya maonero aMwari akarurama kuvatadzi, kubva panguva yakatanga rudzoreredzo, inotariswa se “Ruenzaniso rwenyasha kudurikidza nerutendo (cf 2 vaKorinde 5:21; vaFiripi 3:9). Iyi ndiyo ndima yakashandura hupenyu nemanzwisiro ezvouMwari a Martin Luther.

Zvisinei chinangwa cheruenzaniso kuitwa mutsvene, kuva saKristu kana kururama kwemaitroaMwari (cf VaRoma 8:28-29; vaGaratiya 4:19; vaEfeso 1:4; 2:10; 4:13; 1vaTesaronika 3:13; 4:3; 1Petirosi 1:15). Kururama haisiri denengudzo yomurawo rudano rwehupenyu wehutsvene. Mufananidzo waMwari muvanhu wavakuzodzoreredzwa (cf 2vaKorinde 5:21).

#### **NHAURWA INOKOSHA: KURURAMA.**

“Kururama” inhourwa inokosha zvokuti mudzidzi weBhaibheri anokuridzirwa kuverenga zvakadzama nezvenyaya iyi.

MuTestamende Yekare hunhu hwaMwari hunotsanangurwa sokuti “enzaniso” kana “Ruramo” (BDB 841) Izwi iri rinotaurwa kudunhu re Mesopotamia richireva rutsanga rwaishandiswa kupima kuswatuka kwe midhuri nerujowa. Mwari akasarudza izwi iri sedimikira rinoreva zvaari. Ndiye mupendero wakaswatanuka unoshandiswa sumuenzaniso wezvinhu zvose. Uyu muonero

unotaura kururama kwaMwari zvekare nekodzero yake yekutonga.

Munhu akasikwa nemufananidzo waMwari (cf Genesi 1:26-27; 5:1, 3; 9:6). Munhu akasikirwa kuwadzana na Mwari. Kusika kwose kwakaitirwa wirirano yemunhu naMwari. Mwari aida kuti chisikwa chake chakanaka kupfuura zvose munhu, amuziwe amude, amushandire uye afanane naye! Kuteerera komunhu kwakaedzwa (cf Genesi 3) ndokubva vanhu vaviri vokutanga vakoniwa bvunzo. Izwi zvakabva zvakanganisa hukama hwaMwari nomunhu (cf Genesi 3; vaRoma 5:12-21).

Mwari akavimbisa kugadziridza nokudzoreredza ruwadzano (cf Genesi 3:15). Anoita izvi nokuda kwake uye neMwanakomana wake. Vanhu vakanga vasingagoni kudzoreredza rutadzo uru (cf Varoma 1:18-3:20). Mushure mokusateerera komhunu, nhanho yaMwari yokutanga yokudzoreredza yakava yechisungo icho chaidana munhu kuti atendeuke ave norutendo uye aterere. Nokuda kokutadza, vanhu vakakoniwa kuita maitiro akanaka(cf vaRoma 3:21-31; vaGaratiya 3). Mwari pazvima akatozoparura nokudzoreredza vanhu vakanga vatyora chisungo. Izvi akazviita nenzira dzinotevera:-

1. Kudzika kururama kwavanhu kudurikidza nebasa raKristu(kururama kwoutsvakwa).
2. Kupa vanhu kururama pachena kudurikidza nebasa raKristu(kururama kokupomwa).
3. Kupa mweya unogara momwoyo uyo unoburitsa kururama(kuva saKristu,kudzoreredzwa kwemufananidzo waMwari) muvanhu.

Zvisineyi Mwari anoda rudaviro rwechisungo. Mwari anoita chisungo(kureva kupa pachena) zvekare anopa nguva dzose asi vanhu vanofanira kudavira uye kuramba vachidavira mu:

1. Rupindiko
2. Rutendo
3. Upenyu hwekuteerera
4. Kutsungirira

Naizvozvo kururama, maitiro echisungo chemirirano pakati paMwari nomunhu. Kubva pamaitiro aMwari,basa raKristu uye nokugona komweya,uko munhu wose pazvima anofanira kudavira zvakarungana. Mafungiro aya anodanwa kuti “chenuro yorutendo”. Pfungwa iyi inoburitswa mudziVhangeri, asi kwete nemazwi aya. Inonyanya kuburitswa pachena naPauro uyo anoshandisa izwi rechiGiriki rokuti “ruramo” nenzira dzakasiyana-siyana dzingasvike zana. Pauro semunhu akadzidzira udzidzisi hwe chiJudha anoshandisa izwi rokuti “Dikaiosune” mururimi rwe chiHebheru rinofanana nerokuti “SDQ” rinoshandiswa muzvinyorwa zvechiGiriki. Muzvinyorwa zvechiGiriki izwi rinoreva munhu akararama zvinogutsa tariro youMwari neyechita chemugarisanwa. MuchiHebheru rine sungano nechisungo. Mwari ndiMwari ane ruenzaniso,anehunhu Mwari akanaka. Mwari anoda kuti vanhu varatidze maitiro ake. Vanhu vakadzikinurwa vanova zvisikwa zvitsva. Hupenyu hutsva uho hunezvibereko zvouMwari(kuvandarira pachenuro kwekereke yeKatorike yeRoma). Sezvo Isiraeri yaitongwa naMwari pakanga pasina musiyano pakati pemugarisanwa nehunhu hwevanhu nekuda kwaMwari uyu musiyano unoratidzwa mumazwi echiHebheru ne echiGiriki paano shandurudzwa muchirungu kuti areve izwi rokuti “chenuro” (zvinechekuita nechita chemugarisanwa wavanhu) nerokuti “ruramo” (zvinechokuita ne chinamoto).

Vhangeri raJesu rinoreva kuti mutadzi adzoreredzwa kuwadzana naMwari, izvi zvaitwa kudurikidza norudo, tsitsi nenyasha dzababa; hupenyu, rufu,nokumuka kwomwanakomana zvekare nokukwezva nokukwevera kuvhangeri komweya. Chenuro, kuita pachena kwaMwari, asi kunofanira kuva nomutsenzekete nouMwari(maonero aAugustine pamsoro pekumikidzo

yeshanduko nekupa pachena kuneVhangeri nekumikidzo yesangano reKatorike pamsoro poupenyu hwakashandurwa hwerudo norutendeseko) kune avo vanodanwa kuti vashanduri, mutsara wokuti “Mwari akarurama” mutsara unonongedza maitiro(maitiro okuita kuti vanhu vane zvivi vatambirike kuna Mwari) [kuchenurwa kunoenderana nezvauri] “Positional Sanctification”, ukuwo vesangano reKatorike vanoti uyu mutsara unonongedza chiremerera, kureva kuva saMwari(rudzadza rwekuronda chemuro). Pachokwadi zvose , zvinoreva chinhu chimwe!)

Kuona kwangu bhaibheri rose kubva kuna Genesi 4-Zvakazarurwa 20, irondedzero regadzurudzo inoitwa naMwari kuruwadzano rweMubindu reIdheni.

Bhaibheri rinotanga noruwadzano rwaMwari nomunhu panyika(cf Genesi1-2). Bhaibheri rinoperazve nechimiro chimwechetecho(Zvakazarurwa 21-22). Mufananidzo nechinangwa chaMwari zvichadzoreredzwa!

Kunyorapasi nhauriranodziri pamusoro, nyora ganhuro dzakasarudzwadzeTestamendeItsva dzinotsinhira izwi rechiGiriki

1. Mwari akarurama(rinoshandiswa rinesungano naMwari semutongi)
  - a. VaRoma 3:26
  - b. 2 vaTesaronika 1: 5-6
  - c. 2 Timoti 4:8
  - d. Zvakazarurwa 16:5
2. Jesu akarurama
  - a. Mabasa 3:14; 7:52; 22:14 (zita rokuti mutumwa)
  - b. Mateu 27:19
  - c. 1 Johani 2:1 ,29;3:7
3. Kuda kwaMwari kwakarurama kuhusikwa zvake.
  - a. Revhitiko 19:2
  - b. Mateu 5:48 (cf vaRoma 5:17-20)
4. Nzira yaMwari yokupa nokuburitsa ruramo
  - a. Va Roma 3 :21-31
  - b. Va Roma 4
  - c. Va Roma 5:6-11
  - d. Va Garatiya 3:6-14
  - e. Kupiwa naMwari
    - 1) Va Roma 3:24;6:23
    - 2) 2 Vakorinde 1:30
    - 3) VaEfeso 2:8-9
  - f. Kutambirwa norutendo
    - 1) Va Roma 1:17; 3:22, 26; 4:3, 5, 13; 9:30; 10:4, 6, 10
    - 2) 2 vaKorinde 5:21
  - g. Kudurikidza nemabasa eMwanakomana
    - 1) VaRoma 5:21
    - 2) 2 VaKorinde 5:21
    - 3) VaFiripi 2:6-11
5. Kuda kwaMwari ndekwekuti vateeri vake vave vakarurama
  - a. Mateu 5:3-48;7:24-27
  - b. VaRoma 2:13;5:1-5;6:1-23
  - c. 1 Timoti 6:11

d. 2 Timoti 2:22;3-16

e. 1 Johani 3:7

f. 1 Petirosi 2:24

6. Mwari aчатonga nyika neruramo

a. Mabasa 17:31

b. 2 Timoti 4:8

Ruramo maitiro aMwari, inopiwa pachena kuvatadzi muna Kristu.

1. Kudzika kwaMwari

2. Chipa chaMwari

3. Ibasa raKristu

Asi maitiro okururama anofanira kurondwa zvachose ayo achamunyangirwa rimwe ramazuva pakudzoka kwaKristu. Ruwadzano naMwari runodzoredzwa paruponeso asi runovapo kuneupenyu hwose kusvikira pakufa (the Parousia!)

Hechino chinyorwa chakanaka chokupedzisa nhaurirano ino. Chakatorwa muDuramazwi raPauro netsamba dzake kubva mu(IVP).

“Calvin sa Luther anokumikidza chimiso choukama hweruramo yaMwari. Maonero aLuther pamusoro peruramo yaMwari anoratidza chirevo che chemuro. Calvin anokumikidza kushamisa kwekusvitswa kweruramo yaMwari kwatiri”. (p 834)

Kwandiri hukama hwemutendi kunaMwari huri patatu:-

1. Vhangeri munhu(kumikidzo yaCalvin nekereke yekumabvirazuva)

2. Vhangeri ichokwadi (Kumikidzo yaCalvin naLuther)

3. Vhangeri hupenyu hwakashandurwa (Kumikidzo yeKaturike)

Tsanangudzo dzoukama uhu dzose dziri nhatu dzinofanira kuchengetedzwa dzakadaro kuitira kuchengetedza chiKristu chine chimiro chakanaka. Kana imwe ikakudzwa kana kuderedzwa panobva pava nedambudziko.

Tinofanira kugamuchira Jesu

Tinofanira kutenda Jesu

Tinofanira kuronda kuva saKristu

▣ **NASB NKJV ‘Kubva murutendo kusvika mukutenda’**

**NRSV** “Nokutenda kwirutendo”

**TEV** “nokuda kwirutendo ,kubva pakutanga kusvika pamagumo”

**NJB** “Zvinoratidza kuti rutendo runosvitsa mukutenda”

Mutsara uyu une zvirevamene zviviri, “ek” na “eis” zvinoreva vandudzo.Pauro anoshandisa vakamutauro imwecheteyo muna 2vaKorinde 2:16 anoshandisawo zve ápo” na “eis” muna 2vaKorinde 3:18, ChiKristu chipa chinotarisirwa kuva maitiro nemararamiro.

Mutsara uyu unogona kushandurudzwa nenzira dzakawanda. Chinyorwa cheshandurudzo yeTestamende Itsva chava “Williams chinoti “Nzira yekutenda iyo inosvitsa murutendo rwepamusoro”. Nhendeko ndezvedzidziso ye zvouMwari pamutsara uyu ndedzinotevera :-

1. Rutendo runobva kuna Mwari (Zvakaratidzwa)

2. Vanhu vanofanira kudavira , uye kuramba vachidavira.

3. Rutendo runofanira kuvanezvibereko zvoupenyu wouMwari.

Chinhu chimwe chechokwadi ndechekuti “Rutendo” muna Kristu runokosha (cfVaroma 5:1; vaFiripi 3:9) Pfupiro yaMwari yoruponeso inotsigirwa norudaviro rorutendo (cf mako 1:15; Johani 1:12;3:16;Mabasa 3:16 na 19; 20:21) tarira nhaurwa inokosha pa 1:5;, 4:5; na 10:4.



<b>NASB</b>	<b>“Akarurama achararama nokutenda”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Vakanaka vacharama norutendo”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Iye akarurama achararama norutendo”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Iye akanatswa naMwari, achararama kudarikidza norutendo”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Munhu akanaka anowana upenyu norutendo”</b>

Izvi zvakatorwa kubva muna Habakuki 2:4 kwete kubva kumagwaro anozivikanwa kuti (Masoretic text) kana kuti (Septuagint) (LXX). MuTestamende Yekare izwi rokuti “Rutendo” rinoreva chirahwe chakavandudzwa chekuti “Kuvimbisika”, “kutendeseka” kana kuteerera. Tarira Nhaurwa Inokosha pa1:5) ruponeso rwerutendo runobva pakutendeseka kwaMwari. (VaRoma 3:5,21,22,25,26) Zvisineivo kutendeseka kwomunhu humboo hwe kuvimbanekupaka kwaMwari. Chinyorwa chimwechetecho chemuTestamende Yekare chinotaurwawo nezvacho muna vaGaratiya 3:11 na vaHebheru 10:38. Chidzidzo chinotevera icho chiri muna vaRoma 1:18-3:20 chinoburitsa zvinopikisana nerutendeseko kuna Mwari.

Zvinogona kubatsira,kudonongodza nziraiyo vatsoropodzi vechizvino-zvino, vanonzwisisa nayo chikamu chokupedzisira chomutsara uyu.

1. Vaughan “Zvinotanga murutendo, zvichiperera murutendo”.
2. Hodge “Norutendo rwoga”.
3. Barret “Nohwaro hworutendo chete”.
4. Knox “Rutendo pokutanga nepekupedzisira”.
5. Stagg “vakarurama vacharama nokutendo”.

**NASB –ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA**

**<sup>18</sup>Nokuti kutsamwa kwaMwari kunoratidzwa, kuchibva kudenga, pamusoro pokusada Mwari kwose nokusarurama kwavanhu, vanodzivisa chokwadi nokusarurama; <sup>19</sup> Nokuti izvo zvingazivikanwa zvaMwari zvinoonekwa mukati mavo, Nokuti Mwari akazviratidza kwavari. <sup>20</sup> Nokuti kubvira pakusikwa kwenyika izvo zvake zvisingaonekwi, iro simba rake risingaperi nohuMwari hwake, zvinoonekwa kwazvo, zvichizivikanwa pazvinhu zvakaitwa; kuti varege kuva nepembedzo; <sup>21</sup> Nokuti vaiziva Mwari, asi havana kumukudza saMwari; kana kumuvonga; asi vakafunga zvisina maturo nemwoyo yavo isina zivo, ikasvibiswa. <sup>22</sup>Vachiti takachenjera,vakava mapenzi; <sup>23</sup>Vakashandura kubwinya kwaMwari asingafi; vakakuita mufananidzo wakafanana nomunhu anofa, neshiri nemhuka dzinemakumbo mana nezvinokambaira.**

VaRoma 1:18 “Nokuti” tarira uone kuti izwi “gar” rinoshandiswa rungani mudingindira romutsara wendima 16-17, uchaona kuti rinoshandiswa rutatu,zvakare rinova nhendeke

yeVhangeri raPauro (Varoma 1:18-3:31), Iro rinoshandiswa rinopokana nesimba raMwari kuruponeso (Varoma 1:16-17)

- ▣ **“Kutsamwa kwaMwari”** ndima 18-23 dzinoburitsa mufananidzo wemararamiro emaHedheni pamazuva aPauro. Tsanangudzo yekurasika kwavaHedheni inoitwa na Pauro, inowanikwawozve muzvinyorwa zvezvidzidzo zvechiJudha (cf uchenjeri hwa Soromoni 13:1ff netsamba yaArisitia 134-38) Chero muzvinyorwa zvechiGiriki nechiruma Bhaibheri rimwechete rinotiudzanezve rudo rwaMwari rinoburitsa zvekutsamwa kwake. (cf ndima 23-32; Varoma 2:5, 8; 3:5; 4:15; 5:9; 9:22; 13:4-5). zvose rudo nokutsamwa, mazwi anoshandiswa navanhu kureva Mwari. Anotsanangura chokwadi chokuti Mwari ane nzira yaanoda kuti vatendi vadavire nokurarama nayo. Kuramba kuda kwaMwari (Vhangeri raKristu) chero kamwe zvako, kune zvizibereko zvomutongo nokutsamwa kwaMwari, kwenguva pfupi; sezviri mundima ino, uye kusvika kumagumo (Varoma 2:5) Zvisinei Mwari haafanire kuonekwa seane daka. Kutonga “Ibasa rakerinoshamisa” (cf Isaya 28:21ff) Rudo ndihwo unhu hwake, Enzanisa Dhuteronomi 5:9-5:10; 7:9. Maari ruenzaniso netsitsi zvizhinji. Nyange zvakadaro munhu wose achapa rondedzero yake kuna Mwari (cf Muparidzi 12:13-14; vaGaratiya 6:7) chero maKristu (cf vaRoma 14:10-12; vaKorinde 5:10).

**NHAURWA INOKOSHA: MWARI ANOTSANANGURWA SO MUNHU (MUTAURO WEVANOITA TSVANGURUDZO YENHOROONDO YEMABVIRO EVANHU.)**

- I. Mutauro uyu wakajairika zvikuru muTestamende Yekare (Tarira mifananidzoinotevera)
- A. Nhengo dzemuviri
1. Maziso – Genesi 1:4, 31; 6:8; Ekisodho 33:17; Numeri 14:14; Dhuteronomi 11:12; Zekariya 4:10.
  2. Mawoko – Ekisodho 15:17; Numeri 11:23; Dhuteronomi 2:15.
  3. Ruoko – Ekisodho 6:6; 15:16, Numeri 11:23; Dhuteronomi 4:34; 5:15
  4. Nzeve – Numeri 11:18; 1Samueri 8:21; 2Madzimambo 19:16; Mapisarema 5:1; 10:17; 18:6.
  5. Uso – Ekisodho 32:30; 33:11; Numeri 6:25, Dhuteronomi 34:10, Mapisarema 114:7.
  6. Munwe – Ekisodho 8:19; 31:18; Dhuteronomi 9:10; Mapisarema 8:3.
  7. Inzwi – Genesi 3:8, 10; Ekisodho 15:26; 19:19; Dhuteronomi 26:17; 27:10
  8. Tsoka – Ekisodho 24:10; Ezekieri 43:7.
  9. Chitarisiko chomunhu – Ekisodho 24:9-11; Mapisarema 47, Isaya 6:1; Ezekieri 1:26.
  10. Ngirozi yaMwari – Genesi 16:7-13; 22:11-15; 31:11, 13; 48:15-16; Ekisodho 3:4, 13:21; 14:19; vaTongi 2:1; 6:22-23; 13:3-22.
- B. Zviito.
1. Kutura semviromviro yokusika-Genesi 1:3,6,9,11,14,20,24,26
  2. Kufamba (kureva ruzha rwacho) Mubindu reIdheni –genesi 3:8;18:33,Habhakuki 3:15
  3. Kuvhara gonhi reAreka yaNowa-genesi 7:16
  4. Kunzwa kunhuwa kwezvampiriso Genesi 8:21; Revhitiko26:31; Amosi 5:21
  5. Kuburuka – Genesi 11:5;18:21;Ekisodho3:8;19:11;;18;20.
  6. Kuviga Mosesi – Dhuteronomi 34:6

C. Manyanyau omunhu (mufananidzo)

- 1) Gungudzo/Kupinduka – Genesi 6:6,7;Ekisodho 32:14;Vatongi 2:18; Samueri 15:29,35;Amosi 7:3,6
- 2) kutsamwa – Ekisodho 4:14;15:7;Numeri 11:10;12:9;22:22;25:3,4;32:10,13,14;Dhuteronomi 6:5;7:4;29;20
- 3) Godo – Ekisodho 20:5;34:14;Dhuteronomi 4:24;5:9;6:15;32:16,21;Joshua 24:19
- 4) Sema/Nyangadza – Revhitiko 20:23;26:30;Dhuteronomi 32:19

D. Mazwi anemunogedzowemhuri(mufananidzo)

1. Baba

- a) WeIsiraeri – Ekisodho 4:22;Dhuteronomi 14:1;39:5
- b) WaMambo – 2Samueri 7:11-16,Mapisarema 2:7
- c) Madimikira ezviito zvoudaba – Dhuteronomi 1:31;8:5;32:1,Mapisarema 27:10;Zvirevo 3:12,Jeremiya 3:4,22;31:20;Hosea 11:1-4,Maraki 3:17

2. Mubereki – Hosea 11:1-4

3. Amai – Mapisarema 27:10 (runganidzo yamai vanomwisa) Isaya 49:15;66:9-13

4. Mudiwa wechidiki anotendeseka – Hosea 1-3

II. Zvikonzero zvekushandiswa kwomutauro wakadai.

- A. Zvakafanira kuitika kuti Mwari azviratidze kuvanhu . Iwo maonero anemhosho okudana Mwari muchimiro chechirume ndeevaya vanodzidza nezvetsanangudzo yenhoroondo yemabviro evanhu, nokuti Mwari mweya!
- B. Mwari anatora zvinokosha paupenyu hwemunhu ozvishandisa kuzviratidza kuvatadzi (Baba, amai, mubereki, Mudiwa)
- C. Chero zvakakodzera Mwari haadi kuzvisungirira pazvinhu zvepanyika.(cf Ekisodho 20: Dhuteronomi 5)
- D. Nhanho yepamusoro yetsanangudzo yenhoroondo yemabviro evanhu, kuva munhu kwaJesu. Mwari akava munhu, zvokubatika (cf 1Johani 1:1-3). Murairo wamWari vakava shoko raMwari (cf Johani 1:1-18).

▣ “Kunoratidzwa” sezvo vhangeri riri chokwadi chinoratidzwa (ndima 17), nokutsamwa kwaMwariwo! Hakusikuita kwomunhu kana mafungiro ake.

▣ “Vakashandura chokwadi” izvi zvinoreva kuramba Mwari neune kwete nekusaziva. (cf ndima 21, 32; Johani3:17-21). Uyu mutsara unogona kureva zvinotevera:-

- 1) Vanoziva chokwadi asi vanochiramba
- 2) Mararamiro avo anoratidza kuti vanoramba chokwadi
- 3) Upenyu hwavo nemashoko avo anokonzera kuti vamwe vasaziva nekutambira chokwadi

**NHAURWA INOKOSHA : “CHOKWADI” MUZVINYORWA ZVAPAURO**

Mashandisirwo anoitwa izwi iri naPauro uye nezvimwe zvarinoreva zvinobva mukufambirana kwaro nerimwe riri mutestamende yekare rokuti “emet” iro rinoreva kuti kuvimbika kana kutendeseka (BDB 53). Muzvinyorwa zvinobva mumusanganiswa wemaBhaibheri echiJudha, raishandiswa kusiyana chokwadi nemanyepo. Pamwe zvinofambirana naro zvakanyanya “Inziyo nzokutenda” dzemuma (dead sea scrolls)Apo parinoshandiswa kuratidza gwara redzidziso. Nhengo dzerimwe bande ramaJudha avo vaidzidziswa kusafarira zvapanyika nadzo

dzakava (zvapupu zvechokwadi)

Pauro anoshandisa izwi senzira yekureva Vhangeri raJesu Kristu.

- 1) vaRoma 1:18, 25; 2:8,20; 3:7; 15:6.
- 2) 1VaKorinde 13:6
- 3) 2vaKorinde 4:2; 6:7; 11:10; 13:8.
- 4) vaGaratiya 2:5, 14; 5:7.
- 5) vaEfeso 1:13; 6:14
- 6) vaKorose 1:5, 6
- 7) 2vaTesaronika 2:10, 12, 13
- 8) 1Timoti 2:4; 3:15, 4:3; 6:5
- 9) 2Timoti 2:15, 18, 25; 3:7, 8; 4:4
- 10) Tito 1:1, 14

Pauro anoshandisa izwi iri senzira yake yokutaura zvakanaka

- 1) Mabasa 26:25
- 2) VaRoma 9:1
- 3) 2vaKorinde 7:14;12:6
- 4) vaEfeso 4:25
- 5) vaFiripi 1:18
- 6) 1Timoti 2:7 anorishandisawozve kutsnangura zvinangwa zvake muna 1vaKorinde 5:8 nemararamiro (kwemaKristu ose). Muna vaEfeso 4:24; 5:9, vaFiripi 4:8. Dzimwe nguva anorishandisa kureva vanhu.
  - 1) Mwari, vaRoma 3:4(cf Johani 3:33; 17:17)
  - 2) Jesu, vaEfeso 4:21 (zvinofanana naJohani 14:6)
  - 3) Zvapupu zvechipoitori Tito 1:13.
  - 4) Pauro, 2vaKorinde 6:8

Pauro chete ndiye anoshandisa izwi rinoreva chiito (kureva aleteheuo) nevaGaratiya 4:16 navaEfeso 4:15 aporinoreva Vhangeri. Kuti uzdidze zvakanaka verenga duramazwi idzva ra Colin Brown redzidzo dzeuMwari, Testamende Itsva (The new international dictionary of the new Testament Theology, vol.3, pp784-902).

**1:19 “Nokuti izvo zvinozivikanwa zvaMwari zvinoonekwa mukati mavo, nokuti Mwari akazviratidza kwavari”.** Vanhu vose pane zvavanziva nezvaMwari kubva pakusikwa (cf ndima 20, Jhobho12:7-10 nama Pisarema 19:1-6. Kudurikidza nezvakasikwa). Muzvidzidzo zvouMwariizvi izvinodanwa kuti “Kuzviratidza kudurikidza nezvakasikwa”. Hazvinakuperera asi ndihwo hwaro hunoshandiswa naMwari kupa rudaviro kune avo vasina kumbova noruzivo nezvekuzviratidza kwaMwari mushoko (cf Mapisarema 19:7-14). Kana zvenhanho yepamusoro, muna Jesu (cf vaKorose 1:15; 2:9)

Izwi rokuti “ziva” rakashandiswa nenzira mbiri muTestamende Itsva:- (1)Yeusahwira (cf Genesi 4:1, Jeremiya 1:5) (2)Nenzira yechGiriki yekureva umboo hwechidzidzo (cf ndima 21). Vhangeri rinomirira munhu anogamuchirwa pamwe nemurairo hwemunhu iyeye anogamuchirwa nokutendwa maari! Mundima ino rakashandiswa nenzira yepiri



**NHAURWA INOKOSHA : ZIVA (KUCHISHANDISWA SEMANYORERWO ARIMUNA DHUTERONOMI)**

Izwi rechiHebheru rokuti “ziva” (BDB 393) Rinoreva zvakawanda (Zvidzidzo zvinoreva mazwi). Muizwi rinoreva “qal”

1. Kunzwisisa chakanaka nechakaipa- Genesi 3:22, Dhuteronomi 1:39, Isaya 7:14-15, Jona 4:11
2. Kuziva nekunzwisisa- Dhuteronomi 9:2, 3, 6; 18:21
3. Kuziva kudurikidza nezvakaitwa kare- Dhuteronomi 3:19; 4:35, 8:2, 3, 5; 11:2; 20:20; 31:13; Joshua 23:14
4. Kuziva pazvima
  - a. Munhu- Genesi 29:5, Ekisodho 1:8; Dhuteronomi 22:2; 33:9
  - b. Chimwari – Dhuteronomi 11:28; 13:2, 6, 13; 28:64; 29:26
  - c. Mwari- Dhuteronomi 4:5, 39; 7:9; 29:6; Isaya 1:3;56 10:11
  - d. Chimiro chourume kana ukadzi Genesi 4:1,17, 25;24:16; 38:26
5. Umhizha hwekudzidza kana ruzivo- Isaya 29:11,12; Amosi 5:16,
6. Iva neuchenjeri- Dhuteronomi 29:4; Zvirevo1:2; 4:1, Isaya 29:24
7. Ruzivo rwaMwari
  - a. RwaMosesi- Dhuteronomi 34:10
  - b. RweIsiraeri- Dhuteronomi 31:21, 27:29

**1:20** Ndima iyi inoburitsa zvimiho zvitatu zvaMwari

1. Chimiro chisingaonekwi (hunhu hwake cf vaKorose 1:15, 1Timoti 1:17; vaHebheru 11:27)
2. Simba rake risingaperi (rinoonekwa muzvisikwa cf Mapisarema 19:1-6)
3. Humwari hwake (hunoonekwa kuzviito nezvinangwa zvekusika, cfGenesi 1:2)

☐ **“Nokuti kubvira pakusikwa kwenyika”** CHIREVAMWENE ‘apo’ chinoshandiswa nenzira yemuchidimbu. Umwe mutsara unofambirana nouyu unomanikwa muna Mako 10:6;13:19; 2 Petirosi 3:4. Mwari asingaoneki anoonekwa mu

1. Zvisikwa (ndima iyi)
2. Shoko (mapisarema 19;119)
3. Nenhanho yepamsoro, muna Jesu (cf Johani 14:9)

☐ Muchigiriki “ huMwari”,[theiotes]rinogona kushandudzwa richireva kuti “hUshchutsvene”izvi zvinoonekwa munaJesu.Anotakura chimiro chouMwari [cf2Vakorinde 4:4;VaHebhuru 1;3] Ndiye kuzviratidza kwaMwari kwakazara kwekuva munhu[Vakorose 1:19;2:9].Chokwadi chinoshamisa cheVhangeri ndechekuti;Vatadzi vachava saKristu kudurikidza nekutenda munaKristu [cf VaHebhuru 12:10;1Johani 3:2] mufananidzo waMwari mukuva munhu[cfGen 1:26-27]wakadzorerredzwa[theios,cf 2Petirosi 1:3-4]!

☐ **NASB “Zvakaonekwa pachena zvichinzwiswa kudurikidzwa nezvakasikwa”**  
**NKJV “Zvinoonekwa,zvichinzwiswa kudurikidza nezvinosikwa”**  
**NRSV “Zvinonzwiswa nekuonekwa kudurikidza nezvaakasika”**  
**TEV “Zvinoonekwa,nokunzikwa muzvinhu zvakasikwa naMwari”**

### **NJB “Zvakaonekwa nokunwisisa kwepfungwa kwezvisikwa”**

Uyu mubatanidzwa wezwi “noeo” [cf Mateu 15:17]na[Kathorao”[ose ari muchimiro chezvinobva mukuitika] anoreva kunzwisisa kwechokwadi.Mwari akanyora mabhuku maviri [1]Husikwa[cf Mapisarema 19:1-6] ne[2]Shoko [cf Mapisarema 19:7-14].Zvose zvinogona kunzwisiswa nomunhu uye zvinotsvaka rudaviro [cf Uchenjeri 13:1-9]

▣ **“kuti varege kuva nepembedzo”** Izvi zvinoreva kuti hapana manzvengero enyaya.Iri izwi rechiGiriki rinoti[apologeomai]rinoshandiswa pano ne panaVaRoma 2:1chete muTestamende Itsva.Rangarira chinangwa chezvidzidzo zvouMwari zvepa vaRoma 1:18-3:20 ndezvekutatidzwa kwekurasika pamweya kwe Vanhu.Vanhu vanemutoro pamusoro peruzivo rwavainawo. Mwari anopa vanhu mutoro nezvavanoziva kana zvavanogona kuziva[cf VaRoma 4:15,5:13]

1:21 “Chero vaiziva Mwari” Vanhu havasi kuenda mberi panyaya dzounamati-vari kuenda mberi pauipi.Kubva pana Genesis 3 vanhu varamba vachidzikira,Rima raramba richiwanda!

▣ **“Asi Havana kumukudza saMwari kana kumuvonga”** Iyi ndiyo tsaona yechinamoto chevaHedheni pa ndima 23,24 [cf Jeremiah 2:9-13].Vatendi Vanorumbidza Mwari nokurarama SaKristu[cf Mateu 5:16;VaRoma 12:1-2;1Vakorinde 6:20;10:31;VaFiripi 1:20;1Petirosi 4:11].Mwari anoda vanhu vanoratidza zvaari kuvatadzi,kunyika isina meso!

▣ **“Asi vakafunga zvisina Maturo ne mwoyo yavo isina zivo ikasvibiswa”**.Testemende Itsva:shandurudzo Itswa yakaitwa na Olaf.M.Morlie inoti “Vakachatika nezvisina mature pamusoro pake,uye pfungwa dzavo dzinoudutururu dzaidzengerera murima.Unamoto hweVanhu ,chiratidzo choubandupandu nokuzvitutumadza paMweya[cf VaRoma 22;VaKorose 2:16-23].

Izwi rakashandurudzwa kureva “zvisina maturo” rakashandiswa muna LXX kureva usavani “kusavapo” Zvifananidzo zvevawakidzani ve Isiraeri. Pauro aiva mudzamisi wendangariro wechiJudha, aiziva gwaro rezvinyorwa zvinoera ( septuagint) zvechiJudha. Kushandiswa kwemanzwi echiGiriki mu LXX imherekedzo yakanaka kumafungiro evanyori weTestamende Itsva.Inopfuura duramazwi dzechich Giriki.

Mazwi maviri echiito aneunyororo . Kureva here kuti hunyoro hwavo hunoratidza kusanzvisisa nekusaita rudairo rwakanaka kwakakonzerwa nekufuratidza mwoyo waMwari kana kuti kuamba chiedza kwavo kwaomesa moyo yavo.?(cf vaRoma 10:12-16; 2Madzimambo 17:15; Jeremiya 2:5; vaEfeso 4:17-19)? Uyu ndiwo mubvunzo une zvidzidzo zvouMwari unofambirana naFarao muna Ekisodho ,apo Mwari akaomesa moyo wake

#### Mwari akaomesa moyo wake

Ekisodho 4:21

9:12

10:20

11:10

14:4

14:8

14:17

#### Farao akaomesa moyo wake

Ekisodho 8:15

8:32

9:34

Muna Ekisodho, 9:35 kuomesa kunogona kureva Mwari kana Farao. Iri ndiro ninji roushe hwaMwari nokusununguka pasarudzo kwemunhu.

- ▣ **“Mwoyo”** iri izwi rakashandiswa muTestamende yekare kureva munhu pachake. Pane imwe nguva raishandiswa kureva nzira yemafungiro nemanzwire yake. Tarira Nhaurwa Inokosha pa 1:24.

**1:22**

**NASB NKJV “Vachizviti vakachenjera, vakava mapenzi”**

**NRSV “Vaiti vakachenjera, vakava mapenzi”**

**TEV “Vanoti vakachenjera, asi mapenzi”**

**NJB “Kuzviti vadzamisi vendangariro kwavaiita, ndiko kuva mapenzi kwavaiita”**

Kubva pazwi rechiGiriki rinoti “benzi” panobvawo rechirungu rinoti (moro) “zeeretsi” dambudziko ndiko kuzvida nokuvimba noruzivo, kunoita vanhu (cf 1vaKorinde 1:18-31; vaKorose 2:8-23). Izvi zvinodzokera kuna Genesi 3. Ruzivo rwakarunzira kuparadzana naMwari nokutongwa. Hazvirevi kuti ruzivo rwavanhu rwagara rune mhosho, haruna kuperera chete!

**1:23** Vanhu vakasikwa nomufananidzo waMwari vakazviita matununu neune (cf Genesi 1:26-27; 5:1, 3; 9:6). Vakashandura Mwari kuti ave nemufananidzo wepanyika, se:-

1. Mhuka (muIjipiti)
2. Masimba ohusikwa (Persia)
3. Zvifananidzo zvomunhu (vaGiriki/maRoma)- zvifananidzo! Chero navanhu vaMwari vakazviitavo izvi (Dhuteronomi 4:15-24)

Mimwe mifananidzo yemazuva ano yechivi chakare ichi ndeinotevera

1. Kunamata mamiriro enzvimbo (nyika sa Amai)
2. Mafungiro matsva anobva kumabvazuva (zvemaninji, zvomudzimu, zvinamato zvakararika)
3. Hunhu hokusatenda kuti kuna Mwari (Mazano aKarl Marx, kuperera mundangariro, Mazano okuenda mberi, kuva norutendo rwakaperera munezvematomongerwo enyika nedzidzo)
4. Zvemushonga yekurapa (Utano nekurarama makore akawanda)
5. Dzidzo

- ▣ **“Rumbidzo”** Tarira Nhaurwa Inokosha pa 3:23

- ▣ **“Munhu ano shopodzeka”** Tarira Nhaurwa Inokosha inotevera

### **NAURWA INOKOSHA; PARADZA SHOPORA, SHOPODZA (PHTHEIRŌ)**

Chirevo chezwi iri phtheiro rinoreva kuti Paradza shopora, Shopodza kana kuti nyangadza. rinogona kushandiswa kureva;-

1. Kushopodzeka kwemari (2vaKorinde 7:2)
2. Kuparadzika kwzvinhu (cf 1vaKorinde 3:17a)
3. Kushopoka kwetsika (cf vaRoma 1:23; 8:21; 1vaKorinde 15:33; 42; 50; vaGaratiya 6: Zvakazarurwa 19:2)
4. Nyengo (cf 2vaKorinde 11:30)
5. Kuparadzwa zvachose (2Petirosi 2:12,19)
6. Kutsakatika kwetsika namagariro evanhu (cf vaKorose 2:22; 1vaKorinde 3:17b)

Kazhinji izwi iri rinoshandiswa mumaonero mamwe serarinopikisana naro (cf vaRoma 1:23; 1vaKorinde 9:25; 15:50,53). Tarira musiyano wemuviri wedu panyika ne muviri wedu wokusingaperi.

1. Unoshopodzeka maringe nokurarama nekusingaperi (1vaKorinde 15:42, 50)
2. Kunyadzisa maringe nerumbidzo(1vaKorinde 15:43)
3. Utera maringe nesimba (1vaKorinde 15:43)
4. Muviri wenyama maringe ne Muviri weMweya (1vaKorinde 15:44)
5. Adhamu wokutanga maringe naAdhamu wokupedzisira (1vaKorinde 15:45)
6. Mufananidzo wepanyika maringe neMufananidzo wekudenga (1vaKorinde 15:49)

### **NASB ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA 1:24-25**

**<sup>24</sup> SAKA Mwari mukuchiva kwemwoyo yavo, akavaisa kutsvina kuti vanyadzise miviri yavo pakati pavo. Avo vakatsinhamisa zvokwadi yaMwari nenhema, vakanamata nokushumira zvisikwa kupfura musiki, iye anokudzwa nokusingaperi. Amen.**

**1:24,26,28 “Mwari akavaisa”** uyu ndiwo mutongo wakaipa kupfuura mimwe yose. NdiMwari arikuti regai vatadzi vaite kuda kwavo (cf Mapisarema 81:12 Hosea 4:17; Mabasa 7:42 inotora mazwi kubva muzvinyorwa zvakawanda zveTestamende yakare panyanya yezvidzidzo zvouMwari izvi). Ndima 23-32 inotsanangura kuramba kwaMwari(kutsamwa muchidimbu) kwezvinamoto zvevakarasika(nezvedu)! Huhedheni hwaiva uye hunetsika hune tsika dzokuita runya nenyya dzepabonde!

**1:24 “Mwoyo”** tarira nhaurwa inokosha inotevera.

### **NHAURWA INOKOSHA: MWOYO**

Izwi rechiGiriki rokuti “kardia” rinoshandiswa muzvinyorwa zvinoera, zvinofanana nerechiHebheru rokuti”leb” (BDB523). Rinoshandiswa nenzira dzakawanda (cf Bauer,Arndt,Gingrich na Danker, muduramazw rechiGiriki nechirungu pp. 403-404)

1. Ubviro hopenyu hwenyama, idimikira rokureva munhu (cf Mabasa 14:17; 2 Vakorinde 3:2-3; Jakobho 5:5)
2. Ubviro hopenyu hwomweya (kureva hunhu)
  - a. Mwari anoziva mwoyo (cf Ruka 16:15; vaRoma 8:27; 1Vakorinde 14:25; 1 vaTesaronika 2:4; Zvakazarurwa 2:23)
  - b. Upenyu houMweya hwomunhu (cf Mateu 15:18-19; 18:35; vaRoma 6:17; 1 Timoti 1:5; 2 Timoti 2:22; 1 Petirosi 1:22)
3. Ubviro hwehambamwoyo (kureva ndangariro cf Mateu 13:15, 24:48; Mabasa 7:23; 16:14; 28:27; Varoma 1:21; 10:6; 16:18; 2 Vakorinde 4:6; vaEfeso 1:18; 4:18; Jakobho 1:26; 2 Petirosi 1:19; Zvakazarurwa 18:7; Izwi rokuti mwoyo rinofambirana nerokuti pfungwa muna 2 Vakorinde 3:14-15 na vaFiripi 4:7)
4. Ubviro hweSharaude (kureva madiro, mabasa 5:14; 11:23; 1 Vakorinde 4:5; 7:37; 2 Vakorinde 9:7)
5. Ubviro hwedengetera (cf Mateu 5:28; Mabasa 2:26, 37; 7:54; 21:13; Varoma 1:24; 2 Vakorinde 2:4; 7:3; VaEfeso 6:22; VaFiripi 1:7)
6. Nzvimbo inokosha yebasa romweya (cf VaRoma 5:5; 2Vakorinde 1:22; VaGaratiya 4:6 [kureva kristu mumwoyo yedu, vaEfeso 3:17]).
7. Izwi rokuti mwoyo idimikira rokureva munhu (cf Mateu 22:37, tichitora kubva kuna Dhuteronomi 6:5). Pfungwa, zvinangwa nezviito maringe nemwoyo zvinoburitsa zvakakwana hunhu hwe munhu.

Testamende yekare ine mashandisirwe anoshamisa emazwi aya

- a. Genesi 6:6; 8:21 “Mwari akava neshungu pamwoyo wake”. Tarirazve Hosea 11:8-9
- b. Dhuteronomi 4:29; 6:5, “neMwoyo wako wose nemweya wako wose”
- c. Dhuteronomi 10:16, Mwoyo usina kudzingiswa “vaRoma 2:29”.
- d. Ezekieri 18:31-32 “Mwoyo mutsva”
- e. Ezekieri 36:26 “Mwoyo mutsva” maringe “neMwoyo webwe”.

**1:25 ”Vakatsinhanisa zvokwadi yaMwari nenhema”** Izvi zvinogona kunzwisiswa nenzira dzakawanda.

1. Kuzvipa uMwari kwevanhu (2vaTesaronika 2:4, 11)
2. Kunamatwa kunezvifananidzo kunoitwa navanhu (cf Isaya 44:20; Jeremiya 13:25; 16:19). Vasinganamati Mwari musiki wezvose (vaRoma 1:18-23)
3. Kuramba chokwadi cheVhangeri kunoitwa navanhu. (cf Johani 14:17; 1Johani 2:21, 27)

Mutsara wepiri ndiwo unetsanangudzo yakanakisa pamitsara yose.

▣ **“Kunamata nokushumira”** : Vanhu vanogarozvitiira vamwarivavo. Vanhu vose vanonzwa kuti pane aripo, Chimwe chokwadi kana chimwe chinhu chiripamusoro pemafungiro avo.

▣ **“Akakomborerwa nekusingaperi”**. Amen “Pauro anobufuka makokomborerwa nenzira yechiJudha, Aya ndiwo maitiro ake aanozivikana nawo (cf vaRoma 9:5; 2vaKorinde 11:31). Pauro anonyengetera nguva zhinji apo anenge achinyora (cf vaRoma 9:5; 11:36; 15:33; 16:27).

▣ **“Nokusingaperi”** Tarira Nhaurwa Inokosha inotevera:-

### **NHAURWA INOKOSHA: NOKUSINGAPERI (DIMIKIRA RECHIGIRIKI)**

Umwe mutsara unedimikira reChiGiriki ndounoti “kusava nomugumo” (cf Ruka 1:33; vaRoma 1:25;11:36 16:27; vaGaratiya 1:5; 1Timoti1:17) Unogona kufambirana nenzwi rechiHebhuru rokuti “Olam” Verenga zvinyorwa zva vaRobert B Grindlestone, zvemazwi anofambirana neTestamende Yekare (Synonyms of the Old Testament pp 319-321) nepamwe Nhairwa Inokosha yeTestamende Yekare: Nokusingaperi (Olam) Mumwe mutsara unofanana nawo ndeyekuti “kusava nomugumo” (cf Mateu 21:19 [Mako 11:14] Ruka 1:55; Johani 6:58; 8:35; 12:34; 13:8; 14:16; 2vaKorinde 9:9) newekuti”Yemugumo” kana “Yemigumo” (cf vaEfeso 3:21) Panoratiidza kusava nomusiyano pakati pemadimikira echiGiriki zvinoreva kuti “nokusingaperi”. Izwi rokuti “mugumo” rinogona kuva muuwandu zvichienderana nemushandisirwo hwemadimikira evadzidzisi vechiJudha anoti “huwandu hwoUshe” rinogona zvekureva nguva dzakasiyana-siyana mumatauro echiJudha okuti “Nguva youipi” “nguva inotevera’ kana “nguva yokururama”

#### ▣ **“Ameni”**Tarira Nhairwa Inokosha inotevera

### **NHAURWA INOKOSHA: AMENI**

#### I. Testamende yekare

##### A. Izwi rokuti “Ameni” rinobva muinzwi rwerurimi rwechiHebheru rokuti:-

1. “Chokwadi” (emeth), BDB 49)
2. “kuva neZvokwadi” (emun, eminah, BDB 53)
3. “Rutendo” kana “kuva norutendo”
4. “Ruvimbo” (dmn, BDB 52)

##### B. Mabviro ezwi iri ndeanoreva munhu akamira zvakasimba. Rinodzivana naro nderinoreva kusamira zvakasimba, kutsvedza (Dhuteronomi 28:64-67; 38:16; Mapisarema 40:2; 73:18; Jeremiya 23:12) Kana kutatarika (cf Mapisarema 73:2) Kubva pamashandisiro aya, ndipo pakabva madimikira okureva rutendo, ruvimbo, kuteerera nokuvimbisika (cf Genesi 15:16; Habakuki 2:4).

##### C. Mashandisirwo anokosha

1. Mutsigo, 2Madzimambo 18:16 (1Timoti 3:15)
2. Chitsigo Ekisodho 17:12
3. Rutsigo Ekisodho 17:12
4. Uteramo, Isaya 33:6, 34:5-7
5. Chokwadi 1Madzimambo 10:6; 17:24, 22:16; Zvirevo 12:22
6. Mungingingi, 2vaKorinde 20:20; Isaya 7:9.
7. Tendeseka (Torah), Mapisarema 119:43, 142, 151, 168.

##### D. MuTestamende yekare mamwe mazwi maviri echiHebheru anoshandiswa kureva mabasa orutendo ndeanoti

1. “bathach” (BDB 105) Kureva ruvimbo
2. “Yra” (BDB 431) kutya, kuremekedza, kunamata (Genesi 22:12).

##### E. Kubva muchirevo chezwi ruvimbo kwakabuda mashandisirwoezwi rechirevo chemananatiro echokwadi kana okuvimbisika.(cf Dhuteronomi 27:15-26; Nehemiah 8:6; Mapisarema 41:13;70:19;89:52;106:48)

F. Chirevo chezwiiri, muzvidzidzo zvouMwari hausiri rutendo rwavanhu asi rwaMwari (cf Ekisodho 34:6; Dhuteronomi 32:4; Mapisarema 108:4; 115:1; 117:2; 138:2) Tariro yomuyadziiri muchisungo chetsitsi dzerutendo nokuteerera kwaMwari neVimbiso dzake. Avo vanomuziva Mwari vachava saiye (cf Habhakuki 2:4) Bhaibheri hunyorwa hwenhoroondo yedzoeredzo yemufananidzowa Mwari (Genesi 1:26-27) muvanhu.

Ruponeso runodzoredza ruwadzano rwoMunhu naMwari. Ndikokusaka takasikwa.

## II. TESTAMENDE ITSVA

A. Kushandiswa kwezwi “Ameni” senzira yechinamoto yokupedzisa nokuratidza kuvimbisika inonyanyoonekwa muTestamende Itsva (cf 1Vakorinde 14:16; 2vaKorinde 1:20; Zvakazarurwa 1:7; 5:14; 7:12)

B. Kushandiswa kwezwi senzira yokuvhara munamoto kunonyanyo onekwazve muTestamende Itsva (cf vaRoma 1:25; 9:5; 11:36; 16:27; vaGaratiya 1:5; 6:18; vaEfeso 3:21; vaFiripi 4:20; 2vaTesaronika 3:18; 1Timoti 1:1; 6:16; 2Timoti 4:18).

C. Jesu ndiye chete akashandisa izwi iri (ruviri muna Johani) kutura mazwi anokosha (cf Ruka 4:24; 12:37; 18:17, 29; 21:32; 23:43)

D. Rinoshandiswa sezita reruremekedzo raJesu muna Zvakazarurwa 3:14 (ringangova zita raMwari kubva pana Isaya 65:16)

E. Matauriro okuti kutendeseka kana rutendo kuvimbisika kana ruvimbo anoburitswa muizwi rechiGiriki “pistos” kana “Pistis” iro rinoreva “ruvimbo” “rutendo” “nokutenda”

## NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) 1:26-27

**<sup>26</sup>Saka Mwari akavaisa pakuchiva kunonyadzisa; nokuti vanhukadzi vavo vakashandura basa ravakasirwa rive basa ravasina kusikirwa <sup>27</sup>Saizvozvo vanhurumewo vakasiya basa ravakasikirwa munhukadzi, vakakundwa nokuchiva pakati pavo, vanhurume vachiita zvinonyadza nevanhurume, vakapiwa mukati mavo mubayiro wakafanira nokurasika kwavo.**

**1:26-27.** Chingochani ndiwo mumwe yemufananidzo yokusuduruka kubva pedo nekuda kwaMwari mukusika (berekanai) chaiva chivi uye dambudziko guru mutsika nemagariro.

1. MuTestamende yekare (cf Revhitiko 18:22; 20:13; Dhuteronomi 23:18)
2. Mumaramiro echGiriki nechiRoma (cf 1vaKorinde 6:9; 1Timoti 1:10)
3. Mumazuva edu

Chingochani chakatsaurwa semimwe yemienzaniso youpenyu hwokurasika mugwaro ra Genesi 1-3. Vanhu vakasikwa nomufananidzo waMwari (Genesi 1:26-27; 5:1, 3; 9:6). Vanhu vakasikwa murume nomukadzi (cf Genesi 1:27).

Murayiro waMwari waiti berekanai muwande (cf Genesi 1:28; 9:1,7) Kutadza kwemunhu (cf Genesi 3) Kwakakangalisa zano, nokuda kwaMwari. Chingochani kutadza kuripachena! Zvisineyi zvinofanira kuzivikanwawo kuti ichi handicho choga chivi chakataurwa nezvacho (cf vaRoma 1:29-31). Zvivi zvose zvinoratidza kubva panaMwari pamwe nomutongo wakaringana. Zvivi zvose kunyanya zvivi zvearamiro zvinonyangadza Mwari.

### **NHAURWA INOKOSHA : CHINGOCHANI**

Mazuva atiri ano panekutaura maererano nenyaya yokuti chingochani chitambirwe mutsika nemagariro seimwewo nzira yemararamiro.

Bhaibheri rinoramba tsika setsika youmharanzvongo. Inopikisana nokuda kwaMwari pakusika kwake.

1. Inonyangadza murayiro waMwari wepana Genesi 1 wokutiberekanai tiwande.
2. Inoratidza manamatiro netsika dzechiHedheni (cf Revhivitiko 18:22; 20:13; vaRoma 1:26-27, naJudhasi 7).
3. Inoburitsa kuzvitutumadza kwekuzvibvisa pana Mwari (cf 1 vaKorinde 6:9-10).

Zvisineyi ndisati ndabuda munhaurwa ino regai nditaure nezverudo uye ruregerero rwa Mwari kuvanhu vose vakarasika.

MaKristu haana kodzero yokurwadzisa kana kushungurudza avo vakamedzwa nechivi ichi, kunyanya apo zviripachena kuti tose tinotadza kunyengetera, hany'a, ufakazi netsitsi zvinobatsira panyaya iyi kupfuura mutongo unehasha. Shoko neMweya waMwari uchatonga kana tikabvumira. Zvivi zvose zvenyengo zvinonyangadza Mwari, kwete ichi choga uye zvine mutongo. Kuva murume kana mukadzi chipo chinobva kuna Mwari nechinangwa chokuti munhu agare zvakanaka, afare uye nokuva noMugarisanwa wakateramira. Asi iyi kurudziro yakapiwa naMwari yakashandurwa kuva nzira yokutadza, kuzvitutumadza, kutsvaka mafaro, “youbimbindoga”(vaRoma 8:1; vaGaratiya 6:7-8).

### **NASB ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA : 1:28-32**

<sup>28</sup>Sezvavakanga vasingadi kugara vachiziva Mwari, akavaisa kuurangariro wakararika, kuti vaite zvisakafanira; <sup>29</sup>Vakazadzwa nokusarurama kwose, nokuipa, noruchiva, nokuvenga; Vakazara negodo, nekuuraya, norukave, nokunyengera, nechinya; Vanhu vanoita zeve-zeve, <sup>30</sup>navacheri navanovenga Mwari, navanodada nokuzvikudza, navanozvumbidza navavambi vezvakaipa, navasingateereri vabereki, <sup>31</sup>namapenzi, navanoputsa sungano, navasina rudo kwarwo, vasina ngoni <sup>32</sup>Avo, kunyangwe vachiziva chirevochaMwari, kuti vanoita zvakadai, vakafanirwa norufu, havaiti izvo bedzi, asi vanotenderana navanozviita.

1:28-31 –MuchiGiriki ndima ina dzose idzi dzinovaka mutsara mumwe. Unoreva kupanduka kutadza nokuzvimisikidza kwomunhu (cf vaRoma 13:13; 1vaKorinde 5:11; 6:9; vaGaratiya 5:19-21; vaEfeso 5:5; 1Timoti 1:10; Zvakazarurwa 21:8).

Chivi chavanhu ndechokuti vakasarudza kurarama vasina Mwari. Kurarama nenzira iyi zvachose, ndiro Gehena. Rusununguko itsaona! Munhu anoda Mwari; Pasina Mwari, munhu akararika, haana kukwana uye haana kuzadzisika. Chakanyanya kushata pagehena nokusingaperi kusavapo kwaMwari!

1:29 “Pfungwa dzisakarurama” Zvinoonekwa navanhu serusununguko kuzvitutumadza; “chindini-ndini. Miriro yezwi rinounyoro inoratidzwa saMwarimuna vaRoma 1:24, 26, 28 asi mumanyorero awa ayo anofambirana ne emuna Genesi 1-3 isarudzo yomunhu yoruzivo yakakonzera dambudziko. Mwari akabvumira kuti zvisikwa zvake zviradziwe nezvibereko zvesarudzo yazvo, rusununguko rwazvo.



- ▣ “Kuzadzwa noku” uyu mutsara unounyoro unonongedza zvichangobva mukuitika. vanhu vanozadzwa nokuonekwa nezvavanoshungaira nazvo. Vadzidzisi vechiJudha vaiti, mukati memwoyo wogawoga munembwa nhema (evilyetzer) nembwa chena (good yetzer). Inoposhwa zvakanyanya ndiyo inova huru.

1:29-31 Izvi ndizvo zvibereko zvokurarama usina Mwari. Zvinoratidza chimiro chemunhu pazvima nechimiro chezvita zvomugarisanwa weVanhu vanosarudza kuramba Mwari weBhaibheri. Ichi chimwe chezvivi zvakataurwa naPauro (cf 1vaKorinde 5:11;6:9; 2vaKorinde 12:20; vaGaratiya 5:19-21; vaEfeso 4:31; 5:3-4 vaKorose 3:5-9).

### **NHAURWA INOKOSHA : MANO NOUNAKU MUTESTAMENDE ITSVA**

Udonongodzwa hwemano noUnaku hunonyanya kuwanikwa muTestamende Itsva. Kazhinji zvinoratidza udonongodzwa hweVadzidzisi VechiJudha, pamwe netsika namagariro dzechiGiriki. muTestamende itsva, Udonongodzwa uhwu nokusiyana kwahwo hunoonekwa nezvira inotevera:-

<u>Mano</u>	<u>Unaku</u>
Pauro vaRoma 1:28-32	-
vaRoma 13:13	vaRoma 12:9-21
1vaKorinde 5:9-11	-
1vaKorinde 6:10	1vaKorinde 6:6-9
2vaKorinde 12:20	2vaKorinde 6:4-10
vaGaratiya 5:19-21	vaGaratiya 5:22-23
vaEfeso 4:25-32	-
vaEfeso 5:3-5	-
-	vaFiripi 4:8-9
vaKorose 3:5, 8	vaKorose 3:12-14
1Timoti 1:9-10	-
1Timoti 6:4-5	-
2Timoti 2:22a, 23	2Timoti 2:22b, 24
Tito 1:7; 3:3	Tito 1:8-9; 3:1-2
Jakobho 3:15-16	2.Jakobho 3:17-18
1Petirosi 4:3	3.1Petirosi 4:7-11
2Petirosi 1:9	2Petirosi 1:5-8
4.Johani Zvakazarurwa 21:8; 22:15	-

**1:30 “Kuzvikudza muchiGiriki”** (Huperephanous) [ona paC, wetatu panezvinotevera]

### **NHAURWA INOKOSHA : MUBATANIDZIRWO UNOITWA IZWI “HUPER”**

**nemamwe mazwi, naPauro**

Pauro aifarira kuvaka mazwi matsva achishandishandisa chirevamamwene (preposition) chechiGiriki “HUPER”; Icho chinoreva kuti “Pamusoro” kana “Pazuru”.

Chirevamwene ichi chikashandiswa muchimiro chechivakamutauro chinonongedza mwene, rinoreva chiito chaitirwa mumwe angave asipo kana kuvapo. Chinomirawo sechirevamwene

chokuti “nezve, nezva” kana kureva kuti “hany’a” sezwi (Peri) (cf 2vaKorinde 8:23; 2vaTesaronika 2:1) kana rikashandiswa riri muchimiro chomunongedzo rinoreva kuti “Kumusoro” “Pamusoro” “Mhiri”.

(Verenga Zviwakamutauro zveTestamende Itsva yechiGiriki, munhorondo yetsvagurudzo pp625-633 yakanyorwa nava A.T. Robertson).

Apo Pauro aida kutusvaidza nyaya, aishandisa chirevamwene ichi mumubatanidzwa nerimwe izwi. Zvinotevera, kushandiswa kwechirevamwene ichi chiri mumubatanidzwa nemamwe mazwi.

A. Zvinoshandiswa muTestamende Itsva chete (*apax legomenon*)

- 1) *Huperakmos*, munhu akura (1vaKorinde 7:36)
- 2) *Huperauxanō*, kuwanda zvakapetwa kwazvo kwazvo 2vaTesaronika 1:3
- 3) *Huperbainō*, kuita chivi 2vaKorinde 4:6
- 4) *Huperkeina* Mhiri 2vaKorinde 10:16
- 5) *Huperekteina*, Tambanudzisa, 2vaKorinde 10:14
- 6) *Huperentugchanō*, kupindira, vaRoma 8:26
- 7) *Hupernikaō*, Kukunda zvine mutsindo, vaRoma 8:37
- 8) *Hyperpleonazō*, Kuva muuwandu nemutsindo 1Timoti 1:14.
- 9) *Huperupsoō*, Kukudza zvikuru, vaFiripi 2:9
- 10) *Huperphrononeō*, Kufunga zvikuru, vaRoma 12:3

B. Mazwi anoshandiswa muzvinyorwa zvaPauro chete

- 1) *Huperaiomai*, Kuzvikudza, 2vaKorinde 12:7, 2vaTesaronika 2:4
- 2) *Huperballontōs*, Kupfurikidza mwero 2vaKorinde 11:23 (rinoshandiswa sezwi rinonongedza chiito ipapa chete, asi rinoshanda sezwi rechiito muna 2vaKorinde 3:10; 9:14; vaEfeso 1:19; 2:7; 3:19).
- 3) *Huperboē*, Gudzanyaya, vaRoma 7:13, 1vaKorinde 12:31; 2vaKorinde 1:8; 4:7, 17; 22:7; vaGaratiya 1:13.
- 4) *Huperekperissou*, Kupfurikidza mwero, vaEfeso 3:20, 1vaTesaronika 3:10; 5:13.
- 5) *Huperlian*, Mhando yepamusoro, 2vaKorinde 11:5; 12:11
- 6) *Huperochē*, Zvakanakisa, 1vaKorinde 2:1; 1Timoti 2:2
- 7) *Huperēperisseuo*, Kuwanda nokupfuurisa, vaRoma 5:20 (Izwi rirpakati nepakati, kupfachukira 2vaKorinde 7:4)

C. Mazwi anoshandiswa naPauro asinga shandiswe nevamwe vanyori veTestamende Itsva:-

- 1) *Huperanō*, Kumusoro – soro, vaEfeso 1:21, 4:10 navaHebheru 9:5.
- 2) *Huperechō*, Zvakanakisa, vaRoma 13:1, vaFiripi 2:3; 3:8; 4:7; 1Petirosi 2:13.
- 3) *Huperēphanos*, Kuzvikudza, vaRoma 1:30, 2Timoti 3:2 naRuka 1:51; Jakobho4:6; 1Petirose 5:5.

Pauro aiva murume anejekenyedza; kana zvinhu zvakanaka, kwaari zvaive zvakanakisisa, kana zvakashata kwaari zvaive zvakashatisisa. Ichi chirevamwene chaita kuti akwanise kutsanangura chivi nenzira yokuratidza kuipisisa kwacho uye kutsanangurawo iye pazvima, Kristu neVhangeri nenzira imwecheteyo.

**1:32 “Vanoita zvakadai vakafanirwa norufu”** Uyu mutsara unoratidza murayiro waMosesi, uyo Unoburitswa muchidimbu munavaRoma 6:16, 21, 23; 8:6,13. Rufu runopikisana nokuda uye hupenyu hwaMwari (cf Ezekieri 18:32, 1Timoti 2:4; 2Perirosi 3:9)

- ▣ **“Asi vanotenderana navanozviita”Nhamo** inoda vekufamba navo. Mutadzi anoita botepote nezvivi zvavamwe achiti “munhu wose arikuzviitawo wani.” Chimiro chetsika namagariro chinoratidza zvizvirimukati metsika idzodzo.

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO.**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei Pauro akanyora tsamba kukereke yeRoma?
2. Sei vaRoma raiva gwaro rezvidzidzo zvouMwari rechiKristu rinokosha?
3. Nyora nemazwi ako, vaRoma 1:18-3:20.
4. Avo vasati vanzwa Vhangeri vangatongwa here nokuvimba muna Kristu?
5. Tsanangura musiyano pakati pokuzviratidza kwaMwari kudurikidza nezvakasika nokuzviratidza kwake nenzira yoMweya.
6. Tsanangura hupenyu hwomunhu asina Mwari
7. Ita ndima 24-27 Taurawo nezve nyaya yeChingochani.

# VAROMA 2

<b>GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO</b>				
<b>UBS<sup>4</sup></b>	<b>NKJV</b>	<b>NRSV</b>	<b>TEV</b>	<b>NJB</b>
Mutongo wakarurama waMwari 2:1-16	Kururama Kwomutongo waMwari 2:1-16	VaJudha pasi pomutongo 2:1-11	Mutongo waMwari 2:1-11	VaJudha havasiwe pachisango chaMwari 2:1-11
VaJudha paso pomutongo 2:17-3:8	VaJudha vane mhakawo se vaHedheni 2:17-24	Hisaro hwomutongo 2:12-16 2:17-24	VaJudha nomurayiro 2:17-24	Murayiro hakuvakanga varamise 2:12-16 2:17-24
	Kudzingiswa kusina maturo 2:25-29	2:25-29	2:25-29	Kudzingiswa hakungavararamisi 2:25-29

## **MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.vii)**

### **ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo .Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri ,echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya ,asi ndiyo donzvo rokuteverera chinangwa chomunyoru, Ndiyo zve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri

3. Ganhuro yetatu

4. Nezvimwewo..

### **RUONO RWEZVIRI MUGWARO.**

A. Chikamu Chepiri neChetatu zvinopedzisa dzidziso yakatangwa muna vaRoma 1:18. Chikamu chechinyorwa chino chinobatabata nezve:-

1. Kurasika kwavanhu vose.
2. Mutongo waMwari pazvivi.
3. Kudiwa kweruramo yaMwari navanhu, kuburikidza naKristu nenzira yorutendo nerupinduko pazvima.

B. Muchikamu Chepiri munoburitswa misimbote minomwe inova hwaro hweutongo hwaMwari.

1. Ndimba yepiri (v.2) ,iri maererano nechokwadi
2. Ndimba yechishanu(v .5),iri maererano nekuungana kwemhoswa
3. Ndimba yenhathu kusvika panomwe, iri maererano nemabasa (6-7)
4. Ndimba yegumi neimwe(v.11), iri maererano nekusavapo kwomuremekedzi waVanhu.
5. Ndimba yegumi nenhatu (13) iri maererano nemararamiro.
6. Ndimba yegumi nenhanhatu (16) iri maererano nezvakavanzika zviri mumwoyo yevanhu.
7. Ndimba yegumi nenomwe kusvika pandima makumi maviri ane pfumbamwe (17-29) dzinoti hakuna chikwata chavanhu chinokosha munyika.

C. Pane nhaurwa huru kwazvo mukati mavatsoropodzi, pamusoro penyaya yokuti ndiyani airehwa pavaRoma 2:1-17. Zviripachena kuti vaRoma 2:12-29 inoreva maJudha. Ndimba 1-17 dzine zvinangwa zviviri; chokutaura navaHedheni savanaSeneca avo vaikurudzira hunhu hwetsika namagariro dzisina Mwari ,nemaJudha ayo aingodai kubatirira pamurayiro waMosesi vachiramba Jesu.

D. PavaRoma 1:18-21 Pauro anotaura kuti vanhu vanogona kuziva Mwari kuburikidza nezvaakasika. MunavaRoma 2:14-15, Pauro anotiwo munhu wose anenhondero yetsika dzakanaka yaakapihwa naMwari. Zvapupu zviviri izvi, zvakasikwa naMwari, nenhondero yezvakanaka ndihwo hwaro hwe mutongo waMwari kuvanhu.Chero avo vasina kumbova noruzivo rweTestamende yekare kana Vhangeri. Vanhu vane mutoro nokuti Havana kurarama maererano nechiedza chavaiva nacho.

### **DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA**

**NASB( ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 2:1-11**

**<sup>1</sup>Saka haunapembedzo iwe munhu, upi noupi,Unotonga vamwe,nokuti pachinhu icho chaunotonga mumwe nacho, unozvipa mhosva iwe, nokuti iwe unotonga, unoita zvinhu izvozvo <sup>2</sup> Tinoziva kuti kutonga kwaMwari ndokwazvokwadi kunovanoita zvinhu**

zvakaadai. <sup>3</sup>Iwe munhu, unotonga vamwe vanoita zvinhu zvakaadai, iwe uchizviitawo, ko unoti ungatiza kutonga kwaMwari here? <sup>4</sup>unozvidza kanhi pfuma younyoro hwake, nomwoyo wake munyoro, nomwoyo wake murefu, usingazivi here kuti unyoro hwaMwari hunokuisa pakutendeuka? <sup>5</sup>Asi noukukutu hwako nomwoyo usingadi kutendeuka unozviunganidzira kutsamwa nezuva rokutsamwa, nokuratidzwa kwokutonga kwakarurama kwaMwari; <sup>6</sup>IYE ACHAPA MUMWE NOMUMWE PAAKAITA NAPO, <sup>7</sup>vanotsvaka kubwinya nokukudzwa, nokusafa, vachitsungirira pakuita zvakanaka, achavapa upenyu husingaperi. <sup>8</sup> Asi kuna vane nharo, vasingateereri chokwadi, vanoteerera zvisakarurama, kuchavapo kutsamwa nehasha, <sup>9</sup>Nokutambudzika nenhamo kumweya womumwe nomumwe womunhu anoita zvakaipa, pakutanga womuJudha nowomuGiriki; <sup>10</sup>Asi kubwinya nokukudzwa norugare kune mumwe nomumwe anoita zvakanaka, kumu Judha pakutanga, nomuGirikiwo. <sup>11</sup>Nokuti Mwari haatendi zvinoonekwa zvomunhu.

**2:1**

**NASB** “Hamuna pembedzo, imi mose munotonga vamwe”  
**NKJV** “Hauna pembedzo iwe munhu, upi noupi unotonga vamwe.”  
**NRSV** “Hauna pembedzo, chero uri ani zvake, apo unotonga vamwe”.  
**TEV** “Hauna pembedzo zvachose, chero uri ani zvake nokuti unotonga vamwe”  
**NJB** “Zvisineyi nokuti ndiwe ani, Ukatonga mumwe hauna pembedzo”.

Izvi zvinoreva kwazvo kuti “Hapana nhovo yomutemo” (cf vaRoma 1:20). Pakutanga mutsara wakanyorwa muchiGiriki senzira yokuratidza huremu hwawo. Ndimba 1-16 inoita sokuti inotaura nezve maJudha ayo aizviita vanhu vakarurama kuburikidza nokutevera Murayiro, pamwe namaGiriki ayo aikoshesa hunhu. Kunonzi kudurikidza nokutonga kwavaiita vamwe, naivo vaitozvibatawo nemhosva.

Mutsara mumwewo unoshandiswa muna vaRoma 1:20, asi izwi rinesungano nezita ndi “Vai”; pano “Iwe” kuti zviripachena kuti Pauro arikutaura nezvikwata zvevatadzi zvakasiyana. Chimweyo chezvkwata chaaitaura nezvacho ndeche Mapindikiti {Zealots} Icho chaakambo vawo nhengo yacho. Pane matambudziko maviri anoti:-

1. Kuramba nokuungudza ruzivo rwaMwari.
2. Kushandurudza ruzivo rwaMwari kurwuita mitemo yokutonga nayo vamwe nokuzviita vanhu vakarurama.

Tarira uone kuti, izwi “Vai” rechikamu chokutanga rinoshanda sa “Iwe” Muna VaRoma 2:1-8. Rinofananidzwa mururimi rweChiJudha nerwe chiGiriki, kureva “Mweya wemunhu wose” MuVaRoma 2:9-11. Nyangwe zvazvo paine zvikwata zvakasiyana (zvingaita zviriviri kana zvitatu) chinhu chikuru ndechokuti hapanyanyi kuwanikwa musiyano, zvose zviriviri pasi pemutongo (cf VaRoma 3:23).

**2:2 “Tinoziva”** iri izwi rinesungano nezita ringangodaro raireva maJudha nyangwe zvazvo richigonawo kureva maKristu.

Mundima 2-4 Pauro anodzokerazve pakushandisa nzira yekutura Vhangeri achishandisa mubvunzo mhindu. {Verenga, ndima 1-11, 17-29}, Iyi yaiva nzira yokuburitsa Chokwadi nokuiswa munyaya kwo mupikisi wefungidziro. Nzira iyi yakashadiswawo zve na Habhakuki, Maraki, vadzidzisi vechiJudha nevadzamisi vendangariro vechiGiriki (vakaita savana Socrates na Stoics).

Mutsara wokuti “Tinoziva kuti “Unoshandiswa nguva zhinji muna (vaRoma 2:2; 3:19; 7:14; 8:22, 28). Pauro anotaura nenzira yokuratidza kuti vanzwi veshoko rake vanoziva chokwadi, vachinoti siyaneyi nevaHedheni vemuVaRoma 1.

▣ **“Mutongo waMwari “** Bhaibheri rinotaura zvakajeka pamusoro pechokwadi ichi. Vanhu vose vachapa rondedzero kunaMwari yezvavakaita nechipo choupenyu (verenga ndima 5-9, Mateu 25:31-46; Zvakazarurwa 20:11-15) Chero MaKristu achamirawo pamberi paKristu (cf 14:10-12; 2vaKorinde 5:10).

**2:3** Murongerwo wemutauro pamubvunzo-mhindu wa Pauro, unoratidza tarisiro yemhinduro yokuti “kwete”

▣ **“Ko unoti”** Ndiro izwi rechiito rechiGiriki (logizomai). Pauro anorishandisa nguva zhinji, verenga (vaRoma 2:3,26; 3:28; 4:3,4,5,6,8,9,10,11,22,23,24; 6:11; 8:18, 36; 9:8; 14:14; vaGaratiya 3:6; rinoshandiswa kagumi muna 1vaKorinde na 2vaKorinde, nekaviri muna vaFiripi) Tarira zvinyorwa pa 4:3 na 8:18.

▣ **“Iwe munhu”** Izvi zvinofanana nechirahwe chiri pandima yokutanga munaVaRoma 9:20 chinoreva maJudha.

**2:4** Uyu nawo, mubvunzo wechiGiriki.

▣ <b>NASB</b>	<b>“unozvidza kanhi”</b>
<b>NKJV, NRSV,</b>	
<b>TEV, REB</b>	<b>“unoshora”</b>
<b>NJB</b>	<b>“unotsvinyira</b>
<b>NIV</b>	<b>“unorudado”</b>
<b>NET</b>	<b>“unodadira”</b>

Tichienzanisa shandurudzo dzechirungu, vapirikiri, vanosangana nedungwerungwe rezvidzidzo zvechirevo chezwi rechiito. Iri izwi rinoburitsa zvakasimba, kuramba maune. Ona mashandisirwo aro mu:-

1. Mazwi a Jesu, Mateu 6:24; 18:10
2. Pauro, 1vaKorinde 11:22; 1Timoti 4:12; 6:2
3. vaHebheru (aJesu) 12:2
4. Petirosi, 2Petirosi 2:10
5. Zita muna Mabasa 13:41

▣ **“pfuma younyoro hwake, nomwoyo wake munyoro, nomwoyo wake murefu”** Vanhu – vanogarotadza kunzwisisa nyasha, tsitsi nemwoyo murefu waMwari uye vanotoshandura izvi kuita mukana wokuita zvivi panze pokutendeuka. (cf 2Petirosi 3:9)

Pauro anowanzo tsanangura zviito zvaMwari achiti “Pfuma ye” (cf 9:23; 11:3; vaKorose 1:27; vaEfeso 1:7, 18; 2:4, 7; 3:8, 16; vaFiripi 4:19).

Zita rokuti “Mwoyo munyoro” rinoshandiswa kaviri chete muTestamende Itsva, naPauro muchidzidzo chino (1:18-3:31) pano nepa 3:26. Kwose achireva mwoyo murefu waMwari kuvatadzi.

▣ **“Hunokuisa pakutendeuka”** Kutendeuka kunokosha pahukama hwechisungo cherutendo naMwari (cf Mateu 3:2; 4:17; Mako 1:15; 6:12; Ruka 13:3, 5; Mabasa 2:38; 3:16, 19; 20:21). Izwi iri muchiHebheru rinoreva kushanduka kwe zviito ukuwo muchiGiriki kushanduka kwe pfungwa. Kutendeuka kusarudza kushanduka kubva pakuzviraramira kuenda pakurarama kunotungamirwa naMwari. Kunobvisa kuva muranda wekuzvitutumadza kwazvo kwazvo inzira itsva yamafungiro, maonero matsva, mutungamiri mutsva. Mwari anoda kuti mwana wese waAdhamu akatadza atendeuke, ave nomufananidzo waMwari (Ezekieri 18:21, 23, 32 na 2Petirosi 3:9).

Ganhuro dzinonyatso buritsa musiyano pakati pemazwi echiGiriki anoreva kutendeuka, idzo dziri muTestamende Itsva, dzinowanika pana 2vaKorinde 7:8-11.

1. *Lupeo* “gurukuta” kana “Chirwadzo” inobuda kaviri pandima 8, katatu pandima 9, kaviri pandima 10 nepandima 11.
2. *metamelomai* “Tsumba” kana “Demba” rinowanikwa kaviri pandima 8 nepandima 9.
3. *metanoia*; “Rutendeuko” kana “Pfungwa pava paya rinowanikwa pandima 9 na 10.

Musiyano ndewe rutendeuko rwe nhema (*metalomai*) (cf Judhasi, Mateu 27:3 na Esau, vaHebheru 12:16-17) maringe norutendeuko rwechokwadi (*metanoeo*).

Pazvidzidzo zvouMwari, rutendeuko rwechokwadi rune sungano ne:-

1. Mharidzo yaJesu pamusoro pezvumiso zvechisungo chitsva (cf Mateu 4:17; Mako 1:15; Ruka 13:3,5).
2. Mharidzo dzevaPositori muna Mabasa (*kerygma*, cf. Mabasa 3:16, 19; 20:21).
3. Chipa choUshe hwaMwari (Mabasa 5:31; 11:18 na 2Timoti 2:25).
4. Kugarara (cf 2Petirosi 3:9).

Kutendeuka hakuna nzira mbiri!

#### **NHAURWA INOKOSHA : RUTENDEUKO**

Rutendeuko pamwe norutendo zvose zvinodikanwa muzvisungo zvose zvinoti chekare (*Nacham*, BDB 636, Semuenzaniso 13:12; 32:12,14; *shuv*, BDB 996, semuenzaniso 1Madzimambo. 8:47; Ezekieri. 14:6; 18:30) nechitsva.

1. Johani Mubhabhatidzi (Mateu. 3:2; Mako. 1:4; Ruka. 3:3,8)
2. Jesu (Mateu. 4:17; Mako. 1:15; Ruka. 5:32; 13:3, 5; 15:7; 17:3).
3. Petirosi (Mabasa. 2:38; 3:19; 8:22; 11:18; 2Petirosi. 3:9).
4. Pauro (Mabasa. 13:24; 17:30; 20:21; 26:20; vaRoma. 2:4; 2vaKorinde. 2:9-10).

Asi chii chinonzi kutendeuka?, Chirwadzo here? Kupera kwechivi here?. Chikamu chiri mutestamende itsva icho chinotsanangura zvinonzwisika nezve nyaya iyi ndemuna 2 vaKorinde 7:8-11, apo mazwi matatu echiGiriki anofambirana asi achireva zvakasiyana ano shandiswa.

1. “Chirwadzo” (*lupe*, cf ndima 8 [kaviri] ndima 9 [katatu] ndima 10 [kaviri] ne ndima 11). Rinoreva kuti gurukuta kana dambudziko, uye muzvidzidzo zvouMwari rinechirevo chiri pakati nepakati.
2. “kutendeuka” (*metanoeo* cf ndima 9,10). Mubatanidzwa wemazwi anoti “ndokubva” na “pfungwa” zvichireva pfungwa itsva, nzira itsva yokufunga, ndangariro itsva kuupenyu naMwari. Uku ndiko kutendeuka kwechokwadi.



3. “tumba” (*metamelomai* cf ndima 8 [kaviri], 10) mubatanidzwa wemazwi anoti “ndokubva” na “natsa” rinoshandiswa pana Judhasi muna Mateu 27:3 naEsau muna vaHebheru 12:16-17. Rinoreva chirwadzo pamusoro pezvibereko zvemabasa ako kwete zviito.

Kutendeuka nerutendo, zviito zvechisungo zvinodiwa.(Marko. 1:15;Mabasa. 2:38,41;3:16,19;20:21). Pane zvimwe zvinyorwa zvinoti Mwari ndiye anopa kutendeuka (cf Mabasa .5:31;11:18; 2 Timot.i 2:25). Asi zvinyorwa zvizhinji zvinoona sokuti kutendeuka ndiwo mutoro womunhu muchisungo chake naMwari, ukuwo Mwari achipa ruponeso pachena.

Zvirevo zve mazwi aya muchiHebheru nemuchiGiriki zvinoda kubatisiswa kuti tinzwisise zvinoreva kutendeuka. MaHebheru anoda “shanduko yezviito” apowo maGiriki anoda “shanduko yepfungwa” munhu anenge aponeswa anowana pfungwa itsva nemwoyo mutsva anofunga zvakasiyana nezvekare uye anorarama zvakasiyana nezvakare. Panze pokuti “ndinowaneiwo?”. Mubvunzo wake unoti “kuda kwaMwari ndekupi” kutendeuka harisi dengetera rinopera kana kusava nechivi zvachose asi hukama hutsva noMutsvene uhwo hunoshandura mutendi kuti ave mutsvene.

**2:5-9** Ndima idzi dzinotsanangura:(1)hukukutu hwemutadzi.(2) kutsamwa nomutongo waMwari.

**2:5** “Hukukutu” iri zita rinowanikwa pano muTestamende itsva. Isiraeri inotsanangurwa nenzira iyi muna Ekisodho. 32:9; 33:3,5; 34:9; Dhuteronomi. 9:6,13,27 (tarisazve vaHebheru. 3:8,25;4:7)

▣ **“Mwoyo”** Tarira Nhaurwa Inokosha pa. 1:24

▣ **“Muzuva rokutsamwa”** iri rainzi “zuva raShe” muTestamende yakare (cf Joere, Amosi). Izvi zvinoreva zuva rokutongwa kana zuva rokumuka kuvakafa ravatendi. Vanhu vachapa rondedzero yezvavakaita nechipo choupenyu (cf. Mateu .25:31-46; Zvakazarurwa. 20:11-15).

Tarira uone kuti vatadzi voga (“iwe” ne “we”). Vanounganidza kutsamwa. Mwari chaanoita ndechokuti,gare gare anobvumira dura riye rokutsamwa kuti riputike rizviratidze zvakazara.

Kutsamwa, semamwe mazwi evanhu okutsanangura Mwari, inongori ringanidzo(nzira yokufananidza munhu nezvisiri munhu, tarira nhaurwa inokosha pa 1:18). Zvichishandiswa pauMwari! Mwari haana magumo,Mutsvene uye Mweya. Vanhu vanoguma, vane zvivi uye ndevenyama. Mwari haana dengetera rehasha, sokututuma nokutsamwa. Bhaibheri rinomuratidza ari anerudo nevatadzi,achida kuti vatendeuke asi achipikisa zvikuru kupanduka kwavanhu Mwari ndi Mwari pachake, anotarira chivi pazima uye isu vanhu tinemutoro unezvivi zvedu pachedu.

Imwewo pfungwa yewedzero yokutsamwa kwaMwari.Mubhaibheri zviri munguva, (nguva pfupi cf. 1:24,26,28)zvakare nepamagumo (zvenyaya yamagumo cf. 2:5-8)Zuva Rashe (Zuva rokutongwa)yaiva imwe nzira yokuchenjedza yaishandiswa naVaporofita VeTestamende yekare yokuyambira Isiraeri kuti itendeuke parinhasi kuti remangwana rayo rikomborerwe,kwete kutongwa (cf. Dhuteronomi. 27-28).VaPorofita VeTestamende yekare Vaitora dambudziko renguva yavo vori tambanudza kusvika mumagumo.

**2:6** Izvi zvakatorwa kubva muna Mapisarema. 62:12 (Mateu. 16:27). Muono wepasi rose (Tarira chinyorwa pa 2:1, ganhuro yepiri) kuti Vanhu vanemuturo wemabasa avo uye vachapa rondedzero kuna Mwari (cf Jobho 34:11; Zvirevo. 24:12; Muparidzi. 12:14; Jeremiya. 17:10;32:19; Mateu. 16:27; 25:31-46; VaRoma. 2:6;14:12; 1Vakorinde. 3:8; VaGaratiya. 6:7-10;2Timoti. 4:14; 1Petirosi. 1:17; Zvakazarurwa. 2:23;20:12;22:12) Chero Vatendi vachapawo rondedzero youpenyu hwavo nouchumiri kuna Kristu(2Vakorinde. 5:10). Vatendi havaponeswe nemabasa asi vano poneswa kumabasa (VaEfeso. 2:8-10 [kunyanya 2:14-26] Jakobho na 1Johani). Upenyu hwakashanduka hurikushanduka hune rudo, kushumira nokuzvipira ndihwo humboo hweruponeso rwechokwadi.

**2:7 “Kune avo vano”** Pane musiyano pakati pemunhu anotsanangurwa pandima 7 neavo vari pandima 8(“asi kune avo vano”).

- ▣ **NASB** “kune avo,nokuda kwekutsungirira mukuita zvakanaka,vanotsvaka kubwinya,nokukudzwa nokusafa;kurarama nokusingaperi”.
- NKJV** “kurarama nokusingaperi,kune avo nokuda kwemwoyo murefu mukuita zvakanaka,vanotsvaka kubwinya nokukudzwa,nokusafa”.
- NRSV** “Kune avo nokuda kwokuita zvakanaka nomwoyo murefu,vanotsaka kubwinya nokukudzwa nokusafa,anopa upenyu husingaperi”.
- TEV** “Vamwe vanhu vanoramba vachiita zvakanaka vachitsvaka kubwinya,kukudzwa nokusafa;kwavari Mwari achapa upenyu husingaperi”.
- NJB** “Kune avo vaitsvaka mukurumbira ,nokukudzwa, nokusafa nenzira yokugaroita zvakanaka kuchava noupenyu husingaperi”.

Izvi zvaireva vanhu vakaita saKonerio{Mabasa 10:34-35}Ganhuro ino inogona kuita seino kurudzira kururama kunobva pamabasa,izvi zvingabva zvatopikisana nedingindira rebhuku reVaRoma. Rangarira kuti chero ndima 1-16 kana 1-11 iganhuro.Chidzidzo ChezvouMwari ndechekuti Mwari haasi muremekedzi wavanhu(ndima 11)nokuti vose vatadzi (ndima12)Dai Vanhu Vakarama maererano nechiedza chaivapo(Kuzviratidza kudurikidza nezvisikwa kweva Hedheni nokuzviratidza paMweya kuvaJudha cf 10:5)Vaidai Vamire pakanaka naMwari.Zvisineyi,pfupiso ya VaRoma 3:9-18,23 inoratidza kuti hapana akararama muchiedza kana anogona!

Shanduko youMwari muupenyu hwemutendi inoonekwa sesimbiso yerudaviro rwerutendo rwake rwokutanga.Upenyu hwakashanduka ndihwo humboo hwoMweya waMwari(cf. 10,13 ; VaEfeso. 2:8-10; Jakobho .2:14-26 na 1Johani)Tarira Nhaurwa Inokosha:kudikwa kwekutsungirira pa 8:25.

- ▣ **“Upenyu nokusingaperi”** Uyu mutsara unoratidza munyorero waJohani uye unoshandiswa apo ne apo muVhangeri ina dziri mubhaibheri.Pauro anoita sekuti akatora mutsara uyu muna Dhanieri . 12:2(cf Tito. 1:2; 3:7), umo maunoreva Upenyu hwenguva itsva,Upenyu muruwadzano naMwari; Upenyu hwekumuka kubva kuvakafa. Anotanga kuushandisa muna VaGaratiya. 6:8. Idingundira rinonyanyakuvanika muchikamu chegwara redzidziso muna VaRoma(cf. 2:7;5:21;6:22,23) unowanikawo kakawanda mutsamba dzoutariri hwekereke (cf 1Timoti. 1:16; Tito. 1:2; 3:7).

**2:8**

**NASB** “Avo vanenharo”

**NKJV,NRSV** “Avo vanozvitutumadza”

**TEV** “Vamwe vanhu vanozvitutumadza”

**NJB** “Avo nokuda kwegodo”

Pakutanga mutsara waireva “Marikicho” (Tob 2:11)

Louw na Nida muDuramazwi reChirungu neChiGiriki (*Greek-English lexicon, vol 2, p 104*) vanoratidza nzira mbiri dzekushandiswa kwe mutsara uyu:

1. “Nharo” tichishandisa VaRoma 2:8, unoona kuti zvinoreva “Kuda kuita zvakanaka kupfuura mumwe”. Izvo zvinofambirana nechirevo chechinyorwa chino.
2. “Umhandu”, tichishandisa VaFiripi 1:17 kureva “Utsere” seimwe nzira yokushandurudzwa (Tarirawozve 2VaKorinde 12:20; VaGaratiya 5:20; VaFiripi 2:3; Jakobho 3:14,16)

▣ **“Uye havateereri chokwadi”** Izwi rokuti “chokwadi” (*aletheia*) rakashandiswa muchirevo charo chechiHebheru (*emeth*) richireva kuti; kuva nechokwadi nokuVimbisika muchinyorwa chino rakanga riine gwara roUnhu kwete roUngwaru. Tarira Nhaurwa Inokosha: Chokwadi muzvinyorwa zva Pauro pa 1:18.

**2:9 “KuMweya mumwe nomumwe womunhu”** Pauro akashandisa Izwi rechiGiriki rokuti (*Pas*) iro kana rashandurudzwa rinoreva kuti “wose” kana “mumwe nomumwe” kazhinji muzvikamu zvezaruro yaVaRoma, senzira yokuratidza “kushata” (Kurasika kwomunhu nomutongo usina kwawakarerekera waMwari) pamwe neVhangeri (pfupiro yaMwari yeruponeso pachena noruregerero rwakazara muna Kristu kuna vose vanotendeuka nokutenda).

Uyu mutsara unechirevo chokutongwa komunhu wose uye nezvibereko zvokutongwa. Ichi chokwadi chinoreva kumuka kuvakafa kwevatsvene nevatadzi (cf. Dhanieri. 12:2; Johani. 5:28-29; Mabasa .24:15). Kana ndima 6-11 dziine chimiro chemharadzano, saka ndima 8-9 ndidzo dzine usimbote unechirevo chohutongo kana vaiti vezvakaipa.

**2:9-10 “Pakutanga nomuJudha”** iyi ikumikidzo yakadzokororwa. MaJudha aiva pokutanga nokuti Mwari akanga azviratidza kwavari (cf 1:16; Mateu .10:6; 15:24; Johani. 4:22; Mabasa. 3:26; 13:46) Asiwo pakutanga mukutongwa (cf 9:11) nokuti vaiva nokuzviratidza kwaMwari (cf. 9:4-5).

**2:11**

**NASB, NKJV** “Nokuti Mwari haatendi zvinoonekwa zvomunhu”

**NRSV** “Nokuti Mwari haaratidzi rusaruro”

**TEV** “Nokuti Mwari anotonga munhu wose nenzira imwecheteyo”

**NJB** “Hapana chizivano kunaMwari”

Kwazvo kwazvo izvi zvinoreva “Kusimudza uso”, icho chaiva chibhende chaishandiswa mune zvevatongerwo emhosva muTestamende yekare (cf Revhitiko. 19:15; Dhuteronomi. 10:17; 2Makoronike. 19:7; Mabasa. 10:34; VaGaratiya .2:6; VaEfeso. 6:9; VaKorose. 3:25; 1Petirosi. 1:17). Kana mutongi aona kuti pangangova nechizivano pamunhu waanenge achitonga, naizvozvo aiita kuti asasumudze meso ake.

## **NHAURWA INOKOSHA: RUSARURAGANDA**

### **I. Nhanganyaya**

- A. Uyu mutauriro unoshandiswa navatadzi munzvimbo dzavanogarisana. Uku kuzvikudza kwo munhu kunozvitsigira nokuremedza vamwe. Rusaruraganda chinhu chirikuwanika mazuva ano, ukuwo zvechindudzindudzi zvakavapo kubva kare .
- B. Chindudzindudzi chakatanga parusvingo rweBhabheri (Genesis 11) apo paiva nechekuita nevana komana VaNowa vatatu vakabereka marudzi ari panyika nhasi (Genesis. 10) zvisineyi zviripachena kuti maererano nezvinyorwa, vanhu vakabva pamudzi mumwe (Genesis. 1-3; Mabasa. 17:24-26)
  - 1) Rusaruraganda imwe yenzira zhinji dzorusaruro. Dzimwe nedzinotevera (1) Kusarura kudurikidza nedzidzo. (2) Kusarura kudurikidza nekushaya kana kuwana. (3) Kusarura kudurikidza nenzira nemitemo yeChitendero. (4) Kusarura kudurikidza nemapato ezvamatongerwo enyika.

### **II. Zviri muBhaibheiri**

- A. Testamende yekare
  - 1. Genesi. 1:27-Vanhu, murume nomukadzi vakasikwa nomufanidzo waMwari, izvo zvinovasiyanisa nezvimwe zvisikwa zvose. Zvinoratidzawo kukosha nechiremerera chavo (cf. Johani .3:16).
  - 2. Genesi .1:11-25 inoburitsa mutsara wokuti “namarudzi [ayo, adzo, ...]” kagumi. Uyo urikushandiswa kutsigira rusaruraganda. Zvisineyi zviripachena kuti kubva pamanyorerwo awo, unoreva mhuka nemiti kwete vanhu.
  - 3. Genesi. 9:18-27 – idzi ndima dzinoshandiswa kukurudzira hudzvaniriri pakati pamarudzi. Zvinofanira kurangarirwa kuti Mwari haana kutuka Kenani. Nowa Baba vake, ndiye akamutuka paakapepuka kubva mukudakwa kwake. Bhaibheri harina parinotaura kuti Mwari akatsigira kutuka uku. Kunyangwe dai akatsigira izvi hazvina zvazvinoita kuvanhu vatema. Kenani aiva Tateguru weavo vakazo gara mu Parasitina. Zvakare zvakanyorwa pamudhuri weIjipita zvinoratidza kuti vakanga vasiri vanhu vatema.
  - 4. Joshua 9:23 – Ndimu iyi inoshandiswa kupa humboo hwekuti rumwe rudzi ruchava varanda vorumwe. Zvisineyi vaGibheoni ndeve rudzi rumwe naMaJudha.
  - 5. Ezira 9-10 naNehemiya 13- zvikamu izvi zvinogaroshandiswa nenzira yerusaruro. Asi muchinyorwa munoratidza kuti kuroorana kwakarambwa kwete nokuda korudzi (vaiva vazukuru vaNowa vose Genesi 10) asi nokuda kwechinamoto.
- B. Testamende itsva
  - 1. Vhangeri
    - a. Jesu akashandisa ruvengo pakati pamaJudha namaSamariya, nguva zhinji; zvinoratidza kuti ruvengo pakati pamarudzi haruna kunaka
      - (1) Rungano rwemuSamaria akanaka (Ruka 10:25-37)
      - (2) Mukadzi patsime (Johani 4)
      - (3) Murume aiva namaperembuzi wokuvonga Jesu (Ruka 17-7-19)
    - b. Vhangeri ndere munhu wose
      - (1) Johani 3:16
      - (2) Ruka 24:46-47
      - (3) VaHebheru 2:9
      - (4) Zvakazarurwa

- c. Hushe hunosanganisira vanhu vose
  - (1) Ruka 13:29
  - (2) Zvakazarurwa 5
- 2. Mabasa
  - a. Mabasa .10, iganhuro inoratidza rudo rwaMwari kumunhu wose ne murayiro une vchangeri kumunhu wose.
  - b. Petirosi akashoropodzwa muna Mabasa. 11 nokuda kwezviito zvake, dambudziko irori rakatozogadziriswa pakasangana dare reJerusarema (Mabasa. 15. Kusawirirana pakati pemaJudha namaHedheni kwaiva kwakakura kwazvo.
- 3. Pauro
  - a. Hakuna mipanda munaKristu
    - (1) VaGaratiya. 3:26-28
    - (2) VaEfeso. 2:11-22
    - (3) VaKorose. 3:11
  - b. Mwari haasi muremekedzi wavanhu
    - (1) VaRoma. 2:11
    - (2) VaEfeso. 6:9
- 4. Petirosi na Jakobho
  - a. Mwari haasi muremekedzi wavanhu 1 Petirosi. 1:17
  - b. Nokuti Mwari haaratidzi rusaruro, saka navanhu vake havafanire kuratidza rusariro Jakobho 2:1
- 5. Johani
  - a. Umwe wemitsara inotaura zvakasimba pamusoro pebasa revatendi unowanikwa pana 1 Johani 4:20

### III. Mhendero

A. Rusaruraganda kana rusaruro rwemhando ipi zvayo, haruna kufanira vana vaMwari. Inzwa zvakataurwa naVaHenlee Barnete, vachitura pfungwa dzavo pa musangano wezveUtumwa wechikristu mugore ra 1964, muguta reGlorieta ku New Mexico.

“rusaruro manyepo nokuti haruna umboo hunorutsigira muBhaibheri nemuchiKristu, chero muongororo yezvamazuva ano”

B. Dambudziko iri rinopa maKristu mukana wokuratidza rudo rwavo saKristu, ruregerero nokunzwisisa kunyika yakarasika. Kurasika kwemaKristu panyaya iyi kunoratidza kusakura mukutenda zvekare kunopa wakaipa mukana wokudzorera shure rutendo rwemutendi, simbiso nekukura kunoitawo semupanda kune avo vakarasika vanoda kuuya kuna kristu.

C. Ndingaite Seiko? (chikamu chino chakatorwa muchinyorwa chinotaura nezveupenyu hweutumwa hwechiKristu chinodaidzwa kuti “hukama hwemarudzi” (race relations)

“PANHANHO YEPAUZIMA”

- ★ Tambira basa rako rokugadzirisira dambudziko rinechekuita nerudzi
- ★ Kudurikidza noMunyengetero, kudzidza bhaibheri nokuwadzana neavo vemamwe marudzi, edza kubvisa rusaruro muupenyu hwako.
- ★ Ratidza pfungwa dzako pamusoro pezvemarudzi kunyanya uko avo vanokurudzira rusaruro, vanenge vasina anovapikisa.

“MUKURARAMA MUMHURI”

- ★ Koshesa dzidziso yemhuri pakuumbwa kwemaonera panyaya yezvemarudzi.
- ★ Tsvaka kuvandudza maonero echiKristu nokutaura pamusoro pezvinonzwikwa nevana nevbereki, apo vanenge vasiri kumba kwavo.
- ★ Vabereki vanofanira kuchenjerera kuita mufananidzo wakanaka wechiKristu pakugarisana nevanhu vamamwe marudzi.
- ★ Tsvaka mikana yokuvaka hushamwari pakati pemhuri dzemarudzi akasiyana

**“MUKEREKE YAKO”**

- ★ Nokuparidza pamwe nokudzidzisa chokwadi chemuBhaibheri chiri maererano nezvemarudzi, sangano rinogona kubatsirwa kuita muenzaniso wakanaka kuruwa rwose.
- ★ Ivai nechokwadi kuti kunamata, kuwadzana, nokushumira mukereke kunoitwa nemunhu wose, chero kereke dzeTestamende itsva dzainge dzisina rusaruro(vaEfeso 2:11-22; vaGaratiya 3:26-29)

**“MUKURARAMA MAZUVA OSE”**

- ★ batsira kubvisa rusaruraganda paMabasa.
- ★ Shandai kudurikidza nema pato omu ruwa rwenyu pakusimbisa kuenzana kwekodzero nemikana,rangarirai kuti kuri kurwiswa rusaruraganda kwete vanhu chinangwa kuvaka kunzvisisa kwete ruvengo.
- ★ Kana zvakakunakira, gadzirai dare rinoona nezvekuzarurwa kwenhaurirano muruwa, nokudzidzisa ruzhinji uye nezvimwewo zvirongwa zvokuvandudza kugarisana kwamamarudzi.
- ★ Tsigirai mitemo nevamiririri vedare rezvekugadzirwa kwemitemo inovandudza, kuenzaniswa kwemarudzi nokupikisa avo vano shandisa kusawirirana kwemarudzi munezvematomgerwo enyika.
- ★ Kurudzirai vezvemitemo kushandisa mutemo zvisina rusaruro
- ★ Sema mhirizhonga, nokukurudzira kuremekedzwa kwomutemo,uchiita zvose zvinogoneka somugari wemunyika wechikristu nokuona kuti mutemo hauzovi chombo cheavo vanoshandisa mutemo kukurudzira rusaruro.
- ★ Iva muenzaniso weMweya nepfungwa dza Kristu muukama hwako nevamwe vanhu.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 2:15-16**

<sup>12</sup>Nokuti vose vakatadza vasina murayiro, vachaparadzwawo vasina murairo; vose vakatadza vanomurayiro vachatongwa nemurayiro<sup>13</sup>Nokuti vanzwi vomurayiro havazi ivo vakarurama pamberi paMwari, asi vaiti vomurayiro ndivo vanoruramiswa. <sup>14</sup>(Nokuti kana vaHedheni vasina murayiro vachiita pachavo zvinhu zvomurayiro, vavamurayiro wavo vamene;<sup>15</sup>Nokuti vanoratidza basa romurayiro wakanyorwa mumoyo yavo, hanayavo ichipupura pamwechete nazvo,nezvavanofunga pakati pavo zvichivapa mhosva kana kuvapembedza)<sup>16</sup>nezuva iro, Mwari raanotonga naro zvakavanzika zvavanhu, naJesu Kristu, sezvinoreva Vhangeri yangu.

**2:12 “Nokuti vose vakatadza vasina murayiro”** Mwari anopa mhoswa munhu wose chero dai asina kumbonzwa nezve Testamende Yekare kana Vhengeri. Vanhu vose vaneruzivo rwaMwari kudurikidza nekusika kwake (cf 1:19 -20; Mapisarema .19:1-6), neruzivo rwemuhana (cf. 2:14-15) Tsaona ndeyekuti vose vakanyangadza chiedza chavanacho maune (cf. 1:21-23; 3:9, 19, 23; 11:32; vaGaratiya. 3:22)

▣ **“Murayiro”** Hapana chirevo chezwi rokuti “Murayiro”. Uku kuvaka mutauro kunonyanya kukumikidza chimiro chezita. Zvisineyi muna VaRoma, Pauro anoshandisa izwi rokuti “Murayiro kureva zvinhu zvakasiyana.

1. Murayiro wechiRoma.
2. Murayiro waMosesi.
3. Maonero maererano nemirayiro nounhu mumigarisanwa yevanhu.

Maonero echinyorwa kwete chirevo ndiwo anofanira kuburitsa zvinenge zvichirehwa nezwi. Maonero echinyorwa chino anokumikidza kuti vanhu vose vane ruzivo rwekuzviratidza kwaMwari kudurikidza nokusika pamwe neruzivo rwemuhana mavo (cf ndima 15).

**2:13 “Nokuti vanzwi vomurayiro havazi ivo vakarurama pamberi paMwari”** Izwi rokuti “Vanzwi” rinogona kureva (1) Mashandisirwo enzira yevazdidzisi vechiJudha pakudzidzisa murayiro wemumabhuku mashanu aMosesi! (Torah) kana. (2) Avo vakanzwa shoko richiverengwa mumaSinagogo, rangarira kuti vanyori veTestamende Itsva vaiva maHebheru ainyora achishandisa rurimi rwechiGiriki rwakasiyana zvishoma nechigiGiriki chekare. Zvakadarwo, ongoro yemazwi inofanira kutangira mumagwaro ezvinyorwa zvinoera (Septuagint) kwete duramazwi rechiGiriki.

Izwi rinoti “rurama” kana “ruramiswa” (*dike* muzvimiro zvaro zvose) Izwi iri rinokosha muzvinyorwa zvedzidzo yezvouMwari yaPauro (cf 3:4, 20, 24, 26, 28, 30; 4:2, 5; 5:1, 9; 6:7; 8:30,33). Mazwi “rurama” “ruramisa” “ruramiso” “kururama” na “Ruramo” ose anobva pazwi rinoti (*dikaios*) Tarira nhaurwa inokosha : Ruramo pa 1:17. MuchiHebheru (*Tsadag*, BDB 843) raireva tsanga refu yakasvatuka (zvipimo 15-20) yai shandiswa kupima zvinhu zvakaite semudhuri nerujowa. Rakazoshandiswawo sechibhende chokureva Mwari sechipimo chemutongo.

Muzvinyorwa zvaPauro izwi iri raive rakananga zvinhu zviviri chokutanga, ruramo, yaMwari inopiwa kuvatadzi pachena kudurikidza nokutenda munaKristu. Iyo inodaidzwa kuti Ruramo yokungopihwawo kana kuti youtsvakwa, inoreva chimiro chomunhu panyaya dzomurayiro pamberi paMwari akarurama. Ndipo panotangira mutauro wa Pauro wedingindira reruramiso yetsitsi kudurikidza norutendo.

Chechipiri mabasa aMwari okudzoreredza chimiro chake kuvatadzi (Genesi 1:26-27), kana neimwe nzira kuunza kufanana naKristu. Ndima ino saMateu 7:24; Ruka 8:21 naRuka 11:28; Johani 13:17; Jakobho 1:22-23, 25. Inokurudzira vatendi kuva vaiti kwete vanzwi. Ruramo yokungopihwa (ruramiso) inofanira kuita zvibereko zveupenyu hwakarurama (yereso). Mwari anoregerera nokushandura vatadzi! Mushandisiro waPauro uripaviri, Pamurayiro nepakuita zvakanaka. Chisungo chitsva chinopa vanhu kodzero asi chichida kururama kunoUmwari. Chinopiwa pachena asi chinodhura.

▣ **“Asi vaiti vomurayiro”** Mwari anoda mararamiro matsva anokuteerera (cf Revhitiko 18:5; Mateu 7:24-27; Ruka 8:21; 11:28; Johani 13:17; Jakobho 1:22-25; 2:14-28). Kazhinji maonero aya anoteverana nezwi rechiHebheru rokuti (*shema*) (BDB 1033) iro raireva kunzwa kuti uite (cf Dhuteronomi 5:1; 6:4; 9:1; 20:3; 27:9-10).

**2:14**

**NASB** “Nokuti kana vaHedheni vasina murayiro vachiita zvinhu zvomurayiro, vava murayiro wavo vamene”

**NKJV** “Nokuti kuna vaHedheni vasina murayiro, mumwoyo mavo vachiita zvinhu

- NRSV**      **zviri mumurayiro, nyangwe vasina murayiro vava mrayiro wavo vamene”.**  
**“Apo vaHedheni, vasina murayiro, vachiita zinorehwa nomurayiro, ava chero vasina murayiro, vava murayiro vamene.”**
- TEV**      **“VHedheni Havana murayiro, asi kana vachiita zvinorehwa nomurayiro nokuda kwavo vava murayiro vamene, chero vasina murayiro”.**
- NJB**      **“Ngatitii, vaHedheni vasina kumbogara vava nomurayiro, asi nokufunga kwavo vanoita zvinorehwa nomurayiro, havangave nomurayiro, asi vanogona kunzi vavamurayiro pachavo.”**

Tsika dzose dzinounhu hwekugarisana huri mumwoyo. Vanhu vose vane mutoro wechiedza chavanaicho (cf 1vaKorinde 9:21). Iyi ndima hairevi kuti Mwari achavatambira kudurikidza nechiedza chetsika namagariro avo. Asi kuti vane mutoro nokuda kweruzivo rwaMwari ruri mwoyo yavo.

**2:15 “Hana yavo ichipupura pamwechete nazvo, nezvavanofunga pakati pavo zvichivapa mhoswa kana kuva pembedza”.** Pane izwi rounhu rinozevezera mukati mehana yomunhu. asi chinovimbwa nacho chete, ishoko rineruvheneko rwoMweya. Kutadza kwakanyangadza hana dzedu, zvisineyi kusika (1:18-20) nezwi rounhu riri muhana, (2:14-15) ruzivo rwaMwari urwo runozivikanwa navanhu. Kwaiva kusina izwi rechiHebheru iro raifanana nerechiGiriki rokuti “hana” (*Syneidesis*). Pfungwa yezwi romuhana rounhu iro rinoratidza chakanaka nechakaipa, yainyanya kutaurwa nevadzamisi vendangariro vaidaidzwa kuti (Stoic Philosophers). Pauro aiva neruzivo rwevadzamisi vendangariro vechiGiriki, zvekuti anotomboshandisawo pfungwa dzavo muzvinyorwa zvake, sepana Mabasa 17:28 apo anatora pfungwa dza Cleanthes nepana 1vaKorinde. 15:33 apo anatora pfungwa dza Menander, nepana Tito. 1:12 apo anotorawo pfungwa dzaEpimenides. Izvi zvinodaro kubva pamazuva ake edzidzo apo akadzidza nezvavo ku Taso uko kwaizivikana nembiri yezvikoro zvaidzidzisa kurunga mutauro nekudzamisa ndangariro.

**2:16 “Nezuva Iro”** Tarira chinyorwa pa 2:5

- ▣ **“Sezvinoreva vhangeri yangu”** zvakanyorwa apa zvinoreva vhangeri yaPauro nekuzviratidza kwaJesu Kristu. Izwi rinesungano nezita rokuti “yangu” rinoratidza kunzwisisa kwaPauro basa routariri hwevhangeri rakanga raiswa mumaoko ake (16:25; 1vaKorinde 15:1; vaGaratiya 1:11; 2Timoti 2:8). Basa revhangeri harina kunge rapiwa Pauro oga, asi kuva Mupositori kuvaHedheni, nokuparidza chokwadi chaJesu Kristu kuvaGiriki nekuva Roma waiva mutoro mukuru.
- ▣ **“Mwari anozotonga zvakavanzika zvavanhu”** . Mwari anoziva mwoyo yavanhu vose (1Samueri. 2:7; 16:7; 1Madzimambo. 8:39; 1vaKorinde. 28:9; 2vaKorinde. 6:30; Mapisarema. 7:9; 44:21; 139:1-6; Zvirevo. 15:11; 21:2; Jeremiya. 11:20; 17:10; 20:12; Ruka. 15:16; Mabasa. 1:24; 15:8; VaRoma. 8:27; Zvakazarurwa. 2:23). Baba, kudurikida nebasa reMwanakomana vachaisa chinangwa pamwe nezviito mukutongwa (mateu 25:31-46; Zvakazarurwa 20:11-15).
- ▣ **“NaJesu Kristu”** Jesu haana kuuya kuzoita semutongi (Johani 3:17-21). Akauya kuzoratidza Mwari Baba kuvanhu, kufa rufu rwerutsivo, nokupa vatendi muenzaniso wokutevera. Apo vanhu vanoramba Jesu, vanenge vachitovhitonga vamene.



Zvisineyi, Testamende Itsva inoti iyo, Jesu achaita semumiriri waBaba pakutonga (Johani 5:22, 27; Mabasa 10:42; 17:31; 2Timoti 4:1) Gakatanwa pakati paJesu somutongi naJesu somuponisi rinoonekwa muVhangeri raJohani (3:17-21 maringe na 9:39)

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 2:17-24**

<sup>17</sup>Zvino kana iwe unonzi muJudha, unovimba nomurayiro, unozvirumbidza muna Mwari <sup>18</sup>Unoziva kuda kwake, nokutsaura kuti zvakaipa ndzvepi, nokutsaura kuti zvakanaka ndezvipi, uchidzidziswa nomurayiro, <sup>19</sup>Unozviti iwe urimutngamiri wamapofu nechiedza chavari murima, <sup>20</sup> nomurayiri wamapenzi, nomudzidzisi wavacheche, zvaunomufananidzo wokuziva nowechokwadi pamurayiro, <sup>21</sup>Zvino iweunodzidzisa mumwe, unoregereiko kuzvidzidzisa? Iwe unoparidza kuti “Munhu arege kuba” Unobireiko iwe? <sup>22</sup>Iwe unoti munhu arege kuita, “Upombwe” Unoitireiko upombwe iwe? Iwe unosema zvifananidzo, unobireiko iwe temberi dzavo? <sup>23</sup>Iwe unozvirumbidza no murayiro unoshora Mwari nokudarika murayiro neiko? <sup>24</sup> Nokuti sezvazvakanyorwa, **ZITA RAMWARI RINOMHURWA PAKATI PEVAHEDHENI NOKUDA KWENYU.**

**2:17”Kana”** Uyu mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi kubva pamanyorero nokuda kwemunyori. Uyu munyorero unoenda kusvika pandima 20 asi haina mapetero, naizvozvo Bhaibheri re(TEV) rinoshandurudza mitsara iyi semazwi anofungidzirwa kuti akataurwa naJesu. MaJudha aivimba nedzinza ravo, tsika namagariro avo uye mabasa kuti achavapa ruponeso (Mateu 3:9; Johani 8:33, 37, 39).

▣ **“Unozvirumbidza munaMwari”** MaJudha mazhinji aivimba ne (1) Kuva verudzi rwedzinza raAbhurahamu (2) nokugona kutevera murayiro waMosesi sinzira yokutambirwa naMwari, Zvisineyi, kuzviita vanhu vakarurama kudurikidza nokutevera murayiro kwavo ikoko kwakavabvisa kuna Mwari (Mateu 5:20; vaGaratiya 3). Itsaona yakadii iyoyo!

Pauro anoburitsa nyaya yokuzvirumbidza muvaKorinde. Pauro akatarirana noukukutu hwevaIsiraeri uye maGiriki ayo akanga achivimba nedzidzo. Nyaya chaiyo ndeyokuti hakuna nyama inerumbidzo kuna Mwari.

**NHAURWA INOKOSHA: KUZVIRUMBIDZA**

Aya mazwi echiGiriki anoti (*Kauchaomai, kauchēsis naKauchēma*) ayo anoreva kuzvirumbidza anoshandiswa naPauro runokwana makumi matatu ane shanu, nerunokwana ruviri muTestamende itsva yose (rwose munaJakobho). Kushandiswa zvakanyanya kwaro kunowanikwa mu 1vaKorinde na2vaKorinde.

Kune zvokwadi mbiri dzine chokwadi dzine chekuita nekuzvirumbidza.

- ★ Hakuna nyama inerumbidzo kuna Mwari (1vaKorinde 1:29; vaEfeso 2:9).
- ★ Vatendi ngavazvirumbidze muna She (1vaKorinde 1:31; 2vaKorinde 10:17 iyo inotsinhirana naJeremiya 9:23-24).

Naizvozvo kune nzira yakakodzera neisina kukodzera yokuzvirumbidza (kureva rudado).

A. yakakodzera

1. Mutariro yerumbidzo (vaRoma 4:2)

2. Muna Mwari nemunashe Jesu Kristu (VaRoma 5:11).
  3. Muchipiyano chaShe Jesu Kristu (kureva dingindira guru raPauro, muna 1vaKorinde 1:17-18; vaGaratiya 6:14).
  4. Pauro anozvirumbidza mu:
    - a. Ushumiri hwake usina muripo (1vaKorinde 9:15,16; 2vaKorinde 10:12).
    - b. Simba rake rinobva kuna Kristu (2vaKorinde 10:8-12)
    - c. Kusazvirumbidza mumabasa avamwe (sezvaita vamwe kunyika yeKorinde. (2vaKorinde 10:15).
    - d. Nhaka yake yerudzi (sezvaitirwa nevamwe kunyika yeKorinde 2vaKorinde 11:17; 12:1, 5, 6)
    - e. Mukereke dzake
      - (1) Kunyika yeKorinde (2vaKorinde 7:4,14; 8:24; 9:2; 11:10)
      - (2) Kunyika yeTesaronika (2vaTesaronika 1:4)
      - (3) Kuvimba kwake nerunyaradzo norudzikinuro rwaMwari (2vaKorinde 1:12)
- B. isina kukodzera
1. Inofambirana nenhaka yechiJudha (VaRoma 2:17,25; 3:25; 3:27; vaGaratiya 6:13)
  2. Vamwe vaiva mukereke yekuKorinde vaiva nerumbidzo
    - a. Mu vanhu (1vaKorinde 3:21)
    - b. Muuchenjeri (1vaKorinde 4:7).
    - c. Murusununguko (1vaKorinde 5:6).
  3. Vadzidzisi venhema vakaedza kuzvikudza mukereke yeKorinde (2vaKorinde 11:12)

**2:18 “Ramura”** apa pakashandiswa izwi rechiito rechiGiriki rokuti (*Dokimazo*). Iro rakashandiswa riri muchimiro chezviri kutoitika . Tarira Nhaurwa inokosha inotevera.

**NHAURWA INOKOSHA : MAZWI ECHIGIRIKI ANOREVA KUEDZA NEMINONGEDZO YAWO.**

Pane mazwi maviri echiGiriki anoreva kuedza munhu zvinechinangwa

1. *Dokimazo, Dokimion, Dokimasia*

Iri izwi nderemhizha dzesimbi, rinoreva kuvanechokwadi kuti simbi ndiyo yomhene kuchishandiswa moto kureva kuti apa rakashandiswa se moto unoburitsa kuvasimbi komene kana kusava simbi(kureva kupfurura). Muitirwo webasa iri wakava chirahwe chakashandiswa zvikuru naMwari, Satani kana vanhu panyaya dzokuedzana. Izwi iri rinoshandiswa nenzira yakanaka yokureva kuedza nechinangwa chokuzotambira.

Rinonyanya kushandiswa muTestamede itsva kureva kuedza

- a. Ngavi(Ruka 4:19)
- b. Isu pachedu(1 Vakorinde 11:28)
- c. Kutenda kwedu(Jakobho 1:3)
- d. Chero Mwari(vaHebheru 3:9)

Zvibereko zvemiedzo iyi zvaitarisirwa kuti zvive zvakanaka(cf.vaRoma 1:28;14:22;16:10;2vaKorinde 10:18;13:3;vaFiripi 2:27;1 Petirosi 1:7) naizvozvo izwi iri rinoreva munhu akaedzwa zvakaomarara akabudirira ndokutambirwa.

- a. Kuva nekodzero yokuvimbwa
  - b. Kuti tsvikiti
  - c. Kuva wechokwadi
  - d. Kukosha
  - e. Kuremekedzwa
2. *Peirazio, Peirasmus* iri izwi rinoreva kubvunzurudzwa nechinangwa chekutsvaga mhosvo kana kusatambirwa. Rinonyanya kushandiswa naJesu murenje
- a. rinoreva kuedza kokuteya Jesu (Mateu 4:1;16:1;19:3;22:18,35; Mako 1:13;Ruka 4:38;vaHebheru 2:18)
  - b. iri izwi “*peirazon*” (rinoshandiswa sezwi raSatani muna Mateu 4:3;1 vaTesaronika 3:5)
  - c. rinoshandiswa naJesu kutiyambira kuti tisaedza Mwari (Mateu 14:7;Ruka 4:12) [kana Kristu cf 1 vaKorinde 10:9]. Rinorevawo kuedza kuita chinu charamba kuita kare (cf Mabasa 9:20;20:21;vaHebheru 20:29). Rinoshandiswawo kureva kuedzwa kwevatendi (cf 1 vaKorinde 4:5;10:9,13;vaGaratiya 6:9;vaTesaronika 3:5;vaHebheru 2:18;Jakobho 1:2,13,14;1 Petirosi 4:12;2 Petirosi 2:9). Mwari anobvumira vavengi vomunhu vatatu vanoti (nyika,nyama naSatani) kuti vazviratidze munguva yakafanira uye yakanaka.

▣ “**Murayiro**” ndima 17ff inotaura nezvemaJudha saka izwi rokuti “murayiro” rinofanira kureva Mosesi izvi zvinotsinhirwa nendima 25 iyo inotaura nezvekudzingswa.

**2:18-22** Vatungamiri vechiJudha waitenda kuti nzira yavo ndiyo yakatendeka uye iriyo yoga inoenda kunaMwari. Vaivimba kuti ivo ndivo vaiva vadzidzisi vezvokwadi vezvechinamato (cf Mateu 15:14).

Mutsa unofamba pamwe nerudairo (cf Ruka 12:48).

Tarira mamwe mazwi anofambirana nokuzvivimba kwavo (cf Mateu 14:15;23:16,24;Ruka 6:39).

1. Hutungamiri hwemapofu, ndima 19
2. Chiedza chevari murima, ndima 19
3. Mugadzirisi wemapenzi, ndima 20
4. Mudzidzisi wevacheche, ndima 20
5. Kuva nemufananidzo wokuziva nechokwadi pamurayiro, ndima 20

**2:21-24.** Kana munhu akavimba nokuteerera kwake, saka kuteerera kwake kunofanira kuva kwakaperera (Mateu 5:20,48;vaGaratiya 3:10, inova yakatorwa panaDhuteronomi 27:26 naJakobho 2:10) izvi hazvigonekwe nevanhu vanezvivi. Pauro anobvunza mibvunzo yakashongedzwa nezvirungamutauro kuvateereri nevaverengi vechiJudha mundima 22-23.

**2:22.** Zvakaoma kuziva kuti Pauro airevei mundima 22-23. Sezvo tsanangudzo yake isingafambirane nokureva maJudha enguva yake, zvinogonekawo kuti tsanangudzo yezvivi iyi yakapihwa muchimiro cheMweya seyakambopihwa naJesu apo ayipirikira murayiro muna Mateu 5:20-28. VaGeorge Lairde, muchinyorwa chavo chinotaura nezvechidzidzo chouMwari muTestamende itsva (*Theology of the New Testament*) vanoti “Pauro anofanira kunge achireva kutorerwa kunoita Mwari ruremekedzo rwake, runya rwepaMweya nokufumurwa kwezvipiriso zvaMwari oga neavo vanozvirumbidza vanozviita vatongi namadziishe pamusoro pezvimwe zvisikwa, izvo zvavakafanana nazvo “p. 505.

**2:22 “Sema zvfananidzo”** kusuduruka pachinhu nekuda kwemunhuwe vakaipa, ndihwo hwaro hwechirevo chezwi iri.

☐ **“Unobireiko iwe temberi dzavo?”** Nhoroono yezvinoreshwa apa hainyatsozivikana, asi panoratidza kuti parikutakurwa nyaya yezvfananidzo.

**2:23 “Kuzvirumbidza”** Tarira nhaurwa inokosha:- Kuzvirumbidza pa 2:17.

**2:24** Izvi zvakatorwa pana Isaya 52:5 muzvinyorwa zvinoera. Makomborero aMwari kuIsiraeri ekuchengeta chisungo (Dhuteronomi 27-28) akanga achifanira kuva chapupu kunyika yese. Zvisineyi Isiraeri haina kuchengeta chisungo, saka nyika yakaona kutonga kwaMwari chete (Ezekieri 36:22-32). Isiraeri yaizova nyika yava Pirisita (Ekisodho 19:5-6). Ichiunza nyika yose mukutenda muna Mwari (cf. Genesi 12:3; vaEfeso 2:11-3:13). Tarira nhaurwa inokosha:- Rerekero yeVhangeri yaBob.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 2:25-29**

**<sup>25</sup>Nokuti kudzingiswa kunobatsira kana iwe uri muiti wemurayiro; asi kana uri mudariki womurayiro, kudzingiswa kwako kwava kusadzingiswa <sup>26</sup>Zvino kana iye asinakudzingiswa achichengeta zvirevo zvomurayiro ko kusadzingiswa kwake hakunganzi kudzingiswa here? <sup>27</sup>Neasina kudzingiswa kubva pakuzvarwa kwake, kana achichengeta murayiro, haangangokutongi here iwe unodarika murayiro, iwe unomurayiro wakanyorwa, uyewo kudzingiswa? <sup>28</sup>Nokuti uyo haasi muJudha, ari muJudha pakuonekwa chete; nokudzingiswa hakuzi iko kunowonekwa kuri panyama; <sup>29</sup>Asi muJudha ndiye uri muJudha nechomukati; nokudzingiswa ndiko kwomwoyo, muMweya, kusati kuri kwezvakanorwa; iye haarumbidzwi navanhu asi naMwari.**

**2:25 “Kudzingiswa”** Pauro achiri kushandisa nzira yomubvunzo-mhindu. Mumwewo munhu anogona kutaura achiti, isu takadzingiswa (cf. Genesi 17:10-11)Tiri verudzi rwaAbhurahamu. Pauro anoparadza zvachose izvo maJudha aivimba nazvo. (cf. Mateu 3:7-10; Johani 8:31-59).). Vavakidzani vose veIsiraeri vaive vakadzingiswa kusara kweva Firisitiya. Chiitiko chokudzingiswa handicho chaikosha, asi rutendo rwemunhu ainge adzingiswa (cf. ndima 26-27; Dhuteronomi 10:16; 30:6). Izvi zvinowanikwa muzvinamato zvakawanda. Vanhu vezvinamato vanoda makomborero echisungo chaMwari asi ivo vasingaitewo mungava wavo wechisungo.

**2:25-26 “Kana... kana... kana...”** Aya mazwi matatu anonongedza zvichaitika mberi. Kuteerera (cf. Dhuteronomi 27-30)ndiro donzvo redoritori raPauro muchikamu chepiri, kwete muna vaRoma 3:21-31 (cf. vaGaratiya 3). Kuteerera chibereko cheruponeso asi nyasha ndihwo hwaro (cf. vaEfeso 2:8-10).

**2:26-27** Ndima idzi dzinopa tariro yokuti vamwe vaHedheni vava norudaviro rwechiedza chavainacho (chivakamutauro chinotarisiro mhinduro yokubvuma pandima 26). Muenzaniso mumwechete wemuBhaibheri uripo ndevaKoniriyo, munaMabasa 10). Ichokwadi kuti haanyatsoenderani nendima iyi nekuti aitya nekunamata Mwari, paSinagogo munharaunda make.

Idzi ndima dzinopikisana nedoritori raPauro rokudikwa kworuponeso kumaJudha. VaRoma 3:23, ipfupiso nokuti vanhu vese vakarasika paMweya kana vasina Kristu. Kana paine vaHedheni vanorarama nechiedza chavainacho kubva pakusikwa nehanha younhu, Mwari anovapa mukana wekuva norudaviro kuna Kristu. Nemamwe maitiro, imwe nzira kana imwe nguva.

**2:28-29 “Nokuti haazi muJudha...ari muJudha”** Iyi inhaurirano inokosha zvikuru nokuti vamwe vadzidzi vezvouMwari vemazuva ano vanoedza kusiyanisa vanhu vaMwari veTestamende yakare neve Testamende Itsva. Kune chisungo chimwe nevanhu vamwe (cf Varoma 9:6; vaGaratiya 3:7-9, 29; 6:16; iPetirosi 3:6)Chisungo chitsva, ivandudzo nezadziso yechisungo chakare. Vanhu vaMwari, vagara vari vake nerutendo kwete nedzinza. Ndevemwoyo kwete vekupira kana verudzi. Rutendo kwete mubereki ndivo musimboti. Pfungwa yechisungo kwete chiratidzo chechisungo, ndiwomunembo.

▣ **Nyama:** Tarira Nhaurwa Inokosha pa 1:3

**2:29** Chiratidzo chechisungo chekudzingiswa (Genesi 17:14) Chaiva chibhende muTestamende Yekare chokuratidza kuzvipira kwomunhu kuna Mwari.Chibhende ichi chakashandiswa nenzira dzakasiyana-siyana.

1. Kudzingiswa kwomwoyo (Dhuteronomi 10:16; 30:6; Jeremiya 4:4; 9:24-25)
2. Kudzingiswa kwenzeve (Jeremiya 6:10)
3. Kudzingiswa kwomuromo (Ekirodho 6:12, 30)

Murayiro hauna kumbogara waitwa sechipameso, asi senzira yekushandura upenyu hwezuya nezuya hweukama naMwari hwakaratidza zviito nevimbiso yake kuvana vaAdhamu.

Tarira Nhaurwa Inokosha: Maonero aPauro panyaya yemurayiro pa 13:9.

▣

**NASB “Izvo zvomwoyo neMweya kwete zvakanyorwa”**

**NKJV “Izvo zvomwoyo muMweya uye kwete mukunyorwa”**

**NRSV “Inyaya yomwoyo-ndeyo Mweya kwete zvinyorwa”**

**TEV “Rinoreva basa roMweya waMwari, kwete romurayiro wakanyorwa”**

**NJB “Mumwoyo – Chisiri chinyorwa asi zvoMweya”**

Uyu mutsara unoreva zvakanwanda mururimi rwechiGiriki. Dzimwe shandurudzo dzinoti unoreva Mweya maringe nezvinyorwa, dzinomuonero uyu ndedzinoti (NRSV, Tetsamende Itsva yakanyorwa mushure memakore zviuru zviviri [*Twentieth century New Testament*] Shandurudzo yaKnox [*Knox translation*], Shndurudzo yeLamsa wePeshiita [*The Lamsa translation*] Shandurudzo yavaWilliams [*The Williams translation*] ne[*The new Berkeley Version*]. Dzimwe shandurudzo dzinoona musiyano uri pakati peMweya mutsvene (7:6; 2vaKorinde 3:6 apo panowanika murongerero wemafungiro akafanana) nezvinyorwa, Izvi zvinotsigirwa mushandurudzo dzinoti (NASB, NKJV, NEB, NIV ne TEV) Tsoropodzo yeBhaibheri reJerome [*The Jerome Biblical contemporary, p 299*] Inopawo maonero ayo netsigiro yezvakanyorwa pana 2VaKorinde 3:6 ichiti yaiva nzira yomunyorero waPauro yokushandisa chibhende ch okureva chisungo chekare nechisungo chitsva; Chokutanga chiine chimiro cheruponeso uye chechipiri chiine pfungwa dzehana itsva, Mweya mutsva wakapihwa neMweya Mutsvene munguva itsva yo Mweya.

Pauro aigarobata bata nyaya yokuti VaHedheni vangangoita zvinofadza Mwari zvisineyi nomurayiro. Kana ichi chiri chokwadi, saka vana vaMwari vaisanganisira kupfuura avo vainge vachecheudzwa (vaGaratiya). Mhuri yaMwari, ihuru kupfuura rudzi rwamaJudha. (cf Genesi 3:15; 12:3; Ekisodho 19:5); Jobho, Merikizedeki, Jeturo, Kerebho, Rahabhu naRute vakanga vasiri verudzi rwechiJudha. Chero madzinza aEfuremu naManasi vaiva neropa rechiIjipita (Genesi 41:50-52).

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderotsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Iyi mubvunzo yenhaurirano yakarongwa nedonzvo rekuti ikubatsire kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Inodenha ndangariro, haisi yekupedzeredza chidzidzo.

1. Ko kusatendeka kweMaJudha kunokanganisa zvakadii vimbiso yaMwari (3:3-4)?
2. Zvine pundutso here kuva muJudha pamberi paMwari (3:1-8)
3. Chii chinonzi mubvunzo-mhindu?
4. Chinangwa chemubvunzo-mhindu mundima 5-8 ndecheyi?
5. Nzira inoraramisa nayo ine basa here, kana chenuro iri yenyasha kudurikidza nokuva norutendo zvisineyi namabasa (3:8)?
6. Pamaonero ezvidzidzo zvouMwari ko kushaya maturo zvachose kunoreveyi (3:10-18)?
7. Chinangwa chomurayiro waMosesi kana murayiro zvavo ndecheyi (3:20; vaGaratiya 3:24-25)?
8. Sei zvikamu 1-3, izvo zvinotaura nezve kurasika kwomunhu zvisingatauri nezva Satani?
9. Vimviso dzemu Testamende Itsva dzine zvimiso here kana kuti hadzina zvimiso?
10. Chinangwa chomurayiro ndecheyi pahupenyu hwemunhu 1) Hweuyo asiri muJudha. 2) MuJudha?
11. Nyora namazwi ako, doritori raPauro mu 1:18-3:20 ganhuro imwe neimwe.

## VAROMA 3

<b>GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO</b>				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
VaJudha nomurayiro 2:16-3:8 3:1-8	Kudzivirwa kwo Mutongo waMwari 3:1-8	Chouviri ChavaJudha 3:1-8	VaJudha nomurayiro- 3:1-4 3:5-6 3:7-8	Vimibiso yaMwari haingavararamise 3:1-8
Kune kusaruram  3:9-20	Vose vakatadza  3:9-20	Vose vanemhaka  3:9-18 3:19-20	Hakuna munhu akarurama  3:9-18 3:19-20	Vose vane mhaka  3:9-18 3:19-20
Kururama nokutenda 3:21-26	Kururama nokutenda KwaMwari 3:21-26	Kutenda kunechokwadi 3:21-26	Mararamisirwo akaitwa munhu naMwari 3:21-26	Kuraudzwa kwekutonga kwaMwari 3:21-26
3:27-31	Kusiiwa Kwekuzvikudza 3:27-31	Kuzvikudza kunosiiwa 3:27-31	3:27-31	Zvinoitwa nokutenda 3:27-31

### **MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)**

#### *ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA*

Gwaro rino nderetsoropodzo,nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo.Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe,Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari.Usafe wakasiyana nazvo,zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo .Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri ,echizvinozvino mashanu.Ganhuro haina tuso yemweya ,asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyori,Ndiyozve hwaro hwepupirikira.Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO**

- A. Ndimba 1-8 dzine chirevo chimwe, asi zvakati omezi kutevera pfungwa dza Pauro nokuti anoshandisanzira yemanyorero inonzi mubvunzo-mhindu, ( apo anobvunzaachipa amhinduro).
- B. Zvinoita sokuti Pauro anotarisira mubvunzo kubva kumaJudha paVaRoma 2:17-29. Saka anogara apindura mubvunzo wacho (Verengazvinyorwa zvavaCorley, Vaughan, Romans, pp37-39).
  1. Mubvunzo wokutang. KomaJudha haanawo chouviri here? (Ndimba 1-2)
  2. Mubvunzo wepiri. Ko vhangerirakakoneswa nokuti mamwe maJudha ainge asina rutendo here? (Ndimba 3-4).
  3. Mubvunzo wetatu. Kana Mwari akashandisa maJudha kuzviratidza maJudha achine murandu uyu here? (Ndimba 5-8)
- C. Mhendero inodzoka kuna VaRoma 2:11. Hakuna chizivano kuna Mwari. Vanhu vose vanotopa rondedzero yokururama vasina chiedza chavakapihwa (kuzviratidza kwaMwari kudurikidza nokusika kana kudurikidza nokuzviratidza kuvanhu pazima nenzira yemaporofita kana dzimwewo nzira dzakawanda dzoMweya.
- D. Ndimba 9-18 dzine mitsara inechitsama yakatorwa kuTestamende yekare inotaura nezve zvivi zvevaJudha.
- E. Ndimba 19-20 dzinokumbanidza chimiro cheMweya cheIsiraeri nechinangwa cheTestamende yekare (vaGaratiya 3).
- F. Ndimba 21-41 dzinopa pfupiso yeVaRoma 1:18-3:20 ndidzo dzinopa nhengeny'a yokutanga yezvidzidzo zvoMwari zveVhangeri (Tarira tsanangudzo muchidimbu,p.2).

## **DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA**

### **NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):3:1-8**

**<sup>1</sup>Ko muJudha anopfuura vamwe neiko?,kana kudzingiswa kunobatsireiko? <sup>2</sup>Zvizhinji nemitoo yose, pakutanga, kuti ndivo vakapiwa mashoko aMwari.<sup>3</sup>Nokuti zvinodiniko kana vamwe vasina kutenda? Ko kusatenda kwavo kuchakonesa kutendeka kwaMwari here?<sup>4</sup> Haisva! Mwari ngaave wechokwadi, asi vanhu vose vave venhema; sezvazvakanyorwa, zvichinzi, “KUTI MURURAMISWE PAMASHOKO ENYU,**



**MUKUNDE PAKUTONGWA KWENYU.”<sup>5</sup> Asi kana kusarurama kwehu kuchiratidza kururama kwaMwari,tichatiiko?kuti Mwari haana kururama here,zvaanoita nehasha? (Ndinotaura nokutaura kwomunhu). <sup>6</sup>Haisva!Mwari angagotonga nyika Seiko?<sup>7</sup> Zvino kana chokwadi chaMwari chawanzwa nenhema dzangu, iye akakudzwa nazvo, ko neniwo ndichatongerwei somutadzi? <sup>8</sup>Ticharegerereiko kutaura(sezvatino pomerwa,uye sezvino reva vamwe vachiti tinodaro), tichiti,”Ngatiitezvakaipa, kuti zvakanaka zvibudepo?” Kutongwa kwavo kwakarurama.**

**3:1”Ko muJudha anopfuura vamwe neiko?”**Pauro arikurambaachishandisa nzira yokunyora yemubvunzo-mhindu ,kana yefungidziro yomupikisi,kutaura shoko rake roudonogodzwa hwezvakaitirwa maJudha .Tarira pavaRoma 3:2 nepa 9:4-5.Pauro anovandudza ganhuro iyi muzvikamu 9-11.

**3:2”Pakutanga kwazvose”**Pauro anoshandisa izwi rokuti “pakutanga”munavaRoma 1;8asi pasina chimwe chinhu chaanozotaura nezvacho.Pauro anoita zvimwechetezvo pachikamu chino.Munyorero waPauro waiva waka dzama uye anoita zvokutaura achinyorerwa ndizvo zvinoita kuti kuvaka mutauro kwake kubude kusina kuperera.

- ▣ **“Vakapiwa mashoko aMwari”**kuva nokuzviratidza kwaMwari,mutoro uye indemeredzi huru kwazvo(cf 9:4-5).Vakava vachengeti vechipo chaMwari(izwi rechiito riri muchimiro chokuitirwa,1vatesaronika2:4).

Izwi rokuti (*logion*)”zame”ndere chiGiriki,rinoreva kuti Mwari,rioshandiswa muBhaibheri rechiGiriki(Septuagint)(Numeri 24:4,16;Dhuteronomi 33:9;Mpisarema 107:11;119:67;Isaya 5:24;28:13)rinovawo nechirevo chimwechetecho mutestamende yekare .Rinoshandiswa nenzira imwecheteyo mutestamende itsva(Mabasa 7:38; vaHebheru 5:12;1Petirosi 4:11).

**3:3”Kana”**uyu MUTSARA UNOPA FUNGIDZIRO YEKUVA NECHOKWADI, pamaonero emuyori.Ndima5 na7 DZINECHIMIRO.

Chimwechetecho , chefungidziro yekuva nechokwadiKuvakamutauro kuripandima yetatu inotaridza tarisiro yemhinduro yokuti “kwete”



**NASB, NKJV “vamwehavana kutenda”**

**NRSV, NJB “Vamwe vakashaya rutendo”**

**TEV “Zvinodiniko kana vamwe vasina kutenda”**

Izvi zvinogona kureva mumwe nomumwe veva Isiraeri akazvimiririra (1) Kusatendeseka kana (2) Kushaya rutendo muna Mwari paupuzima.

Zvinonetsa pama fungiro evanhu kubatanidza vimbiso isina zvimiso yaMwari (kureva rudzikinuro rwevatadzi) nezvimiso zverudaviro rwevanhu. Tarira Nhairwa inokosha :Chisungo pa 9:4. Uku ndiko kudzama kweBhaibheri (verenga VaRoma 3:4-5) Mwari akatendeka chero apo vanhu vake vanenhu vasina kutendeka. (cf Hosiya 1, 3; 2Timoti 2:13)

- ▣ **“Kukonesa”** Tarira nhairwa inokosha inotevera.

### **NHAURWA INOKOSHA : KUSAVA CHINHU NEKUVA DEMHE (KATARGEŌ)**

Izwi rekuti (*KatargeŌ*) iro rinoreva kuti kusava chinhu raiva rimwe remazwi aaifarirwa naPauro. Akarishandiswa runosvika makumi maviri neshanu (25), asi iro pamutauro rinorevawozvakawanda.

- A. Pazvidzidzo zvezmazwi nezvaanoreva mudzi wezwi iri nderimwe rkuti (*argos*) iro rinoreva zvinotevera.
  - 1. Kusaita chinhu
  - 2. Kuva sharaputa
  - 3. Kusashandiswa
  - 4. Kuva chinhu chisina basa
  - 5. Kusashanda
- B. Izwi rarakabatanidzwa naro rokuti (*Kata*) rakashandiswa kureva :-
  - 1. Kusaita chinhu
  - 2. Kuva chinhu chisina basa
  - 3. Icho chakapfundzwa
  - 4. Icho chakabviswa
  - 5. Icho chisingashandi zvachose
- C. Rinoshandiswa kamwe muna Ruka kutsnangura kushaya zvibereko, naizvozvo kuva muti usina basa (cf Ruka 13:7).
- D. Pauro anorishandisa sechirahwe nenzira mbiri
  - 1. Mwari achishaisa basa zvose zvakashatira vanhu
    - a. Mubarirwe wevanhu vekutadza- VaRoma 6:6
    - b. Murairo waMosesi maererano nevimbiso yaMwari “yemhodzi”- VaRoma 4:14; vaGaratiya 3:17; 5:4, 11; vaEfeso 2:15.
    - c. Masimba emweya 1vaKorinde 15:24.
    - d. “Munhu asingateveri murayiro”- 2vaTesaronika 2:8.
    - e. Kufa panyama 1vaKorinde 15:26; 2Timoti 1:16 (vaHebheru 2:14)
  - 2. Mwari achitsinhanisa chisungo chekare nechitsva
    - a. zvinechokuita nemurayiro waMosesi- VaRoma 3:3, 31; 4:14; 2vaKorinde 3:7, 11, 13, 14.
    - b. Ringanidzo yomuchato yakashandiswa kureva murayiro- VaRoma 7:2, 6.
    - c. Zvinhu zvenguva ino – 1vaKorinde 13:8, 10, 11.
    - d. Muviri uyu – 1vaKorinde 6:13.
    - e. Vatungamiri venguva ino – 1vaKorinde 1:28; 2:6.

Izwi iri rinoshandurudzwa nenzira dzakawanda, asi chirevo charo chikuru ndechokushaisa chinhu basa, kusava chinhu nokuva demhe, kusashanda, nekusava nesimba, asi kwete kusavapo, kuparadzwa kana kunyungurudzwa.

- ▣ **“Kutendeseka kwaMwari”** chokwadi ichi (cf 1vaKorinde 1:9; 10:13; 2vaKorinde 1:18). Ndi hwaro hweruvimbo rwevanhu mukuvimbika kwaMwari. (cf Dhuteronomi 7:9; Isaya 49:7).

- 1. Maitiro asingashanduke
- 2. Vimbiso dzisina mugumo

Akazviratidza mukuseka muchisungo nemumutumwa! Chero mukati nekusatendeseka kwavanhu, iye anoramba akatendeka (2Timoti 2:13)

3:4

NASB “Ngazvisafa zvakava”  
NKJV, TEV “Zvedi kwete”  
NRSV “Kwete, neipi zvayo nzira”  
NJB “Chingava chinyangadzo”

Iyi inzira isina kujairika yakashandiswa yekutsanangura rudokwairo kana runyengetero. Zvekare mutsara uyu unofanira kushandurudzwa uchiti ngazvisafa zvakava. Unogonawo kureva chirahwe chechiHebheru. Kushamisika kokusatenda wainyanya kushandiswa naPauro senzira yemunyorero wake yemibvunzo-mhindu (cf VaRoma 3:4, 6, 31; 6:2, 15; 7:7, 13; 9:14; 11:1; 1vaKorinde 6:15; vaGaratiya 2:17; 3:21; 6:14). Yaiva nzira yake yokuramba zvine mutsindo pungwa yebvumirano.

Tarira nzira dzokunyora dzinoshandiswa naPauro kuramba mibvunzo nemitsara yemupikisi wefungidziro

1. “Ngazvisava zvakava”, ndima 4,6
2. “Mwari ngaave wechokwadi, asi vanhu vose vave venhema” ndima 4
3. “(Ndinotaura nokutaura kwomunhu)”, ndima 5.
4. “(Sezvatinopomerwa uye sezvinozveva vamwe vachiti tinodaro)” ndima 8.

▣ **“Mwari ngaave wechokwadi, asi vanhu vose vave venhema”** Uyu mutsara une chimiro chezvirikuitika uye zvicharamba zvichiitika. Murongerwo wemutsara une chimiro chebindirira rezviri kutaurwa nezvazvo; Mwari akatendeka uye ndevechokwadi. (Tarira nhaurwa inokosha pa1:18) Vanhu Havana kutendeka uye vane nhema. Urwu rutsigiro rwezviri pana Mapisarema 116:11 uye zvakafanana nezvakadzidzwa naJobho muna Jobho 32:2; 40:8.

Tarira zibatakose rechivi muchikamu chino iro rinoburitswa nekushandiswa kwe izwi rokuti (*pas*) iro rinoreva kuti “vose, mumwe nomumwe” mundima 4,9 12,19,20,23,4, asi rumbidza Mwari pamwe nezibata kose repfupiro yeruponeso kuvanhu vose (cf VaRoma 3:22)

▣ **“Sezvazvakanyorwa”** semanyorerwo akaitwa apa zvinoreva kuti “zvakanorwa uye zvicharamba zvichinyorwa”. Uyu mutsara unotsanangura kuenda mberi kwechiito. Vakava mutsara unechimiro unechirevo chokureva kutuswa kweshoko naMwari (Mateu 5:17-19). Unotura mazwi akatorwa pana Mapisarema 51:4 kubva kushandurudzo dze Bhaibheri rechiGiriki (LXX).

**3:5-6** Doritori rinoitwa naPauro mindima dzino ndere kusarudzwa kweIsiraeri naMwari senzira inokosha yekuzviratidzakunyika yose (Genesi 12:3; Ekirodho 19:5-6). MuTestamende yakare kusarudzwa kwaireva ushumiri kwete kuitirwa zvakanaka nenzira yechizivano. Mwari akaita chisungo navo. Iye aive akatendeka; ivo vakanga vasina kutendeka (Nehemiya 9). Kutongwa kwakaitwa vana valsiraeri naMwari vakanga vasina kutendeka, ndihwo umboo hwakwana hwekururama kwake.

Isiraeri yaiva nzira yaMwari yekuzviratidza kuvaHedheni. (Vakakoniwa cf VaRoma 3:24)! Chinangwa chaMwari cheruponiso hwezibata kwose (cf Genesi 3:15) hachikanganiswe nekukoniwa kweIsiraeri. Zvakadaro, kutendeka kwaMwari kuchisungo chake chokutanga kunoburitswa muna VaRoma 9-11. Isiraeri isingatendi inorambwa, asi Isiraeri inotenda inosvitsa padanho repamusoro, hurongwa hwaMwari hwerudzikinuro.

Mubvunzo-mhindu waPauro mundima 5-6 unofambirana nezvirimundima 7-8.

**3:5 “Kana”** Iri izwi rakashongedzwa nefungidziro yekuva nechokwadi senzira yekuzadzisa chinangwa nemaonero emunyori (first class conditional sentence). Ndima 3 na 7 nadzowo dziri muchimiro chimwechetecho.

▣ **“Kana kusarurama kwedu kuchiratidza kururama kwaMwari”** . Iri, izwi rinesungano nezita (pronoun) “kwedu” Ingumbakamwe remaJudha ose. Tarira nhaurwa inokosha pa 1:17.

▣ **“Tichatiiko”** Pauro achirikushandisa mubvunzo-mhindu (cf VaRoma 3:5; 7:7; 8:31; 9:14, 39). Pauro arikuburitsanyaya yake pachena nekushandisa mupikisi wefungidziro (cf Maraki 1:2, 6, 7, 12, 13; 2:14, 17 [kaviri]; 3:7, 13, 14)

▣

NASB	“(Ndinotaura nokutaura kwomunhu)”
NKJV	“(Ndinotaura somunhu)”
NRSV	“(Ndinotaura nenzira yomunhu)”
TEV	“(Ndinotaura pane sezvinoita munhu)”
NJB	“-kushandisa ringanidzo yomunhu-”

Pauro anoshandisa mafungiro emunhu padoritori rake rezvezvidzidzo zvouMwari (cf VaRoma 6:9; 1vaKorinde9:8; vaGaratiya 3:15). Pano anoashandisa senzira yokuramba pfungwa dzomupikisi wefungidziro.

**3:7-8.**Pane kufambirana kuri pachena pakati pendima 5 na 7 (dzose dzinotanga nevara rokuti “*ei de*”). Pauro angangova:-

1. Achienderera mberi nekushandisa mubvunzo-mhindu kana mupikisi wefungidziro (cf VaRoma 3:5, 7; 7:7; 8:1; 9:14, 30).
2. Achitirimuka tsoropodzo yemharidzo yake yechenuro norutendo rwoga (cf ndima 8).

Pauro haana kutsanangura kana kupindura murandu uyu zvakakwana, asi anoramba nenedzero iyi zvakasimba. Zvinogona kuti kuramba chenuro yerutendo yekupiwa pachena, kunokonzera uhoromori kana kusava noruteereri hwerutendo. Pauro aitenda kuti kuvana nyasha pachena kwaizova nezvibereko zvokuva saKristu, kuburikidza nemweya mutsva noupenyu hwemufaro!. Ava vaitevedza tsika nounhu vechiGiriki nevechiJudha; uye na Pauro, vose vaida kuti vateveri vavo vave nougaro hune gwara rounhu hwakanaka. Asi ugaro uhwu hunouya, kwete nokutevera mitemo yapaniyika, asi nomwoyo mutsva, pfungwa itsva nomweya mutsva (cf Jeremiya 31:31-34; Ezekieri 36:22-36).

**3:7 “Kana”** Iri izwi rineshonedzo yefungidziro yekuva yechokwadi sezadziso yemafungiro nemaonero emunyori (*first class conditional sentence*) (riripowo pandima 3 na 5).

▣ **“Kuwanzwa”** Tarira nhaurwa inokosha pa.15:13

▣ **“Rumbidzo yake”** Tarira chinyorwa pa 3:23.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) : 3:9-18**

<sup>9</sup> Zvino todiniko? Tinovapfuura here? Kwete napaduku; nokuti tambopa vosemoswa, vaJudha nava Giriki, tichiti vosevakasungwa nezvivi; <sup>10</sup>Sezvazvakanyorwa zvichinzi, “HAKUNA AKARURAMA, KUNYANGE NOMUMWE, <sup>11</sup>HAKUNA ANONZWISISA, HAKUNA ANOTSVAKA MWARI. <sup>12</sup>VAKATSAUKA VOSE, VAKAVA VANHU VASINA MATURE, HAKUNA ANOITA ZVAKANAKA, KUNYANGE NOMUMWECHETE; <sup>13</sup>HURO DZAVO MBWIRO HWAKASHATA; VAKANYENGERA NENDIMI DZAVO. UTURU HWENYOKA HURI MUMIROMO YAVO; <sup>14</sup>MUROMO VAVO UZERE NOKUTUKA NOKUVAVA; <sup>15</sup>TSOKA DZAVO DZINOKURUMIDZA KUTEURA ROPA; <sup>16</sup>KUPARADZANENHAMO ZVIRIMUNZIRA DZAVO; <sup>17</sup>NENZIRA YERUGARE HAVANA KUIZIVA. <sup>18</sup>KUTYA MWARI HAKUSI PAMBERI PAVE”

**3:9**“Tinovapfuura here” Ichi chivakamutauro hachirevi chinhu chimwe. Zviri pachena kuti chokwadi chaicho cheganhuro ino ndechokuti vanhu vanoda nyasha dzaMwari (cf VaRoma 3:9, 19, 23; 11:32; vaGaratiya 3:22). Zvisineyi hazvina kunyatsojeka kuti kwairehwa maJudha (Pauro nehama dzake cf TEV, RSV). Kana maKristu (Pauro nevamwe vatendi vake, kunze kwenyasha dzaMwari) MaJudha aiva nomukana vakapfuura vamwe (ndima 1-2; 9:4-5), Asi mukana uyu ndivo vaivapa mutoro mukuru (cf Ruka 12:48)! Vanhu vose vakarasika pamweya uye vanoda nyasha dzaMwari.

Izwi rokuti “pfuura” rinonzwisiswa nevamwe vadzidzi vashoma, riri muchirevo chokuitirwa, pane kuva nechirevo chokuita (kuva nane) izvo zvakazounzashandurudzo yokuti “kuitirwa madanha na” kana “ kushaiswa mukukana na” VaRoma itsamba, patsamba dzaPauro inovanzonzi haina kwayakarerekerera. Tsamba zhinji dzaPauro dzinovanzo taura nezvenyaya kana dambudziko rinenge riri munharaunda (magwaro akanangana nemisi). Zvisineyi godu pakati pevatungamiri vechiJudha nevechiHedheni mukereke ringangiva hwaro hwezvikumamu 1-3 ne 9-11

- ▣ “Nokuti tambovapa vose mhoswa vaJudha navaGiriki tichiti vose vakasungwa nezvivi”. Iri izwi rechiito rinonongedza muiiti uye riine chirevo chedzokoro rechiito rinovanikwa pano chete muTestamende itsva. Pauro arikureva simbiso yeDorotori repa VaRoma 1:18-2:29
- ▣ “Sungwa nezvivi” Pauro anotsanangura “chivi” nechimiro chemunhu, “ Verenga tsoropodzo yeBhaibheri yaJerome” (*Jerome Biblical commentary, p300*) chomupi vebasa aneutsinye pamusoro pe atadza ( cf VaRoma 6:16-23).

**3:10-18** “Sezvazvakanyorwa” Uyu mutsara unowanikwazve mundima 4. Mitsara inotevera yakatorwa muTestamende yakare, inoshandisa muviri vemunhu sedimikira rokutadza kutsanangura zvakazara kutadza kwevanhu.

1. Ndimu 10-12, Muparidzi 7:20. Kana Mapisarema 14:1-3
2. Ndimu 13, Mapisarema 5:9 na 140:3
3. Ndimu 14, Mapisarema 10:7
4. Ndimu 15-17, Isaya 59:7-8 na Zvirevo 1:16
5. Ndimu 18, Mapisarema 36:1

Zvinoshamisa kuti Pauro haana kushandisa Isaya 53:6

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):3:19-20**

**<sup>19</sup>Zvino tinoziva kuti zvose zvinorehwa nomurayiro, anozvitauna kuna vose vari pasi pomurayiro; kuti miromo yose idzivirwe nenyika yose ive nemhoswa pamberi paMwari.**

**<sup>20</sup>Nokuti hakuna nyama ingaruramiswa pamberi pake namabasa omurayiro; nokuti zvivi zvinoziviswa nomurayiro**

**3:19 “Tinoziva kuti”** Tarira chinyorwa pa2:2

▣ **“Murayiro”** Mumatauro aya zvinofanira kureva Testamende yake yose (ndima 21). Nokuda kweganhuro dzisina kubva mumagwaro omurayiro, dzakashandiswa pandima 18, Pauro anotsanangura “Murayiro” nechimiro chomunhu sezvaanoita “chivi” mundima 9 (cf VaRoma 6:16-23).

▣ **“Kuna vose vari pasi pomurayiro”** izvi zvinoreva vapinduki vechiJudha nevechiHedheni. Nyangwe zvazvo mitsara mizhinji iri muTestamende yekare yaishandiswa kureva vaHedheni. Vanhu vose vatadzi (cf VaRoma 3:23)!

▣

**NASB “Kuti Miromo yose ivharwe, nenyika yose ipe rondedzero pamberi pa Mwari”**

**NKJV “Kuti miromo yose idzivirwe nenyika yose ive nemhoswa pamberi paMwari”**

**NRSV “Kuti miromo yose inyaradzwe, nenyika yose iittwe kuti ipe rondedzero pamberi paMwari”**

**TEV “Nokuda kudzivirira pembedzo yomunhu nokuisa nyika yose pamusi pemutongo waMwari”.**

**NJB Asi zvakaitirwakunyaradza mumwe nomumwe, nokuisa nyika yose pamutongo waMwari.**

Iri ndiro dingindira guru rezvikamu 1:18-3:20 , Iro rinotsanangurwa muchidimbu muna VaRoma 3:23.

▣ **“Miromo yose”** pane mitsara yakawanda mundima 19-20 inoreva vanhu vose

1. “miromo yose” ndima 19

2. “Nyika yose” ndima 19

3. “Hakuna nyama” ndima 20

**3:20 “Nokuti hakuna nyama ingaruramiswa pamberi pake namabasa omurayiro”** Uyu mutsara unotsigirana naMapisarema 143:2 (verengazve Jobho 4:17; 9:2; 25:4; Mapisarema 130:3; Zvirevo 20:9; Muparidzi 7:20; iMadzimambo 8:46; 2Makoronike 6:36) Asi yakawedzera nomutsara vezaruro. Ichi chaive chinhu chikuru muvhangeri raPauro (vaGaratiya 2:16; 3:11) Pauro semuFarisi aive akazvipira. Pauro aiziva kusabatsira kweubindikiti pamwe nekuita zvakanaka mune zvechinamoto senzira yekupa rugare muhana.

Zve “nyama” tarira nhaurwa inokosha 1:3.

▣

**NASB, NRSV**

**NKJV**

**“Nokuti zvivi zvinozivikanwa nomurayiro”**

**“Nokuda komurayiro, kunova noruzivo rwezvivi”.**

**TEV** “Zvinoitwa nomurayiro ndezvekuti aita chivi”

**NJB** “Zvinongitwa nomurayiro kuti zivisa kuti chivi chii”

Ichi ndicho chaiva chimwe chezvinangwa zveTestamende yakare. Tarira nhaurwa inokosha pa 13:9. Yakanga isina kuitirwa kuwunza ruponeso kuvatadzi, chinangwa chayo ndechekuburitsa utadzi nokutunhira vanhu kutsitsi dzaMwari (4:15; 5:13, 20; 7:7; vaGaratiya 3:19-22, 23-29).

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Kusatendeka kwemaJudha kunokanganisa sei vimbiso yaMwari? (3:3-4)
2. Ko kuva muJudha kunobatsira here? (3:1-8).
3. Ko chinangwa chomupikisi wefungidziro ndechei (Mubvunzo-mhindu) mundima 5-8.
4. Kurararma netsika dzakanaka kunobatsira here, kana chenuro iri yenyasha kudurikidza norundo, kunze kwemabasa (3-8)?
5. Buritsa zvinoreva kunyangadza zvachose uchishandisa maonero ava Calvin mune-zvedzidzo zvouMwari (3:10-18).
6. Chinangwa chomurayiro waMosesi kana murayiro zvawo ndechei (3:20); vaGaratiya 3:24-25)?
7. Sei Satani asingambotaurwe nezvake muzvikamu 1-3 izvo zvinotaura nezvekurasika kwavanhu?

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO REVAROMA 3:21-31**

A. VaRoma 3:21-31

1. Pfupiso danho repamusoro yeVaRoma 1:18-3:20
2. Nevandudzo yavaRoma 1:16-17
3. Nhanganyaya kuzvikamu 4-8 (kunyanya 3:28)

B. Iyi pfupiso yokusakosha yedzidzo yechenuro nenyasha kudurikidza norutendo yainyanyotaurwa navaye vaiita neshanduro yezvinamato

1. Martin Luther sokuti “chinangwa chikuru noUngoringori hwetsamba neBhaibheri rose.
2. John Calvin, sokuti “Pangangoshaikwa; muBhaibheri rose zvaro, ganhuo inoburitsa zvakadzama kururama kwaMwari muna Kristu.

C. Iri ndiro donzvo reVhangeri hwechiKristu muzvidzidzo zvouMwari. Kunzwisisa pfungwa iyi kunzwisisa chiKristu. Ndiro Vhangeri, mupfupiso yendima mbiri semuna Johani 3:16 ivhangeri iri mundima imwe. Uyu ndiwo mwoyo noMweya wekukurwa kwevhangeri naPauro.

Mibvunzo mitatu inokosha youpirikiri ndeinoti:-

1. Izwi rokuti murayiro rinoreveyi?
2. Mutsara wokuti kururama kwaMwari unoreveyi?

3. Mazwi okuti “rutendo” na “tenda” anoreveyi?  
 D Ndinotenda Mwari nezwi rokuti “Vose” mundima 22 (ndima 29) nezwi rokuti “Chipo” mundima 24 (cf 5:15, 17; 6:23).

## DZIDZO YEMAZWI

### NEMITSARA 3:21-26

<sup>21</sup>Asi zvino kururama kwaMwari kwakaraidzwa kunze kwomurayiro kuchipupurirwa nomurayiro, navaporofita, <sup>22</sup>Ndiko kururama kwaMwari kunouya nokutenda kuna Jesu Kristukuna vose vanotenda; nokuti havasiyani, <sup>23</sup>Nokuti vose vakatadza vakasavika pakubwinya kwaMwari <sup>24</sup>Vanongoruramiswa sechipo nenyasha dzake, nokudzikinura kuri muna Kristu Jesu <sup>25</sup>Iye akagadzwa naMwari kuti ave muyananiso nokutenda muropa rake kuti kururama kwake kuratidzwe nokuti zvivi zvakaitwa kare zvakaregererwa, Mwari achavitira mwoyo murefu; <sup>26</sup> Kuti kururama kwake kuratidzwe nenguva ino, kuti arurama iye amene, uye aruramisa uyo anotenda kuna Jesu.

**3:21 “Asi zvino”** Pauro arikururamisa chisungo chekare nechitsva, vanhu vakare vokupanduka nevatsva veruramo. Izvi zvinofambirana nokuti “panguva ino” (cf ndima 26; “Asi zvino” ya 6:22; 7:6).

▣ **“Zvino kunze kwemurayiro”** Zvakaoma kuva nechokwadi chokuti zvimwe Pauro arikureva murayiro waMosesi (NASB) kana murayiro zvawo (NRSV, TEV, NJB, NIV) muzvikamu zvezaruro izvi. Mumafungiro aya murayiro wechiJudha ndiwo unonyatsoenderana nedoritori raPauro. Vanhu vose vakatyora murayiro younho neyo mugarisanwa, ingava mumwoyo kana panze dambudziko redu sevataadzi, nderokuti hatidi kutungamirwa kunze kwezvatinoda nehavi dzedu (cf Genesi 3) iro rinowanikwa muupenyu hwevanhu venyika dzokumadokero avo vanokoshesa umbimbindoga.

▣

<b>NASB</b>	<b>“Kururama kwaMwari”</b>
<b>NKJV, NRSV</b>	<b>“Kururama kwa Mwari”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Nzira yaMwari yokuzviruramisira vanhu”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Enzaniso yeruponeso rwaMwari”</b>

Hakuna chinhu chine “ruramo”. Izvi hazvirevi maitiro aMwari, asi nzira yaMwari yokupa ruregerero norutambiro kuvatadzi. Mutsara uyu wakashandiswa kutsanangura dingindira nezvidzidzo zvouMwari yevaRoma 1:16-17. Nzira yakaburitswa pachena ndeye rutendo muna Jesu akaroverwa (cf ndima 22, 24-26).

Nyaya yekuti Izwi iri rokuti (*dikaiozonē*) nemamwe anobuda marir (Tarira chinyorwa pa2:13) anoshandiswa kakawanda muchirevo chechinyorwa chino, zvinoratidza kukosha kwaro (cf 1:17; 3:5, 21, 22, 25, 26; 4:3, 5, 6, 9, 11, 13, 22; 5L17, 21; 6:13, 18, 19, 20; 8:10; 9:28, 30, 31; 10:3, 4, 5, 6, 10, 17). Iri izwi rinobva pahunyorwa hwedimikira rechiGiriki remuTestamende yekare (*tsadak*) rinoreva chipimiso kana rutsanga rwokupimisa (tarira nhaurwa inokosha pa1:17). Chipimiso ndiye Mwari pachake. Izwi iri rinorevamaitiro aMwari ayo anopiwa pachena kuvatadzi kudurikidza naKristu (cf chikamu 4, 2vaKorinde 5:21). Kubvuma rudembatamba rwavo nokutambira chipo chaMwari kuna I,



Uye kunodukupisa avo vanozvitutumadza, vanhu vanechindinindini – kunyanya avo vanovimba nomutemo nezvinamato.

▣ **“Kwakaraidzwa”** Uyu mutsara unofambirana neuri pana VaRoma 1:17. Zvisineyi, izwi rechiito racho rinonyorwa riri mumunongedzo wenguva wakasiyana. Izwi rechiito pandima ino rinogona kushandurudzwa richireva kuti “Kwakaraidzwa uyu kucharamba kuchiraidzwa zvakajeka” Apa izwi iri riri muchimiro chezvakaikwa uye zvinezvibereko zvinoende mberi, (*perfect passive indictive*) Apowo rarinofambirana naro muna VaRoma 1:17, riri muchimirochezvirikutoitwa izvozvi (*Present passive indicative*) Mwari akaraidza Vhangeri zvakajeka muTestamende yekare pamwe nemunaJesu.

▣ **“Kuchipupurwa nomurayiro navaPorofita”** Izvi zvinoreva mipata miviri pamitatu yemurayiro wechiJudha ; Johani 3:16-17; 4:42; (murayiro, maporofita, nezvinyorwa). Mipata miviri yokutanga yaishandiswa kureva zvoze (tarira chinyorwa pa 3:19; Mateu 5:17). Izvi zvinoraidza pachena kuti Vhangeri raivairo muTestamende yekare asi riri muchimiro chourongwa hwekutanga (Ruka 24:27, 44; Mabasa 10:43). Rakanga risiri zano rorusarira, zano repiri kana hurongwa hwechimbichimbi (cf 1:2).

**3:22 “Nokutenda kuna Jesu Kristu”** Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti “nokutenda kuna Jesu Kristu” Ichi chivakamutauro chinoshandiswa kupa tsanangudzo. Chinodzokororwazve muna vaGaratiya 2:16 na vaFiripi 3:9 pamwe nokufambirana naVaRoma 3:26; vaGaratiya 2:16, 20; 3:22. Zvinogona kureva kuti

1. Kutenda kana kutendeseka kwa Jesu ‘Tsanangudzo yechiitiko’ (subjective genitive).
2. Jesu arimuchimiro chechinhu cherutendo rwehu “Tsanangudzo yechinhu” (objective genitive).

Kuvakamutauro kumwecheteko muna vaGaratiya 2:16 kunofambirana netsanangudzo yechipiri. Izvi zvinoraidzachinhu chikuru che chenuro yaMwari kururama, kwaMwari uko kunoshanda muupenyu hwemunhu, nechipo chaMwari icho chinopiwa pachena kudurikidza naKristu (cf 4:5; 6:23), kunofanira kutambirwa norutendo/kutenda/ruvimbo (cf vaEfeso 2:8-9) pamwe nokurararmiswa paupenyu hwezuva rogaroga (cf vaEfeso 1:4; 2:10).

▣ **“Kuna vose”** Vhangeri ndere vanhu vose (cf ndima 24; Isaya 53:6; Ezekieri 18:23, 32; ; Johani 3:16-17; 4:42; Timoti 2:4; 4:10; Tito 2:11; 2Petirosi 3:9; 1Johani 2:1; 4:14). Chokwadi chikuru sey! Izvizvinofanira kunengaidzachokwadichomuBhaibherichokusarudzwa. Sarudzo yaMwari haifaniri kunzwiswa nenzira yechitendero chechi Islam, yerusimbisiro kana nzirayaJohn Calvin yefananidzo. Asi nenzira yechisungo. SarudzoyeTestamendeyekare yakange iri youShumiri kwete chizivano! Mwari akavimbisa kudzikinura vatadzi (Genesi 3:15). Mwari akadana nokusarudza kudurikidzaneIsiraeri (cf Genesi 12:13; Ekisodho 19:5-6). Mwari anosarura norutendo munaKristu. Mwari anogaro parura ruponeso (cf Johani 6:44,65). VaEfeso 1 naRoma 9 ndidzo ndima dziri muBhaibheri dzinotaura zvakasimba pamusoro pegwaro redzidzo yezvouMwari inechokuita nekufanorongwa kuupenyu, iyo inotsinhirwa zvikuru naAugustine pamwe na Calvin.

Mwari akasarudzavatendi kwete kuti vaponeswe (nokuchenurwa) chete asi kuti vave vatsvene (cf vaEfeso 1:4; vaKorose 1:12). Zvinogona kuenderera ne:-

1. Chinzvimbo chedu munaKristu (2vaKorinde 5:21).
2. Chido chaMwari chokuita zvizvireko zvezviito zvake muna vake (VaRoma 8:28-29; vaGaratiya 4:19; vaEfeso 2:10).

Kuda kwaMwari kuvana vake ndekwedenga rimwe zuva, nokuva saKristu izvozvi!

Chinangwachezvakarongwa kare, ndihwo utsvene (vaEfeso 1:4), kwete chizivano! Kudana kwaMwari kwakanga kusiri kwevamwe vana vaAdhamu vashoma, asi vose! Kwaiva kudanwakuti tive saMwari pachake (cfvaTesaronika 5:23). Kushandura zvakarongwa kare kuzviisa muchimiro chouwanikwa hwezvidzidzo zvouMwari, pane panze pokuisa muupenyu hwoutsvene, ndiyo tsaona yemaonero avanhu pamusoro pezvouMwar. Kazhinji maonero edu ezvouMwari anomonyorora zvinyorwazvemuBhaibheri!

Tarira nhaurwa inokosha : Sarudzo Zvakarongwa kare/kudikwa kwenhengairo yevidzidzozvouMwari pa8:33.

- ▣ **“Vanotenda”** Jesu akafira vanhu vose. Vanhu vose vanemukana wekuponeswa. Uku ndiko kutambirakwavanhu pazvima “muchimiro chezviri kutoitika” (*present participle*). (Tarira nhaurwa inokosha pa 10:4).Zvinoita kuti kururama kwaJesu kushande muupenyu hwavo (cf 1:16; Johani 1:12; 3:16; 20:31; VaRoma 10:9-13; 1Johani 5:13). Bhaibheri rinopa nzira mbiri dzeruramo yepachena; rutendo norupinduko (cf Mako 1:15; Mabasa 3;16, 19; 20:31. Tarirazve chinyorwa pa 1:5). Chinyorwaichi chinoratidzapachena pfupiro yeruponeso kunyika yose, asi tsaona neminji nderokuti haasi munhu wose achaponeswa.
- ▣ **“Nokuti havasiyani”** Kunongoni nenzira imwe uye munhu mumwe, nokuda kwake vanhu (MaJudha nevaHedheni) vanogona kuponeswa (cf Johani 10:1-2, 7; 11:25; 14:6). Ani naani anogona kuponeswa nokutenda muna Kristu (cf 1:16; 4:11, 16; 10:4, 12; vaGaratiya 3:28; vaKorose 3:11).

**3:23-26** Uyu mutsara mumwe mururimi rwechiGiriki

**3:23**

**NASB, NKJV,**

**NRSV**

**TEV**

**NJB**

**“Nokuti vose vakatadza vakasavka pa”**

**“Vanhu vose vakatadza vakava kure na”**

**“Vakatadza vakabviswa”**

Iyi ipfupiso yaVaRoma 1:18-3:20. Mumwe nomumwe anoda kuponeswa naKristu (3:9,19; 1:32; vaGaratiya 3:22; Isaya 53:6). “Vakatadza” Izwi rinotsanangura chirevo chokuita. Apowo kuti

“Vanoramba vasingavike” riri muchimiro chezvirikutoitwa. Mutsara unogona kunge waireva zvose (1) Kutadzakwevanhu vose mukutadzakwa Adhamu (cf 5:12-21) nokuenderera mberi kwake nemabasa oupanduki. Hakuna shandurudzo dzechirungu dzinoburitsa musiyano uyu pachena.

Pazvidzidzo zvouMwari ndima iyi inofambirana nendima 21 uye kwete chaizvoizvo nendima 24.

- ▣ **“Kubwinya kwaMwari”** vanhu vakasikwa nomufananidzo waMwari (Genesi 1:26-27), Izvi hazvimanikwi kune zvimwe zvisikwa zvose. Vanhu vaizowadzana naMwari wokubwinya pamwe nokuratidza zviito zvake chivi chakanyangadza mufananidzo, asi nyasha dza Mwari kudurikidza norufu rwaKristu pamwe norutendo rwavatendi rwadzoreredza mufananidzo (cf vaKorose 3:10).

### **NHAURWA INOKOSHA: KUBWINYA**

Mubhaibheri izwi rokuti kubwinya rinonetsa kuburitsa chirevo charo. Kubwinya kwevatendi ndekwekunnzwisisa Vhangeri nokubwinya muna Mwari, kwete mavari (Jeremiya 9:23-24).

MuTestamende yekare mazwi mazhinji echiHebheru anoreva “Kubwinya” (*Kbd* BDB 217) akatanga ari okutenga nokutengeserana achinamgana nokuti “kurema”. Icho chairema chaikosha zvikuru kazhinji nyaya yokupenya yaiwedzerwa pazwi iri senzira yokuburitsa hukuru hwaMwari (cf Ekisodho 19:16-18; 24:17; Isaya 60:1-2). Iye oga ndiye anehuremu uye anoremekedzwa. Ane hun’anari husingatarisiki nameso avatadzi (Ekisodho 33:17-23; Isaya 6:5). Mwari anokwanisa kuzivikanwa kwazvo kwazvo kudurikidza naKristu (Johani 14:8-11; vaKorose 1:15; vaHebheru 1:3; Jakobho 2:1).

Izwi rokuti “Kubwinya” rinoreva zvakawanda :-

1. Rinogona kufambirana nokuti “kururama kwaMwari”
2. Rinogona kureva “Utsvene” kana “Kunaka kwaMwari.
3. Rinogona kureva mufananidzo waMwari uyo vanhu vakasikwanawo (Genesi 1:26-27; 5:1; 9:6). Asi wakazonyangadzidzwa noupanduki (Genesi 3:1-22). Rinotanga kushandiswa kureva kuvapo kwaMwari “YHWH” muvanhu vake panguva yekufamba murenje muna Ekisodho 16:7, 10; Revhitiko 9:23 na Numeri 14:10.

**3:24 “Vanongo raramiswa sechipo nyasha dzake”** Uyu mutsara uri muchimiro chezvichangobva mukuitwa. Apa ndipo panotangira Vhangeri nyasha dzaMwari anopa kururama (5:15-17; 6-23; vaEfeso 2:8-9). Izwi rechiGiriki rokuti “ruramisa” (*dikaioō*) rakabva pazimai rimwe sa “kururama” (*dikaioōsunē*, tarira nhaurwa inokosha pa 1:17). Mwari anogaro parura (Johani 6:44, 65).

Mundima 24-25 mune madimikira matatu anoshandiswa kutsanangura ruponeso

1. “ruramiswa” iro raiva izwi remutemo rokureva kuti hapana chirango chapihwa kana kuti kupa mutongo unokui hapana mhoswa.
2. “rudzikunuro” iro raishandiswa kumusika waitengeswa nhapwa “kutengwa zvakare” kana “kusunungurwa”.
3. “Yananiso” iro raishandiswamuzvipiris uye raireva nzvimbo yokuwadzanisa.

Rairevawo muvharowe Areka yechisungo apo ropa rezvipiriso raiiswa pazuva rekuwadzanisa (Revhitiko 16; vaHebheru 9:5).

## NHAURWA INOKOSHA : UMBOO HWERUPONESO RWE MUNHU HURI MUTESTAMENDE ITSVA.

Hwaro hwarwo huri muChisungo chitsva (Jeremiya 31:31-34; Ezekieri 36:22-38) muna Jesu

1. Maitiro aBaba (cf Johani 3:16), nouchumiri hwe mweya (vaRoma 8:14-16) kwete nokuda kwemabasa, muripo weruteerero, kwete nokuda kwemhiko dzezvitendero.
2. Chingori chipo (VaRoma 3:24; 6:23; vaEfeso 2:5, 8-9).
3. Hupenyu hutsva, nemaonero matsva (Jakobho na 1Johani).
4. Ruzivo (Vhangeri), kuwadzana muna Kristu uye naKristu), Uye nemararamiro matsva (kuva saKristu kunotungamirwa nomweya) Zvose zviru zvitatu kwete chimwechete.
5. Tarira vedzo dzeruponeso rwechokwadi pamuono wezvirimurugwaro kuna 1Johani 2:3-3:3.

### ▣ “Chipo” Pauro anoshandisa pfungwa iyi kakawanda achishandisa mazwi akasiyana.

1. “*dōrean*”, iri izwi rinotsanangura chiitiko rinoreva kuti “Zvakasununguka”
2. “*dōrea*,” iri izita rinoreva “Chipo chokupiwa pachena”.
3. “*dōron*,” iri izita rinoreva “Chipo” (vaEfeso 2:8)
4. “*charisma*”. Iri izita rinoreva “Chikwereti chisingabhadharwi” kana “kuitirwa zvakanaka pachena” (cf i:11; 5:15, 16; 6:23; 11:29; 12:6).
5. “*charisomai*,” iri izwi rechiitiko rinoreva “kupa pachena” (cf 8:32).
6. “*charis*,” iri izita rinoreva “kuitirwa zvakanaka pachena” kana “Chipo chinopiwa pachena” (cf 4:4, 16; 11:5, 6; vaEfeso 2:5,8).

### ▣ “nokudzikinura kuri muna Kristu” Nzira yoruponeso rwedu rufu rwetsivo nokumuka kuvakafa kwa Jesu. Bhaibheri haritarisi kuti kwakabhadharwei kana kwakabhadharwa ani (Augustine) Asi kuti vanhu vakabviswa mukusungwa muzvivi nokurangwa mukusungwa muzvivi nokurangwa nenzira yerutsivo rusina mhaka (cf. Johani 1:29, 36, 2vaKorinde 5:21; 1Petirosi 1:19).

Ndima inoratidzawo kudhurakuripana Genesi 3:15. Jesu akatakura kutukwa (cf.vaGaratiya 3:13). Uye akafa (cf 2vaKorinde 5:21) sutsivo rwevatadzi. Ruponeso rungapiwa pachena, asi zvedi haruna mutengo wepasi.

## NHAURWA INOKOSHA : MURIPO/DZIKINURA

### I. TESTAMENDE YEKARE

A. Kune mazwi echiHebheru maviri anoshandiswa munyaya dzemutemo anoburitsa pfungwa iyi:-

1. *Ga'al* (BDB 145,1), iro rinoreva kuti “Kusunungura nenzira yokubhadhara muripo” chimiro chezwi “*go'el*” rinowedzera kuburitsa pfungwa iyi nomurevereri; kazhinji anenge ari nhengo yemhuri (Semudzikinuri weukama). Iyi tsika yokutenga zvinhu zvakare zvakaita sezvipfuwo, ivhu (cf Revhitiko 25, 27) kana hama (cf Rute 4:15; Isaya 29:22). Inoshandurudzwa muzvidzidzo zvouMwari kureva kununurwa kweIsiraeri naMwari kubva kuljipita (cf Ekisodho 6:6;15:13; Mapisarema 74:2; 77:15; Jeremiya 31:11). Anobva ava “mudzikinuri” (cf Jobho 19:25; Mapisarema 19:14; 78:35; Zvirevo 23:11; Isaya 41:14; 43:14; 44:6, 24; 47:4, 48:17; 49:7,26 54:5; 8, 59:20; 60:16; 63:16; Jeremiya 50:34).

2. *Padah* (BDB 804), rinoreva kuti “kununurwa” kana “kutakanura:-
  - a. Rudzikiuro rwe dangwe (Ekisodho 13:3, 14 na Numeri 19:15-17).
  - b. Kudzikinurwa panyama kunoringanidzwa nokudzikinurwa pamweya (Mapisarema 49:7, 8, 15).
  - c. Mwari achadzikinura vaIsiraeri kubva muzvivi zvavo noupanduki (Mapisarema 130:7-8).

B. Pfungwa yezvidzidzo zvouMwari inosanganira zvinhu zvinofambirana zvakawanda.

1. Pane chinodikwa, uchapiwa, kutorwa nousungwa
  - a. Panyama
  - b. Pakugara
  - c. Pamweya (cf Mapisarema 130:8).
2. Mutengo werusununguko, kubuda muusungwa nedzoreredzo unofanira kubhadharwa.
  - a. Werudzi rwaIsiraeri (cf Dhuteronomi 7:8)
  - b. Womunhu pazima (cf Jobho 19:25-27; 33:28)
3. Pane anofanirakuita somurevereri nomukomboreri. Muizwi” *Ga’al*” munhu uyu anofanira kuva nhengo yemhuri kana hama yepedyo (kureva, go’el, BDB 145).
4. Mwari anowanzo tsanangura namazwi okuva nhengo yemhuri. Sokuti:-
  - a. Baba
  - b. Baba vemusha
  - c. Mudzikinuri weukama/murwiri

Rudzikiuro rwadzivirirwa kudurikidza noumiririri waMwari pachake, mutengo wakabhadharwandokubva rudzikiuro rwavapo!]

## II. TESTAMENDE ITSVA

- a) Kune mazwi akawandaanoshandiswa kuburitsa pfungwa yezvidzidzo zvouMwari izvi:-
  1. *Agorazō* (cf 1vaKorinde 6:20; 7:23; 2Petirosi 2:1; Zvakazarurwa 5:9; 14:3-4). Izwi raishandiswa mukutenga nokutengeserana rinoreva mutengo wakabhadharirwa chinhu. Tiri vanhu vakatengwa neropa vasinga umburi upenyu hwavo. Tiri vaJesu
  2. *Exagorazō* (vaGaratiya 3:13;4:5; vaEfeso 5:16; VaKorose 4:5). Iri narowo izwi rokutanga nokutengeserana , rinoreva kufirwa kwatakaitwa na Jesu. Jesu akatakura kutukwa kwo mutemo hwehwaro hwemabasa (kureva, murayiro waMosesi, (vaEfeso 2:14-16; vaKorose 2:140. Izvo zvaisagonekwa navatadzi. Akatakura kutukwa (cf Dhuteronomi 21:23)kwedu tose (Mako 10:45;2vaKorinde5:21)! Muna Jesu, ruramiso norudo rwaMwari zvinosangana kuva ruregerero rwakakwana, rutambiro noupinduko!
  3. *Luō*, “Kusunungura”
    - a. *Lutron* “ Mutengo wakabhadharirwa” (Mateu 20:28; Mako 10:45). Aya ndiwo mazwi akasimba anobva mumuromo waJesu mbune pamusoro pechinangwa chokuuya kwake, kuzova muponesiwenyika yose nokubhadhara chikwereti chaasina kupara (Johani 1:29).
    - b. *Lutroō* “kutepfenura”
      - (1) Kudzikunura Isiraeri (Ruka 24:21)
      - (2) Kuzvipira mukudzikinura nekuchenura vanhu (Tito 2:14)

- (3) Kuva rutsivo rusina chivi (1Petirosi 1:18-19)
- c. *Lutrōsis* “rudzikinuro” “kubvisa” kana Rusununguko”.
- (1) Chiporofita che Zekariya pamusoro paJesu (Ruka 1:69).
- (2) Rumbidzo ya Ana kuna Mwari nokuda kwaJesu, (Ruka 2:38)
- (3) Pfupiro yokuzvipira kwaJesu iyo yakapiwa kamwe uye ichipfuura dzimwe dzose, (vaHebheru9:12).
4. *Apolytrōsis*
- a. Rudzikinuro pakudzoka kwepiri (Mabasa3:19-21)
1. Ruka 21:28
2. VaRoma 8:23
3. VaEfeso 1:14; 4:30
4. VaHebheru 9:15
- b. Rudzikinuro murufu rwaKristu
1. VaRoma 3:24
2. 1vaKorinde 1:30
3. vaEfeso 1:7
4. VaKorose 1:14
5. *Antilytron* (cf 1 Timoti 2:6) Ichi ndicho chinyorwa chinokosha (sepana Tito 2:14) chinobatanidza kutepfenurwa murufu rwetsivo rwaJesu pamuchinjikwa. Ndiyo chipiriso chinotambirika choga. Iyo oga anofira “vose” (cf Johani 1:29; 3:16-17; 4:42; 1Timoti 2:4; 4:10; Tito 2:11; 2Petirosi 3:9; 1Johani 2:2; 4:14).
- B. Pfungwayezvidzidzo zvouMwari muTestamende Itsva.
1. Vanhu vakatapwa nezvivi (cf Johani 8:34 vaRoma 3:10-18; 6:23).
2. Unhapwa hwevanhu kuchivi kwakaraidzwa nomurayiro waMosesi muTestamende yakare (cf. vaGaratiya 3) neMharidzo yaJesu pagomo (cf. Mateu 5-7) Mabasa evanhu akava chirango cherufu (cf. vaKorose 2:14)
3. Jesu igwayana raMwari risina chivi, raiuya riatifira (cf Johani 1:29; 2vaKorinde 5:21). Takatengwa kubva muzvivi kuti tishumire Mwari (cf. VaRoma 6).
4. Zvichireva kuti vose Mwari (YHWH)naJesu ihama dzepedyo dzinotishandira. Izvi zvinoendesera mberi nyaya yedimikira remhuri (kureva, Baba, Baba vemhuri, Mwanakomana, Mukoma, hama yepedyo).
5. Rudzikinuro rwakanga rusiri mutengo wakabhadharwa kuna Satani (kureva, zvidzidzo zvouMwari zvekare) Asi wadzaniso yeshoko ruramiso, rudo nekupakwaMwari munaKristu. Pachipiyaniso runyararo rwakadzoreredzwa, upanduki hwevanhu hukaregererwa, Mufananidzo waMwari wava kushanda zvakazara zvakare muukama hweruwadzano!.
6. Pachinenyaya yeremangwana rerudzikinuro (VaRoma 8:23; vaEfeso 1:14; 4:30). Inosanganisa mitumbi yedu yerumuo neukama wemazvokwadi naMwari vatatu mumwe. Mitumbi yedu pakumuka kuvafi ichange yakaita sowake (cf Johani 3:2) Aiva nomuviri wenyama asi uine dengezeze revandudzo. Zvakaoma kutsanangura nyaya ya1vaKorinde 15:12-19 na 1vaKorinde 15:35-58. Zviripachena kuti pane muviri wenyama wepanyika uye kuchava nomuviri wokudenda, woMweya. Jesu aiva nayo yose!

### 3:25

**NASB** “Uyo Mwari akaratidzakuvanhu”

**NKJV** “Uyo akaunzwa naMwari”

**NRSV** “Uyo akaiswa naMwari”

**TEV** “Mwari akapfupira”

**NJB** “Akagadzwa naMwari”

Iri izwi rechiito rinonongedza muiti uye rinechirevo chedzokororo yechiito yezwi rokuti (*protithemi*) muna VaRoma 1:13 navaEfeso 1:9 kuita chinangwa sezvinoita izwi [*noun*] riri muna VaRoma 8:28). Zvichireva kuti iye Mwari pachake akaratidza mwoyo wake nechinangwa norufu rwaKristu (cf vaEfeso 1:9; vaGaratiya 3:1). Hurongwa hwe rudzikinuro hwaMwari huvapo nokusingaperi (cf Mabasa2:23; 3:18; 4:28; 13:29; 26:22 nenhaurwa inokosha pa 1:5) Zvinosanganisira kuzvipira kwaJesu (isaya 53:10; Zvakazarurwa 13:8) Tarira chinyorwa pa 9:11.

▣ “**Kuratidza**” Iri izwi rechiGiriki rokuti “*endeknumai*” (*endeixis* cf 3:25, 26) rinoshandiswa kakawanda muna VaRoma cf 2:15;9:17, 23 LXX Ekisodho 9:16). Rinova kuti kuratidza kana kuzviratidza. Mwari aida kuti vanhu vanzwisise chinangwa chake chorudzikinura, hurongwa neruramo. Iyi pfungwa inogadzira maonero enyika negwara reBhaibheri.

- 1) Pamusoro pemaitiro aMwari
- 2) Pamusoro pebasa raKristu
- 3) Pamusoro pezvinodikwa navanhu
- 4) Pamusoro pechinangwa cherudzikinuro.

Mwari anoda kuti tinzwisise, chirevo chechinyorwa ichi chinokosha pakunzwisiswa zvakanaka kwechiKristu. Mamwe emazwi anoreva zvakawanda asik kunoenda nyaya yose kwakajeka. Chirevo chechinyorwa ndiro gwara chaira reVhangeri muzvidzidzo zvouMwari.

▣

**NASB** “Siyananiso muropa rake”

**NKJV** “Kuva yananiso neropa rake”

**NRSV** “Sechipiriso cheyananiso neropa rake”

**TEV** “Kuti nokuda kwerope rake ave nzira yokuregererwa kwezvivi zvevanhu”

**NJB** “Kupira upenyu hwake kuti awane yananiso”

Mupfungwa dzechiRoma nechiGiriki, izwi iri raiburitsa dzoreredzo yeruwadzano nouMwari hunenge hwambopesanwa nahwo nenzira yokubhadhara muripo. Zvisineyi harishandiswi sezvizvi muBhaibheri rechiGiriki. Rakashandiswa muBhaibheri rechiGiriki nemunavaHebheru 9:5 kureva “Chigaro chetsitsi” (cf Ekisodho 25:21-22 Revhitiko 16:12-15). Chaiva muvhara weAreka yechisungo yaiva munzvimbo inoera, nzvimbo yaiwanikirwa yananiso yerudzi pazuva reyananiso (cf Revhitiko 16) Zviri pachena kuti Pauro arikushandisa chibhende chezvipiriso, kubva kunzira yezvipiriso yavaIsiraeri (Kureva Revhitiko 1-7) zvibhende izvi (kureva, yananiso, chidzikinure, chipiriso)zvinonzwisiswa chete zviine sungano neshoko raMwari muTestamende yekare.Zvino Pauro anofanira kutsanangura kukosha kwazvo kuvanhu vose. Mwari akazviratidza kuna Abhurhamu ne Isiraeri kuti aonekwe nevanhu vose; Vose vari mumufananidzo wake; Vose vakapanduka , vanogona kuponeswa nokutenda munaKristu (Mesiasi wechiJudha).

Iri izwi rinofanira kushandiswa nenzira isingadzikisiri kunyangadzwa nezvivi kwaMwari, asi ichisimbisa ndangariro dzakanaka dzorudzikinuro kuvatadzi Nhaurirano yakanaka pamusoro penyaya iyi inowanikwa mubhuku rava James Stewart rinonzi Munhu muna Kristu (*A Man in Christ-pp214-224*). Imwe nzira yokuita izvi ndeyokushandurudza izwi iri kuti riratidze basa raMwari muna Kristu; “Chipiriso cheyananiso” kana “nesimba reyananiso”.

Mutsara wokuti “Muropa rake” ndewechiGiriki unoreva chipiriso cherutsivo che gwayana raMwari risina mhaka (Johani 1:29). Zvinokosha kunzwisisa pfungwa iyi (Revhitiko 1-7) pamwe nenyaya yezuva reyananiso muchikamu chegumi nenhanhatu. Ropa rinoreva upenyu husina chivi hwapirwa kuvatadzi (Isa 52:13-53:12). Mumwe akafira vose (5:12-21)!

- ▣ **“Nokutenda”** Pano tinowara zvakare nzira (1:17; 3:22, 25, 26, 27, 28, 30) yokuti ani naani zvake awane chouviri murufu rwerutsivo rwaJesu

Mutsara uyu hauna kunyorwa muzvinyorwa zvechiGiriki nechiRatini zvevakore mazana mashanu okutanga (izvo zvaishandiswa naChrysoston) nezvimwe zvevakore chiuru nemazana maviri okutanga MS(2127). Uno wanikwa munezvimwe zvinyorwa zvechiGiriki zvakare. Mamwe anenge aine izwi remunongedzo (cf MSSN, C\* D\*, F, G), zvisineyi izvi hazvi kanganise chirevo. Pachipimo che UBS<sup>3</sup> Kubatanidzirwa kunoiswa panhanho yepiri (B) pedo nechokwadi.

- ▣ **“Kuti kururama kwake kuratidzwe”** Mwari anofanira kuita chokwadi chaanotaura (cf.Maraki 3:6) MuTestamende yekare mweya unotadza unofanira kufa (cf Genesi 2:17; Ezekieri 18:4, 20) Mwari akati haazoregereri vatadzi (cf.Ekisosodho 23:7) Rudo rwaMwari kuvatadzi rwakakura zvokuti akabvuma kuva munhu, kuzadzisa murayiro nokufa paifanira kufa vatadzi (cf 5:12-21). Rudo neruramiso yaMwari zvinosangana muna Jesu (cf.ndima 26).

- ▣ **NASB, NKJV,**  
**NRSV**  
**TEV**  
**NJB**

**“Akaregerera zvivi zvakaitwa kare”**

**“Kare aiva nomweya murefu, akaregerera zvivi zvavanhu”**

**“Nakare, apo zvivi zvakaregererwa”**

Izwi rokuti “regerera” muchiGiriki rinonzi (Paresis) rinoshandiswa muTestamende yakare, asi hariwanikwi zvachose muBhaibheri rechiGiriki rakare. Madzibaba echiGiriki vakaritora nezvarinoreva muchiGiriki zvokuti regerero yomungava” (verenga gwaro raMoulton na Miligan p. 493). Zvisineyi izwi rechiito rarinobuda mariri rokuti (Paritemi) rinoreva kuti “kurega zvichipfuura” kana “kutandavara” (Ruka 11:42).

Zvino mubvunzo uripo ndowekuti, ko Mwari akaregerera zvivi zvakare, akatarisa basa raizova naKristu here kana kuti akangozviregerera achiziva kuti rufu rwaJesu rwaizogadzirisira dambudziko rezvivi? Zvibereko zvimwechete. Chivi chomunhu, chakare, chanhasi nechamangwana chinogadziriswa nokuzvipira kwaJesu.

Aya mabasa akaitwa kare, nenyasha dzaMwari achitarira mabasa aizoitwa naKristu. (cf Mabasa 17:30; vaRoma 4:15; 5:13) pamwe nemabasa anhasi namangwana (ndima 26). Mwari



haana kumborerutsa zvakare haarerutsi chivi asi anotambira kuzvipira kwaJesu senzira yakazara uye yokupedzisira yokugadzirisira kupanduka kwevanhu. Harisiri gangaidzo kuruwadzano naye, ndicho chaiva chinangwa chokusika (Genesi 1:26-27).

**3:26** Izwi rokuti “ruramo” mundima 25 muzvidzidzo yezvirevo zvemari zvemazwi rinofambirana nemazwi anoti “ruramiso” na”Mururamisi” yendima 26. Mwari anoda kuti maitiro ake aratidzwe muupenyu hwevatendi nokutenda muna Kristu. Jesu anova iye ruramo yedu (cf.2vaKorinde 5:21), asi vatendi vanofanira kufanana neruramo yake, kuva saiye (cf 8:29; Mateu 5:48; Revhitiko 19:2) Tarira nhaurwa inokosha pa1:17.

**NASB, NKJV,**

**NRSV**

**TEV**

**NJB**

**REB**

**NET**

**“Uyo anokutenda muna Kristu”**

**“Wose anotenda muna Kristu”**

**“Wose anokutenda munaKristu”**

**“Ani zvake anoisa kutenda muna Kristu”**

**“Uyo anorarama nokutenda kwokutenedeseka kwaJesu”**

Chinyorwa chechiGiriki chinoti”uyo anokutenda kwaJesu”Pane gangaidzo pakushandiswa kwemazwi etsanangudzo ayo anesungano nechirevamwene(verenga gwaro ravaG.B.Caird,The language and imagery of the Bible,p.99)remutauro nemifananidzo yeBhaibheri.Shandurudzo zhinji dzinozvitora sokuti kutenda /rutendo/ruvimbo rwomunhu munaKristu.Bhaibheri rechirungu reshandurudzo ye”NET” rinozvitora semunongedzo wavaRoma.3:22.Zvisineyi ndima .22 ine zvirevo zvose zvoku:

1. Kutendeseka kwaJesu
2. Rutendo rwevatendi

Ruponeso chibereko chokutendeseka kwaJesu,uko kunofanira kutambirwa(cf.ndima.30)

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 3:27-30**

<sup>27</sup>Zvino kuzvikudza kuripiko? Kwabviswa. Nomurayiro upiko?Wamabasa here?kwete,asi nomurayiro wokutenda.

<sup>28</sup>Naizvozvo tinoti, munhu anoruramiswa nokutenda kunze kwemabasa omurayiro.

<sup>29</sup>Ko Mwari ndiye wavaJudha voga here?Haazi wavaHedheniwo here?Hongu,ndewavaHedheniwo;

<sup>30</sup>Mwari zvaari mumwechete,acharuramisa vakadzingiswa pamusoro pokutenda,navasina kudzingiswa nokutenda.

**3:27”Zvino kuzvikudza kuripiko?”**Pano,izwi romunongedzo rokuti”kuzvikudza”rinogona kureva kuzvikudza kwemaJudha(cf.2:17,23)Vhangeri rinodzikamisa vatadzi(maJudha nemaHedheni)haviganzvibatsiri(cf.vaEfeso.2:18-9).Tarira Nhaurwa Inokosha:Kuzvikudza pa.2:17.

Rega ndiwedzere nekachinyorwa kapfupi kokujekesa mutsara wangu wokumashure.Chero zvazvo vanhu vasingafanire rudo noruregerero rwaMwari,hazvirevi kuti Havana chokuita noruponeso rwavo.Vanhu vanofanira kuona mhaka/zvivi zvavo vombundikira pfupiro yaMwari

munaKristu.Mwari anoshanda navatadzi nenzira ye”chisungo”.Tinofanira kudavira uye kuramba tichidavira:

1. Rupinduko
2. Rutendo
3. Ruteerero
4. Kutsungirira

Tinobata chikamu chinokosha muukama hwedu naMwari.Tiri vadaviri! asi tinofanira kudavira!kuita madiro igwara rakakosha redzidziso yeBhaibheri zvokufanana nokuzvitonga.Bhaibheri igwaro rakanyorwa kumabvirazuva,iro rinotaura chokwadi muunyanbiri hune makakatanwa.

### **NHAURWA INOKOSHA:ZVINYORWA ZVOKUMABVIRAZUVA**

Mufananidzo Mukuru—Gangaidzo reBhaibheri.

1. Muono uyu wakandibatsira ini pazvima somunhu anovimba nokuda Bhaibheri seshoko raMwari.Ndichiedza kutora Bhaibheri nokukomba kwaro, zvakabuda pachena kutizvinyorwa zvakasiyana zvinoburitsa chokwadi nenzira yesarudzo kwete yokurongerwa.Chinyorwa chinenge chakatuswa noMweya hachigoni kubvisa kana kudzikisira chimwewo chinyorwa chakatuswawo noMweya!Chokwadi chinouya nokuziva zvinyorwa zvose (Zvinyorwa zvose kwete chimwechete,zvakatuswa noMweya cf.2Timoti.3:16-17)!kwete kutora ndima imwechete(kutsvaga umboo muchinyorwa)!chokwadi chizhinji chomuBhaibheri
2. (Zvinyorwa zvokumabvirazuva) zvinotaura nenzira yokutura nyaya mbiri dzinopikisana(Rangarira kuti vanyori veTestamende yekare,kunze kwaRuka,vadzamisi vendangariro vechiHebheru ,vanonyyora nechigiriki,zvinyorwa zvonungwaru nezvinyorwa zvenhetembo izvo zvinotaura chokwadi nenzira inebokano.Kupokana ikoko kunoshanda segangaidzo,kuchishanda semitsetse inofambirana).Zvakadaro mitsara yose iri miviri inenge iine chokwadi! Munyorero wegangaidzo uyu unorema kwatiri isu tajaira wedu usina gangaidzo!
  - a. Zvoiupenyu hune magumo akarongwa kare maringe nesarudzo yakasununguka yevanhu
  - b. Kudzviririka kwomatendi maringe nokutsungirira
  - c. Chivi chechizvarirwo maringe nechokuita nebwoni
  - d. Jesu soMwari maringe naJesu somunhu
  - e. Jesu akaenzana naBaba maringe naJesu anoshumira Baba
  - f. Bhaibheri seshoko raMwari maringe nounyori hwavanhu
  - g. kusava nechivi(kuva mugoni,cf.vaRoma.6)maringe nokuita chivi zvisoma
  - h. Ruramo yechiriporipo noutsvene maringe neziendamberi routsvene
  - i. Ruramo nokutenda (cf.vaRoma.4)maringe neruramo yemabasa(cf.Jakobho.2:14-26)
  - j. Rusununguko rwechiKristu (cf.vaRoma.14:1-23;1vaKorinde.8:1-13;10:23-33)maringe nebasa rechiKristu(vaGaratiya.5:16-21;vaEfeso.4:1)
  - k. Hukuru hwaMwari maringe nouzibatakose hwake
  - l. Kusazivikanika zvachose kwaMwari maringe nokuzivikanwa mushoko pamwe naKristu
  - m. Zvibhende zvaPauro zvizhinji zvokureva ruponeso

- 1) Kuiswa muukama utsva
  - 2) Kuitwa mutsvene
  - 3) Ruramiso
  - 4) Rudzikinuro
  - 5) Rumbidzo
  - 6) Zvakarongwa kare
  - 7) Yananiso
- n. Kuvapo kwoumambo hwaMwari maringe nemunyungidzo yemune remangwana
- o. Rupinduko sechipo chaMwari maringe norupinduko somutemo werudaviro rworupneso(cf.Mako.1:15;Mabasa.20:21)
- p. Kuti Testamende yakare iripo zvachose maringe nokuti Testamende yekare yakapfuura uye haicharevi chinhu(cf.Mateu.3:17-19 vs 5:21-48;vaRoma.7vs vaGaratiya.3)
- q. Vatendi ndivo vashumiri/varanda kana vana/vadyi venhaka

▣ **“Kwabviswa”** Izwi rokuti (*ek*[panze]rikasanganiswa nerokuti *kleiō*[zarira]) rinoshandiswa pano nemunavaGaratiya.4:17. Rinoreva kwazvokwazvo kuti”kuzaririra panze.”

▣ **“Nomurayiro wokutenda”** Chisungo chitsva chaMwari chemunaJeremiya.31:31-34(Ezekieri.36:22-38)hachina chekuita nezvinoitwa navanhu asi noruvimbo/rutendo/kutenda(*pistis*)mukuita kwake kwenyasha nevimbiso.Dzose Testamende yekare neitsva dzakaitirwa kushandura vatadzi kuti vaite maitiro aMwari (kururama, kureva, Revhitiko.19:2; Mateu.5:48;vaRoma.8:29).

▣ **3:28 “Tinoti munhu anoruramiswa nokutenda kunze kwemabasa omurayiro”** Iyi ipfupiso yava Roma.3:21-26 nokufanopa chiedza chezviri pazvikamu.4-8 (cf.2Timoti.1:9;Tito.3:5). Ruponeso chipo chokungopihwawo nokutenda mubasa raKristu rakaperera (cf.3:24;5:15,17;6:23;vaEfeso.2:8-9). Zvisineyi ,kukura indyeko yezvose paupenyu hweruteerero,ushumiri nokunamata (cf.vaGaratiya.5:6;vaEfeso.2:10;vaFiripi.2:12 ;Tarirawo zvakare chinyorwa pa.1:15).

▣ **3:29** Chinangwa chaMwari chagara chiri chokudzikinura vanhu vose vakasikwa nomufananidzo wake(cf.Genesi.1:26,27;5:1;9:6).Vimbiso yorudzikinuro yomunaGenesi.3:15 ndeye vana vose vaAhamu.Akasarudza Abhurahamu senzira yokuda kusarudza nyika yose(cf.Genesi.12:31;Ekisodho.19:4-6;Johani.3:16).

Ndima iyi,sendima 3:9,inogona kuratidza makakatanwa mukereke yekuRoma pakati pevatumgamiri vevatendi vechiJudha avo vangadai vakanga vabuda muRoma mushure mekurayira kwaNero kwokudzivisa maJudha kunamata ,izvo zvakaita kuti vatungamiri vatungamiri vevatendi vechiHedheni vavatsive.Zvikamu 9-11 zvingangodarowo zvichitaura nezvenyaya imwecheteyo.

### 3:30

- NASB **“Mwari zvaari mumwechete”**  
 NKJV **“Sezvo kunaMwari mumwechete”**  
 NRSV **“Szo Mwari ari mumwe”**

**TEV** “Mwari mumwechete”

**NJB** “Sezvo kuinaMwari mumwe woga”

Uyu mutsara uneshongedzo yefungidziro yekuva wechokwadi ,kubva pamafungiro nemaonero emunyori.Kana kutenda Mwari mumwechete chiri chokwadi,saka anofanira kuva Mwari wemunhu wose.

### **NHAURWA INOKOSHA :KUTENDA MWARI MUMWECHETE”MONOTHEISM”**

Pfungwa “yokutenda Mwari mumwechete”(Mwari mumwe woga),kwete Mwari wokumusoro uyo anorehwa neavo vanotenda vamwari vakawanda ,kana mwari akanaka anorehwa nevanwe vagari vekunyika yeIran vanotenda vamwari vaviri(Zoroastrianism),uyu ndiye ziitakamwe reIsiraeri(Abhurhamu makore zviuru zviviri Jesu asati azvarwa,2000 B,C)Kunze kwekamwechete kwenguva pfupi muljipita(Amenhotep iv ,aizivikanwawo sokuti Akhenaten,1367-1350 kana 1386-1361 B.C.).

Mafungiro aya anoratidzwa nemivaravara yakawanda yemuTestamende yakare.

1. “Hakuna anenge Mwari” “YHWH”ndini iye wedu”*ELOHIM*”,Ekisodho.8:10;9:14;Dhuteronomi.33:26;1Madzimambo.8:23
2. “Hakuna mumwe kunze kwake,”Dhuteronomi.4:35,39;32:39;1Samueri.2:2;2Samueri.22:32;Isaya.45:21;44:6,8;45:6,21.
3. “Mwari(YHWH)mumwe”Dhuteronomi.6:4;vaRoma.3:30;1vaKorine.8:4,6;1Timoti.2:5;Jaobho.2:19
4. “Hakuna anenge imi”2Samuri.7:22;Jeremiya.10:6
5. “Imi moga ndimiMwari”Mapiarema.86:10;Isaya.37:16
6. “Ndisati ndavapo hakuna mumwe Mwari aivapo,uye hakuzova kwakava nomumwe,”Isaya.43:10
7. “Hakuna mumwe kunze kwangu....hakuna mumwe,”Isaya.45:5,6,22
8. “Hakuna mumwe,hakuna mumwe Mwari Isaya.45:14,18
9. “Hakuna mumwe kunze kwangu”Isaya.45:21
10. “Hakuna mumwe...hakuna mumwe anenge ini”Isaya.46:9

Zvinofanira kutambirwa kuti,iri gwara redzidzo yakaratidzwa nenzira yeziendamberi,rinokosha.Mitsara yokutanga inogona kunzwisiswa senzira yevaya vanotenda Mwari mumwe asi vasingarambi kuvapo kwavamwe vamwari”Henotheism”kana sokuitwa kwekutenda kuna Mwari mumwechete”monotheism”(kunevamwe vamwari,asi wedu ndiye mumwechete woga,cf.Ekisodho.15:11;20:2-5;Dhuteronomi.3:28;5:7;6:4,14;10:17;32:12;1Madzimambo.8:23;Mapiarema.83:18;86:8;136:1-2).

Mitsara inotanga kuratidza humwe(Maonero evanotenda Mwari mumwe)ndeye kare(cf.Ekisodho.8:10;9:14;Dhuteronomi.4:35,39;33:26).

Testamende itsva inotsigirana naDhuteronomi.6:4 ,munavaRoma.3:30;1vaKorinde.8:4,6;vaEfeso.4:6;1Timoti.2:5;naJakobho.2:19. Jesu anoitorawo semurayiro wake wokutanga munaMateu.22:36-37;Mako.12:29-

30;Ruka.10:27.Testamende yekare pamwe neitsva dzose dzinotaura nezvekuvapo ,  
,kweumwe mweya(madhimoni,ngirozi)asi musiki mumwechete /mudzikinuri  
Mwari(YHWH,Genesi.1:1).

Kutenda Mwari mumwechete kwemuBhaibheri kunoti:

1. Mwari mumwechete uye akasiyana naani zvake(chimiro chezvaari  
ndechefungidziro,hachinyatsozivikanwi)
2. Mwari ane unhu rubvukwa(cf.Genesi.1:26-27;3:8)
3. Mwari ane gwara remaitiro  
rakajeka(cf.Ekisdho.34:6;Nehemiya.9:17;Mapisarema.103:8-10)
4. Mwari akasika vanhu nemufananidzo wake(Genesi.1:26-27)kuti awadzane  
navo(kureva ,mutsara wepiri).NdiMwari anegodo(cf.Ekisdho.20:2-3)

Kubva muTestamende itsva:

1. Mwari ane nzira nhatu dzokuzviratidza nokusingaperi(Tarira Nhairwa  
Inokosha pa.8:11)
2. Mwari anozviratidza zvakanaka uye zvakajeka munaJesu(Johani.1:1-  
14;vaKorose.1:15-19;vaHebheru.1:2-3)
3. Hurongwa hwaMwari hwokudzikinura atadzi nokusingaperi,ndiyo pfupiro  
yechipiriso cheMwanakomana  
wake(Isaya.53;Mako.10:45;2vaKorinde.5:21;vaFiripi.2:6-11;vaHebheru).

- ▣ **“Acharuramisa vakadzingiswa pamusoro pokutenda”**Izwi rokuti “ruramisa”rinemabviro  
mamwechete mururimi rwechiGiriki, nerokuti”kururama”.Tarira Nhairwa Inokosha pa  
1:17.Pangori nenzira imwechete yokururama kunaMwari(vaRoma.9:30-32).Nhanho mbiri  
dzeruponeso ndedzinoti;kutenda nerupinduko(Mako.1:15;Mabasa.3:16,19;20:21; ona  
chinyorwa pa 1:5).

Ichi ichokwadi kuvaJudha navaGiriki.

- ▣ **“Pamusoro pokutenda.....nokutenda”**Pane kufanana kuripachena pakati pemitsara miviri  
iyi.Zvirevamwene “*ek*”na”*dia*”zvinoshandiswa zvakafanana.Hapana musiyano unowanikwa.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):3:31**

<sup>31</sup>Zvino tinokonesa murayiro nokutenda here? Haisva!asi tinosimbisa murayiro.

**3:31**

**NASB** “Zvino tinokonesa murayiro nokutenda here”

**NKJV** “Zvino tinoita kuti murayiro ushayiswe simba nokutenda here”

**NRSV** “Zvino tinobvisa murayiro nokutenda uku here”

**TEV** “Zvino here kuti nokutenda uku tinorasa murayiro”

**NJB** “Tinoreva here kuti kutenda kunoshayisa murayiro chirevo”

Testamende itsva inosuma yekare nenzira mbiri:

1. Yakafemerwa neMweya,chiratidzo chakabva kunaMwari,icho chisingazofi  
chakapfuura(cf.Mateu.5:17-19;vaRoma.7:12,14,16)

2. Yakapera uye yakapfuura(cf.vaHebheru.8:13).

Pauro akashandisa izwi rokuti “kukonesa”rungangosvika makumi maviri aneshanu(25 times).Rinoshandurudza richinzi “kuitisa chikoneso nokuva demhe” “kushayisa simba” noku”shayisa maturo”.TariraNhaurwa Inokosha pa 3:3.Kuna Pauro,murayiro waiva jengetedzo(vaGaratiya.3:23)nemudzidzisi(vaGaratiya.3:24),asi waisapa hupenyu nokusingaperi(vaGaratiya.2:16,19;3:19).ndihwo hwaro hwekutukwa kwomunhu (vaGaratiya.3:13;vaKorose.2:14).Murayiro waMosesi wakashanda sechiratidzo nechipimo chounhu,sezvakaita “muti weruzivo rwechakanaka nechakaipa”

Hazvina kunyatsojeka kuti Pauro aireveyi paanoti”murayiro”:

1. Nzira yemabasa akarurama yechiJudha.
2. Nhanho yokuti vaHedheni vapinde muruponeso munaKristu(vechiJudha munavaGaratiya)
3. Chipimo icho chisingasvikirwe nomunhu wose(cf.vaRoma.1:18-3:20;7:7-25;vaGaratiya.3:1-29).

▣ **“Tinosimbisa murayiro”**Takatarisa mutsara wapfuura ,ko uyu mutsara unomboreveyi?unogona kureva kuti:

1. Murayiro wakanga usiri nzira yoruponeso,asi waiva nhungamiri younhu
2. Unotsigira gwara redzidziso ye”ruramiso nokutenda,” 3:21;4:3(Genesi.15:6;Mapisarema.32:1-2,10-11)
3. Kushaya simba kwemurayiro (upanduki hwevanhu,cf.vaRoma .7;vaGaratiya .3)kwakagutswa norufu rwaJesu,8:3-4.

4. Chinangwa chechiratidzo ndechekudzoreredza mufananidzo waMwari muvanhu.

Murayiro,mushure meruramo yokungopihwawo,unova nhungamiri yekururama kwechokwadi kana kuva saKristu.Tarira Nhaurwa Inokosha :Maonero anoitwa murayiro waMosesi naPauro pa 13:9.

Gangaidzo rinoshamisa nderokuti murayiro wakakoniwa kudzika ruramo yaMwari,asi nokuparadzwa kwawo nenzira yechipo chaMwari chenyasha nokutenda,mukristu anorarama hupenyu hwakarurama ,hwouMwari.Vavariro yomurayiro yazadziiswa,kwete namabasa evanhu,asi nechipo chenyasha dzaMwari dzokungopihwawo muna Kristu!

Nezvo”kudzika”tarira Nhaurwa inokosha : Mira pa 5:2.

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudzirwo yakewo.Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho.Iwe,Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari.Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro.Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Donongodza vaRoma.3:21-31 nemazwi ako.
2. Sei Mwari akaregerera zvivi zvavanhu zvenguva yakare(ndima.25)?
3. Ko mutendi weTestamende yakare airegererwa zvivi zvake nenzira ipi(3:25)?
4. Ko kutenda munaJesu kunosimbisa murayiro nenzira ipi(3:31)?

# VAROMA 4

<b>GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO</b>				
<b>UBS<sup>4</sup></b>	<b>NKJV</b>	<b>NRSV</b>	<b>TEV</b>	<b>NJB</b>
Muenzaniso waAbrahamu 4:1-12	Abrahamu akaruramiswa nokutenda 4:1-4	Abrahamu akaruramiswa nokutenda 4:1-8	Muenzaniso waAbrahamu 4:1-8	Abrahamu akaruramiswa nokutenda 4:1-8
	Dhavhiti anopembedza chokwadi chimwechete 4:5-8			Akararamiswa asati adzingiswa
	Abrahamu akaruramiswa asati adzingiswa 4:9:12	4:9-12	4:9-12	4:9-12
Vimbiso yakazadziwa nokutenda 4:13-25	Vimbiso yakapiwa nokutenda 4:13-25	Vana vaAbrahamu vechokwadi 4:13-15	Kutambirwa kune vimbiso yaMwari 4:13-15	Kusaruramiswa nokuteerera murayiro 4:13-17
				Kutenda kwaAbrahamu kunova muenzaniso KweChristu 4:18-25

## **MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)**

### *ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA*

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori, Ndiyo zve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

### **MUONO WEZVIRI MUGWARO**

- A. Muono waPauro wezvouMwari unoshamisa wakadonongodzwa munaVaRoma 3:21-31 unoratidza kuti vatadzi vakachenurwa pachena naMwari, kunze kwomurayiro waMosesi. Zviripachena kuti Pauro aiva nepfungwa yokupikiswa namaJudha! Naizvozvo Pauro anoedza kupa umboo hwekuti vhangeri rake harisi rokuzvifungira (cf3:21b) nokupa mifananidzo yomuTestamende yekare kubva kuna Abhurahamu naDavhiti (cf. ndima6-8)
- B. vaRoma 4 inopa umboo hwakatorwa kubva kumurayiro wa Mosesi, Genesi-Dhuteronomi, yegwara redzidziso yeruramo nenyasha nokutenda. Izvi zvakaiswa mupfupiso muna munaVaRoma 3:21-31. kumuJudha ,mutsara uyu uyo wakagokwa kubva muzvinyorwa zvaMosesi waiva noudzamu hwezvidzidzo zvouMwari kunyanya apo waitaurwa maringe naAbhurahamu, uyo aionekwa satateguru werudzi rwechiJudha. Davhiti aionekwa somumwe wevatumwa vanouya(cf. 2 Samueri 7).
- C. Makakatanwa muRoma, pakati pevatendi vechiJudha nevechiHedheni anogona kuva iwo chiitiko chakakonzero nhourwa iyi. Zvinogoneka kuti vatungamiri vemaKristu echiJudha vaiona sokuti vaimanikidzwa naNero (uya akabvisa kupira kwose kwechiJudha) kuti vabudemuRoma. Panguva pfupi iyoyi vakabva vatsiviwa nevatungamiri vemaKristu echiHedheni. Kudzoka kwakaita chikwata chokutanga kwakakonzero daritari rokuti ndiani aizopinda muUtungamiri.
- D. Tsamba ya Pauro kuVaRoma yechina inoratidza kuti vatadzi vagara vachiponeswa nenyasha dzaMwari nokuda kwokutenda norupinduko kunaMwari maererano nechiedza chomweya chavainacho (Genesi 15:6; VaRoma 4:3). Nedzimwe nzira chisungo chitsva (vhangeri cf Jeremiya 31:31-34; Ezekieri 36:22-38) hachina kunyanya kusiyana nechekare.
- E. Iyi nzira yeruramo nenyasha nokutenda ndeye munhu wose, kwete madzibaba ekare kana rudzi rwaIsiraeri. Pauro pano arikuvandudza nokutambanudza doritori rake redzidzo yezvouMwari achishandisa Abhurahamu iro raakanga atanga kuvandudza kare muna vaGaratiya 3.



- F. SomuVhangeri ndinofanira kubvuma kuti vaRoma 3:21-31;4:1-25;5:1-21 navaGaratiya3 zvinyorwa zvakakosha zvinotsanangura chiKristu nenzira yandino nzwisisa. Tariro yangu iri mu:-
1. Nyasha dzaMwari
  2. Basa raKristu
  3. Kuvimbisika kweshoko
  4. Zvinyorwa zvakajeka zvaPauro.

## DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

### NASB Zvinyorwa zvakavandudzwa 4:1-8

<sup>1</sup>Zvino tichati Abhurahamu, tateguru wedu panyama akawaneiko? <sup>2</sup>Nokuti dai Abhurahamu akaruramiswa namabasa ake, angadai anechinhu chaangazvirumbidza nacho; asi haana pamberi paMwari. <sup>3</sup>Nokuti rugwaro runoti kudiniko? Runoti “ABHURAHAMU AKATENDA MWARI, KUKANZI KWAARI NDIKO KURURAMA” Zvino kuno anobata basa mubayiro haunzi ndowenyasha, asi ndowengava <sup>5</sup> kuno asingabati, asi anotenda kuna iye anoruramisa munhu asingadi Mwari, kutenda kwake kunonzi kwaari ndiko kururama <sup>6</sup>sezvimorevawo Dhaviti, kuti akaropafadzwa munu anonzi naMwari akarurama, kunze kwemabasa, <sup>7</sup>Achiti “VAKAROPAFADZWA VAKAREGERERWA ZVISAKARURAMA ZVAVO, NAVAKAFUKIDZIRWA ZVIVI ZVAVO; <sup>8</sup>WAKAROPAFADZWA MUNHU ASINGANZI NAISHE ANE ZVIVI”.

**4:1 “Zvino tichati Abhurahamu tateguru wedu”** Zita raAbhurahamu raireva kuti Baba weruzhinji” (cf ndima 16-18). Zita rakerokutanga rokuti Abhuramu raireva kuti “Baba vanoremekedzwa.”

Bhindauko rekunyorwa rakashandiswa pano rinonzi mubvunzo-mhindu (cf 4:1; 6:1; 7:7; 8:31; 9:14, 30). Chikonzero chokushandisa Abhurahamu (Genesi 11:27-25:11) semuenzaniso chingangova:-

1. Chokuti maJudha aikoshesa kusimudzira rudzi rwavo (Mateu 3:9; Johani 8:33, 37,39)
2. Chokuti kutenda kwake kwaiva-muenzaniso wechisungo (Genesi 15:6)
3. Kutenda kwake kwakatangira kupiwa kwomurayiro waMosesi (cf Ekisodho 19-20).
4. Akashandiswawo navadzidzisi venhema (kureva, vechiJudha cf vaGaratiya)

Nokuda kwezvikonzero zvisinganyatsojeka vanyori vakare vaidzengerera pakati pa:

1. Tateguru, MSS N\* <sup>2</sup>, A, C\*
2. Baba, MSS N<sup>1</sup>, C<sup>3</sup>, D, E, G

Zvingangova zvinechokuita nenyaya ya tateguru waAbhurahamu (Zibaba) Pauro anotaure namaJudha) erudzi rwaIsiraeri maringe naAbhurahamu Baba wavose Vanotenda kunaMwari. (Baba wavose, ma Judha namaHedheni, 2:28-29).

▣ **“Nyama”** Ona nhaurwa Inokosha pa 1:3.

**4:2 “Dai”** uyu mutsara uneshongedzo yefungidziro yekuva wechokwadi, kubva pamafungiro nemaonero emunyorori (Verenga gwaro raVa A T Robertson, *Word Pictures* vol. 4 p350, uyu muenzaniso wakanaka wekushongedza mutsara uyo unenge uri wenhema pazvokwadi, asi uchishandiswa kupa tsanangudzo yezvouMwari yakanaka (cf ndima 14).

VaJoseph D A Fitzmyer mugwaro ravo rinonzi (*The Anchor Bible*) vanoti, uyu unogona kuva musanganiswa wemitsara ineshongedzo iyi. Sokuti chikamu chokutanga chinenge chiriri

chomutsara wakavakwa nepfungwa mbiri dzinopikisana senzira yokuburitsa chokwadi (sokuti “Dai Abhrahamu akaruramiswa namabasa, asi haana ...” uye chikamu chechipiri chiine shongedzo yefungidziro yokuva chechokwadi.

▣ **“Ruramiswa namabasa”** Izvi zvinopikisana nokururamiswa nenyasha nokutenda muna Kristu. Kana iyi nzira yoruponeso nokuda kwamabasa avanhu (4:4) yaigoneka, zvaibva zvasayisa basa Ushumiri hwa Kristu. Ruramiso namabasa omurayiro ndiyo nziro yairehwa navadzidzisi vechiJudha vazhinji maererano naAbhurahamu. (cf *Uchenjeri* 10:5; *Uparidzi* 44:20-21; *Mac* 2:52 *Jubhuri* 6:19-20; 15:1-2). Pauro sezvo aiva mudzidzi wechiJudha aiziva zvinyorwa izvi.

Zvisineyi, Testamende Yekare inoratidza zvakajeka kukoniwa kwavanhu kuita mabasa echisungo chaMwari naizvozvo Testamende Yekare yakatukwa yakava mutongo werufu (cf vaGaratiya 3:13; vaKorose 2:14).

Vadzidzi vechiJudha vaiziva kuti Abhurahamu, akarurama kusati kwava nomurayiro waMosesi, asi vanotenda kuti akafananidza murayiro akauchengeta (cf *Uparidzi* 44:20 *naJubhuri* 6:19; 15:1-2).

▣ “Ane chinhu chaangazvirumbidza nacho” Iri dingindira rinonyanya kuwanikwa muzvinyorwa zvaPauro. Nhorondo yake yokuva muFarisi yakamupa ruzivo rwe dambudziko iri (cf 3:27; 1vaKorinde 1:29; vaEfeso 2:8-9) Ona nhaurwa Inokosha:-Kuzvirumbidza pa 2:17

#### 4:3

NASB, NKJV

NRSV, TEV

NJB

“Abhurahamu aitenda Mwari”

“Abhurahamu akaisa rutendo rwake muna Mwari”

Uyu mutsara wakatorwa pana Genesi 15:6. Pauro akaushandisa rutatu muchikamu chino (cf 4:3, 9, 22), Izvo zvinoratidza kukosha kwawo mudzidziso yezvouMwari nokunzwisisa ruponeso kwaPauro. Izwi rokuti “rutendo” muTestamende Yekare raireva kuteerera, rukudzo kana kuvimbisika uye raiva tsanangudzo yemaitiro aMwari kwete edu. Rakabva pazwi rechiHebheru rokuti (emun, emunah) iro raireva kuti “kuva nechokwadi kana kuterama”. Kutenda kweruponeso ndekwe:-

1. Rubvumo rwemupfungwa (muronga wezvokwadi)
2. Kuzvipira nokuda (rutemo)
3. Kurarama kunounhu (raramiro)
4. Kuva noukama hwakanaka navamwe.

Tarira Nhaurwa Inokosha: Tenda, Vimba, Rutendo nokutendeseka muTestamende Yekare pa 1:5.

Zvinofanira kukumikidzwa kuti kutenda kwaAbhurahamu kwakanga kusiri kwemiriro yomutumwa achauya, asi muvimbiso yaMwari yokuti aizova nomwana nezvizukuru. (cf Genesi 12:2; 15:2-5; 17:4-8; 18:14). Abhurahamu akadavira vimbiso iyi nokuvimba naMwari. Aiva norupokano nedambudziko pamusoro pevimbiso iyi. Kwazvo kwazvo zvakatora makore gumi nematatu kuti zvizadziswe. Zvisineyi kutenda kwake kusina kuperera, kwakatambirwa naMwari. Mwari anoda kushanda nevatadzi avo vanodavira kwaari nevimbiso yake mukutenda chero zvazvo kutenda kwavo kuri kuduku setsanga yemasitadhi. (cf. Mateu 17:20)

**4;3, 4, 5, 6, 8, 9, 10, 23, 24**

**NASB, NRSV** “Kukanzi kwaari”  
**NKJV** “Zvaka rondedzerwa kwaari”  
**TEV** “Nokuti Mwari akamutambira”  
**NJB** “Kutenda uku kwakarangirwa”

“Kuka” Iri izwi rinoreva kutenda kwaAbhurahamu muvimbiso yaMwari.

“Rangarirwa” (Logizomia) cf 3:28 nekagumi neimwe muchikamu chechina) Izwi rezve mari raireva “Kupiwa” kana “Kuiswa mujengeta mari romunhu” (LXX Genesi 15:6; Revhitiko 7:18; 17:4). Chokwadi chimwechetecho chinotaurwa zvakaisvo naka muna 2vaKorinde 5:21 na vaGaratiya 3:6. Zvinogoneka kuti Pauro akasanganisa Genesi 15:6 na Mapisarema 32:2 nokuti dzose dzinoshandisa vara rezvemari rekuti “rangarirwa”. kusanganiswa zvinyorwa uku inzira yemashandiro muzvidzidzo zvokupirikira Bhaibheri zvaitwa nevadzidzisi vechiJudha.

Testamende Yekare inoshandisa izwi iri muBhaibheri rechiGiriki rekare umo rinoshandiswa kwete sezwi rezvekuchengeta mari asi sezwi rezvekufambiswa kwe mari, kazhinji rakarerekera kureva magwaro ezve mari, semuna Dhanieri 7:10; 12:1. Magwaro maviri emadimikira aya (ndangariro dzaMwari) ndeanoti:-

1. Gwaro rezviito nerangariro (cf Mapisarema 56:8; 139:16; Isaya 65:6; Maraki 3:16; Zvakazarurwa 20:12-13).
2. Gwaro roupennyu (cf Ekisodho 32:32; Mapisarema 69:28; Isaya 4:3; Dhanieri 12:1; Ruka10:20, vaFiripi 4:3; vaHebheru 12:23; Zvakazarurwa 3:5; 13:8; 17:8; 20:15; 21:27).

Gwaro, iro rakanyorwa nezvekutenda kwa Abhurahamu naMwari, sekururama. “Igwaro roupennyu”

**4:3, 5, 6, 9, 10, 11,13, 22, 25.** “Sokururama” Izvi zvaireva izwi remuTestamende Yekare rokuti “rutsanga rwokupimisa” (tsadak). Raiva dimikira rokuvaka mutauro rokureva maitiro aMwari. Mwari akaswatanuka, vanhu vose vakatsveyama. MuTestamende Itsva rakashandiswa nenzira yechimiso chomurayiro (Utsvakwa) iyo inotarisirwa kureva kuenda muupenyu nemaitiro ouMwari. Chinangwa chaMwari pamuKristu wose, maitiro ake kana kuti neimwe nzira, kuva saKristu (cf 8:28-29; vaGaratiya 4:19). Tarira Nhaurwa Inokosha:- Kururama pa 1:17.

**4:5** Chinokosha pakutenda kudavira Mwar iuyo anozviratidza, pasina kuvimba nemabasa kana kubudirira. Izvi hazvirevi kuti kana taponiswa uye tavanemweya matiri, raramiro yedu haisisina kukosha. Chinangwa chouKristu hakusi kuenda kudenda rimwe zuva kana tafa, asi kuva sa Kristu izvozvi. Hatina kuponeswa, kururamiswa, kana kuitirwa zvakanaka namabasa edu asi tinodzikinurirwa mumabasa akanaka (cf vaEfeso 2:8-9 na 10; Jakobho na 1Johani).Hupenyu hwakashanduka uye hurikushanduka ndihwo humboo hwekuponeswa. Ruramiso inofanira kuburitsa utsvene!

☐ “Anotenda” ICHI CHIREVO CHEZVI RIKUTOITIKA. Tarira Nhaurwa Inokosha inotevera:

**NHAURWA INOKOSHA: KUTENDA, TENDA, KANA VIMBA (*pistis* [ZITA], *Pisteuō*, [IZWI RECHIITO] *Pistos* [CHIPAURO]).**

A. Iri izwi rinokosha muBhaibheri (cf vaHebheru 11:1, 6). Inyaya yemharidzo yaJesu yokutanga (cf

Mako 1:15). Pane zvinhu zvitsva zvisingaite zviviri zvinodivikanwa: rupinduko norutendo (cf 1:15; MaBasa 3:16, 19; 20:21).

B. Tsanangudzo yedzidzo yezvinoreva mazwi yezwi iri

1. Izwi rokuti “kutenda” muTestamende yekare rinoreva “kuvimbika”, rukudzo, kuvimbisika uye raiva rokutsanangura chimiro chounhu hwaMwari, kwete hwedu.
2. Rakabva paizwi rechiHebheru rokuti (emun,emunah), kuva nechokwadi kana kuteramira” ruendo runoponesa rubvumo rwe mupfungwa ( muronga wezvokwadi) raramo younhu (raramo) noukama hwekugamuchira munhu ne sarudzo yokuzvipira (rutemo) kumunhu iyeye.

C. Kushandiswa kwaro muTestamende Yekare.

Zvinofanira kukumukidzwa kuti kutenda kwa Abhurahamu kwakanga kusiri ko mutumwa achauya, asi muvimbiso yaMwari yokuti achava nomwana nezvizukuru (cf Genesi 12:2; 15:2-5; 17:4-8 18:14). Abhurahamu akadavira vimbiso iyi nokuvimba naMwari. Aiva nepokano pamusoro pevimbiso iyi, iyo yakatora makore gumi nematatu kuti izadziswe. Zvisineyi kutenda kwake kusina kuperera, kwakatambirwa naMwari anoda kushanda nevatadzi avo vanodavira kwaari nevimbiso yake mukutenda chero zvawo kutenda kwavo kuri kuduku setsanga yemasitadhi. Mateu 17:20.

D. Kushandiswa kwaro muTestamende Itsva.

Izwi rokuti (tenda” rinobva pazwi rechiGiriki rokuti (*pisteuō*) iro rigona kushandurudzwa richireva kuti “tenda”, “kutenda” kana “Vimba” semufananidzo, Izwi rezita iri hariwanikwi muVhangeri yaJohani asi izwi rechiiito rinoshandiswa zvakananyana muna Johani 2:23-25 hapana rujeko pamusoro pekuzvipira kwevanhu kuna Jesu weNezareta so mutumwa. Mimwe mifananidzo yakashandiswa sebarapara kuzwi rokuti “tenda” iri muna Johani 8:31-59 naMabasa 8:13, 18-24. Kutenda kwechokwadi kwemuBhaibheri hakusiri kudavira chete, kuno fanira kutererwa noudzidzi (cf Mateu 13:20-22, 31-32).

E . Kushandiswa kwaro neZvirevamwene.

1. Izwi rokuti “*eis*” rinoreva kuti “Mu, sokuti mukati” Mavakiwro ezwi iri anorevesesa kuti Vatendi vanoisa ruvimbo nokutenda kwavo muna Jesu.
  - a. Muzita rake (Johani 1:12; 2:23; 3:18; 1Johani 5:13)
  - b. Maari (Johani 2:11; 3:15, 18, 4:39; 6:40; 7:5, 31, 39, 48; 8:30; 9:36; 10:42; 11:45, 48; 17:37, 42; Mateu 18:6; Mabasa 10:43; vaFiripi 1:29 1Petirosi 1:8)
  - c. Mandiri (Johani 6:35; 7:38; 11:25, 26; 12:44, 46; 14:1, 12; 16:9; 17:20).
  - d. Mumwanakomana (Johani 3:36; 9:35; 1Johani 5:10)
  - e. Muna Jesu (Johani 12:11; Mabasa 19:4; vaGaratiya 2:16).
  - f. Muchiedza (Johani 12:36)
  - g. Muna Mwari (Johani 14:1).
2. Izwi rokuti “*en*” rinoreva kuti “kuna” “kwa” semuna Johani3:15; Mako 1:15; Mabasa 5:14.
3. Izwi rokuti “*epi*” rinoreva kuti “Pa, Pamu,” semuna Mateu 27:42; Mabasa 9:42; 11:17, 16:31; 22:19; vaRoma 4:5, 24; 9:33; 10:11; 1Timoti 1:16; 1Petirosi 2:6.
4. Ichi chimiro chomutauro chinonongedza zvinodikwa asi chichishanda chisinasangano nechirevamwene. Semuna vaGaratiya 3:6; Mabasa 18:8; 27:25, 1Johani 3:23; 5:10.
5. Izwi rokuti “hoti” rinoreva kuti “tenda kuti” rinopa chimiro chezvekutenda.
  - a. Jesu ndiye mutsvene waMwari (Johani 6:69)
  - b. Jesu ndiye ndini iye (Johani 8:24)
  - c. Jesu arimuna Baba uye Baba vari maari (Johani 10:38).
  - d. Jesu ndiye muzodzwa (Johani 11:27; 20:31))

- e. Jesu ndiye Mwanakomana waMwari (Johani 11:27; 20:31)
- f. Jesu akatumwa naBaba (Johani 11:42; 17:8, 21).
- g. Jesu anerumwe naBaba (Johani 14:10-11)
- h. Jesu akabva kuna Baba (Johani 16:27, 30)
- i. Jesu akazvidana nezita raBaba rechisungo rekuti “ndini iye” (Johani 8:24; 13:19)
- j. Tichagara naye (VaRoma 6:8)
- k. Jesu akafa akamuka zvakare (1vaTesaronika 4:14).



**NASB, NKJV.**           **“kutenda kwake”**  
**NRSV.**                   **“kutenda kwakadai”**  
**TEV, NJB.**               **“Rutendo rwake”**

Kutenda kwaAbhurahamu kwakanzi ndiko kururama kwake. Izwi zvakanga zvisina, chokuita namabasa ake, asi rudaviro rwake. Mabasa ake akaratidza kutenda kwake (cf Jakobho 2:14-26).

Izwi rokuti “rangarirwa rinoshandiswa zve pana Pinehasi muna LXX yaMapisarema 106:31, Inofambirana naNumeri 25:11-13. Panyaya iyi kurangarirwa kwaibva Pamabasa aPinehasi asi hazvidaro pana Abhurahamu muna Genesi 15:6!

▣ **Anotenda kuna i ye anoruramisa munhu asingadi Mwari, kutenda kwake kunonzi kwaari ndiko kururama.** Uyu ndiwo mutsara unoshamisa! Unofambirana naAbhurahamu mundima 3 (Genesi 15:6) kururama chipo chaMwari (Tarira chinyorwa pa 3:24) kwete chibereko chemabasa emunhu, Tarira Nhaurwa Inokosha pa 1:17.

▣ **“Dhāviti”** Sezvo Abhurahamu akanga asiri munhu akanaka, asi akarurama kuna Mwari nokutenda ndizvo zvimwechetezvo zvakaita Dhāviti uyo aiva mutadzi. (Mapisarema 32 na 51) Mwari anoda uye nokushanda nevatadzi (Genesi 3) vanoratidza kutenda maari (Testamende yekare) UyenoMwanakomana wake (Testamende Itsva).

**4:6 Kunze kwamabasa** “Pauro anokumikidza mutsara uyu nokuisa kwokutanga kwemazwi aakatora muTestamende yekare (cf Mapisarema 32:1-2). Munhu anorurama kuna Mwari nenyasha dzake dzinorevererwa naKristu nenzira yokutenda kwomunhu pauzima kwete mabasa ezvinamato (cf3:21-31; vaEfeso 2:8-10).

**4:7-8** Izvi zvakatorwa kubva muna Mapisarema 32:1-2. Mazwi ose aya anoreva chiito mundima 7, okuti “Varegererwa” na “vadzivirirwa” ose mazwi echiito anoreva kuitirwa. Mwari ndiye muiti. Ndima 8 inekuramba kwakasimba “Hazviitiki chero zvikadii” Kupiwa, kurangarirwa, kuiswa muhurongwa. Ona mazwi anoreva chiito matatu ari pano; ose anoreva kuregererwa kunechivi.

**4:7 “Varegererwa zvisakarurama zvavo”** Izvi zvakatorwa kubva muna mapisarema 32:1 . Pfungwa yokuregerera yaivawo chaizvo mutsika yavaIsiraeri yezvipiriso(kureva, Revhitiko 1-7). Nokuregerera zvivi (izwi rechiito chokuitirwa) akazvibvisa pamberi pake (Isaya 38:17; Mika 7:19) Brown, Driver Briggs p491) Pfungwa imwecheteyo nyangwe pachishandiswa rimwewo

izwi rechiHebheru rokuti (cafar) rinoreva kuregererwa, iro raishandiswa kureva kupira pazuva reyananiso (kuregerera) apo ropa raiiswa pachigaro chetsitsi rairegerera zvivi zveva Isiraeri (Revhitiko 16). Rimwe dimikira reBhaibheri rinofambirana nazvo nderokti “kupfidza” (Isaya 1:18 ; 43:25) Kana kuti kudzima(Mabasa3:19;vaKorose 2:14; Zvakazarurwa 3:5) Zvivi zvomunhu.

**4:8 “Wakaropafadzwa munhu asinganzi naishe anezvivi”** Uyu mutsara wakatorwa pana Mapisarema 32:2. Izwi rokuti “kurangarirwa” “kupiwa” kana kuisa mari mujengeta mari roumwe”, rakashandiswa nenzira yakasiyana nezvakajairika. Mwari haaisi chivi (kusiwana zvakapetwa kaviri) mujengeto romweya womutendi ,anoisa kururama. Izvi zvinobva pamaitiro enyasha, chipo nokududza kwaMwari kwete kugona, budiriro kana mabasa omunhu.

**NASB Zvinyorwa zvakavandudzwa 4:9-12**

**<sup>9</sup>Zvino kuropafadzwa uku ndokwawakadzingiswa, kana kwavasina kudzingiswa here? Nokuti tinoti, KUNA ABHURAHAMA KUTENDA KWAKE KWAKANZI NDIKO KURURAMA. <sup>10</sup>Zvino zvakanzarwo Seiko? Atodzingiswa kana asina kudzingiswa here? Hazvina kunzarwo adzingiswa, asi asina kudzingiswa; <sup>11</sup>Akapiwa chiratidzo chokudzingiswa, kuti chive chisimbiso chokururama kwokutenda, kwaakanga anako asati adzingiswa, kuti ave Baba vaVose vanotenda, kunyange vasina kudzingiswa, kuti vagonzi vakarurama; <sup>12</sup>Ave Baba vokudzingiswa kuna ivo vasina kudzingiswa bedzi, asi vanofambawo mumakwara okutenda kunaBaba vedu Abhurahamu, kwavaiva nako vasati vadzingiswa.**

**4:9-12** Zvinogoneka kuti Pauro anoisa nhaurirano iyi yokudzingiswa nokuda kweavo vaikoshesa tsika dzechiJudha avo vaiti munhu anofanira kudzingiswa kuti aponeswe (Verenga bhuku ravaGaratiya nedare reJerusarema pana MaBasa 15). Pauro, akanga akadzidza nzira yokupirikira shoko yaitwa navadzidzisi vechiJudha, aizivawo kuti muna Genesi 15:6 naMapisarema 32:2 izwi rechiito rimwechetero rinowanika muzvinyorwa zvechiHebheru nezvechiGiriki. Izvi zvaibatidza zvikumui zvi sechiinangwa chedzidzo yezvouMwari.

**4:9** Mubvunzo uripa ndima 9 unetarisiro yemhinduro yokuti “kwete” Mwari anotambira vanhu vose nokutenda chero vaHedheni. Genesi 15:6 inoshandiswa zvakare. Abhurahama Baba werudzi rwavaJudha akanzi akarurama (cf Genesi 15) kusati kwava nomurayiro waMosesi (ndima 13 zvakare) asati adzingiswa (cf Genesi 17).

**4:10-11 “Chiratidzo chokudzingiswa kuti chive chisimbiso chokururama kwokutenda”** kwapera kudanwa kwaAbhurahamu nokunzi akarurama , Mwari akamupa kudzingiswa sechiratidzo chechisungo (Genesi 17:9-14). Vanhu vose vakare, vokumabvirazuva vaidzingiswa kunze kwe vaFirisitiya vaiva noukama namaGiriki kubva kuzvitsuwa zve Ageni. kudzingiswa kwavari yakanga irinzira yokuyaruka kubva muukomana kuva Murume. Muupenyu hwechiJudha chakanga chiri chiratidzo chokuva nhengo yechisungo chechinamoto, chaitwa pavanakomana pazuva rechisere rokuzvarwa.

Mundima iyi “Chiratidzo” ne “Chidhindo zvinofambirana zvakare zvose zvinoreva kutenda kwa Abhurahamu. kudzingiswa wakanga uri munembo waioneka wokuratidza munhu anorutendo muna Mwari. Mutsara wetsanangudzo wokuti “wekururama

kwokutenda”unodzokororwa mundima 13. Hwaro hwokunzi wakarurama naMwari Mutsvene hwakanga husineyi nokudzingiswa, asi kutenda.

**4:11 “kuti ave Baba vaVose Vanotenda vasina kudzingiswa”** Bhuku ravaRoma mushure mebhuku rava Garatiya, Pauro aiziva tsika yavaJudha yokuvimba ne (1)rudzi rwedzinza ravo (cf Mateu 3:9; Johani 8:33, 37, 39)(2)Kupirikira murayiro waMosesi kwaiitwa nemaJudha (tsika dzemadzitateguru idzo dzakanyorwa mubhuku rinonzi “Talmud”. Naizvozvo akashandisa Abhrahamu somufananidzo womunhu wose anotenda norutendo (Baba weva tendi, vaHedheni vasina kudzingiswa( cf 2:28-29; vaGaratiya 3:29).

▣ **“Chidhindo”** Tarira Nhaurwa Inokosha inotevera

### **NHAURWA INOKOSHA : Chidhindo**

Chidhindo yaigona kuva nzira yakare yechiratidzo chekureva;

1. Chokwadi (Johani 3:33).
2. Huridzi (Johani 6:27; 2Timoti 2:19; Zvakazarurwa 7:2-3)
3. Chipiko kana rudziviro (Genesi 4:15; Mateu 27:66; VaRoma 15:28; 2vaKorinde 1:22; vaEfeso 1:13, 4:30)
4. chinogona kuva chokwadi chechiratidzo chevimbiso yaMwari yechipo (VaRoma 4:11 na 1vaKorinde 9:2)

Chinangwa chechidhindo ichi ndechekuziva vanhu vaMwari Kuti hashu dzaMwari dzisavakananise. Chidhindocha satani chinovisa wo vanhuvwake, vanova chinhu chakanangwa nehashu dzaMwari. Muna Zvakazarurwa, “dambudziko” (kureva *thlipsih*) inyaya yekushungurudzwa kwe vatendi nevasingatendi, apo hashu (*orgē* kana *thumos*) idzo dzagara huri hutongi hwaMwari kune avo vasingatendi kuti wapindukire mukutenda muna Kristu. Ichi chinangwa chakanaka, choutongi chionoonekwa mukutukwa nemakokomborero omuna Dhuteronomi 27 kusvika 28

**4:12 “wanofamba mumakwara”** iri raiva izwi rechiuto (*stoicheō*) kureva mauto anofamba mumutsetse (Mabasa 21:24; vaGaratiya 5:25,6:16; vaFiripi 3:16) Mundima iyi Pauro anotaura nezvevaJudha (Baba wekuzingiswa) vanotenda. Abhrahamu ndiye baba wavose vanotenda muna Mwari nevimbiso dzake. Nokuda kweminongedzo miviri (*tois*) zvinogoneka kuti munongedzo wechipiri (“kufamba mumakwara a”) unowedzera kupfungwa yemararamiro okutenda (chimiro chokureva zvirikuitwa izvozvi nokusingaperi) kwete kutenda kwezuva rimwe. Ruponeso hukama hwe ziendanakuenda, kwete rutemo kana sarudzo yekachingvana.

### **NASB Zvinyorwa (zvakanandudzwa) 4:13-15**

<sup>13</sup>Nokuti chipikirwa chokuti uchava mugari wenhaka yenyika hachina kupiwa Abhrahamu kana rudzi rwake nomurayiro asi, nokururama kwokutenda. <sup>14</sup>Nokuti dai vomurayiro vari vagari venhaka kutenda hakuna maturo, nechipikirwa chinokoneswa;

<sup>15</sup>Nokuti murayiro unouyisa kutsamwa, asi pasina murayiro hapana kudarikawo.

**4:13 “Chipikirwa kuna Abhurahamj kana kurudzi rwake”** Mwari akaita chipikirwa “chevhu nembeu” kuna Abhurahamu (Genesi 12:1-3; 15:1-6; 17:1-8, 22:17-180 Testamende yekare yainyanya kutarisa ivhu (Parasitina) asi Testamende Itsva inonyanya kutarisa “mbeu”(Jesu muzodzwa,cf vaGaratiya3:16,19),pano “mbeu” inoreva vanhu vanotenda (cf vaGaratiya3:29) Zvipikirwa zvaMwari ndizvo hwaro hwokutenda kwavatendi (cf vaGaratiya 3:14,17,18,19,21, 22, 29; 4:28 vaHebheru 5:13-18).

▣ **“kuti achava mugari wenhaka yenyika”** Uyu mutsara, unonongedzanyika yose unokosha zvikuru,kunyanya kana takatarisa zvakanyorwa pana Genesi12:3;18:18 ;22:18 na Ekisodho19:5-6.Mwari akadana Abhurahamu senzira yokudana munhu wose(Genesi 1;26-27;3:15)!Abhurahamu nevana vake ndivo vaizova nzira yokuzviratidza kwaMwari kupasirose.iyi imwe yenzira yokureva ushe hwaMwari panyika(Mateu 6:10)

▣ **“kwete nomurayiro”** Murayiro waMosesi wakanga usati waratidzwa.Mutsara uyuwakatanga kunyorwa ne chiGiriki,senzira yokuratidza kukosha kwawo.iyi yaiva tsananguro inokosha kwazvo iyo yairatidza musiyano pakati pemabasa evanhu nenyasha dzaMwari(cf3:21-31).Nyasha dzakaita kuti murayiro uve mangwanjangwanja senzira yoruponeso(cfvaHebheru8:7,13).Tarira nhaurwa inokosha:Maonero aPauro panyaya dzomurayiro waMosesi pa13:9.

▣ **4:14 “Dai”** uyu mutsara uneshongedzo yefungidziroyekuva wechokwadi kubva pamaonero nemafungiro emunyorori.Pauro aishandisa mutsara unekatyamadzo senzira yokuita doritori rake.uyu mufananidzo wakanaka zvikuru wemitsara yakarongwa nenzira iyi(first class conditional sentence)iyo yakashandiswa nenzira yokurunga mazwi.Pauro aisatenda kuva nechokwadi kwemutsara uyu ,asi akautaurira kuratidza usasavari hwawo(ndima2).Avo verudzi rwechiJudha vane chiratidzo chinoonekwa chokudzingiswa,havasi vagary venhaka yepanyika,asi avo vanotenda mukuda kwaMwari neshoko ndivo vagary venhaka.Kudzingiswa panyama hakusi chiratidzo chechisungo chechokwadi,asi kutenda(cf2:28-29).

▣  
**NASB,NKJV** “kutenda kunokoneswa”.  
**NRSV** “kutenda hakupo”.  
**TEV** “kutenda komunhu hakuna mature”.  
**NJB** “kutenda kunoshaya chirevo”.

Izwi rokuti (*kenoō*) ,izwi rechiito riri muchimiro chokuitirwa riri romutauro wechiGiriki, rinoreva kuti “kubvisa”, ”kuratidza kusava nehwaro” kana” kunyengedzera” (cf1vakorinde1:17) Izwi iri rakashandiswazve naPaumuna 1vakorinde1:17;9:15;2vakorinde9:3 navaFiripi 2:7.

▣  
**NASB** ”Chipikirwa chinokoneswa”  
**NKJV** ”Chipikirwa chinoitwa kuti chishaye basa”  
**NRSV** ”Chipikirwa hachipo”  
**TEV** ”Chipikirwa chaMwari hachikoshe”  
**NJB** ”Chipikirwa hachikoshe”



Izwi zvinonongedza kuitirwa mururimi rwechiGiriki paizwi rechiiito rinoreva kuti “kubvisa”, ”kupfucza”, ”kusvitsa kumagumo”kana” kuparadza, kunyungurudza” Izwi iri rakashandiswazve naPauro munavaRoma3:3, 31;6:6;7:2,6; 1vaKorinde 2:6;13:8;15:24,26; 2vaKorinde3:7; vaGaratiya5:4;2 vaTesaronika2:8. Pane kufambirana kuripachena pandima idz .Hapana nzira mbiri dzoruponeso.Chisungo chitsva chenyasha chakaita kuti chekarechemabasa chikoneswe nokuva demhe!Tarira nhaurwa inokosha :3:3.

**4:15 “Murayiro.....murayiro”** Kushandiswa kwokutanga kweizwi izwi iri kune ruvandariro rwechiGiriki, apo kwepiri hakuna ruvandariro urwu. Nyangwe zviine tsaona, kutarisisa kuvapo kana kusavapo kweruvandariro urwu, zvinoratidza kuti panhambo ino kutarisisa ruvandariro urwu kunogona kubatsira pakuratidza kuti Pauro aishandisa izwi iri nenzira mbiri

1. Murayiro waMosesi netsikadzawo, idzo mamwe maJudha aivimba kuti dzinoponesa.
2. Pfungwa yomurayirowo kuvazhinji.Iri gumbakamwe remaonero raisanganisira vahedheni avo vaizviita vakaruramanokuda kwokutevedzera tsika namagariro kana mipiro yezvitendero izvo zvavaifunga kuti zvaizoitaKuti Mwari avatambire.

☐ “Murayiro unounza kutsamwa”Uyu mutsara unoshamisa,(cf3:20;vaGaratiya3:10-13;vaKorose2:14)murayiro waMosesi hauna kumbova wakaitwa senzira yoruponeso(vaGaratiya 3:23-29).Ichi chaiva chokwadi chakaoma kunzwisisa kana kutambira ,kumaJudha (kana vatever i vomurayiro) asi ndihwo hwaro hwedoritori raPauro.Tarira nhaurwa inokosha pa 13:9.

☐ “Asi pasina murayiro hapana kudarikawo”Mwari anopa vanhu mutoro wechiedza chavainacho.vahedheni havazombotongwi nomurayiro waMosesi wavasina kumbonzwa nezvawo,vanemutoro wekuzviratidza kwa Mwari kuburikidza nezvaakasika(cf1:19-20;2:14-15). Chokwadi ichi chinosisimudzirwa padanho remberi mudoritori raPauro.Murayiro usati waratidza Mwari zvakajeka;Mwari haana kumbobvira ava nenhoroondo yokutadza kwomunhu(cf 3:20,25;4:15;5:13,20;7:5,7-8;mabasa14:16;17:30;1vaKorinde15:56)

**NASB Zvinyorwa zvakavandudzwa 4:16-25.**

<sup>16</sup>Saka ndezvokutenda,kuti,zvive zvenyasha;kuti chipikirwa chive nesimba kurudzi rwose;rusati ruri rwomurayiro bedzi, asi norwokutenda kwaAbhuramuwo,iye Baba vedu tose, <sup>17</sup>(Sezvazvakanyorwa, zvichinzi,”ndakakuita baba vamarudzi mazhinji”) pamberi paiye waakatenda, iyeMwari anopa vakafa upenyu,nokudana zvisipo sezvinenge zviripo.

<sup>18</sup>Akatenda netariro pasina tariro,kuti ave baba vamarudzi mazhinji,sezvakanga zvarehwa,zvichinzi,” Rudzi rwako ruchadaro”.<sup>19</sup>Haana kushayiwa samba pakutenda ,achifunga muviri wake wakanga watofa hawo (zvaaiva namakore anenge zana).nokufa kwechizvaro chaSara; <sup>20</sup>akatarira chipikirwa chaMwari,haana kunyunyuta nokusatenda, asi akasimbiswa pakutenda,akakudza Mwari,<sup>21</sup>achiziva kwazvo ,kuti icho chaakapikira, akanga anesimba rokuchiitawo.<sup>22</sup>Saka zvakanzi kwaari ,”Ndiko kururama.” <sup>23</sup>Zvino hazvina kunyorwa nokuda kwake bedzi ,kuti “Zvikanzarwo kwaari;” <sup>24</sup>asi nokuda kweduwo ;nesu tichanzarwo ;iyesu,tinotenda kunoakamutsa Jesu ,ishe wedu, kuvakafa <sup>25</sup> iye akaiswa kurufu nokuda kwokudarika kwedu ,akamutsa nokuda kwokururamiswa kwedu.

- 4:16** Kubva pandima 14 pane pfupiso yakanaka zvikuru yedoritori raPauro,rokuti:
1. Vanhu vanofanira kudavira nokutenda.
  2. Vimbiso yaMwari nenyasha.
  3. Vimbiso yaiva yechokwadi kuvana vose vaAbhurahamu (maJudha nemaHedheni)avo vanotenda.
  4. Abhurahamu ndiye aiva muenzaniso weavo vose vanotenda.



NASB,NRSV,  
TEV,NIV. “Simbiso”  
NKJV “Chokwadi”.  
REB “Maturo”.  
NET “Tsarukano”

Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

### NHAURWA INOKOSHA : SIMBISO

Izwi rokuti simbiso *bebaios* rinedudziro nhatu mururimi rwechiGiriki,dzinoti:

- 1) Dudziro yokureva kuva nechokwadi,tsarukano kana kuvimbika(vaRoma 4:16; 2vakorinde 1:7;vaHebheru 2:20;3:6,14;6:6;19;2Petirosi 1:10,19)
- 2) Nzira yokusimbiswa nokuratidzwa kwekuvimbika kwechinhu(cfvaRoma 15:8;vaHebheru 2:2,verenga Duramazwi reTestamende itsva yeGiriki nechirungu rakanyorwa nevanyori vaviri, Louw na Nida [*Greek-English Lexicon of the New Testament*, Vol 1,pp340,377, 670]).
- 3) Mumagwaro akanyorwa kare (The *papyri*), izwi iri raishandiswa kureva simbiso yemutemo (cf verenga gwaro rinotsanangura mazwi muTestamende itsva yechiGiriki rakanyorwa nava (cf. Moulton pamwe navaMilligan (*The vocabulary of the Greek New Testament*,pp107-8).

- ▣ Urwu ndirwo rundemo rwendima 14.Vimbiso dzaMwari nedzechokwadi!

**4:17-23** Pauro anoshandisazve Abhurahamu kuratidza nhangaruvanze yourongwa hwaMwari hwe: (1) Mharuro yenyasha dzevimbiso yaMwari(chisungo). (2) Mharuro yorutendo runodivikanwa kuvanhu neziendanakuenda kwerudaviro rwerutendo (chisungo, tarira chinyorwa pa 1:5) zvisungo zvinowanzo sanganisira Mubatapamwe wemapato maviri.

**4:17** “sezvazvakanyorwa, baba vamarudzi mazhinji” Izvi zvakatorwa kubva kuna Genesi 17:5.Bhaibheri rakare rechiGiriki(LXX) rinoshandisa izwi rokuti “vaHedheni”.Mwari agara achida rudzinuro rwevana vose vaAdhamu(cfGenesi 3:15)kwete vana vaAbhurahamu voga.zita raAbhuramu idzva rokuti Abhurahamu rinoreva kuti”Baba weruzhinji.”zvino tava kuziva rinobatanidzira kwete vana vorudzi chaivo voga,asi vana vorutendo.

- ▣ “Anopa upenyu kuvakafa” ichi chirevo chinonongedza kukwanisa kuzvara kwa Abhurahamu naSara(cfndima 19).

▣ **“kudana zvisipo sezvinenge zviripo”** mutsara uyu unoreva kutakura pamuviri paIsaka kwaSara ,asi unorevawo kukosha kwekutenda(cf vaHebheru11:1).

**4:18**

**NASB**

**“Mutariro isina tariro akatenda”**

**NKJV**

**“Uyo, zvisineyi nepokano netariro, mutariro akatenda”**

**TEV**

**“Abhurahamu akatenda netariro chero pakanga pasina chinangwa chokuva netariro”**

**NJB**

**“Nyangwe pakanga poita sokuti hapachina tariro, akava netariro akatenda”**

Nhaurwa inokosha ye”Tariro” inowanikwa pa 12:12. Izwi iri rinoreva zvakawanda. Verenga Duramazwi reongororo yemazwi echiGiriki, rakanyorwa navaHarold K. Moulton, The Analytical Greek Lexion Revised, p.133, seaya:

1. Chirevo chakajairika chokuti,tariro (cf vaRoma5:4;Mabasa24:15)
2. Chinangwa chetariro (cf vaRoma 8:24; vaGaratiya5:5)
3. Muvambi kana mabviro (cf vaKorose1:27;1Timoti 1:1)
4. Ruvimbo,kuzvivimba (1 Petirosi 1:21)
5. Murupiko rwesimbiso (cfMabasa 2:26; vaRoma 8:20)

Mumaonero aya tariro inoshandiswa nenzira mbiri.Tariro musimba nekugona kwevanhu (cfndima.19-21) maringe netariro nevimbiso yaMwari (cf ndima.17).

▣

**NASB,NKJV**

**“Rudzi rwako ruchadaro”**

**NRSV**

**“Rudzi rwako ruchawanda”**

**TEV**

**“Rudzi rwako ruchava ruzhinji”**

**NJB**

**“Rudzi rwako ruchawanda senyeredzi”**

Iyi pfungwa yakatorwa kubva pana Genesi 15:5,iyo yaikumikidza simbiso yevimbiso yaMwari kuna Abhurahamu pamusoro pekuzova nemwanakomana(cf ndima.19-22.Rangarira kuti Isaka akazvarwa :

1. Makore gumi nematatu chivimbiso chapihwa.
2. Apo Abhurahamu akanga aedza kuramba Sara(kaviri .cf.Genesi12:10-19;20:1-7)
3. Apo Abhurahamu akanga atoita mwana na Hagari,mushandi waSara werudzi rwechi Ijipita(cf .Genesi 16:1-16)
4. Apo Sara pamwe (cf Genesi 18:12)na Abhurahamu(cfGenesi 17:17) vaseka vimbiso.

Abhurahamu naSara vakanga vasina kutenda kwakaperera! Tinotenda Mwari, ruponeso harudi rutendo rwakaperera, asi chinangwa chakajeka choga(Mwari mutestamende yekare neMwanakomana wake mutestamende itsva).

**4:19 “Akafunga”iyi** shandurudzo inotevera MSS ⚭, A, B, C. Asi zvimwe zvinyorwa zvekare zvechiGirikineRatini zvinowedzera vara repokano rokuti (ou), D, F, G. UBS<sup>4</sup> haina kupa rutemo (“C”)chipimo chedanho retatu.Asi inopa hunyorwa muchidimbu.Bhaibheri re”NET”rinotsigirawo hunyorwa uhwu.

**4:20** Pakutanga Abhurahamu aisa nzwisisa vimbiso yokuti mwana aizozvarwa naSara.Chero kutenda kwa Abhurahamu kwakanga kusina kuperera.Mwari anotambira nokusha nekutenda kusina kuperera nokuti anoda vatadzi!

▣ **“Haana kunyunyuta nokusatenda”** Izwi rechiito iri rokuti *diakrinō*, rinoshandiswa na Jesu muna mateu 21:21;mako11:23. Abhurahamu aiva nezvinangwa (cf .ndima19) zvokupikisana neshoko raMwari (vimbiso). Asi zvakadaro akava nesimba rokutenda!

▣ **“Akakudza Mwari”** Tarira nhaurwa inokosha pa 3:23

**4:21**

**NASB**

**“Aine simbiso yakakwana”**

**NKJV, NRSV**

**“Aine ruvimbo rwakakwana”**

**TEV**

**“Achiziva kwazvo”**

**NJB**

**“Ruvimbo rwakakwana”**

Idzi ndima dziri muchimiro chezwi rokuitirwa,rinesimbiso izere(cf .Ruka1:1;vaKorose 4:12)kana kuitirwa kwomumwe(cf vaRoma 4:21;14:5).Izwi rinesungano nezita,rinoshandiswa kupa simbiso yakakwana muna vaKorose2:2 navaTesaronika 1:5.Uku kuvimba nokuda kwaMwari,shoko nesimba raMwari zvinogonesa vanhu kuita mukutenda!

▣ **“Icho Mwari chaakanga akapikira akange aine samba rokuchiitawo”** izvi zvinoreva chirevo chekare icho chinwana zadziso.chinokosha pakutenda ndiko kuvimba nokuita nevimbiso yaMwari(cf .16:25;vaEfeso 3:20;Judhasi24)kwete nemabasa evanhu.Kutenda kunoruvimbo naMwari wevimbiso(Isaya55:11).

**4:22** Izvi zvinotsigirana nezviri pana Genesi 15:6 (ndima 3), rinova ndiro donzvo redorotori raPauro rezvidzidzo zvouMwari pamusoro pemapirwo anoitwanaMwari kururama kwake kuvatadzi.

**4:23-25** ndima idzi dzinova mutsara mumwe nemutauro wechiGiriki. Tarira hwendera hwadzo.

1. Nokuda kwaAbhurahamu bedzi, ndima23
2. Nokuda kwavatendi bedzi, ndima 24
3. NaMwari akamutsa Jesu, ndima 24
4. Jesu akapirwa zvivi zvedu (Johani 3:16). Jesu akamutsirwa kuti zvivi zvedu zvirerewe (ruramiso) ndima25

**4:24** Kutenda kwaAbhurahamu kwakava muenzaniso kuvana vose vaizotevera. Abhurahamu akatenda (tarira nhaurwa inokosha pa4:5). Mwari pamusoro pechipikirwa chemwanakomana nevana. Vatendi vechisungo chitsva vanotenda kuti Jesu muzodzwa ndiye zadziso yezvipikirwa zvose zvaMwari kuvatadzi.

Izwi rokuti “mbeu” riri muzvimiro zvose zviviri chechimwe nechouhwandu (mwanakomana vanhu).

**4:25** **“Iye akaiswa kurufu nokuda kwokudarika kwedu”**. Uyu waiva mutauro womutemo waireva kuti ‘kuiswa kuchigarō’ ndima 25 indima yezvidzidzo zvechiKristu inofadza uye fambirana nezviri muBhaibheri rekare rechiGiriki(LXX) zvemuna Isaya 53:11-12.

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

# VAROMA 5

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Zvibereko zveruramiso 5:1-11	Kutenda kunokunda mumatambudziko 5:1-5	Zvibereko zveruramiso 5:1-5	Kuraramira Mwari 5:1-6	Kutenda kunopa simbiso yeruponeso 5:1-11
	Kristu munzvimbo yedu 5:6-11	5:6-11	5:6-11	
Adhamu naKristu 5:12-14  5:15-21	Rufu munAdhamu upenyu munaKristu 5:12-21	Adhamu na Kristu ringanidzo 5:12-14  5:15-17  5:18-21	Adhamu na Kristu 5:12-14b  5:14c -17  5:18-19  5:20-21	Adhamu na Jesu Kristu 5:12-14

## MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)

### ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyori, Ndiyo zve hwaro hwepirikirira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

**RUONO RWEZVIRI MUGWARO**

- A. Ndimu 1-11 dzinovaka mutsara mumwechete kana dziri mururimi rwechiGiriki.Dzinovandudza donzvo repfungwa yaPauro ye”ruramiso yenyasha kuburikidza nekutenda”(cf.3:21-4:25).
- B. Donongodzo yendima. 1-11: DIAGRAM.

Ndimu 1-5	Ndimu 6 - 8	Ndimu 9-11
1. Zviwanikwa Zveruponiso	1. Zvehwaro hweruponeso	1. Chokwadi cheremangwana
2. Kuziva muponeso pauzima	2. Kuziva ruponeso jikerere	2. Chokwadi Cheremangwana
3. Ruramiso	3. Kuitwa mutsvene	3. Rubwinyo
4. Zvidzidzo Zvechekuita nemabviro evanhu	4. Zvidzidzo zvouMwari	4. Gwaro redzidzo nechekuita neupenyu mushure merufu

- C. Ndimu 12-21 inhourwa yaJesu sa Adhamu wechipiri(cf.1vaKorinde15:21-22,45-49;vaFiriipi.2:6-8).Inopa rukumikidzo kupfungwa yezvidzidzo zvouMwari zvechivi chomunhu pauzima nechivi chegumbakamwe .Tsanangudzo yakazara yaPauro yekutadza kwevanhu(neyehusikwa)kuburikidza naAdhamu yakadzama uye yakasiyana neye vadzidzisi vechiJudha(avo vakavaka dzidziso yavo yechivi kubva panaGenesi 6),nyangwe maonero ake echivi chegumbakamwe achifambirana nedzidziso yechiJudha,pane chiratidzo chokugona kwake ,arimutuso yemweya kushandisa kana kutsinhanisa zvokwadi yaakadzidziswa panguva yake yedzidzo muJerusarema aripasi paGamariiri(cf.mabasa 22:3).

Gwara redzidziso youvhangeri rakavandudzwa iro rinotaura nezvechivi chokutanga kubva munaGenesi 3, iro rakavambwa navaAugustine pamwe navaCalvin.Rinotaura kuti vanhu vanozvarwa vainechivi(kushopodzeka kwakazara).Kazhinji Mapisarema 51:5;58:3;naJobho15:14;25:4 dzinowananzoshandiswa sezvinyorwa zvinopa umboo zveutestamende yekare.Mamwewo maonero ezvidzidzo zvouMwari anoti vanhu vane murandu wesarudzo dzavo panyaya dzounhu nedzomweya uye nekunoenda upenyu hwavo ,maonero aya akavambwa navaPelagius navaArminius.Umboo hwemaonero avo aya hunowanikwawo munaDhuteronomi 1;39;Isaya.7:15;naJona.4:11;Johani 9:41;15:22,24;Mabasa17:30;vaRoma.4:15.Aya maonero ezvidzidzo zvouMwari anoti vana vadiki Havana murandu kusvika vava pazera

rokoziva chakanaka nechakaipa(kuvadzidzisi vechiJudha zera iri raibvira pamakore gumi nematatu kuvakomana nemakore gumi nemaviri kuvasikana).

Pane kusangana kwemaonero kunoti zvose izvi maitiro echivi chomuhana nezera rokoziva chakanaka zvose ndezvechokwadi!.Kuipa hakusiri kwegumbakamwe chete,asi kuti kuipa kunokura mumunhu pazvima kusvika chava chivi(hupenyu hwokuramba uchisuduruka kubva pana Mwari).Huipi hwevanhu haisiri iyo nyaya (cf Genesi6:5,11-12,13:vaRoma.3:9-18,23)asi riini, kubva pakuzvarwa here kana muupenyu.?

D. Pane maonero akawanda maererano nechirevo chepandima 12

1. Vanhu vose vanofa nokuti vose vakasarudza chivi(Pelagius)
2. Chivi cha Adhamu chakakanganisa husikwa hwose, naizvo vose vanofa(ndima.18-19,Augustine).
3. Pachokwadi uyu ungangova musangniswa wechivi chokutanga nechivi chokuita maune.

E. Muenzaniso waPauro wokuti”sezvazvaka”uyo waakatanga mundima.12 hauna kupedzeswa kusvika pandima 18.Ndima 13-17 ndidzo dzinovaka runzamuuro iro rinoratidza manyorero aPauro.

F. Rangarira kutura vhangeri kwaPauro,1:18-8:39 idoritori rakasimba.Mumbi unofanira kuonekwa kuitira nhengo dzawo dzinzwiswe zvakajeka.

G. Martin Luther achitaura nezvechikamu chechishanu anoti”MuBhaibheri rose hamhuna chimwe chikamu chinoenzana nechichi pakuratidza mufaro webudiriro.”

## DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) 5:1-5**

**<sup>1</sup>Naizvozvo zvatineruramiswa nokutenda ngatve norugare kunaMwari naIshe wedu, Jesu Kristu;<sup>2</sup>watakawana naye mapindiro nokutenda munyasha idzi,dzatinomira madziri;ngatifare netariro yokuona kubwinya kwaMwari.<sup>3</sup>Zvisati zviri izvo bedzi,asi ngatifarewo mumatambudziko,tichiziva kuti kutambudzika kunouyisa kutsungirira;<sup>4</sup>kutsungirira kunouyisa kuedzwa;kuedzwa kunouyisa tariro;<sup>5</sup>tariro hainyadzisi;nokuti rudo rwaMwari rwakadirwa mumwoyo yedu noMweya Mutsvene watakapiwa.**

**5:1”Naizvozvo”Izwi iri rinowanoreva:**

1. Pfupiso yedoritori yedzidziso yezveMwari kusvika parizvino
2. Zvakabvumiranwa maererano nekutira kwe dzidzo yezvouMwari
3. Kuturwa kwezvokwadi itsva(cf.5:1;8:1;12:1)

☐ **“Zvatineruramiswa”**Iri izwi rechiito risinganongedzi muiti; Mwari akaruramisa vatendi.izvi zvinoiswa pakutanga mumutsara wechiGiriki (ndima.1-2) senzira yekukumikidza.Panoratidza kuva nomuronga wenguva mundima 1-11.

1. Ndima .1-5,nguva yedu ino yenyasha
2. Ndima. 6-8,basa ratakapedzerwa naKristu



3. Ndimba .9-11,tariro yedu yeramangwana neesimbiso yeruponeso  
Tarira donongodzo yepiri [B] Muruono rwe zviru mugwaro.

Hwaro hwe Testamende yekare (ranganrira kuti vanyori veTestamende itsva maHebheru ainyora nerurimi rwechiGiriki) hwezwi rokuti”ruramiso”(dikaioō) raireva “mutsetse wakaswatanuka”kana”tsanga yokupimisa.”Rakatanga kushandiswa sedimikira ro kureva Mwari pachake.Tarira nhaurwa inokosha: Kururama pa 1:17.Maitiro aMwari, hutsvene hwake ndizvochete zvipimo zvomutongo (cf.LXX yaRevhitiko.24:22;zvakare pazvidzidzo zvouMwari muna Mateu.5:48). Nokuda kwerufu rwechipiriso cherutsivo rwa Jesu (cf.Isaya 53) vatendi vava nechimiro chomurayiro chokungopihwawo [utsvakwa] pamberi paMwari (Tarira chinyorwa pa 5:2)izvi hazvirevi kuti mutendi haana kutadza,asi zvinoreva kuregererwa. Mumwewo munhu akabhadhdara chirango (cf.2 vaKorinde.5:21). Vatendi vakanzi varegererwa (cfndima.9,10).

▣ **“Nokutenda”**kutenda ndirwo ruoko runogamuchira chipo chaMwari (cf.ndima.2;vaRoma 4:1ff). Kutenda hakutarisi kuzvipira kwemutendi (cf.Mateu17:20), asi maitiro nevimbiso yaMwari(cf.vaEfeso2:8-9). Izwi remuTestamende yekare ro”kutenda”raireva munhu akamira zvakadzikama. Rakazoshandiswawo kureva munhu akatendeseka, anovimbika,uye anovimbisika.Rutendo harutarisi kutendeseka kwedu kana kuvimbisika kwedu asi kwaMwari.Tarira nhaurwa inokosha :Kutenda pa4:5.

▣ **“Tinorugare”**Ichi chinyorwa chechiGiriki chekare icho chinonongedza zvakasiyana-siyana.Izwi rechiito iri rinogona kureva kusanongedza zvirikuitika (*echōmen*, MSSN\*, A, B\*, C, D) Kana kunongedza zvirikuitika (*echōmen*, MSS<sup>1</sup>, B<sup>2</sup>, F, G). Uhwenyakose hwechivakamutauro chimwechetecho hunowanikwa mundima.1, 2 na3.

1. Kana riri muchimiro chokusanongedza, rinoshandurudzwa richinzi “Ngatirambei tichiva norugare” kana kuti “rambai muchiva norugare.”
2. Kana ririmuchimiro chokunongedza ,rinoshandurudzwa richinzi”tinerugare.”

Chirevo chezviru mundima .1-11 haisi kurudziro,asi rudziko rwechimiro chinevatendi uye chavainacho kuburikidza naKristu. Nizvozvo izwi rechiito rinogona kuva muchimiro chokunongedza zvirikuitika ”tinerugare.” Chipimo che USB<sup>4</sup> Inopa sarudzo iyi chipimo chokutanga “A” rating (chokwadi chaicho).

Zvinyorwa zvedu zvakare zvechiGiriki zvakagadzirwa kubva pamunhu mumwe achiverenga chinyorwa vamwe vachigadzira zvinyorwa zvakanwanda kubva pakuverenga ikoko.Kazhinji mazwi aitaurya nenzira yakafanana akatsinhaniswa. Apa ndipo, zviru mugwaro nemanyorero emunyoru uye nemazwi anonyanyoshandiswa nemunyoru, apo zvinobatsira kupfavisa rutemo rweshandurudzo.

▣ **“Rugare”**Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

#### **NHAURWA INOKOSHA:RUNYARARO (nzira dzakasiyana)**

Iri izwi rechiGiriki raireva “kubatanidza chinhu chakadambuka.”Kune nzira nhatu dzokutaura nezve rugare muTestamende itsva:

1. Nzira isina chokuita nomunhu, rugare rwedu naMwari kuburikidza naKristu(cf.vaKorose.1:20)
2. Nzira inechekuita nomunhu, kuzvinatsa kwedu naMwari (cf.Johani14:27; 16:33; vaFiripi.4:7)

3. Kuti Mwari akabatanidza mumutumbi mumwechete mutsva,vose vatendi vechiJudha nevechiHedheni(cf.vaEfeso 2:14-17;vaKorose.3:15).Kuva norugare naMwari ,kunobreka rugare nevamwe!zvakanongedza kudenga zvinofanira kunongedza kumativi.

Mugwaro rakanyorwa naNewman naNida, rinonzi “Gwaro rokubatsira mushandurudzi patsamba yaPauro kuvaRoma” (*A translator’s Handbook on Paul’s letter to the Romans*, p92), rinetsoropodzo yakanaka maererano ne “rugare.”

Testamende yekare pamwe neitsva dzine zvirevo zvakawanda zvezwi rokuti rugare.Pakushandiswa kwaro izwi iri rinotsanangura kugadzikana kweupenyu hwemunhu,rakatozoshandiswawo namaJudha senzira yokukwazisa(shalom).Izwi iri raivawo nechirevo chakadzama zvokuti rakatogonawo kushandiswa namaJudha kutsanangura ruponeso rwemutumwa.Nokuti kweizvi ,pane dzimwe nguva dzarino shandiswa zvinofambirana nezwi rinotsanangura ‘kuva noukama hwakanaka naMwari.’pachinyorwa chino zvinoratidza kuti izwi iri rinoshandiswa setsanangudzo yehukama hwakanaka huri pakati pemunhu naMwari kuburikidza nokunatswa kwakaitwa munhu naMwari pachake.”(p.92).

- ▣ **“kunaMwari naIshe wedu Jesu Kristu”**Jesu ndiye mumiririri(dia,cf.2,9,11,17,21 weMweya mutsvene mundima 5)unouyisa rugare naMwari(cf.Johani Kristu” tarira chinyorwa pa 1:4.

**5:2 “akawana mapindiro”** Iri izwi rechiito rinonongedza zvakaitika; rinotaura nezvechiitiko chekare icho chakamunyangidzwa chikazova munhu.

Izwi rokuti “kutura” rinoreva chaizvo kuti” kupinda” kana” kutambirwa” (*prosagōgē*, cf.vaEfeso.2:18;3:12). Rakashandiswa sedimikira rokureva :

1. Kuturwa pazvima kuumambo
2. Kuuyiswa kumahombekombe zvakana

Uyu mutsara unechirevo chezvinyorwa zvechiGiriki zvakare.zvimwe zvinyorwa zvakare zvaiwedzera nokuti “nokutenda”(cf.ⲛ\*<sup>2</sup> ,C, pamwe nezvimwe zvinyorwa zvekare zve mitauro inoti ,chiRatini ,ndimi dzaingo shandiswawo navanhu mukurarama zuva nezuva,rurimi rwechiSiriya nerurimi rwaitaurwa kuIjipita (latin,vulgate,syriac and Coptic versions).zvimwe zvinyorwa zvinowedzera chirevamwene kumutsara wokuti “nokutenda”(cf.ⲛ<sup>1</sup>,A, nezvimwewo zvinyorwa zve mitauro wekuIjipita wekare”Coptic versions.”Zvisineyi mavara ezvinyorwa zvekare anoti B,D,F,na G haaburitsi mutsara uyu zvachose.Zvinoratidza sokuti vanyorivangoda kuzadzisa dzokorodzo yepachikamu 5:1nepa 4:16(ruviri),19,na 20.”Nokutenda”ndiro dingindira rino dzokorodzwa naPauro!

- ▣ **“Munyasha dzake”**Uyu mutsara (*charis*) waireva rudo rwa Mwari urwo rwatisina kufanira kuwana, runopihwa zvisina nhongwa, rudo rusina makodzero (cf.vaEfeso.2:4-9). Urwo runonyatso onekwa murufu rwaKristu achifira vatadzi (cf.ndima.8).

- ▣ **“Dzatinomira madziri”**Uyu mumwezve mutsara unonongedza chiito; zvechokwadi “tinomira uye tinoramba takamira.” Izvi zvinoratidza pamire vatendi panyaya dzezve zvidzidzo zvouMwari munaKristu pamwe nokuzvipira kwavo pakuramba vari mukutenda

,izvo zvinobatanidza rupokano rweutongo hwaMwari(cf.1vaKorinde.15:1) nesarudzo yemunhu(cf.vaEfeso.6:11,13,14).

### **NHAURWA INOKOSHA: MIRA (HISTĒMI)**

Iri izwi rinoshandiswa nenzira dzakawanda muzvidzidzo zvouMwari zvomuTestamende yekare

1. kudzika
  - a. Murayiro weTestamende yekare,vaRoma.3:31
  - b. Kururama kwemunhu pazvima,vaRoma.10:3
  - c. Chisungo chitsva,vaHebheru.10:9
  - d. Murandu,2 vaKorinde.13:1
  - e. zvokwadi yaMwari,2 Timoti.2:19
2. Kuramba pa Mweya
  - a. Dhiyabhoru,vaEfeso.6:11
  - b. Muzuva rokutongwa,Zvakazarurwa.6:17
3. Kuramba nokumira zvakasimba
  - a. Dimikira reuto,vaEfeso.6:14
  - b. Dimikira revanhuwo zvavo,vaRoma.14:4
4. kumira muchokwadi,Johani.8:44
5. Kumira munyasha
  - a. vaRoma.5:2
  - b. 1vaKorinde.15:1
  - c. 1Petirosi 5:12
6. Kumira mukutenda
  - a. vaRoma.11:20
  - b. 1vaKorinde 7:37
  - c. 1vaKorinde.15:1
  - d. 2vaKorinde.1:24

7. Kumira muundambakurayirwa,1vaKorinde.10:12

Izwi iri rinoreva zvose nyasha dzechisungo pamwe ne tsitsi dzaMwari anotonga uye nokuti vatendi vanofanira kudavira nokubatirira pariri nokutenda ! zvose izvi izvokwadi zvevemuBhaibheri.Zvinofanira kubatwa pamwechete!

- ▣ **“Tinorumbidza”**Ichi chivakamutauro chinogona kunzwiswa se (1)izwi rechiito chinonongedza zvirikuitika ,”Tinorumbidza”kana(2)izwi rechiito risinganongedzi zvirikuitika,”ngatirumbidze.”Vadzidzi vanoona zvakasiyana panzira mbiri idzi .kana ukatora “tine”mundima 1 semunongedzo nazvozvo shandurudzo inofanira kufambirana kusvika pandima.3.

Mabviro ezwi rokuti”rumbidza”izwi rokuti “kuzvitutumadza”(NRSV,JB).Tarira nhourwa inokosha pa2:17.Vatendi havazvirumbidze (cf.3:27),asi munezvavakaitirwa naMwari(cf.Jeremiya.9:23-24).Mabviro mamwechetewo echiGiriki anodzokororwa mundima.3 na 11.

- ▣ **“Mutariro ye”** Pauro anoshandisa mutsara uyu zvakasiyana asi nenzira dzinofaambirana.Tarira chinyorwa pa 4:18.kazhinji wainzoshandiswa uine chokuita nekumunyungidzwa kwerutendo rwe mutendi.izvi zvinogona kutairwa semukurumbira,upenyu husingaperi,ruponeso rwezvokwadi,kuuya kwechipiri,nezvimwewo.Kumunyungidzwa ndekwechokadi,asi nguva ndiyo isina anoziva.zvainyanya kutaurwa zviine chokuita ne”kutenda”ne”rudo”(cf.1vaKorinde.13:13;vaGaratiya.5:5-6;vaEfeso.4:2-5;1vaTesaronika.1:3;5:8).Aya ndiwo mamwe mashandisirwo awaitwa naPauro:
1. Kuuya kwechipiri,vaGaratiya 5:5;vaEfeso.1:18;Tito.2:13
  2. Jesu ndiye tariro yedu,1Timoti1:1
  3. Mutendi achaturwa kunaMWARI,VaKorose1:22-23;1vaTesaronika.2:19
  4. Rutendo rwakaisirwa kudenga,vaKorose.1:5
  5. Ruponeso rwezvokwadi,1vaTesaronika.4:13
  6. Mukurumbira waMwari,vaRoma.5:2;2vaKorinde.3:12;vaKorose.1:27
  7. Simbiso yeruponeso,1vaTesaronika.5:8-9
  8. Hupenyu husingaperi,Tito.1:2;3:7
  9. Zvibereko zvokukura muchiKristu,vaRoma.5:2-5
  10. Rudzikinuro rwehusikwa hwose,vaRoma.8:20-22
  11. Zita reruremekedzo raMwari,vaRoma15:13
  12. Kuiswa muukama utsva kwekunyungurudzwa,vaRoma.8:23-25
  13. Testamende yekare semherekedzo yevatendi veTestamende itsva,vaRoma.15:4

### **NHAURWA INOKOSHA:SIMBISO**

- A. MaKristu anokwanisa kuziva here kuti vakaponeswa (cf.1Johani.5:13)? 1Johani ine bvunzo nhatu kana humboo hutatu.
1. Gwara redzidziso (rutendo) (ndima.1,5,10;2:18-25;4:1-6,14-16;5:11-12)
  2. Mararamiro (ruteerero) (ndima.2-3;2:3-6;3:1-10;5:18)
  3. Mugarisanwa (rudo) (ndima2-3;2:7-11;3:11-18;4:7-12,16-21)
- B. Simbiso yavanyaya yemapande ezvitendero
1. John Calvin aiti hwaro hwesimbiso, isaraudzo yaMwari. Aiti hatikwanise kuva nechokwadi muhupenyu.
  2. John Wesley aiti hwaro hwesimbiso hunobva pahupenyu hwekunamata.Aitenda kuti tinogona kukunda chivi mukurarama.
  3. Vesangano reKaturike neve Sangano reKereke yaKristu vanoti simbiso inobva musimba reKereke.Chikwata icho munhu anonamata arimachiri ndiro donzvo resimbiso.
  4. Vavhangeri vazhinji vanoti hwaro hwesimbiso ivimbiso yeBhaibheri,iyo inobatana nechibereko cheMweya muupenyu hwemutendi(cf.vaGaratiya.5:22-23).
- C. Ndino funga kuti simbiso yokutanga yomutadzi inesungano nehunhu hwaMwari vatatu

mumwe.

1. Rudo rwaMwari Baba
  - a. Johani 3:16;10:28-29
  - b. vaRoma.8:31-39
  - c. vaEfeso.2:5,8-9
  - d. vaFiripi.1:6
  - e. 1Petirosi.1:3-5
  - f. 1Johani.4:7-21
2. Zviito zvaMwari Mwanakomana
  - a. kutifira kwake
    - 1) Mabasa .2:23
    - 2) vaRoma .5:6-11
    - 3) 2vaKorinde.5:21
    - 4) 1Johani2:2;4:9-10
  - b. Munamato wechiPirisita(Johani.17:12)
  - c. Kuenda mberi kwekunyengerera vamwe
    1. vaRoma.8:34
    2. vaHebheru.7:25
    3. 1Johani.2:1
3. Mwari, Mweya woushumiri
  - a. Kudanwa(Johani 6:44,65)
  - b. Kuisa rubatso
    - 1) 2vaKorinde.1:22;5:5
    - 2) vaEfeso.1:13-14;4:3
  - c. Kusimbisa
    - 1) 1.vaRoma.8:16-17
    - 2) 2.1Johani.5:7-13
- D. Asi vanhu vanofanira kuva norudaviro kupfupiro yechisungo chaMwari(zvose, pakutanga nenguva dzose)
  1. Vatendi vanofanira kusiya zvivi (rupinduko)voenda kuna Mwari kuburikidza naJesu(kutenda)
    - a. Mako.1:15
    - b. Mabasa.3:16,19;20:21
  2. Vatendi vanofanira kutambira pfupiro yaMwari munaKristu
    - a. Johani 1:12;3:16
    - b. vaRoma.5:1(ne ringanidzo pa.10:9-13)
    - c. vaEfeso.2:5,8-9
  3. Vatendi vanofanira kuenda mberi mukutenda
    - a. Mako.13:13
    - b. 1vaKorinde.15:2
    - c. vaGaratiya.6:9
    - d. vaHebheru.3:14
    - e. 2.Petirosi.1:10
    - f. Judhasi.20-21
    - g. Zvakazarurwa.2:2-3,7,10,17,19,25-26;3:5,10,11,21
  4. Vatendi vanosangana nebvunzo nhatu

- a. Gwara redzidziso(ndima.1,5,10;2:18-25;4:1-6,14-21)
  - b. Mararamiro(ndima2-3;2:3-6;3:1-10)
  - c. Mugarisanwa(ndima,2-3;2:7-11;3:11-18;4:7-12,16-21)
- E. Simbiso yakaoma nokuti
1. 1.kazhinji vatendi vanotsvaga zvimwewo zviitiko zvisina kuvimbiswa muBhaibheri.
  2. 2.kazhinji vatendi havanzwisisi vhangeri.
  3. 3.kazhinji vatendi vanotadza maune.(1vaKorinde.3:10-15;9:27;1Timoti.1:19-20;2Timoti.4:10;2Petirosi.1:8-11)
  4. vamwewo vanhu(seavo vanozviita vagoni)havagoni kutambira rudo nokutambirwa naMwari pachena
  5. MuBhaibheri mune mifananidzo tevatati venhema(cf.Mateu13:3-23;7:21-23;Mako4:14-20;2Petirosi2:19-20;Johani2:18-19)

- ▣ **“Kubwinya kwaMwari”**Iri dimikira nderomuTestamende yekare raireva kuvapo kwaMwari pachake.izvi zvaireva chimiro chomutendi pamberi paMwari mukutenda kweruramo yakapiwa naJesu pazuva rokumuka kuvakafa(cf.2vaKorinde5:21).Muzvidzidzo zvouMwari,izwi iri rinodaidzwa kuti”rombidzo”(cf.ndima.9-10;8:30).Vatendi vanovawo nikuva saJesu(cf.1Johani.3:2;2.Petirosi1:4).Tarira Nhaurwa inokosha:Kubwinya pa3:23.

### 5:3

**NASB** “Zvisati zviri izvo bedzi,asi”

**NKJV** “Zvisati zviri izvo bedzi, asi”

**NRSV** “Zvisati zviri izvo bedzi,asi”

**TEV** “-----“

**NJB** “Kwete izvi zvoga”

Pauro anoshandisa mubatanidzwa wemazwi uyu nguva zhinji kwazvo(cf.5:3,11;8:23;9:10,navaKorinde.8:19).

- ▣

**NASB** “Tinorumbidza mumatambudziko edu”

**NKJV** “Tinorumbidzawo mumatambudziko”

**NRSV** “Tinozvirumbidza mumatambudziko edu”

**TEV** “Tinozvirumbidza mumatambudziko edu”

**NJB** "Ngati rumbidzeiwo,mumatambudziko edu”

Kana nyika yaivenga Jesu,inovengawo vanomutevera(Mateu.10:22;24:9;Johani15:18-21).Jesu akanga akura, tichitaura savanhu,kana tikatarisa matambudziko aakasangana nawo(cf.vaHebheru).Kutambura kunounza ruvimbo nokukura.Kuva sakristu ndhwo hurongwa hwaMwari kumutendi wese,nokutambura chimwewo chikamu chohurongwa uhwu(cf.8:17-19;Mabasa.14:22;Jakobho.1:2-4;1Petirosi.4:12-19)!

### **NHAURWA INOKOSHA :SEI MAKRISTU ACHITAMBURA?**

1. Nokuda kwechivi chokuzviitira(mutongo wechiriporipo).izvi hazvirevi kuti matambudziko ose anokonzerwa nechivi(cf.Jobho;Mapisarema.73;Ruka.14:1-5;Nehemiya9;Mabasa .5:1-11;1vaKorinde11:29-30;vaGaratiya.6:7).
2. Kuvandudzika mukuva sakristu (vaHebheru 5:8).Chero Jesu,tichitaura savanhu,akatokura,nevateveri vake vanofanirawo kukura(cf.vaRoma.5:3-4;8:28-29;2vaKorinde.12:7-10;vaFiripi.3:10;vaHebheru.12:5-12;Jakobho.1:2-4;1Petirosi.1:7).
3. Kuva nesimba nokuva nezvibereko zvoudhapupu(cf.Mateu .5:10-12;Johani.15:18-22;1Petirosi.2:18-21,3:13-17).
4. Sechiratidzo chemarwadzo okusvika kwe nguva itsva((cf.Mateu.24:6;Mako13:8).

- ▣ **“Tichiziva”**Ichi chireva nguva chezwi rokuti *“oida”*.Rinoshanda kureva nguva yezviri kutoitika.Vatendi vanonzwisisa chokwadi chevhangeri riine sungano nekutambura ,izvo zvinovaita kuti vave noupenyu hunomufaro nokuzvivimba vasingatsvage rutsigiro kubva muchimiro chezvinhu, chero panguva yokutambudzwa (vaFiripi.4:4; 1vaTESARONIKA.5:16, 18). Vatendi vanorumbidza “muma” tambudziko kwete nokuda kwematambudziko!

### **5:3 “Matambudziko”**Tarira Nhourwa inokosha inotevera.

### **NHAURWA INOKOSHA: MATAMBUDZIKO**

Muzvidzidzo zvouMwari munofanira kuva nomusiyano wokushanduswa kunoitwa izwi iri (*thlipsis*) naPauro nokushandiswa kwarinoitwa naJohani.

- A. Mashandisiro aPauro(anoratidza mashandisiro aJesu
  1. Matambudziko,kutambura,kuvapo kwekuipa munyika yakashopodzeka
    - a. Mateu.13:21
    - b. vaRoma.5:3
    - c. 1vaKorinde.7:28
    - d. 2vaKorinde.7:4
    - e. vaEfeso.3:13
  2. Matambudziko,kutambura,huipei huchikonzerwa nevasingatendi.
    - a. vaRoma.5:3;8:35;12:12
    - b. 2vaKorinde.1:4,8;6:4;8:2,13
    - c. vaEfeso.3:13
    - d. vaFiripi4:14
    - e. 1vaTesaronika.1:6
    - f. 2vaTesaronika.1:4
  3. Matambudziko,kutambura,huipei hwenguva yokupedzisira
    - a. Mateu.24:21,29
    - b. Mako.13:19,24
    - c. 2vaTesaronika.1:6-9
- B. Mashandisiro aJohani
  1. Johani anonyatsosiyana izwi rokuti *thlipsis* nere kuti *orgē* kana *thumos* iro rinoreva kuti (hasha) muna zvakazarurwa. *Thlipsis* zvinoreva kutambudzwa kunoitwa vatendi

nevasingatendi, *orgē* na *thumos* zvinoreva hasha dzaMwari kune avo vasingatendi.

a. “*Thlipsis*”-zvakarurwa.1:9;2:9-10,22;7:14

b. *Orgē*-Zvakazarurwa.6:16-17;11:18;16:19;19:15

c. *Thumos*-Zvakazarurwa.12:12;14:8,10,19;15:2,7;16:1;18:3

2. Johani anoshandiswa izwi iri muvhangeri rake kutsanangura matambudziko anosangana nevatedi nguva nenguva-Johani.16:33.

**5:3,4 “kutsungirira”** Izwi iri raireva “kuita nesarudzo”, “kushingaira”, “kuteramira”, kusimbarara. Raiva izwi raishandiswa kureva mwoyo murefu nevanhu, pamwe nemamiriro ezvinhu.Tarira nhaurwa inokosha pa8:25.

**5:4**

**NASB**

**“Maitiro akabvumwa”**

**NKJV,NRSV**

**“Maitiro”**

**TEV**

**“Kubvumira kwaMwari”**

**NJB**

**“Maitiro akaedzwa”**

Mu”LXX” yaGenesi.23:16;1Madzimambo.10:18;vaKorinde.28:18 izwi iri raishandiswa nemhizha dzesimbi kureva kudzwa kwesimbi pakubikwa kwadzo (2vaKorinde. 2:9; 8:2; 9:13; 13:3; vaFiripi.2:22; 2Timoti.2:15; Jakobho.1:12) Nguva dzose kuedza kwaMwari kunechinangwa chokusimbisa(cf.vaHebheru.12:10-11)! Tarira Nhaurwa inokosha: Kuedza pa 2:8.

## **NHAURWA INOKOSHA :KUKURA KWEMAKRISTU**

### **VaRoma 5:3-4**

Zvikonzero  
zvemambudziko  
\*Kutsungirira  
\*Maitiro akabvumwa  
\*Tariro(cf.ndima.2)

### **VaGaratiya 5:22-23**

Zvibereko zveMweya  
\*Rudo  
\*Rufaro  
\*Rugare  
\*Mwoyo murefu  
\*Tsitsi  
\*Unaku  
\*Kutendeka  
\*Kudzikama  
\*Kuzvibata

### **Jakobho1:3-4**

Kuedza Zvigadzirwa  
\*Kusimbarara  
\*Kukura  
1. Kuteramira  
2. Kuperera

### **Petirosi 1:5-7**

Kushandisa ungaru  
\*Hunhu hwakaperera  
\*Ruzivo  
\*Kuzvibata  
\*Kutsungirira  
\*uMwari  
\*Rudo pahukama  
(*philadelphia*)  
\*Rudo muchiKristu  
(agape)

**5:5”Tariro hainyadzisi”** izvi zvinogona kuva zvainongedza dimikira rechiHebheru (kureva chinyadzo,cf.Mapisarema.25:3,20;31:1,17;119:116;Isaya.28:16 [iyo yakashandiswa muna vaRoma.9:33];vaFiripi.1:20).

- ▣ **“Nokuti rudo rwaMwari rwakadirwa mumwoyo yedu”** Uyu mutsara unechirevo chinonongedza kuitirwa:zvechokwadi,”rudo rwaMwari rwakadirwa zvekare runoramba ruchidirwa.”Izwi rechiito iri rainyanya kushandiswa



kureva Mweya Mutsvene (cf. Mabasa. 2:17, 18, 33; 10:45. na Tito. 3:6), zvinogona kurevawo zviru muna Joere. 2:28-29 (Isaya. 32:15).

Mutsara unonongedza chiitwa, “rudo rwa Mwari” pakuvakamutauro rinogona kureva (1) rudo rwedu kuna Mwari kana (2) rudo rwa Mwari kwatiri (cf. Johani. 3:16; 2va Korinde. 5:14). Maonero echipiri ndiwo anoenderana nechinyorwa chino.

▣ **“No Mweya Mutsvene watakapiwa”** Iri izwi rechiito rinoreva kuitirwa kunonongedza nguva pamwe nechiiro chacho. izwi rokuitirwa iri rinonyanyoshandiswa kureva humiririri hwa Mwari. izvi zvinoreva kuti vatendi havadi kuwedzerwa Mweya kwete. Vanofanira kuva ne Mweya kana vasina zvinoreva kuti havasi ma Kristu (cf. 8:9). Kupa kwe Mweya ndiko chiratidzo chokutanga kwenguva itsva (cf. Joere. 2:28-29), chisungo chitsva (cf. Jeremiya. 31:31-34; Ezekieri. 36:22-32).

▣ Ona kuvapo kwemitumbi mitatu ya Mwari vatatu mumwe muganhuro ino.

1. Mwari, ndima. 1, 2, 5, 8, 10
2. Jesu, ndima. 1, 6, 8, 9, 10
3. Mweya, ndima. 5

Tarira Nhaurwa inokosha: Mwari vatatu mumwe pa. 8:11.

#### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 5:6-11**

<sup>6</sup>Nokuti tichiri pakushayiwa basa, Kristu panguva yakafanira akafira vasingadi Mwari. <sup>7</sup>Nokuti zvinorema kuti munhu afire akarurama; nokuti zvimwe mumwe angatsunga kufira akanaka. <sup>8</sup>Asi Mwari anoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu akatifira, tichiri vatadzi. <sup>9</sup>Zvino, zvatakaruramiswa muropa rake, tichaponeswa zvikuru sei naye pakutsamwa. <sup>10</sup>Nokuti zvatakayaniswa na Mwari nokufa kwo Mwanakomana wake, tichiri vavengi vake, zvikuru tichaponeswa kana tayaniswa noupenyu hwake; <sup>11</sup>zvisati zviru izvo bedzi, asi tinofara zvikuruwo muna Mwari na Ishe wedu Jesu Kristu, watakapiwa zvino naye iko kuyaniswa.

#### **5:6**

<b>NASB,</b>	<b>“Nokuti tichiri pakushayiwa basa”</b>
<b>NKSV</b>	<b>“Nokuti tichiri pakushayiwa samba”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Nokuti tichiri pakushayiwa samba”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Nokuti apo tichiri kushatiwa basa”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Apo tichiri kushayiwa basa”</b>

Iri izwi rechiito riri muchimiro chezviri kutoitika panguva iyoyo. izvizvaireva chimiro chokuva nechivi cha Adhamu kwavanhu. Vanhu Havana samba rokurwisa chivi. Izwi rinesungano nezita rokuti “ti” rinotsanangura nokupafananidzo yezita retsanangudzo mundima. 6b” kusada Mwari, ”ndima. 8” vatadzi, ”nendima 10” vavengi. ”Ndima. 6 ne 8 dzinofambirana pazvidzidzo zvou Mwari nepamarongerwo adzo.

Tarira mafananiro adzo:

	①	②	③
Ndima.6	Tichiri pakushayiwa simba	Kristu akafira vasingadi Mwari.	-----
Ndima.8	Tichiri vatadzi	Kristu akatifira	-----
Ndima.9	-----	Neropa rake	Zvino zvatakaruramiswa
Ndima.10	Tichiri vavengi	Norufu rweMwanakomana wake	Zvino zvatakayananiswa

Nhungamiri dzezvokwadi dzinodzokororwa senzira yokukumikidza.

1. Chidokwadokwa chedu.
2. Kupa kwaKristu.
3. Chimiro chedu chitsva.



**NASB,NRSV** “Panguva yakafanira”  
**NKJV** “Nenguva yakafanira”  
**TEV** “Panguva yakasarudzwa naMwari”  
**NJB** “Panguva yakatarwa”

Panhorooondo youpenyu izvi zvinogona kureva:

1. Rugare rwemuRoma (nemigwagwa) iyo yaiita kuti kufamba kuve nyore.
2. Rurimi rwechiGiriki rwaikwanisa kuvaka nhaurirano pakati petsika dzakasiyana.
3. Kuparadzwa kwezvimwari zvechiGiriki nezvechiRoma, izvo zvakaita kuti pave nevanhu vakawanda vaiva norudokwadokwa rwezveMweya (cf.Mako.1:15; vaGaratiya.4:4; vaEfeso.1:10; Tito.1:3)

Pazvidzidzo zvouMwari kuita zimukadzimu chaiva chinhu chakarongwa, chiitiko chouMwari(cf.Ruka.22:22;Mabasa.2:23;3:18;4:28;vaEfeso.1:11).

**5:6,8,10 “Akafira vasingadi Mwari”** Uyu mutsara wechiito unonongedza kuita.unotarisa hupenyu nokufa kwaJesu sechiitiko chimwe.”Jesu akabhadhara chikwereti chakanga chisiri chake,chikwereti chatakanga tisingagone kubhadhara”(cf.vaGaratiya.3:13;1Johani.4:10).

Rufu rwaJesu rwakava dingindira rakadzokororwa muzvinyorwa zvaPauro.Akashandisa mazwi nemitsara yakasiyana-siyana kureva rufu rwerutsivo rwaJesu.

1. “Ropa”(cf.3:25;5:9;1vaKorinde.11:25,27;vaEfeso.1:7;2:13;vaKorose.1:20)
2. “Akazvipira”(cf.vaEfeso.5:2,250)
3. “Akaiswa”(cf.vaRoma.4:25;8:32)
4. “Kupira”(cf.1vaKorinde.5:7)
5. “Akafa” (cf.vaRoma.5:6; 8:34; 14:9, 15; 1vaKorinde. 8:11; 15:3; 2vaKorinde.5:15; vaGaratiya. 5:21; 1vaTesaronika.4:14;5:10)
6. “Chipiyaniso” (cf.1vaKorinde.1:17-18; vaGaratiya.5:11; 6:12-14; vaEfeso.2:16; vaFiripi.2:8; vaKorose.1:20; 2:14)
7. “Kuroverwa” (cf.1vaKorinde.1:23; 2:2; 2vaKorinde.13:4; vaGaratiya.3:1)

Ko chirevamwene chokuti “*huper*” chinoreva here kuti:

1. Kumiririra “kwehu”
2. Rutsivo “munzvimbo yedu”

Chirevo chezwi rokuti “*huper*” kana riri muchimiro chezwi rokutsanangudza chiito ndechokuti “kuitira” (Louw na Nida). Rinoreva chouviri chinowanikwa navanhu, verenga “Duramazwi idzva rezvidzidzo zvouMwari reTestamende itsva” (*The new international dictionary of the New Testament Theology, vol.3, p.1196*). Zvisineyi, izwi rokuti “*huper*” rinechirevowo chekuti “*anti*” chokureva kuti “munzvimbo ye”, Naizvozvo muzvidzidzo zvouMwari rinoreva zodzo rerutsivo rwekumiririrwa (cf.mako.10:45; Johani.11:50;18:14;2vaKorinde.5:14;1Timoti.2:6). Verenga gwaro rava.M.J. Harris (NIDNTT, Vol.3, p1197) iro rinoti “sei Pauro asingataure kuti Kristu akafa [*anti hēmōn*] (1Timoti.2:6 ndipo chete paanosvika pedo nokutaura izvi-*antilitron huper pantōn*)? Pamwe nokuda kwechirevamwene chokuti,”*huper*”, icho chakasiyana nechokuti “*anti*” icho chinogona kureva kumiririra kana tsivo.”

Verenga gwaro rava.M.R.Vincent, dzidzo yemazwi “*word studies, vol.2*, iro rinoti “Pane kupokana pamusoro pekuti izwi rokuti “*huper*”, iro rinoreva kuti “panzvimbo ye”rinofambirana here nerokuti “*anti*”, iro rinoreva kuti”kunze kwe”. Vanyori vekare pane pamwe pavanoratidza kutsinhana kwemazwi aya. Zvisineyi zvinorehwa nechindima chino hazvina kunyatsojeka zvokuti hazvingashandiswe sehumboo. Chirevamwene chinogona kuva nechirevowo chacho, pamusoro pevafi.hapana chero imwe yezvindima izvi inechirevo chakajeka.zvinonyatsoonekwa ndezvekuti izwi rokuti “*huper*” rinesungano nerokuti “*anti*.”Pagwara rerutendo nemafungiro, izwi rokuti “kunze kwe” ndiro rinonyanyo kurudzirwa. Mundima dzakawanda chirevo chinonyanyo buda ndechokuti “nokuda kwe”, “kuitira”. Tsanangudzo yechokwadi,mundima dzinotaurwa nezvadzo, idzo dzinotaura nezvekufa kwaKristu, inoratidza kuva sezvakanyorwa pana, vaGaratiya.3:13; vaRoma.14:15; 1Petirosi.3:18, izwi rokuti “*huper*” rinechimiro chisina kujeka-Jesu akafira-izvi zvinoita kuti chirevo chokuitira chisanystojeka. Chirevo chokuti “nokuda kwe” chinogonawo kuva chimwe chezvirevo izvi senzira yebvumirano chete” (p.692).

**5:7** Iyi ndima inoratidza rudo rwevanhu ukuwo ndima. 8 ichiratidza rudo rwaMwari!



**NASB, NKJV,**

**TEV** “zvemunhu akarurama”

**NRSV** “Zvemunhu akarurama”

**NJB** “Zvemunhu akanaka”

Iri izwi rakashandiswa nenzira imwechete yarakashandiswa pana Noah naJobho avo vaiva kusava nechivi.Tarira Nhaurwa inokosha pa.1:17.

**5:8** “**Mwari anoratidza rudo rwake**” mutsara uyu unechirevo chezviri kutoitika (cf.3:5) Baba vakatuma Mwanakomana (cf.8:3,32; 2vaKorinde.5:19). Rudo rwaMwari harusi rwe manyawi, asinderwokupa dzidziso yokuita (cf.Johani.3:16; 1Johani.4:10) uye harushanduke.

▣ “**Pakuti akatifira tichiri vatadzi**”zvinotityisa kuti rudo rwa Mwari rwakaridzwa kuvatadzi kwete vanoda Mwari kana verudzi rwakasanangurwa,asi vapanduki! Nyasha

kwete kugona, ndihwo hwaro hwecho!kwadi Mwari achiri kuda ruadzano nevanhu.Maitiro amMwari ayo asingashanduki ndiwo anotipa rugare netariro(cf.Ekisosdho.34:6;Nehemiya.9:17;Mapisarema.103:8;145:8).

**5:9 “Zvikuru sei”**Aya ndiwo mamwe emataurire adiwa naPauro (cf.ndima.10, 15, 17).kana Mwari akada vatendi zvikuru, apo vachiri vatadzi, angavada zvakadii ikozgvino apo vave vana vake(cf.5:10;8:22).

▣ **“Zvino zvatakaruramiswa”** Uyu mutsara unechirevo chokuitirwa kunonongedza nguva pamwe nechiiito, unokumikidza kururamiswa sechiito chakaperera chakaitwa naMwari. Pauro arikudzokorora chokwadi chepandima. 1. Tarisawozve kufambirana kwemazwi anoti “ruramiswa” (ndima9) na “yananiswa” (ndima.10-11).

▣ **“Neropa rake”**Izvi zvinoreva rufu rwechipiriso rwaJesu (cf.3:5;4:25; Mako.10:45; 2vaKorinde.5:21). Aya mafungire okupira hupenyu husina mhaka panzvimbo youpenyu hune mhaka, anobva muzvinyorwa zvaRevhitiko. 1-7nemuna Ekisosdho 12(gwayana rePaseka),uye akashandiswa nenzira yezvidzidzo zvouMwari pana Jesu munaIsaya.53:4-6. Mafungiro aya anosimudzwa nenzira yedzidzo yechiKristu kubva mubhuku ravaHebheru(cf.zvikamu.9-10).Bhuku ravaHebheru rinopa muenzaniso wakanaka, munzvimbo dzinoverengeka weTestamende yekare neitsva.

▣ **“Tichaponeswa”**Uyu munongedzo unoreva kuitirwa kuri muchimiro chemuneremangwana9cf.ndima.10).Izvi zvaireva kuponeswa kwedu kwakaperera, uko kunodanwa kuti “rumbidzo”(cf.ndima.2;8:30,1Johani.3:2). Testamende itsva inotsanangura ruponeso sezwi rechiito riri muzvimiro zvose, chanezuro, chanhasi nechamangwana.

1. Chiito chakaperera (izwi rechiito rinoreva zvakaitwakare), Mabasa15:11; vaRoma.8:24; 2Timoti.1:9; Tito.3:5
2. Chiito chekare chinezvibereko zviripo parinhasi (muchimiro chezienda mberi), vaEfeso.2:5,8
3. Chito cheziendanakuenda(chimiro chanhasi), vaKorinde.1:18; 15:2; 2vaKorinde.2:15; 1vaTesaronika.4:14; 1Petirosi.3:21
4. Kumunyungidzwa muneramangwana (chimiro chemangwana), vaRoma.5:9,10; 10:9.

Tarira nhaurwa inokosha pa 10:4.Ruponeso runotanga nerutemo pazvima(cf.10:9-13;Johani.1:12;3:16)asi runoenda mberi ruchiva ukama hwenguva dzose uhwo hunozo munyungidzwa nerimwe ramazuva.Aya maonero ,muzvidzidzo zvouMwari anotsanangudzwa nenzira nhatu,dzinoti:

1. Ruramiso,iyo inoreva”kubviswa kumutongo wechivi”
2. Yereso,iyo inoreva”kubviswa musimba rechivi”
3. Rumbidzo,iyo inoreva “kubviswa mukuvapo kwechivi”

Zvinokosha kuziva kuti ruramiso neyereso zviito zvenyasha dzaMwari,zvinopiwa kumutendi nokutenda muna Kristu.zvisineyi Testamende itsva inotaura nezvekueresa sechiito cheziendanakuenda chokuva saKristu.Nokuda kwezvi vadzidzi vezvouMwari vanotaura nezvechimiso che”yereso ne”yereso yeziendanakuenda.”Ichi ndicho chishamiso cheruponeso rwepachena rune sungano noupenyu hwouMwari!Tarira nhaurwa inokosha pa.6:4.

- ▣ **“Pakutsamwa kwaMwari”**Izwi zvinoreva pfungwa yemagumo enyika. Bhaibheri rinotaura nezverudo rwaMwari rusina makodzero rwatisina faniro yokuwana, asi rinotaurawo nezvekupikisa chivi noupanduki kwaMwari. Mwari akapa nzira yoruponeso neruregerero kuburikidza naKristu, asi avo vanomuramba vari pasi pokutsamwa (cf.1:18-3:20). Uyu mutsara unechirevo cheringanidzo yomunhu (ona nhaurwa inokosha pa.1:18), asi unoreva chokwadi. chinhu chakaipa kwazvo kuwira mumaoko aMwari akatsamwa (vaHebheru.10:31).

**5:10 “Kana”**uyu mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi, kubva pamaonero nemafungiro emunyorori.vanhu, vanova kusika kwaMwari kwakaperera (cf.Genesi.1:26-27), vakava vavengi! munhu (cf.Genesi3:5) aiva nehavi yokubata zvinhu,havi yokuva vamwari.

- ▣ **“Takayananiwa naMwari....zvatakayananiwa”** Iri izwi rechiito chinoreva kuitirwa uye richireva chiito chichanobva mukuitwa.izwi rechiito rokuti “kuyananiwa” (cf.1vaKotinde.7:11; 2vaKrinde.5:18,19,20; onazve vaKorose. 1:20 rairevawo kuti kutsinhanisa.” Mwari atsinhanisa zvivi zvedu nekururama kwakristu (cf.Isaya.53:4-6). Rugare rwadzoreredzwa (cf.ndima.1)!

- ▣ **“Nokufa kwoMwanakomana wake”** Hwaro hwevhangeri roruregerero huri mu:

1. Rudo rwaMwari(cf.Johani.3:16)
2. Basa raKristu(8:32;vaGaratiya.1:4;2:20)
3. Gwezvo roMweya(Johani.6:44,65),
4. Rudaviro rwokutenda kworuponeso kwomunhu pachake (Mako.1:15; Johani.1:12; Mabasa. 20:21)

Hakuna imwe nzira yokururama pamberi paMwari (cf.10:1-2, 7-8; Johani.14:6; Mabasa.4:12; 1Timoti.2:5). Hwaro hwesimbiso yeruponeso huri pamaitiro aMwari vatatu mumwe (cf.Ekisodho.34:6; Nehemiya. 9:17; Mapisarema.103:8; 145:8), kwete kugona kwevanhu! Gangaidzo nderekuti kugona kwevanhu vakaponeswa kutori humboo hweruponeso rwe pachena (cf.Jakobho na 1Johani).

- ▣ **“Tichaponeswa”**Testamende itsva inotaura nezveruponeso muchimiro chazuro,nhasi nemangwana.pano remangwana rinoreva ruponeso rvedu rwakaperera pakudzoka kwepiri(cf.1Johani.3:2).ona chinyorwa pandima.9 nenhaurwa inokosha pa 10:13.

- ▣ **“Noupenyu hwake”**Izwi rechiGiriki rinoreva upenyu nderokuti “zoa.” Muzvinyorwa zvaJohani ,izwi iri raireva upenyu hwekumuka kuvakafa,upenyu husingaperi,kana upenyu hwomuushe.Pauro akarishandisawo pazvidzidzo zvake zvouMwari.Donzo nderokuti ,sezvo Mwari akaripira muripo mukuru wekuregererwa kwevatendi,zvokwadi acharamba achiva nezvibereko.

“Upenyu” hunogona kureva:

1. Kumuka kuvakafa kwaJesu(cf.8:34;1vaKorinde.15)
2. Basa rokupindira kwaJesu(cf.8:34;vaHebheru.7:25;1Johani.2:1)
3. Kuumbwa neMweya kwaKristu matiri(cf.vaRoma.8:29;vaGaratiya.4:19)

Pauro anoti hupenyu hwa Jesu nokufa kwake pamwe neupenyu hwake uhwo hune rumbidzo(kukwira kudenga ,Mabasa .1)ndihwo hwaro hweyananiso.

**5:11”Zvisati zviri izvo bedzi, asi”**Tarira nhaurwa inokosha pandima.3.

▣ **“Tinofarawo zvikuru”** Tarira chinyorwa pa 5:2. Aka ndeke chitatu izwi rokuratidza mufaro richishandiswa (kuzvida)nenzira iyi.

1. Ngatifare netariro yokuona kubwinya,ndima.2
2. Tinofara mumatambudziko,ndima.3
3. Tinofara mukuyananiwa,ndima.11

Kuzvida kunowanikwa muna.2:17 na 23!

▣ **“Tapiwa zvino iko kuyananiwa”**Uyu mutsara unonongeda kuita,kureva kuita kwakaperera.Kuyananiwa kwevatendi(“kutsinhanisa’)kunotaurwawo nezvako mundima.10 na2vaKorinde.5:18-21;vaEfeso.2:16-22;vaKorose.1:19-23.Mumaonero aya izwi rokuti“kuyananiwa”,muzvidzidzo zvouMwari rinofanana nerokuti”kururamiswa”.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 5:12-14**

<sup>12</sup>Saka, izvi sezvazvakapinda munyika nomunhu mumwe,norufu rukapinda nezvizvi; saizvozvo rufu rwakasvika kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza; <sup>13</sup>nokuti murayiro usati wavapo, zvivi zvakanga zviripanyika; asi zvivi hazviverengerwi munhu, kana kusina murayiro.<sup>14</sup> Asi rufu rwakabata ushe kubva kuna Adhamu kusvikira kuna Mosesi, kunyange napakatiwo pavasina kutadza nokudarika kwaAdhamu, waiva mufananidzo woakanga achizouya.

**5:12”Saizvozvo”**vaRoma vanoshandiswa izwi rokuti “saizvozvo “nenzira dzakawanda dzinechinangwa chezvanenge vachida kureva(cf.5:1;8:1;12:1).mubvunzo unechekuita nokupirikira ndewekuti izwi iri parinenge rashandiswa rinenge riine hochekeche nei.Panogona kuva nenzira yokureva doritori raPauro.zvechokwadi ,apaizwi iri rinehochekeche naGenesi uye nezviri munavaRoma.1:18-32.

▣ **“Sezvo chivi chakapinda munyika nomunhu mumwe”**Ose mazwi echiito matatu ari mundima.12, mazwi echiito anonongedza nguva.kutadz kwaAdhamu kwakaunza rufu(cf.1vaKorinde.15:22)Bhaibheri haritaure nezvemabviro echivi.chivi chakaitikawo chero munyika dzimu (cf..Genesi.3 naZvakazarurwa.12:7-9). Hazvinyatsozivikanwa kuti zvakaitika sei kana riini (cf.Isaya. 14:12-27; Ezekieri.28:12-19; Jobho.4:18; Mateu.25:41; Ruka.10:18; Johani.12:31; Zvakazarurwa.12:7-9).

Chivi chaAdhamu chaibata zvinhu zviriviri zvinoti (1) Kusateerera murayiro (cf.Genesi.2:16-17), ne (2) Kuzvitutumadza (cf.Genesi.3:5-6).

Ichi chirevo chomunaGenesi.3 chinova mavambo avaRoma.1:18-32.Zvidzidzo zvouMwari zvechivi ndizvo zvinosiyaniwa Pauro nemafungiro evadzidzisi vechiJudha.Vadzidzisi vechiJudha ava vaisa tarira Genesi.3;avo vaiti ivo,kune “zvinangwa” zviriviri (*yetzers*)mumunhu wese.mumutariro wavo waizivikanwa zvikuru vaiti “mumwoyo wemunhu wese munembwa nhema nembwa chena iyo yaunoposha zvakananyanya ndiyo inova hombe” Pauro aiona chivi chiri icho chibingamupinyi pakati paMwari nezvisikwa zvake.Pauro akanga asina gwara chairu rezvidzidzo zvouMwari raanganzi aishanda naro (cf.verenga gwaro raJames Steward rinonzi, munhu munaKristu[*A man in Christ*]). Akapa mabviro echivi akawanda (1) kutadza

kwaAdhamu, (2) muedzo waSatani ne(3) kuendamberi kweubandupandu hwevanhu (kureva, vaEfeso.2:2-3).

Pakutarisa, muzvidzidzo zvouMwari kusiyana nokufanana kwa Adhamu na Jesu panoonekwa kuvapo kwezvinhu zviviri.

1. Adhamu aiva munhu chaiye anovawo munhorondo yokurarama.
2. Jesu avaiwo munhu chaiye aitorarama mukati mavanhu.

Zvokwadi mbiri idzi dzinoburitsa kuva nechokwadi kwedzidziso yemuBhaibheri maringe nedzidziso yenhema.Tarira kudzororwa kunotwa mutsara wokuti “munhu mumwe”kana”iye mumwe”.Iyi nzira yokutaura nezvaJesu naAdhamu inoshandiswa rugumi nekamwe.

▣ **“Munhu mumwe”** uyu mutsara wakapangama (*lit.henos anthrōpou*) unoshandiswa kureva Adhamu (ndima.12, 16, 17, 18, 19) kanaJesu (ndima.15 [ruviri], 17 [ruviri], 18, 19) mumwe nomumwe wavo anomiririra chikwata kana mugarisanwa wevanhu (kureva “vazhinji,” cf.ndima.15[ruviri], 19[ruviri]; “vose,” cf.ndima.12, 13, 18 [ruviri]).

▣ **“Rufu rukapinda nezvivi”** Augustine ndiye akatanga kushandisa izwi rokuti “chivi chemabviro”. Rinotsanngura zvibereko zvesarudzo yaAdhamu naEvha muna Genesi.3.Kupanduka kwavo kwakakanganisa zvisikwa zvose. Vanhu vanokanganiswa ne:

1. Mushandiro wenyika yakashopodzeka
2. Muedzi wepauzima
3. Hunhu hwakashopodzeka

Chivi chemabviro (ndima.12-14, 16a, 17) chinemushandirapamwe nechivi chepauzima (ndima.12d, 16b) kuita kuti vanhu bose vave vatadzi! Chivi chinobereka “rufu” (cf.1:32; 6:13, 16, 21, 23;7:5, 9, 10, 11, 13, 24; 8:13).

Gwaro retsoropodzo re” Jerome Biblical commentary (p.308) rinoti tsika yedzidziso yechiJudha inoti , munhorondo yenguva munemipanda mitatu,inoti:

1. Adhamu - Mosesi
2. Mosesi - Mesiasi
3. Mesiasi - Magumo enyika

Kana Pauro akanga achifunga nezvemipanda iyi saka:

1. Adhamu – Mosesi (chivi chemabviro, hapana murayiro asi pane rufu)
2. Mosesi - Mutmwa (chivi chepauzima, kudarikwa kwomurayiro)
3. Mesiasi- (kusunungurwa kubva kumurayiro/murayiro nenyasha)

▣ **“Rufu rwakasvika kumunhu wose”** Nyaya huru yechikamu chino ndeyezibatakamwe rezvibereko zvechivi (cf.ndima.16-19; 1vaKorinde.15:22; vaGaratiya.1:10), zvinova rufu.

1. Kufa pamweya - Genesi.2:17; 3:1-24; Isaya.59:2; vaRoma.7:10-11; vaEfeso.2:1; vaKorose.2:13; Jakobho.1:15
2. Kufa panyama - Genesi.3:4-5; 5:1-32
3. Kufa nokusingaperi - Zvakazarurwa.2:11; 20:6,14; 21:8

▣ **“Nokuti vose vakatadza”** Vanhu vose vanezibatakamwe rokutatadza muna Adhamu (kureva chivi, chomutambidzanwa uye hunhu hwekutadza) Nokuda kweizvi, munhu pauzima anozvisarudzira kutadza uye nokuenda mberi nokutatadza. Bhaibheri rinokumikidza kwazvo kwazvo kutivanhu vose vatadzi nenzira yezibatakamwe uye

pauzima(cf.1Madzimambo.8:46; 2Makoronike.6:36; Mapisarema.14:1-2;130:3;143:2; Zvirevo.20:9; Muparidzi.7:20; Isaya.9:17; 53:6 ;vaRoma.3:9-18,23;5:18;11:32; vaGaratiya.3:22; 1Johani.1:8-10)

Asi zvinofanira kutaurwa kuti rukumikidzo rwemaonero (cf.ndima.15-19) nderwekuti chiito chimwechete chakaunza kufa (Adhamu) nechiiito chimwechete chakaunza upenyu (Jesu). Zvisineyi Mwari akavaka ukama hwake kuvanhu nenzira yokuti sarudzo yemunhu, chinhu chinokosha che “kurasika” ne “kururamiswa.” Sarudzo yevanhu inechekuita neremangwana ravo!

Vanoramba vachisarudza chivi kana kusarudza Jesu.Havana chavanogona kuita nezvibereko zvesarudzo idzi, asi vanokwanisa chete kuratidza nesarudzo yavo, divi ravanenge vari!. Shandurudzo yezwi rokuti “nokuti” yakajairika zvikuru, asi pane kupokana pamusoro pezvarinoreva.Pauro akashandisa izwi rokuti”eph’ho muna2vaKorinde.5:4; vaFiripi.3:12 na4:10 kureva kuti “nokuti.” saizvozvo mumwe nomumwe anosarudza pachake kubatikana mukuita chivi nokupandukira Mwari. Vamwe nokuramba kuzviratidza kwake kwakasanangurwa, asi vose nokuramba kuzviratidza kwake kuburikidza nezvaakasika (cf.1:18-3:20).

**5:13-14** Chokwadi chimwechetecho ndicho chinodzidziswa muna vaRoma.3:20; 4:15 na Mabasa. 17:30. Mwari haana tsvete.Vanhu vane mutoro wezvakaridzwa kwavari.Ndima ino inonyanya kutaura zvakananyanya nezve kuzviratidza kwakasanangurwa (Testamende yekare, Jesu, Testamende itsva), kwete kuzviratidza kuburikidza nezvaakasika (Mapisarema.19:6-1;vaRoma.1:18-23;2:11-16.

Tarira uone kuti Bhaibheri reNKJV rinoona muenzaniso wendima.12 seunopa musiyano mukuru (cf.ndima.13-17) nemhendero yayo iri mundima.18-21.

#### **5:14**

**NASB, NKJV,**

**NJB**

**NRSV**

**TEV**

**“Rufu rwakatonga”**

**“Rufu rwakabata”**

**“Rufu rwakatonga”**

Rufu rwakatonga saMambo(cf.Ndima.17na21). Iyi nzira yokutsanangura rufu nechivi somunhu anotonga noutsinye inoshandiswa muchikamu uye muchikamu chechitanhatu 6. Shuwiwo yerufu pasi rose inotsigira kuva nechivi kwevanhu pasi rose.Mundima.17na21, nyasha dzinotsanangurwa somunhu.Nyasha dzinotonga! vanhu vanesarudzo (nzira mbiri dzeTestamende yakare, kureva, rufu kana upenyu,cf.Dhuteronomi.11:26; 30:1,19), rufu kana upenyu.Ndiani anotonga muupenyu hwako?

- ▣ **“Kunyange napakatiwo pavakanga vasina kutadza nokudarika kwaAdhamu”**Adhamu akadarika murayiro waMwari(kureva,Genesi.2:15-17),chero Evha haana kutadza nenzira iyoyi.Evha akatoudzwawo nezvemuti naAdhamu,kwete naMwari pachake.Vanhu kubva panaAdhamu kusvika kunaMosesi vaingangaidzwa nekupanduka kwaAdhamu! Ivo pachavo Havana murayiro wavakadarika,asi 1:18-32,inova chimwe chikamu chedzidziso yezvouMwari iyi,inatoridza chokwadi chokuti vanhu vakadarika chiedza chavainacho chokubva pak usikwa naizvozvo vane mutoro kunaMwari wekupanduka nechivi.Kahunhu kaAdhamu kokudarika murayiro kakabata vana vake vose.



NASB, NKJV,  
NRSV

“Waiva mufananidzo woakanga achizouya”

TEV

“Adhamu aiva mufananidzo wouyo akaknga achizouya”

NJB

“Adhamu akava mufananidzo woizouya”

Izvi zvinoratidza, nenzira yakasimba, batsanuro raAdhamu naKristu(cf.1vaKorinde.15:21-22,45-49;vaFiripi.2:6-8).Dzose dziri mbiri dzinoonekwa sedzokutanga mumutute wemhatsanuro,mabviro erudzi(cf.1vaKorinde.15:45-49).Adhamu ndiye chete munhu wemuTestamende yekare anodanwa nezwi rokuti “mhando”neTestamende itsva(ye “Isiraeri” ona 1vaKorinde.10:6)Tarira Nhaurwa inokosha:Chitarisiko(*Tupos*)pa 6:17.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 5:15-17**

<sup>15</sup>Asi chipo chokungopiwa hachifanani nokudarika.Nokuti kana vazhinji vakafa nokudarika kwomumwe, zvikuru nyasha dzaMwari nechipo chakauya nenyasha dzomunhu mumwe, Jesu Kristu,zvakawandira vazhinji.<sup>16</sup> Uye chipo hachifanani nezvivi zvomunhu mumwe akatadza;nokuti kutonga kwakauya nomunhu mumwe kuti vapiwe mhosva;asi chipo chokungopiwa chakauya nokudarika kuzhinji,kuti varuramisirwe.<sup>17</sup> Nokuti kana nokudarika kwomumwe rufu rwakabata ushe nomunhu uyu mumwe; zvikuru avo, vakapiwa kuwanda kwenyasha nokwechipo chokururama, vachabata ushe paupenyu nomumwe, iye Jesu Kristu.

**5:15-19.** Iri idoritori rakasimba rokushandisa mitsara inofambirana.MaBhaibheri e NRSV, NASB, nereTEV anopatsanura zvikamu pandima .18. Zvisineyi UBS<sup>4</sup>, NKJV, ne JB anoishandurudza sechinhu chimwechete.Rangarira kuti donzvo roupirikiri hwemabviro echinangwa chomunyorori, ndicho chokwadi chimwechete pandima yoga yoga.

Batisisa izwi rokuti “vazhinji,”ndima.15 ne19, rinofanana nerokuti”vose”riri mundima.12na18.Zvinofambiranawo naIsaya.53:11-12 nendima.6.Hapana musiyano wezvidzidzo zvouMwari (sarudzo yaCalvin maringe nokusavapo kwesarudzo)ungaitwa maererano nemazwi aya!

**5:15 “Chipo chokungopiwa”** Pane mazwi maviri echiGiriki anoreva kuti”chipo”anoshandiswa muchinyorwa chino - (*charisma*), mundima.15, 16(6:26) ne ekuti (*dorea/dorama*), mundima.15, 16, 17 (ona chinyorwa pa 3:24) - asi anofanana. Izvi ndizvo zvinofadza neruponeso. Chipo chokungopiwa naMwari kuburikidza naJesu Kristu(cf.3:24;6:23;vaEfeso.2:8,9)

☐ **“Kana”**Uyu mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi kubva pamaonero nemafungiro emunyorori.Chivi chaAdhamu chakaunza rufu kuvanhu vose.izvi zvinofambirana nezviri mundima.17.

☐ **“Zvakawandira”**Tarira Nhaurwa inokosha pa.15:13.

**5:16 “Kutonga.....Kururamiswa”** Mazwi ose arimaviri anotaura utsvakwa,mazwi emutemo.Kazhinji Testamende yekare yaitura shoko remuPorofita sechiitiko chomodare redzimhosva.Pauro anoshandisa chitarisiko ichi(cf.vaRoma.8:1,31-34).

**5:17 "Kana"**Uyu mumwezve mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi kubva pamaonero nemafungiro emunyori.Kudarika kwaAdhamu kwakaunza rufu kuvanhu vose.

- ▣ **"Zvikuru avo vakapiwa"**Ndima 18-19 hadzina zvidzidzo zvouMwari zvakanyatso nengeteka.Uyu mutsara haubvisiki mumanyorerwo avaRoma .1-8 uchishadiswa muchimiro chetsanangudzo yepasi rose(yekuti vose vachaponeswa)vanhu vanofanira kutambira(ndima.17b) pfupiro yaMwari muna Kristu.Ruponeso ruripo kumunhu wose,asi runofanira kugamuchirwa nemunhu pachake(cf.Johani.1:12;3:16;vaRoma.10:9-13).

Chiito chimwechete chaAdhamu choupanduki chakaunza upanduki hwevanhu vose.Chiito chekudarika ichi chakazazanurwa! Asi munaKristu chiito chimwechete chokuzvipira kokururama chinozazanurwa kubata zvivi zvokuita pazvima pamwe nezvezibatakamwe."Zvikuru"wechiito chaKristu anokumikidzwa(cf.ndima.9,10,15,17).Nyasha dzakawanda!

**5:17,18 "Chipo chekururama chichabata ushe paupenyu.....Kururamiswa kwoupenyu"** Jesu ndiye chipo nechipiro chezvinodikwa paMweya nevatadzi vose (cf.1vaKorinde.1:30). Iyi mitsara inofambirana inogona kureva:

1. Vatadzi vanopiwa chimiro chokururama naMwari kuburikidza nebasa rakaperera raKristu iro rinezvibereko zvoupenyu "hwouMwari"
2. Mutsara uyu unofanana nukuti"upenyu husingaperi"

Chinyorwachino chinotsigira maonero okutanga.kana uchida kuona nezve ongororo yemazwi pamusoro pekururama ona Nhairwa inokosha pa 1:17.

Izwi rechiito rokuti "kubata ushe" rinoshandiswa kakawanda muchinyorwa chino.

1. Rufu rwakabata ushe kubva kunaAdhamu kusvika kuna Mosesi ndima.14 (izwi rechiito rinonongedza kuita)
2. "Rufu rwakabata ushe nomunhu mumwe," ndima.17 (IZWI RECHIITO RINONONGEDZA KUITA)
3. "Zvikuru avo, vakapiwa kuwanda kwe nyasha nokwechipo chipo chokururama, vachabata ushe paupenyu." ndima.17 (CHIREVO CHEZVICHAITIKA)
4. "zvivi sezvazvakabata ushe parufu" ndima.21(CHIREVO CHEZVAKAITITKA)
5. "Nyasha dzichabata ushe" ndima.21 (CHIREVO CHEZVINGANGOZOITIKA)
6. "zvivi ngazvirege kubata ushe," 6:12 (CHIREVO CHEZVIRI KUDOKWAIRIRWA KUTI ZVIITIKE)

Kutsanangura kunoitwa rufu nechivi somunhu naPauro, maringe nechipo chenyasha; inzira yakasimba yokuratidza chokwadi chedzidziso zvevouMwari!

### **NHAURWA INOKOSHA : KUBATA USHE MUUMAMBO HWAMWARI**

Mafungiro okubata ushe naKristu inhengo yebatsanuro rezvidzidzo zvouMwari rinonzi"Umambo hwaMwari." Iri tsarirwa remafungiro eTestamende yekare okutiMwari ndiShe weIsiraeri wezvokwadi(cf.1Samueri.8:7).Iye akabatawo ushe zvechokwadi(1Samueri.8:7;10:17-19)kuburikidza nechizvarwa chedzinza raJudha(cf.Genesi.49:10)nemhuri yaJese(cf.2 Samueri.7)

Jesu ndiye zadziso yevimbiso yechiporofita cheTestamende yekare chirimaererano naMesiasi.Akagadza uMambo hwaMwari nokuva chitarisiko chaMwari panyama paBheterehema.UMambo hwaMwari hwakava mutsigo mukuru wemharidzo yaJesu.UMambo

hwakanga hwauya zvakazara maari (cf.Mateu.10:7; 11:12; 12:28; Mako.1:15; Ruka.10:9,11; 11:20; 16:16; 17:20-21).

Zvisineyi,uMambo hwaMwari hwaivawo ramangwana(magumo enyika).Hwaivapo asi husina kumunyungidzwa (cf.Mateu.6:10;8:11;16:28;22:1-14;26:29;Ruka.9:27;11:2;13:29;14:10-24;22:16,18).Kokutanga Jesu akauya somuranda anotambura(cf.Isaya.52:13-53:12)akazvinipisa(cf.Zekariya.9:9)asi achadzoka saMambo wemadziMambo(cf.Mateu.2:2;21:5;27:11-14).Chokwadi ,”kubata ushe”inhengo youMambo hwezvouwMwari uhwu.Mwari akapa uMambo uhwu kuvateveri vaJesu(ona Ruka.12:32).

Pfungwa yekubata ushe naJesu inenhivi nemibvunzo yakawanda.

1. Ko zvikamu zvinoti Mwari akapa vatandi “uMambo kuburikidza naKristu , anoreva “kubata ushe” here(cf.Mateu.5:3,10; Ruka.12:32)?
2. Ko mashoko aJesu kuvadzidzi vake vokutanga, mumaonero echiJudha;anoreva vatendi vose here (cf.Mateu.19:28;Ruka.22:28-30)?
3. Ko kumikidzo yaPauro yokubata ushe paupenyu izvozvi, inopokana here kana kutsigira zvinyorwa zviripamusoro (cf.vaRoma.5:17; 1vaKorinde.4:8)?
4. Ko kutambura nokubata ushe zvinofambirana here (cf.vaRoma.8:17; 2Timoti.2:11-12; 1Petirosi.4:13; Zvakazarurwa.1:9)?
5. Dingindira rinodzokororwa raZvakazarurwa rinopa mbiri yekubata ushe kwaKristu, asi kubata ushe kwacho ndekwe.
  - a. Panyika,5:10
  - b. Yemakore zviuru zviviri,20:5,6
  - c. Usingaperi,2:26;3:21;22:5 naDhanieri.7:14,18,27

#### **NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):5:18-21**

<sup>18</sup>Naizvozvo ,kutonga sezvakwakauya kuvanhu vose nokudarika kumwe,kuti vapiwe mhosva;saizvozvo nokururamisa kumwe, chipo chokungopiwa chakauya kuvanhu vose,kururamisirwa kwoupenyu kukavapo.<sup>19</sup>Nokuti vazhinji sezvavakaitwa vatadzi nokusateterera kwomumwe,saizvozvo vachaitwa vakarurama nokuteerera kwomumwe.<sup>20</sup>Murayiro wakapindawo kuti kudarika kuwande;zvino zvivi pazvakawanda,nyasha dzakawanda nokupfuurisa;<sup>21</sup>kuti zvivi sezvazvakabata ushe parufu,saizvozvo nyasha dzibate ushe nokururama,zviise kuopenyu husingaperi naJesu Kristu ishe wedu.

**5:18**

**NASB** “Saizvozvo nokururama kwomunhu mumwe,kwakava nokururamiswa kwoupenyu kuvanhu vose”

**NKJV** “Saizvozvo nokururamisa kumwe, chipo chokungopiwa chakauya kuvanhu ose”

**NRSV** “Saka kururama kwomunhu mumwe kwakaunzakururama noupenyu kuvanhu vose”

**TEV** “Nenzira imwechete yokururamisa, iyo yakasunungura nokupa upenyu kuvanhu vose”

**NJB** “Saizvozvo chiito chakanaka chomumwe chakaunza upenyu kuvanhu vose

## **nokuvaruramisa”**

Izvi hazvirevi kuti munhu wose achaponeswa (zibatakamwe).iyi ndima haigoni kupirikirwa yakasiyaniswa nebhuku ravaRoma pamwe nechirevo charo.Izvi zvinoreva kugoneka kwekuponeswa kwevanhu vose kuburikidza noupenyu/rufu nokumuka kuvakafa kwake.vanhu vanofanira kudavira pfupiro yevhangeri nerupinduko nekutenda (cf.Mako.1:15; Mabasa.3:16,19; 20:21). Mwari anogaro parura (cf.Johani.6:44,45),asi akasarudza kuti munhu anofanira kudavira oga pazima(cf.Mako.11:28-29; Johani.1:12;3:16; navaRoma.10:9-13).Pfupiro yake ndeyepasi rose (cf.1Timoti.2:4,6; 2Petirosi.3:9; 1Johani.2:2),asi nenji rokutadza nderokuti vazhinji vanoti “kwete.”

“Chiito chokururama” chinogona kuva:

1. Hupenyu hwose hwaJesu hwekuteerera nokudzidzisa hwakararidza Baba zvakanzara.kana:
2. Kunyanya rufu rwake achifira vatadzi.

Sezvo upenyu hwemunhu mumwe hwakatarwa vanhu vose(zibatakose rechiJudha,cf.Joshua.7),saizvozvo ,upenyu humwe husina mhaka hwakava nezvibereko kuna vose(Revhitiko.1-7,16).Zviito zviviri izvi zvinofambirana ,asi hazvina kuenzana.Vose vanokatarwa nechivi chaAdhamu asi vose vane mukana wokugona batwa nezviberko zvupenyu hwaJesu,vatendi voga ,avo vanotambira chipo chokururamiswa.chiito chaJesu chinobatawo zvivi zvavanhu,kune avo vanotenda nokutambira,zuro,nhasi,namangwana!

**5:18-19”Kutonga kwakauya kuvanhu vose....kururamiswa kwoupenyu kuvanhu vose....vazhinji sezvavakaitwa vatadzi.....vazhinji vachaitwa vakarurama”**Iyi mitsara inofanana kunowanika muna Isaya.53:6”vose”na 53:11,12”vazhinji.”Izwi rokuti “vazhinji”harigone kushandiswa zvine muganhu ,kuganhura pfupiro yeruponeso rwaMwari kuvanhu vose(sarudzo yaCalvin maringe nokusapo kwesarudzo).

Batisisa chirevo chokuitirwa chinoburitswa nemazwi echiito maviriaya.anoreva kuita kwaMwari.Vanhu vanotadza maererano nemaitiro aMwari (kudarikwa kwechipimo)uye vanoruramiswa maererano nemaitiro aMwari(chipo chenya dzake).

**5:19”Nokusateerera kwomumwe....Kuteerera kwomumwe”**Pauro akanga achishandisa pfungwa yegumba kamwe rezvidzidzo zvouMwari yemuTestamende yekare.zviito zvemunhu mumwe zvakanzara mana rose(Akani munaJoshua .7).Kusateerera kwaAdhamu naEvha kwakanzara kutonga kwMwari kuzvisikwa zvose(cf.Genesi.3).Zvisikwa zvose zvakanzara nezvibereko zvoudanduki hwaAhamu(cf.8:18-25).Nyika haisisiri zvayakanga iri.Vanhu havasisiri zvayakanga vari.Rufu rwakava mugumo wehupenyu hwepanyika(cf.Genesi.5)Iyi haisiri iyo nyika yaidiwa naMwari.

Nenzira imwecheteyo yegumbakamwe, kuteerera kumwe kwaJesu, paKarivhari, kwakanzara nezvibereko zve (1)nguva itsva (2)vanhu vatsva (3)chisungo chitsva. Iyi dzidzo yezvouMwari, iyo inoburitsa umiririri inodanwa kuti “batsanuro raAdhamu naKristu”(cf.vaFiripi.2:6) Jesu ndiye Ahamu wepiri.Ndiye mavambo matsva erudzi rwevatadzi.

**“Vakaitwa vakarurama”**Tarira Nhourwa inokosha pa 1:17.

**5:20**

**NASB**”Murayiro wakapindawo kuti kudarika kuwande”

**NKJV**”Pamusoro pazvo murayiro wakapinda kuti kutadza kuwande”

**NRSV**”Asi murayiro wakapinda,nezvibereko uye kutadza kukawanda”

**TEV**”Murayiro wakaturwa kuti kutadza kuwande”

**NJB**”Murayiro pawakauya,kwaiva kuwedzera mikana yokutadza”

Chinangwa chemurayiro hachisi chokuponesa vanhu asi chokuratidza zvidokwadokwa nokushaya samba kwevanhu (cf.vaEfeso.2:1-3) nokuzovaunza kuna Kristu (cf.3:20;4:15;7:5; vaGaratiya.3:19,23-26). Murayiro wakanaka asi vanhu ndivo vatadzi(cf.vaRoma.7)!

- ▣ **“Nyasha dzakawanda nokupfuurisa”**Iyi ndiyo nyaya yaisundaidzwa noPauro muchikamu chino.Chivi chakaipa uye chinonyangadza ,asi nyasha dzakawanda kupfura simba rechivi!. Iyi yaiva nzira yokukurudzira kereke yamakore zana okutanga iyo yakanga ichiri kukura.Vaiva vakundi muna Kristu(cf.5:9-11;8:31-39;Johani.5:4).Ichi hachisiri chitupa chokuramba uchitadza! Tarira Nhaurwa inokosha:Kushandiswa kwemibatanidzwa yezwi rokuti *“huper* “naPauro pa1:30.

Tarira Nhaurwa Inokosha paizwi rinofambirana nerokuti(kuwanda)rinoshandiswa mundima.15 yevaRoma.15:13.

**5:21** Zvese chivi nenyasha zvinotsanangurwa semadzishe .Chivi chakabata ushe nerufu kuvanhu vose(ndima.14,17).Nyasha dzakabata ushe nenzira yokururama kwokungopihwawo kuburikidza nebasa rakaitwa naJesu Kristu ,nokutenda kwevatendi pamwe norudaviro rworupinduko kuvhangeri.

Sevanhu vatsa vaMwari,semutumbi waKristu,vatendi vanobatawo ushe naKristu(cf.5:17; 2Timoti.2:12; Zvakazarurwa.22:5). Uku kunogona kuonekwa sekubata ushe kwepanyika kana kwemakore chiuru (cf.Zvakazarurwa.5:9-10;20). Bhaibheri rinotaurawo nezvechokwadi chimwechetecho, parinoti huMambo hwaMwari hwakapiwa kuvatsvene (cf.Mateu.5:3,10; Ruka.12:32; vaEfeso.2:5-6). Tarira Nhaurwa Inokosha: Kubata ushe muuMambo hwaMwari pa.5:17,18.

## MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Tsanangudza” kururama” kwaMwari
2. Musiyano wezvidzidzo zvouMwari uripapi pakati pe”Yereso yefundisira” ne”ziendamberi rokuvawake”?
3. Tinoponeswa nenyasha here, kana nokutenda(cf.vaEfeso.2:8-9)?
4. Sei vatendi vachitambura?
5. Takaponeswa, tirikuponeswa kana kuti tichaponeswa?
6. Tiri vatadzi nokuti tinotadza here ,kana kuti tinotadza nokuti tirivatadzi?
7. Kok mazwi okuti “Ruramiswa,” ”Poneswa,”na “Yananiswa”anofambirana nenzira ipi muchikamu chino?
8. Sei Mwari achindipa mutoro wechivi chakaitwa nomumwe munhu akararama zviuru zvemakore akapfuura (ndima.12-21)?
9. Sei vanhu vose vakafa pakati penguva yaAdhamu naMosesi ,kana zvivi zvaisaverengerwa vanhu panguva iyoyi(ndima.13-14)?
10. Ko mazwi okuti “vose” na”vazhinji” anofanana here(ndima.18-19,Isaya.53:6,11-12)?

# VAROMA 6

<b>GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO</b>				
<b>UBS<sup>4</sup></b>	<b>NKJV</b>	<b>NRSV</b>	<b>TEV</b>	<b>NJB</b>
Takafa kuzvivi asi tiri vapenyu munaKristu	Takafa kuzvivi asi tiri vapenyu munaKristu	Kufa nokumuka pamwe naKristu	Takafa kuzvivi asi tiri vapenyu munaKristu	Rubhabhatidzo
6:1-11	6:1-4	6:1-4 6:5-11	6:1-4 6:5-11	6:1-7 6:8-11 Utsvene kwete kubata Ushe kwezvivi
6:12-14		6:12-14	6:12-14	6:12-14
Varanda vokururama	Kubva muuranda kuzvivi kuvavaranda vaMwari	Uranda uviri	Veranda vokururama	MuKristu anosungunungurwa kubva hwezvivi
6:15-23	6:15-23	6:15-19 6:20-23	6:15-19 6:20-23	6:15-19 Mugore rezvivi nemugore mekurarama 6:20-23

## **MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)**

### *ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA*

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyoru, Ndiyo zve hwaro hwepirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

### **RUONO RWEZVIRI MUGWARO.**

- A. Zvikamu 6:1-8:39 zvinoumba gwango remafungiro amwechete(echinyorwa)ayo anobata nyaya yeukama hweMaKristu nezvivi (kureva.kuyereso)Iyi inyaya inokosha zvikuru nokuti hwaro hwe vhangeri ndirwo rudorwa Mwari urwo rusina makodzero rwekungopihwawo kuburikidza naKristu(3:21-5:21)Zvakadaro ,ko chivi chinowana simba sei pamusoro pemutendi?Chikamu 6 chinoshimukawo kubva pamibvunzo miviri yefungidziro,ndima.1 ne15.ndima .1 inofambirana na.15:20,ukuwo ndima .15 ichifambirana na6:14.Chikamu chokutanga chinotaura nezvechivi senzira yemararamiro(chirevanguva chezvirikuitika),chepiri chinotaura nezvezviito zvokutadza zvomunhu pachake(chireva nguva chezvakaitwa)zviri pachena kuti wo ndima.1-14 dzinobata nyaya yokusunungurwa kwevatendi kubva kusimba rezvivi,ukuwo ndima.15-23 inobata nyaya yokuti vatendi vakasununguka kuti vashandire Mwari sezvavakamboita kare vari pasi pezvivi-zvakazara,zvakaperera uye nemwoyo wose.
- B. Kueresa (kuitwa mutsvene)kunoreva zvinhu zviviri(Tarira Nhaurwa Inokosha pa 6:4)
1. Chinzvimbo(chokungopihwawo seruramiso paruponeso,3:21-5:21)
  2. Ziendamberi rokuva saKristu
    - a. 6:1-8:39 dzinoburitsa chokwadi ichi muzvidzidzo zvouMwari
    - b. 12:1-15:13 dzinoburitsa chokwadi ichi nenzira yakasimba (Tarira Nhaurwa Inokosha pa6:4)
- C. Kazhinji vatsoropodzi vanofanira kuisa gwanza muzvidzidzo zvouMwari pakati penyaya yekururamiswa nechizvimbo cheyereso chokungopihwawo ,kuiira kuti zvirevo zvavo zveBhaibheri zvinzwisike.Pachokwadi izvi zviri zviviri zviito zvemaitirapamwe zvenyasha(chinzvimbo,1vaKorinde.1:30;6:11).Maitikiro azvo mamwechete-Mwari anoratidza nyasha muupenyu,kufa ,kumuka kuvakafa nokukwira kudenga kwaJesu izvo zvinotambirwa nokutenda(cf.vaEfeso.2:8-9).
- D. Chikamuchino chinodzidzisa nezvekukura kwakaperera uko kunogoneka (kusava nechivi,cf.1Johani.3:6,9;5:18) kwevana vaMwari munaKristu. Chikamu 7na1Johani.1:8-2:1 inoratidza chokwadi chokuenderera mberi nokutadza kwevatendi.
- Makakatanwa mazhinji pamusoro pemaonero aPauro eruregerero(kureva,kururamiswa nenyasha kuburikidza nokutenda)akanga aine chokuita nenyaya younhu.MaJudha aiti wese anenge atendeuka anofanira kuratidza upenyu hwouMwari nokutevera murayiro waMosesi.zvinofanira kubvumwa kuti ichokwadi kuti kune vamwe vanhu vakashandisa uye varrikushandisa maonero aPauro semvumo yokutadza(cf.ndima.1,15;2Petiro.3:15-16).Pauro aitenda Mweya Mtsvene uri mumunhu,kwete dzidziso yepanyama vateveri vaKristu vaneuMwari.Pachokwadi uyu ndiwo musiyano uripakati pechisungo chakare(cf.Dhuteronomi.27-28) nechisungo chitsva(cf.Jeremiya.31:31-34;Ezekieri.36:26-27).



- E. Rubhabhatidzo,chiitiko chinoitwa panyama senzira yokuratidza zvakajeka chokwadi chepaMweya, chekururamiswa/kuereswa.Mutamba yavaRoma makwara maviri edzidziso anoti yereso yokungopihwawo(kururamiswa)neYereso inobva pamararamiro(kuva saKristu)ose anoburitswa zvakasimba.Kuvigwa naye(ndima.4)inofanana no”kurovererwa naye”(ndima.6)
- F. Shanguridzo dzokukunda muedzo nechivi muupenyu hwechiKristu ku:
1. Kuziva kuti iwe uri ani munaKristu.kuziva zvaakakuitira.wakasunungurwa kubva muchivi.wakafa kuchivi!
  2. Ziurura /verenga chinzimbo chako munaKristu,pane zvose zvinoitika muupenyu hwako mazuva ose.
  3. Hatizvimiririri !tinofanira kushandira nokuteerera Ishe wedu.Tinoshandira/ kuteerera nomufaro norudo kunouyo akatanga kutida nokupira upenyu hwake kwatiri!
  4. Hupenyu hwechiKristu hausi hwepanyika.Ihwo,seruponeso,chipo chinobva kuna Mwari munaKristu.Anoparura nokupa simba rahwoTinofanira kudavira murupinduko nokutenda,pakutanga pamwe nemazuva ose.
  5. Usatamba nechivi. chidane nezita rezvachiri.Ibva kwachiri,tiza kubva kwachiri.Usazviise mukuedzwa.
  6. Chivi mumutendi chinhu chinogona kuregwa,asi zvinotora kuva neruzivo rwevhangeri ,kuvapo kweMweya,nguva,rupfiriro nekuzvipira.

## DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA:6:1-7**

**<sup>1</sup>Zvino tichatiiko? Torambira muzvivi kuti nyasha dziwande here?<sup>2</sup>Haisva!isu takafa kuzvivi,tichagara Seiko mukati mazvo?<sup>3</sup>Ko hamuzi here kuti isu takbhabhatidzwa munaKristu Jesu,takabhabhatidzwa murufu rwake?<sup>4</sup>Naizvozvo pakubhabhatidzwa takavigwa pamwechete naye murufu ;kuti saiye Kristu akamutswa kuvakafa nokubwinya kwaBaba,saizvozvo nesu tifambe noupenyu hutsva.<sup>5</sup>Nokuti kana takava vamwe naye parufu rwake,tichadarowo pakumuka kwake;<sup>6</sup>tichiziva izvi,kuti munhu wedu wekare wakaroverwa pamuchinjikwa pamwechete naye,kuti muviri wezvivi ushaiswe samba,tirege kuzova varanda vezvivi;<sup>7</sup>nokuti akafa, aruramiswa pazvivi.**

### **6:1**

**NASB “Torambira muzvivi kuti nyasha dziwande”**

**NKJV “Ticharambira muzvivi kuti nyasha dziwande”**

**NRSV “Tingarambira muzvivi kuti nyasha dziwande”**

**TEV “Kuti tingarambira muzvivi kuti nyasha dziwande”**

**NJ “Zvinoti here torambira muzvivi kuti nyasha dziwande”**

Chirevo chiripa mitsara iyi ndeche zvinhu zvirikutarisirwa kuitika.pano bvunzwa mubvunzo wekuti, maKristu “achabvumira”kana”kugamuchira”chivi here?Mubvunzo uyu unotarisa kumashure kuna.5:20.Pauro anoshandisa mupikisi wefungidziro(mubvunzo-mhindu)kubata nyaya yokushandiswa kwenyasha nenzira isakarurama(cf.1

Johani.3:6,9;5:18).Nyasha netsitsi dzaMwari hadzina kuitirwa kupa vanhu mvumo yokuita upenyu hweupanduki.

Vhangeri raPauro reruponeso rwekungopihwawo sechipo chenyasha dzaMwari kuburikidza naKristu(cf.3:24;5:15,17;6:23)rakamutsa mibvunzo yakawanda pamusoro pemararamiro okururama. Ko chipo chokungopihwawo chingaunza sei unhu hwakanaka? Ruramiso neyereso hazvifaniri kusiyaniswa (cf.Mateu.7:24-27;Ruka.8:21;11:28; Johani.13:17; vaRoma.2:13; Jakobho.1:22-25;2:14-26).

Parizvino regai nditore mazwi avaF.F.Bruice kubva mugwaro ravo rinonzi Pauro:Mupositori wemwoyo wakasunungurwa(*Paul:Apostle of the Heart Set Free*), “Rubhabhatidzo rwemaKristu runotara muganho pakati poupenyu hwavo hwemurima noupenyu hutsva munaKristu.Runotara kufa kwavo kumararamiro ekare,nokuti kumukristu akabhabhatidzwa ,kurambira muzvivi kwainyangadza zvokufanana nokuita kwomuranda akasunungurwa uyo anorambira ari muutapwa kune uyo aimbova muridzi wake .(cf.vaRoma.6:1-4,15-23) kana chirikadzi inoramba yakazviisa pasi pemutemo weaimbova murume wayo”(pp.287-82,cf.vaRoma.7:1-6).

vaJames Stewart mugwaro ravo rinonzi, *Munhu munaKristu (A Man in Christ)*,vanoti:

“Mashoko anonyanya kushandiswa(*locus classicus*)anoburitsa divi remafungiro emapositori iri anowanikwa pana vaRoma.6.Ipapo Pauro,nesimba guru uye rufiririro,anoisa mumwoyo nendangariro dzavanhu chidzidzo chokuti kubatana naJesu murufu rwake kunotwa nomutendi kunoreva kusiyana nechivi zvachose”(pp.187-88).

**6:2”Haisva”** ichi chirevo chezvadokwairirwa chisinga nyanyo wanika,icho chaiva muchimiro chedekanya pfungwa rechivakamutauro ,chichishandiswa kureva munyengetero kana chidokwadokwa.Iyi yaiva nzira yemanyorero okuratidza hunyanzvi yaPauro(kureva.dimikira rechiHebheru)yokupindura mupikisi wefungidziro.Zvaireva kushamiswa nokusemburwa kwaPauro nokusanzwisisa uyekushandisa nyasha nenzira isakarurama kunoitwa nevasingatendi (cf.3:4,6).

▣ **“isu takafa kuzvivi”**iri iwzi rechiito rinonongedza zvakaitwa,kureva kuti “Takafa.”izwi rokuti”chivi “ iro riri muchimiro chechakamwe ndiro rinoshandiswa kazhinji muchikamu chino.Rinoita sokuti rinotsanangura hunhu hwedu hwekutadza uhwo hwakabva kunaAdhamu(cf.vaRoma.5:12-21;1vaKorinde.15:21-22).Pauro anonyanyo shandisa rufu sechibhende chokureva hukama hutsva hwemutendi kuna Jesu.Havasisiri pasi pesimba rechivi.

▣ **“Tichagara mukati mazvo”**izvi zvinoreva kwazvokwazvo kuti “famba”.Ichi chibhende chakashandiswa kureva mararamiro edu okutenda(cf.vaEfeso.4:1;5:2,15)kana mararamiro echivi(cf.ndima.4;vaEfeso.4:17).Vatendi havangafari muzvivi!

**6:3-4”Takabhabhatidzwa.....Takavigwa”**Iri izwi rechiito rinoreva kuitirwa.Chivakamutauro ichi chiri muchimiro chinoreva chiitiko chokuitirwa ,pachikamu chino ,kureva Mweya.Zvinofanana mumaonero iwawa.

## **NHAURWA INOKOSHA: RUBHABHATIDZO**

Gwaro ravaCurtis Vaughan,mabasa(*acts*),rinechinyorwa chechiodzanzondo chinakidza papeji .28.chinoti:

“Izwi rechiGiriki rokuti “kubhabhatidzwa” riri muchimiro chomunhu arikuitirwa nomumwewo munhu (*third person imperative*); iriwo rokuti “kupinduka “ rinowanikwa riri muchimiro chokuzviitira (*second person imperative*). Iyi shanduko yokubva pachimiro chomurayiro unonongedza munhu anozviitira kuenda pamunhu arikuitirwawo nomumwe yoku”kubhabhatidzwa”inoreva kuti chinodiwa chaicho naPetirosi inyaya yorupinduko”

Izwi zvinotevera rukumikidzo rwemharidzo yaJohani Mubhabhatidzi(cf.Mateu.3:2) naJesu(cf.Mateu.4:17).

Rupinduko runoratidza kuva rushangurira rweMweya,ukuwo rubhabhatidzo rwuri chiratidzo chepanyama cheshanduko yeMweya iyi.MuTestamende itsva hamuwanikwi vatendi vasina kubhabhatidzwa! Kukereke yakare kubhabhatidzwa yaiva nzira yokupupura rutendo pachena.Kwaiva nguva yokupupurwa kwokutenda munaKristu pachena,kwete senzira yoruponeso! Zvinofanira kurangarirwa kuti rubhabhatidzo haruna kutaurwa nezvarwo mumharidzo yaPetirosi yechipiri,nyangwe zvazvo rupinduko ruchiwanikwamo(cf.3:19;Ruka.24:17).Rubhabhatidzo wakava mufananidzo wakaitwa naJesu(cf.Mateu.3:13-18).Rubhabhatidzo murayiro wakapihwa naJesu(cf.Mateu.28:19).Mubvunzo wemazuva ano wekuti ,ko rubhabhatidzo runokosha here?,hauna kubatwa muTestamende itsva ;vatendi vose vanotarisirwa kuti vabhabhatidzwe.Zvisineyi ,vanhu vanofanira kungwarira nyaya yokushandiswa kwerubhabhatidzo senzira yokupira! Ruponeso ,inyaya yokutenda,kwete nzimbo yakanaka ,mashoko akanaka kana kupira kwakanaka!

▣ **“Muna Kristu Jesu”**Kushandiswa kwedzitsi rokuti”mu”*”eis”*(into)kunofanana neutumwa hwemuna Mateu.28:19,amo vatendi vatsva vanobhabhatidzwa *”eis”*(into) ”mu”zita raBaba reMwanakomana nereMweya Mutsvene.Chirevamwene chimwetecho chinoshandiswa kutsanangura kubhabhatidzwa kwevatendi neMweya mumutumbi waKristu munaIvaKorinde.12:13.Chirevamwene chokuti” *eis”*(into) ”mu” chinonongedza nguva nenharaunda yechiitiko(*Locative of sphere*).Vatendi vanorarama ,kufamba nokuva nohuvapo hwavo munaKristu.Zvirevamwene zvinopa chirevo chokuvapedopedo uku,nharaunda yoruwadzano iyi,uhwu hukama hwedavi nomuzambiringa.vatendi vanozvisanganisa nokubatana naKristu murufu rwake(cf.ndima.6;8:17),mukumuka kuvakafa kwake(cf.ndima.5),mukuteerera kwokushandira Mwari,uye muuMambo hwake!

▣ **“Murufu rwake...takavigwa pamwechete naye”**Kubhabhatidzwa nekunyudzwa kunoreva zvizere rufu nokuvigwa(cf.ndima.5.navaKorose.2:12).Jesu akashandisa rubhabhatidzo sedimikira rokureva rufu rwake(cf.Mako.10:38-39;Ruka.12:50).Rukumikidzo pano harusi gwara redzidziso yerubhabhatidzo,asi yehukama hwepedo hwemuKristu nerufu nekuvigwa kwaJesu.Vatendi vanozvisanganisa nerubhabhatidzo rwaJesu,nemaitiro ake,nekuzvipira kwake pamwe neutmwa hwake.Chivi hachina simba pamusoro pevlatendi!

**6:4 “Pakubhabhatidzwa takavigwa pamwechete naye murufu”** Muchikamu chino ,semanyorero aPauro, anoshandisa dzitsi rokuti “na” sun”(with)nemimwe mibatandiswa yemazwi(setatu muna vaEfeso.2:5-6).

1. *Sun +thaptō*=kuvigwa pamwechete, ndima.4; vaKorose.2:12, tarisazve pandima.8
2. *Sun+phuō*=kudyarwa pamwechete, ndima.5
3. *Sun+staurōo*=kuroverwa pamwechete, ndima.6; vaGaratiya.2:20
4. *Sun+zaō*=kugarisana, ndima.8; 2Timoti.2:11(uye kufa pamwe nokubata ushe pamwe)

▣ **“Nesu tifangamba noupenyu hutsva”**Iri izwi rechiito rinonongedza zvichaitwa. Zvibereko zveruponeso zvirikutarisirwa ndezvekuereswa. Nokuti vatendi vakatambira nyasha dzaMwari kuburikidza naKristu uye vakazadzwa neMweya ,hupenyu hwavo hunofanira kushanduka. Hupenyu hwedu hutsva(zoe)hautipe ruponeso, asi ndihwo zvibereko zveruponeso(cf.ndima.16,19;8:4;13:13;14:15;navaEfeso.1:4;2:8-9,10;Jakobho.2:14-26). Iyi haisi nyaya yeichi kanaicho kana mubvunzo, kutenda kana mabasa, asi pane muronga wezvinhu.

#### **NHAURWA INOKOSHA: KUTWA MUTSVENE**

Testamende itsva inoti kana vatadzi vava kuna Jesu murupinduko nokutenda, pakarepo vanobva varuramiswa nokuyereswa. ichi ndicho chimiro chavo munaKristu .Kururama kwake kwapomwa kwavari(cf.vaRoma.4). Vanobva vanzi vava noutsvene nokururama(zvokungoitirwa naMwari). Asi Testamende itsva inokurudzirawo vatendi kuti vave noutsvene kana kururama. iyi ikuruziro yezvidzidzo zvouMwari zvebasa raKristu rakapedzwa pamwe nokudanwa kuva saKristu mumafungiro nemaitiro misi yose. Sezvo ruponeso rwuri rwekungopihwawo uye ruine ndyeko pazvose pamararamiro, ndizvo zvimwechetezvo neyereso.

##### Rudaviro rwekutanga.

Mabasa.20:23;26:18  
vaRoma.15:16  
1vaKorinde.1:2-3;6:11  
2vaTesaronika.2:13  
vaHebheru.2:11;10:10,14;13:12  
1Petirosi.1:12

##### Ziendamberi rokuva saKristu

vaRoma.6:19  
2vaKorinde.7:1  
vaEfeso.1:4;2:10  
1vaTesaronika.3:13;4:3-4;  
5:23  
1Timoti.2:15  
2Timoti.2:21  
vaHebheru.12:14  
1Petirosi.1:15-16

▣ **“Hutsva hweupenyu” Uhuw “hutsva”** muuwandu kwete munguva itsva chete. Iri izwi rinoshandiswa mutestamende itsva nenzira dzakawanda kureva shanduko huru iyo inounzwa naMesiasi. Inguva itsva, cf. Isaya.40-66.

1. Chisungo chitsva, Ruka.22:20; 1vaKorinde.11:25; 2vaKorinde.3:6; vaHebheru.8:8,13;9:15
2. Murayiro mutsva ,Johani.13:34; 1Johani.2:7,8; 2Johani.ndima.5
3. Chisikwa chitsva, 2vaKorinde.5:17; vaGaratiya.6:15
4. Hutsva hwoupenyu ,vaRoma.6:4
5. Hutsva hweMweya ,vaRoma.7:6
6. Munhu mutsva ,vaEfeso.2:15;4:24
7. Denga idzva nenyika itsva, 2Petirosi.3:13; Zvakazarurwa.21:1(cf.isaya.66:22)
8. Zita idzva, Zvakazarurwa.2:17;3:12(cf.62:2)

9. Jerusarema idzva,Zvakazarurwa.3:12;21:2  
 10. Rwiyo rutsva ,Zvakazarurwa.5:9;14:3(cf.Isaya.42:10)

▣ **“Kristu akamutswa”** Mumaonero aya kubvumwa nokutambirwa kwemazwi nemabasa eMwanakomana naBaba kunoratidzwa nezviitiko zvikuru zviviri,zvinoti :

1. Kumuka kwaJesu kubva kuvakafa
2. Kukwira kwaJesu kudenga kunogara kurudyi kwaBaba

Mitumbi mitatu yaMwari vatatu mumwe yakapindira pakumutswa kwaJesu kubva kuvakafa.Tarira chinyorwa pandima.9 na8:11.

▣ **“Kubwinya kwaBaba “Nezve”** kubwinya “Tarira Nhaurwa Inokosha pa 3:23. Nezva “Baba “Tarira Nhaurwa pa1:17.

**6:5 “Kana”** iri izwi rineshonedzo yekuva rechokwadi kubva pamaonero nemafungiro emunyori(first class conditional sentence).Pauro,pamaonero ake aita sokuti vaverengi vake vaiva vatendi.

▣ **Takava vamwe naye”**Uyu mutsara wechiito unoreva zvakaitika.Unogona kushandurudzwa ,”takava uye tinoramba tichiva pamwe”kana”takava, kana tinoramba tichidyarwa pamwe.”Chokwadi ichi chineranganidzo yezvidzidzo zvouMwari yoku”gara muna” iri muna Johani.15.Kana vayendi vasanganiswa nerufu rwaJesu(cf.vaGaratiya.2:19-20;vaKorose.2:20;3:3-5),pazvidzidzo zvouMwari vanofanira kusanganiswa noupenyu hwekumuka kwake(cf.ndima.10).

▣ Iri dimikira rokutsanangura rubhabhatidzo serufu rakaitirwa kuratidza:

1. Takafa kuupenyu hwakare,chisungo chakare
2. Tiri vapenyu kuMweya,chisungo chitsva

Naizvozvo rubhabhatidzo rwechiKristu haruna kufanana nerwa Johani mubhabhatidzi, uyo akava muporofita wekupedzisira weTestamende yekare. Rubhabhatidzo waiva mukana wakapiwa kereke yokutanga wokuti mutendi mutsva apupure kutenda kwake pachena. Nzira yokubhabhatidza yakare yaiva yokuti mutendi adzokorore mashoko okuti “ndinotenda kuti Jesu ndishe” (cf.vaRoma.10:9-13). Kutaura pachena kwaiva nzira yechiito chokupira zvakanga zvamboitika kare muupenyu.Rubhabhatidzo yakanga isiri nzira yoruregerero, ruponeso kana kuuya kweMweya,asi chaingova chiitiko chokupupura pachena kwavo(cf.Mabasa .2:38).Zvisineyi ,pakanga pasina sarudzo.Jesu akazvirayira (cf.Mateu.28:19-20), uye akaita chiratidzo chacho,(cf.Mateu.3;Mako.1;Ruka.3) zvakare zvikava mharidzo nechikamu chemaitiro avaPositori vemunaMabasa.

**6:6**

<b>NASB</b>	<b>“Tichiziva izvi, kuti munhu wedu wekare wakaroverwa pamuchinjikwa pamwechete naye”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Tichiziva izvi,kuti munhu wedu wekare wakaroverwa pamuchinjikwa pamwechete naye”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Tinoziva kuti munhu wedu wakare wakaroverwa pamwechete naye”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Uye tinoziva izvi:munhu wedu wekare wakaurayiwa pamwechete naKristu pamuchinjikwa”</b>

**NJB “Tinofanira kuziva kuti munhu wataiva tiri kare akaroverwa pamuchinjikwa pamwechete naye”**

Iyi mitsara iri ndeyechiito chokuitirwa ,kureva kuti “munhu wataiva tiri kare akaroverwa zvachose pamuchinjikwa neMweya .”izwi rokuitirwa iri rinoreva kuita kwouMwari.Ichi ndicho chokwadi chinokosha kumararamiro echiKristu eukundi.Vatendi vanofanira kuziva kuti ,hukama hwavo hutsva nechivi(cf.vaGaratiya.2:20;6:14). Hunhu hwevanhu hwekutadza hwakare (Hunhu hwaAdhamu) hwakafa naKristu (cf.ndima.7;vaEfeso.4:22navaKorose.3:9). Sevati tava nesarudzo pamusoro pechivi sezvakaitwa naAdhamu pakutanga.



**NASB,NKJV “Kuti muviri wezvivi ushaiswe simba”**  
**NRSV “Kuita kuti muviri wezvivi uparadzwe”**  
**TEV “Kuitira kuti simba romuviri wezvivi riparadzwe”**  
**NJB “Kuparadza muviri wezvivi”**

Pauro anoshandisa izwi rokuti “muviri”(soma)nemitsara yakawanda yokutsanagudza chiito(genitive phrases)

1. Muviri (we)chivi,vaRoma.6:6
2. Muviri werufu urwu,vaRoma.7:24
3. Muviri wenyama,vaKorose.2:11

Pauro arikutaura nezveupenyu hwenyama hwemazuva ano, hwezvivi nokureva upanduki.Muviri waJesu werumuko ,ndiwo muviri wenguva itsva yekururama(cf.2vaKorinde.5:17) Kuva nyama harisiri iro dambudziko(kudzamisa ndangariro kwechiGiriki), asi chivi neupanduki. Muviri hauna kushata. ChiKristu chinoshimbisa rutendo rwomuviri wenyama mukusingaperi (cf.1vaKorinde.15). Zvisineyi, muviri wenyama ndiyo nhandare yehondo dzemuedzo,chivi,nomunhu.

Uyu mutsara unonongedza izwi rechiito rinoreva tariro yokuitirwa.muvaravara wokuti “Kushaiswa samba” waireva ”Kushaiswa basa,” “kusava nesimba” kana “Kusashanda,” kwete “kuparadzwa.”Iri izwi rafarirwa naPauro zvikuru,akarishandisa runopfuura makumi maviri neshanu.Tarira Nhaurwa Inokosha :Kusava chinhu nokuva demhe(kartageo) pa 3:3.muviri wedu wenyama une huhwenyakose panyaya dzounhu,asi ndiwozve nhandare yehondo yeMweya iyo inogara iripo(cf.ndima.12-13;5:12-21;12:1-2).

**6:7” Akafa, aruramiswa pazvivi”**Uyu mutsara unechirevo chechiito chinonongedza zvakaaitwa uye nezvakaitirwa,kureva kuti”afa aruramiswa uye acharamba achiruramiswa pazvivi.”Nokuti vatendi vava zvisikwa zvitsva muna Kristu, vakaruramiswa uye vacharamba vachiruramiswa pazvivi pamwe nokutadza kwavakatambira kubva kunaAdhamu(cf.7:1-6).

Izwi rechiGiriki rakashandurudzwa pano rokuti “kusunungurwa”ndirozve rinoshandurudzwa munezvimwe zvikamu zvokutanga richinzi”kururamiswa”(ASV).Muchirevo chechinyorwa chino,izwi rokuti “kururamiswa”(NKJV,NRSV)rinechirevo chakajeka(chinofanana nemashandisirwo arakaitwa muna Mabasa.13:39).Rangarira kuti chirevo chezwi muchinyorwa chinoburitsa zvinoreva izwi zvakaajeka kupfuura duramazwi kana muronga wemadudzirwo aro .Mazwi anechirevo mumitsara chete nemitsarawo inechirevo muganhuro.

**NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA:6:8-11**

**<sup>8</sup>Zvino kana takafa pamwechete naKristu,tinotenda kuti tichararamawo pamwechete naye;<sup>9</sup> tichiziva kuti Kristu,amutswa kuvakafa,haachazofi;rufu haruchavi nesimba pamusoro pake.<sup>10</sup> Nokuti pakufa kwake,akafa kamwe kwazvo kuzvivi;zvino pakurarama kwake,anorarama kunaMwari.**

**<sup>11</sup> Saizvozvo nemiwo muzviti makafa kuzvivi,asi kuti muri vapenyu kunaMwari,munaKristu Jesu.**

**6:8”kana”** uyu muvaravara uneshongedzo yechokwadi kubva pamaonero nemafungiro emunyori.Kubhabhatidzwa kwemutendi kunoratidza nokuoneka sokufa kwake pamwechete naKristu.

☐ **“Tichararamawo pamwechete naye”**chirevo chechinyorwa ndechomurayiro unonongedzo kuita “pakareporepo”(cf.1Johani.1:7), kwete hurongwa hwechimiro chamangwana chete.Ndima.5 inotaura nezvekufa naKristu, ukuwo ndima.8 inotaurawo nezvekurarama naKristu.Uku ndiko kupokana kunowanikwawozve mumaonero ebhaibhaeri pamusoro pezveuMambo hwaMwari. Zvose ndezve pakareporepo, asi muneremangwana. Nyasha dzokungopihwawo dzinofanira kuva nezvibereko zvokuzvibata kwete mvumo yokutadza.

**6:9 “Amutswa kuvakafa”** uyu mutsara unechirevo chechiito chokuitirwa (tarira 6:4.chiito chinonongedza kuitirwa)

Testamende itsva inotsigira kuti vanhuvose vaMwari vatatu mumwe vakava nechekuita nokumuka kwaJesu kuvakafa.

1. Mweya(cf.vaRoma.8:11)
2. Mwanakomana(cf.Johani.2:19-22;10:17-18)
3. Uye kazhinji, Baba (cf.Mabasa .2:24, 32; 3:15, 26; 4:10; 5:30; 10:40; 13:30, 33, 34, 37; 17:31; vaRoma.6:4,9)

Zviito zvaBaba zvaiva nzira yokusimbisa kugamuchira kwavo ,upenyu,rufu nedzidziso yaJesu.Ichi chaiva chinhu chikuru chemharidzo dzokutanga dzemapositori.Tarira Nhaurwa Inokosha:mharidzo dzakare(the Kerygma)pa.1:2.

☐

**NASB “Rufu haruchavi nesimba pamusoro pake”**

**NKJV,NRSV”Rufu haruchina simba pamusoro pake”**

**TEV “Rufu haruzotongi pamusoro pake”**

**NJB “Rufu haruna samba pamusoro pake zvachose”**

Izwi rechiito rokuti “*kurieuo*” rinobva paizwi rokuti “*kurios*”(kureva ishe)iro rinoreva kuti “muzvinachinhu” “muridzi” ”murume we”kana”ishe.”Jesu avaShe pamusoro perufu(cf.Zvakazarurwa.1:18).Jesu ndiye zvibereko zvokutanga zvekumuka kuvakafa.Kune vamwewo vanhu vakaenda kudenga vari vapenyu

1. Vakaendeswa kudenga vari vapenyu(kureva.,zvakashandurudzwa,Enoki naErija)
2. Akadzorwa kuupenyu hwenyama(kureva.,kushanganudzwa)

Jesu chete ndiye akamutswa nomuviri wenguva itsva.Jesu ndiye wekutanga kuparadza simba rerufu(cf.1vaKorinde.15)!

**6:10 “Nokuti pakufa kwake, akafa kwazvo kuzvivi”**Jesu akararama munyika yezvivi ,nyangwe zvazvo iye asina kutadza, nyikayezvivi yakamurovera(cf.vaHebheru.10:10).Rufu rwerutsivo kuvanhu rwaJesu rwakabvisa zvimiso nezvibereko zvomurayiro pamusoro pavo(cf.vaGaratiya.3:13;vaKorose.2:13-14).

▣ **“Kamwe kwazvo”**Muchirevo chechinyorwa chino,Pauro arikukumikidza kuroverwa kwaJesu.Kufira zvivi kamwe ;kwaJesu,kwakava nezvibereko pakufa kuzvivi kwevateveri vake. Bhuku ravaHebheru narowo rinokumikidza danho repamusoro rerufu rwokuzvipira kamwe rwaJesu.Iri zita kame reuponeso neruregerero rakapedzeredzwa zvachose(cf.”kamwe”[*ephapax*], 7:27;9:12;10:10 na”kamwe kwazvo”[*hapax*],6:4;9:7,26,27,28;10:2;12:26,27). Urwu ndirwo rutsigiro rwokuzvipira kwakapedzeredzwa uko kunodzokororeka .

▣ **“Asi pakurarama kwake, anorarama kuna Mwari”**Mazwi maviri ezvakaitwa ayo ari mundima .10a anosiyaniwa nemaviri aripandima.10b,ayo ari muchimiro chezviri kuitika.Vatendi vakafa naKristu;vatendi vanoraramira Mwari,kuburikidza naKristu(cf.vaGaratiya.2:19-20).Chinangwa cheshoko harusi ruregerero chete(kururamiswa)asi kushumira Mwari(yereso).Vatendi vakaponeserwa kushumira!

**6:11 “Saizvozvo nemiwo muzviti makafa kuzvivi”**Uyu mutsara unechirevo chokuitirwa kune zvimiso zvokuita.Uyu murayiro weziendanakuenda ,notarisirwa kubata muupenyu hwevatendi nguva dzose.Ruzivo rwemaKristu rwezvavakaitirwa naKristu runokosha misi yose.Izwi rokuti “iti”(cf.4:4,9)raiva izwi rezve mari raireva kuti”sanganisa zvakanaka”wobva waona zvokuita neruzivo irworwo.Ndima.1-11 dzinotsigira chimiro chemunhu munaKristu(chimiro chokuyereswa) ,ukuwo ndima.12-13 dzinokumikidza kufamba maari(yereso yeziendamberi).Taura Nhaurwa Inokosha pandima.4.

▣

**NASB,NRSV,**

**TEV,NJB “Kristu Jesu”**

**NKJV “Kristu Jesu Ishe wedu”**

Chiverengwa chipfupi chinowanikwa muMSS P<sup>46</sup> ,A ,B ,D ,F ,G. Gwaro reUBS rinochipa chipimo chokutanga”A”(ZVOKWADI).Mivaravara yakavandudzwa iri muzvinyorwa zvokutanga zve(MSS P<sup>94</sup> ,N,C),Asi chinogona kunge chakawedzerwa nomunyorori kubva pandima.23.Semimwe misiyano yezvinyorwa zvakanawanda,zvinoisa musiyano mudiki kuzvirevo zvezvinyorwa.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):6:12-14**

<sup>12</sup>Naizvozvo zvivi ngazvirege kubata ushe mumuviri wenyu unofa,kuti muteerere kuchiva kwawo;<sup>13</sup> uye musapa zvivi mitezo yenyu,kuti dzive nhumbi dzokuita zvisakarurama;asi muzvipe imi kuna Mwari ,savanhu vakararama kuvakafa,nemitezo yenyu kuti dzive nhumbi dzokururama kuna Mwari.<sup>14</sup> Nokuti zvivi hazvingavi nesimba pamusoro penyu;nokuti hamuzi pasi pomurayiro asi pasi penyasha.

**6:12 “Naizvozvo zvivi ngazvirege kubata ushe mumuviri wenyu unofa”**Uyu mutsara unechirevo chezvinodokwairirwa kuti zviitike uye uine shongedzo yokurambidza,izvo zvaireva



kumisa chiitiko chirikutoitika.izwi rokuti “kubata ushe “ rinonangana nezviri pa 5:17-21 na 6:23.Pauro anotsanangura somunhu maonero ezvidzidzo zvouMwari akawanda.

1. Rufu rwakabata ushe saMambo(cf.5:14,17;6:23)
2. Nyasha dzakabata ushe saMamba(cf.5:21)
3. Chivi chakabata ushe saMambo(cf.6:12,14)

Mubvunzo chaiwo ndewekuti ndiyani ari kubata ushe muupenyu hwako?Mutendi rokusarudza munaKristu!Tsaona yemunhu,kereke neyeuMambo hwaMwari ndewekunge vatendi vava kusarudza chivi naivo pachavo,uku vachitaura nezve nyasha!

Tarira Nhairwa Inokosha:Kubata ushe muuMambo hwaMwari pa5:17m18.

**6:13”Musapa zvivi mitezo yenyu”**Uyu mutsara unechirevo chezvinodokwairirwa kuti zviitike uye uine shongedzo yokurambidza,izvo zvaireva kumisa chiitiko chirikutoitika.izvi zvinoratidza kugoneka kwekuenda mberi nokutadza muupenyu hwevatendi(cf.7:1ff,1Johani.1:8-2:1)asi kukosha kwechivi kwabviswa muukama hutsva hwemutendi naKristu,ndima.1-11.

▣ “Senhumbi”Izwi iri rokuti (*hoplon*) raireva “zvombo zvechiuto”(cf.13:12;Johani.18:3; 2vaKorinde.6:7;10:4). Muviri wedu wenyama inhandare yehondo dze muedzo(cf.ndima.12-13;12:1-2;1vaKorinde.6:20;vaFiripi.1:20). Hupenyu hwedu hunoratidza vhangeri pachena.

▣ “Asi muzvipe imi kunaMwari”Uyu mutsara unechirevo chezvinodokwairirwa kuti zviitike uye uine kurudziro yokuita yakasimba.cf.12:1).Vatendi vanoita izvi paruponeso nokutenda,asi vanofania kuramba vachiita izvi hupenyu hwavo hwese.

Tarira kufambirana kwendima iyi

1. Izwi rechiito rimwechete nemazwi ose maviri anechirevo chezvinodikairirwa
2. Madimikira ehondo
  - a. Zvombo zvezvisakarurama
  - b. Zvombo zvezvakarurama
3. Vatendi vanogona kupa miviri yavo kuzvivi kana kunaMwari

Rangarira kuti ,ndima iyi irikureva vatendi—sarudzo inoramba ichienda mberi;hondo inoramba ichiendamberi(cf.6:12,19;1vaKorinde.6:18-19;vaEfeso.6:10-18)!

**6:14 “Nokuti zvivi hazvingavi nesimba pamusoro penyu”** Uyu mutsara unechirevo chevichaitika muneremangwana (cf.Mapisarema.19:13) icho chinoshanda kureva zvinodokwairirwa, “zvivi hazvingavi nesimba pamusoro penyu!” zvivi hazvina samba pamusoro pevavendi nokuti hazvina samba pamusoro paKristu, (cf.ndima.9;JOHANI.16:33).

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):6:15-19**

<sup>15</sup> Zvino tichatiiko?titadze,nokuti hatizi pasi pomurayiro here,asi pasi penyasha?Haisva!

<sup>16</sup> Hamuzivi here,kuti uyo wamunozvipa kwaari kuti muve varanda vake kumuteerera,kuti muri varanda vaiye wamunoteerera;kana vezvivi zvinoisa kurufu,kana wokuteerera kunoisa kukururama? <sup>17</sup> Asi Mwari ngaavongwe,nokuti imi maiva varanda vezvivi,mukazoteerera nomwoyo rudzi urwu rwedzidziso yamakaiswa kwairi.

<sup>18</sup> Makasunungurwa pazvivi,mukava varanda vokururama.<sup>19</sup> Ndinotaura nokutaura kwavanhu,nokuda kwokushayiwa samba kwenyama yenyu;nokuti sezvamakapa mitezo yenyu kuti ive varanda vetsvina,navezvisakarurama zvinoisa kune

**zvisakarurama,saizvozvo ipai mitezo yenyu zvino ive varanda vokururama kunoisa kuutsvene.**

**6:15** Uyu mubvunzo wefungidziro wechipiri(diatribu)unofanana nepana 6:1.yose inopindura mibvunzo yakasiyana-siyana pamusoro pehukama hweMuKristi kuzvivi.Ndima .1 inobata nyaya yenyasha,kwete dzichishandiswa semvumo yokutadza, ukuwo ndima.15 ,inobata nyaya yokudikwa kwokurwa kwemukristu,kuramba pachake zviito zvezvivi .Panguva imwecheteyo mutendi anosungirwa kushumira Mwari nesimba rimwechetero ,iro aishumira naro zvivi panguva yakare(cf.6:14).



**NKJV,NASB,TEV** “Titadze here”  
**NRSV** “Tingatadza here”  
**NJB** “Sezvo takasunungurwa kuzvivi”

Shandurudzo mbiri dzinoti yavaWilliams neyavaPhillips dzose dzinoshandurudza mutsara uyu nechirevo chezvaidokwairirwa kuti zviitike uye nechirevowo chezvirikudokwairirwa kuti zviitike zvinofanana nepandima.1.Iri harisiri iro donzvo chairo.Tarira shandurudzo dzakasiyana-siyana

1. KJV,ASV,NIV-“Tingatadza here?”
2. Shandurudzo yeCentenary-“Tingaita zviito zvezvivi here?”
3. RSV-Totadza here?”

Uyu mubvunzo kana uri mururimi rwechiGiriki unenge uine chirevo chokusadzokera mumashure uye unenge uine shongedzo yetariro yemhinduro yokuti “hongu”.Iyi yakanga iri nzira yaPauro yomubvunzo-mhinduro ,iyo yaaishandisa kureva chokwadi.Iyi ndima inoratidza dzidzo yezvouMwari yenhema!Pauro akapindura izvi nenzira yemapinduro ake yokuti”Haisva.”Vhangeri raPauro reshanduko huru yechipo chenyasha dzokungopihwawo dzaMwari ,rakatadza kunzwisiswa nokushandiswa nenzira isakarurama nevadzidzisi venhema.

**6:16** Mubvunzo unotarisisira mhinduro yokuti “hongu”.Vanhu vanoshumira chimwechinhu kana mumwe munhu.Ndiyani anobata ushe muupenyu hwako,zvivi kana Mwari?Anoteererwa nevanhu ndiye anoratidza wavanoshumira(cf.vaGaratiya.6:7-8).

**6:17**“**Asi Mwari ngaavongwe**” Pauro nguva zhinji anoerekana avakuto rumbidza Mwari.Zvinyorwa zvake zvinoerera kubva paminyengeretero yake uye minyengetero yake inobva paruzivo rwake rwevhangeri.Tarira Nhaurwa Inokosha:Munyengetero,Rutunho,neMatendo aPauro kunaMwari pa 7:25.



“Maiva.....Mukazova” Iyi mitsara ineshongedzo yechirevanguva chezwi rechiito, chakaitwa kare chikamiswa kana kutanga kwechiito munguva yakare,”kuva”izwi rinotsanangura chimiro chavo munguva yakare (varanda kuzvivi)richiteverwa nechirevanguva chezvakaitwa icho chinoti chimiro chavo choupanduki chakaguma.

▣ “Mukazoteerera nomwoyo rudzi urwu rwedzidziso”Mumaonero echinyorwa,izvi zvinoreva kururamiswa nenyasha kuburikidza nokutenda kwavo,kunofanira kuvaka kuva saKristu misi yose.

Izwi rokuti “dzidziso”rinoreva dzidziso yechipositori kana vhangeri.

▣ “Mwoyo”Tarira Nhaurwa Inokosha:Mwoyo pa1:24.

▣

**NASB** “Rudzi urwu rwedzidziso yamakaiswa kwairi”

**NKJV** “Rudzi urwu rwegwara redzidziso yamakasunungurirwa kwairi”

**NRSV,NIV** “Kurudzi urwu rwedzidziso yamakapihwa kwairi”

**TEV** “Chokwadi icho chinowanikwa mudzidziso yamakatambira”

**NJB** “Kumuronga edzidziso iyo yamakaturirwa”

Iyi pfungwa inofanana nepana 1vaKorinde.15:1uye inoreva zvokwadi yevhangeri yokuti vatendi ava vakanzwa vakatambira .

Vhangeri ndere:

1. Munhu wekugamuchira
2. Chokwadi nezvemunhu iyeye wekutenda
3. Kurarama hupenyu hunofanana nehwe munhu iyeye!

▣ “**Rudzi**” Tarira Nhaurwa Inokosha inotevera.

### **NHAURWA INOKOSHA : RUDZI (tupos)**

Dambudziko izwi rokuti “tupos” iro rinoshandiswa nenzira dzakasiyana-siyana.

1. vaMoulton navaMilligan,Mugwaro remazwi eTestamende itsva yechiGiriki (The Vocabulary of the Greek New testament,p.645) vanoti
  - a. Munyereketete
  - b. Hurongwa
  - c. Rudzi kana manyorero
  - d. Chisungo kana kunyora patsva
  - e. Mutongo kana rutemo
  - f. Chimiro chomuviri womunhu sezadziso yemhiko yepfupiro yaMwari murapi.
  - g. Izwi rechiito rinechirevo chokushandisa murayiro
2. Louw naNida,muduramazwi rechiGiriki nechiRungu(Greek-English Lexicon,vol.2,p249) vanoti:
  - a. Vanga(cf.Johani.20:25)
  - b. Chitarisiko(cf.Mabasa.7:43)
  - c. Chimiro (cf.vaHebheru.8:5)
  - d. Muenzaniso(cf.1vaKorinde.10:6;vaFiripi.3:17)
  - e. Mufananidzo(cf.vaRoma.5:14)
  - f. Rudzi(cf.Mabasa.23:25)
  - g. Zvirimukati(cf.Mabasa.23:25)
3. vaHarold . K.Moulton,muduramazwi reongororo rakanyorwa patsva(The Analytical Greek Lexicon Revised,p411), vanoti:
  - a. Rupfutso,Rutungururo,Rusikitira(cf.Johani.20:25)
  - b. Tsanangudzo yakazara
  - c. Chitarisiko(cf.vaHebheru.8:5)

- d. Muronga,Chirongwa (cf.vaRoma.6:17)
- e. Rudzi,kuti uri (cf.Mabasa.23:25)
- f. Chiumbiko,chimwe (cf.1vaKorinde.10:6)
- g. Chiumbiko chinotarisirwa, Rudzi(cf.vaRoma.5:14;1vaKrinde.10:11)
- h. Munyerekete wechimiro(cf.Mabasa.7:44;vaHebheru.8:5)
- i. Munyereketeweunhu(cf.vaFiripi.3:17;1vaTesaronika.1:7;2vaTesaronika.3:9;1Timoti.4:12;1Petirosi.5:3)

Muchinyorwa chino tsanangudzo yokutanga ndiyo yakanaka kupfuura dzimwe dzose.Vhangeri rinobata zvose gwara redzidziso nemararamiro.Chipo chokungopihwawo cheruponeso munaKristu hupenyu hwekuva saKristu!

6:18 **”Makasunungurwa pazvivi”** Uyu mutsara unechirevo chezvakaaitirwa,Vhangeri rakasunungura vatendi noumiriri hweMweya kuburikidza nbasa raKristu.Vatendi vakasunungurwa pamurango wezvivi(ruramiso)pamwe nekubata ushe kwakaipa kwezvivi(yereso,cf.ndima.7 na 22).Nerimwe zuva vachasunungurwa kubva mukuvapo kwezvivi (rumbidzo,cf.8:29-30)

☐ **“Makava varanda vokururama”** Uyu mutsara unechirevo chezvakaaitwa, “makava varanda vokururama.”Tarira Nhairwa Inokosha pa 1:17.Vatendi vanosunungurwa pazvivi kuti vashumire Mwari (ndima.14,19,22;7:4;8:2)! Hwendedzo hwenyasha dzokungopihwawo ndihwo upenyu hwouMwari.Ruramiso yaktaurwawo pamurayiro uye ndiyo rukuchidziro rwekururama pazvivi.Mwari anoda kuti ruramisa nokutishandura kutinesuwo tishandure vamwe!Nyasha hadziperere pakutenda kwomunhu mumwe(cf.Mateu.28:18-20;Ruka.24:47;Mabasa.1:18).

**6:19 “Ndinotaura nokutaura kwavanhu,nokuda kwokushayiwa simba kwenyama yenyu”** Pauro arikutaura nevatendi vepaRoma.kuti angadai achitaura nezve dambudziko raakanga anzwa nezvaro ikoko kuRoma re(godo pakati pevavendi vechiJudha nevechiHedheni) kana kuti aritaura chokwadi chinowanikwa kuvatendi vose ? Pauro anoshandisa muvaravara uyuzve pakutanga munavaRoma.3:5,sezvaanoita munavaGaratiya.3:15.

Ndima.19 inofambirana nendima 16.Pauro anodzokororazve dzidziso yake yezvouMwari senzira yokukumikidza.

Vamwe vanhu vangati muvaravara uyu unoreva kuti Pauro akanga okumbira ruregerero rwokushandisa kwake dimikira rokuti muranda .Zvisineyi,mutsara wokuti”nokuda kwokushayiwa simba kwenyama yenyu”hauenderane nemhirikiro iyi.Uranda hwaisaonekwa sechivi nevanhu vemakore zana okutanga,kunyanya muRoma.Dzayi ngova tsika nemagariro dzemazuva avo.Ruzhinji rwevagari vemuRoma vaiva varanda.

☐ **“Nyama”**Tarira Nhairwa Inokosha pa 1:3

☐ **“Kunoisa kuutsvene”**Iyi ndyo hwendedzo yeruponeso(cf.ndima.22).Testamende itsva yakashandisa izwi iri senzira mbiri dzedzidziso yezvouMwari idzo dzinesungano neruponeso.

1. Chimi choutsvene, icho chinova chipo chaMwari (zvisina wazvakanangana naye) chinopihwa pakururamiswa nokutenda muna Kristu (cf.Mabasa26:18; 1vaKorinde.1:2; 6:11;vaEfeso.5:26-27; 1vaTesaronika.5:23; 2vaTesaronika.2:13; vaHebheru.10:10; 13:13;1Petirosi.1:2)

2. Kuitwa mutsvene kweziendamberi ,uko kunova basa raMwari kuburikidza neMweya Mutsvene apo hupenyu hwemutendi hunoshandurwa kuva muchitarisiko nokukura kwaKristu(zvisina wazvakanangana naye,cf.2vaKorinde.7:1;1vaTesaronika.4:3,7;1Timoti.2:15;2Timoti.2:21;vaHebheru.12:10,14

Tarira Nhaurwa Inokosha :kuitwa mutsvene pa 6:4

Kuitwa mutsvene (yereso) chipo pamwe nochirayiro! chitori chinzimbo (kumira) nechiiito(mararamiro)!unotori munongedzo wechiito (mutsara) chinhu chinodokwairirwa (chirayiro)! chinouya pamavambo, asi hachionekwi kukura kusvika pamagumo (cf.vaFiripi.1:6;2:12-13.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):6:20-23**

<sup>20</sup> Nokuti panguva iyo makanga muchiri varanda vezvivi,makanga makasununguka pakururama. <sup>21</sup> Zvino maiva nezvibereko zveikopanuva iyo pazvinhu izvo zvamunonyadziswa nazvo zvino?Nokuti kuguma kwazvo ndirwo rufu.<sup>22</sup> Asi zvino makasunungurwa pazvivi,mava varanda vaMwari,munezvibereko zvenyu zvinoisa kuutsvene,uye kuguma kwazvo ndihwo upenyu husingaperi.<sup>23</sup> Nokuti mubayiro wezvivi ndirwo rufu ;asi chipo chokungopihwa chaMwari ndihwo upenyu husingaperi munaKristu Jesu,Ishe wedu.

**6:20-21** Zvinotaurwa apa zvakasiyana nekure nezviri pandima18 na 19.Vatendi vanokwanisa kushumira Ishe mumwechete(cf.Ruka.16:13)

**6:22-23** Idzi ndima dzinovaka chimiro chezienda mberi remubayiro unopihwa nearikushumirwa.Mwari ngaavongwe nokuti nhaurwa yezvivi nomutendi inoperera panyasha!Chokutanga ndicho chipo cheruponeso kuburikidza nemubatirapamwe wedu,pozova nechipo choupenyu hwechikristu,icho chinouya zvakare kuburikidza nemubatirapamwe wedu.Zvose zvipo izvi zvinotambirwa kuburikidza nokutenda norupinduko.

**6:22** “Munezvibereko zvenyu zvinoisa kuutsvene,uye kuguma kwazvo ndihwohupenyu husingaperi” Izwi rokuti “zvibereko” iro rinoreva kuti “muchero” rinoshandiswa pandima.21 kureva zvibereko zvezvivi,asi pandima 22,rinoreva zvibereko zvokushumira Mwari.Zvibereko zvechiriporipo ndiko kuva saKristu kwemurendi. kuguma kwazvo ndiko kuva naye nokuva saye nokusingaperi(cf.1Johani.3:2). Kana pasina zvibereko zvechiriporipo (hupenyu hwakashanduka,cf.Jakobho.2) kuguma kwazvo kunenge kusina kujeka (hupenyu husingaperi,cf.Mateu.7) “pasina muchero hapana mudzi!”

**6:23** Iyi ndiyo pfupiso yechikamu chose.Pauro anoburitsa chimiro chesarudzo pachena.Sarudzo ndeyedu---zvivi nerufu kana nyasha dzokungopihwawo kuburikidza naKristu noupenyu husingaperi.Zvinofanana kwazvo “nenzira mbiri”dzeuchenjeri hwezvinyorwa zveTestamende yekare(Dhuteronomi.30:1,17;Mapisarema.1;Zvirevo.4:10-19;Mateu.7:13-14).

☐ “Mubayiro wezvivi”zvivi zvinotsanangurwa somunhu anova(1)muridzi wemuranda(2)mutungamiri weuto,kana(3)SaShe anopa mubayiro(cf.3:9;5:21;6:9,14,17).

- ▣ “Chipo chokungopihwa chaMwari ndihwo hupenyu husingaperi”Shandurudzo yezwi rukuti”chipo chokungopihwa”(charisma)rakabva pazwi rokureva nyasha rokuti(charis,cf.3:24;5:15,16,17;vaEfeso.2:8-9).Tarira chinyorwa pa 3:24.

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo.Tose ngatifambe muchiedza chatinacho.Iwe,Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari.Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro.Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko, mabasa akanaka ane hukama hwakadii neruponeso(cf.vaEfeso.2:8-9,10)?
2. Ko kuendamberi nezvivi muupenyu hwemutendi kune sungano ipi neruponeso(cf.1Johani.3:6,9)?
3. Chikamu chino chinodzidzisa” kuva munhu akanaka asina zvivi”here?
4. Ko chikamu chechitanhatu chinehukama hupi nezvikamu chechishanu nechechinomwe?
5. Sei rubhabhatidzwa rwakataurwa nezvarwo pano?
6. Makristu anoramba aine hunhu hwawo hwakare here? Nokuda kweyi?
7. Ko zvirevanguva zvezwi echiito zviru muchimro chezviri kuitika izvo zvinonyanya kuwanikwa mundima.1-4 nezvirevanguva zvezwi rinoreva zvakaitwa,mundima15-23,zvinorunzireyi mundima idzi?

# VAROMA 7

<b>GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO</b>				
<b>UBS<sup>4</sup></b>	<b>NKJV</b>	<b>NRSV</b>	<b>TEV</b>	<b>NJB</b>
Ringanidzo yemuchato	Kusunungurwa kubva kumurayiro	Ringanidzo yemuchato	Tsinidziro kubva kumurayiro	MuKristu anosunungurwa kubva muuranda hwemurayiro
7:1-6	7:1-6	7:1-3 7:4-6	7:1-6	7:1-6
Dambudziko rezvivi zvinogara mukati	Mukana wezvivi mumurayiro	Murayiro nezvivi	Murayiro nezvivi	Kushanda kwemurayiro
7:7-12	7:7-12	7:7-12	7:7-11	7:7-8 7:9-11 7:12-13
7:13-25	7:13-25	7:13	7:12:13	Hondo yomukati
		Gakava remuhana	Gakava muhana yomunhu	
		7:14-20	7:14-20	7:14-20
		7:21-25a	7:21-25a	7:21-23a
		7:25b	7:25b	7:24-25a 7:25b

## **MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)**

### *ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA*

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyoru, Ndiyo zve hwaro hwepirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO PANDIMA 1-6**

- A. Chikamu (7) chechinomwe chinofanira kupirikirwa :
1. Chiinesungano nechikamu(6) chechitanhatu,kunyanya ndima.12-14(uye zve 3:20,21-31;4:13-16;5:20)
  2. Chinofanirawo kuva nesungano negakava raiva mukereke yeRoma,pakati pevatendi vechiHedheni nevechiJudha,iro rinoonekwa muzvikamu 9-11
- Chimiro chaichoicho chedambudziko hachinyatsozivikanwa; chinogona kuvachakanga chiri
- a. Mutemo unobva pamurayiro waMosesi,
  - b. VechiJudha avo vaiisa Mosesi pokutanga Jesu achiiswa panzimbo yepiri
  - c. Kusanzwisisa pamusoro pechirevo chevhangeri kuvaJudha,
  - d. Kusanzwisisa hukama pakati pechisungo chakare nechisungo chitsva.
  - e. Godo mukereke pakati pevavatungamiri vevatendi vechiJudha ,avo vainge vatsiviwa nevatungamiri vevatendi vechiHedheni,panguva iyo vatongi veRoma vakanga vapa murayiro,uyo wakamisa mipiro yose yemaJudha muRoma.Vatendi vazhinji vechuJudha vanogona kunge vakanga vatobuda muRoma.
- B. VaRoma .7:1-6 inoenderera mberi nemutauro wemadimikira wepa chikamu 6,uyo uri maererano nehukama hwemukristu nehupenyu hwake hwekare.Zvibhende zvinoshandiswa ndezvinotevera.
1. Rufu nokusunungurwa kubva muutapwa uchiiswa kune mumwe muchengeti(chikamu.6)
  2. Rufu nokusunungurwra kubva musungano yemuchato(chikamu.7)
- C. Zvikamu 6 na7 zvinofanana manyorerwo azvo;chikamu 6,chinobata nyaya yehukama hwemutendi ku”zvivi”,chikamu 7,chinobatawo nyaya yehukama hwemutendi ku”murayiro”.Ringanidzo yerufu rwuchisunungura nhapwa (6:12-23)inofanana nerufu rwuchi sunungura sungano yemuchato(7:1-6).DIAGRAM

CHIKAMU 6	CHIKAMU 7
6.1 “Zvivi”	7.1 “Murayiro”
6.2 “Takafa kuzvivi	7.4 “Takafa kuzvivi
6.3 “Kutitifambe muutsva hwoupeny”	7.6 “Kutitishumire muutsva hwoupeny”



6.4 “Uyo afa asunungurwa kuzvivi”	7.6 “Takasunungurwa pamurayiro, takafa kunaizvozvo zvatanga takasungwa nazvo”
6.18 “Tasunungurwa kubva kuzvini	7.3 “Asunungurwa pamurayiro”

(Izvi zvakatorwa muchinyorwa cha vaAnders Nygren chinonzi Tsoropodzo yeVaRoma, {commentary on Romans, p.268} iyo yakashandurudzwa nava Carl C. Rasmussen)

D. Murayiro nezvimiso zvawo zvose waiva mutongo werufu. Vanhu vose vakatopihwa mutongo kare, pasi pomurayiro (cf. vaRoma.6:14;7:4; vaGaratiya.3:13; vaEfeso.2:15; vaKorose2:14) Murayiro waMosesi wakava chituko!

E. Pane mhando ina dzakaburikira, pamusoro pokuti chikamu 7 chinopirikirwa sei

1. Pauro arikutaura nezvake iye pachake (kuzvinyorera nhoroondo)
2. Pauro arikutaura semumiririri wevanhu vose (mumiririri, ”chysostom”)
3. Pauro arikutaura nezveshwiro yaAdhamu (Theodore of Mopsuetia)
4. Pauro arikutaura nezveshwiro yeIsiraeri.

F. vaRoma.7 inoreva zvakafanana naGenesi .3, nenzira dzakawanda. Inoratidza gwezvo roudanduki, chero kune avo vava kuziva Mwari. Ruzivo harugoni kusunungura vatadzi; nyasha dzaMwari dzoga, Mwoyo mutsva woga, pfungwa itsva neMweya mutsva ndizvo chete zvinosunungura (chisungo chitsva, cf. Jeremiya.31:31-34; Ezekieri.36:26-27). Uye chero zvakadaro, pane bishi rinoramba riripo (cf.6:12,19; 1vaKorinde.6:10-19; vaEfeso.6:10-18)!

## DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

### NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):7:1-3

<sup>1</sup>Hamuzivi here, hama dzangu, (nokuti ndinotaura navanhu vanoziva murayiro), kuti murayiro unobata munhu nguva yose youpenyu hwake?<sup>2</sup> Nokuti mukadzi, anomurume, akasungwa nomurayiro kumurume wake, iye achiri mupenyu; asi kana murume afa, asunungurwa pamurayiro womurume.<sup>3</sup> Naizvozvo zvino kana akawanikwa nomumwe murume, murume wake achiri mupenyu, achanzi chipfeve asi kana murume wake afa, asununguka pamurayiro, zvino haazi chipfeve kunyange akawanikwa nomumwe murume.

**7:1**”(nokuti ndinotaura navanhu vanoziva murayiro)” izvi zvinogona kureva

1. Vatendi vechiJudha chete
2. Gakava pakati pevotendi vechiJudha nevechiHedheni mukereke yeRoma
3. Murayiro womarange navanhu (cf.2:14-15)

4. Vatendi vatsva vechiHedheni ,avo vakanga vachiri kudzidza nezvechitendero chavo chitsva(katikazi,6:17)kubva muzvinyorwa zvetestamende yakare

▣ **“Murayiro”**Iri ndiro donzvo rechikamu(cf.ndima.1,2,4,5,6,nedzimwewo) zvisineyi Pauro akashandisa izwi iri nenzira dzakawanda(Mutemo,Muratiro waMosesi,hunhu hwemumugarisanwa).Zvinoratidza sokuti nhaurirano yaPauro yakasvusudzwa nechikamu 6:14.Musumo wake unofanana nemamiriro echikamu 6.Tarira ruono rwezviri mugwaro,C.Murayiro waMosesi ,nehukama hwawo nechisungo chitsva munaKristu unotaurwawo nezvawo mu 3:21-31 na 4:13-16.

▣

**NASB “Kuti murayiro unobata munhu nguva yose youpenyu hwake”**

**NKJV “Kuti murayiro unobata munhu nguva yose youpenyu hwake”**

**NRSV “Kuti murayiro unosunga munhu panguva youpenyu hwemunhu iyeye chete”**

**TEV “Kuti murayiro unotonga pamusoro pemunhu panguva youpenyu hwake chete”**

**NJB “Kuti murayiro unobata munhu nguva youpenyu hwake chete”**

Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti”kubata ushe”(kurieuo,cf.6:9,14).Murayiro waMosesi waiva makomborero makuru (cf.Mapisarema.19;119),uye wavawo chituko chikuru cf.vaGaratiya.3:13; vaEfeso.2:15; vaKorose.2:14). Nokufa panyama ,zvisungo zvomurayiro zvinobva zvapera.Ichi ndicho chibhende chakashandiswa muchikamu .6,maererano nokufa kuzvivi kwomutendi.

**7:2”Nokuti,mukadzi anomurume”**Iyi ndiyo tsanangudzo yakadzama yaPauro mundima.1-6.Muchikamu.6 ,anobata nyaya yokuti rufu runopedza sungiridzo yomunhu angave ari muranda.Pano,muchato nezvisungo zvawo ndiro donzvo.Tsanangudzo yakasunamidzwa nokuti murume ndiye anofa kuti chirikadzi irorwe patsva,zvakadaro muringanidzo yaPauro,mutendi ndiye akafa ,uye naizvozvo ,mupenyu kunaMwari.

▣ **“Asunungurwa”**Iri ndiro izwi rechiito rimwechetero seriri muna.6:6;iro rinoreva kuti “kusashanda,” “kushaiswa basa” kana”kuraswa”.Muna.6:6;raiva muchimiro chezwi recgiito rinoreva kuitirwa,pandima ino rinoreva “kusunungurwa kune ziendamberi.”Tarira Nhaurwa Inokosha pa 3:3.

**7:3 “Achanzi chifeve”**Mutauriro uyu unesungano nedoritori remaJudha pakati pezvikoro zvedzidziso yechiJudha zvinoti cheShammai necheHillel pamusoro pezviri pana Dhuteronomi.24:1-4”chinyangadzo.”Chikoro cheHillel chaibvumira kurambana chero nechikonzero chipi zvacho.Avawo vechikoro cheShammai vaichengetedza murayiro ,vaiti kurambana kunofanira kuvapo nezvikonzero zvakaita soufeve kana zvimwewo zvinechekuita nekusazvibata panyaya dzebonde(cf.Mateu.5:32;19:9).

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) : 7:4-6**

<sup>4</sup> Saka,hama dzangu nemiwo makaitwa vakafa kumurayiro nomuviri waKristu;kuti muve womumwe,iye akamutswa muvakafa,kuti tiberekere Mwari zvibereko.<sup>5</sup> Nokuti panguva iyo tichiri munyama,kuchiva kwezvivi,kwakamutswa nomurayiro,kwakabata mumitezo yedu kuti tibereke zvibereko zvinoisa kurufu.

<sup>6</sup> Asi zvino takasunungurwa pamurayiro ,takafa kuna izvozvo zvatakanga takasungwa nazvo;naizvozvo tinobatira Mwari noMweya mutsva,tisingabatiri nezvakanyorwa kare.

**7:4 “Nemiwo makaitwa vakafa”** Iri ndiro donzvo reganhuro ino (pamwe nechikamu 6).Ine sungano neringanidzo iri muchikamu 6 yevaKristu vanofa kuchivi nokuti “vanovigwa pamwe” (6:4) nokuruverwa pamwe (6:6) naKristu (cf.2vaKorinde.5:14-15;vaGaratiya .2:20). Vatendi, zvisikwa zvtsva muna Kristu (ona chinyorwa chakazara pa6:4), munguva ino itsva yeMweya (cf.2vaKrinde.5:17). Rubhabhatidzo rwakatarira muganho pakati penguva yakare, munhu wakare nenguva itsva ,munhu mutsva.

▣ **“Nomuviri waKristu”**Izvi hazvisiri kureva maonero ezvidzidzo zvouMwari okureva kereke somuviri waKristu(cf.1vaKorinde.12:12,27)asi kumuviri wenyama waKristu szvakanyorwa mu 6:3-11 ,umo apo pakafa Kristu,vatendi nenzira yerudaidzo rwerubhabhatidzo,vakafa naye.Rufu rwake rwaiva rwavo(cf.2vaKorinde.5:14-16;vaGaratiya.2:20).Hupenyu hwake hwekumuka kuvakafa hwakavasunungura kuti vashumire nevamwewo.

▣ **“kuti tiberekere Mwari zvibereko”**Izvi zvaifambiranawo nechikamu 6,kunyanya 6:22.Vatendi vakasunungurwa kuburikidza naKristu kuti vave nesungano naye.Iyi ndiyo ringanidzo yomuchato irikuenderera mberi.Sezvo Kristu akafira vatendi,ivowo vanofanirakufa kuzvivi(2vaKorinde.5:13-14;vaGaratiya.2:20).Sezvo Kristu akamutswa,nivowo vanomutswa kuupenyu hutsva hweMweya wokushumira Mwari(cf.vaRoma.6:22;vaEfeso.2:5-6)uyepakati pavo(cf.1Johani.3:16).

## 7:5

<b>NASB</b>	<b>“Nokuti panguva iyo tichiri panyama”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Nokuti apo tichiri panyama”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Panguva iyo tairarama panyama”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Nokuti apo tairarama sokuva vanhu kwedu”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Tisati tapinduka”</b>

Iyi ndima inosiyana nendima.4.Ndima .4 inotaura nezvekurarama kwemutendi,sezvinoita ndima.6.Ndima.5 inotsanangura “zvibereko”zveupenyu husina simba raMwari (vaGratiya.5:18-24)murayiro unoratidza vatendi zvivi zvavo (ndima.7-9;vaGaratiya.3:23-25) asi hauvapi simba rokuzvikunda .

Mumaonero aya mutsara uyu urikureva chimiro choutadzi ,chezvivi chakatorwa kubva kunaAdhamu(cf.6:19). Pauro anoshandisa vara iri rokuti”*sarx*”nenzira mbiri dzakasiyana (1)chimiro chezvivi (munhu wakare) ne (2)muviri wenyama(cf.1:3;4:1;9:3,5).Pano riri muchimiro chokuramba,asi ona vaRoma.1:3;4:1;9:3,5; vaGaratuya .2:20. Nyama/muviri (*sarx/soma*) hazvina kuipa zvirizvoga ,asi izvo,sepfungwa (*nous*)ndizvo nhandare yehondo,nzvimbo yokusangana pakati zvivi zvenguva ino neMweya Mutsvene.Pauro anoshandisa vara iri vzinofanana nemahsandsirwo aro mubhaibheri rakare rechiGiriki,kwete semuhunyorwa hwe chiGiriki.Tarira Nhaurwa Inokosha:Nyama(*sarx*) pa1:3.

▣ **“kwakamutswa nomurayiro”**Iyi nyaya yeunhu hweupanduki hwevanhu,uho hwokupirimuka nokujenyura dzoreredzo,inoonekwa zvakajeka munaGenesi.3 uye muvanhu

vose.Murayiro unotara miganho(ndima.7-8. Miganho iyi yayitirwa kudzivirira vanhu,asi vanhu vakaiona sengetani uye ganhudzo.Mweya wezvivi wezanondoga wkamutswa nomurayiro waMwari.Dambudziko rakanga risiri ganhudzo(murayiro,ndima.12-13),asi uzanondoga neziita madiro revanhu.

▣ **“Tibereke zvbereko zvinoisa kurufu”**Kusiyana kwakadai pakati pe:

1. Ndima.5—kubereka zvbereko zvaMwari
2. Ndima.6—kubereka zvbereko zvinoisa kurufu

Vatendi vakafa kurufu,zvivi,nomurayiro iye zvino vavakuraramira kubereka zvbereko zvouMambo! Pauro anonyoronyoda mavara matema nemachema(kana mhatsanuro yegangaidzo,ona chinyorwa pa 8:2). Munhu ari munechimwe chezvikiwata zviviri izvi—Adhamu kana Jesu (cf.5:12-21) Avo varimunaJesu vakasununguka, havana ganhudzo, uyevatsva (vaGaratiya.2:19-20)! famba mazviri!farisisa mazviri!

**7:6”Asi zvino”**Newman naNida mugwaro ravo rinonzi “Gwaro rokubatsira mushandurudzi patsamba dzaPauro kuvaRoma (*A Translator’s Handbook on Paul’s letter to the Romans*), rine tsoropodzo inonakidza.

“Zvinokosha kuona kufambirana pakati pendima.5 na 6, panguva imwecheteyo sungano yadzo kunezvinotevera. Ndima 5 inotsanangura kurarama kwemunhu asati ava mukristu,uye ine fananidzo yayo muna 7:7-25;ndima 6 inotsanangura hupenyu hwazvino hwekutenda pasi pohutungamiri hweMweya waMwari,uye ine fananidzo yayo muna 8:1-11”(p.130).

▣ **“Takasunungurwa”**Uyu mutsara unoreva kuitirwa.Unosiyana nechirevo chokuita kweziendamberi kwemundima.5.Vatendi vakanga varamba vakabatwa nezvivi sezvinoburitswa nomurayiro,asi iye zvino vakasunungurwa neMweya kuburikidza nenhau dzakanaka dzevhangeri.Izwi rimwechetero rinoshandiswa kutsanangura mukadzi anenge afirwa nomurume mundima.2.

▣ **“Takafa kuna izvozvo zvatakanga takasungwa nazvo”**Uyu mutsara unoreva kuita uchiteverwa nechirevo chokuitwa kwezinda mberi.Mwari akasunungura vatendi nerufu rwaJesu kubva ku

1. Chituko cheTestamende yakare
2. Hunhu hwezvivi huri muhana dzavo

Vakanga varamba vakasungwa nokupandukira zvido zvaMwari izvo zvakaraticidzwa,hunhu hweutadzi,zvivi zvepauzima,nemuedzo wedenga(cf.vaEfeso.2:2-3)!

▣ **“Hutsva.....Hukare”**Iyi nzira yeMweya itsva inoita sokuti inoreva chisungo chitsva (cf.Jeremiya.31:31-34;Ezekieri.36:22-32)Izwi rechiGiriki rokuti”itsva”(kainos—kainotes)rinoshandiswa naPauro kureva

1. Hutsva hweupenyu,vaRoma.6:4(ona chinyorwa chakazara pa6:4)
2. Hutsva hweMweya,vaRoma.7:6
3. Chisungo chitsva,1vaKorinde.11:2;2vaKorinde.3:6
4. Chisikwa chitsva,2vaKorinde.5:17;vaGaratiya.6:15
5. Munhu mutsva,vaEfeso.2:15;4:24

Izwi rokuti “kare”rinoshandiswa kureva murayiro waMosesi uye rinoreva “kusakara.”Pauro arikusiyanisa chisungo chakare nechisungo chitsva,sezvaanoita muna vaHebheru(cf.8:7na13).



**NASB, NKJV** “Naizvozvo tinobatira Mweya mutsva”  
**NRSV** “Naizvozvo tiri varanda, kwete pasi pezvakanorwa kare asi muupenyu hutsva hweMweya”  
**TEV** “Asi munzira itsva yeMweya”  
**NJB** “Kusununguka kushumira munzira itsva yeMweya”

Izvi zvinoreva kwazvokwazvo kuti”muutsva hweMweya.”Hazvinyatso zivikanwe kuti izvi zvinoreva mweya wakamutsiridzwa wemunhu kana Mweya Mutsvene.Shandurudzo zhinji dzechirungu dzinoisa mavara makuru,zvichireva Mweya Mutsvene,uyo unotaurwa nezvawo nenzira dzakawanda kekutanga munavaRoma.8(kagumi neshanu[15 times]).Izwi rokuti “mweya” rinogona kureva mweya wemunhu wakamutsiridzwa ukapihwa simba nevhangeri uye neMweya munavaRoma.1:4, 9; 2:29; 7:6; 8:15; 11:8; 12:11; 1vaKorinde. 2:11; 4:21; 5:3,4,5; 7:34; 14:15,16,32; 16:18.

Muzvinyorwa zvaPauro “nyama”ne”mweya”zvinowanzo siyaniswa senzira mbiri dzokufunga nokurarama(cf.7:14;8:4;vaGaratiya.3:3;5:16,17,25;6:8).Hupenyu hwenyama husina Mwari I”nyama”(Tarira Nhaurwa Inokosha pa 1:3),asi hupenyu hunamwari”mweya”kana”Mweya.”Mweya mutsvene uyo unogara muhana(9cf.8:9,11)unosandura mutendi achiva chisikwa chitsva munakristu(pachimiro nepamararamiro).

## **RUONO RWEZVIRI MUNA VAROMA 7:7—25**

A. vaRoma 7:7—25 inoratidza zvokwadi yemunhu.Vanhu vose vakaponeswa nevakarasika,vakaziva pakurarama makakatanwa aripo pakati pechakanaka nechakaipa munyika ,mumwoyo nemupfungwa dzavo.Mubvunzo weupirikiri unoti”ko Pauro aida kuti muvaravara uyu unzwisiswe sei?”muchinyorwa ichi ,unofanira kunge uine sungano nezvikamu 1:18—6:23 ne8:1—39.Vamwe vanouona wakanangana nemunhu wese.Naizvozvo vanoona raramo yaPauro semuenzaniso.Uyu mupirikiri unozivikanwa “senzira yemafungiro yokushandisa nhorondo youpenyu ,senzira yokuburitsa chokwadi”.

Pauro akashandisa vara rokuti”ini”nenzira isingamunongedzi iye pazuma muna1vaKorinde.13:1—3.Uku kushandisa vara rokuti “ini” nenzira isina munongedzo pazuma kunowanikwawozve muzvinyorwa zve vadzidzisi vechiJudha.Kana izvi zviriri zvechokwadi pano,muvaravara uno unobva wareva gumbakamwe reshanduko kubva mukusava nemhaka kuburikidza noruvimbo kuruponeso(chikamu.8)”nzira yemaonero youmiririri”(kureva,tsoropodzo yebhaibheri yeJerome[*Jerome biblical commentary,p.312*]).

Zvakadaro vamwe vanoona ndima idzi dziine sungano nehondo yakaomarara yemutendi nehunhu hwekutadza(sezvinorehwa na,Augustine,Thomas Aquinas,Martin Luther,John Calvin,Karl Barth).Mhere inoridzwa pandima.24inoratidza makakatanwa arimuhana.Zvirevanguva zvezvazwi ezviito anoreva zvakaitwa nezvakanangazvoitwa ndizvo zvinonyanya kuwanikwa mundima.7—13,ukuwo zvirevanguva zvezvazwi ezviito anoreva zvirikuitika pamwe nezviriri kuitika uye zvinezindamberi ,ari iwo anonyanya kuwanikwa mundima.14—25.Izvi zvinoita sezvinotsigira”nzira yemaonero yekushandisa nhorondo youpenyu senzira yekuburitsa chokwadi”yokuti Pauro arikutsanangura raramo yake kubva pakusava nemhaka ,kusvika muruvimbo,mururamiso uye nenzira yeziendamberi reyereso izere makakatanwa(cf.*autos ego*,”inipachangu,”cf..ndima.25).

Zvinogoneka kuti maonero ose ari maviri ndeekhwadi.Mundima.7—13 nendima.25b Pauro arikutaura pamusoro penhoroondo youpenyu hwake,ukuwo mundima .14—25a,arikutaura nezve hondo nezvivi muhana make,semiriro yevanhu vose vakadzikinurwa.Zvisineyi muvaravara wose uyu unofanira kuonekwa muchimiro chiri maringe naPauro semuJudha wezvezvitendero aiva akazvipira ,apo akanga asati amutsiridzwa.Kurarama kwaPauro kwaiva kwake oga.

- B. Murayiro wakanaka.Unobva kunaMwari.Wakata,uye unoramba uchiita,chinangwa choutsvene (cf.7:7,12,14,22,25; Mateu.5:17—19). Hauunzi runyararo kana ruponeso(cf.vaGaratiya.3)vaJames Stewart ,mugwaro ravorinonzi(munhu munaKristu[*A Man in Christ,*])vanoratidza gangaidzo rokunyora nokufunga kwaPauro:

“Unotarisa murume akanga achironga kuzvimbira hurongwa hwemafungiro negwara redzidziso,kuti akohomedze pifirapo dzemazwi ayo akanga achishandisa.Unotarisirawo kuti mivaravara yake ive nedzvetetsvete nenhungamidzo dzemafungiro ake.Ungareva kwazvo kui izwi roga roga raanenge ashandisa rive nechirevo chimwechete muchinyorwa chose .Asi kutarisira izvi kubva kuna Pauro kunoodza mwoyo.Ruzhinji rwemivaravara yake yakasvupuka haina payakati tsvikiti .....’murayiro unoutsvene,’anonyora achiti’ndinofara nomurayiro waMwari pamunhu womukati’(cf.vaRoma.7:12-13)asi zviripachena kuti nderimwewo jekenyedza romurayiro“*nomos*”rinoita kuti ataure achiti’Kristu akatidzikinura kubva mukutukwa kwomurayiro(cf.vaGaratiya.3:13)’”(p.26).

- C. Humboo huri muchinyorwa uhwo hunobata nyaya yemubvunzo wekuti,”ko Pauro arikureva munhu akaponeswa kana asina kuponeswa here,mundima.14—25?”huri sezvinotevera

1. Munhu asina kuponeswa
  - a. Uku ndiko kupirikira kwaitwa nevatungamiri vekereke yechiGiriki yokutanga
  - b. Mitsara inotevera inotsigira maonero aya
    - 1) “Ndiri wenyama,”ndima.14
    - 2) “Ndakatengeswa pasi pezvivi”ndima.14
    - 3) “Mukati mangu hamugari chinhu chakanaka”ndima.18
    - 4) “Kunditapira kumurayiro wezvivi uri pamitezo yangu”ndima.23
    - 5) Ndiri munhu uri pakutambudzika !Ndianiko uchandisunungura pamuviri worufu urwu?”ndima.24
  - c. Ch irevo chechinyorwa chendima.6 ndechekuti takasunungurwa kubva kusimba rezvivi.Chirevo chechikamu 8 chinotanga nokuti”Naizvozvo.”
  - d. Kusavapo kwemunongedzo weMweya kana Kristu kusvikira pamagumo echinyorwa chino(ndima.25)
2. Munhu akaponeswa
  - a. Uku kwaiva kupirikira kwa Augustine,Calvin nevaya vemugashidzanwa wakavandudzwa
  - b. Mitsara inotevera inotsigira maonero aya
    - 1) “Tinoziva kuti murayiro ndoweMweya,”ndima.14
    - 2) “Ndinobvumira kuti murayiro wakanaka”ndima.16
    - 3) “Zvakanaka zvandinoda handizviiti.....,”ndima.19
    - 4) “Ndinofarira murayiro waMwari nomunhu womukati”ndima.22

- c. Chirevo chechinyorwa chakapangama chavaRoma chinoisa chikamu 7 munhimuro inobata nyaya yeyereso
- d. Kushandurwa kwemazwi echiito kubva kune zvakangazvoitwa nezvakaitwa mundima.7—13 kuenda muchimiro chezvirikuitwa mundima.14—24 kunoratidzwa chikamu chitsva choupenyu hwaPauro(kureva,rupinduko).

D. Kukura kwemutendi achiva saKristu ndiko kunoita kuti azive zvivi zvake.Gangaidzo irir rinobuda zvikuru muchirevo chechinyorwa pamwe nounhu hwaPauro pachake(zvakare ,vatendi vazhinji;kuti uone zvinyorwa zvinomusiyano verenga gwaro ravaGordon Fee rinonzi,Pauro,Mweya ,Nevanhu vaMwari[*Paul, The Spirit, and the people of God*]).

Pane mutsara wenziyo dzeMarutere wakanyorwa navaHenry Twells unoti:

“Hapana, ishe, akazorora zvakana,

Nokuti hapana akasununguka zvakakwana kuzvivi;

Uye avo vanozengurira ndivo vano kushumirai zvakakwana

Vanoruzivo rwezvisakarurama zviri muhana.”

Ndinofunga kuti Pauro aitambura zvikuru neupenyu hwake hwakare hwechiFarisi ohwo hwakamupa utangare hwemusumo wake we”murayiro” ne”zvivi/rufu.”Zvisineyi ,ndinobatwawo nekutambura kwandinoita nemuedzo nezvivi,apo ndava neruponeso.kwazvo kwazvo izvi zvakapa ruvara kuupirikiri hwangu.Ndinofunga kuti vaGordon Fee,mugwaro ravo;Pauro,Mweya,nevanhu vaMwari(Paul,The Spirit,and the people of God),vanomiririrawo imwe raramiro nemaonero echiKristu.Chimwe chinhu chandinoziva nderokuti makakatanwa negakava pakati pe:

1. Nguva yekare—Nguva itsva
2. Munhu wakare—Munhu mutsva
3. Murayiro—Mweya

Zvakagadziriswa munaKristu!Kukunda ndokwedu.usafa wakanyanya kunangana nechikamu 7 usingantari si zvikamu.6 na 8.Kukunda ndokwedu maari!

E. Chirevamwene chokuti “*Sun*”nemibatanidzwa yacho munavaRoma.8

1. Ndimu.16—*sun*+chapupu/pfakaza
2. Ndimu.17—*sun*+mudyi wenhaka
3. Ndimu.17—*sun*+tambura
4. Ndimu.17—*sun*+rumbidza
5. Ndimu.22—*sun*+gomeru
6. Ndimu.22—*sun*+marwadzo okupona
7. Ndimu.26—*sun*+bata
8. Ndimu.28—*sun*+shanda na/shandidzana
9. Ndimu.29—*sun*+akaenderana

Mibatanidzwa iyi inoreva “kuita pamwe” kana”kushandidzana.”

**NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):7:7-12**

**<sup>7</sup>Zvino tichatiiko?murayiro zvivi here?Haisva!Asi ini handizaiziva zvivi kana murayiro usaivapo;nokuti handizaiziva kuchiva,kana murayiro usina kuti”usachiva,”<sup>8</sup> zvino zvivi zvakawana nzira nomurayiro,zvikaita mandiri mitoo yose yokuchiva;nokuti kunze kwomurayiro zvivi zvakafa.<sup>9</sup> Ini ndaiva mupenyu kare kunze kwomurayiro,asi mutemo uchizosvika,zvivi zvakamuka ini ndikafa,<sup>10</sup> nomutemo iwo waifanira kuisa**

**kuupenyu,ndakauwana uchiisa kurufu;<sup>11</sup>nokuti zvivi zvakawana nzira nomutemo,zvikandinyengera,zvikandiuraya nawo.**

**<sup>12</sup>Naizvozvo murayiro mutsvene,nomutemo mutsvene,wakarurama wakanaka.**

**7:7”Zvino tichatiiko”**Pauro arikushandisazve nzira yemubvunzo-mhindu(cf.6:1,15:7:1,13).

- ▣ **“Murayiro zvivi here”**Rimwe remakangaidzo reratidzo nderekuti Mwari akashandisa utsvene nounaku kwomurayiro sechiringiriro chokuratidza zvivi,kuti aunze vatadzi kunzvimbo yerupinduko nokutenda(cf.ndima.12—13;vaGaratiya.3).Zvinoshamisawo kuti murayiro unoramba uchishanda mukuyereswa [kuitwa mutsvene]jasi kwete mururamiso(Tarira Nhairwa Inokosha :Maonero aPauro emurayiro waMosesi pa 13:9).
- ▣ **“Haisva”**Aya ndiwo marambirwo anoitwa manyepo naPauro(cf.ndima.13;3:4,6,31;6:21,15;9:14;11:1,11;vaGaratiya.2:17;3:21).
- ▣ **“Handizaiziva”**Manyorerero aPauro muna vaRoma ndeekushandisa mazwi epokano akasimba kuti aburitse nyaya yake(cf.3:4,6,31;6:2,15;7:13;9:14;11:1,11).
- ▣ **“Ini”**Isa nharidzo mubhaibheri mako yekutaridza kuti mazwi anesungano nezita okuti”ini” “zvangu”inini”anowanika rungani muchirevo chendima.7—25. Zvichakushamisa kuti anowanika runopfuura makumi mana [40 times].
- ▣ **“Handizaiziva chivi kana murayiro usaivapo”**Ichi ndicho chimwe chezviku murayiro zvinoburitsa pfungwa yokuti murayiro waMosesi unoshanda sechiringiriro chokuratidza zvivi zvepauzima(cf.3:20;4:65;5:20;vaGaratiya.3:14—29,kunyanya ndima.24).kudarika murayiro kamwechete kwakanga kutori kudarika chisungo uye, saizvozvo nokutarisana nezvibereko zvacho(cf.ndima.10 naJakobho.2:10)!
- ▣ **“Kunze kwomurayiro”**Uyu mutsara unodonongodza manyepo senzira yekuburitsa chokwadi”zvaipokana nezvaivapo”Pauro akasungwa nezvivi.Uyu ndiwo chete muenzaniso wechimiro chechivakamutauro uri munavaRoma.Pauro anoushandisa munavaGaratiya.1:10;3:21,uye zve muna1vaKorinde.2:8;5:10;11:31;na 2vaKorinde.12:11.
- ▣ **“USACHIVA”**Izvi zvakatorwa kubva pamutemo wekupedzisira wemitemo gumi(cf.Ekisdho.20:17;Dhuteronomi.5:21).Uyu mutemo wekupedzisira wakanangana nekuva nemafungafunga akanaka,ayo anova ndiwo donzvo remitemo yose(cf.Mateu 5—7).Murayiro unowanzo daidzwa kuti “Mutemo”(cf.ndima.8,9,11,12,13).  
Izwi rokuti”chiva”raireva”kuisa mwoyo pa”kana”kuda zvakasimba.”Mwari akapa vanhu(vakarasika nevakaponeswa)zvinhu zvakawanda kuburikidza nokusika,asi vanhu vanongowanikwa vachitora zvipo zvaMwari kupfurikidza pavakapihwa napo.”zvakanangana kwandiri zvisineyi nenzira yazvauya nayo”ndiwo unenge wava mutemo wemararamiro avo!Hubudibudi hunehugodzonga hwakaipisisa!Tarira Nhairwa Inokosha :zvinyorwa pamusoro paEkisdho 20:17 pa 13:8-9.

**7:8**

**NASB,NKJV  
NRSV**

**“Kuwana mukana”  
“Kutora mukana”**



**TEV**  
**NJB**

**“Zvakawana mukana”**

**“Zvakaita mukana we”**

Iri raiva izwi rechiuto raishandiswa kureva nzvimbo inogara nokurongerwa mabasa echiuto(cf.ndima 8 na 11).rinotsanangurwa riri muchimiro chepauzima muchinyorwa chino(cf.ndima.9,11)zvivi zvaitanangurwa sebhindauko rechiuto(cf.ndima.11)zvichitungamirwa nemutunganiri wemauto(cf.ndima.11 na 17;6:12,14,16).

▣ **“Kunze kwomurayiro zvivi zvakafa”** zvivi ndiko kupandukira zvido zvaMwari(cf.vaRoma.4:15;5:13;1vaKorinde.15:56).Mumuvaravara uyu hamuna izwi rechiuto;rinofanira kuti riiswe.kana mumuvaravara uyu mukaiswa chirevanguva chezvirikutoitika unobva wava muchimiro chegumbakose.kana mukaiswa chirevanguva chezvakaikwa ,unobva wareva hupenyu hwaPauro chete.

**7:9 “Ini ndaiva mupenyu”**Izvi zvinogona kureva Pauro se(1)mwana asina chaanoziva(kureva,kusati kwava ne*Bar Mitzvah*)kana(2)mufarisi akanga akazvipira apo chokwadi chevhangeri chakanga chisati chapinda mumwoyo make(cf.Mabasa.23:1;vaFiripi.3:6;2Timoti.1:3).tsanangudzo yokutanga inoreva”maonero okushandisa nhorooondo yeupenyu senzira yekuburitsa chokwadi”okupirikira chikamu 7 uye yechipiri inoreva”maonero oumiririri”okupirikira chikamu 7.

▣ **“Asi mutemo uchizosvika zvivi zvakamuka ini ndikafa”**Mweya weupanduki wevanhu unosimbaradzwa nezvipingo.Zvokuti “usa”zvomurayiro waMwari zvinosimudza kuzvitungamira kwokuzvida kwevatadzi(cf.Genesi.2:16-17;3:1-6).Tarira uone kuti zvivi zvinoramba zvichitsanangurwa semunhu,semuna vaRoma.5:21 na 7:8,11,17,20.

**7:10 ”Mutemo, iwo waifanira kuisa kuupenyu ndakauwana uchiisa kurufu”**Izvi zvingangova zviine chokuita nevimbiso yemunaRevhitiko.18:5;Dhuteronomi.4:1 kana zvimwevaRoma.2:13.Murayiro wakavimbisa zvawaisa gona kuzadzisa,kwete nokuti waiva wezvivi,asi nokuti vanhu Havana simba uye vanoupanduki.Murayiro wakava mutongo werufu(cf.vaGaratiya.3:13;vaEfeso.2:15;vaKorose.2:14).

**7:11 “Zvikandinyengera zvikandiuraya nawo”**Ose ari maviri mazwi echiito anoreva zvakaikwa.Izwi irir rokuti,”zvikaandinyengera”rinoshandiswawo zve kureva nyoka yakanyengera Evha mubhaibheri rakare rechiGiriki(the Septuagint[LXX])yemuna Genesi.3:13.Pauro anoshandisa izwi rechiito iri kakawanda (cf.vaRoma.16:18; 1vaKorinde.3:18; 2vaKorinde.11:3; 2vaTesaronika.2:3; 1Timoti.2:14). Dambudziko raAdhamu naEvha raivawo rokuchiva (cf.2vaKorinde.11:3; 1Timoti.2:14). Adhamu naEvha vakafa pamweya nokuda kwokusateerera mutemo waMwari(iyo yakaburitswa zvino mumurayiro,cf.1vaKorinde.15:56),ndzvowo zvakaikwa Pauro uye navanhu vose(1:18-3:20).

**7:12** Apa ndipo panerutsigiro rwekunaka kwemurayiro rwaPauro.Harisiri iro dambudziko.zvisineyi muitiro waPauro wekushandisa”zvivi”muchikamu 6 ne”murayiro”muchikamu 7,kwaifanira kunge kwakakatyamadza vatendi vechiJudha avo vairemekedza kutevera murayiro (vasina simba vemunavaRoma.14:1-15:13)mukereke yekuRoma.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):7:13**

<sup>13</sup>**Ko zvino zvakanaka zvakanaka rufu kwandiri here?Haisva!Asi ndizvo zvivi,kuti zviratidzwe kuti zvivi,zvakandiitira rufu nezvakanaka;kuti nomutemo zvivi zvive zvakaipa kwazvo-kwazvo.**

**7:13**

**NASB “Zvivi, kuti zviratidzwe kuti zvivi.....zvivi zvive zvakaipa kwazvo-kwazvo”**

**NKJV “Zvivi ,kuti zviratidzwe kuti zvivi.....zvivi kwazvo-kwazvo”**

**NRSV “Kuti zvivi zviratidzwe kuti zvivi.....kuva zvivi zvakapfurikidza”**

**TEV “Kuti hunhu hwazvo hwekuvazvivi huratidzwe”**

**NJB “Zvivi,kuti zviradze mavara azvo chaiwo.....zvivi zvakakwanisa kushandisa simba razvo rokuipa**

Kuipa kwezvivi kunonyatsooneka pakuti chakanaka zvakaperera,chouMwari semurairo waMosesi(cf.Mapisarema.19,119)ndokuumonyorora kuuita chombo chokutukwa norufu(cf.vaEfeso.2:15;vaKorose.2:14).Vatadzi vakatora zvipo zvakanaka zvavakapihwa naMwari nenzira yokudarikidza mwero!Tarira mipatso yezwi rokuti(chinangwa)”hina”iyo inoshandurudzwa ichireva kuti “kuti zvi”nokuti”kuti.”Zvirevamwene zvinojekesa chinangwa chomunyorori!

☐ **“Zvivi zvakaipa kwazvo-kwazvo”**Tarira Nhourwa Inokosha:Kushandiswa kwezwi rokuti”*huper*”nemibatandiswa yaro naPauro pa 1:30.zvivi zvinotsanangurwa semunhu senzira yokuratidza kuva noupauzima kwezvakaipa.Tarira Nhourwa Inokosha:Kuipa kwepauzima pa 16:20.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):7:14-20**

<sup>14</sup>**Nokuti tinoziva kuti murairo ndowemweya;asi ini ndiri wenyama,ndakatengeswa pasi pezvivi.**

<sup>15</sup>**Nokuti zvandinoina handizvizivi;nokuti zvandinoina hazvizi zvandinoda;asi zvandinovenga,ndizvo zvandinoina.**

<sup>16</sup>**Zvino kana ndichiita zvandisingadi,ndinobvumira kuti murairo wakanaka**  
<sup>17</sup>**Zvino handichini ndinozviita,asi zvivi zvinogara mandiri. <sup>18</sup>Nokuti ndinoziva kuti mukati mangu,imo munyama yangu,hamugari chinhu chakanaka; nokuti kuda kuripo kwandiri,asi kuita zvakanaka hakupo.<sup>19</sup>Nokuti zvakanaka ,zvandinoda ,handizviiti;asi zvakaipa,zvandisingadi,ndizvo zvandinoina.**

<sup>20</sup>**Zvino kana ndichiita zvandisingadi,handichini ndinozviita,asi zvivi zvinogara mandiri.**

**7:14”Murairo ndowemweya”**Murairo waMwari wakanaka.Hausiri iwo dambudziko(cf.ndima12 na 16b).

☐ **“Ndiri wenyama”**Izwi iri rinoshandiswa naPauro (1)kureva muviri wenyama(cf.1:3;2:28;4:1;9:3,5)ne (2)nenzira yokuramba ,kureva hunhu hwevatadzi munaAdhamu(cf.ndima.5).Hazvina kunyatsojeka kuti ndezvipi zviri kutaurwa pano.

▣ **“Ndakatengeswa pasi pezvivi”**Uyu mutsara unechirevanguva chinonongedza zvakaitirwa,zvichireva kuti”Ndatengeswa uye ndicharamba ndichitengeswa pasi pezvivi.”Pano zvivi zvinotsanangurwa semunhu,samuzvinanhapwa.Muiti anorehwa anonongedzwa nezwi rinoreva kuitirwa haanyatsozivikanwi.Rinogona kureva,satani,zvivi,Pauro,kana Mwari.

MuTestamende yekare izwi rinonyatsotsanangura kukwezvwa kunoitwa vanhu naMwari pachake nderaiti”Muripo”kana”dzikinura”(uye nemamwe mazwi anoreva zvinofanana nawo).Chirevo charo chaicho ndechekuti “kutengazve”(nemamwe mazwi anoreva zvinofanana naro.Tarira Nhaurwa Inokosha pa 3:24).Mamwewo maonero anopikisana neaya anobuda mumuvaravara wekuti”kutengeswa muruoko rwa...”(cf.vaTongi.4:2;10:7;1Samueri.12:9).

**7:15-24** Mwana waMwari ano”utsvene” (cf.2Petirosi.1:4), asi noutadziwo (cf.vaGaratiya.5:17). Pane ushungushungu hwokuti zvivi zvinogona kushaiswa basa (cf.vaRoma.6:6), asi zvinowanika zvichiitika muupenyu wevanhu zvinowanika muchikamu.7VaJudha vanoti mumwoyo memunhu wose munembwa nhema nembwa chena. Iyo yaanoposha zvakanyanya ndiyo inova hurusa. Pandinoverenga chipimvu chechinyorwa chino ndinonzwa marwadzo aPauro,apo anotsanangura gakava rezvimiro zviriri zvonhu hwedu.Vatendi vakasunungurwa kubva muutadzi,asi Mwari ngaatibatsire nokuti tinoramba tichikwevewa negwezvo routadzi.Zvinoshamisa hazvo asi ichokwadi kuti hondo huru yemweya inotanga mushure moruponeso.Shwiro ndirwo ruwadzano naMwari vatatu mumwe urwo ruzere nemakakatanwa mazuva oseuye negakava nouipi nguva dzose(cf.8:12-25,26;vaGaratiya.5:16-18;vaEfeso.6:10-18;vaKorose.3:5-10;verengazve gwara ravaJ.D.G.Dunn,rinonzi Jesu nemweya[*Jesus and the Spirit*]).

**7:16,20** **“kana”**Yose iyi mitsara ineshongedzo yekuva yechokwadi kubva pamanyorerero nemaonero emunyori.

**7:18”Nokuti ndinoziva kuti mukati mangu,imo munyama yangu hamugari chinhu chakanaka”**Pauro haasiri kureva kuti muviri wenyama wakaipa,asi kuti ndiwo nhandare yokurwisana kwoutadzi nemweya waMwari.MaGiriki aiti muviri wenyama nezvose zvepanyika, zvakaipa.Izvi ndizvo zvakazo kwenenzverwa zvikava dzidziso yezvitendero yenhema yeavo vaisanga nisa vhangeri nemafungiro avo(cf.vaEfeso,vaKorose na1Johani).MaGiriki ainyanyopomera matambudziko emweya ku”muviri wenyama.”Pauro haaone matambudziko emweya nenzira iyi.Akatsanangura zvivi semunhu ndokushandisa tsika yokupandukira murayiro waMwari inoitwa navanhu, sokuti ndiyo inopa muakna wekuti kuipa kupinde muvanhu.Izwi rokuti “nyama ,“muuzvinyorwa zvaPauro rinogona kureva(1)muviri wenyama uyo usina chaipo paumire panyaya dzounhu(cf.1:3;2:28;4:1;9:3,5) (2)nounhu hwoutadzi hwakabva kunaAhamu(cf.ndima.5).Tarira Nhaurwa Inokosha:Nyama(*sarx*) pa 1:3.

**7:20 “Zvivi zvinogara mandiri”**Zvinonakidza ndezvekuti bhuku ravaRoma rinoratidza zvivi zvavanhu nenzira yakajeka ,asi hari taure nezva Satani kusvika pachikamu.16:20.Vanhu havagoni kuti vasvore Satani nokuda kwokutadza kwavo.Tine sarudzo.Zvivi zvinotsanangurwa saMambo,mutungamiri anoutsinye,muzvinanhapwa.Zvinoti kwezva zvichitisunungura kubva kunaMwari,kuti tizvimirire chero nenzira ipi zvayo.Iyi nzira yaPauro yokutsanangura zvivi somunhu uye zviinesungano nesarudzo yevanhu zvinoratidza zviri munaGenesi.4:7.

Pauro anoshandisa izwi rokuti”zvinogara”kakawanda muchikamu chino(cf.ndima.17,18,20).Hutadzi hauparadzwe kana kubviswa panguva yokuwana ruponeso,asi

huno shaiswa basa.Kuramba huchishaiswa samba kunoenderana nokushanda pamwe nemweya unogara matiri(cf.8:9,11).Mwari akapa vatendi zvose zvinodiwa pakurwisa kuipa kwakatsanangurwa somunhu pamwe nepauzima(Satani nemweya yakaipa).Ndiko kuvapo pamwe nesimba remweya mutsvene.Patino gamuchira chipo chaMwari chokungopihwawo cheruponeso,saizvozvo,tinofanira kugamuchira chipo chaMwari chorudziviri rwemweya mutsvene.Ruponeso noupenyu hwechiKristuzviitiko zvemisi yose izvo zvinotanga nokupera norutemo rwemutendi zuva nezuva.Mwari akapa zvose zvatinoda:mweya(vaRoma.8),rudziviri rwemweya(vaEfeso.6:11),kuzviratidza(vaEfeso.6:17),nomunyengetero(vaEfeso.6:18).

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):7:21-25**

<sup>21</sup>Naizvozvo ndinowana murayiro uyu kuti kana ndichidakuita zvakanaka,zvakaipa zviripo kwandiri.<sup>22</sup> Nokuti ndinofarira murayirowaMwari nomunhu womukati ;<sup>23</sup>asi ndinoona mumwe murayiro pamitezo yangu,unorwa nomurayiro womurangariro wangu,unonditapira kumurayiro wezvivi uri pamitezo yangu.<sup>24</sup>Ndiri munhu uri pakutambudzika ndianiko ahandisunungura pamuviri worufu urwu?

<sup>25</sup>Mwari ngaavongwe naJesu Kristu,Ishe wedu.Naizvozvo nomurangariro ndinobatira Mwari,asi nenyama murayiro wezvivi.

**7:22”Murayiro waMwari”**KumaJudha izvi zvaireva murayiro waMosesi.Kune avo vakanga vasiri maJudha zvaireva

1. Chapupu chemasikirwo(cf.vaRoma.1:19-20;Mapisarema.19:1-6)
2. Ruzivo rwemuhana(cf.vaRoma.2:14-15)
3. Dzidziso younhu mumigarisanwa

<b>NASB</b>	<b>“Nomunhu womukati”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Nomunhu womukati”</b>
<b>NRSV, NJB</b>	<b>“Mikatikati mangu”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Mukati mangu”</b>

Pauro anosiyana munhu wokunze(wenyama)nomunhu womukati(wemweya)muna 2vaKorinde.4:16.Mumanyorero aya mutsara uyu unoreva icho chikamu chaPauro kana chakaponeswa icho chinopupra kuda nomurayiro waMwari.

1. “Murayiro ndewemweya,”7:14
2. “Zvandinoda kuita,”7:15
3. “Ndinobvuma murayiro,ndichipupura kuti wakanaka,”7:16
4. “Kuda kuripo kwandiri,”7:18
5. “Zvakanaka zvandinoda,”7:19
6. “Zvakaipa zvandisingadi,ndizvo zvandinoina,”7:19
7. “Ndirikuita zvandisingadi,”7:20
8. “Uyo anoda kuita zvakanaka,”7:21
9. “Ndinofarira murayiro waMwari,”
10. “Murayiro womurangariro wangu,”7:23
11. “Ini nomurangariro wangu ndinobatira murayiro waMwari,”7:25

Chikamu.7 chinoratidza kuti kuziva Mwari neshoko rake handizvo zvoga .Vatendi vanoda Mweya(chikamu .8)!

**7:23** Pane musiyano chaiwo-iwo pakati pa.6:2;8:2 na7:23.Iyi ndima inoburitsa pachena mashandisirwo omurayiro(*nomos*) naPauro achireva (1) murayiro wezvivi9cf.ndima.21,25)

(2) nomurayiro waMwari(cf.ndima.22,25).Kumashure mundima.4,5,6,7,9 na12 Pauro akashandisa izwi iri kureva Testamende yekare.Pauro akanga asiri mudzidzi wezvouMwari anedzidzo inehurongwa hwakajeka.Akatambura nechirevo cheizwi rokuti”murayiro.”Mune mamwe maonero raireva kuzviratidza kwaMwari,kunova chipo chakanaka kuvanhu,asi neimwewo nzira raireva izvo zvaireva zvivi uye raibva ratara miganho yakajeka ,iyo yaisakwanisa kuchengetwa nevatadzi.Miganho iyi yakanga isiri zviratidzo zvomuTestamende yakare chete (cf.Mapisarema.19:7-14;119) asi haiva hurongwa hweunhu:kuzviratidza kuburikidza nezvisikwa (cf.Mapisarema.19:1-6;vaRoma.1:18-3:31) kana zvetsika nemagariro emumugarisanwa.Vanhu vapanduki vanoda kuzviitira zvavanoda noupenyu hwavo!

**7:24** Ko uyu ungava mutsara unotaurwa nomunhu akaponeswa here? Vamwe vanoti kwete ,naizvozvwo chikamu chino chinobata zvounhu,vanamati asi vasina kudzikinurwa.Vamwe vanoti hongu,kuti chinobata nyaya yokupokana kwevhangeri,”zvakatoitwa kare pamwe nezvisati zvaitwa”muupenyu hwevatendi.Zadziso yemagumo haisati yaratidzwa.Mutendi akura mukutenda anoona gwamba iri zvakapangama

<b>NASB</b>	<b>“Muviri worufu urwu”</b>
<b>NKJV,NRSV</b>	<b>“Uyu muviri worufu”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Muviri urikundiisa kurufu”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Uyu muviri wakanangana norufu”</b>

Zviri zvoga muviri wenyama nepfungwa ,hazvina kuipa.Zvakasikwa naMwari kuitira hupenyu panyika uye kuwadzana naye.zvakasikwa “zvakanakisa”(cf.Genesi.1;31).Asi Genesi.3 yakashandura vanhu nenyika.Iyi haisiri-iyoy nyika yaitarisirwa naMwari uye isu hatisiri vanhu yaitarisirwa naMwari.Zvivi zvabata husikwa hwose nenzira yakaipa.Zvivi zvakatora zvinhu zvakanaka ndokuzvimonyorora kuzviisa muupi hwechindinindini.Pfungwa nemuviri wenyama ndizvo nhandare yehondo yemuedzo nezvivi.Pauro anoona hondo iyi zvakapangama!Anoshuvira nguva itsva,muviri mutsva,ruwadzano naMwari (cf.8:23).

**7:25** Iyi ipfupiso neshanduko yokuenda panhanho yepamusoro yeRoma.8.Zvisineyi,cheromuchikamu.8 kupokana kumwecheteko uku kunoonekwa mundima.5—11.

Mubvunzo wevapirikiri ndowekuti ko Pauro arikutaura nezvaani?

1. Iye pachake uye nokumbova kwake nhengo yechitendero chechiJudha
2. MaKristu ose
3. Adhamu somuenzaniso wevanhu
4. Isiraeri noruzivo rwayo rwemurayiro,asi ichizo konewa kuuteerera

Ini pachangu,ndinobatanidza tsanangudzo yokutanga (ndima.7—13,25b)netsanangudzo yepiri

(ndima.14—25a)Tarira ruono rwezviri munavaRoma.7:7—25.Marwadzo nedambudziko zvirimuchikamu.7 zvinofananidzwa nokudarikwa norubwinyo rwechikamu.8!

- “Mwari ngaavongwe” Tarira Nhaurwa Inokosha Inotevera

## **NHAURWA INOKOSHA :KURUMBIDZA, MUNYENGETERO NEKUVONGA KWA PAURO KUNA MWARI**

Pauro aiva murume aifarira kurumbidza. Aiziva Testamende yekare. Imwe neimwe yemhatsanuro ina (kureva, mabhuku) aMapisarema anopera nemazwi erumbidzo (cf. Mapisarema. 41:13; 72:19; 89:52; 106:48) anorumbidza nokutunhidza Mwari nenzira dzakasiyana-siyana.

1. Ganhuro yokuzarura mutsamba dzake
  - a. Kombodzo yezaruro kana kwaziso (cf. vaRoma. 1:17; 1vaKorinde. 1:3; 2vaKorinde. 1:2)
  - b. Zaruro yemakomborero (“*eulogētos*”, cf. 2vaKorinde. 1:3—4; vaEfeso. 1:3—14)
2. Mbufuko pfupi dzerumbidzo
  - a. VaRoma. 1:25; 9:5
  - b. 2vaKorinde. 11:31
3. Mazwi erumbidzo (anoonekwa nokushandiswa kwe[1] *doxa* {kureva, kubwinya} na[2]” narinhi narinhi”)
  - a. vaRoma. 11:36; 16:25-27
  - b. vaEfeso. 3:20-21
  - c. vaFiripi. 4:20
  - d. 1Timoti. 1:17
  - e. 2Timoti. 4:18
4. Kuvonga (kureva..., *eucharisteō*)
  - a. Zaruro yetsamba (cf. vaRoma. 1:8; 1vaKorinde. 1:4; 2vaKorinde. 1:11; vaEfeso. 1:16; vaFiripi. 1:3; vaKorose. 1:3, 12; 1vaTesaronika. 1:2; 2vaTesaronika. 1:3; Firimoni. ndima. 4; 1Timoti. 1:12; 2Timoti. 1:3)
  - b. Rudano rwokuvonga (cf. vaEfeso. 5:4, 20; vaFiripi. 4:6; vaKorose. 3:15, 17; 4:2; 1vaTesaronika. 5:18)
5. Mbufuko pfupi dzokuvonga
  - a. vaRoma. 6:17; 7:25
  - b. 1vaKorinde. 15:57
  - c. 2vaKorinde. 2:14; 8:16; 9:15
  - d. 1vaTesaronika. 2:13
  - e. 2vaTesaronika. 2:13
6. Kombodzo yezaruro
  - a. vaRoma. 16:20, 24(?)
  - b. 1vaKorinde. 16:23-24
  - c. 2vaKorinde. 13:14
  - d. vaGaratiya. 6:18
  - e. vaEfeso. 6:24

Pauro aiziva Mwari vatatu mumwe pazvidzidzo zvouMwari nepaupenyu. Pakati nepakati pokutura, anombotanga kurumbidza nokuvonga. Pakupeta tsamba dzake, anowanzorangarira kunyengetera, kurumbidza nokuvonga. Aiziva Mwari, aiziviziva pachake, uye aiziva vhangeri.

## MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko chikamu.6 chinofanana nechikamu.7 nenzira ipi?
2. Ko sungano iri pakati pemurayiro weTestamende yekare kuvatendi veTestamende itsva ndeyeyi?(cf.2vaKorinde.3:1-11;vaHebheru.8:7,13)
3. Ndezvipi zvinobatsira kutsanangudza zvinoshandiswa naPauro muchikamu.7,kutsanagura hukama hwedu noupenyu hwedu hwekare?
4. Ko muKristu anehukama hupi nomurayiro waMosesi?
5. Tsanangura nemazwi ako, musiyano uri pakati penzira yokushandisa nhorondo youpenyu senzira yokuburitsa chokwadi nenzira youmiririri,yokupirikira vaRoma.7:7—25.
6. VaRoma.7 itsanangudzo yomunhu akarasika,mutendi asati akura pakutenda here kanavatendi vose?

# VAROMA 8

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
	Takasunungurwa kubva kuzvivi			
Hupenyu muMweya 8:1-11	zvinogara muhana 8:1-11	Chiito chaMwari choRuponeso 8:1-4 Hupenyu panyama nepaMweya	Hupenyu muMweya 8:1-8	Hupenyu hweMweya 8:1-11
-----	-----			
-----	-----	8:5-8 8:9-11	8:9-11	
-----	-----			
-----	-----	Mweya nokuitwa vana		
8:12-17	8:12-17	8:12-17	8:12-17	8:12-13
				Vana va Mwari 8:14-17
	Kubva kumatambudziko			
Kubwinya kuchazovapo	kuenda kukubwinya	Tariro yezadziso	Rubwinyo rwamangwana	Kubwinya semagumo edu

## MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)

### ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.



Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori, Ndiyozve hwaro hwekupirikira.Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

### **RUONO RWEZVIRI MUGWARO**

- A. Chikamu chino ndicho manhengatenga edoritori raPauro iro rakatanga munavaRoma.1:18.chinotanga ne”kusava nomutongo”(chimiro chemutemo)chichipera ne”kusapo kwemharadzaniso”(kuwadzana pazvima).Pazzvidzidzo zvouMwari,chinobva mururamiso neyereso kusvika murumbidzo(vf.ndima.29-30).
- B. Iyi ndiyo vandudzo yezvidzidzo zvouMwari yaPauro ,yokupa kwaMwari mweya wake kuvatendi(cf.nhuro yaJohani munaJohani.14:12-31;16:7-16).Mweya ndiwo muiti anonongedzwa nezwi rechiito rinoreva kuitirwa mundima.14 iro rinechekuita nokumuka kwevhangeri muupenyu hwevatadzi.Mweya uchagara navo uye mavari zvakare uchatanga kuumba Kristu mavari.Chikamu .8, chinoshandisa izwi rokuti mweya,”*pneuma*,”runopfuura makumi maviri nerumwe[21times]iro risingawanikwe zvachose muchikamu.7(pamwewo nemuzvikamu.3-6 uye rinowanikwa rutatu muzvikamu.1-2;zvakaoma kuva nechokwadi chokunge apo izwi rokuti “*pneuma*”rinenge richireva mweya womunhu kana Mweya Mutsvene).
- C. Muupenyu munemaonero maviri(maonero epauzima),mararamiro maviri,zvikombe zviviri,nzira mbiri(nzira yakapamhama nenzira yakamanikana)idzo dzinoteverwa nevanhu,pano, nyama kana Mweya. Imwe inoisa kurufu,imwe kuupenyu.Izvi zvagara zvichidanwa kuti”nzira mbiri”dzeuchenjeri hwe zvinyorwa zveTestamende yekare9cf.Mapisarema.1 naZvirevo.4:10-19).Hupenyu husingaperi,hupenyu hweMweya,hune maitiro anooneka(kureva.zvenyama maringe nezveMweya).

Tarira uone kusavapo kwaSatani mumaonero ezvidzidzo zvouMwari ose aya(cf.vaRoma.1-8).Haataurwe nezvake munavaRoma kusvika pa 16:20.Zviri kutarisiswa pano,hutadzi hwevanhu uhwo hunobva kunaAdhamu.Iyi yaiva nzira yake yokubvisa kuzvisunungura kunoitwa nevatadzi, nenzira yokutsvaka wekupomera (sokuti ,Dhiyabhorori ndiye andiitisa izvi!)yemuedzo wepamweya wekupandukira kwavo Mwari.Vanhu ndivo vaiti!

D. Chikamu chino chakaoma kudonongodza nokuti pfungwa yacho yakavakwa nokurukwa pamwechete kweshinda dzechokwadi,muunyerekete hunedzokorodzo,asi zvisina umbanidzo yemaonero.

E. Ndimu.12-17,dzinochechudza mutendi rutsigo rwe simbiso yokutenda

1. Yokutanga,ndiwo maonero nemararamiro akashanduka anouiswa neMweya.
2. Yepiri ,ndeyekuti kutya Mwari kwedu kwakatsinhaniswa nomurangariro werudo rwemhuri kuburikidza neMweya.
3. Yetatu,ndiko kubvumira mumwoyo kwehumwanakomana kwedu,kuburikidza neMweya
4. Yechina, ndeye kuti kubvuma uku ndekwechokwadi;mumhandapanda nehondo dzenyika izere nokutadza.

F. Ndimu.31-39,dzinopa mufananidzo wedare redzimhosva,rinova bhindauko remanyorero emaporofita eTestamende yekare.Mwari ndiye mutongi;Satani ndiye muchuchisi,Jesu ndiye gweta remusungwa(“*paraclete*”mweya mursvene);Ngirozi ndidzo vayeve;vanhu vanotenda vanopomerwa mhosva naSatani(kureva.,Jobho.1-2;Zekariya.3).

1. Mazwi emutemo
  - a. Anotirwisa(ndima.31)
  - b. Anotikwirira(ndima.33)
  - c. Anoruramisa(ndima.33)
  - d. Kupa mhosva(ndima.34)
  - e. Anotinyengeterera(ndima.34)
2. Huchuchisi “ani”(ndima.31,33,34[rutatu],35)
3. Kupa kwaMwari munaKristu(ndima.32,34b)
4. Hapana mharadzano naMwari
  - a. Zviitiko zvepanyika(ndima.35)
  - b. Zvakatorwa muTestamende yekare kubva panaMapisarema.44:22(ndima.36)
  - c. Rukundo(ndima.37,39)
  - d. Kuita kana zviitiko zveMweya(ndima.37,39)

#### **DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA**

##### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):8:1-8**

<sup>1</sup>Naizvozvo hakuchina kupihwa mhosva kuna vari munaKristu Jesu.<sup>2</sup>Nokuti murayiro woMweya woupenyu munaKristu Jesu wakandisunungura pamurayiro wezvivi noworufu.

<sup>3</sup>Nokuti, zvakanga zvisingakwaniswi nomurayiro,pakushayiwa kwawo simba nokuda kwenyama ,Mwari pakutuma kwake Mwanakomana wake nomufananidzo wenyama yezvivi,nokuda kwezvivi;<sup>4</sup>Kuti zvakarehwa nomurayiro zviitike matiri,isu tisingafambi nenyama,asi noMweya.<sup>5</sup>Nokuti vari venyama vanofunga zvenyama;asi vari voMweya,vanofunga zvoMweya.<sup>6</sup>Nokuti kufunga kwenyama ndirwo rufu;asi kufunga kwoMweya ndihwo hupenyu norugare;<sup>7</sup>nokuti kufunga kwenyama kunovengana naMwari;nokuti hakuzviisi pasi pomurayiro waMwari;hakugoniwo;<sup>8</sup>zvino vari munyama havagoni kufadza Mwari.

8:1

NASB

NKJV,NRSV

TEV

NJB

“Naizvozvo hakuchina”

“Naizvozvo kwava”

“Kwava”

“Naizvozvo chikonzero”

Izvi zvinesungano nemanyorero amboitwa kumashure.Vamwe vano zviona zviinesungano nekuna 7:24-25 asi zvinoratidza kuti zvakanakisa kuti zvitariswe zvichidzorera kumashure kuna 3:21-7:25

▣ **“Hakuchina”**”hakuchina”izwi rekutanga mumutsara wechiGiriki.Rine kumikidzo,”hakuchina kupihwa mhosva”kuna vari munaKristu(cf.ndima.1-3).neavo vanofamba maererano neMweya(cf.ndima.4-11).Pano ndipo pano ratidzwa mativi maviri ose echisungo chitsva.

1. Chipochokungopihwa muna Kristu
2. Panodiwa mararamiro nerudaviro rwechisungo

Kururamiswa (cf.5:1-11) kuripo jikerere (sechiratidzo) uye nepauzima (chidokwadokwa) ndirwo rugaro pamwe nemaramiro.

▣ **“Kupihwa mhosva”** Iri izwi rokuti *“katakrima”* harinyanye kushandiswa mubhaibheri rechiGiriki rekare,asi rinoratidza kutukwa kwekushaya ruteerero muna Dhuteronomi.27:26(cf.Dhuteronomi.27:26 yakadzokororwa muna vaGaratiya.3:10 apo rinofanana ne”chituko”).Izvi zvinoreva “chirango chinobva pakutongwa.”Chirevo chemutemo, chekupomerwa chinosiya nokururamiswa.Izwi rising nyanye kuwanikwa muzvinyorwa zvaPauro(cf.5:16,18)uye harina pamwe parinoshandiswa muTestamende itsva.

Pfungwa yemaonero okupihwa mhosva inotangwa naSatani achipomera vanhu vaMwari mhosva yokudarika chisungo uye nevanhu vasiri maJudha vakaita saJobho(cf.Jobho.1-2).Asi iko zvino vatendi vakafa pamwe naKristu kumurayiro(cf.vaRoma.6)uye,nazvozvo hakuchina anokwanisa kuvapomera,Satani kana murayiro.

Bhaibheri re*King James Version* rakawedzera mazwi pandima.1 “avo vanofamba kwete munyama asi muMweya.”uyu mutsara hauwanikwe muzvinyorwa zvebhaibheri zvakare,mundima.1.Gwaro reUBS rinopa kusavapo kwemutsara uyu chipimo “A”(chokwadi).Unowanikwa mundima.4.Pazvidzidzo zvouMwari hauenderane nendima.1,asi unoenderana nendima.4.Ndima.1-3 dzinobata nyaya yechimiro chokuitwa mutsvene(chiratidzo),Ukuwo ndima .4-11 dzinobatawo nyaya yokuitwa mutsvene [kuyereswa]pamararamiro(Tarira Nhaurwa Inokosha pa 6:4)kana kuva saKristu(chidokwadokwa,tarira chinyorwa pa 8:29).ona chinyorwa chirimujinga mepeji papeji.289 yegwaro rava William R.Newell rinonzi , vaRoma ndima yogayoga[*Romans Verse by Verse*].(moody,1938).Bhaibheri rakanyorwa patsva rinosiya mutsara wokuti”avo vanofamba ,kwete munyama asi muMweya.”Kubva pakashandurudzwa Bhaibheri re*King James version*,makore anopfuura mazana matatu apfuura ,zvinyorwa zvizhinji zvechiGiriki zvatiinazvo ,zvakanakisa,varume vanovimbika ,vanotya Mwari vakabata basa rakaoma regadzurudzo yezvakanga zvakanaganisika muzvinyorwa.Sezvatinoziva tose kuti zvinyorwa zveshoko zvatiinazvo handizvo

zvemabviro:zvafadza Mwari kuti zvinyorwa izvi zvisasvika kuvanhu avo vane havi yokunamata zviimbwa.

Tinofanira kupedzisa ndima 1 nemazwi okuti”muna Jesu Kristu,”nokuda kwemisaka mina inotevera(1)Umboo hunowanika muzvinyorwa zvechiGiriki,hunotsigira zvizere kusavapo kwemazwi okuti”avo vanofamba ,kwete munyama asi muMweya” pandima.1,--sezvo humboo huchitsigira zvachose kuti mazwi aya ave pandima.4,(2)ruono rweMweya runobvumiranawo nazvo,nokuti kuvapo kwemazwi aya mundima.1,kunoita kuti mafambiro edu ave iwo akabata ndaramo yedu,kwete Mweya waMwari.Asi zvose zvinendaramo kubva mukupihwa mhosva munaKristu Jesu,sezvino dzidziswa kwazvo mutsamba dzose.Zvisiri izvo ndaramo yedu inova mumafambiro edu,kwete muchimiro chedu munaKristu.(3)mazwi aya anoratidza kuva paanofanira kuva ari,pamagumo endima.4,--apo chimiro chemafambiro emutendi,kwete ndaramo yake kubva mukupihwa mhosva,inotsanangurwa.(4)Kuti kuvapo kwemazwi aya pamaguma endima 1,mubhaibheri re*King James Version*,hunongova huvaivai(chinoratidza kuti chakangoiswa nemumwe wevai tora mazwi kubva muzvinyorwa zvakare), kwete kusawanika kwawo muzvinyorwa zvehunyorwa hwakare chete,Aleph,A,B,C,D,F,G,A,D(Corr.); nehumwewo hunyorwa hwekubatanidza mavara pamwe nezvinyorwa zvakare(Tarira zvinyorwa zvavanaOlshausen,Meyer,Alford,J.F naB.,nenhaurirano yaDarby(*synopsis, in loc*);asi anowanikwawo pakufanana kwemuvaivai uyu kkuzviwedzerwa zvokutya kudarika mutemo,izvo zvinowanikwa munemimwe mivaravara.

Kuti Mwari akasarudza kuti shoko rake rishandurudzwe asi richiramba riine simba kunoonekwa pakushandiswa kunoitwa shandurudzo yechiGiriki yeTestamende yekare yechiHebheru ,(Septuagint)muTestamende itsva.

Tinofanira kutenda Mwari nokuda kwevarume vakapa hupenyu hwavo hwose ,mukuongorora zvakadzama zvinyorwa izvo zvataka siyirwa naMwari,uye avo vakatipa shandurudzo dzakanakisa seidzo dzatiinadzo nhasi.Tinofanira kupa ruremekedzo kuvadzidzi ava zvakazara uye nokusngaperi ,kubva “kutsuururu dzemazuva ano”(kana nematauriro emazuva kakare ,”vatsoropodzi vemhando yepamusoro”),avo vanoziipa basa rokuti udza kuti Mwari aida kurevei mubhaibheri,panze pekutsvaga, nokuzvininipisa;kuti Mwari akataurei”(p.289).

- ▣ **“Kuna vari munaKristu”**uyu mutsara unonongedza nharaunda(kureva ,*locative of sphere*)waPauro unofanana nematauriro emaziva ano okuti”hukama hwepauzima.”Pauro aida,aishumira,nokufara munaJesu.Vhangeri ,ishoko rinofanira kutendwa ,uye rinomirazve semunhu anofanira kugamuchirwa.Simba rake rokurarama raibva pahukama hwake naKristu uyo akamuka kuvakafa,uyo waakasangana naye munzira yokuenda kuDhamasiko(cf.Mabasa.9).Shwiro yake naJesu kwake kwakatangira dzidzo yake yezvouMwari yaJesu. Shwiro yake yaisabva muudzambatidzwa hwezvemidzimu ,asi mubasa reushumiri rakadzama(cf.Mateu.28:18-20;Ruka.24:47;Mabasa.1:18).Kumuziva ndiko kumushumira.UKristu hwakayaruka ndihwo shoko,munhu,mararamiro!(Tarira chinyorwa pa1:5)

## 8:2 “Murayiro woMweya woupenyu...Murayiro wezvivi nerufu”Izvi zvinogona kureva

1. Musiyano pakati pemurayiro wezvivi(cf.vaRoma.7:10,23,25)nomurayiro mutsva waMwari(cf.vaRoma.7:6,22,25)

2. “Murayiro weudo”(cf.Jakobho.1:25;2:8,12)maringe “nomurayiro waMosesi”(cf.7:6-12)
3. Nguva yakare maringe nenguva itsva
4. Chisungo chakare maringe nechisungo chitsva(cf.Jeremiya.31:31-34;mabhuku eTestamende itsva evaHebheru)

Iyi nzira yokusiyana inotsigirwa ne

1. Murayiro weMweya woupenyu munaKristu maringe nomurayiro wezvivi nerufu,ndima.2
2. Nenyama maringe neMweya,ndima.4 na 5
3. Zvinhu zvenyama maringe nezvinhu zveMweya,ndima.5
4. Murangariro pazvinhu zvenyama maringe nomurangariro pazvinhu zveMweya,ndima.5
5. Murangariro pazvinhu zvenyama maringe nomurangariro pazvinhu mzveMweya,ndima.6
6. Munyama maringe nemuMweya,ndima.9
7. Muviri wakafa maringe neMweya mupenyu,ndima.10
8. Unofanira kufa maringe nokuti uchararama,ndima.13
9. Kwete mweya wouranda maringe neMweya woukama hutsva,ndima.15

Bhaibheri re”NASB (p1649).rinedonogodzo yakajeka yemashandisirwo akaitwa izwi rokuti”murayiro naPauro munavaRoma.

1. Simba reruombedzero,8:2
2. Murayiro waMwari,2:17-20;9:31;10:3-5
3. Magwaro mashanu okutanga ebhaibheri,3:21b
4. Testamende yakare yose,3:19
5. Musimbote,3:27

▣ **NASB,NRSV,  
NJB  
NKJV,TEV**

**“Wakandisunungura”  
“Akanga andisunungura”**

Ndima 2-3 ndidzo shoko rezvidzidzo zvouMwari rechikamu.6.Mune mazwi anesungano nezita akasiyana-siyana akawanda anowanika muzvinyorwa zvechiGiriki zvekare

1. “Ini”rinowanikwa muzvinyorwa ,A,D,K naP
2. “Iwe”rinowanikwa muN<sup>HC</sup>,B,F na G
3. “Isu”rinowanikwa pamberi muchinyorwa chekare,Y<sup>HC</sup>

Vaongorori vemagwaro veUBS vanopa izwi rokuti”iwe”chipimo chimwe chechipiri”B”(pedo nechokwadi).VeUBS<sup>3</sup>vanoripa chipimo chechina”D”(kuoma kwakakura).

Kusiyana kwezvinyorwa uko kunechekuita nemazwi anesungano nezita ,anoti”isu,” “iwe,” kana”ini/isu”anodzokororwa muzvinyorwa zvaPauro.

**8:3 “Zvakanga zvisingakwaniswi nomurayiro”**Murayiro waMosesi wakanaka uye unoutsvene,asi vanhu Havana samba uye vane zvivi(cf.7:12,16).Izwi rechiito riri pano rokuti”*adumaton*,”ndiro kwazvokwazvo rinomira sechipauro chinoreva kuti”kusakwanisika”(cf.Mateu.19:26;vaHebheru.6:4,18;10:4;11:6),asi rinogonawo kureva

kuti”kusava nesimba”(cf.Mabasa.14:8;vaRoma.15:1)Murayiro wakanga usinga kwanisi kupa rusununguko(cf.vaGaratiya.3:21).Nemamwewo maonero ,unongopa mhosva chete,rufu,nokutukwa(cf.vaGaratiya.3!

- ▣ **“Pakushayiwa kwawo samba nokuda kwenyama”** Iri ndiro doritori raPauro chairo-iro muchikamu .7Murayiro waMwari wakanaka uyeunoutsvene asi vatadzi vanezvivi,avo vanoupanduki havakwanisi kuita zvaunoda.Pauro ,pakusiyana kwake nevadzidzisi vechiJudha anokumikidza neimwewo nzira zvibereko zvinorehwa pana Genesi.3 .Vadzidzisi vechiJudha vazhinji vanonanganisa kutanga kwouipi munyika nezviri panaGenesi.6.
- ▣ **“Mwari pakutuma kwake:Mwanakomana wake”** Zvaisakwanisa kuitwa nevatadzi pasi pechisungo chekare ,Mwari akazozviita pasi pechisungo chitsva (cf.Jeremiya.31:31-34;Ezekieri.36:22-36) kuburikidza naJesu (cf.Isaya.53;Johani.3:16).Panze pokutsvaga zviri panyama Mwari akapa Mweya wemuhana nemwoyo mutsva nepfungwa itsva.Ichi chisungwa chitsva chiehwaro hwerupinduko nokutenda mubasa rakapedzwa naKristu,kwete pamabasa evanhu(cf.vaEfeso.2:8-9).Zvisineyi,zvisungo zvose zviri zviviri zvinotarisa maramiro matsva ouMwari(cf.vaEfeso.1:4;2:10).
- ▣ **“Sepfupiro yezvivi”**mazwi akanyorwa akarerekera mberi anowanikwa mubhaibheri reNJB uye ari mujinga mechinyorwa mubhaibheri reNRSV.Maonero mamwechetewo anodonongodzwa muna2vaKorinde.5:21 na1Petirosi.2:24.Jesu akauya kuzofa(cf.Isaya.53:4-6,10-12;Mako.10:45). Hupenyu hwaJesu husina mhaka, ndihwo hwakava pfupiro yezvivi (cf.Johani.1:29) kuvanhu vose (cf.vaHebheru.10:6,8;13:11).
- ▣ **“Akatuka zvivi nomufananidzo wenyama”**Kufa kwaJesu panyama kwakabata nokugadzirisa dambudziko routadzi hwevanhu,kwete zvivi vzevanhu oga pachake (sezvaiita murayiro waMosesi).Hwaivahupenyu hwake,rufu,kumuka,nokukwira kwake kudenga, kwakapedzeredza chinangwa chaMwari chorudzikinuro nokusingaperi (cf.Mabasa.2:23;3:18;4:28;13:29). Akatiratidzawo, vanhu zvavanogona kuva nezvavanofanira kuva(cf.13:15;1Petirosi.2:21).

**8:4** Ndimba iyi inogona kunge ichireva chisungo chitsva (cf.Jeremiya.31:33 naEzekieri.36:26-27).Inobata zvinhu zviviri zveruponeso rwedu.

1. Jesu akazadzisa zvaidiwa nechisungo chekare uye nokutenda maari kururama uku kunosandudzirwa kuvatendi sechipo chokungopihwawo zvisina chokuita nokugona pazvima.Izvi tinozvidaidza kuti ruramiso kana kuti chimiro cheruramiso.
2. Mwari anopa vatendi mwoyo mutsva ,pfungwa itsva ,neMweya mutsva.Ikozvino tinofamba muMweya,kwete munyama.Izvi zvinodaidzwa kuti “ruramiso yeziendamberi”

ChiKristu ndicho chisungo chitsva,chine zvose ;kodzero(chipo cheruponeso)nezvekutia zverudaviro(kuva saKristu,cf.6:13).

Tsoropodzo yebhaibheri re Jerome[*The Jerome Bible commentary*](p.315)inopa tsoropodzo yezvivakamutauro yakanaka ,zvirevamwene zvinoshandiswa zvinopa chirevo chinonongedza kuti hupenyu hwechiKristu haubve parubhabhatidzo.Isu savanhu tinesarudzomuruponesouye tine sarudzo muupenyu hwekuva saKristu! Mweya unotungamira nokukurudzira asi haumanikidze!

▣ **“Tisingafambi nenyama ,aasinoMweya”**Musiyano mumwechete uyu ndiwo unowanika munavaGaratiya.5:16-25.Kururama kwakasungwa nomurayiro kunofamba pamwe nemararamiro akarurama.Mwoyo mutsva nepfungwa zvechisungo chitsva handizvo hwaro hweruponeso rwedu,asi ndizvo zvbereko.hupenyu husingaperi hune maitiro anoonekwa(Mateu.7)

**8:5** Pauro anosiyana hupenyu mu”nyama”noupnyu mu”Mweya”mundima.5-8(“zviito zvenyama,”cf.vaGaratiya.5:19-21 ne”zvbereko zveMweya,”cf.5:22-25).Tarira chinyorwa chakazara pa 8:2.

**8:6”kufunga”**MaJudha vaiva nomurangari wokuti nzeve namaziso ndiwo mafasitera eMweya womunhu.Zvivi zvinotangira mundangari.Tinova izvo vzatinofunga(cf.vaRoma.12:1-2;vaFiripi.4:8)!

Pauro aisatevedzera maonero evadzidzisi vechiJudha “enyenyetero” mbiri(*yetzers*)dziri muvanhu.Kuna Pauro nyenyetro yokuita zvakanaka yaisava muhusikwa hwakatadza,asi kubva pakutendeuka.Kuna Pauro,wakanga uri Mweya unogara muhana uyo wakatanga hondo yeMweya(Johani.16:7-14)

▣ **“hupenyu”**iri izwi rokuti(*zoe*)rinoreva hupenyu husingaperi,hupenyu hwenguva itsva.

▣ **“Rugare”**Kumabviro aro izwi iri raireva kuti”kubatanidza zvakadambuka”9cf.Johani.14:27;16:33;vaFiripi.4:7).Tarira Nhaurwa Inokosha pa5:1.Testamende itsva inotaura nezverugare nenzira nhatu:

1. Chokwadi chekwazvo-kwazvo cherugare rwedu naMwari kuburikidza naKristu(vf.vaKorose.1:20)
2. Manzwiro edu pazvima maererano nokururama kuna Mwari(cf.Johani.14:27;16:33;vaFiripi.4:7)
3. Mwari ahibatanidza kuva muviri mumwe mutsva,kuburikidza naKristu,vose maJudha nemaHedheni(cf.vaEfeso.2:14-17;vaKorose.3:15)

**8:7-11**Pauro akatsanangura vanhu pasina Mwari nenzira dzakawanda.

1. Vanovengana na Mwari,ndima.7
2. Kuva pasi pomurayiro waMwari,ndima .7
3. Havagoni kufadza Mwari,ndima .8
4. Kufa pamweya uko kunoisa mukufa nokusingaperi,ndima.10-11
5. Tarira zvinofanana nezvizvi munavaRoma.5:6,8 na 10.

**8:7**

**NASB,NRSV**

**“Kufunga kwenyama kunovengana naMwari”**

**NKJV**

**“Pfungwa dzenyama muvengi kuna Mwari”**

**TEV**

**“Vanhu vanova vavengi vaMwari”**

**NJB**

**“Hunhu hwevanhu hwokusarongeka hunopikisana naMwari”**

Tarira kuti mutsara uyuunofanana nowekuti “kufunga kwenyama ndirwo rufu” wendima. 6 nowekuti “vari venyama” wendima.5. Onazve kuti, hunhu hwevanhu hwekutadza, mafungiro (maonero enyika) pamwe nemararamiro (cf.7:5). Tarira Nhaurwa Inokosha :Nyama(*Sarx*)pa 1:3.

- ▣ **“Hakugoniwo”** Vatadzi havangokoniwa kusarudzakutevera Mwari chete ,havakwanisi kumutevera.Vatadzi,vasina rubatsiro rweMweya Mutsvene,havagoni kuva norudaviro kuzvinhu zveMweya(cf.Isaya.53:6;1Petirosi.2:24-25).Mwari ndiye anofanira kuparura nguva dzose(cf.Johani.6:44,65).Izvi hazvibvisi sarudzo dzezvisungo,asi zvinoburitsa pachena kuti vanhu, vadaviri chete havasi vaparuri.

**8:8”Avo vari munyama”**Pauro anoshandisa mutsara uyu nenzira mbiri.

1. Muviri wenyama(cf.vaRoma.1:3;2:28;4:1;9:3,5)
2. Hutsanzi hwevanhu,vasina Mwari(cf.vaRoma.7:5;8:4-5)
3. Pano nzira yepiri ndiyo inetsanangudzo yakanaka.Inotaura nezvevanhu vanoupanduki nokusatenda.Tarira Nharwa Inokosha :Nyama(*Nyama*)pa 1:3.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):8:9—11**

<sup>9</sup>Asi imi hamuzi munyama,asi mumweya,kana Mweya waMwari achigara zvirokwazvo mukati menyu.Asi kana munhu asina Mweya waKristu,haazi wake.

<sup>10</sup>Kana Kristu ari mukati menyu,muviri wakafa nokuda kwezvivi,asi mweya mupenyu nokuda kwokururama.<sup>11</sup>Zvino kana Mweya waiyeyo akamutsa Jesu kuvakafa achigara mukati menyu,iye akamutsa Kristu Jesu kuvakafa,achaponesa miviri yenyu inofa noMweya wake,unogara mukati menyu.

**8:9”kana”**Mune hukatakata hwemitsara ineshongedzo yekuva yechokwadi mundima.9,10,11,13(ruviri),17(ruviri).yese ndeiya ineshongedzo yekuva yechokwadi pamafungiro nemaonero emunyori(*first clas sconditional sentences*),Pauro aifunga sokuti vaverengi vetsamba dzake mukereke yeRoma vaiva maKristu(cf.ndima.9a).

- ▣ **“Mweya waKristu”**Vanhu vagona kuva noMweya naizvozvo vanobva vava vatendi,kana kuti Havana Mweya vobva vava vakarasika paMweya.Tinogamuchira zvose zveMweya Mutsvene paruponeso.Hatidi zvakawanda zvake ;Iye anoda zvakawanda zvedu! Mitsara yokuti”Mweya”wepandima .9a;”Mweya waMwari”wepandima.9b,newekuti”Mweya waKristu”wepandima.9c yose inofanana.

**NHAURWA INOKOSHA:JESU NEMWEYA**

Panerumwero pakati pebasa reMweya nereMwanakomana.vaG.Campbell Morgan vakati,zita rakanakisa rokureva Mweya nderokuti”Jesu mumwe”(zvisineyi,vanhu vakasiyana).Inotevera idonongodzo neyenzaniso ye basa nemazita eruremekedzo eMwanakomana neMweya.

1. Mweya wakanzi”Mweya waJesu”kana mumwe mutaurire unofanana nouyu (cf.vaRoma.8:9;2vaKorinde.3:17;vaGaratiya.4:6;1Petirosi.1:11)
2. Vose vachidanwa nemazita mamwe
  - a. “chokwadi”
    - 1) Jesu(Johani.14:6)
    - 2) Mweya(Johani.14:17;16:13)
  - b. “Murevereri”
    - 1) Jesu(1Johani.2:1)



- 2) Mweya(Johani.14:16,26;15:26;16:7)
- c. “Mutsvene”
  - 1) Jesu(Ruka.1:35;4:34)
  - 2) Mweya(Ruka.1:35)
- 3. Vose vanogara muvatendi
  - a. Jesu(Mateu.28:20;Johani.14:20,23;15:4-5; vaRoma.8:10;2vaKorinde.13:5;vaGaratiya.2:20; vaEfeso.3:17; vaKorose.1:27)
  - b. Mweya(Johani.14:16-17;vaRoma.8:9,11;1vaKorinde3:16;6:19;2Timoti.1:14)
  - c. Baba(Johani.14:23;2vaKorinde.6:16)

**8:10”kana”**uyu mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamafungiro nemaonero emunyoru(kureva izwi rokuti”ei”riine munongedzo wechiito chokureva kuti”kuva”)Pauro anofunga sokuti vaverengi vetsamba dzake(kureva kereke yepaRoma)va

1. Kagarwa naKristu
2. Vana Kristu pakati pavo

▣ **“Kristu ari mukati menyu”** muuwandu “wenyu.” Izwi rokuti “Kristu” rinoreva Mwanakomana /Mweya unogara mukati (cf.Johani.14:16-17;vaKorose.1:27).Vanhu vane Mwanakomana /Mweya kana kuti havasi maKristu(cf.1Johani.5:12).Kuna Pauro,kuti”Muna Kristu “ zvinofanana nokuti”muMweya” pazvidzidzo zvouMwari.

▣ **“Chero muviri wakafa nokuda kwezvivi”** Chero maKristu achafa panyama nokuda kwezvivi zvaAhamu,nyika yakatadza neupanduki hwepauzima(cf.5:12-21).Zvivi zvinogotevera muronga wazvo.Kufa paMweya(cf.Genesi.3;vaEfeso.2:1)kwakava nezvibereko zvokufa panyama(cf.Genesi.5;vaHebheru.9:27,Tarira chinyorwa pa 8:13).Vatendi vanorarama munguva itsva pamwe neMweya(cf.Joere.2:28-29;Mabasa.2:16)nenguva yakare yezvivi noupanduki(cf.ndima.21,35).

▣ **“Mweya mupenyu nokuda kwokururama”** Pane kupokana pakati pevashandurudzi nevatsoropodzi pamusoro pokuti izwi rokuti”mweya”rinoreva mweya womunhu(cf.NASB,ASV,NIV,Williams,Bhaibheri reJerusarema),kana Mweya mutsvene(cf.KJV,TEV,REB,Karl Barth,C.K.Barrett,John Murray,naEverett Harrison).

Maonero akapangama anovandudza kunwisisa kwedu,mutsara mupfupi uyu.Chero avo vakavimba naKristu vachangofa nokuti vanogara munyika youtadzi.Zvisineyi,nokuda kwokururama uko kunouya nokutenda munaJesu vatova noupenyu husingaperi nechakare(cf.vaEfso.2:4-6).Uku ndiko”kuva nechakare asi zvisati zvava”ye bokano roumambo hwaMwari.Nguva itsva nenguva yakare zvaridzika munguva.

1. **“Kururama”**Muchimyorwa chino izvi zvinogona kureva
2. Ruramo yokupomwa(ruramiso nechimiro chokuitwa mutsvene[yereso])inouya nokutenda munaKristu(cf.aRoma.4)
3. Hupenyu hutsva muMweya(ziendamberi rokuitwa mutsvene [kuyereswa]hunova humboo hwoupenyu hwakadzikinurwa.Tarira Nhourwa Inokosha pa 1:17.

**8:11”Kana”**Tarira chinyorwa pandima.9

**“Mweya waiyeyo akamutsa Jesu kuvakafa achigara mamuri”**Mutumbi upi waMwari watatu mumwe unogara muvatendi?Vatendi vazhinji vanga pindura vachiti”Mweya Mutsvene”ichi ichokwadi,asi pamaitikiro azvo,yose iri mitatu inogara muvatendi.

1. Mweya,Johani.14:16-17;vaRoma.8:11;1vaKorinde.3:16;6:19;2Timoti.1:14
2. Mwanakomana,Mateu.28:20;Johani.14:20,23;15:4-5;vaRoma.8:10;2vaKorinde.13:5;vaGaratiya.2:20;vaEfeso.3:17;vaKorose.1:27
3. Baba,Johani.14:23;2vaKorinde.6:16

Uyu mutsara unopa mukana wakanaka wokuratidza kuti Testamende itsva inowanzo pira mabasa erudzkinuro kumitumbi mitatu yaMwari watatu mumwe.

1. Mwari Baba vakamutsa Jesu (cf.Mabasa.2:24;3:15; 4:10;5:30;10:40; 13:30,33,34,37;17:31; vaRoma.6:4,9;10:9; 1vaKorinde.6:14; 2vaKorinde.4:14; vaGaratiya.1:1; vaEfeso.1:20; vaKorose.2:12; vaTesaronika.1:10)
2. Mwari Mwanakomana wakazvimutsa(cf.Johani.2:19-22;10:17-18)
3. Mwari Mweya Mutsvene akamutsa Jesu(cf.vaRoma.8:11) iyoyi kumikidzo yaMwari watatu mumwe inowanikwawo mundima.9-11.

### **NHAURWA INOKOSHA :MWARI VATATU MUMWE**

Tarira uone kuita kwemitumbi yose iri mitatu yaMwari watatu mumwe muushandirapamwe hwayo.Izwi rokuti”Mwari watatu mumwe “rakatanga kushandiswa naTertullian,harisiri remubhaibheri,asi mashandiro aro ane mukurumbira.

- A. Mudzivhangeri
  1. Mateu.3:16-17;28:19 (nedzimwe dzinofambirana nadzo)
  2. Johani.14:26
- B. Mabasa—Mabasa.2:32-33,38-39
- C. Pauro
  1. vaRoma.1:4-5;5:1,5;8:1-4,8-10
  2. 1vaKorinde.2:8-10;12:4-6
  3. 2vaKorinde.1:21;13:14
  4. vaGaratiya.4:4-6
  5. vaEfeso.1:3-14,17;2:18;3:14-17;4:4-6
  6. 1vaTesaronika.1:2-5
  7. 2vaTesaronika.2:13
  8. Tito.3:4-6
- D. Petirosi—1Petirosi.1:2
- E. Judhasi—ndima.20-21

Kutaurwa kwaMwari muuwandu kunoitwa muTestamende yekare

- A. Kushandiswa kwemazwi anoreva huwandu kunaMwari
  1. Zita rokuti”*elohim*”riri muuwandu,asi kana richishandiswa kureva Mwari,kazhinji rinenge riine izwi rechiito riri muhumwe
  2. “Isu”Muna Genesi.1:26-27;3:22;11:7
- B. Ngirozi yaMwari yaiva mumiririri aonekwa wohuMwari
  1. Genesi.16:7-13;22:11-15;31:11,13;48:15-16
  2. Ekisodho.3:2,4;13:21;14:19
  3. vaTongi.2:1;6:22-23;13:3-22

4. Zekariya.3:1-2
- C. Mwari neMweya wake vakasiyana, Genesi. 1:1-2; Mapisarema. 104:30; Isaya. 63:9-11; Ezekieri. 37:13-14
- D. Mwari (YHWH) naMesiasi (*Adon*) vakasiyana, Mapisarema. 45:6-7; 110:1; Zekariya. 2:8-11; 10:9-12
- E. Mesiasi neMweya vakasiyana, Zekariya. 12:10
- F. Vose vari vatatu vanotaurwa nezvavo muna. Isaya. 48:16; 61:1
- HuMwari hwaJesu nemutumbi weMweya zvakanzera matambudziko kuvatendi ve avo vanobatirira mukutenda kuna Mwari mumwe.
1. Tertullian—akaisa Mwanakomana pasi paBaba
  2. Origen—akaisa kukosha kwohuMwari pasi peMwanakomana neMweya
  3. Arius—akaramba kuisa huMwari kuMwanakomana
  4. Monarchianism—vaitenda kuendamberi kwokuzviratidza kwaMwari mumwechete saBaba, Mwanakomana, neMweya
- Nyaya yaMwari vatatu mumwe yakaumbwa nokuvandudzwa kubva muzvinyorwa zveBhaibheri
1. HuMwari hwaJesu hwakazara, hunoenzana naBaba, uye hwakatsigirwa nedare reNicea mugore raA.D. 325
  2. Mutumbi wakazara nohuMwari hweMweya uhwo hunoenzana nohwaBaba neMwanakomana, hwakatsigirwa nedare reContantinople mugore raA.D. 381.
  3. Gwara redzidziso yaMwari vatatu mumwe inoburitswa zvakanzara muchinyorwa chaAugustine chinonzi *De Trinitate*
- Pane kusanyatsojeka pano. Asi Testamende itsva inoita sokuti inotsigira huMwari mumwe hune kuzviratidza kwemitumbi mitatu.

▣ **“Achaponesa miviri yenyu inofa”** Izwi rechiito riri pano rinonngedza zvichaitwa, kureva zuva rokumuka .Kumuka kwaJesu nevateveri vake, idzidziso inokosha (cf. 1vaKorinde. 15:1ff; 2vaKorinde. 4:14) ChiKristu chinoti vatendi vachava nomuviri nokusingaperi (cf. 1Johani. 3:2). Kana Kristu akamutswa neMweya (cf. 1vaKorinde. 15:12-21), saka vateveri vake vachavawo saizvozvo (ndima. 23).

▣

**NASB, NKJV,**

**NRSV, NJB**

**REB, NET**

**“NeMweya wake”**

**NRSV (CHINYORWA CHIRIMUJINGA) “Nokuda kweMweya wake”**

**TEV**

**“Nokuvapo kweMweya wake”**

Pane kusiyana zvishoma muzvinyorwa kwechimiro chezvivakamutauro zve mutsara uyu.

Izwi rinotsanangura musiyano, **MSS R, A, C, P<sup>e</sup>**

Izwi rechiito rinonongedzo chinangwa, **MSS B, D, F, G**

Gwara ReUBS4 rinoupa chipimo chepiri “B” (pedo nechokwadi).

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):8:12-17**

<sup>12</sup>Naizvozvo, hama dzangu,tine mungava kwete nenyama ,kuti tirarame netsika dzenyama.<sup>13</sup>Nokuti kana muchifamba netsika dzenyama,muchafa;asi kana muchiuraya mabasa omuviri noMweya,muchararama;<sup>14</sup>Nokuti vose vanotungamirirwa naMweya waMwari,ndivo vana vaMwari.<sup>15</sup>Nokuti hamuna kupihwa mweya wouranda kuti mutyezve,asi makapihwa mweya wokuitwa vana,watinodana nawo,tichiti, “Aba,Baba.”<sup>16</sup>Mweya amene anopupurirana nomweya wedu,kuti tiri vana vaMwari;<sup>17</sup>Zvino kana tiri vana,tiri vadyi venhaka pamwechete naKristu;kana tichitambudzika pamwechete naye,tigokudzwawo pamwechete naye.

**8:12”Naizvozvo”**Pauro anoramba achiburitsa ruturo rwake rwendima.1-11.

- ▣ **“Tine mungava”**Urwu ndirwo rumwe rutivi rwekusununguka kwechiKristu (cf.14:1-15:13).iyi ndyo bvumirano yakabuda panhaurirano pamusoro peyereso mundima.1-11,inova yechimiro(munongedzo)pamwe neziendamberi(chidokwadokwa,Tarira Nhaurwa inokosha pa6:4).Zvinoratidzawo kuti,vatendi vachiri kurwisana nehunhu hweutadzi hwekare(kureva,6:12,19;7:7-24;1vaKorinde.6:18-19;vaEfeso6:10-19).Pane sarudzo inoda kuitwa(rutendo rwekutanga)nesarudzo dzinoramba dzichiitwa(kutenda kwemararamiro)!

**8:13”Kana”**Pane mitsara yakawanda ineshongedzo yekuva yechokwadi iri mundima.9,10,11,13(ruviri)na 17(ruviri).yose ineshongedzo yekuva yechokwadi kubva pamafungiro nemaonero emunyori.Pauro **aifunga sokuti vaverengi vetsamba dzake mukereke yeRoma vaiva maKristu airarama neMweya.Asi** pane hurongwa hwezvinotarisirwa kutizviitike(kureva,uyanano hwavanhu).

- ▣ **“Muchifamba netsika dzenyama,muchafa”**ose mazwi echiito maviri mundima.13 ari muchimiro chechirevanguva chezvirikuitika,ayo anotaura nezvekuendamberi .Bhaibheri rinoburitsa nhanho nhatu dzerufu.
1. Kufa paMweya(cf.Genesi.2:17;3:1-7;vaEfeso.2:1)
  2. Kufa panyama(cf.Genesi.5)
  3. Kufa nokusingaperi(cf.Zvakazarurwa.2:11;20:6,14;21:8)

Rufu rwuri kutaurwa nezvarwo mumuvaravara uno nderwe kufa paMweya rwaAdhamu(cf.Genesi.3:14-19)urwo rwakava nezvibereko zvokufa kwavanhu(cf.Genesi.5).Zvivi zvaAdhamu zvakaunza rufu muvanhu(cf.5:12-21).Mumwe nomumwe wedu akazvisarudzira kuva nechekuita muzvivi.Kana tikasarudza kuramba tiri mazviri zvichaturaya”nokusingaoeri”(cf.Zvakazarurwa.20:6,14,”rufu rwepiri”).SemaKristu tinofanira kuwaniwa tichifa muzvivi nepachedu mukutenda naKristu nokuraramira Mwari(cf.vaRoma.6).

- ▣ **“Kana muchiuraya abasa omuviri noMweya;muchararama”**Simbiso yeruponeso rwevatendi inoratidzwa nemararamiro echiKristu(cf.Mabhuku eTestamende itsva anoti raJokobho naI Johani).Watendi havaramami hupenyu hutsva uhwu nokugona kwavo,asi noumiririri hweMweya(cf.ndima.14).zvisineyi ,vanofanira kuzvipira kusimba rawo misi yose(cf.vaEfeso.5:17-18;6:10-18).

Pamaonero aya “mabasa emuviri”anoonekwa seupenyu hwenguva yakare(cf.vaGaratiya.5:19-21).Iyi haisi randutso yokuvapo kwomuviri nokusingaperi(cf.8:23),asi ndiwo musiyano pakati peMweya (nguva itsva)neziendamberi rokurwisana nezvivi pamweya(nguva yakare).

**8:14”Vose varikutungamirwa naMweya waMwari”**Ichi chirvanguva chinoreva zienda mberi rokutungamirwa neMweya.Mweya unotikwezvera kunaKristu(cf.Johani.6:44,65)wobva waumba Kristu matiri(cf.ndima.29-30.Pane zvakanwanda zvinodiwa pauKristu zvinopfuura rutemo .Kwazvo-kwazvo hazvirevi zviitiko ,nguva,kana ushumiri,zviito zvemazuva ose.

- ▣ **“Vanakomana vaMwari”**Mutsara uri muuwandu uyu wakashandiswa muTestamende yakare kureva ngirozi uye kashoma pawakashandiswa kureva vanhu(Tarira Nhaurwa Inokosha iyi padzimuzangara pa [www.freebiblecommentary.org](http://www.freebiblecommentary.org)).Uri muhumwe wakashandiswa kureva Adhamu,Isiraeri,Mambo wayo naMesiasi.Pano unoreva vatendi vose(cf.vaGaratiya.4:6-7).Mundima.14, makashandiswa izwi rechiGiriki rokuti “huioi”rinoreva kuti (vanakomana),mundima 16,makashandiswa rimwezve izwi rechiGiriki rokuti “tekna”rinoreva kuti (vana).Mazwi aya anoshandiswa zvakanwanda mumanyorerero aya.Vatendi havasisiri varanda asi vava nhengo dzemhuri(cf.ndima.15-17;vaGaratiya.4:7).

**8:15”Mweya”**Ndima iyi,sendima.10 inoreva zvakanwanda.Inogona kureva mweya mutsva wevanhu vakadzikinurwa munaKristu kana Mweya Mutsvene.Zvose zvinowanikwa mundima.16.

Pane pakawanda muzvinyorwa zvaPauro apo chivakamutauro ichi chinoshandiswa kutsanangura zvibereko zveMweya Mutsvene mumutendi pachake.

1. Pano “kwete mweya wouranda,” “mweya wokuitwa vana,ndima.15”
2. “mweya wouranda,”1vaKorinde.4:21
3. “mweya wokutenda(kutendeseka),”2vaKorinde.4:13
4. “mweya wokuchenjera nowokuzarurirwa,”vaEfeso.1:17
5. “mweya wokutya,”2Timoti.1:7

Pane nguva dzakanwanda ,kunyanya munavaKorinde ,apo Pauro anoshandisa izwi rokuti”*pneuma*”kuzvinongedza iye pachake(cf.1vaKorinde.2:11;5:3,14;7:34;16:8 navaKorose.2:5).kwazvo-kwzvo mumaonero aya ndima.10 na 15 ndidzo dzino nyatso fambirana netsanangudzo iyi.

- ▣ **“Wouranda kuti mutyezve”**Maitiro emamiriro akare ndiko kutya(cf.vaHebheru.2:15).Maitiro emamiriro matsva anotsanangurwa mundima.14-17.
- ▣ **“Kuitwa vanakomana”**Pamutemo wechiRoma zvakanwanda zvakanwanda kutora asiri wako uchimuita wako,asi kana zvichinge zvaitika zvaibva zvasungwa zvachose(cf.vaGaratiya.4:4-6).Pazvidzidzo zvouMwari ,chibhende ichi chinotsigira chokwadi chokudzivirirwa komutendi(Tarira Nhaurwa Inokosha pa 5:2).Mwanakomana weropa aigona kubviswa munhaka kana kurayiwa ,asi izvi zvaisa kwanisika kuMwanakomana wekutora nomutemo.Ichi chaiva chevibhende zvokureva mhuri chaifarirwa naPauro pakutsanangura ruponeso(cf.ndima.15,23).Pauro naPetirosi vaishandisawo chimwe chibhende chokureva mhuri,chikuti”kuzvarwa patsva”(cf.Johani.3:3;1Petirosi.1:3,23).Kuti uone chinyorwa chakazara Tarira vaGaratiya.4:5 padzimudzangara pa [www.freebiblecommentary.org](http://www.freebiblecommentary.org).

▣ **“Aba,Baba”**Iri izwi rechi Aramaic ndiro raishandiswa nevana kureva vanaBaba vavo(“Baba” kana “Papa”).Jesu namapositori vaitaura mutauro wechi Aramaic(cf.Mako.5:41;14:36;1vaKorinde.16:22).Zvino vatendi vava kukwanisa kuuya kuna Mwari Mutsvene nokuda kweropa raKristu neMweya wemukati nokutenda kwakadzama uye nesimbiso yemhuri (cf.Mako.14:36;vaGaratiya.4:6).Hazvishamise here kuti vatadzi vanogona kudidza Mwari vachiti Baba uye nokuti iye Mutsvene anotozvifarirawo!Tarira Nhaurwa Inokosha :Baba pa 1:17.

**8:16”Mweya,amene”** Izwi rechiGiriki rokureva Mweya ndi”*NEUTER*,” naizvozvo, shandurudzo yeBhaibheri reKJV inoti “Mweya, pachawo,” asi Mweya munhu pachake; Anogona kutsamwiswa (cf.vaEfeso.4:30;1vaTesaronika.5:19),saka” Amene ndiyo shandurudzo iri nane. Tarira Nhaurwa Inokosha :Humunhu hweMweya pa8:27.

▣ **“Anopupurirana nomweya wedu kuti tiri vana vaMwari”**Sezvakanorwa mundima.13,chinhu chekutanga chesimbiso yokutenda ndiko kushanduka nokuramba kuchiva neshanduko muupenyu hwemutendi(cf.Mabhuku eTestamende itsva anoti raJakobho na1Johani).Chimwezve chinhu chesimbiso ndechekuti ,Mweya unogara mukati wakatsiva kutyisa kwaMwari nerudo rwemhuri(cf.1Johani.4:17-18). Tarira shandurudzo nemisikitira yokuronga mitsara yemaBhaibheri e RSV neNRSV,”Patinoti,Aba!,Baba! Ndiye Mweya amene anopupurirana nemweya yedu kuti tiri vana vaMwari”(cf.vaGaratuya.4:6).Izvi zvinoreva kuti simbiso inouya apo vatendi vavakukwanisa kudaidza Mwari kuti Baba,neMweya.

Chapupu chemukati cheMweya hachinzwike,asi chiripo.

1. Kuva nemhosva pamusara pezvivi
2. Kuva nechido chokuva saKristu
3. Kuva nechido chekuva nemhuri yaMwari
4. Kuva nenzara yeshoko raMwari
5. Kunzwa kuda kushumira
6. Kunzwa kuda kupa kwokuzvipira kwechiKristu

Idzi ndidzo ndudzi dzezvidokwadokwa zvomumwoyo zvinopa humboo hwerupinduko rwekutenda.

Simbiso yeruponeso yakashandurwa ikaitwa nyaya yesangano ezvitendero.

1. 1.Zvidzidzo zvouMwari zvesangano reKaturike zvinoramba kukwanisika kwesimbiso muupenyu hwanhasi asi rinoti hwaro hwesimbiso huri mukuva nhengo yekereke ye”chokwadi”
2. vaJohn Calvin(mutambidzanwa wegadzurudzo”*Reform Tradition*”)vanoti hwaro hwesimbiso huri pakusarudzwa(*predestination*),asi munhu haakwanisi kuziva kwazvo-kwazvo kuvika pamagumo ehupenyu,pazuva rokutongwa
3. vaJohn Wesley (vesangano reMethodist)vanoti hwaro hwesimbiso huri murudo chairwo(kurarama pamusoro pezvivi zvinozivikanwa)
4. Vesangano reBaptist vanoti hwaro hwesimbiso huri muvimbiso dzemuBhaibheri dzenyasha dzokungopihwa(asi vasingatarisi nyevero nekohomedzo).

Kune njodzi mbiri dzinechekuita neTestamende itsva dzokuturwa zvine gangaidzokwesimbiso yechiKristu.

1. Kunyanya kupa rukumikidza pakuti”vakaponeswa ,vacharamba vakaponeswa”.
2. Kunyanya kupa rukumikidzo pamabasa evanhu pakuva noruponeso.

VaHebheru.6 inodzidzisa zvakajeka kuti “abuda,acharamba akabuda.”Kushingaira kwevanhu(mabasa akanaka)haaponeso vatendi (cf.vaGaratiya.3:1-14).Asi mabasa akanaka ndiwo chinangwa choupenyu hwe chiKristu(cf.vaEfeso.2:10).Ndiwo zvibereko zvokusangana naMwari pamwe nokuva noMweya unogara mukati.Ndiwo humboo hwerupinduko rwemunhu rwechokwadi.

Simbiso hairevi kusurudzwa kwerudaidzo rweBhaibheri rweutsvene!Pamutauriro ezvidzidzo zvouMwari,hwaro hwesimbiso huri pamaitiro nezviito zvaMwari vatatu mumwe.

1. Rudo netsitsi dzaBaba
2. Basa reMwanakomana rokuzvipira rakapedzwa
3. Kukwezvera kunaKristu kweMweya uye nokuumba Kristu mumutendi anenge apinduka

Humboo hweruponeso urwu ndiko kushanduka kwemaonero,mwoyo wakashanduka,mararamiro akashanduka uye netariro yakashanduka! Harugoni kuva pahwaro hwerutemo rwedengerera rakare rusina humboo hwemararamiro(kureva,chibereko,cf.Mako.7:15-23;13:20-22;Johani.15).Simbiso,seruponeso,seupenyu hwechiKristu inotanga norudaviro kutsitsi dzaMwari uye nokuenderera mberi kworudaviro urwu muupenyu hwose.Hupenyu hwakashanduka uye huri kushanduka hwenyasha!

- ▣ **“Anopupurirana”**uyu mumwe mubatanidzwa wezwi rokuti”*syn*.”Mweya anopupura pamwe nemweya womutendi.Pauro anoshandisa izwi romubatanidzwa iri munavaRoma.2:15;8:16 na 9:1.

**8:17”kana”**pane mitsara ineshongedzo yekuva yechokwadi yakawanda iri mundima.9,10,11,13(ruviri), na17(ruviri).Yose mitsara iyi ineshongedzo yekuva yechokwadi kubva pamafungiro nemaonero emunyori.Pauro aifunga sokuti vaverengi vetsamba dzake kukereke yeRoma vaiva maKristu.

- ▣ Mundima iyi mune mazwi emubatanidzwa matatu anoshandisa izwi rokuti “*syn*,”iro rinoreva kuti”kuita pamwe”
  1. Vatendi vanogovana udyi hwenhaka naKristu
  2. Vatendi vanogovana kutambudzika naKristu
  3. Vatendi vachagovana kubwinya naKristu
 Pane mazwi emubatanidzwa wezwi rokuti”*syn*”mundima.22(ruviri),26,28.VaEfeso.2:5-6 ine mazwi matatuwo emubatanidzwa wezwi rokuti”*syn*”ayo anotsanangura hupenyu hwemutendi mutendi munaKristu.

- ▣ **“Vadyi venhaka”**Ichi chimwe chibhende chokureva mhuri chinotsanangura vatendi(cf.4:13-14;9:8;vaGaratiya.3:29).Tarira Nhaurwa Inokosha Inotevera.

## NHAURWA INOKOSHA:NHAKA YEVATENDI

Shoko rinotaura nezvekutora nhaka (cf.Mabasa.20:32;26:18; vaEfeso.1:4; vaKorose.1:12;3:24) yezvinhu zvakawanda kwevatendi nokuda kwehukama hwemhuri naJesu kwavo, uyo anova mudyi wenhaka yezvinhuzvose (cf.vaHebheru.1:2), uyeivo, sevadyiwo pamwenaye (cf.vaRoma.8:17;vaGaratiya.4:7)venhaka ye :

- Humambo hwaMwari(cf.Mateu.25:34,1vaKrinde.6:9-10;15:50;vaEfeso.5:5)
- Hupenyu husingaperi(cf.Mateu.19:29;vaHebheru.9:15)
- Vimbiso dzaMwari(cf.vaHebheru.6:12)
- Rudziviri rwaMwari rwevimbiso dzake(cf.1Petirosi.1:4-5)

▣ **“Vadyi venhaka pamwechete naye”**Uyu mumwezve mubatanidzwa ezwi rokuti”*sun.*”Pauro anoita dambanamazwi remazwi mazhinji matsva aya muchikamu 8 serukumikidzo rwerufu nenoupenyu ,izvo zvinogovanwa pakati paKristu nevatendi

1. kudyanhaka pamwe naye,ndima.17
2. Ku tambudzika pamwe naye,ndima.17
3. Kubwinya pamwe naye,ndima.17

▣

**NASB ,NKJV “Kana tichitambudzika naye”**  
**NRSV “Kana,zvehokwadi tichitambudzika naye”**  
**TEV “Nokuti kana tichigovana kutambura naKristu”**  
**NJB “Kugovana kutambudzika naKristu”**

Kutambudzika ndiwo mugariro wevatendi munyika inokutadza(cf.Mateu.5:10-12;Johani.15:18-21;16:1-2;17:14;Mabasa.14:22;vaRoma.5:3-4;8:17;2vaKorinde.4:16-18;vaFiripi.1:29;1vaTesaronika.3:3;2Timoti.3:12;Jakobho.1:2-4;1Petirosi.4:12-19).Jesu akatenhura nzira yemaitiro(cf.vaHebheru.5:8).Humwe hunyorwa hwese hwechikamu chino hunovandudzwa nedingindira irori.Tarira Nhaurwa Inokosha:Sei maKristu achitambudzika? Pa 5:3.

▣ **“Kukudzwa naye”**Muzvinyorwa zvaJohani,poes apo Jesu anotaura nezverufu rwake,airwudana kuti “kukudzwa.”Jesu akakudzwa nokutambura kwake.Vatendi,pachimironepakuziva,vanogovana zviitiko zvoupenyu hwaJesu(cf.vaRoma.6).Tarira Nhaurwa Inokosha :kutonga muumambo hwaMwari pa 5:17-18.

## NASB (ZVINYORWA ZVINOKOSHA):8:18-25

<sup>18</sup>Nokuti ndinoti matambudziko enguva ino haana kufanira kuenziswa nokubwinya kuchazoratidzwa kwatiri.<sup>19</sup>Nokuti zvisikwa zvinotarisisa zvikuru zvichimirira kuratidzwa kwavanakomana vaMwari.<sup>20</sup>Nokuti zvisikwa zvakaiswa pasi pezvisingagari,zvisingadi hazvo,asi nokuda kwaiye wakazviisa pasi pazvo ,

<sup>21</sup>zvichitarira kuti zvisikwa zvimene zvisunungurwewo pauranda hwokuora,zviiswe pakusunungurwa kwokubwinya kwavana vaMwari.<sup>22</sup>Nokuti tinoziva kuti zvisikwa zvose zvinogomera nokurwadziwa pamwechete kusvika zvino.



**23**Zvisati zviri izvo bedzi,asi nesuo,kunyangetine zvizbereko zvokutanga zvoMweya ,nesu timene tinogomera mukati medu,tichimirira kuitwa kwedu vana,ndiko kudzikinurwa kwomuviri wedu.

**24**Nokuti takaponeswa netariro;asi tariro inoonekwa ,haizi tariro;nokuti ndiani anotarira chaanoona?**25**Asi kana tichitarira chatisingaoni,tinochimirira nokutsungirira.

**8:18**”Ndinoti”aiazvi zvinoreva kwazvo-kwazvo kuti”kusanganisa.”ichi hirevo chezvirikuitwa,zvicharamba zvichiitika uye chinonongedza mui. Pauro anoramba achitarisa zvizbereko zvekutambura kwemaKristu .Iri raiva izwi rezvemari raireva kuva nebvimirano yemhinduro yakanaka.Iri idingindira rinoramba richidzokororwa munavaRoma(ona chinyorwa pa 2:3). Vatendi vanofanira kurarama muchiedza cheMweya wechokwadi chavanonzwisisa.

▣ **“Matambudziko”**Tinoona mamiriro okutambura kunobva pakushumira Kristu kubva kuna 1vaKorinde.4:9-12;2vaKorinde.4:7-12;6:4-10;11:24-27;vaHebheru.11:35-38.

▣ **“Enguva ino”**MaJudha aitenda kuti nhorooondo yenyika yakapatsanurwa muzvikamu zvenguva mbiri,nguva ino youipi nguva yokururama ichauya(cf.Mateu.12:32;Mako.10:30).Testamende yekare yaitarisira kuti Mesiasi aiuya aizotenhura nguva itsva iyi yokururama.Zvisineyi,kuuya kuviri kwaKristu,kwokutanga semuponesi(zimukadzimu)nekwepiri saIshe(kudzoka),kwakakonzero nhariko yenguva mbiri idzi.Vatendi vanorarama mukupokana pakati pe”zvakaikwa “ ne “zvisati zvaitwa”zveumambo hwaMwari.Tarira Nhaurwa Inokosha:Nguva ino nguva ichauya pa 12:2.

▣ **“kufanira.....kubwinya”**Ose mazwi maviri aya anesungano nemaonero eTestamende yekare ohuremu—kurema kwaiva noukomba.”Kufanira “izwi raibva pane zvokutengeserana raireva kuti“kupima chaizvo-izvo.”Izwi rechiHebheru rokuti “kubwinya “rakabva wo pakutaura kwokuti “kurema,”muchimiro chokuva noukomba,sendarama.Ona chinyorwa chakazara pa 3:23. Izwi rokuti “kubwinya”muzvinyorwa zvaPauro ,raiva nedzidziso yezvemagumo enyika(cf.2vaKorinde.4:16-18).Raireva rubwinyo nesimba rokudzokera kuzita raKristu rakakudzwa (cf.vaKororse.3:4).Tarira Nhaurwa Inokosha:Kubwinya pa 3:23.

▣ **“Kuchazoratidzwa”**iri izwi rinoreva kuitirwa rainongedza Mwari kana Mweya somuiti(cf.ndima.20).Vatendi vanorarama hupenyu uhwu nokutenda kwete nokuona (cf.ndima.24;1vaKorinde.2:9;13:12;2vaKorinde.5:7;vaHebheru.11:1).

Izwi rinoshandiswa kakawanda munavaRoma naPauro uye rinokumikidza kuti chokwadi chinobva kunaMwari,kwete chibereko chetsvakurudzo yevanhu.

1. Izwi rechiito

- a. 1:17—Kururama kwaMwari kwaratidzwa(zvirikuitika)
- b. 1:18—Kutsamwa kwamMwari kwaratidzwa(zvirikuitika)
- c. 8:18—Kubwinya kuchazoratidzwa(zvichaitika)

2. Zita

- a. 2:5—Pazuva rokutsamwa ,nokuratidzwa kwokutonga kwaMwari
- b. 8:19—Zvisikwa zvinotarisa zvikuru zvichimirira kuratidzwa kwavanakomana vaMwari
- c. 16:25—Nokuzarurwa kwezvakanzika

**8:19”Kutarisira zvikuru zvichimirira “Zvisikwa zvepanyika zvinotsanangurwa semunhu akarebesa mutsipa achitarisira pajenga muchenga .Zvisikwa zvakakanganiswa, apo pakapanduka Adhamu naEvha(cf.Genesi.3:17-19).Zvisikwa zvose zvichadzikinurwa(kunze kwengirozi dzakapanduka,vanhu vasingatendi, nenzvimbo yavo yavachaiswa,cf.verenga chinyorwa chirimujinga[46] megwaro rava Bruce Corley navaCurtis Vaughan riri pamusoro pavaRoma,p.95 ).**

Izwi rechiiro rokuti “zvichimirira zvikuru”(zvirikuitwa )rinobuda rutatu muchinyorwa chino.

1. Ndimu.19 --Zvisikwa zvinotarisa nguva itsva zvikuru.
2. Ndimu.23—Vatendi vanotarisa mitumbi mitsva zvikuru
3. Ndimu .25—Vatendi vanotarisa zvikuru mutariro yenguva itsva

Pauro anoshandisa izwi rechiiro rimwechero nenzira inofanana nemuna 1vaKorinde.1:7;vaGaratiya.5:5;vaFiripi.3:20.Kudzoka hachisiri chiiro chinotyisa kuvatendi,asi kusangana kwemhuri!

## **NHAURWA INOKOSHA :ZVIWANIKWA ZVEpanyika**

### I. Musumo

- A. Zvisikwa ndihwo hwenze hwerudo rwaMwari navanhu.
- B. Zvinogovana mukutadza(cf.Genesi.3:17;6:1ff;Isaya.24:3-8;vaRoma.8:18-20).Zvakare zvichagovana murudzikinuro rwemagumo(cf.Isaya.11:6-9;vaRoma.8:20-22;Zvakazarurwa.21:22).
- C. Vatadzi,vane zviwi vanyangadza mamiriro ekunze vasinga ratidze kufunga .Chinotevera chidimbu chakatorwa muchinyorwa chavaEdward Carpenter,chinonzi *”The Canon of Westminster.”*  
 “.....kurwiswa kwakasimba kunoitwa navanhu,pasi rose,kunyika yakavakomberedza--- yakasikwa naMwari---kusvibisa mhopo;tsinga dzemvura dzavanosvibisa;ivhu raanoisa muchetura;masango avanotema,vasingafungi zvibereko zvokuparadza uku.Kurwsa uku kunowanika apo neapo.Hapana naofunga nezvekurongedzeka kwezviwanikwa uye hapana onofunga kuti chizvarwa chichatevera chichasara neyi.”
- D. Hatisiri chete kukohwa zvibereko zvokuipisa nohubangapanga hwedu kunyika,asi chero nevana vedu vachakohwa zvibereko zvakaipa kupfuura zvedu uye zvisingagadzirisiki.

### II. Zviri mubhaibheri

#### A. Testamende yekare

##### 1. Genesi.1-3

- a. Kusika inzvimbo inokosha yakasikwa naMwari yokuwadzana nevanhu (cf.Genesi. 1:1-25).
- b. Kusika kwakanaka (cf.Genesi.1:4, 10, 12, 18, 21, 25), hongu, zvakankisa (cf.Genesi.1:31). Zvakaitirwa kuti zvine huchapupu kuna Mwari (cf.Mapisarema.19:1-16)
- c. Vanhu ndivo ndaza yechinangwa chokusika(cf.Genesi.1:26-27).
- d. Vanhu vaifanira kuratidza samba (cf.vaHebheru,”kufamba”) semuchengeti kunaMwari (cf.Genesi.1:28-30;Mapisarema.8:3-8;vaHebheru.2:6-8)Mwari ndiye

uye anoramba ari iye Musiki/Muraramisi/Mudzikinuri/Ishe wokusika (cf.Ekisocho).

19:5; Jobho.37-41;Mapisarema.24:1-2;95:3-5; 102:25; 115:15; 121:2; 124:8; 134:3; 146:6; Isaya.37:16).

e. Huchengeti hwevanhu kuzvisikwa hunoonekwa munaGenesi.2:15,”kuurima nokuuchengeta”(cf.Revhitiko.25:23;1Makoronike.29:14).

2. Mwari anoda zvisikwa,kunyanya mhuka.

a. Mirayiro yaMosesi yokubata mhuka zvakanaka

b. Mwari achitamba naRevhiyatani.(cf.Mapisarema.104:26)

c. Mwari anoriritira mhuka(cf.Jona.4:11)

d. Kuvapo kwehusikwa pamagumo(cf.Isaya.11:6-9;Zvakazarurwa.21:22)

3. Zvisikwa neimwe nguva zvinorumbidza Mwari.

a. Mapisarema.19:1-6

b. Mapisarema.29:1-9

c. Jobho.37-41

4. Zvisikwa imwe yenzira dzinoshandiswa naMwari kuratidza rudo rwake nokutevedzera chisungu kwake.

a. Dhuteronomi.27-28;1vaTongi.17

b. NemaPorofita ose

B. Testamende Itsva

1.Mwari anoonekwa semuusiki. Panongori nemusiki mumwechete, Mwari vatatu mumwe (Elohim,Genesi.1:1;Mweya,Genesi.1:2;naJesu,Testamende Itsva).Zvimwe zvose zvakasikwa.

a. Mabasa.17:24

b. vaHebheru.11:3

c. Zvakazarurwa.4:11

2. Jesu ndiye mumiririri wMwari wezvisikwa

a. Johani.1:3,10

b. 1vaKorinde.8:6

c. vaKorose.1:16

d. vaHebheru.1:2

3. Jesu anotaura nechibhende nezvekuriritirwa kwezvisikwa ,mumharidzo dzake

a. Mateu.6:26,28-30,shiri dzedenga nemaruva ebundo

b. Mateu.10:29,shiri duku

4. Pauro anoti vanechokuita neruzivo rwavo rwaMwari muzvisikwa(kureva,kuzviratidza muzvisikwa,cf.vaRoma.1:19-20;Zvakazarurwa.21-22).

III. Mhendero

A. Takaiswa pamwechete nehurongwa hwezvisikwa uhwu!

B. Vatadzi vakashandisa nenzira isiri iyo chipo chaMwari chezvisikwa sezvo vaine zvimwe zvipo zvaMwari zvakanaka

C. Hurongwa hwezvisikwa uhwu ndehwe chinguvana.Huchapfuura(2Petirosi.3:7).Mwari arikuendesa nyika yedu muhochekeche huru huru kwazvo.Zviv zvichatevera muronga wazvo, asi Mwari akatoisa rutemo rwepazvino gumira. Zvisikwa zvichadzikinurwa (cf.vaRoma.8:18-25).

▣ **“zvokuzarurira”**Izwi iri raireva “kukweva machira epafisitera”senira yokuwaranura kana kuzivisa.Ndiro zve zita rebhuku rokupedzisira reTestamende itsva,”Zvakazarurwa.” Kudzoka kunowanzo taurwa kuchinzi zvakazarurwa kanakuti kuuya(cf.1vaKorinde.1:7-8;1Petirosi.17,13).

▣ “Vanakomana vaMwari”Iri izwi rechibhende rainyanyoshandiswa kureva hukama hwemhuri rakashandiswa kutsanangura maKristu(cf.8:14,16).rinotaura Mwari saBaba uye Jesu semwanakomana wake weziitakamwe (cf.Johani.1:18; 3:16,18; vaHebheru.1:2; 3:6; 5:8; 7:28; 1Johani. 4:9).

MuTestamende yekare Isiraeri ndiyo yaitsanangurwa seMwanakomana waMwari (cf.Hosea.11:1) Asi naMambo aivawo mwanakomana waMwari (cf.2Samueri.7). Iyi nzira yemaonero yakatanga kutaurwa nezvayo muTestamende itsva munaMateu.5:9(zvakarewocf. Johani.1:12; 2vaKorinde.6:18; vaGaratiya.3:26; 1Johani.3:1,10;Zvakazarurwa.21:7).

## 8:20

NASB,NKJV,NRSV

“Nokuti zvisikwa zvakaiswa pasi pezvisingagari”

TEV

“Nokuti zvisikwa zvakaitwa kuti zvisafanira”

NJB

“Kwakanga kusiri kuda kwekutadza kuti zvisikwa zvisaita chinangwa chazvo”

Izvi zvinogona kushandurudzwa zvichinzi”usasavani.”Rinoshandiswa nenzira dzakawanda mubhaibheri rechiGiriki ---kushaya chirevo,kusashaya basa,kusashanda,zvimwari zvenhema(zviumbwa),nokuva demhe.Zvisikwa zvakasava nebasa kutarisiro yechinangwa chaMwari(cf.Genesi.3:17-19;Isaya.24:3-8),asi nerimwe zuva Mwari achabvisa chituko chokutadza(cf.Zvakazarurwa.22:3).

Iyi haisiri iyo nyika yaitarisirwa naMwari!

▣ “Nokuda kwaiye akazviisa pasi pazvo, mutariro”Izwi rechiito rinoreva kuitirwa uye kwazvo-kwazvo rinoreva Mwari(cf.NASB,NKJV,TEV).Akaisa zvisikwa pasi pezvisingagari

1. Nokuda kwokupanduka kwevanhu

2. Senzira yake yokuedza kupindutsira vanhu kwaari(cf.Dhuteronomi.27-29)

Uku kuiswa pasi pezvisingagari ndekwechinguvana(cf.vaRoma.11:11-32).Vanhu vakadzikinurwa vane vimbiso yeremangwana repanyama(muviri nenyika).

Mwari aiziva nechakare nezvekupanduka kwaAhamu.Akazvibvumira kuti zviitike pamwe nokusarudza kushanda nevatadzi munyika inokutadza.Iyi haisiri iyo nyika yaitarisirwa naMwari.Haisiri iyo nyika ichavapo rimwe zuva(cf.2Petirosi.3:10;Zvakazarurwa.21:1-3).Ona zvinyorwa pamusoro pe”Tariro” pa 5:2.

**8:21”Zvisikwa zvimene zvisunungurwewo paura hwokuora”**Zvisikwa zvichavawo chikamu chokurarama nokusingaperi(Isaya.11:6-10).Denga riri kudzoka kunyika yakasikwa patsva(cf.Mateu.5:18;24:35;2Petirosi.3:10;Zvakazarurwa.21:1).Ramangwana ringangova unaku hwebindu reIdheni;ruwadzano pakati paMwari nevanhu,munhu nemunhu,vanhu nemhuka,uye vanhu nenyika!Bhaibheri rinotanga naMwari,vanhu ,nemhuka(kureva.,Isaya.11:6-9)muruwadzanonorunyararo muugaro hwebindu(cf.Genesi.1-2)uye bhaibheri rinopera nenzira imwecheteyo(cf.Zvakazarurwa.21-22).

▣ “Kuora”Tarira Nhourwa Inokosha pa 1:23.

▣ **“Pakusunungurwa kwokubwinya kwavana vaMwari”**Mundima.14 vatendi vanodaizwa kuti”vanakomana vaMwari,”mundima.16”vana vaMwari,”mundima.17”vadyi venhaka yaMwari.”Mundima.18 kubwinya kwaMwari pamagumo kunozarurwa kuvatendi.Zvino mundima 19,zvisikwa zvinomirira kuratidzwa kwavanakomana vaMwari nokuti zvinogovana kubwinya kwavo pamagumo(cf.ndima .21).Kudzoredzwa kwezvisikwa uku,kunyanya vanhu,kuchauyisa mukana wokuzadziswa kwezvinangwa zvaMwari zvokusika---Mwari navanhu(avo vakasikwa nomufananidzo wake)muruwadzano.

**8:22 “Zvisikwa zvose zvinogomera”** Uyu ndiwo mumwe mubatanidzwa waPauro wezwi rokuti”*syn,*” ”kugomera pamwe .“Anofanira kunge akaita mazhinji akadayi.Anogona kunge aifananidza naJeremiya.12:4,11(cf.Dhuteronomi.27-29),apo nyika yeIsiraeri inochema nokudz kwokusuruvara kwakakonzerwa nezvivi zvevanhu.

Ona kuti “kugomera”kunotaurwa nezvako rutatu muchinyorwa chino.

1. Zvisikwa zvinogomerera(chirevanguva chezvirikuitika)kuuya kwenguva itsva,ndima.22(cf.ndima.19-21)
2. Vatendi vanogomerera ruponeso rwavo rwakazara uye rwakakwana(kureva,muviri mutsva,cf.2vaKorinde.5:2,4),ndima.23
3. Mweya uyo anozvipira sechibereko chokutanga chenguva itsva, anogomererawo(anonyengeterera,chirevanguva cgezvirikuitika)vatendi,ndima26

▣ **“nokuva namarwadzo amai vanpona”**Mumararamiro echiJudha maonero aya aiwanzodaizwa kuti”marwadzo amai vanopona enguva itsva”(cf.Mako.13:8).Mambakwedza ezuva idzva rekururama haangouyi asina matambudziko.Chimiro pamweya nepahunhu hwenyika ino inoutadzi chichashatisisa(cf.Mateu.24;Mako.13;Ruka.21;2vaTesaronika.2:1-12;Onazve zvisimbiso zvinomwe,hwamanda,nendiro dzemuna Zvakazarurwa.5-18).Zvisineyi marwadzo amai vanopona ndiwo marwadzo etariro nemufaro mukuzvarwa kunouya,saizvozvo nguva itsva!

**8:23”Nesu timene...Nesu timene...Timene”**Mazwi anesungano nezita aya anekumikidzo uye akadzokorodzwa.

▣ **“Zvibereko zvokutanga zvoMweya”**Izwi iri rokuti(*aparche*),pazvidzidzo zvouMwari rine ringanidzo nokuti”zvisimbiso zveMweya “muna2vaKorinde.1:22;ne”rubatso rweMweya”muna2vaKorinde.5:5;vaEfeso.1:14.

MuTestamende yekare zvibereko zvokutanga zvaiva vimbiso yegoho raizouya.Zvaiva chirevo chokuva muridzi wegoho kwaMwari(kureva,Dhuteronomi.26:1-11).Mweya ndiwo zvibereko zvokutanga zvenguva itsva,sezvo Jesu aiva zvibereko zvokutanga zvekumuka kuvakafa(cf.1vaKorinde.15:20).Vatendi,sevana vaMwari ,chero iko zvino vanotoraramawo zvimwe zveufaro wedenga nenzira yeMweya Mutsvene uyo unogara navo uye mavari.Iri ndiro gakanwa re”zvakatoitwa”asi”zvisati”rokudaridzirwa kwenguva mbiri dzechiJudha.Vatendi ndeve kudenga uye vagari vepanyika!

▣ **“Nesu timene tinogomera mukati medu”**Izwi zvinoita sokuti zvinoreva gakava remaonero pakati pe”zvakatoitwa “ne”zvisati”zvokudaridzitwa kwenguva mbiri dzechiJudha(Verenga gwaro rava Gordon Fee navaDouglas Stuart,rinonzi;Maverengerwo eBhaibheri sezvariri”*HowTo Read the Bible For Aii Its Worth*”,pp.145-148).Humambo hwaMwari huripo asi hauna kumunyungidzwa.Vatendi vanehupenyu hwekumuka kuvakafa,nyangwe vachafa

panyama(cf.2vaKorinde.5:2-4).Takasunungurwa kubva kuzvivi si tinongorwisana nezvivi(vaRoma.7;vaEfeso.6:10-18).

▣ **“Tichimirira kuitwa kwedu vanakomana”**Kuitwa mwana ,ndicho chibhende chokureva mhuri chinofarirwa naPaurokureva ruponeso(cf.ndima.15).Ruponesorwevatendi chiitiko chinotanga norutemo rwerupinduko nokutenda uye chinokura chichiva kuva saKristu.Vatendi havaponeswe zvakazara kusvikira pazuva rokumuka(cf.ndima.30na1Johani.3:2). Izwi rokuti”kuitwa vana”harishandiswe mune zvimwe zvinyorwa zvechiGiriki(cf.MSS P<sup>46</sup>,D,F,G,nezvimwe zvinyorwa zverurimim rwe *latin*.Zvisineyi rinowanikwa muA,B,C,zvimwe zvinyorwa zvakare zvechi*Latin* neshandurudzo yebhaibheri rechi*Latin*(*the vulgate*),echi Aramaic chekare”*Syriac*” “*Coptic and Armenian*”).UBS INOPAkuiswa kwaro muzvinyorwa izvi chipimo chokutanga “A”(chokwadi).

▣ **“Kudzikinurwa kwemuviri wedu”**Izwi iri rinoreva “kutengazve.”Maonero aya akashandiswa mutestamende yekare richireva munhu anenge achisunungurwa kubva muutapwa nehama yake(*go’el*).Rakazo shandiswawo sechibhende chokureva kudzikinurwa kwevatadzi naMwari kubva muutapwa hwezvivi.Muripo wakabhadharwa ndewe zimukadzimu reMwanakomana.Tarira Nhaurwa Inokosha pa 3:24. ChiKristu,sechitendero chechiJudha(cf. Jobho.14:14-15;19:25-26;Dhanieri.12:2),chinoti vatendi vachava nomuviri mukusingaperi(asi unenge usiri wemunhu,cf.1vaKorinde.15:35-49).Miviri yemweya yevatendi ichaitwa zvakanakisa ichitirwa hupenyu hwenguva itsva,hupenyu muruwadzano naMwari.

**8:24”Takaponeswa netariro”**Iri izwi rechiito rinoreva kuitirwa.Sezvo,ndima.23 ichireva kuponeswa kwedu muneremangwana,ndima.24 inotaura nezveruponeso rwedu rwekare noumiririri hweMweya.Testamende itsva inoshandisa zviirevanguva zvemazwi echiito akawanda okutsanangura ruponeso(Tarira Nhaurwa Inokosha pa 10:4).

1. Zvakaitirwa,Mabasa.15:11(vaRoma.8:24;2Timoti.1:9;Tito.3:5;navaRoma.13:11batanidza izwi rechiito chezvakaitirwa nechirevanguva cheremangwana)
2. Zvakaitwa uye zvicharamba zviitika,vaEfeso.2:5,8
3. Zvirikuitika,1vaKorinde.1:18;15:2;2vaKorinde.2:15;1Petirosi.3:21;4:18
4. Zvichaitika (muchirevanguva chezwi rechiito kana maonero anohumboo), vaRoma.5:9, 10;10:9; 1vaKorinde.3:15; vaFiripi.1:28; 1vaTesaronika.5:8-9;vaHebheru.1:14;9:28.

Naizvozvo,ruponeso runotanga norutemo rwokutenda urwo runounza mararamiro okutenda ayo achazoonekwa achimunyungidzwa rimwe ramazuva(cf.1Johani.3:2).

**8:25”Tariro”**Tarira Nhaurwa Inokosha Inotevera.

## NHAURWA INOKOSHA :TARIRO

Pauro akashandisa izwi iri nenzira dzakasiyana dzakawanda asi dzinofambirana.kazhinji raiva nesungano nekumunyungidzwa kwokutenda kwemutendi (somuna.,1Timoti.1:1).Izvi zvinogona kutaurwa sokuti kubwinya,upenyu nokusingaperi, ruponeso rwakaperera,kuuya kwepiri,nezvimwewo.Kumunyungidzwa ndekwechokwadi, asi kuri munguva yeremangwana uye haizvikanwe. Rainyanyotaurwa riine sungano “nokutenda” ne “rudo” (cf.1vaKorinde.13:13)

1vaTesaronika. 1:32vaTesaronika.2:16). Imwe yedenengudzo yemashandisiro aPauro ndeinotevera:

1. Kuuya rwepiri,vaGaratiya.5:5;vaEfeso.1:18;4:4;Tito.2:13
2. Jesu ndiye tariro yedu,1Timoti.1:1
3. Mutendi achaturwa kunaMwari,vaKorose.1:22-23;1vaTesaronika.2:19
4. Tariro yakachengeterwa kudenga,vaKorose.1:5
5. Ruvimbo muvhangeri,vaKorose.1:23;1vaTesaronika.2:19
6. Ruponeso rwakaperera,vaKorose.1:5;1vaTesaronika.4:13;5:8
7. Kubwinya kwaMwari,vaRoma.5:2;2vaKorinde.3:12;vaKorose.1:27
8. Kuponeswa kwevaHedheni naKristu,vaKorose.1:27
9. Simbiso yeruponeso,1vaTesaronika.5:8
10. Hupenyu nokusingaperi,Tito.1:2;3:7
11. Zvibereko zvokukura muuKristu,vaRoma.5:2-5
12. Rudzikinuro rwezvisikwa zvose,vaRoma.8:20-22
13. Kumunyungidzwa kwokuitwa vana,vaRoma.8:23-25
14. Zita roruremekedzo raMwari,vaRoma.15:13
15. Chido chaPauro kuvatendi,2vaKorinde.1:7
16. Testamende yekare senhungamidzo yvatendi vetestamende itsva,vaRoma.15:4

- ▣ “Nokutsungirira”Iri izwi rokuti *“hupomone”* rakashandiswa muna.5:3 na 15:4-5.Ruponeso rwevatendi rwuri muchiito chokukura uye ruchamunyungidzwa nerimwe zuva.Kutsungirira(cf.Zvakazarurwa.2:8,11,17,26;3:5,12,21;21:7)ndiyo nengaidzo yebhaibheri inodiwa kurukumikidzo rwekutanga pa”ruponeso .”Zvokwadi zhinji dzemubhaibheri(kureva „zvinyorwa zvekumabvira zuva,Tarira Nhaurwa Inokosha pa 3:27) dzinoburitswa nenzira yokukakavadzanisa nzira dzemaonero.

### **NHAURWA INOKOSHA:KUDIWA KWOKUTSUNGIRIRA**

Makwara mazhinji edzidziso ayo anesungano nemaramiro echiKristu ,akaoma kutsanangura nokuti anoturwa nenzira iyi yokumabvira zuva yokukakavadzanisa nzira dzemaonero.Nzira idzi ,muunyambiri hwadzo ,dzinenge dzichiita sokuti dzinopokana,izvo dzose dziri dzomubhaibheri.Makristu ekumadokero anowanikwa achisarudza chokwadi chimwe achisiya kana kudzikisira chinopokana chacho.Reganda nditsindikidze ndichiti

- A. Ko ruponeso rutemo rwokutanga kuvimba naKristu here kana kuti kuzvipira kwoutevri hwoupenyu hwose?
- B. Ko ruponeso kusarudzwa nokuda kwenyasha dzoutongo hwaMwari here kana kuti rudaviro rwokutenda norupinduko kupfupiro youtsvene?
- C. Ko ruponeso harugoni kurasika kana waruwana kana kuti runoda kuramba ruchichengetedzwa nguva dzose?

Nyaya yokutsungirira yagara ichinetswa munhorondo yekereke .Dambudziko rinotangwa nemivaravara inopokana yemutestamende itsva:

- A. Zvinyorwa zviripamusoro pesimbiso
  1. Zvakataurwa naJesu(Johani.6:37;10:28-29)
  2. Zvakataurwa naPauro (vaRoma.8:35-39; vaEfeso.1:13; 2:5,8-9; vaFiripi.1:6; 2:132vaTesaronika.3:3; 2Timoti.1:12;4:18)
  3. Zvakataurwa naPetirosi(1Petirosi.1:4-5)

B. Zvinyorwa zviripamusoro pokudiwa kwe kutsungirira

1. Zvakataurwa naJesu(Mateu.10:22;13:1-9,24-30; 24:13; Mako.13:13;Johani.8:31;15:4-10; Zvakazarurwa.2:7,17,20; 3:5,12,21)
2. Zvakataurwa naPauro(vaRoma.11:22;1vaKorinde.15:2;2vaKorinde.13:5;vaGaratiya.1:6;3:4;5:4;6:9;va Firipi.2:12;3:18-20;vaKorose.1:23)
3. Zvakataurwa nemunyori wevaHebheru(2:1;3:6,14;4:14;6:11)
4. Zvakataurwa naJohani(1Johani.2:6;2Johani.9)
5. Zvakataurwa naBaba(Zvakazarurwa.21:7)

Ruponeso rwemubhaibheri runobva parudo,tsitsi,nenyasha dzoutongo hwaMwari vatatu mumwe.Hakuna munhu angaponeswa zvisina kuparurwa neMweya(cf.Johani.6:44,65).HuMwari ndihwo hunotanga hwatenhura nyaya,asi hunoda kuti vanhu vave norudaviro mukutenda norupinduko,zvose pakutanga nokuendamberi.Mwari anoshanda nevanhu muukama hwechisungo.Mune zvokuwana nezvokuita !

Ruponeso rwunopfupirwa kuvanhuvose.Rufu raJesu rwakagadzirisa dambudziko rezvivi zvezvisikwa Mwari akapa nzira uye anoda kuti vose vakasikwa nomufananidzo wake vadavire kurudo nokupa kwake munaJesu.

Kana uchida kuverenga zvakanwanda nezvechidzidzo ichi,kubva kumaonero akasiyana neavaCalvin,tarira

1. Gwaro rava Dale Moody,rinonzi Shoko rechokwadi "*the word of truth*,"Eerdmans,1981(pp.348-365)
2. Gwaro rava Howard Marshal,rinonzi kuchengetwa nesimba raMwari "*kept by the power of God*,"Bethany fellowship,1969
3. Gwaro rava Robert Shank,rinonzi hupenyu muMwanakomana "*life in the son*,"Westcott,1961

Bhaibheri ririkutaura nezvenyaya mbiri paruhwaro rwuno:(1)Kutora simbiso semvumo yokurarama hupenyu husina zvibereko,hwechindinindini(2)kukurudzira avo vanorwisana neushumiri pamwe nezvivi zvepauzima.Dambudziko nderekuti zvikwata zvevakanganisi zvirikutota shoko roukanganisi zvichiumba nzira yemaitiro yedzidziso yezvouMwari nemivaravara isina kuperera.Mamwe makristu anoda shoko resimbiso zvikuru,vamwewovanoda kutsiurwa zvakasimba !Iwe uri muchikwata chipi?

### NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):8:26-27

<sup>26</sup>Naizvozvo Mwera anobatiranawo nokusava nesimba kwedu;nokuti hatizivi kunyengetera zvakanwanda;asi Mwera amene anotinyengeterera nokugomera kusingataurwi;<sup>27</sup>Uyo anonzvera mwoyo,ndiye anoziva kufunga kweMwera,nokuti anonyengeterera vatsvene sezvinoda Mwari.

**8:26**"Saizvozvo" Izvi zvinobatanidza ushumiri hweMwera hwokunyengeterera ne"Kugomeranetariro" kunotaurwa mundima.18-25.



▣ **Mweya anobatiranawo**”Izwi zvinoreva zvirikutoitwa .Izwi rechiito iri rinemubatanidzwa muviri wezwi rokuti”*syn*”(cf.ndima.28)nerokuti”*anti*”.Shandurudzo yakanaka yaro ndeyokuti”kubatrana na.”Izwi iri rinowanikwa pano chete nemunaRuka.10:40.Mwari vatatu mumwe wose ndewe vatendi.Baba vakatuma Mwanakomana kuzofira vanhu(cf.Johani.3:16,uye ikozvino anotinyengeterera(cf.ndima.34;vaHebheru.7:25;9:24;1Johani.2:1).Mweya unoisa vatendi kuna Kristu pamwe nokuumba Kristu mavari(cf.UJohani.16:8-15).Zvisineyi,izwi rechiito riokuti”anobatiranawo”iro raireva kuti”kubatirana nemumwewo,”raireva kuti vatendi vane chokutia nokushandiswa kwerubatsiro rweMweya(kunyengeterera).

▣ **“Kusava nesimba”** Zita iri rinoshandiswa naPauro nenzira dzakawanda (BAGD,p.115).

1. Kusava nesimba kwepanyama kana kurwara, 2vaKorinde.11:30; 12:5,9,10; vaGaratiya.4:13; 1Timoti.5:23
2. Mamiriro emunhu,1vaKorinde.15:43;2vaKorinde.13:4
3. Chiumbiko che
  - a. Kutya,1vaKorinde.2:3
  - b. Mutongo,vaRoma .6:19
  - c. Kusava noruono rwechitendero,vaRoma.8:26

Izwi rechiito rinoshandiswa nenzira dakafanana.

1. Kusava nesimba kwepanyama,vaFiripi.2:26-27;2Timoti.4:20
2. Mamiriro evanhu,vaRoma.8:3;2vaKorinde.11:21;(tarira Mateu.8:17;mazwi aIsaya.53:4)
3. Chiumbiko che
  - a. Kusava nesimba pahunhu nechitendero,vaRoma.14:2;1vaKorinde.8:11-12
  - b. Kusava nesimba mukutenda,vaRoma.4:19;14:1
  - c. Kusava nehana yakasimba uye kutya,2vaKorinde.11:29

Rangarira kuti manyorerero ndiwo anopa gombedzero rechirevo chemazwi.Maduramazwi anongopa donongodzo yezvingarehwa nemazwi nemashandisirwo awo.

▣ **“Mweya anotinyengeterera nokugomera kusingataurwi”**Vatadzi vanogomera muutadzi hwavo uyeMweyaanovanyengeterera.Mweyaarimukatimeavovakadzikinurwaanovanyengeterera,pamwe naJesu uyo arikurudyirwaMwarianovanyengetererawo, (cf.ndima.27,34;vaHebheru.7:25;9:24;1Johani.2:1). Kunyengeterera uku kunopa mutendi samba rokunyengetera (cf.ndima.15;vaGaratiya.4:6). Muvaravara uno pamanyorerwo awo haurevi chipo chemweya chekutaura nendimi,asi kunyengeterera vatendi kunaBaba kweMweya.

<b>NASB,NRSV</b>	<b>“Kusingataurwi”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Kusingatauriki”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Kusinga tauriki nemazwi”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Kusingaisiki mumazwi”</b>

Izwi iri ndiro ndiro rinonyanyo shandiswa kureva “kutaura,” “mutauro”(cf.1vaKorinde.13:1) riine chitsvambe che”*ALPHA PRIVATE*.”Rinowanika pano chete mutestamende itsva.Chimwe chimiro chezwi.

- ▣ “Batiranawo” Tarira Nhourwa Inokosha : Mushandisirwo wemubatanidzwa wezwi rokuti ”*huper*” na Pauro pa 1:30.

**8:27 “Uyo anonzvera mwoyo”** Iri ndiro dingindira raidzokororwa mutestamende yekare (cf. 1 Samuuri. 2:7; 16:7; 1 Madzimambo. 8:39; 1 va Korinde. 28:9; 2 Makoronike. 6:30; Mapisare ma. 7:9; 44:21; Zvirevo. 15:11; 20:27; 21:2; Jeremiya. 11:20; 17:9-10; 20:12; Ruka. 16:15; Mabasa. 1:24; 15:8) Mwari anotiziva zvakare anoramba achitida (cf. Mapisare ma. 139).

- ▣ “Anoyengerera vatsvene” Mabasa eMweya akatsanangurwa zvakajeka muna Johani. 16:2-15. Rimwe racho nderekunyengerera. Izwi rokuti “vatsvene” rakagara richinyorwa riri muuwandu kunze kwemunava Firipi. 4:21 umo rinorevawo vatendi. Makristu ndidzo nhengo dzemhuri ya Mwari, muviri wa Kristu, tembere itsva iyo yakavakwa nomutendi woga woga pachake. Iyi ndiyo nengaidzo yezvidzidzo zvou Mwari inodiw kuundinidini hweavo vekumadokero (American). Tarira Nhourwa Inokosha: vatsvene pa 1:7.

### **NHAURWA INOKOSHA: HUMUNHU HWEMWEYA**

Mutestamende yekare “Mweya wa Mwari” (kureva, ruach) Waiva sImba raizadisa chinangwa cha Mwari ”YHWH,” asi hapana ruvheve runoratidza kuti waiva munhu (kureva, kutenda kuna Mwari mumwechete kwetestamende yekare” monotheism). Zvisineyi, mutestamende itsva hunhu hwakazara nohumunhu hweMweya hunodonogodzwa.

1. Anogona kumhurwa (cf. Mateu. 12:31; Mako. 3:29)
2. Anodzidzisa (cf. Ruka. 12:12; Johani. 14:26)
3. Anopupura (cf. Johani. 15:26)
4. Anobata nemhosva, kutungamira (cf. Johani. 16:7-15)
5. Anonzi ”ani” (kureva, hos) (cf. va Efeso. 1:14)
6. Anogona kutsamwiswa (cf. va Efeso. 4:30)
7. Anogona kupedzwa nyota (cf. 1 va Tesaronika. 5:19)

Zvinyorwa zvevanotenda Mwari vatatu mumwe zvinotaurawo nezve vanhu vatatu.

1. Mateu. 28:19
2. 2va Korinde. 13:14
3. 1Petirosi. 1:2

Mweya unesungano nezvinoitwa nevanhu.

1. Mabasa . 15:28
2. va Roma. 8:26
3. 1va Korinde. 12:11
4. va Efeso. 4:30

Basa reMweya rinotsanangurwa pakutanga kwaMabasa.Pendekositi yakanga isiri iyo kutanga kwekushanda kweMweya,asi yaiva chikamu chitsva .Jesu akagara aine Mweya.Kubhabhatidzwa kwake kwaisava kutanga kwekushanda kweMweya,asi kwaiva chikamu chitsva,Ruka anogadzirira kereke kuuya kwechikamu chitsva choushuri hunesimba.Jesu ndiye achiri rwadzera,Mweya ndiwo uchiri nzira chaiyo uye rudo rwaBaba, ruregerero nedzoreredzo yevanhu vose vakasikwa nemufananidzo,ndicho chinangwa !

**NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):8:28-30**

<sup>28</sup>Tinoziva kuti zvinhu zvose zvinobatirana kuti zviitire zvakanaka avo vanoda Mwari,avo vakadanwa sezvaakafunga. <sup>29</sup>Nokuti vaakaziva kare,ndivo vaakatemerawo kare,kuti vafanane nomufananidzo woMwanakomana wake,kuti ave dangwe pakati pehama zhinji; <sup>30</sup>avo vaakatamera kare,ndivo vaakadanawo;vaakadana ndivo vaakaruramisa,ndivo vaakakudzawo.

**8:28**”Tinoziva”Izwi rechiito rokuti(*oida*)rinowanikwa runa muchinyorwa chino.

1. Vatendi vanoziva kuti zvisikwa zvose zvinogomera(ndima.22)
2. Vatendi havagoni kunyengetera(ndima.26)
3. Baba vanonzvera mwoyo yevanhu pamwe nepfungwa dzeMweya(ndima.27)
4. Vatendi vanoziva kuti zvinhu zvose zvinobatirana basa rokuitira zvakanaka (ndima.28)



NASB,TCNT	“Mwari anoitisa zvinhu zvose”
NKJV,NRSV,NET	“Zvinhu zvose”
TEV,NIV	“Mwari anoshanda muzvinhu zvose”

Mubvunzo wechinyorwa ndounoti ko izwi rokuti”*Theos*”(kana”*Theon*”)rinobuda rungani mundima ino?Hakuna chimwewo chinyorwa chinesungano nemutsara wokuti”kune avo vanoda Mwari,”asi kune chimwewo chinesungano nomutsara wokuti”zvinhu zvose zvinobatirana kuti zviitire zvakanaka.”

1. Zvimwe zvinyorwa zvinowedzera mazwi okuti”*hoTheos*”pamberi pezwi rechiito,P<sup>46</sup>,A,B,81,Pamwewo nezvimwe zvinyorwa zvechi”*Coptic nechiEthopian*”.
2. Zvinyorwa zvizhiji hazvina mutsara uyu,N,C,D,F,G,nezvinyorwa zveshandurudzo yavaJerome”the vulgate” ne”*Peshiita,Armenian*”.UBS <sup>4</sup>inopa chipimo chepiri “B”(pedo nechokwadi).

Bhaibheri reNASB rinouyisa senzira yokuburitsa zviito zvouMwari .Zvinogoneka kuti kubva pamanyorero ai pano,humuiririri hweMweya hwakafovedzwa(cf.ndima 27;NEB,REB).



“**Kubatirana kuti zviitire zvakanaka**”Uyu mutsara unoreva zvirikuitwa.Uyu mumwe mubatanidzwa wezwi rokuti “*syn*”(cf.ndima.26).Naizvozvo zvinoreva kwazvo-kwzvo kuti”zvinhu zvose zvinoramba zvichibatirana mumushandirapamwe kuti zvitire zvakanaka.”Aya ndiwo mafungiro akaoma munyika inouipi nokutambudzika(Mabhuku anobarsira pachizidzo ichi ndeanoti;kunaka kwaMwari”*The Goodness Of God* “rakanyorwa naWenham naHannah

Whithall Smith;Zvakavanzika zvomukristu zvoupenyu hunemufaro”*The Christian’s Secret of aHappy Life*”).”Zvakanaka” pano zvinotsanangurwa mundima.29” sokutarisika somufananidzo weMwanakomana wake.”Kuva saKristu, kwete kupfuma,mbiri kana hutano,ndiro zano guru raMwari kumutendi woga woga.

- ▣ **“Avovanoda Mwari,avo vakadanwa sezvaanofunga”**Izvi zvirevanguva zviviri zvinoreva zvirikuitika.Izvi ndizvo zvimiro zviviri zvinoramba zvichibvumidza mutendi kuti atarise hupenyu,zvisineyi nemamiriro ahwo,nenzira yakanaka(cf.ndima.15).Tarisazve hunyambiri hwezvisungo zverusununguko rwemunhu(“rudo”)noutongo hwaMwari(“kudanwa”). Izvi rokuti “kufunga “maererano nezano raMwari nokusingaperi,rinowanikwa munavaRoma.9:11;vaEfeso.1:11;3:11;na 2Timoti.1:9.Mwari anezano rerudzikinuro nokusingaperi rwevatadzi.Tarira Nhaurwa Inokosha.Rerekero yemaonero evhangeri yaBob pa 1:5.

**8:29-30** Mazwi echiito ari mundima idzi ose anoreva zvakaitwa.Anoumba runjekete kubva kare kwenguva kusvika mberi-mberi.Mwari anotiziva ,anesu uye anoda kuti tive naye.Iri zibatapamwe ,kwete maonero emumwe pachake.Chiito chorubwinyo chokupedzisira chichiri muneremangwana,asi mumuonero ano chinodenengudzwa sechiitiko chakatozadziswa.

**8:29”Waakaziva kare”**Pauro anoshandisa izwi iri ruviri,pano nemuna 11:2.Muna 11:2 raireva rudo rwaMwari rwechisungo kuIsiraeri kare kare.Rangarira kuti izwi rokuti “ziva”munavaHebheru rinehochekeche noukama wepedo ,wepauzima,kwete tsanangudzo yangana(cf.Genesi.4:1;Jeremiya.1:5).Pano riri murunjekete rwezviitiko(cf.ndima.2-30).Izwi iri rinehochekeche nemuronga wehupenyu.Zvisineyi,zvinofanira kuzivikanwa kuti kuziva kare kwaMwari hausi hwaro hwekusarudzwa nokuti dai zvaiva saizvozvo,saka kusarudzwa kwevatadzi kwaida kuine hwaro hworudaviro rwemuneremangwana,uko kwaizova ,mabasa evanhu.Izwi iri rakawanikwawo munaMabsa.26:5;1Petirosi.1:2,20 na2Petirosi.3:17.

- ▣ **“kutemera kare”**Mazwi anoti”kuziva kare”(proginosko)kana “kutema kare”(proorizo)ose ndeemubatanidzwa nechirevamwene chokuti”kare”(pro)naizvozvo rinofanira kushandurudzwa richiti”kuziva kare,” “kutenhura miganho kare,” “kutara kare.” Muvaravara unonyatso tsanangura nezvekutemera kare uri mutestamende itsva munavaRoma.8:28-30;vaEfeso.1:3-14 navaRoma.9.Zviri pachena kuti zvinyorwa izvi zvinonyanyo tsanangura Mwari anotonga.Ari pamusoro pezvinhu zvose,kusanganisira nenhoroondo yevanhu.Pane zano rakarongwa kare rerudzikinuro rouMwari ririkuitwa mukati menguva.Zvisineyi,zano iri harisi roudzvanyiriri kana rusaruro.Harisi routongo kana kuziva kare kwaMwari,asi ndere hunhu hwake hwerudo,tsitsi nenyasha dzake dzisina makodzero,idzo dzisinga shanduki.

Tinofanira kuchenjerera tsika yedu youndinidini yekumavirira(American)kana huparidzi hwedu hwoupindikiti uhwo hunodzurudzuta chokwadi chinoshamisa kudai.Tinofanira kudzivirira kuti tisapesaniswa nekupokana panhoroondo nezvidzidzo zvouMwari pakati paAugustine na Pelegius kana Calvinism neArminianism.

Kutemera kare harisi gwara redzidziso rakaitirwa kugombedzera rudo,nyasha netsitsi dzaMwari kana kusiya vamwe pavhangeri.Rakaitirwa kusimbisa vatendi nokuumba maonero avo.Mwari

ndewevanhu vose(cf.Johani.3:16;1Timoti.2:4;2Petirosi.3:9).Mwari ari pamusoro pezvinhu zvose.Ndiyani kana chii chingati paradzanisa naye(cf.vaRoma.8:31-39)?Nzira yokutemera kare inoumba nzira imwe yenzira mbiri dzokutarisa hupenyu.Mwari anotarisa nhorondo yose muchimiro chezvirikuitika;vanhu vanosungwa nenguva.Maonero edu nendangariro dzedu zvine pazvinogumira.Hapana kupokana pakati poutongo hwaMwari nerusununguko rwevanhu.Hurongwa hwechisungo.Uyu ndiwo mumwe muenzaniso wechokwadi chemubhaibheri icho chakaburitswa nenzira yokukakavadzanisa maonero(Tarira Nhaurwa Inokosha :Zvinyorwa zvokumabvirazuva pa 3:27.Gwara rezvidzidzo zvebhaibheri zvinonyanyo turwa kubva kumaonero akasiyana –siyana.Kazhinji ,zvinowanzoratidza gangaidzo.Chokwadi inengaidzo pakati pemaonero maviri anopikisana.Hatifanire kubvisa gakava nokutora chokwadi chimwechete.Hatifanire kupambudza chero chipi chemubhaibheri tochiita nzira yohurongwa hwezvidzidzo zvouMwari chisina hochekeche nemaonero akajeka.

Zvinokosha kuwedzera kuti,chinangwa chousarudzwa harisi denga chete kana tafa,asi kuvasaKristu izvozvi(cf.vaEfeso.1:4;2:10)!Takasarudzwa kuti tive”vatsvene vasina zvivi.”Mwari anotisarudza kuti atishandure kuitira kuti vamwe vaone shanduko yedu vagova norudaviro nokutenda kwaari munaKristu.Nzira yokutemera kare haisi pundutso yepauzima asi ibasa rechisungo!

▣ **“Vafanane nomufananidzo woMwanakomana”**Ichi ndicho chokwadi chikuru chomuvaravara uno. Ichi ndicho chinangwa chouKristu (cf.8:9; 2vaKorinde.3:1, 18; vaGaratiya.4:19; vaEfeso.1:4; 2:10; 4:13; 1vaTesaronika.3:13; 4:3;1Petirosi.1:15). Hutsvene ndicho chido chaMwari kumutendi wose.Kusarudza kwaMwari ndiko kuva saKristu (cf.vaEfeso.1:4),kwete chimiro chinokosha. Mufananidzo waMwari uyo wakapihwa vanhu pakusikwa (cf.Genesi.1:26; 5:1,3;9:6) uri kuzodzoreredzwa (cf.vaKorose.3:10). Tarira chinyorwa pa8:21 neNhaurwa Inokosha: Kudanwa pa1:6.

▣ **“Kuti ave dangwe pakati pehama zhinji”**Muna Mapisarema.89:27”dangwe”izita roruremekedzo raMesiasi.Mutestamende yekare mwanakomana wedangwe aiva noukuru noruremekedzo.Izwi iri rakashandiswa munavaKorose.1:15kuratidza ukuru hwaJesu muzvisikwapamwe nemunavaKorose.1:18 naZvakazarurwa.1:5kuratidza ukuru hwaJesu mukumuka kuvakafa.Muchinyorwa chino vatendi vanoisa muukuru hwake kuburikidza naye! Izwi iri harirevi kuva zimukadzimu kwaJesu,asi rinoreva kuva kwake mutungamiri werudzi rutsva(cf.5:12-21),wokutanga mumutute mutute,muvambi wokutenda kwedu,rupandakova rwemakomborero aBaba kumhuri yokutenda! Tarira Nhaurwa Inokosha inotevera.

### **NHAURWA INOKOSHA :DANGWE**

Izwi rokuti”dangwe”(protokos)rinoshandiswa mubhaibheri nenzira dzakawanda .

1. Mumabviro aro mutestamende yekare rinoreva hukiuru hwemwanakomana wedangwe mumhuri(cf.Mapisarema.89:27;Ruka.2:7;vaRoma.8:29;vaHebheru.11:28)
2. Mushandisirwo waro munavaKorose.1:15 unotaura Jesu sedangwe rezvisikwa,izvo zvinogona kubvumurana nezviri munaZvirevo.8:22-31 mutestamende yakare kana mumiririri wezvisikwa waMwari(cf.Johani.1:3;1vaKorinde.8:6;vaKorose.1:15-16;vaHebheru.1:2)
3. Mushandisirwo waromunavaKorose.1:18;1vaKorinde.15:20(nepano)rinotaura Jesu sedangwe kuvakafa

4. Izita reruremekedzo raMesiasi remutestamende yekare (cf. Mapisarema. 89:27; vaHebheru. 1:6; 12:23). raiva zita roruremekedzo raibatanidza hukuru nokukosha kwaJesu. Tsanangudzo yetatu kana yechina ndidzo dzinonyatso fambirana nemaonero echinyorwa chino

**8:30”Vakakudzwa”**Mubhaibheri Mwari anonyanyo tsanangurwa achinzi “kubwinya, kukudzwa”. Izwi irir rakabva muizwi rezvekutengeserana raireva kuti “kurema” uye rinechirevo chokuti, kuva noukomba, sendarama. Tarira Nhairwa Inokosha pa 3:23. Pazvidzidzo zvouMwari, Mwari arikudzikinura vatadzi kuburikidza nezvidanho zvakawanda izvo zvakadonogodzwa mundima 29-30. Nhanho yokupedzisira ndirwo “rubwinyo.” Urwu ndirwo ruponeso rwevatendi rwakazara. Izvi zvichaitika nezuva rokumuka apo vachapihwa miviri yavo yeMweya mitsva (cf. 1vaKorinde. 15:50-58) pamwe nokubatanidzwa zvachose naMwari vatatu mumwe uye mumwe nomumwe (cf. 1vaTesaronika. 4:13-18; 1Johani. 3:2).

Kazhinji chiitiko chinorehwa mundima 29-30 chinosiswa mumipanda yezvidzidzo zvouMwari inoti.

1. Ruramiso, ndima. 30—kusunungurwa kubva muzvivi (kuitwa vana, vadyi venhaka, ndima. 16-17)
2. Yereso (kuitwa mutsvene) (kureva. “kufanana nomufananidzo weMwanakomana”), ndima. 29—kusunungurwa kubva musimba rezvivi (hupenyu hwekuva saKristu)
3. Rubwinyo, ndima. 30—kusunungurwa kubva mukuvapo kwezvivi (kureva., denga)

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 8:31-39**

<sup>31</sup>Zvino tichatiiko pazvinhu izvi? Kana Mwari achitirwira ndianiko achatirwisa?<sup>32</sup> Iye asina kurambira kunyange noMwanakomana wake, asi akamupa chose nokuda kwedu tose, angarega Seiko kutipawo zvole pamwechete naye?

<sup>33</sup> Ndianiko achakwirira vasanangurwa vaMwari? Mwari ndiye anoruramisa.<sup>34</sup> Ndianiko achavapa mhosva? Kristu Jesu ndiye akafa, zvikuru ndiye akamutswa kuvakafa, ari kurudyi rwaMwari, anotinyengeterawo.<sup>35</sup> Ndianiko achatiparadzanisa norudo rwaKristu? kutambudzika kana nhamo, kana kuvengwa, kana nzara, kana kushayiwa zvokufuka, kana njodzi, kana munondo here?<sup>36</sup> Sezvazvakanyorwa, zvichinzi, “Nokuda kwenyu tinourawa zuva rose; Takanzi tiri makwai anobayiwa.”

<sup>37</sup> Kwete, pazvinhu izvi zvole tiri vakundi nokupfuurisa naiye wakatida.<sup>38</sup> Nokuti ndinoziva kwazvo kuti kunyange rufu, kana upenyu, kana vatumba, kana vakuru, kana zvazvino, kana zvinouya, kana masimba,<sup>39</sup> kana kwakakwirira, kana kwakadzika, kana chinhu chimwe chakasikwa, hazvingagoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari, rwuri munaKristu Jesu, Ishe wedu.

**8:31”Zvino tichatiiko pazvinhu izvi”**Uyu waiva mutsara waifarirwa naPauro panzira yake yokutura yemubvunzo-mhindu (cf. 3:5; 4:1; 6:1; 7:7; 9:14, 30). Mubvunzo uyu unehochekoche nechokwadi chambotaurwa kare. Hazvinyatso zivikanwi kuti zvinoreva kare kariini. Zvinogona kureva 3:21—31 kana 8:1 kana 8:18. Nokuda kwokushandiswa kwezwi rokuti “naizvozvo” muna 8:1 nezviri muchinyorwa, 8:18 zvinogona kuva fungidziro yakanaka.

- ▣ **“Kana”**Uyu mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamaonero nemafungiro emunyori.Chinoshamisa ndechekuti pakurwisana kwose kwatinoita nezvivi ,Mwari anesu!
- ▣ **“Ndianiko achatirwisa”**Izwi rine sungano nezita rokuti”ndiani”rinodzokororwa mundima.33.34,35.Rinoreva Satani(uyo asina kutaurwa nezita kusvika pana 16:20).Ndima ino,kubva pa 31-39,irikushandisa munyorero wetestamende yekare wemaPorofita,wemhosva iri mudare(cf.Mika.1,6).Mwari”YHWH”anoisa vanhu vake mudare nemhosva yokupombora pamweya.Zvinofambirana nezviri muna Isaya.50:8-9.  
Ona mazwi emutemo :”achatirwisa,”ndima.31;”kwirira,”ndima.33;”ruramisa,”ndima.33;”kupa mhosva,”ndima .34;no”kunyengerera,”ndima.34.Mwari ndiye mitongi.Jesu ndiye gweta romusungwa.Satani ndiye muchuchisi(asi akanyarara).Ngirozi dzinozadza dare sevayeve(cf.1vaKorinde.4:9;vaEfeso.2:7;3:10).

**8:32”iye asina kurambira chero noMwanakomana wake”** Mwari Baba akapa vatadzi zvake zvose.hangazosiyi vatendi nhasi kana kuvapa zvishoma (cf.Johani.3:16;vaRoma.5:8).Pane kupesana kwakadini pakati paMwari anegodo wetestamende yekare naJesusu anerudo! Ichi chipo chepamusoro soro chinoonekwa kunezvakataurwa naMwari kunaAbhurahamu munaGenesi.22:12,16. Vadzidzisi vechiJudha vakashandisa muvaravara uyu kutsigira gwara redzidziso yezodzo yerutsivo kuzvibereko zvaAbhurahamu.

- ▣ **“Asi akamupa chose nokuda kwedu”**Izwi rokuti “kwedu”muchinyorwa chino rinokosha .Jesusu akafira zvivi zvenyika (cf.Ruka.2:10-11;Johani.3:16; 4:42;11:51; 1Timoti.4:10; 1Johani.2:2;4:14). Rinoburitsa ringanidzo yaAdhamu naKristu yemuna5:12-21. Rufu rwaJesusu rwakagadzirisa dambudziko rezvivi.Iko zvino rava dambudziko roku”tenda nokugamuchira “.
- ▣ **“Kutipawo zvose”**Iri izwi rechiito rine mabviro echiGiriki okureva kuti nyasha.”Zvose”zvinoreva zviri mundima.17.Tarira chinyorwa pa 3:24.

**8:33-34 “kwirira...ruramisa....kupa mhosva...kunyengerera”** Ose aya mazwi emutemo.Ndima 31-39 dzinopa chimiro chedare kudenga.Izvi zvinogona kunge zvichitsigirana naIsaya.50:8-9.

**8:33 “Vasanangurwa vaMwari”** Jesu musanangurwa waMwari kuvanhu vose(Barth).Muvaravara wakajeka uye wakakwana uri pamusoro pechokwadi ichi ,mutestamende itsva ndivaEfeso.1:3-4 navaRoma.9:14-26.Baba vakasarudza Jesu senzira yokusarudza vanhu vose.Jesu ndiye “rubvumo”rwaMwari kuku”ramba “kwevatadzi!

**NHAURWA INOKOSHA : SANANGURO/KUZIVA KARE NOKUDIWA KWENENGAIDZO YEZVIDZIDZO ZVOUMWARI**

Sananguro igwara redzidziso rinoshamisa. Zvisineyi,harusi rudaidzo rwechizivano,asi rudaidzo rwokuva rupandakova,chombokana nzira yerudzikinuro rwevamwe!Mutestamende yekare ,izwi iri raishandiswa kureva ushumiri;mutestamende itsva rinoshandiswa kureva ruponeso runobva muushumiri.Bhaibheri harina kumbobvira rasanganisa izvo zvinoita sokupokana pakati poutongo hwaMwari nokusununguka kwevanhu,asi rinotsigira

zvose!mufananidzo wakanaka wemubhaibheri webokano ndeuri munavaRoma.9 pamusoro pesarudzo youtongo hwaMwari navaRoma.10 pamusoro perudaviro rwevanhu(cf.10:11,13).

Shanguriro yebokano rezvidzidzo zvouMwari izvi ingangowanikwa munavaEfeso.1:4.Jesu ndiye musanangurwa waMwari uye vamwe vose vanogona kusanangurwa maari(Karl Barth).Jesu ndiye “rubvumo”rwaMwari kune zvinodiwa nevatadzi(Karl Barth).VaEfeso.1:4 inobatsira kujekesa kuti chinangwa chenzira yokuziva kare hachisiri denga,asi hutsvene(kuvasaKristu).Tinonyanyo kwezviwa nechouviri chinobva muvhangeri tichikanganwa basa rinoda kuitwa!rudaidzo rwaMwari(sananguro)ndeye nguva ino uye nokusingaperi!

Makwara edzidziso anouya ainehochekeche nezvokwadi ,kwete seimwe isina hochekeche yezvokwadi.Ringanidzo yakanaka ingangova yedzana renzou maringe nenyredzi imwe.Mwari anotura chokwadi mumanyorero ekumabvirazuva kwete ekumadokero.Hatifanire kubvisa kupokana kunokonzerwa nenzira yekutura chokwadi yokukakavadzanisa maonero(gangaidzo)egwara redzidziso yechokwadi:

1. Nzira yokuziva kare maringe nerusununguko rwevanhu
2. Kudzivirirwa kwevatendi maringe nokudiwa kwokutsungirira
3. Zvivi zvemabviro maringe nezvivi zvokuzviitira
4. Kusava nezvivi (kugona)maringe nokudarika zvishoma
5. Kururamiswa nokuitwamutsvene(yereso)kwechimbi chimbi maringe neziendanberi rokuitwa mutsvene
6. Rusununguko rwechiKristu maringe nebasa rechiKristu
7. Kusava namagumo kwaMwari maringe nokuvamukuru kwake
8. Kusazivikanwa zvachose kwaMwari maringe nokuzivikanwa kwake mushoko
9. Kuvapo kwoutongo hwaMwari maringe nekumunyungirwa muneremangwana
10. Rupinduko sechipo chaMwari maringe nekudiwa kwerupinduko serudaviro rwevanhu kurupinduko
11. Jesu semutsvene maringe naJesu semunhu
12. Jesu akaenzana nababa maringe naJesu anoshumira baba

Pfungwa yezvidzidzo zvouMwari ye”chisungo”inobatanidza hutonga hwaMwari(uyo anogaro parura nokutenhura nyaya)netsigiro yokutanga pamwe neziendamberi rworupinduko,rudaviro rwokutendakubva kuvanhu.Ngwarira kuvakwa kweumbo hwedivi rimwe regangaidzo nokuderedzerwa kwerimwe!Ngwarira kutsigira gwara redzidziso raunofarira kana nzira yezvidzidzo zvouMwari!

**8:34** Ndima iyi ino donongodza zvikonzero zvakananda zvinoitisa kuti pasava noku”pihwa mhosva”(cf.ndima.1).

1. Akafa
2. Akamutswa
3. Arikurudyi rwaMwari
4. Anonyengeterera vatendi

Rufu rwaJesu rwakaripira murango wezvivi zvedu(Isaya.53; Mako.10:45; 2vaKorinde.5:21). Kumuka kuvakafa kwaJesu kwakaraidza kugamuchira kwababa,ushumiri hweMwanakomana uye kunopa tariro (zvibereko zvokutanga zveavo vakarara) pakutambudzwa nokufa.Kukudzwa kwaJesu kurudyi rwaBaba nokunyengeterera vatendi, kunovapa kurudziro yokurwa kurwa kwakanaka kwokutenda.



▣ **“Kurudyi rwaMwari”**Ichi chibhende chokutsanangura Mwari somunhu(Tarira nhaurwa Inokosha pa 1:18).Mwari haana muviri wenyama.Iye Mweya.Chibhende ichi chinotaura nezve nzvimbo yesimba,masimba noukuru.Pauro haanyanyo shandisa mutauriro uyu(cf.vaEfeso.1:20;vaKorose.3:1).Pauro anogona kunge aitara mazwi kubva pamhiko dzkare dzechKristu mundima.34(cf.vaFiripi.2:6ff;1Timoti.3:16).

▣ **“Anonyengeterera”**Ushumiri hwaJesu hunoenda mberi.Jesu anotinyengeterera(cf.vaHebheru.4:4-16;7:25;9:24;1Johani.2:1)sezvinoita Mweya(ndima.26-27).Izvi zvinobva paizwi rokuti *“paraclete,”*iro rinoshandiswa kureva Mweya munaJohani.14:16 uye nokureva Mwanakomana muna1Johani.2:1.Uhwi ndihwo humwe hutsigiri hwerwiyoro rwemuranda anotambura(cf.Isaya.53:12).

**8:35”Rudo rwaKristu”**Ichi chivakamutauro chinogona kuva nemonongedzo wepauzima kana munongedzo wakapangama.Zvinogona kuva (1)rudo rwaKristu kuvatendi kana (2)rudo rwevatendi kunaKristu.tsanangudzo yokutanga ndiyo inofambirana nemaonero echinyorwa chino(uye 2vaKorinde.5:14)nokuti rudo rwevatendi kuna Kristu runouya ruchienda,asi rudo rwaKristu kwatiri runechokwadi uye rwakaterama.Pane chimwewo chinyorwa chechiGiriki chinofambirana nemutsara uyu.

1. Chimwe chinyorwa chechiGiriki chekare chinti”rudo rwaMwari”(cf.MS N).
2. Chimwe chinyorwa chechiGiriki chinovabatanidza vose,”rudo rwaMwari naKristu”(cf.MS B).
3. Vaongorori vemagwaro veUBS<sup>4</sup> vanopa kuti”rudo rwaKristu”chipimo chokutanga “A”(chokwadi).Kutaura uku kunowanikwa muMSS C,D,F,G,nezvinyorwa zvizhinji zvemutauro we*Latin, the vulgate and peshiita.*

▣ **“Kutambudzika,kana nhamo,kana kuvengwa”**MaKristu achava nematambudziko munyika ino,asi hapana kana rimwe rematambudziko aya kana samba rouipi ringava paradzanisa naMwari.Tarira Nhaurwa Inokosha:Matambudziko pa5:3.

**8:36** Aya mazwi akatorwa kubva munaMapisarema.44:22.MuMapisarema aya Mwari anodanwa kuti asunungure vanhu vake varikutambura.

**8:37**

NASB	“Pazvinhu izvi zvose tiri vakundi nokupfuurisa”
NKJV	“Izvozvo pazvinhu izvi zvose tiri vakundi nokupfuurisa”
NRSV	“Kwete pazvinhu izvi zvose tiri vakundi nokupfuurisa”
TEV	“Kwete pazvinhu izvi zvose tinokukunda kwakazara nokuda kwake”
NJB	“Iyi ndiyo miedzo iyo nokuda kwayo tinowana kukunda”

Iyi yaiva nzira yakanyeketedzwa yeizwi rokuti”kukunda.”Pauro anofanira kunge akaita izwi iri(*huper +nikao*).Uyu musanganiswa wechibhende unoshamisa ,”kukunda makwayi.”Vatendi vakundi kuburikidza naKristu(cf.Johani.16:33;1Johani.2:13-14;4:4;5:4).Tarira Nhaurwa Inokosha:kushandiswa kwemibatanidzwa yezwi rokuti *huper* naPauro pa 1:30.

▣ “Naiye wakatida”Iri izwi rinesungano nezita rinogona kureva Baba kana Mwanakomana.

**8:38”Ndinoziva kwazvo”**Izvi zvinoreva kuitirwa kuneziendamberi.

- ▣ **“Ngirozi”**Vadzidzisi vechiJudha vaifunga kiti ngirozi dzaiva negodo pamusoro pedondekaro nerudo rwaMwari kuvanhu uye naizvozvo vaisadzifarira .Vadzidzisi venhema vaitiwo ruponeso rwunowanikwa kuburikidza neruzivo rwezvakavanzika izvo zviri munharaunda dzengirozi dzisakarurama”*eons*”(cf.vaKorose nevaEfeso).  
vaGeorge Ladd vanepfupiso yakanaka yemazwi anoshandiswa naPauro kureva ngirozi mugwaro ravo rinonzi;Zvidzidzo zvouMwari zvetestamende itsva “*A Theology of the New Testament*”:  
“Pauro haarevi chete ngirozi dzakanaka nedzisakarurama,kunaSatani uye madhimoni;anoshandisa chimwe chikwata chemazwi kunan’anura mweya yengirozi.Mazwi acho ndeanotevera  
‘kutonga’ [*arche*], 1vaKorinde.15:24;vaEfeso.1:21;vaKorose.2:10  
‘vatongi’ [*archai*;RSV, ”Vakuru’], vaEfeso.3:10;6:12;vaKorose.1:16;2:15;vaRoma.8:38)  
‘Simba’ [*exousia*], 1vaKorinde.15:24;vaEfeso.1:21;vaKorose.2:10  
‘Vamasimba’ [*exousiai*;RSV, ”Vamasimba”], vaEfeso.3:10;6:12;vaKorose.1:16;2:15  
‘Simba’ [*dynamis*], 1vaKorinde.15:24;vaEfeso.1:21  
‘masimba’ [*dynameis*], vaRoma.8:38  
‘Zvigaro’ [*thronoi*], vaKorose.1:16  
‘hushe’ [*kyriotes*,RSV, ”Utongo”], vaEfeso.1:21  
‘Voushe’ [*kyriotetes*], vaKorose.1:16  
‘madzishe enyika erima rino,’ vaEfeso.6:12  
‘Mweya yakaipa yedenga,’ vaEfeso.6:12  
‘Simba rerima,’ vaKorose.1:13  
‘Namazita ose anorehwa,’ vaEfeso.1:21  
‘Vari kudenga,vari panyika,navari pasi penyika,’ vaFiripi.2:10”(p.401).

Hauna humboo hunobatika hwemubhaibheri pamusoro pokuti ngirozi dzakatadza dzemutestamende yekare dzine hukama hupi nemadhimoni emutestamende itsva.Vazhinji vane mufungo wokuti zvakafanana.Zvisineyi,muzvidzidzo zvekupradzwa zvechiJudha ;madhimoni ndiwo mweya wevanhu vaive nesimba vaine mukurumbira vakare(*Nephilim*) vemunaGenesi.6,avo vaiti chimwe chikamu munhu chimwe iri ngirozi.Miviri yavo yakaparadzwa nemafashamu,naizvozvo varikutsvaga miviri!.Iyi inongova fungidziro.Bhaibheri hari pindure mibvunzo yedu yose iri maererano nemavambo.Chinangwa charo uvanhu ndecherudzikinuro kwete shungu dzavo!

- ▣ **“Vakuru...masimba”**Izvi zvinoreva (1)ngirozi dzisakarurama kana masimba emadhimoni enguva ino(cf.vaEfeso.2:2;6:12;1vaKorinde.15:24;vakorose.1:16) kana (2)Zvinogona kureva hurongwa husiri hwepauzima hwenyika inoutadzi(chitendero,hurumende,dzidzo,mishonga,nezvimwewo.)uhwo hunobvimira vanhu kuti vasave nechekuita naMwari(cf.Hendrickus Berkhoff,*principalities and Powers*).Tarira chinyorwa pa 13:1.

## **NHAURWA INOKOSHA: ARCHE**

Izwi rokuti “matunhu” ndiro rinonzi ”*arche*” mururimi rwechiGiriki, umo rinoreva kuti “kutanga” kana “mavambo” echinhu.

1. Kutanga kw ehurongwa hwezvisikwa (cf. Johani. 1:1; 1 Johani. 1:1; vaHebheru. 1:10)
2. Kutanga kwevhangeri (cf. Mako. 1:1; vaFiripi. 4:15; 2va Tesaronika. 2:13; vaHebheru. 2:3)
3. Vapupuri vakaona nameso vokutanga (cf. Ruka. 1:2)
4. Zviratidzo zvokutanga (mashura, cf. Johani. 2:11)
5. Misimboti yokutanga (cf. vaHebheru. 5:12)
6. Simbiso dzekutanga dzine hwaro hwezvokwadi yevhangeri (cf. vaHebheru. 3:14)
7. Kutanga ,vaKorose. 1:18; Zvakazarurwa. 3:14

Rakashandiswa wo kureva “hutongo” kana “simba”

1. Revashandi vehurumende
  - a. Ruka. 12:11
  - b. Ruka. 20:20
  - c. vaRoma. 13:3; Tito. 3:1
2. Simba rengirozi
  - a. vaRoma. 8:38
  - b. 1vaKorinde. 15:24
  - c. vaEfeso. 1:21; 3:10; 6:12
  - d. vaKorose. 1:16; 2:10, 15
  - e. Judhasi. ndima. 6

Vadzidzi venhema ava vanoshora samba rose ,repanyika nere kudenga. Vatendi vanounharadada. Vanozviiisa pamusoro paMwari, ngirozi, vatungamiri vepanyika, nevatungamiri vekereke; ivo nezvido zvavo.

**8:39”kwakakwirira kana kwakadzika”**Aya mazwi aishandiswa kureva ruvandarikwa nerugumwe rwenyeredzi. Idzo dzaitendwa kuti dzaiva zvimwari zvaumbura hupenyu hwevanhu (zvidzidzo zveuzuru). Rakazovawo izwi rokutsanangura zvidzidzo zvechimwewo chitendero chenhema (*Gnosticism*) kureva nhanho dzoungirozi (*eons*) pakati pamwari mutsvene namwari uyo aiva wezvivi

- ▣ **“Kana chimwewo chinhu chakasikwa”** Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo “chisikwa chorumwe rudzi” (*heteros*). Manyorerwo akaitwa anoratidza kuda kureva kuti uyu ndiwo mumwe munongedzo wesimba roungirozi. Musiyano pakati pechirevamwene chechiGiriki” *heterosi*,” chimwe chorumwe rudzi, ne” *allos*,” chimwe chorudzi rumwecheterwo, mitsara iyi yakanga isisa shandiswe mururimi rwechiGiriki, asi chinyorwa chino chinongoratidza musiyano wayo.
- ▣ **“Kana ...kana... hazvingagoni kutiparadzanisa nerudo rwaMwari”** Uyu mutsara mukuru kwazvo wesimbiso. Chikamu chino chinotanga nokusa pihwa mhosva chichipera nokusaparadzaniswa. Hapana angatora ruponeso rwemutendi. Zvisineyi munhu anofanira kudavira pakutanga (cf. 3:21-31) uye nokuenda mberi (cf. Zvikamu. 4-8). Mweya ndiwo rushanguriro, asi pane chimiso chemvumo yerudaviro rwechisungo. Rupinduko pamwe nokutenda ndizvo zvinodiwa (cf. Mako. 1:15; Mabasa. 3:16, 19; 20:21), sekudiwa kunoitwa kuteerera nokutsungirira!

## MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko chikamu 8 chinehochekeche ipi nechikamu 7?
2. Kana pasina kupihwa mhosva o zvivi zvinobateyi muupenyu hwemutendi?
3. Ko Mweya here kana Jesu anogara muvatendi (ndima.9)?
4. Ko mamiriro enyika akakanganiswa zvakadii nezvivi zvevanhu (ndima.19-22)? Ko iwo mamiriro enyika achavawo chikamu chedengawo here (Isaya.11:6-10)?
5. Ko Mweya unotinyengeterera sei (ndima.26-27)? Izvi zvinorevawo “kutaura nendimi here”?
6. Ko bhaibheri rinoreveyi kana richiti zvinhu zvose zvinoshanda kuitira zvakakanaka munyika inouipi hwakadai (ndima.28)? denengudza zvinoreva kuti “zvakakanaka” (ndima.29).
7. Sei kuitwa mutsvene kwakasiwa murunjekete rwezviitiko zvezvidzidzo zvouMwari mundima.30?
8. Sei ndima .31-39 dzichinzi dzinopa chimiro chedare?
9. Donongodza zvinhu zvina zvinotaurwa mundima.34 pamusoro paJesu.

# VAROMA 9

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Sarudzo yaMwari 9:1-5	Kuramba Jesu 9:1-5	Dambudziko rokusatenda kweIsiraeri 9:1-5	Mwari nevanhu vake 9:1-5	Zvipiwa zveIsiraeri 9:1-5
9:6-13	Kuramba kweIsiraeri nechinangwa chaMwari 9:6-13	Vimbiso yaMwari kuIsiraeri haina kukoneka 9:6-13	9:6-13	Mwari akachengeta vimbiso yake 9:6-13
9:14-18	Kuramba kweIsiraeri neruenzaniso rwaMwari 9:14-18	Kodzero yaMwari yokusarudza 9:14-18	9:14-18	Mwari haadzvanyiriri 9:14-18
Kutsamwa netsitsi dza Mwari 9:19:25		9:19-26	Hasha netsitsi dzaMwari 9:19-21	9:19-21
Isiraeri ne Vhangeri 9:30-10:4	Chimiro chazvino cheIsiraeri 9:30-33	Kururama chaiko ndekwekutenda 9:30-10:4	Isiraeri neVhangeri 9:30-10:4	9:30-33

## MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)

### ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyori, Ndiyo zve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

## **HOCHEKOCHÉ YEZVIKAMU 9—11 KUZVIKAMU 1—8**

- A. Kune nzira mbiri dzekunzwisisa hochekeche yebande rechinyorwa rino kuzvikamu 1—8.
1. Iyi inhourwa yakazvimirira.chitsauko chezvidzidzo zvouMwari
    - a. Pane musiyano mukuru uye nokusavapo kwehochekeche yemuronga wemaonero pakati pechikamu.8:39 ne9:1.
    - b. Zvinechekuita kwazvo kwazvo nenhoroondo yemakakatanwa mukereke yekuRoma pakati pevatendi vechiJudha nevatendi vechiHedheni.Izvo zvaigona kunge zvinechekuita nekuwanda kwevatungamiri vevatendi vechiHedheni mukereke.
    - c. Kwaiva nokusanzwisisa pamusoro pemharidzo yaPauro iyo yaiva maererano neIsiraeri(nomurayiro)pamwe nohupositori kuvaHedheni(pfupiro yenyasha dzoungopihwawo),naizvozvo anobata nhourwa iyi muchikamu chino.
  2. Ndiyo nhengatanga yemhendero youtura vhangeri kunoitwa naPauro.
    - a. Pauro anopeta chikamu 8 nevimbiso yokuti “hapana kuparadzani swa nerudo rwaMwari”Ko kusatenda wevanhu vechisungo?
    - b. vaRoma 9-11 dzinopinduro yegangaidzo revhangeri iro rinechekuita nekusatenda weIsiraeri
    - c. Pauro anga achitaura nezvenyaya iyi mutsamba yae yose(cf.1:3,16;3:21,31 na4:1ff).
    - d. Pauro anoti Mwari ndewechokwadi kushoko rake.Ko shoo rake uIsiraeri remutestamende yekare?kuti vimbiso dzose idzodzo hadzirevi chinhu uye matemhe here?
- B. Pane nzira dzakawanda dzokudonongodza muraudzo wechinyorwa uyu
1. Nokushandiswa kunoitwa naPauro mupikisi wefungindziro(mubvunzo-mhindu)
    - a. 9:6
    - b. 9:14
    - c. 9:19
    - d. 9:30
    - e. 11:1
    - f. 11:11
  2. VaRoma.9-11 dzinoumba muraudzo wechinyorwa (batsanuro rechikamu nendima harina kutuswa neMweya uye dzakatozo wedzerwa pava paya).Chinofanira kupirikirwa sechinhu chimwe chakazara.Zvisineyi pane batsanuro rezvidzidzo zvikuru zvitatu.
    - a. 9:1-29(dzakanangana noutongo hwaMwari)
    - b. 9:30-10:21(dzakanangana norudaviro rwevanhu)

- c. 11:1-32(zibatakose nokusingaperi rwechinangwa cherudzikinuro chaMwari)
- 3. Nenhaurwa huru:donongodzo yakanaka yechidimbu chino chevaRoma inowanikwa mubatsanuro reganhuro yeNKJV yetsikiso yavaThomas Nelson
  - a. Kuramba Kristu kweIsiraeri,9:1-5
  - b. Kuramba chinangwa chaMwari kweIsiraeri ,9:6-13
  - c. Kuramba ruenzaniso rwaMwari kweIsiraeri,9:14-29
  - d. Chimiro cheIsiraeri chazvino,9:30-33
  - e. Isiraeri nevhangeri,10:1-13
  - f. Kuramba vhangeri kweIsiraeri,10:14-21
  - g. Kuramba kweIsiraeri hakuna bwerengedzo,11:1-10
  - h. Kuramba kweIsiraeri hakusi chipereredzo,11:11-36

C. Chidimbu chinongova shungu dzemwoyo seruturowo runobva mupfungwa(donongodzo yeurongwa hwendangariro).Jekenyedza racho rinounza ndangariro dzokurwadziwa kwemwoyo waMwari pamusoro pokupanduka kwaIsiraeri munaHosea.11:1-4,8-9.

Nenzira dzakawanda marwadzo nekunaka kwemurayiro muchikamu.7 kunofambirana nezvikamu.9-10.

Panyaya dzose mbiri idzi,Pauro airwadziwa mumwoyo pamusoro pekushaya shumo kwemurayiro unobva kuna Mwari uyo wakaunza rufu kunze kweupenyu!

D. Kushandiswa kunoitwa naPauro mashoko emutestamende yekarerunopfuura makumi maviri neshanu[25] muzvikamu.9-11 kunoratidza chido chake chokutsinhidzira gangaidzo reIsiraeri kubva kuzvinyorwa zvetestamende yekare ,sezvaakaita muchikamu.4,kwete sezvirikutongoitika.Ruzhinji rwevana venyama vaAbhurahamu vakanga varamba Mwari,cheru kareko(cf.Mabasa.7;Nehemiya.9).

E. Chinyorwa chino savaEfeso.1:3-14,chinobata nyaya zvinangwa zvaMwari nokusingaperi zvorudzikinuro rwake kuvanhu vose.Pakutanga zvinooneka sokuti Mwari anosarudza vamwe vanhu achiramba vamwe(kutenda kusarudzo yakaitwa kare,"*supralapsarian Calvinism*"),zvisineyi,ini ndinofunga kuti izvi hazvina kunangana nemunhu pazima ,asi nehurongwa hwaMwari hwerudzikinuro nokusingaperi(cf.Genesi.3:15;12:3;Mabasa.2:23;3:18;4:28 na13:29,Tarira Nhaurwa Inokosha pa 8:28).

Tsoropodzo yebhaibheri yeJerome"*The Jerome Biblical Commentary,vol.2*,"Testamendeitsva ,“yakapepetwa navaJoseph.A.Fitzmyer nava Raymond E.Brown, inoti

“zvinokoshakuziva kuti maonero aPauro ndezibatakose ;haasiri kuita nhaurirano pamusoro porudaviro rwemunhu pazima .Kana achiita souti anonunza nyaya yokuziva kare kwouMwari,izvi hazvina chokuita nokuzivirwa kare kwevanhu pazima kurubwinyo”(p.318).

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWECHIKAMU 9**

A. Shanduko yemafungiro huru yakadai iyo inoitika pakati pechikamu 8 nechikamu 9.

- B. Muraudzo wechinyorwa (9-11) pazvidzidzo zvouMwari unobata nyaya ye
1. Hwaro hweruponeso
  2. Chinangwa chesarudzo yaMwari
  3. Kusava norutendo kweIsiraeri isingatendi maringe nokutendeseka kwaMwari “YHWH”
  4. Kubatanidzwa kwevanhu vose murudzikinuro rwaJesu
- C. Chikamu.9 ndiyo imwe yemivaravara yakasimba iyo inotaura pamusoro peutongo hwaMwari(kureva.,humwe hunhu hwake,vaEfeso.1:3-14)ukuwo chikamu 10 chinodzokorora kudenengudza zvakajeka rusununguko rwevanhu(cf. “munhu wose”ndima.4; “ani zvake”ndima.11,13; “vose”ndima.12[ruviri]).Pauro haaedzi kuwadhanisa bokano rezvidzidzo zvouMwari iri.Zvose ndezve chokwadi!Makwara edzedzidziso dzebhaibheri mazhinji anoturwa nenzira yegangaidzo kana yemanyambiri anokakavadzana.Mhando zhinji dzedzidziso dzezvouMwari dzine hurongwa hwemafungiro,asi dzinoronda nzira imwechete yechikwadi chemubhaibheri.Ose maonero aAugustine naCalvin maringe nemamwe maonero aPelagia na Arminia anezvimwewo zvechokwadi nemhosho.Bokano rebhaibheri pakati pemakwara edzidziso inerutsigiro rwezvinyorwa zvakaongororwa,pfungwa dzepfirapo,pfungwa dzakajeka,mhando dzedzidzo dzezvouMwari idzo dzinomanikidzira bhaibheri muupirikiri emurangariro wadzo!Tarira Nhaurwa Inoksha :zvinyorwa zvekumabvira zuva pa 3:27.
- D. 9:30-33 ndiyo pfupiso yechikamu 9 uye ndiyozve dingindira rechikamu 10.
- E. Tarira uone kuti Pauro anoshandisa sei zvinyorwa zve mutestamende yekare pakuumba doritori rake.Izvi zvinopa fungidziro yevaverengi vechiJudha muRoma.
1. Ndimu.7—Genesi.21:12
  2. Ndimu.9—Genesi.18:10,14
  3. Ndimu.12—Genesi.25:32
  4. Ndimu.13—Maraki.1:2-3
  5. Ndimu.15—Ekirodho.33:19
  6. Ndimu.17—Ekirodho.9:16
  7. Ndimu.25—Hosea.2:23
  8. Ndimu.26—Hosea.1:10
  9. Ndimu.27—Isaya.10:22
  10. Ndimu.28—Isaya.10:23
  11. Ndimu.29—Isaya.1:9
  12. Ndimu.33—Isaya.28:16 na8:14
- Kune zvimwewo zvinyorwa zvakatorwa mutestamende yekare muzvikamu 19 na11!



## ZVIDZIDZO ZVEMAZWI NEMITSARA

### **NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):9:1-5**

<sup>1</sup>Ndinotaura zvirokwazvo muna Kristu,handirevi nhema,hana yangu ichindipupurira muMweya Mutsvene,<sup>2</sup>kuti ndine shungu kwazvo nokuchema kusingaperi mumwoyo mangu.<sup>3</sup>Nokuti ndaida kuti ini ndimene ndive munhu akatukwa ,akaparadzaniswa naKristu nokuda kwehama dzangu,ivo vorudzi rwangu panyama;<sup>4</sup>ndivo vaSiraeri;kuva vana, nokubwinya, nesungano,nokupiwa murayiro,nokunamata Mwari,nezvipikirwa,nde zvavo;<sup>5</sup>madzibaba ndaavo,naKristu akabva kwavari panyama,ari pamusoro pavose,Mwari anokudzwa nokusingaperi.Ameni

**9:1-2** Ndimba 1na 2 dzinoumba mutsara mumwechete mururimi rwechiGiriki.Pauro arikupa zvikonzero zvakawanda zvokuti ivo (vekereke yekuRoma )vazive kuti aitura chokwadi.

1. Humwe hwake naKristu,ndima 1
2. Murangariro wake uyo unotungamirwa noMweya,ndima.1
3. Shungu dzake dzakadzma kuSiraeri,ndima.2

**9:1** “Ndinotaura zvirokwazvo munaKristu,handirevi nhema” Pauro aiwanzo shandisa mutauriro uyu senzira yokuratidza chokwadi chake(cf.2vaKorinde.11:10;vaGaratiya.1:20;1Timoti.2:7)kana mamwe anofanana neiwaya achireva Mwari sechapupu chake (cf.vaRoma. 1:9; 2vaKorinde. 1:23; 11:31; vaFiripi.1:8; 1vaTesaronia. 2:5,10). Yaiva nzira yake yokureva zvokwadi yedzidziso nemharidzo yake.Zvakaitika munzira yokuenda kuDhamasiko zvakashanduro zvinhu zvose!

☐ **“Hana yangu”**Izvi zvaireva murangariro unotungamirwa noMweya womutendi uyo wakabva kunaMwari.Neimwe nzira iyi ishanguro yemabviro esimba kuvatendi.Ndiro shoko raMwari ,rakanzwiswa uye rikaitwa neMweya waMwari kupfungwa dzedu(cf.1Timoti.1:5,19).Dambudziko rinozvapo apo vatendi—uyewo nevasingatendi—vanoendamberi vachiramba shoko neMweya;zvinobva zvaita kuti zvive nyore kutambira zvikonzero zvezvivi zvomunhu(cf.1Timoti.4:2).Hana dzedu dzinogona kuva dzakabatwa nedzidziso yetsika nemagariro uye nezvakaitika muupenyu.

### **NHAURWA INOKOSHA : HANA**

Pauro anoshandisa izwi rokuti “hana”kakawanda mutsamba dzekuvaKorinde (cf.4:4; 8:7, 10, 12; 10:25, 27, 28, 29; 2vaKorinde.1:12;4:2;5:11). Rinoreva murangariro womuhana wechakanaka nechakaipa (cf.Mabasa.23:1). Hana inogona kubatwa neupenyu hwakare, nesarudzo dzedu dzisakarurama, kana neMweya waMwari. Haisiri mutungamiri asina mhoshu , asi inopa rutemo rwemiganho yerutendo rwemunhu pazvima.Naizvozvo kusatevera hana dzedu,cheru pamhoshu kana kushayiwa samba,idambudziko guru rokutenda.

Hana yomutendi inoda kuramba ichiumbwa neshoko raMwari pamwe neMweya waMwari (cf.1Timoti.3:9). Mwari achatonga vatendi kuburikidza nechiedza chavainacho(kureva.,kusava nesimba kana kusimba),asi tose tinoda kuti tizvipire kubhaibheri uye kuMweya uitira kuti tive nechiedza chakawanda pamwe nokukura muruzivo rwaShe Jesu Kristu.Tarira chinyorwa chakazara pamusoro pe “hana” pa 2vaKorinde.10:25.Tarira Nhairwa Inokosha : Kushaya samba.



**NASB,NKJV**  
**NRSV**  
**TEV**  
**NJB**

**“ichindipupurira muMweya Mutsvene”**  
**“Inozvitsigira neMweya Mutsvene”**  
**“Ichitongwa neMweya Mutsvene”**  
**“Pahumwe neMweya Mutsvene zvinoti ini”**

Pauro aitenda kuti aive akadanwa nenzira yakasanangurwa uye nokupihwa samba kubva kuna Kristu(cf.Mabasa.9:1-22;vaGaratiya.1:1).

Izwi rechiito (riri muchimiro chechirevanguva chezvirikuitika,cf.2:15)riri mumubatanidzwa nezwi rokuti *sun*(iro rinonyanyowanikwa muzvinyorwa zvaPauro).Aiva norutendo rwouti kunzwisisa wake kutsva kwaibva pa

1. Kuzviratidza kwaKristu
  - a. Nzira youenda kuDhamasiko
  - b. Dzidziso muArabia(Nabetean)
2. Huchapupu hweMweya hwemuhana

Aiva mupositori uye aitaura nesimba rouMwari(cf.1vaKorinde.7:25,40).Aishungurudzikawo pamwe naMwari pamusoro pokusatenda noubandupandu werudzi rwaIsiraeri(cf.ndima.2).Vaiva nemikana panavamwe yakawanda(cf.ndima.4-5).

### **9:3**

**NASB,NKJV,**  
**NRSV**  
**TEV**  
**NJB**

**“Nokuti ndaida kuti”**  
**“Nokuda kwavo ndaida kuti”**  
**“Ndaida”**

Pauro ainzwira zvikuru vanhu vekwake,Isiraeri,kuti kana kuparadzaniwa naKristu kwake kwaizodzoredza kuva vana kwavo,aida zvake,ndima.3.Ndima iyi ine rukumikidzo rwezvivakamutauro rwakasimba kwazvo(munongedzo wezvakanga zvoitwa unezvose “autos” ne”egō,”uye nezvirikuitika nokusingaeri).Umbirimi noudzamu hwemunyengetero uyu unofanana nokunyengeterera zvivi zveIsiraeri kwaitwa naMosesi muna Ekisodho.32:30-35.Izvi zvinonyatso zivikanwa semutsara wepungaidzo,kwete zvirokwazvo.Zvinofanana nokushandiswa kwechirevanguva chezvakanga zvichiitika munavaGaratiya.4:20.Tarira Nhourwa inokosha inotevera.

## **NHAURWA INOKOSHA:KUNYENGETERERA**

- I. Nhanganyaya
  - I. Munyengetero unokosha nokuda kwemuenzaniso waJesu
    1. Kuzvinyengeterera,Mako.1:35;Ruka.3:21;6:12;9:29;22:29-46
    2. Kucheneswa kweTembere,Mateu.21:13;Mako.11:17;Ruka.19:46
    3. Munyengetero wemuenzaniso,Mateu.6:5-13;Ruka.11:2-4
  - II. Munyengetro ndiko kuisa rutendo rwedu muna Mwari wepauzima,anoriritira,aripo,anoda,uye anogona kuitira isu pamwe nevamwewo,kuburikidza neminyengetero yedu.

- III. Mwari akazvipira kudaira minyengetero yevana vake muzvinhu zvakawanda(cf.Jakobho.4:2)
  - IV. Chinangwa chikuru chemunyengetero ndirwo ruwadzano pamwe nenguva yedu naMwari vatatu mumwe.
  - V. Muronga wemunyengetero, chinhu chosezvacho kana ani zvake anechekuita nevatendi. Tinogona kunyengetera kamwe tichitenda kwazvo kwazvo, sekuvapo kwezvidokwa dokwa kana ndangariro.
  - VI. Munyengetero unogona kusanganisira zvinhu zvakawanda
    - 1. Rumbidzo nerudo rwaMwari vatatu mumuwe
    - 2. Kutenda kunaMwari nekuvapo, kuwadzana, pamwe nekupa kwake
    - 3. Kupupura zvivi zvedu, zvakare nezvanhasi
    - 4. Kuteterera zvatinoda kana zvidokwairirwa
    - 5. Kunyengeterera zvinodiwa nevamwe pamberi paBaba
  - VII. Kunyengeterera chinhu chinoshamisa .Mwari anoda avo vatinonyengeterera zvokutipfuura, asi minyengetero yedu kazhinji inoshandura ,rudaviro, kana zvinodiwa kwete matiri chete ,asi mavariwo.
- II. Zvemubhaibheri
- A. Testamende yekare
    - 1. Mifananidzo yeminamoto yekunyengeterera.
      - a. Abhurahamu achiteterera Sodhomu, Genesi.18:22ff
      - b. Mosei achinyengeterera Isiraeri
        - 1) Ekisodho.5:22-23
        - 2) Ekisodho.32:31ff
        - 3) Dhuteronomi.5:5
        - 4) Dhuteronomi.9:18,25ff
      - c. Samueri anonyengeterera Isiraeri:
        - 1) 1Samueri.7:5-6,8-9
        - 2) 1Samueri.12:16-23
        - 3) 1Samueri.15:11
      - d. Dhavhita achinyengeterera mwana wake, 2Samueri.12:16-18
    - 2. Mwana arikutsvaga vanyengetereri, Isaya.59:16
    - 3. Zvivi zvinozivikanwa izvo zvisakapupurwa kana pfungwa dzokusada kupinduka dzinokanganisa minyengetero yedu
      - a. Mapisarema.66:18
      - b. Zvirevo.28:9
      - c. Isaya.59:1-2;64:7
  - B. Testamende itsva
    - 1. Ushumiri hweunyengeterera hweMwanakomana neMweya
      - a. Jesu
        - 1) vaRoma.8:34
        - 2) vaHebheru.7:25
        - 3) 1Johani.2:1
      - b. Mweya Mutsvene, vaRoma.8:26-27
    - 2. Ushumiri hweunyengeterera hwaPauro
      - a. Anonyengeterera maJudha
        - 1) vaRoma.9:1ff

- 2) vaRoma.10:1
- b. Anonyengeterera makereke
  - 1) vaRoma.1:9
  - 2) vaEfeso.1:16
  - 3) vaFiripi.1:3-4,9
  - 4) vaKorose.1:3,9
  - 5) 1vaTesaronika.1:2-3
  - 6) 2vaTearonia.1:11
  - 7) 2Timoti.1:3
  - 8) Firimoni,ndima.4
- c. Pauro akakumbira makereke kuti amunyengeterewo
  - 1) vaRoma.15:30
  - 2) 2vaKorinde.1:11
  - 3) vaEfeso.6:19
  - 4) vaKorose.4:3
  - 5) 1vaTesaronika.5:25
  - 6) 2vaTesaronia.3:1
- 3. Ushumiri hwekunyengeterera hwemakereke
  - a. Nyengetereranai
    - 1) vaEfeso.6:18
    - 2) 1Timoti.2:1
    - 3) Jakobho.5:16
  - b. Minyengetero yakakumbirirwa zvikwata zvinokosha
    - 1) Vavengi vedu,Mateu.5:44
    - 2) Vashandi vechiKristu,vaHebheru.13:18
    - 3) Vatongi,1Timoti.2:2
    - 4) Varwere,Jakobho.5:13-16
    - 5) Vavakuneta,1Johani.5:16
- III. Zvimiso zveminyengetero yakapindurwa
  - A. Hukama hwedu naKristu pamwe neMweya
    - 1. Kugara maari,Johani.15:7
    - 2. Muzita rake,Johani.14:13,14;15:16;16:23-24
    - 3. MuMweya,vaEfeso.6:18;Judhasi.20
    - 4. Maererano nekuda kwaMwari,Mateu.6:10;1Johani.3:22;5:14-15
  - B. Zvinangwa
    - 1. Kusatepatepa,Mateu.21:22;Jakobho.1:6-7
    - 2. Kuzvinipisa nerupinduko,Rua.18:9-14
    - 3. Kukumbira nenzira yakaipa,Jakobho.4:3
    - 4. Rumberera,Jakobho.4:2-3
  - C. Zvimwewo zvinhu
    - 1. Kutsungirira
      - a. Ruka.18:1-8
      - b. vaKorose.4:2
    - 2. Akaramba achikumbira
      - a. Mateu.7:7-8
      - b. Ruka.11:5-13

- c. Jakobho.1:5
- 3. Kusawirirana pamba ,1Petirosi.3:7
- 4. Kusununguka kubva kuzvivi zvinozivikanwa
  - a. Mapisarema.66:18
  - b. Zvirevo.28:9
  - c. Isaya.59:1-2
  - d. Isaya.64:7
- IV. Mhendero yezvidzidzo zvouMwari
  - A. Chipo chokungopihwa chakadii.Mukana wakadii.Basa rokuita rakadii
  - B. Jesu ndiye muenzaniso wedu.Mweya ndiwo mutunganiri wedu.Baba vakatimirira zvirokwazvo.
  - C. Zvinogona kukushandura iwe pazvima ,mhuri yako,shamwari dzako,nyenyeke yose.



- NASB** “Akaturwa akaparadzaniwa naKristu”
- NKJV** “Akaturwa kubva kuna Kristu”
- NRSV** “Akaturwa akadamburwa kubva kunaKristu”
- TEV** “Aiva pasi pokutuka kwaMwari uye akaparadzaniwa naKristu”
- NJB** “Akada kupihwa mhosva uye akadamburwa kubva kunaKristu”

Mabviro ehwaro hwezwi rokuti “mutsvene” rinoreva kuti kusanangurirwa basa raMwari.Pfungwa yemaitiro imwecheteyo ndiyo inehochekeche nemazwi okuti “kutukwa”(anathema,cf.1vaKorinde.12:3;16:22;vaGaratiya.1:8,9).Chinhu kana munhu anosanangurirwa Mwari.Chinogona kuva chiitiko chakanaka(cf.Revhitiko.27:28;Ruka.21:5)kana cisakarurama(cf.Joshua.6:7;vaRoma.9:3),zvichienderana nezviripo.

#### **NHAURWA INOKOSHA: KUTUKWA (ANATHEMA)**

Pane mazwi akawanda mururimi rwechiGiriki anoreva kuti “kutukwa.”Herem(BDB 356)rakashandiswa kureva chinhu chakapihwa kuna Mwari(cf.LXX Sero kuti anathema(BAGD 54),Revhitiko.27:28),kazhinji kureva kuparadza(cf.Dhronomi.7:26;Joshua.6:17-18;17:12).Raiva izwi raishandiswa mupfungwa yemaitiro e “hondo tsvene.”Mwari akati kuparadza vanhu veKenani neveJeriko ndiwo waiva mukana wokutanga “zvibereko zvokutanga.”

MuTestamende itsva, izwi rokuti “anathema”nezvimwe zvirevo zvine hochekeche nare;raishandiswa nenzira dzakasiyana siyana:

1. Sechipo kana pfupiro kuna Mwari(cf.Ruka.21:5)
2. Semhiko yerufu(cf.Mabasa.23:14)
3. Kutuka nokupika(cf.Mako.14:71)
4. Muronga wekutuka unehochekeche naJesu(cf.1vaKorinde.12:3)
5. Kupira munhu kana chinhu kumutongo kana kuparadza kwaMwari(cf.vaRoma.9:31;1vaKorinde.16:22;vaGaratiya.1:8-9).

▣ **“Hama dzangu, ivo vorudzi rwangu panyama”**Tarira Nhaurwa Inokosha pa 1:3

**9:4-5** Uyu mutorododo wemitsara yemazita unopa chitarisiko chemikana yekungopihwawo yeIsiraeri.Kuatenda kwavo kwaigpneka kana tikatarisa mikana iyi.Kuno uyo anopihwa zvakawanda,zvakawanda zvinotarisirwa(cf.Ruka.12:48)!

**9:4 “vaIsiraeri”**Iri raiva zita rechisungo iro raireva zvivzarwa zvaAbhurahamu.Mushure mokusangana kunokosha naMwari,zita raJakobho rakashandurwa rikava Isiraeri(cf.Genesi.32:28).Rakava zita rorudzi rwechiJudha rwose.Mabviro aro anogona kuva “El(Mwari)anotsungirira”uye kwete kureva hushereketwa hwaJakobho.

### **NHAURWA INOKOSHA:ISIRAERI(zita)**

- I. Zvinoziva zita iri hazvinyatsozivikanwa(BDB 975).
  - A. “El” anoramba aripo
  - B. Regai “El” arambe aripo(Zvinodokwairirwa)
  - C. “El” anochengetedza
  - D. Regai “El” abvume
  - E. “El” anoshingaira
  - F. Iye anoshingaira naMwari(Genesi.32:28)
- II. Mashandisirwo aro mutestamende yekare
  - A. Zita raJakobho(mugwashuri,mubati wechitsitsinho,BDB 784,cf.Genesi.25:26)rinoshandurwa mushure mokuita mutsimba nemutumwa parwizi(cf.Genesi.32:22-32;Ekisodho.32:13).Kazhinji mazita echiHebheru anobva paruzha rwezviridzwa,kwete pazvidzidzo zvemabviro emazwi(cf.32:28).Isiraeri rinova zita rake(semuna.,Genesi.35:10).
  - B. Rakavawo zita revanakomana vake vose vari gumi nevaviri(semuna .,Genesi32:32;49:P19;Ekisodho.1:7;4:228:11;Dhuteronomi3:18;10:6).
  - C. Rakavawo chinan’anuro cherudzi rwakaumbwa nemadzinza gumi nemaviri kusati kwava nokubuda muIjipita(cf.Genesi.47:27;Ekisodho.4:22;5:2)uye nemberi(cf.Dhuteronomi.1:1;18:6;33:10).
  - D. Mushure memubatanidzwa weutongo hwaSauro,Dhavhiti,Soromoni madzinza aya akaparadzana pasi poutongo hwaJerobhoamu(cf.iMadzimambo.12).
    1. Musiyano unotanga kuonekwa chero kuparadzana chaiko kusati kwavapo(semuna.,2Samueri.3:10;5:5;20:1;24:9;1Madzimambo.1:35;4:20)
    2. Rinonan’anura madzinza ekuchamhembe kusvikira pakukundwa kweSamaria neAssyria mugore ra722B.C.(cf.2Madzimambo.17).
  - E. Rakashandiswawo kureva raJudha munzvimbo shoma mubhaibheri(semuna.,Isaya.1;Mika.1:15-16).
  - F. Mushure mehutapwa kuAssyria neBhabhironi ,rakavawo zita rezvizvarwa zvose zvaJakobho(semuna.,Isaya.17:7,9;Jermiya.2:4;50:17,19).
  - G. Rakashandiswawo kureva vabatsiri mukereke vachisiyaniswa navapirisita(cf.1Makoronike.9:2;Ezira.10:25;Nehemiya.11:3).

▣ **“kuva vanakomana ndokwake”** Mutstamende yekare izwi ririmuwandu rokuti “vanakomana”raireva ngirozi(cf.Jobho.1:6;2:1;38:7;Danieri.3:25;Mapisarema.29:1;89:6-7),ukuwo riri muzvishoma raireva

1. Mambo weIsiraeri(cf.2 Samueri.7:14)
2. Rudzi(cf.Ekisdho.4:22,23;Dhuteronomi.14:1;Hosea.11:1)
3. Mesiasi(cf.Mapisarema.2:7)
4. Rinogona kureva vanhu(cf.Dhuteronomi.32:5;Mapisarema.73:15;Ezekieri.2:1;Hosea.1:10.Genesi .6:2 inoreva zvinhu zviviri zvakasiyana;inogona kureva chimwe chazvo). Mutestamende itsva rinoreva munhu uyo anova nhengo yemhuri yaMwari.

Dimikira guru raPauro rokureva ruoneso raiva rokuti “kuitwa vana” (cf.vaRoma. 8:15, 23; vaGaratiya. 4:5vaEfeso.1:5),ukuwo raPetirosi naJohani raiva rokuti “kuzvarwa patsva.”Ose madimikira anechirevo chemhuri.Iri dimiira harisi rechiJudha asi nderechiRoma.Psi pemutemo wechiRoma kuitwa mwana kwaiva chiitiko chaidhura,uyechichitora nguva refu.Kana munhu aitwa mwana aitariswa semunhu mutsva,aisa gona kuraswa pamutemo ,kana kurrayiwa naivo vanenge vamuita mwana.

▣ **“kubwinya”**Zimai rezwi iri rechiHebheru raireva kuti”kurema”iro raiva dimikira rokureva kuva nouremu.Pano rinoreva kuti

1. Kuzviratidza kwaMwari pagomo reSinai(cf.Ekisdho.19:18-19)
2. Gore raitungamira vana vaIsiraeri pavaiva murenje(cf.Ekisdho.40:34-38)Mwari(YHWH) akazviratidza nenzira yeziitakamwe kuIsiraeri.Kuvapo kwaMwari(YHWH)kwaidanwa kuti kubwinya kwake(cf.1Madzimambo.8:10-11;Ezekieri.1:28).Tarira Nhaurwa Inokosha pa 3:23.

▣ **“Zvipikirwa”**Muzvinyorwa zvakare zveechiGiriki P<sup>46</sup>,B,F,naG zvinoshandisa izwi rokuti”chipikirwa “riri muhumwe.Zvisineyi ,riri muhuwandu riri muMSSN,C nezvimwe zvinyorwa zviri mururimi rweLATIN,VULGATE, pamwe neCOPTIC.chinyorwa cheUBS<sup>4</sup> “huwandu” chipimo chechipiri “B”(pedo nechokwadi).Zvisineyi huwandu haushandiswe mutestamende yekare.Mutestamende yekare mune zvipikirwa zvakawanda:Adhamu,Noah,Abhurahamu,Mosesi,naDhavhita.Sezvo kupihwa kwomurayiro kuchizotaurwa pavapamberi,izvi zvinogona kureva chipikirwa/chisungo chaAbhurahamu,icho chaionekwa naPauro sehwaro(cf.4:1-25;vaGaratiya.3:16-17)uye chakadzokororwa kakawanda(kureva.,Genesi.12,15,17)uye kumumwe nomumwe wemadzibaba.

#### **NHAURWA INOKOSHA: CHIPIKIRWA**

Izwi remutestamende yekare rokuti “berith” (BDB 136), chipikirwa,harina kupfava kutsanangura. Hauna izwi rechiito mururimi rwechiHebheru rinesungano naro.Mabhindauko ose okuedza kuburitsa tsanangudzo yezvidzidzo zvemazwi haana kubudirira.Zvisineyi ,nokuda kwokukosha kwepfungwa yemaitiro;vadzidzi vakawanikwa vachiongorora kushandiswa kwaro senzira yokuedza kuwana chirevo chemashandiro aro.

Chisungo/chipikirwa ndiyo nzira iyo Mwari mumwe anobata nayo zvisikwa zvake izvo zvinova vanhu. Pfungwa yechipikirwa, chikodzero, kana chibvumirano, inokosha pakunzwisisa zaruro yebhaibheri. Gakava riri pakati poutongo hwaMwari nemadiro evanhu rinoonekwa zvakajeka mupfungwa yechipikirwa. Zvimwe zvipikirwa zvinehwaro hwemaitiro nezviito zvaMwari.

1. Kusika pachako (cf. Genesi. 1-2)
2. Kudanwa kwaAbhurahamu (cf. Genesi. 12)
3. Chipikirwa naAbhurahamu (cf. Genesi. 15)
4. Chengetedzo nevimbiso kunaNowa (cf. Genesi. 6-9)

Zvisineyi chimiro chechipikirwa chinotoda rudaviro.

1. Nokutenda Adhamu anofanira kuteerera Mwari nokusadya muchero wemuti uri pakati pebindu reIdheni
2. Nokutenda Abhurahamu anofanira kusiya vemhuri yekwake, otevera Mwari, achitenda muzvizvarwa zvichauya
3. Nokutenda Nowa anofanira kuvaka ngarava arikure kwazvo nemvura uye ounganidza mhuka
4. Nokutenda Mosesi akaburitsa vana vaSiraeri muJipita uendanavo kugomo reSinai, uko akanopihwa mirayiro yemanamatiro nemararamiro pamwe nevimbiso dzemakomborero nekutukwa (cf. Dhuteronomi. 27-28)

Gakava rimwechetero rehukama hwaMwari nevanhu rinogadziriswa “mutestamende itsva.” Gakava iri rinoonekwa zvakajeka nokuenzanisa Ezekieri. 18 na Ezekieri. 36:27-37 (zviito zvaMwari (YHWH)). Ko chipikirwa chiri pahwaro hwezviito zvenyasha dzaMwari here kana pamvumo dzorudaviro rwevanhu? Iyi ndiyo nyaya inonetsa yechipikitwa chakare nechitsva. Zvinangwa zvazvo zvose zvimwechete (1) kudzoreredzwa kweruwadzano naMwari (YHWH) urwo rwakarasika muna Genesi 3 ne (2) kudzikwa kwevanhu vakarurama avo vanoratidza hunhu hwaMwari.

Chipikirwa chitsva chaJeremiya. 31:31-34 chinogadziriswa gakava iri nokubvisa kugona kwevanhu senzira yokugamuchirwa. Murayiro waMwari unova rudokwairo rwemuhana kwete murayiro wenyama. Chinangwa chevanhu vanouMwari vakarurama ndicho chimwechetecho, asi maitirwo ndiwo anosiyana. Vatadzi vakaratidza pachena kusagona kwavo kuratidza mufananidzowa Mwari. Dambudziko rakanga risiri pachipikirwa chaMwari, asi kuva nezvivi nokusava nesimba kwevanhu (cf. vaRoma. 7; vaGaratiya. 3).

Gakava rimwechetero retestamende yekare rezvipikirwa zvinezvimiso nezvisina rinowanikwawo mutestamende itsva. Ruponeso runopihwa pachena mubasa rakapedzwa raJesu Kristu, asi runoda rupinduo nokutenda (zvose pakutanga nokuenda mberi). Murayiro pamwe norudano rwekuva saKristu, mutsara unonongedza gamuchiro pamwe nerudokwairo rweutsvene! vatendi havaponeswe nemabasa avo, asi mukuteerera (cf. vaEfeso. 2:8-10). Kurarama kwouMwari ndiko kunova umboo hweruponeso kwete nzira yeruponeso. Zvisineyi hupenyu husingaperi hune maitiro anoonekwa! Gakava iri rinoonekwa zvakajeka munavaHebheru.

▣ **“Nekupihwa murayiro nokunamata Mwari”** Izvi zvaireva:

1. Mosesi achitambira murayiro pagomo reSinai (cf. Ekisodho. 19-20)
2. Tabhanakeri yenguva yemurenje (cf. Ekisodho. 25-40 na Revhitiko)



▣ **“Vimbiso”**Mwari akaratidzira hurongwa hwake hweremangwana (cf.1:2; Mabasa. 13:32; Tito. 1:2; vaHebheru. 1:1)kuburikidza netestamende yekare.

Sezvo, “zvikipirwa”zvakataurwa kare, “vimbiso”dzinogona kunongedza kunaMesiasi(cf.ndima .5,semuna Genesi.3:15;49:10;Dhuteronomi.18:15,18-19; 2Samueri. 7; Mapisarema. 16:10; 118:22; Isaya. 7:14; 9:6; 11:1-5; Dhanieri.7:13, 27; Mika.5:2-5 a ; Zekariya.2:6-13;6:12-13;9:9;11:12).

Vimbiso idzi (zvikipirwa)zvine zvimiso pamwe nokusava nezvimiso.Zvaisava nezvimiso pakugona kwaMwari(cf.Genesi.15:12-21),asi zviine zvimiso pakutenda nokuteerera kwevanhu(cf.Genesi.15:6 navaRoma.4).Isiraeri chete ndiyo yaiva nokuzviratidza kwaMwari,Jesu paakanga asati auya(kunze kwevanhu vakaita saJobho naJeturo).

**9:5 “Madzibaba”**Izvi zvaireva Abhurahamu,Isaka,naJobho,madzibaba emunaGenesi.12-50(cf.vaRoma.11:28;Dhuteronomi.7:8;10:15).

▣ **“NaKristu akabva Kwavari panyama”**Izvi zvaireva muronga wedzinza raMesiasi panyama(cf.1:3,Tarira Nhaurwa Inoksha :Mesiasi/Mutumwa pa1:4),Muzodzwa, Muranda akasarudzwa naMwari,anokosha uyo achazadzisa vimbiso nehurongwa hwaMwari,(cf.10:6).

Izwi rokuti “Kristu”ishandurudzo yezwi rechiHebheru kuchiGiriki rokuti “muzodzwa.”Mutestamende yekare ,zvkwata zvitatu zvevatungamiri zvaizodzwa nemafuta aikosha matsvene.

1. Madzimambo eIsiraeri
2. Mapirisita makuru elsiraeri
3. Maporofita eIsiraeri

Chava chiratidzo chesarudzo nekupa zvishandiso zvekumushumira.Jesu akazadzisa zvigaro zvose zveuzodzwa zvitatu izvi (cf.vaHebheru.1:2-3).Ndiye kuzviratidza kwakazara kwaMwari nokuti aiva zimukadzimu raMwari(cf.Isaya.7:14;9:6;Mika.5:2-5a;vaKorose.1:13-20).

Nezve “nyama”Tarira Nhaurwa Inokosha pa1:3.

▣

**NASB “Kristu akabva kwavari panyama,ari pamusoro pavose,Mwari anokudzwa nokusingaperi”**

**NKJV Kristu akauya,ari pamusoro pavose,Mwari anokudzwa nokusingaperi”**

**NRSV “Anouya Mesiasi,ari pamusoro pavose Mwari anokudzwa nokusingaperi”**

**TEV “Uye Kristu somunhu,ndowerudzi rwavo.Mwari anotonga vose, ngaakudzwe nokusingaperi”**

Pazvivakamutauro aka kanogona kuva kambo kerumbidzo kunaBaba (TEV,kutevera tsika dzechiJudha),asi maonero anofambirana nerutsigiro rwaPauro kuuMwari hwaJesu(hazviteveri munyereketete werumbidzo yechiJudha kunaMwari (YHWH) muLXX;Tarira J.Murray,2,pp.245-248).Kazhinji Pauro haashandise zita routi “*theos*”kuna Jesu,asi

anorishandisa(cf.Mabasa.20:28;2vaTesaronika.1:12;Tito.2:13;vaFiripi.2:6).Madzibaba ose ekereke yekare aishandurudza chinyorwa ichi kureva Jesu.Bruice Metzger,muchinyorwa chnonzi tsoropodzo yemanyorerwo etestamende itsva yechiGiriki,”*ATextual Commentary*

*On the Greek New Testament, pp520-522,*”chinoratidza kuti musiyano uripo unechekutia nepanoiswa mavara anoronga chinyorwa.Zvinyorwa zvokutanga zvakare zvaisava ne

1. Mavara makuru pakutanga pemutsara
2. Mavara anoronga chinyorwa
3. Batsanuro rendima
4. Nhandauko pakati pemazwi

▣ **“Ari pamusoro pavose”**Uyu unogona kuva mutsara wokutsanangudza Mwari Baba kana Jesu Mwanakomana.Unoburitsa mutsara waJesu wemuna Mateu.28:19 newa Pauro wemuna vaKorose.1:15-20.Uyu mutsara unechiremerera unoratidza manhengatenga oupenzi weIsiraeri nokuramba Jesu weNazareta .

▣ **“Nokusingaperi”** Iyi kwazvo kwazvo itsumo yechiGiriki “kusvika kumagumo kwenguva”(cf.Ruka.1:33;vaRoma.1:25;11:36;vaGaratiya.1:5;1Timoti.1:17).Uyu ndiwo mumwe wemitsara inehochekeche (1) “kusvika kumagumo kwenguva”(cf.Mateu.21:19[Mako.11:14];Ruka.1:55;Johani.6:5,58;8:35;12:34;13:8;14:16;2vaKorinde.9:9)kana(2) “kumagumo emagumo”(cf.vaEfeso.3:21).Panoratidza kusava nomusiyano pakati petsumo idzi idzo dzinoreva kuti “nokusingaperi.”Izwi rokuti “kwenguva”rinogona kuva dimikira riri muuwandu rechivakamutauro chevadzidzsi vechiJudha chinonzi “huwandu hwechiremerera”kana kuti rinogona kureva pfungwa yechiGiriki ye “nguva” dzakasiyana yokuti kune “nguva yekusava nemhosva” ne “nguva youipi” ne “nguva ichauya”kana “nguva yokururama.”

▣ **“Ameni”**Tarira Nhaurwa Inokosha pa 1:25.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKVANDUDZA):9:6-13**

<sup>6</sup>Asi handingati shoko raMwari rakakona.Nokuti vakabva kuIsiraeri havasi vaIsiraeri vose; <sup>7</sup>navari vorudzi rwaAbhurahamu havazi vana vake vose; asi zvinonzi, “Kuna Isaka ndiko kuchatumidzwa rudzi rwako.”<sup>8</sup>Ndokuti havazi vana venyama vari vana vaMwari;asi vana vokupikirwa,ndivo vanonzi rudzi.

<sup>9</sup>Nokuti shoko rakapikirwa ndirori, “Nenguva yakaita seino ndichauya,Sara achava nomwanakomana.”

<sup>10</sup>Hazvizi izvozvo bedzi;asi Rabhekawo ,wakati ava nemimba kunomumwe, iye Isaka,baba vedu.<sup>11</sup>Nokuti vana vasati vaberekwa,vasati vaita zvakana kana zvakaipa,kuti kufunga kwaMwari pakutsanangura kwake kusimbiswe,kusingabvi pamabasa,asi kuna iye anodana,

<sup>12</sup>Zvakanzi kwavari, “Mukuru achava muranda womudiki.”<sup>13</sup>Sezvazvakanyorwa,zvichinzi, “Jakobho ndakamuda,asiEsau ndakamuvenga.”

**9:6 “Shoko raMwari”**Pamafungiro aya mutsara uyu unoreva vimbiso yechipikirwa yeTestamende yekare.Vimbiso dzaMwari neddze chokwadi(cf.Numeri.23:19;Joshua.21:45;2Madzimambo.10:10;Isaya.40:8;55:11;59:21).



**NASB,NRSV,**

**TEV,NJB“Rakakona”**

**NKJV**

**“Harina kushanda”**

Izwi iri tokuti(*ekiptō*)rakashandiswa mubhaibheri rakare kakawanda richireva kudonha kwechimwe chinhu (cf.Isaya.6:13)kana mumwe munhu(cf.Isaya.14:12).Pano ririmuchimiro chezvakaikwa uye zvinoenda mberi,(asi zvisingadiwe).Tarira chinyorwa pazvinyorwa zviripamusoro,chine chekuita nesimbiso yeshoko raMwari.



**NASB**

**“Nokuti vakabva kunaIsiraeri havazi vaIsiraeri vose”**

**NKJV**

**“Nokuti havazi vaIsiraeri vose avo vari veIsiraeri”**

**NRSV**

**“Nokuti kwazvo kwazvo havazi vaIsiraeri vose vari veIsiraeri”**

**TEV**

**“Nokuti havazi vanhu vose veIsiraeri vari vanhu veIsiraeri “**

**NJB**

**“Hazvizi zvizvarwa zvose zveIsiraeri zviri vaIsiraeri”**

Chirevo chemutsara wegangaidzo uyu chinobata zviuru musiyano wechirevo chebhaibheri chezwi rokuti”Isiraeri.”

1. Isiraeri,zvichireva zvizvarwa zvaJakobho(cf.Genesi.32:22-32)
2. Isiraeri,zvichireva vasanangurwa vaMwari(cf.TEV)
3. Isiraeri yeMweya,Isiraeri zvichireva kereke, (cf.vaGaratiya. 6:16; 1 Petirosi. 2:8, 9; Zvakazarurwa.1:6)maringe neIsiraeri yepanyama(ndima.3-6)

Vamwe vevana vaAbhurahamu ndivo vaiva vana vevimbiso(cf.ndima.7).Chero vaJudha vakanga vasina kururama kunaMwari nokuda kwedzinza ravo(cf.ndima.7)asi nokutenda kwavo(cf.2:28-29;4:1ff;Johani.8:31-59;vaGaratiya.3:7-9;4:23).Yaiva tsarirwa yaitenda (tarira nhaurwa inokosha pa9:27-28)yakagamuchira vimbiso yaMwari pamwe nokufamba mairi nokutenda(cf.9:27;11:5).

Ndima 6 inotanga nomutorododo wekupikisa kwefungidziro(cf.9:14,19,30;11:1).Izvi zvino endesera mberi mhando yaPauro yomubvunzo-mhindu.Zvinouyisa chokwadi nenzira yomupikisi wefungidziro(kureva.,Maraki.1:2,6,7[ruviri],12,13;2:14,17[ruviri];3:7,13,14).

**9:7** Chipimvu chechikamu chepiri chendima iyi chakatorwa munaGenesi.21:12d.Havazi vose vana vaAbhurahamu vaiva vana vevimbiso yechipikirwa chaMwari(cf.Genesi.12:1-3;15:1-11;17:1-21;18:1-15;vaGaratiya.4:23).Izvi zvinoratidza musiyano pakati paIshiraeri naIsaka mundima.8-9,nemusiyano pakati paJakobho naEsau mundima.10-11.

**9:8** Pano Pauro anoshandisa izwi rokuti “nyama”kureva zvizvarwa zverudzi(cf.1:3;4:1;9:3,5.Tarira Nhaurwa Inokosha pa 1:3).Ari kuringanidza vana venyama vaAbhurahamu(vaJudha vemuna9:3)nevana vepamweya(vana vevimbiso)vaAbhurahamu(avo vachavimba naMesiasi akavimbiswa naMwari nokutenda,cf.2:28-29).Iyi ringanidzo haina kufanana neyemuna8:4-11,vatadzi maringe nevanhu vakadzikinurwa.

**9:9** Izvi zvakatorwa muna Genesi.18:10,14. Mwana uyo akavimbiswa (“chizvarwa”) achabva kuna Sara nohurongwa hwa Mwari. Izvi zvinozo guma nokuberekwa kwa Mesiasi. Isaka aiva zadziso inokosha yevimbiso ya Mwari kuna Abhurahamu muna Genesi.12:1-3 mushure memakore gumi nematatu.

**9:10** Madzimai aAbhurahamu, Isaka, na Jakobho vaiva mhandye; vaisakwanisa kuita vana. kuva mhandye kwavo chaiva chimwe chezviratidzo cha Mwari chokuti ndiye akanga akabata vimbiso yezvipikirwa, yedzinda ra Mesiasi.

Imwe nzira ndeyokuti, dzinda rechokwadi ra Mesiasi, harife rakabva kumwanakomana wedangwe wemadzibaba (zvinova izvo zvaitarisirwa patsika nemagariro). Rushanguriro isarudzo ya Mwari (ndima.11-12).

**9:11-12** Ndima 11-12 dzinoumba mutsara mumwechete muruimi rwech Giriki. Iyi nyaya inotorwa kubva muna Genesi.25:19-34. Uyu muenzaniso unoshandiswa kuburitsa pachena kuti sarudzo ya Mwari (cf. ndima.16), kwete (1) dzinda romunhu kana (2) kugona nokubudirira kwemunhu (cf. ndima.16). Iyi ndiyo nzira itsva yevhangeri, chipikirwa chitsva (cf. Jeremiya.31:31-34; Ezeieri.36:22-36). Zvisineyi, zvinofanira kurangirwa kuti sarudzo ya Mwari yakanga isiri yokupesana, asi kubatanidza! Mesiasi achabva kuchizvarwa chakanangurwa, asi achauyira vose (vanotenda, cf. 2:28-29; 4:3, 22-25; chikamu.10).

**9:11 “Kufunga”** Uyu mubatanidzwa wemazwi okuti “*pro*” nerokuti “*tithēmi*”, irorinezvirevo zvakawanda.

1. Muna vaRoma.3:25
  - a. Kuiswa pachena
  - b. Chipochepfupiro
2. Kusanoronga
  - a. KwaPauro, vaRoma.1:13
  - b. KwaMwari, vaEfeso.1:9

Chitarisiko chezwi rinoreva zita chokuti (*prosthesis*), icho chakashandiswa muchinyorwa chino chinoreva kuti “kuisa pamberi pa”

1. Rakashandiswa kureva chingwa chokuratidza, muTemberu, Mateu.12:4; Mako.2:26; Ruka.6:4
2. Rakashandiswa kureva kusanoronga, kufunga ruzikinuro kwaMwari, vaRoma.8:28; 9:11; vaEfeso.1:5,11; 3:10; 2Timoti.1:9; 3:10

Pauro anoshandisa mazwi omubatanidzwa akawanda pamwe nechirevamwene chokuti “*pro*” (sano) muzvikamu 8 na 9 zvavaRoma navaEfeso.1 (zvinoratidza hurongwa hwebasa raMwari).

1. *Proginōskō* (kusanoziva), vaRoma.8:29
2. *Proorizō* (kusanoronga), vaRoma.8:29 (vaEfeso.1:5,11), 30 (vaEfeso.1:9)
3. *Prothesis* (kusanozunga), vaRoma.9:11
4. *Proetoimazō* (kusanozivisa), vaRoma.9:23
5. *Prolegō* (zvakanborehwa), vaRoma.9:29
6. *Proelpizō* (kusanotarisa), vaEfeso.1:12

**9:12** Izvi zvakatorwa muchiporofita chemunaGenesi.25:23 zviine hochekeche naEsau naJakobho.Izvi zvitariidza kuti zvakaikwa naRibheka naJakobho vakazviita vachitevera chiporofita,kwete kuzviitira ushereketwa kunaIsaka maererano nemakomborero!

**9:13 “Asi Esau ndakamuvenga”**Izvi zvakatorwa kubva kunaMaraki.1:2-3.”Ruvengo”itsumo yemuenzaniso yechiHebheru.Inoratidza kureva zvakaipa muchirungu,asi enzanisa Genesi.29:31-33;Dhuteronomi.21:15;Mateu.10:37-38;Ruka.14:26;naJohani.12:25.Mazwi rokutsanangura Mwari somunhu rokuti “rudo” na “ruvengo”haarevi dengetera raMari kuvanhu pachavo,asi kuzvipira kwake kuchivimbiso chedzinzaraMesiasi.Jakobho aiva mwana wechivimbiso nokuda kwechiporofita chemunaGenesi.25:23.Esau,chemunaMaraki.1:2-3,chaireva rudzi rweEdhomu(chizvarwa chaEsau).

**NHAURWA INOKOSHA: MWARI ACHITSANANGURWA SOMUNHU  
(ANTHROPOMORPHIC)**

1. Mutariro uyu unowanikwa zvikuru muTestamende yekare(mimwe mifananidzo)
  - A. Nhengo dzomuviri wenyama
    1. Maziso-  
Genesi.1:4,31;6:8;Ekisodho.33:17;Numeri.14:14;Dhuteronomi.11:12;Zekariya.4:10
    2. Maoko-Ekisodho.15:17;Numeri.11:23;Dhuteronomi.2:15
    3. Ruoko-Ekisodho.6:6;15:16;Numeri.11:23;Dhuteronomi.4:34;5:15
    4. Nzeve-  
Numeri.11:18;1Samueri.8:21;2Madzimambo.19:16;Mapisarema.5:1;10:17;18:6
    5. Uso-Ekisodho.32:30;33:11;Numeri.6:25;Dhuteronomi.34:10;Mapisarema.114:7
    6. Munwe-Ekisodho.8:19;31:18;Dhuteronomi.9:10;Mapisarema.8:3
    7. Inzwi-Genesi.3:8,10;Ekisodho.15:26;19:19;Dhuteronomi.26:17;27:10
    8. Tsoka-Ekisodho.24:10;Ezekieri.43:7
    9. Chitarisiko chemunhu-Ekisodho.24:9-11;Mapisarema.47;Isaya.6:1;Ezekieri.1:26
    10. Ngirozi yaMwari-Genesi.16:7-13;22:11-15;31:11,13;48:15-16;Ekisodho.3:4,13-21;14:19;vaTongi.2:1;6:22-23;13:3-22
  - B. Zviito zvepanyama
    1. Kutaura senzira yokusika-Genesi.1:3,6,9,11,14,20,24,26
    2. Kufamba(kureva.,ruzha rwe)muIdheni-Genesi.3:8;18:33;Habhakuki.3:15
    3. Kuvhara gonhi re areka yaNowa-Genesi.7:16
    4. Zvipiriso zvinonhuwira-Genesi.8:21;Revhitiko.26:31;Amosi.5:21
    5. Kudzika pasi-Genesi.11:5;18:21;Ekisodho.3:8;19:11,18,20
    6. Kuviga Mosesi-Dhuteronomi.34:6
  - C. Dengetera remunhu(mienzaniso)
    1. Gungudzo/rupinduko-  
Genesi.6:6,7;Ekisodho.32:14;vaTongi.2:18;1Samueri.15:29,35;Amosi.7:3,6
    2. Hasha-  
Ekisodho.4:14;15:7;Numeri.11:10;12:9;22:22;25:3,4;32:10,13,14;Dhuteronomi.6:5;7:4;29:20

3. Godo-Ekisosdho.20:5;34:14;Dhuteronomi.4:24;5:9;6:15;32:16,21;Joshua.24:19
4. Sema/nyangadza-Revhitiko.20:23;26:30;Dhuteronomi.32:19

D. Mazwi emhuri(mienzaniso)

1. Baba
  - a. WeIsiraeri-Ekisosdho.4:22;Dhuteronomi.14:1;39:5
  - b. WaMambo-2 Samueri.7:11-16;Mapisarema.2:7
  - c. Madimikira ezviito zvakababa-Dhuteronomi.1:31;8:5;32:1;Mapisarema.27:10;Zvirevo.3:12;Jeremiya.3:4, 22;31:20;Hosea.11:1-4;Maraki.3:17
2. Mubereki—Hosea.11:1-4
3. Amai—Mapisarema.27:10(ringanidzo yamai vanoyamwisa);Isaya.49:15;66:9-13
4. Mudiwa wechidiki akatendeka—Hosea.11:1-3
2. Zvikonzero zvokushandiswa kwemutauro wemhando iyi
  - A. Zvinodivikanwa kuti Mwari azviratidze kuvanhu.Pfungwa inonyanyo tambirwa nevanhu vose yokutsanangura Mwari muchimiro chechirume ndeye avo vanotsanangura Mwari somunhu nokuti Mwari mweya!
  - B. Mwari anatora zvinhu zvinechirevo zvoupenyu hwevanhu achizvishandisa kuzviratidza kuvatadzi(baba,amai,mubereki,mudiwa)
  - C. Nouti zvinodiwa, Mwari haazvisungirire kuchitarisiko chipi zvacho chenyama(cf.Ekisosdho.20;Dhuteronomi.5)
  - D. Manhengatenga okutsanangura Mwari somunhu ndiko kuva zimukadzimu kwaJesu!Mwari akava munhu,zvokubatika(cf.1Johani.1:1-3).Shomodzi yaMwari yakava shoko raMwari(cf.Johani.1:1-18).

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):9:14-18**

**<sup>14</sup>Zvino tichatiiko?Kusarurama kuripo kuna Mwari here?Haisva! <sup>15</sup>Nokuti anoti kuna Mosesi,”Ndichanzwira ngoni wandinonzwira tsitsi.”<sup>16</sup>Naizvozvo hazvibvi kunoanoda ,kana kunoanomhanya,asi kuna Mwari,munzwiri wengoni.<sup>17</sup>Nokuti rugwaro runoti kuna Farao,”Ndizvo zvakakumutsira,kuti ndiratidze samba rangu kwaUri,uye kuti zita rangu riparidzwe panyika yose.”<sup>18</sup>Naizvozvo anonzwira ngoni waanoda;uye anomesera mwoyo waanoda.**

**9:14 “Zvino tichatiiko”**Pauro anonyanyo shandisa mhando yemubvunzo-mhindu iyi(cf.3:5;4:1;6:1;7:7;8:31;9:14,19,30).

☐ **“Kusarurama kuripo kunaMwari here?”**Vana mazvikokota vezvivakamutauro vanotarisisira mhinduro yekuti” kwete”.Mwari angapa sei vanhu mhosva kana hutongo hwake huri ihwo hune rutemo chairwo(cf.ndima.19)?Iri ndiro gangaidzo resananguro.Nyaya chaiyo iyo ndeyekuti Mwari akasununguka uita zvaanoda nevanhu(vanhu vanoubandupandu),zvisineyi hutongi hwaMwari hunoratidzwa mutsitsi(Tarira chinyorwa pandima.15)kwete simba roga. Zvinofanirawo kudenengudzwa kuti hwaro hwesarudzo youtongi hwaMwari hauna chekuita nekusanoziva remangwana resarudzo nezviito zvevanhu.Dai zviriri saizvozvo,sarudzo,zviito,nekugona wevanhu ndiko kwaizova hwaro hwesarudzo

dzaMwari(cf.ndima.16;1Petirosi.1:2).Pamusoro peizvi pane maonero etsika dzechiJudha ebudiro pakururama(cf.Dhuteronomi.27-28;Jobho. naMapisarema.73).Asi Mwari anosarudza kuomborera avo vasingakodzeri kuburikidza nokutenda(kwete kugona,cf.5:8).Mwari anoziva zvinhu zvose asi akaganhura sarudzo dzake(1)mutsitsi ne(2)vimbiso.Pane rudaviro rwavanhu runodikwa,asi runotevera nokutsigira sarudzo yesananguro yaMwari iyo inoshandura hupenyu.

▣ **“Haisva”**Ichi chirunga mutauro chinonongedza sarudzo chisina kujairika ,icho chainyanya kushandiswa naPauro senzira yokuratidza kupikisa zvakasimba kuri mumibvunzo mhindu yemupikisi wefungidziro(cf.3:4,6,31;6:21,15;7:7,13;11:1,11 zvakare navaKorinde.6:15;vaGaratiya.2:17;3:21;6:14).Chirungamutauro ichi chinogona kuva tsumo yechiHebheru.

**9:15** Izwi zvakatorwa kubva pana Ekisodho.33:19.Mwari anerusununguko rwokuita zvirimaererano nezvinangwa zvake zverudzikinuro.Chero Mosesi haana kunge aine kodzero yokuwana makomborero aMwari(cf.Ekisodho.33:20).Aiva mhondi(cf.Ekisodho.2:11-15).Chinhu chikuru ndechekuti sarudzo dzake dziri mutsitsi(cf.ndima.16,18-23;11:30,31,32).

**9:15-16 “Tsitsi”** Izwi rechiGiriki rokuti(*eleos*,cf.15,16,18,23;11:30,31,32)rinoshandiswa mubhaibheri rakare rechiGiriki *“Septuagint LXX”*kushandurudza izwi reciHebheru rokuti *“hesed”*(rangarirai kuti vanyori veTestamende itsva vaiva vaHebheru vainyora nerurimi rwechGiriki rwakasuruka),iro raireva kuti “kuterama,kumira pachisungo.” Tsitsi nesarudzo yaMwari igumbawose rakazara,(maJudha[Isaka],kwete maArabhu[Ishumaeri];Isiraeri[Jakobho],kwete Edhomu[Esau],asi vaJudha nevaHedheni vanotenda,cf.ndima.24)pamwe naanzvake pazvima.Ichi chokwadi chinopa imwe ye mhinduro kunyaya inonetsa kunzwisisa yedzidziso yokuti zviitiko zvoupenyuzvakarongwa kare(rudzikinuro rwepasirose).Imwe yenyaya huru dzezvikamu 9-11ndeye maitiro aMwari asingashanduki--- tsitsi(cf.9:15,16,18,23;11:30,31,32),kwete mabasa evanhu.Tsitsi kuburikidza noruketo dzichasvika kunavanotenda munaKristu vose.Iye mumwe ndiye achazarurira vose gonhi rokutenda (cf.5:18-19).

**NHAURWA INOKOSHA :RUDO RWOUNYORO(HESED)**

Izwi iri rinobata ndima yakapamhamha yemazwi nezvirevo zvawo.Gwaro reBDB rinoritsanangura nenzira inotevera(338-339).

A. Richishandiswa maringe navanhu

1. Hunyoro kunavamwe vanhu(semuna.,1Samueri.20:14;2Makoronike.24:22)
2. Hunyoro kuvarombo nevanoshaya(semuna.,Mika.6:8)
3. Mwoyo chena ( cf.Jeremiya.2:2;Hosea.6:4)
4. Rutarisiko(cf.Isaya.40:6)

B. Richishandiswa maringe naMwari

1. Kumira pachisungo uye rudo
  - a. “murudzikinuro kuvavengi nematambudziko” (semuna., Jeremiya. 31:3; Ezira. 27:28;9:9)

- b. “murudziviri rwopenyu kubva kurufu” (semuna, Jobho. 10:12; Mapisarema.86:13)
- c. “mukuchimbizisa hupenyu paMweya” (semuna, Mapisarema. 119:41, 76, 88, 124, 149,150)
- d. “murudzikinuro kuzvivi”(cf.Mapisarema.25:7;51:3)
- e. “mukuchengeta zvisungo” (semuna., 2Makoronike. 6:14; Nehemiya.1:5;9:32)
2. Rinotsanangura hunhu hwouMwari (semuna.,Ekisodho.34:6;Mika.7:20)
3. Hunyoro hwaMwari
  - a. “zhinji” (semuna.,Nehemiya.9:17;Mapisarema.103:8)
  - b. “mukuru zvakatekeshera” (semuna., Ekisodho.20:6;Dhuteronmi.5:10;7:9)
  - c. “nokusingaperi” (semuna, 1 Makoronike. 16:34, 41; 2 Makoronike. 5:13; 7:3, 6;20:21; Ezira.3:11)
4. Zviito zvonunoro (semuna, 2Makoronike. 6:42; Mapisarema. 89:2; Isaya. 55:3; 63:7; kuungudza kwaJeremiya.3:22)

**9:17-18** Ndima .17 indima inemazwi makuru nezvepasirose ayo akatorwa munaEkisodho.9:16;ndima 18 ndiyo yakaitwa beto.Faro anonzi akaomesa mwoyo wake muna Ekisodho.8:15,19,32;9:34. Mwari anonzi ndiye akaomesa mwoyo waFaro munaEkisodho.4:21;7:3;9:12;10:20,27;11:10. Uyu muenzaniso unoshandiswa kuratidza hutongo hwaMwari(cf.ndima.18).

Sarudzo dzaFaro dzinechekuita naiye pachake.Mwari anoshandisa kuzvitutumadza nenharo dzaFaro kuti azadzise zvido zvake kuIsiraeri(cf.ndima.180).

Tarisaisaiwozve kuti chinangwa chezvakaaitwa naMwari kunaFaro chaiva cherudzikinuro kuvanhu vose .zvaiva zvakatarisirwa:

1. Kuratidza samba raMwari(maringe nevamwari vemhuka vechiIjipita,sezvinotwa munaGenesi 1 kuvamwari venyeredzi veBhabhironi)
2. Kuratidza Mwari kuIjipita,zvichireva kupasirose(cf.ndima.17)

Maonero ekumadokero “American”anokudza munhu pazvima,asi maonero ekumabvazuva anokoshesa humwe.Mwari akashandisa Faro kuzviratidza kunyika yakanga yomuda.Achaita zvimwechetezvo kuIsiraeri isingatendi(cf.chikamu 11).Mumaonero aya kodzero yomumwe inomedzwa nezvinodikwa noruzhinji.Rangarira zve mifananidzo yezibatakose yemutestamende yekare ye:

1. Kufa kwevana vana chaivo vaJobho nokuda kwekutaaurirana pakati paSatani naMwari(cf.Jobho.1-2)
2. Kufa kwemauto eliraeri nokuda kwezvivi zvaAkani(cf.Joshua.7)
3. Kufa kwedangwe raDhavhita naBhetishebha nokuda kwezvivi zvaDhavhita(cf.2Samueri.12:15)

Tose tinobatwa zvikuru nesarudzo dzevanhu.Zibatakose iri rinogona kuonekwa muTestamende itsva munavaRoma.5:12-21.



- ▣ “**Nokuti shoko runoti...**”kutsanangura shoko semunhu inzira yekuratidza kuti shoko rinorarama uye rinokosha (cf.10:6-8).Pauro anotsanangura “zvivi” ne”rufu” semunhu munavaRoma.6-7)!

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):9”:19-26**

**<sup>19</sup>Zvino iwe ungati kwandiri,”Iye achapireiko mhosva?Nokuti ndianoi anoramba kuda kwake ?”<sup>20</sup>ko zvino iwe munhu,ndiwe aniko,unopindura Mwari?ko chakaumbwa chingati kunoakachiumba,”Wandiitireiko kudai?”<sup>21</sup>Ko muumbi wehari haana samba pamusoro pevhu here,kuti nebundu rimwe aite midziyo;mumwe wakakudzwa,nomumwe usina kukudzwa?<sup>22</sup>Zvino tichatiiko kuna Mwari,kana achida kuratidza kutsamwa kwake,nokuzivisa samba rake akaita nomwoyo murefu zvikuru pamusoro pemidziyo yokutsamwirwa,yakagadzirira kuparadzwa,<sup>23</sup>kutiazivise kufuma kwokubwinya kwake pamusoro pemidziyo yengoni,yaakangaagadzirira kubwinya,<sup>24</sup>iyesu vakadanwawo naye,tisingabvi kuvaJudha bedzi,asi kuvaHedheniwo?<sup>25</sup>Sezvaanorevawo mubhuku yaHosea achiti,“Avo vakanga vasiri vanhu vangu,ndichavaidza ,’vanhu vangu;’Naiye akanaga asiri mudikani,ndichamuidza ,’mudikani’ <sup>26</sup>Zvichaitika kuti paya pakanga parehwa kwavari,’Hamuzi vanhu vangu,’Ipapo vachaidzwa vanakomana vaMwari mupenyu.”**

**9:19 “Ndiani anoramba kuda kwake”** Uyu mutsara unechirevo chechiitiko chine ziendamberi,uchikumikidza zvakazara kuvapo kwezvibereko zvinozoramba zvichionekwa(cf.2Makoronike.20:6;Jobho.9:12;Mapisarema.135:6;Dhanieri.4:35).Mubvunzo mhindu unoenderera mberi.Kwazvo kwazvo kuteverera mubvunzo mhindu waPauro ndiyo nzira chaiyo yokudenengudza nokunzwisisa mafungiro aPauro.Tarira chikamu chenhangananyaya,B.,1.Zvido zvaMwari zvinoda kutariswa panhanho mbiri.Yokutanga izano rake rorudzikinuro kuvatadzi vose(cf.Genesi.3:15).Mazano aya haakanganiswe nesarudzo yemunhu pazvima.Asi panhanho yepiri,Mwari ndiye anosarudza mashandisiro aanoita munhu(cf.Ekisosdho.3:7-9 na10).Vanhu vanosarudzwa kuti vazadzise mazano ake (zvose zvakana,Mosesi,uye nezvakapa,Faro).

**9:20-21** Ichi chitarisiko chinotorwa munaIsaya.29:16;45:9-13;64:8 naJeremiya.18:1-12.Dimkira rokutsanangura Mwari semuumbi rainyanya kushandiswa kureva Mwari semusiki nokuti vanhu vakabva kuvhu(cf.Genesi.2:7).Pauro anoshandisa mibvunzo mitatu kuburitsa pachena hutongo hwaMwari—miviri yokutanga iri mundima.20 uye wechitatu uri mundima.21.Mubvunzo wokupedzisira unodzokera kuringanidzo yesarudzo ya Mwari yakanaka munaMosesi uye yakaipa muna Faro.Musiyano uyu unoonekwa muna

1. Isaka—Ishumaeri,ndima.8-9
2. Jakobho—Esau mundima.10-12
3. Rudzi rwaIsiraeri nerudzi rwaEdhomu mundima.13

Ringanidzo imwecheteyo inovandudzwa kuti iratidze mamiriro ezvinhu panguva yaPauro,ekutenda nekusatenda kwevaJudha.Sarudzo yaMwari yakanaka inozo ratidzwa nokudanwa kwevatendi vechiHedheni(ndima.24-29,30-33)!

Chimiro chevchivakamutauro chitarisira

1. Mhinduro yokuti “kwete “pamubvunzo wepandima.20.
2. Mhinduro yokuti”hongu”pamubvunzo wepandima.21.

**9:22 “kana”** Nedzimwe nzira ,uyu mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamafungiro nemaonero emunyori asi usina beto rechivakamutauro.Ndima.22-24 dzinovaka mutsara mumwechete mururimi rwechiGiriki.Ndima.22 inotaura nezve hunhu hwerudzikinuro hwaMwari.Mwari ndiMwari weruenzaniso.Achaita kuti vanhu vamiririre mabasa avo.Asi iye ndiMwari wetsitsi zve.Vanhu vose vanokodzera kufa(cf.1:18-3:21).Ruenzaniso haisri nyaya inofadza!hunhu hwaMwari ndehwe tsitsi,kwete kutsamwa(cf.Dhuteronomi.5:9-10;7:9;Hosea.11:8—9).Sarudzo dzake ndedzerudzikinuro(cf.Ezekieri.36:22-33).Ane mwoyo murefu nevatadzi(cf.Ezekieri.18).Anotombo shandisa huipi kuitira zvinangwa zvake zvorudzikinuro(sa,Satani,Faro,N’anga yepaEndori,Asiria,Nebhukadhinezari,Sairosi,nevaIsiraeri vasingatendi muchikamu 11)!



<b>NASB</b>	<b>“Ainechido chokuratidza kutsamwa kwake”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Achida kuratidza kutsamwa kwake”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Achidokwairira kuratidza kutsamwa kwake”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Aida kuratidza hasha dzake”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Akagadzirira kuratidza hasha dzake”</b>

Mwari anoratidza kutsamwa kwake kuitira kuti masimba ake ose azivikanwe(cf.ndima.22)uye nefuma yokubwinya kwake(cf.ndima23)zviito zvaMwari zvose zvinechinangwa cherudzikinuro(kunze kwe*Gehenna*,inova nzvimbo yokupedzisira iyo inorasirwa nhinhi dzinezvivi uye dzisingatendi).

▣ **“Midziyo yakasikirwa kutsamwa”**Uyu mutsara unoendera mberi nedimikira raPauro revhu iro rinobvira kundima.20 na21.Zviri pachena kuti madimikira aya anoreva vanhu vasingatendi avo vanoshandiswa naMwari kuzadzisa zano rake rerudzikinuro.



<b>NASB,NKJV</b>	<b>“Gadzirirwa”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Zvakaitwa”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Kuva pamiriro yokuparara”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Kuitwa”</b>

Iri izwi rinechirevo chokuitirwa.Izwi iri rakashandiswa mugwaro re”*Papyri*”(Moulton na Milligan)richirevo mudziyo wakagadzirirwa ramangwana rakarongwa kare.Hupanduki

hwokusatenda huchava nezuya rahwo rokutongwa nezvibereko. Zvisineyi Mwari anoshandisa vasingatendi mukuzadzisa zvinangwa zvake zvikuru zvorudzikinuro.

VaM.R. Vincent mugwaro ravo rezvidzidzo zvemazwi **”Word Study, vol.2”** vanoti”haina kufanira kuparadzwa naMwari ,asi nemamwe maonero ,yamirira ,yaibvira kuparadzwa,izwi rinovaka chiito rinechirevo chechimiro chazvino icho chakaitwa kare,asi risingaburitse maitirwo acho”(p 176).

▣ **”Kuparadzwa”**Tarira nhaurwa inokosha pa 3:3.

**9:23 “Kuti azivise kufuma kwokubwinya kwake pamusoro pemidziyo yengoni”**Chinangwa chebikorodzi remazwi iri ndechekuburitsa pachena chinangwa chaMwari nokusingaperi(kureva ngoni/tsitsi).Izwi rinoreva chiito rinechirevo chezvaidokwairirwa kuti zviitike.Mwari akazivisa kufuma kwake nokutumira Jesu!

Pauro anowanzo taura nezvefuma ye

1. Hunyoro hwake,mwoyo munyoro nemwoyo murefu wake,vaRoma.2:4
2. Kubwinya kwake kumidziyo yengoni/tsitsi,vaRoma.9:23
3. Nyasha dzake,vaEfeso.1:7
4. Kubwinya kwenhaka yake,vaEfeso.1:18
5. Nyasha dzake muunyoro kwatiri munaKristu,vaEfeso.2:7
6. Kristu kuvaHedheni,vaEfeso.3:8
7. Kubwinya kwake,vaEfeso.3:16
8. Gangaidzo rokubwinya uku muvaHedheni,kunova Kristu mauri,tariro yokubwinya, vaKorose.1:27

▣ **”Yaakanga agadzirira kubwinya”**Chokwadi chimwechetecho chino donogodzwa munavaRoma.8:29-30 navaEfeso.1:4,11.Chikamu chino ndicho chinoburitsa zvakasimba hutongo hwa Mwari muTestamende Itsva.Hapangavi negakava panyaya yokuti paneutariri hwaMwari hwakazara pamusoro pezvisikwa nerudzikinuro! Chokwadi ichi hachitodi kupfaviswa kana kukwenenzverwa.Zvisineyi chinoda kunengaidzwa nesarudzo yaMwari yechisungo senzira yesungano nevanhu,avo vakaitwa nemufananidzo wake.Ichokwadi kuti zvimwe zvisungo zvemutestamende yekare,saGenesi.9:8-17 na 15:12-21,hazvina miero uye hazvina chokuita norudaviro rwe vanhu vose,asi zvimwe zvisungo zvine miero nevanhu uye zvine chokuita norudaviro rwevanhu vose(kureva,mubindu reIdheni,Nowa,Mosesi,Dhavhita).Mwari anezano rokudzikinura zvisikwa zvake,hakuna munhu angakanganisa zano iri.Mwari abvumira vanhu kuti vabatikane muzano rake.Uyu mukana wokubatikana unovaka makakatanwa muzvidzidzo zvouMwari pakati peutongo(vaRoma.9)nekuita madiro kwevanhu(vaRoma.10).

Hazvina kukodzera kusarudza tsanangudzo yebhaibheri imwechete uchipwisa imwe.Pane gakanwa pakati pemakwara edzidziso nokuti vanhu vekumabvazuva vanotura chokwadi nenzira yokukakavadzanisa pfungwa.Makwara edzidziso anofanira kubatwa ari muhochekeche nemamwe makwara edzidziso.Chokwadi chirukwa chezvokwadi.

Zvokwadi panegangaidzo pano!Pauro haaburitsi zvakajeka kuti vasingatendi vakamirira kutsamwa(*kataptizō*) (ndima.22)uye nokuti vatendi vakamirira kubwinya(*proetoimazō*)(ndima.23).Ko sarudzo yaMwari inongova yoga here kana kuti tsitsiwo kuvanhu vose dzine chokuita nesarudzo iyi,asi vamwe vachiramba pfupiro yake?Ko vanhu vanechekuita neremangwana ravo here(cf.9:30-10:21)?Kune kuwedzeredza kumativi ose(Augustine-Pelagius).Kwandiri ,hurongwa hwechisungo hunobatanidza nzira dzose dziri mbiri ,zvakasimba pamberi paMwari.Vanhu vanogona chete kungova norudaviro kumharuro yaMwari(semuna.,Johani.6:44,65).Kwandiri ,Mwari haangoshanduki misi nenguva,asi ndi Mwari wetsitsi.Anotambanudzira ruoko rwake kuvanhu vose vakasikwa nomufananidzo wake(cf.Genesi.1:26,27).Ndinotambura nenyaya iyi.Inobata ndangariro ,ukuwo ichiumba musiyano mukuru.Inonanga zvikuru pakusatenda kwemaJudha,uko kunoguma kwasanganisirawo maHedheni(chikamu11)!Asi ichi handicho choga chinyorwa chinotaura nezvemaitiro aMwari!

▣ “kubwinya”Tarira chinyorwa pa 3:23.

**9:24** Ndimu ino inoratidza kuti chinangwa chevimbiso yaMwari chakapamhamha kupfuura rudzi rwaIsiraeri rwoga.Mwari akaratidza tsitsi kuvanhu zvichienderana nesarudzo yake.Vimbiso yaGenesi.3:15 yakanangana nomunhu wose(nokuti hatione maJudha kuzosvika tava pachikamu.12).Kudanwa kwaAbhurahamu kwaiva kwakanangana nevanhu vose,Genesi.12:3.Kudanwa kweIsiraeri senyika yemapirisita kwaiva kwakanangana nevanhu vose(cf.Ekisorodho.19:5-6)!uku ndokuva ninji kwaMwari,kwaiva kwakavanzwa,asi kwazo buritswa pachena zvakazara(cf.vaEfeso.2:11-3:13;vaGaratiya.3:28;vaKorose.3:11).

Kutaura kwaPauro mundima.24 kunotsanangurwa zvakazara nemitsara inotorwa muTestamende yakare(ndima.25-29).

1. Ndimu.25,Hosea.2:23
2. Ndimu.26,Hosea.1:10b
3. Ndimu.27,Isaya.10:22 naHosea.1:10a
4. Ndimu.28,Isaya.10:23
5. Ndimu.29,Isaya.1:9

**9:25-26** Pamaonero ,muvaravara uno unobva mubhaibheri rechiGiriki rakare“*Septuagint*” (**LXX**)(paine kugadzurudzwa kushoma)na1:10,apo waireva madzinza gumi ekuchamhembe,asi Pauro anoreva maHedheni.Kushandisa mivaravara yeTestamende yekare kunoitwa zvikuru nevanyori vazhinji ve veTestamende Itsva.Vaiona kereke sezadziso yeIsiraeri(cf.2vaKorinde.6:16;Tito.2:14;1Petirosi.2:5-9).Pachirevo chechinyorwa ,muvaravara wemunaHosea unoreva Isiraeri isingatendi.Kana Mwari aizodzoredza madzinza gumi ekuchamhembe ayo ainamata zvifananidzo,Pauro aiona sokuti uhwu ndihwo hwaizova humboo hwerudo noruregerero rwaMwari urwo rwaizo sanganisirawo chero nemaHedheni.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):9:27-29**

<sup>27</sup>NaIsaya anodana pamusoro pavaIsiraeri, achiti, ”kana kuwanda kwavana vaIsiraeri kwakaita sejecha regungwa, vakasara ndivo vachaponeswa; <sup>28</sup>nokuti Ishe achaita panyika shoko rake, nokuripedzisa nokukurumidza.” <sup>29</sup>Sezvaakamboreva Isayawo, achiti, ”Dai Ishe wehondo asina kutisiyira rudzi, Tingadai takava seSodhoma, takaitwa seGomora.”

**9:27**

NASB, NKJV,

NRSV, NJB

“Kana”

TEV

“Chero zvazvo”

Uyu mutsara uneshongedzo yechiitiko chemuneremangwana, uchinongedza chiitiko chingangoitka muneremangwana.

**9:27-28** Uyu mutsara wakatorwawo mubhaibheri rakare rechiGiriki “*Septuagint*” (LXX) mubhuku raIsaya. 10:22-23. Gwaro re”*Textus Receptus*” rinowedzera mutsara wokupedzesera kubva mubhuku raIsaya remubhaibheri rakare rechiGiriki, Isaya. 10:23. Asi mutsara uyu hauwanikwi muzvinyorwa zvechiGiriki zvakare zvinoti; **P<sup>46</sup>, 8, A, naB**, Izvo zvinoratidza kuti wakazowedzerwa pava paya nemumwewo munyori. Gwaro re**UBS<sup>4</sup>** rinopa chipimo chokusavapo kwawo se”chokwdi.”

**9:27** “**Sejecha regungwa**” Iri ndiro rimwe remadimikira, mutauro wegudzanyaya wevimbiso yaMwari kuna Abhurahamu (cf. Genesi. 15:5; 22:17; 26:4).

☐ **“VAKASARA NDIWO VACHAPONESWA**” Izwi rokuti “vakasara” rinonyanyo shandiswa nemaporofita eTestamende yekare kureva avo vana vaIsiraeri vakanga vaiswa muudzingwa, asi vachazounzwazvenaMwari kunyika yechipikirwa. Pamashandisirwo arinoitwa naPauro izwi iri, rinoreva maJudha ayo aiva noukama hworutenda naMwari kana avo vakanzwa shoko uye vakava norudaviro rwokutenda munaKristu.

Chero muIsiraeri yechisungo, kupesana pamweya kwakaitikawo, kwaivawo nevamwe vaiva noukama hwakanaka naMwari. Kusarudzwa kweIsiraeri hakuna kudzivisa kudiwa kweudaviro pazima (cf. Isaya. 1:16-20).

Pauro arikushandisa mutsara wemuTestamende yekare uyo waireva maJudha aiva muudzingwa, avo vane vashoma vavo vakadzoka kunyika yeParastina, kureva avo vakanzwa shoko, asi ruzhinji rwavo haruna kutenda nokugamuchira Kristu. Kachikamu kadiki kwazvo kevanzwi veshoko vemumakore zana okutanga (maJudha pamwe nemaHedheni) ndivo vakagamuchira shoko. Pauro anoti ivava vakagamuchira shoko ndivo vakasara.

**NHAURWA INOKOSHA: VAKASARA, NZIRA NHATU**

Pfungwa yeTestamende yokuti”vatendi vakasara” idingindira rinoramba richidzokororwa

nemaPorofita(kazhinji maporofita emazana masere okutanga “*eighth century*”pamwe naJeremiya).Rinoshandiswa nenzira nhatu:

1. Avo vakararama udingwa (kureva., Isaya.10:20-23; 17:4-6; 37:31-32; Jeremiya.42:15, 19; 44:12, 14,28; Amosi.1:8)
2. Avo vakaramba vachitenda kunaYHWH (Semuna., Isaya.4:1-5;11:11,16;28:5; Joere.2:32; Amosi.5:14-15; Mika.2:12-13; 4:6-7; 5:7-9; 7:18-20)
3. Avo vanova chikamu chemutsiridzo norusiko rutsva rwekupedzisira (semuna, Amosi.9:11-15)

Pamaonero aya, Mwari anosarudza vamwe (avo vanoushingi hwekutenda)veavo vakasara(vakararama udingwa) kuti vadzoke kuna Judha.Sezvataona kare muchikamu chino, matingindira kubva kare kweIsiraeri anoramba achidzokoroka (ndima.6) Mwari arikudzikisa huwandu kuitira kuti aratidze samba,kupa nokuchengetedza kwake (semuna., Gidhioni, vaTongi.6-7).

**9:28**

<b>NASB</b>	<b>“Kuripedzisa nokukurumidza”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Kupedza ...muchidimbu”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Kukurumidza kwazvo kwazvo”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Kukurumidza kuzadzisa mazwi ake”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Asinga zengurire kana kunonoka”</b>
<b>REB</b>	<b>“Richaitwa muchidimbu uye zvachose”</b>
<b>NIV</b>	<b>“Nechimbichimbi uye zvachose”</b>
<b>NET</b>	<b>“Kupedzeredza uye nokukurumidza”</b>

Mazwi maviri echiGiriki anoumba dambanemazwi(mibatandiswa yezwi rokuti “*sun*” inonyanyo wanikwa muzvinyorwa zvaPauro).

I. ***Suntelōn***,chireva nguva chinonongedza zvirikuitoitika zvezwi rokuti

a. ***Sun***

b. ***Teleō***

izvo zvinoreva kwazvo kwazvo kuti”kumunyungirwa”kana “kuzadziswa zvakazara”(cf.Mako.13:4;Ruka.4:2,13;Mabasa.21:27;vaHebheru.8:8)

II. ***Suntemnō*** chirevanguva chinonongedza zvirikuitoitika zvezwi rokuti

a. ***Sun***

b. ***Temnō***

Izvo zvinoreva kwazvo kwazvo kuti”muchidimbu”kana kuita nokukurumidza”(zvinowanikwa pano chete,asi chimwe chimiro chiri munaMabasa.24:4)

Apo panoshandiswa umvumira uhwu,manyorerwo oga ndiwo anobatsira,kwete zvirovo zvamazwi kana kuenderana kwawo.

Mwari anechinangwa nezano reruponeso rwevanhu vake chaivo uye nomutongo kuna vamwe vose!

Ndima iyi inonetsa kupirikira naizvozvo vanyori vakawanda vakazowedzera mitsara yavowo vachiedza kujekesa izvo zvavaifunga kuti ndizvi zvayaireva. Gwaro re **UBS<sup>4</sup>** rinopa chinyorwa chipfupisa uye nechipimochokutanga”A”(chokwadi).

**9:29** Izvi zvakatorwa muna Isaya.1:9 mubhaibheri rechiGiriki rakare”**LXX**” apo panorambwa kuva nezvivi kwenyika yeIsiraeri.

▣ **“ISHE WEHONDO”** Iri ndiro raiva zita raMwari “YHWH” muTestamende yekare, rainyanyo shandurudzwa richinzi “Ishe wevacheki”(cf. Jakobho.5:4). Zvichienderana nemanyorerwo ,izvi zvaireva Mwari nemutauro wechiuto,”nhungamiri yeuto rekudenga”(cf. Joshua.5:13-15) kana nomutauro weutariri, kazhinji hwe avo vanonamata vamwari venyeredzi veBhabhironi rinoreva zvidzimu zvedenga,”mwari wezvidzimu zvedenga.”Nyeredzi dzingori zvisikwawo hadzo, kwete vamwari; hadziitise kana kuumba zviitiko(cf. Genesi.1:16; Mapisarema.8:3; 147:4; Isaya.40:26).

#### **NHAURWA INOKOSHA:MAZITA OUMWARI**

##### **A. *El*(BDB 42,KB 48)**

1. Zita chairo rakare remabviro rinoreva uMwari harinyatso zivikanwa, zvisineyi vadzidzi vazhinji vanotenda kuti rinobva mururimi rwechi”Akkadian”, richireva kuti”kusimba”kana”kuva nesimba”(cf. Genesi.17:1; Numeri.23:19; Dhuteronomi.7:21; Mapisarema.50:1).
2. Mutemberi yeKenani, mwari mukuru ndi *El*(kubva muzvinyorwa zveRas Shamra)
3. Mubhaibheri vara rokuti *El* harinyanyi kubatanidzwa nemamwe mazwi. Mibatidzwa iyi yakavawo nzira yokutsanangudza Mwari.
  - a. *El-Elyon*(Mwari mukuru, BDB 42 na 751 2), Genesi.14:18-22; Dhuteronomi.32:8; Isaya.14:14
  - b. *El-Roi*(“Mwari anoona”kana “Mwari anozviratidza,” BDB 42 na909), Genesi.16:13
  - c. *El-Shaddai*(“Mwari Samasimba”kana”Mwari wetsitsikana “Mwari wemugomo,” BDB 42 na994), Genesi.17:1; 35:11; 43:14; 49:25; Ekisodho.6:3
  - d. *El-Olam*(Mwari asingaperi, BDB 42 na761), Genesi.21:33. Pazvidzidzo zvouMwari ,izwi iri rinehochekeche nevimbiso yaMwari kuna Dhavhita, 2Samueri.7:13,16
  - e. *El-Berit*(“Mwari wechisungo,” BDB 42 na 136), vaTongi.9:46
4. Vara rokuti *El* rinoenzaniswa na
  - a. YHWH muna Mapisarema.85:8; Isaya.42:5
  - b. “*Elohim*” iye Mwari muna Genesi.46:3; Jobho.5:8,”ndini iye”*El*”, iye Mwari wababa vako”
  - c. “*Shaddai*” Mwari wamasimba ose” muna Genesi.49:25
  - d. “Anegodo” muna Ekisodho.34:14; Dhuteronomi.4:24; 5:9; 6:15
  - e. “Anetsitsi” muna Dhuteronomi.4:31; Nehemiya.9:31
  - f. “Mukuru anotyisa” muna Dhuteronomi.7:21; 10:17; Nehemiya.1:5; 9:32; Dhanieri.9:4

- g. “Uno ziva”muna 1Samueri.2:3  
 h. “Nhare yangu inesimba”muna2 Samueri.22:33  
 i. “Unonditsivira”muna2 Samueri.22:48  
 j. “Mutsvene”munaIsaya.5:16  
 k. “Anesimba”munaIsaya.10:21  
 l. “Ruponeso rwangu”munaIsaya.12:2  
 m. “Mukuru anesimba”munaJeremiya.32:18  
 n. “Wokutsiva”munaJeremiya.51:56
5. Mubatanidzwa wose wemazita aMwari emuTestamende yekare anowanikwa munaJoshua.22:22(*El, Elohim*”iye,iye Mwari”YHWH”Mwari”,akadzokororwa)
- B. *Elyon*”Mwari mukuru”(BDB 751,KB 832)
1. Chirevo ndechokuti “pamusoro,”  
 “kurumbidzwa”kanakusimudzirwa”(Genesi.40:17;1Madzimambo.9:8;2Madzimambo.18:17;Nehemiya.3:25;Jeremiya.20:2;36:10;Mapisarema.18:13).
  2. Rinoshandiswa nenzira yakasiyana nemamwe mazita aMwari
    - a. “*Elohim*”iye Mwari-Mapisarema.47:1-2;73:11;107:11
    - b. “YHWH”Mwari-Genesi.14:22;2Samueri.22:14
    - c. “*El-Shaddai*”iye wamasimba wose-Mapisarema.91:1,9
    - d. “*El*”iye-Numeri.24:16
    - e. “*Elah*”Wokkumusoro soro-rinonyanya kushandiswa munaDhanieri.2-6 nemuna Ezira.4-7,rinesungano nezwi rechi(“Aramaic” rokureva Mwari wokumusoro soro)munaDhanieri.3:26;4:2;5:18,21
  3. Rinoshandiswa nevanhu vemamwe marudzi vasiri vaIsiraeri.
    - a. Merekizedheki,Genesi.14:18-22
    - b. Bharamu,Numeri.24:16
    - c. Mosesi achitaura nezvemarudzi munaDhuteronomi.32:8
    - d. Vhangeri raRuka muTestamende,achinyorera kumaHedheni ,anoshandisawo izwi rechiGiriki rinoreva Mwari rokuti “*Hupsistos*”(cf.1:32,35,76;6:35;8:28;Mabasa.7:48;16:17)
- C. “*Elohim*”ivo Mwari(riri muuwandu),”*Eloah*”iye Mwari(riri muhumwe),rinonyanyo shandiswa mukudetemba(BDB 43,KB 52)
1. Iri izwi harina kumwe mwarinowanikwa kunze kwemuTestamende yekare.
  2. Iri izwi rinogona kunan’anura Mwari weIsiraeri kana vaMwari vemamwe marudzi(cf.Ekisdho.12:12;20:13).Mhuri yaAbhurahamu yaitenda kuna vamwe vamwari(cf.Joshua.24:2)
  3. Rinogona kureva vatongi veIsiraeri(cf.Ekisdho.21:6;Mapisarema.82:6).
  4. Izwi rokuti “*elohim*”iro rinoreva kuti iye Mwari,rinoshandiswawo kureva imwe mweya(ngirozi,madhimoni)semuna Dhuteronomi.32:8(LXX);Mapisarema.8:5;Jobho.1:6;38:7.
  5. Mubhaibheri ndiro zita rokutanga rouMwari(cf.Genesi.1:1).Rinoshandiswa kureva izvozvo chete kusvika panaGenesi.2:4,apo parinozo batanidzwa nerokuti “YHWH.”Pazvidzidzo zvouMwari rinoreva Mwari somusiki,muchengeti nomupi woupenyu hwose pano panyika(cf.Mapisarema.104).  
 Rinofambirana nerokuti “*El*”(cf.Dhuteronomi.32:15-19).Rinogona zve kufambirana nerokuti “YHWH”Sezvo romuna Mapisarema .14



rokuti "Elohim" rinoreva zvimwechetezvo nerokuti "YHWH" remuna Mapisarema.53, kunze kwemazita eutsvene

6. Zvisineyi nokuti riri muuwandu uye rinoshandiswa kureva vamwe vamwari, izwi iri rinonyanyo shandiswa kunan'anura Mwari weIsiraeri, asi kazhinji rineshonedzo yezwi rechiito riri muhumwe semunongedzo wekureva kutenda Mwari mumwe.
7. Iri izwirinotaurwa neavo vasiri vaIsiraeri sezita rouMwari.
  - a. Merekizedheki, Genesi.14:18-22
  - b. Bharamu, Numeri.24:2
  - c. Mosesi, apo achitaura nezvemarudzi, Dhuteronomi.32:8
8. Zvinoshamisa kuti zita raMwari mumwe weIsiraeri rir muuwandu! Nyangwe zvazvo pasina chokwadi, hedzinoyi dzimwewo pfungwa pamusoro penyaya iyi.
  - a. Rurimi rwechiHebheru runoisa mazwi mazhinji muuwandu senzira yokuburitsa chirevo zvakajeka. Chivakamutauro chinonyatsopa munongedzo wakajeka ndechetsanangudzo yemutsara unoisa izwi rokuti "mutekwatekwa," iro rine huwandu hunoshandis wa kureva kuvandudza maonero.
  - b. Izvi zvinogona kureva dare rengirozi, iro rinogara naMwari kudenga richimuitira basa (cf. 1Madzimambo.22:19-23; Jobho.1:6; Mapisarema.82:1; 89:5,7)
  - c. Zvinogonekawo kuti izvi zvinoreva zvinoburitswa muTestamende itsva zvaMwari vatatu mumwe. Muna Genesi.1:1, Mwari anosika; Genesi.1:2 Mweya unotapatira, uye kuTestamende itsva Jesu ndiye mumiriri waMwari baba pakusika (cf. Johani.1:3,10; vaRoma.11:36; 1vaKorinde.8:6; vaKorose.1:15; vaHebheru.1:2; 2:10).

#### D. YHWH (BDB 217, KB 394)

1. Iri ndiro zita rinoratidza huMwari, saMwari anoita zvisungo; Mwari muponesi, mudzikinuri! Vanhu vanotyora zvisungo, asi Mwari anotedzera shoko rake, vimbiso, zvisungo (cf. Mapisarema.103).  
Izwi iri rinotanga kuburitswa rakabatan9idzwa nerokuti "Elohim" muna Genesi.2:4. Hamhuna tsanangudzo mbiri dzokusika muna Genesi.1 na2, asi tsanangudzo dzokujekesa mbiri (1) Mwari somusiki wepasi rose (rinoonekwa) ne (2) Mwari somusiki anokosha wavanhu. Genesi.2:4-3:24 dzinotanga nokuzviratidza kunokosha nezve chinzvimbo chevanhu nechinangwa chakanangurwa, pamwewozve nedambudziko rezvivi noupanduki izvo zvinechekuita nechinzvimbo ichi.

2. Muna Genesi.4:26 zvinonzi”vanhu vakatanga kudana zita raJehovha”(YHWH).Zvisineyi ,Eki sodho.6:3 inoti vanhu vechisungo vakare(madzibaba nemhuri dzavo)vaiziva Mwari achinzi”*El-Shaddai*”iye wamasimba wose chete.Zita rokuti YHWH rinotsanangurwa kamwe koga munaEki sodho.3:13-16,kunyanya ndima.14.
- Zvisineyi zvinyorwa zvaMosesi zvinonyanyo pirikira mazwi nenzira yemadambamba nemazwi emazwi ainyanya kushandiswa,kwete kuvakwa kana zvirovo zvawo(cf.Genesi.17:5;27:36;29:13-35).Pane pfungwa nemaonero akawanda maererano nechirevo chezita irori(zvakatorwa mugwaro reIDB,vol.2,pp409-11).
- Kubva mururimi rwechiArabhu rinoreva”kuratidza rudo rwakadzama”
  - Kubvazve mururimi rwechiArabhu rinoreva”kunyandanura”(YHWH saMwari wedutu)
  - Kubva mururimi rwechiKenani,rinoreva”kutura”
  - Kubva murunoro rwevagara kumabvazuva egungwa reMedhitereniya”*Phoenician inscription*”rinechirevo chouhonzeri”iye anochengeta,”kana “iye anodzika”
  - Kubva murunoro rwechiaHebheru”*Qal form*”rinoreva kuti”iye ari,”kana kuti”iye aripo”(muchimiro chezviri muneremangwana,”iye achava”)
  - Kubva murunoro rwechiHebheru rwe”*Hiphil form*”rinoreva kuti”iye anoitisa”
  - Kubva mururimi rwechiHebheru rinoreva kuti”kurarama”(semuna.,Genesi.3:20),richireva kuti”anorarama nokusingaperi,iye oga anorarama”
  - Kubva pamanyorerwo aEki sodho.3:13-16 pane dambetambe rinoitwa nechimiro chechirevo chezvaka itwa zvikaguma chichiiswa muchimiro chezvaka itwa uye zviine zierendamberi,”ndichava iye wandaiva”kana kuti”ndichava iye wandichava”(cf.J.Wash Watts,*A Survey of Syntax in the Old Testament,p.67*) ongororo yekurongwa kwemazwi nemitsara;zita rakazara rokuti “YHWH”rinowanzo nyorwa muchidimbu kana muchimiro chemabviro aro.
    - Yah*(sokuti.,Hareru-ya,BDB 219,cf.Eki sodho.15:2;17:16;Mapisarema.89:9;104:35)
    - Yahu*(“ya”beto remazita,sokuti.,Isaya)
    - Yo*(“Jo”dangazwi remazita,sokuti.,Joshua kana kuti Joere)
3. Pamazuva akazotevera muchitendero chechiJudha izwi iri(YHWH) rakazoitwa dzvene zvokuti vaJudha vaitoty kuridana nokuti zvaizoita kuti vatyore murayiro womunaEki sodho.20:7;Dhuteronomi.5:11;6:13.Naizvozvo vaishandisa mazwi okuti”muridzi,” “tenzi,”murume,” “ishe”—(*adon or adonai*) ishe wangu.Apo vainge vasvika paizwi rokuti”YHWH” vachiverenga shoko muTestamende yekare vaidudza vachiti”ishe.”Ndizvo zvinoita kuti izwi rokuti “YHWH”rakanyorwa richinzi ISHE mushandurudzo yechirungu.
4. Sezwi rokuti “*El*,”izwi rokuti”YHWH”rinogaro batanidzwa nemamwe mazwi kuitira kuburitsa maitiro aMwari wechisungo weIsiraeri.Izvo kuine mibatandzwa yemazwi iyo inokwanisa kuitwa yakawanda,iyi ndiyo mimwe yacho.

- a. *YHWH-Yireh* (“YHWH”Mwari anopa,BDB 217 na 906),Genesi.22:14
- b. *YHWH-Rophekha* (“YHWH”Mwari ndiye murapi wako,BDB 217 na950,chirevanguva cherunyoro rwe”*Qal*”),Ekisodho.15:26
- c. *YHWH-Nissi* (“YHWH”Mwari ndiye murwiri wako,BDB 217 na 651),Ekisodho17:15
- d. *YHWH-Meqaddishkem* (“YHWH”Iye anokuita mutsvene,BDB 217 na872,chireva nguva cherunyoro rwe”*piel*”),Ekisodho.31:13
- e. *YHWH-Shalom* (“YHWH”Mwari ndiye rugare,BDB 217 na1022),vaTongi.6:24
- f. *YHWH-Sabbaoth* (“YHWH”Mwari wevacheke,BDB 217 na878),1Samueri.1:3,11;4:4;15:2;kazhinji mumaporofita
- g. *YHWH-Ro’I* (“YHWH”Mwari ndiye mufudzi wangu,BDB 217 na 944,Chirevanguva cherunyoro rwe”*Qal*”),Mapisarema.23:1
- h. *YHWH-Sidqem* (“YHWH”Mwari ndiye kururama kwedu,BDB 217na841),Jeremiya.23:6
- i. *YHWH-Shammah* (“YHWH”Mwari aripa,BDB 217 na1027),Ezekieri.48:35



- NASB** “Dai.....akatsiyira rudzi”  
**NKJV** “Dai.....akatsiyira mbeu”  
**NRSV** “Asina kutisiyira vakararama”  
**TEV** “Asina kutisiyira zvizukuru”  
**NJB** “Asina kutisiyira vakasara vashoma”

Zvinyorwa zvechiHebheru zvebhuku raIsaya.1:9 rinoshandisa izwi rokuti “vakasara,”asi bhaibheri rechiGiriki rekare (*Septuagint*)rinorishandurudza richiti”mbeu”(NKJV).Mutongo waMwari kuIsiraeri waigarosiya (1)tsarirwa yevatendi kana(2)vedzinza raMesiasi.Mwari aisiya vashoma kuti awane vazhinji.

▣ “**Sodhomu....Gomora**”Ndima 28 inehochekeche nemutongo waMwari.Ndima inotaura kwazvo kwazvo nezve maguta emaHedheni maviri ayo akaparadzwa naMwari munaGenesi.19:24-26,asi akava tsumo yemutongo waMwari(cf.Dhuteronomi.29:34;Isaya.13:19;Jeremiya.20:16;49:1850:40;Amosi.4:11).

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):9:30-33**

<sup>30</sup>Zvino tichatiko?tichati ,vaHedheni vasina kutsvaka kururama,ndivo vakawana kururama,iko kururama kwokutenda;<sup>31</sup>asi vaIsiraeri vakati vachitsvaka murayiro wokururama ,Havana kusvika pamurayiro iwoyo.<sup>32</sup>Neiko?nokuti Havana kuutsvaka nokutenda ,asi zvinenge namabasa avo .Vakagumburwa nebwe rinogumbusa .<sup>33</sup>Sezvazvakanyorwa zvichinzi,“Tarira ndinoisa paZioni ibwe rokugumbusa,Nedombo rokupingaidza;Anotenda kwaari,haanganyadziswi.”

**9:30-31** Iyi ndiyo mheto inoshamisira yechinangwa chesarudzo ya Mwari. Ndima.30-33 dzinoumba pfupiso yechikamu.9 uye ichivawo nhanganyaya yechikamu 10. VaHedheni vanotenda vanoruramiswa kuna Mwari, asi kwete vaJudha vose (cf. ndima.6)!

Mwari anoshanda nevanhu vose nenzira yechisungo .Mwari anogaro parura uye nokuisa zvimiso

Vanhu pazima vanofanira kuva norudaviro rwokutendeuka pamwe norutendoruteerero uye kutsungirira. Vanhu vanoponeswa here

1. Nehutongo hwaMwari
  2. Netsitsi dzaMwari kuburikidza nokutenda mubasa rakapedzwa raMesiasi
  3. Nechiito chokutenda pazima?
- Zve”devedzo” tarira chinyorwa pa 14:19

**9:30”Ruramo”**kuti neruzivo nezve nzanga yezwi iri tarira nhaurwa inokosha pa 1:17. Izwi rinoreva zita iri rinoshandiswa rutatu mundima.30 nekamwe mundima.31.”Ruramo” yokutenda inosiyaniswa ne”Ruramo” yemurayiro. Izvi zvichiburitsa musiyano pakati pechisungo chakare nechisungo chitsva. Matambudziko echisungo chakare ,ndiwo anozarura musiwo wevhangeri kupasirose muchikamu .11.

**9:32”Nemabasa”**Gwaro re”*Textus Receptus*”rakawedzera mavara okuti”nemurayiro.”iyi yaiva wedzero yemunyori akazonyora pava paya. Pauro aigaro shandisa mutsara uyu wokuti”mabasa omurayiro”(cf.3:20,20; vaGaratiya.2:16;3:2,5,10). Zvisineyi, chinyorwa chakare chechiGiriki **cheP<sup>46</sup>, N<sup>\*</sup>** ,A,B,F,naG haana izwi iri mundima dzawo. Gwaro reUBS<sup>4</sup> rinopa chipimo che”B”(pedo nechokwadi). Shanguriro yekururama kwaMwari haasi mabasa evanhu ,asi hunhu nechipo chaMwari kuburikidza naKristu. Ruramo haigonekwe nevatadzi, asi chingori chipo chokungipihwawo kuburikidza nokutenda munaKristu(cf.3:21-31). Zvisineyi izvi zvinofanira kugamuchirwa(cf. ndima.33; Johani. 1:12;3:16; vaRoma.4:1ff;10:9-13; vaEfeso.2:8-9). Kwazvo kwzvo ichi ndicho chokwadi chisingaonekwi nevaJudha, avo vanotevera zvinamoto nemurayiro! vaGeorge Eldon Ladd, mugwaro ravo rinonzi”*A Theology of the New Testament*”(Dzidzo yezvouMwari yeTestamende itsva)vanoti:”Dzidziso yaPauro pamusoro pemurayiro kubva kune zvaakasangana nazvo iye pazima semudzidzisi wechiJudha, kana semuJudha wenguva iyi yemakore zana okutanga uyo airarama pasi pemurayiro. Zvisineyi, pfungwa yaPauro haifanire kuonekwa semhupuro yenhoroondo yake pamweya, kana setsanangudzo yehuFarisi hwake, asi semhirikiro yezvidzidzo zvouMwari , yakaitwa nemuKristu uyo akararama munzira mbiri dzeruramodzinoti: yemurayiro neyekutenda”(p.495).

**9:33** Izvi zvakatorwa kubva munaIsaya.28:16 zvichibatandzwa na8:L14.

“Tarirai ndinoisa paZioni ibwe ,”28:16a

“Ibwe rokugumbusa uye rokupingaidza”8:14b

“uye anotendakwaari haanganyadziswi,”28:16b

Nokubatanidza ndima idzi nenzira iyoyi(chidobi chevadzidzisi vechiJudha)anoshandura zvinorehwa naIsaya.28:16 kubva mukureva zvakanaka kuzviisa kuzvisakarurama.Pauro anojengaidza Testamende yekare kuzadzisa zvinangwa zvake.

1. Anosarudza shandurudzo dzaanoda (**LXX,MT,Kana yake**)
2. Anoshandura mabviro(kubva kuudzingwa kusvika kuvaHedheni)
3. Anobatanidza zvinyorwa
4. Anoshandura mazita nemazwi anesungano nemazita,ayo anoreva”YHWH”Mwari kuna Jesu

▣ **“Anotenda kwaari haanganyadziswi”**Izvi zvakatorwa munaIsaya.28:16b.Zvakanyorwazve muna vaRoma.10:11 uye zvinofanana nezviri munaJoere.2:32,zvakanyorwa muna vaRoma.10:13.Shanguriro yeruponeso inowanikwa muzvinhu zviviri zvinoti(1)munheyo yebwe repakona(2)murugamuchiro rwepauzima(kutenda maari).Tarira nhaurwa inokosha :Tenda pa 4:5.

▣ **“Ibwe”**Iri rakambova zita rokureva Mwari(cf.Mapisarema.18:1-2,31,46;Dhuteronomi.32:18;Samueri.2:2;Mapisarema.28:1;31:3;42:9;71:3;78:35),asi rakazova zita routumwa(cf.Genesi.49:24;Mapisarema.118:22;Isaya.8:14;28:16;Dhanieri.2:34-35,44-45;Mateu.21:42-44).Chinhu chikuru chevimbiso yechisungo chaMwari(Mesiasi)hachina kunzwiswa uye chakarambwa (cf.1vaKorinde.1:23).VaJudha Havana kunzwisisa kwete chinangwa chaMesiasi choga,asiwo nezvinodiwa muchisungo chaMawri.Kristu akava chigumbuso kuvaJudha(cf.9Isaya.8:14;Ruka.2:34),asi kuvatendi,kunavose vaJudha nevaHedheni,akava ibwe rekona rinokosha(cf.Isaya.28:16;1Petirosi.2:6-10).

### **NHAURWA INOKOSHA:IBWE ROMUGWA**

- I. Mashandisirwo emuTestamende yekare
  - A. Pfungwa yedombo richishandiswa sechinhu chinovaka rusvingo rwakasimba yaishandiswa kutsanangura “YHWH”Jehovha(Mapisarema.18:2).
  - B. Rakazoenda mberir ichiitwa zita routumwa (cf.Genesi. 49:24; Mapisarema.118:22; Isaya.28:16).
  - C. Rakazorevawo kutonga kwaMwari”YHWH”naMesiasi(cf.Isaya.8:14;Dhanieri.2:34-35,44-45).
  - D. Rakazovawo dimikira rechivakwa.
    1. Ibwe rorusvingo ,rakatanga kuiswa,iro rakasimba uye rinosimbisa chivakwa chose,iro rinodanwa kuti”ibwe repakona”
    2. Rinogona kureva ibwe rakaiswa kwokupedzisira,iro rinosimbisa midhuri yose(cf.Zekariya.4:7;vaEfeso.2:20,21),iro rinonzi “ibwe rechisuvi,”kubva paizwi rechiHebheru rokuti ”*rush*”(kureva.,musoro)
    3. Rinogona kurevawo “ibwe remusimboti,”iro riri parufundudzo rwe musuo uye rinobata huremu hwe mudhuri wose

## II. Mashandisirwo emuTestamende Itsva

- A. Jesu akatora zvakanyorwa munaMapisarema.118,kakawanda achizvireva iye pachake(cf.Mateu.21:41-46;Mako.12:10-11;Ruka.20:17)
- B. Pauro anoshandisa Mapisarema.118 zvinesungano nekurambwa kweavo vasingatendi naMwari,vaIsiraeri vanoubandupandu(cf.vaRoma.9:33)
- C. Pauro anoshandisa nzira ye”bwe repakona”munavaEfeso.2:20-22 achireva Kristu
- D. Petirosi anoshandisawo nzira iyi yokutsanangura Jesu muna 1Petirosi.2:1-10.Jesu ndiye ibwe repakona uye vatendi ndivo mabwe anorarama(kureva ., vatendi seTembere,cf.1 vaKorinde.6:19)dzakavakwa paari(sokuti., Jesu ndiye Tembere itsva ,cf.Mako.14:58;Mateu.12:6;Johani.2:19-20).VaJudha vakaramba hwaro hwetariro yavo pavakaramba Jesu saMesiasi.

## III. Mitsara yezvidzidzo zvouMwari

- A. “YHWH”Mwari akabvumira Dhavhita/Soromoni kuti vavake Tembere.Akavaudza kuti kana vakachengeta chisungo achavakomborera uye achava navo(cf.2 Samueri.7)asi kana vakarega Tembere ichaparara(cf.1 Madzimambo.9:1-9)!
- B. Chitendero chevadzidzisi vechiJudha chainangana zvikuru nechitarisiko pamwe nekupira chichisiya nyaya yokutenda pazuma(cf.Jeremiya.31:31-34;Ezekieri36:22-38).Mwari anotsvaga hukama hutsvene hwezuya nezuya neavo vakasikwa nemufananidzo wake(cf.Genesi.1:26-27).Muna Ruka.20:17-18 munemazwi anotyisa emutongo,seari munaMateu.5:20,ayo akanangana nevechitendero chechiJudha.
- C. Jesu akashandisawo mufananidzo weTembere achireva muviri wake wenyama(cf.Johani.2:19-22).Izvi zvinoendamberi nokutandaudza pfungwa yokutenda munaJesu pazuma saMesiasi iyo inova ndiyo shanguriro youkama na”YHWH”Mwari(kureva.,Johani.14:6;1Johani.5:10-12).
- D. Ruponeso rwakaitirwa kudzoreredza chimiro chaMwari muvanhu icho chakasvibiswa(Genesi.1:26-27 nechikamu.3)kuitira kuti kuwadzana naMwari kukwanisike.Chinangwa chechiKristu kuva saKristu izvozvi.Vatendi vachava mabwe anorarama(kureva., Tembere diki dzakavakwa pana Kristu kana dzakaitwa saKristu).
- E. Jesu ndiye hwaro nebwe rechisuvi chokutenda kwedu (kureva.,mavambo nemagumo).Asi arizve ibwe rokupingaidza nokugumbusa.Kumushaya ,ndiko kushaya zvose.Hapana imwe nzira panyaya iyoyi!

## MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko nyaya yechikamu.9 (yeupenyu hwakarongwa kare )inofambirana sei neyemuchikamu.10 (yesarudzo yakasununguka yevanhu)?
2. Dingindira chairo rechikamu.9:1-29 nderei?
3. KoMwari akatyora vimbiso yake kuIsiraeri here?
4. Denengudza zvipiwa zvakaitirwa rudzi rwaIsiraeri(9:4-5).
5. Ko vaJudha vose vaiva vakarurama kuna Mwari here? Sei kana sei zvaiva zvisina kudaro(9:6)?
6. Kana munhu akamanikidzwa kuita kuda kwaMwari anenge ainerudaviro here?
7. Ko “tsitsi “dzinova shanguriro yezvakarongwa kare sei(cf.15,16,18,23;11:30-32)?

# VAROMA 10

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Isiraeri neVhangeri	Isiraeri inoda Vhangeri	Kururama kwezvokwadi ndekwekutenda	Isiraeri neVhangeri	Isiraeri inokoniwa kuona kuti ndiMwari anotipa utsvene
9:30-10:4		9:30-10:4	9:30-10:4	
	10:1-13			10:1-4
Ruponeso kwavose			Ruponeso kwavose	Kupupura kwaMosesi
10:5-13		10:5-13	10:5-13	10:5-13
	Isiraeri inoramba Vhangeri	Isiraeri inobatikana pakukoniwa kwayo		Isiraeri haina marambiro
10:14-21	10:14-21	10:14-17	10:14-17	10:14-15
				10:16-17
		10:18-21	10:18-21	10:18-21

## MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)

### ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyori, Ndiyo zve hwaro hwepirikirira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri



3. Ganhuro yetatu

4. Nezvimwewo.

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO**

- A. Chikamu .10 chinobata zvikuru nyaya yemikana yeIshraeri yokuva norudaviro kupfupiro yenyasha dzeruponeso rwaMwari munaKristu.Chikamu.9 chinounza nhaurwa yekusarudzwa kwevaJudha naMwari sechinangwa chokusarudza nyika yose(cf.Genesi.3:15;12:3;Ekisodho.19:5-6)asi vaJudha vakaramba kugamuchira sarudzo yake(kureva., ruteerero rwechisungo ,cf.Dhuteronomi.27-29)
- B. Pauro arikuenderera mberi achishandisa Testamende yekare kutura vhangeriyake(Tarira ruono rwezviri mugwaro,E wechikamu.9).Aya ndiwo maitirwo emharidzo dzevapositori vemuna Mabasa,iyo inozivikanwa nezita rechiGiriki rokuti “*kerygma*”(kureva.,izvo zvakaparidzwa).Tarira Nhaurwa Inokosha pa.1:2.
- C. Zvokwadi chaiyo yezvikamu.9:30-10:4 ndeyekuti
1. MaHedheni ane ruramo yaMwari kuburikidza nokutenda munaKristu.
  2. MaJudha haana ruramo yaMwari nokuda kwokusatenda munaKristu.
  3. Murayiro haupi kururama.Kururama chaiva chipo chaMwari kuburikidza nekutenda munaKristu uye hakungawanikwi nemabasa(cf.3:21-31)
- D. Va Bruce Corley navaCurtis Vaughan mugwaro ravo rinonzi”A *Study Guide Commentary, Romans (tsoropodzo yedzidziso yevaRoma)*, iro rakatsikiswa neveZondervan,pp115-116, vane donongodzo inobatsira pamusoro pezvivi zvevaJudha
1. Kuzvitutumadza mukunamata,10:2a
  2. Hupofu hwepamweya,10:2b,3a
  3. Kuzviita vakarurama,10:3b
  4. Hushwindi,10:4a
- Ndinofarirawo mazwi avo ari kwokupedzisira kwechikamu.9 nezvechikamu.10, okuti”sarudzo inoitika mukuparidzwa kwechipiyaniso (cf.1vaTesaronika.1:4-10), iyo inotsanangura kuti kudzivirirwa kwoutongo hutsvene (9:6-29) kunogona kutevedzerwa noutumwa hwezvokwadi huri mutsamba dzaPauro(10:1-21).Mvumo yokuparidza vhangeri ndirwo ruzivo rwokuti ,mukudaro,Mwari arikuita chinangwa chesarudzo yake munaKristu nokutenda”(p.114).
- E. Sechikamu.9,chikamu.10 chine mazwi akatorwa muTestamende yekare akawanda .
1. Ndimu.5—Revhitiko.18:5
  2. Ndimu.6—Dhuteronomi.30:12 inehanganyaya inotsigirana naDhuteronomi.9:4
  3. Ndimu.7—Dhuteronomi.30:13 inotsigirana naMapisarema.107:26
  4. Ndimu.8—Dhuteronomi.30:14
  5. Ndimu.11—Isaya.28:16
  6. Ndimu.13—Joere.2:32
  7. Ndimu.15—Isaya.52:7 kana Nahumi.1:15

8. Ndimba.16—Isaya.53:1
9. Ndimba.18—Mapisarema.19:4
10. Ndimba.19—Dhuteronomi.32:21
11. Ndimba.20—Isaya.65:1
12. Ndimba.21—Isaya.65:2

## DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

### NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):10:1-4

<sup>1</sup>Hama dzangu,kuda kwamwoyo wangu nokukumbira kwangu kunaMwari pamusoro pavo ndiko,kuti vaponeswe.<sup>2</sup>Nokuti ndinovapupurira kuti vanoshingairira Mwari , asi havaiti nokuziva .<sup>3</sup>Nokuti ,zvavakanga vasingazivi kururama kwaMwari,vakatsvaka kumisa kururama kwavo vamene,vakasazviisa pasi pokururama kwaMwari.<sup>4</sup>Nokuti Kristu ndiye mugumo womurayiro,kuti mumwe nomumwe anotenda aruramiswe.

**10:1 “Hama dzangu”** Iri izwi rinogaro shandiswa naPauro apo anenge achisuma nhengo itsva(cf.1:13;7:1,4;8:12).

☐ **“Kuda kwamwoyo wangu nokukumbira kwangu kunaMwari pamusoro pavo ndiko, kuti vaponeswe”**Pauro aitenda kuti maJudha aigona kuponeswawo uye kuti kukumbira kwake kwaizoita kuti izvi zviitike.Izvi zvinosiyana zvinoshamisa kwazvo nenyaya yezvakarongwa kare!Tarira nhaurwa inokosha:Munyengetero wokukumbirira pa.9:3.

Pane chimwewo chinyorwa chechiGiriki chinopedza mutsara nokuti”kwavo ivo.”Gwaro re”Textus Receptus”rinotsiva nomutsara wokuti”kweIsiraeri.”Zvakadaro humboo hwechinyorwa hunotsigira mutsara wekuti”kwavo ivo”(MSSN P<sup>46</sup>,N<sup>\*</sup>,B,C,D<sup>\*</sup>F,G).Gwaro re UBS<sup>4</sup>rinopa chipimo che”A”(chokwadi).

**10:2 “Vanoshingairira Mwari”** Kuva nousingi neidi hakisiriiko mhedzeredzo(cf.ndima.3-4).Pauro aiziva nyaya iyoyi zvakakwana(cf.Mabasa.9:1;vaGaratiya.1:14;vaFiripi.3:6)!

**10:2-3 “Asi havaiti nokuziva, nokuti zvavakanga vasingazivi kururama kwaMwari”** Izwi rokuti ”ziva” (ndima.2,*epiginōskō*) rinogona kushanda nenzira mbiri.

1. VaJudha vaisanzwisisa vhangeri rakasununguka (“kuziva” muchiGiriki)
2. VaJudha vakanga vasina hukama hwokutenda naMwari (“ziva” muchiHebheru, cf. Genesi.4:1; Jeremiya.1:5).

Hazvirevi kuti vaJudha vakanga vasingazivi nezvekudiwa kworudaviro kunaMwari (ndima.16,18,19), asi vakatsivanisa mabasa nokutenda,izvo zvakazorunzira kuzvitutumadza,ushwindinokuzviita ndisu(ndima.3a)!

### NHAURWA INOKOSHA :ZIVA (kuchishandiswa Dhuteronomi seringanidzo)

Izwi rechiHebheru rokuti “ziva” (BDB 393) rinezvirevo zvakasiyana siyana (zvinechekuita nezvirevo zvemazwi) murunyoro rwe “*Qal*”.

1. Kunzwisisa zvakanaka nezvakaipa—Genesi.3:22;Dhuteronomi.1:39;Isaya.7:14-15;Joshua4:11

2. Kuziva kuburikidza nokunzwisisa—Dhuteronomi.9:2,3,6;18:21
3. Kuziva kuburikidza nezveupenyu—Dhuteronomi.3:19;4:35;8:2,3,5;11:2;20:20;31:13; Joshua.23:14
4. Kufunga—Dhuteronomi.4:39;11:2;29:16
5. Kuziva pauzima
  - a. Munhu—Genesi.29:5; Ekisodho.1:8;Dhuteronomi.22:2;33:9
  - b. Mwari—Dhuteronomi.11:28;13:2,6,13;28:64;29:26;32:17
  - c. “YHWH”Mwari—Dhuteronomi.4:35,39;7:9;29:6; Isaya.1:3;56:10-11
  - d. Kuzivana pabonde—Genesi.4:1,17,25;24:16;38:26
6. Umhizha hwakadzidzirwa kana ruzivo—Isaya.29:11,12;Amosi.5:16
7. Iva nouchenjeri—Dhuteronomi.29:4; Zvirevo.1:2; 4:1;Isaya.29:24
8. Ruzivo rwaMwari
  - a. RwaMosesi—Dhuteronomi.34:10
  - b. RwaIsiraeri—Dhuteronomi.31:21,27,29

**10:3 “Kururama kwaMwari”**Mumanyorerwo echikamu .9-11 mutsara uyu unoreva kururama kunonzi ndekwaMwari(vaRoma.4)naiye pachake zvibva pa

1. Tsitsi dzake
2. Basa rakapedzwa raKristu
3. Gwezvo reMweya
4. Kutendeuka ,rudaviro rwokutenda uye nokuenda mberi nokuteerera nokutsungirira

Zvinogona nzwisika kuti sei vaJudha vasina kunzwisisa kururama kwaMwari.Testamende yekare yaisimbisa kuteerera murayiro(cf.Dhuteronomi.4:28-6:3,17,24-25).Chavaka koniwa kuona ndechekudengaidza kutenda nokutendeuka(cf.Dhuteronomi.5:29-30;6:5).Dhuteronomi inotaura pachena kuti Mwari akaitira Isiraeri zvakanaka kwete nokuda kwekururama kwavo,asi nokuda kwemaitiro ake(cf.9:6,7,13,24,27;10:12-22;Ezekieri.36:22-38).Chero neveKenani Havana kubviswa munyika yechipikirwa nekuda kwekururama kwevaIsiraeri ,asi nokuda kwezvivi zvavo(cf.9:4-6;Genesi.15:16).Tarira nhaurwa inokosha pa1:17.

▣ **“Vakasazviisa pasi pokururama kwaMwari”**Izwi rechiito iri rinonongedza kuitirwa,asi rinechirevowo chokuita kwomuitirwi(cf.TEV).Asi chirevo chokuita kwomuitirwi ichi chinodzivirwa nechirevo chokuitirwa munechimwe chitaurire cherurimi rwechiGiriki.Chirevo chemanyorerwo ndicho chinojekesa nyaya.Izvi zvinoreva kwzvo kwazvo kuti “kuteera”iro rinova izwi rechiuto richireva muronga wemutemo.VaJudha vakaedza kuwana kururama kwaMwari nenzira yokubhindauka ,asi chava chipo(cf.3:24;5:15;6:23;vaEfeso.2:8-9).Pauro akaona chokwadi ichi zvakajeka apo aibva mumugwagwa wokuenda kuDhamasiko.

### **NHAURWA INOKOSHA:RUTEERO(HUPOTASSŌ)**

Bhaibheri rechiGiriki rakare (*Septuagint*) rinoshandisa izwi iri kushandurudza mazwi echiHebheru akasiyana anosvika gumi.Chirevo chezwi iri muTestamende yekare yaiva”kupa mrayiro”kana “kodzero yoruteero.”Izvi zvinoonekwa mubhaibheri rechiGiriki rekare **“Septuagint” (LXX).**

1. Mirayiro yaMwari(cf.Revhitiko.10:1;Jona.2:1;4:6-8)
2. Mirayiro yaMosesi(cf.Ekisodho.36:6;Dhuteronomi.27:1)

3. Miratiro yaMambo(cf.2Makoronike.31:13)

MuTestamende Itsva mafungiro aya anoendera mberi munaMabasa.10:48,apo mupositori anopa mirayiro.Zvisineyi zvirevo zvitsva zvinovandudzwa muTestamende itsva.

1. Chirevo chemazvokuda chinobuda(kazhinji semunongedzo wekuita kwemuitirwi”MIDDLE VOICE”)
2. Ichi chiito chokuzvidzora chinogona kuwanikwa pakuzvininipisira kuna Baba kwaJesu(cf.Ruka.2:51)
3. Vatendi vano zvininipisira kutsika nemagariro kuitira kuti vhangeri risakanganiswa
  - a. Vamwe vatendi(cf.vaEfeso.5:21)
  - b. Madzimai anotenda(cf.vaKorose.3:18;vaEfeso.5:22-24;Tito.2:5;1Petirosi.3:1)
  - c. Vanotenda kuhurumende dzevaHedheni(cf.vaRoma.13:1-7;1Petirosi.2:13)

Vatendi vanoitira vavariro yerudo, kunaMwari, kunaKristu, kuushe, zvakanakira vamwe. Vamwe.

Sezwi rokuti “*agapaō*” iro rinoreva kuti rudo,kereke yakapa zvirevo zvitsva kuizwi iri zvichiederana nezvaidiwa noushe uye nevamwe.Izwi rinozova nechimwe chirevo chakakosha chinoreva kuitira vamwe,chisiri chokutevera murayiro,asi choukama utsva kunaMwari anozvipira uye naMesiasi wake.Vatendi vanoteerera nokuzvipira kuitira kuti zvinakire mhuri yose yaMwari.

**10:4**

**NASB, NKJV,**

**NRSV**

**TEV**

**NJB**

**“Nokuti Kristu ndiye mugumo womurayiro”**

**“Nokuti Kristu akaisa murayiro kumagumo”**

**“Asi zvino murayiro wasvitswa kumagumo naKristu**

Mutsara uyu unofambirana naMateu.5:17-48.Chinangwa,vavariro kana magumo(*telos*)omurayiro akanga asiri ruponeso,asi kuzvipira,uye chinangwa ichi chinoendera mberi(cf.vaGaratiya.3:24-25).Zvinyorwa zvinotsanangura kwazvo kwazvo nezvenyaya iyindezvinoti ,vaGaratiya.3:1-29 nebhuku ravaHebheru.

Kana kuchitaurwa nyaya iyi ,chirevo chemanyorerwo ndicho chinokosha.Pauro anoshandisa testamende yekare nenzira dzakawanda dzakasiyana.Kana kuchitaurwa nezvehupenyu hwechiKristu ,tetamende yekare ndiko kuzviratidza kwaMwari(cf.vaRoma.15:4; 1vaKorinde.10:6,11),asi kana kuchitaurwa nezveruponeso, testamende yekare hairevi chinhu uye yakatopfuura (cf.vaHebheru.8:13). Zvinodaro nokuda kwokuti idmikira renguva yakare.Vhangeri rokutenda munaKristu ndiro nguva itsva yoMweya.Nguva yemurayiro yakapfuura!Tarira nhaurwa inokosha :Maonero aPauro kumurayiro waMosesi pa13:9.



**NASB,NKJV**

**NRSV**

**TEV**

**NJB**

**“Kuti mumwe nomumwe anotenda aruramiswe”**

**“Kuti kururamiswa kuvapo kunawose anotenda”**

**“Kuti wose anotenda aruramiswe naMwari”**

**“Kuti vose vanokutenda varuramiswe”**

Zvikamu.9-11 zvinofanira kupirikirwa pamwechete.Tsanangudzo yakadzama youtongo hwaMwari iyo inodonongodzwa muchikamu.9 inofanira kuonekwa ichipikisa rudaidzo rwokutenda rwuri muchikamu.10(cf.ndima.4,9,11,13;3:22;4:11,16).

Zibatakose rerudo uye nechinangwa cherudzikinuro rwaMwari , zvakadonongodzwa munaGenesi.12:3 naEkisodho.19:5-6.Maporofita aiwanzotaura nezverudo rwezibatakose

rwaMwari pamwe nezano rokubatanidza vanhu vose. Nyaya yokuti kunaMwari mumwechete uye nokuti akaita vanhu vose nemufananidzo wake zvinoratidza kudanwa kwevanhu vose kuti vaponeswe. Zvisineyi, chishamiso ndechekuti hakuna angava norudaviro pasina umiririri hwe Mweya (cf. Johani. 6:44,65). Zvino mubvunzo unoti "ko Mwari anodanira vanhu vose kuruponeso here?" mhinduro inofanira kuva yokuti "hongu!" (cf. Johani. 3:16; 4:42; 1Johani. 2:2; 4:14 1Timoti. 2:4; 2Petirosi. 3:9). Gangaidzo rinonetsa rezvivi, kutadza, naSatani nderekuti vamwe vamwe vanoti "kwete" Pakaparidza Pauro, vamwe vaJudha vakava norudaviro, vamwe Havana; vamwe vaHedheni vakava norudaviro, vamwe Havana!

Izwi rokuti "tenda" (*pisteuō*) rinoshandurudzwa nemazwi matatu echirungu, "tenda" (*believe*) "rutendo" (*faith*) na "ruvimbo" (*trust*). "ririmuchireva nguva chezvirikuitika, zvichitaura kuendera mberi kwekutenda. Hakusi kubvuma nyaya (yezvidzidzo zvouMwari, yezvenhoroondo, yemuronga wevhangeri) kunogamuchira chipo chenyasha dzaMwari kuburikidza naKristu. Testamende itsva chisungo; Mwari anoronga nyaya nokuparura rudaviro runodiwa, asi munhupachake anofanira kudavira nokutenda norupinduko pamwe nokuendamberi nokutenda norupinduko. Kuteerera nokutsungirira zvinokosha. Kuvasa Kristu noushumiri ndiyo vavariro!

### **NHAURWA INOKOSHA: ZVIREVANGUVA ZVECHIGIRIKI ZVINOSHANDISWA KUREVA RUPONESO**

Ruponeso hachisi chibereko, asi kuti hukama. Harupedzeredzwi kana munhu avimba naKristu, runenge rwatotanga! Harisi gwaro revimbiso yedzviriro, kana tikiti rokuenda kudenga, asi hupenyu hwekukura kwekuva saKristu. Tine tsumo kuAmerica inoti kureba kwenguva inogara vawanani pamwe, ndiko kutonyanya kufanana kwavanoita. Iyi ndiyo vavariro yeruponeso!

#### **RUPONESO SECHIITO CHAKAPERERA (ZVAKAITIKA)**

- Mabasa. 15:11
- vaRoma. 8:24
- 2Timoti. 1:9
- Tito. 3:5
- vaRoma. 13:11 (Inobatanidza izwi rechiito rinoreva zvakaitirwa nemunongedzo weremangwana)

#### **RUPONESO SECHIMIRO CHEMAFUNGIRO (ZVAKAITIKA ZVIRIPO)**

- vaEfeso. 2:5,8

#### **RUPONESO SECHITIKO CHEZIENDAMBERI (ZVIRIKUITIKA)**

- 1vaKorinde. 1:18; 15:2
- 2vaKorinde. 2:15
- 1Petirosi. 3:21

#### **RUPONESO SEMUNYUNGIRA YERAMANGWANA (CHIREVANGUVA CHEZWI RECHIITO RIRI MUCHIMIRO CHERAMANGWANA)**

- vaRoma. 5:9,10; 10:9,13
- 1vaKorinde. 3:15; 5:5
- vaFiripi. 1:28

- Iva Tesaronika.5:8-9
- vaHebheru.1:14;9:28

Naizvozvo, ruponeso rwunotanga norutemo rwokutenda (cf. Johani.1:12;3:16; vaRoma.10:9-13), asi izvi zvinofanira kuva maramiro oupenyu hwokutenda (cf. vaRoma.8:29; vaGaratiya.3:19; vaEfeso.1:4;2:10), izvo zvichazo unyungirwa zvinoonekwa nerimwe zuva (cf. 1Johani.3:2). Iyi nhanho yokupedzisira inonzi

1. Chidza chokubwinyiswa---kururamiswa (kuponeswa kubva kuchirango chezvivi)
2. Ziendamberi roruponeso---kuitwa mutsvene (kuponeswa kubva kusimba rezvivi)
3. Ruponeso rwepedzisira---kubwinyiswa (kuponeswa kubva kukuvapo kwezvivi)

### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):10:5-13**

<sup>5</sup>Nokuti Mosesi anonyora achiti, “Munhu anoita kururama, kunorehwa nomurayiro, achararama nazvo.”<sup>6</sup>Asi kururama kunobva pakutenda, kunoreva kudai, “Usati mumwoyo mako, ndiyaniko achakwira kudenga?” (Ndiko kuburusa Kristu;)<sup>7</sup>Kana, “Ndiyaniko achaburukira kwakadzika dzika?” (Ndiko kubudisa Kristu kuvakafa.)<sup>8</sup>Asi kunoreveiko? “Shoko rir pedyo newe, mumuromo mako, ndiro shoko rokutenda ratinoparidza;” kana, kuti uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mumwoyo mako, kuti Mwari akamumutsa kuvakafa, uchaponeswa; <sup>10</sup>nokuti munhu anotenda nomwoyo, ndookururamiswa; anopupura nomuromo, ndokuponeswa.<sup>11</sup>Nokuti Rugwaro runoti, “Aninaani anotenda kwaari, haanganyadziswi.” <sup>12</sup>Nokuti muJudha nomuGiriki havasiyani; nokuti mumwe ndiye Ishe wavose, akapfuma kuna vose vanodana kwaari;<sup>13</sup> nokuti aninaani anodana kuzita raIshe, achaponeswa.

**10:5** Ndimba iyi inofambirana naRevhitiko.18:5. Vimbiso yayo ndeyechokwadi. Kana munhu aigona kuchengeta murayiro, aigamuchirwa naMwari (cf. Ruka.10:28; vaGaratiya.3:12). Dambudziko nderekuti vaRoma.3:9,10-18,19,23; 5:18; 11:32 inodonongodza zvazviri. Vose vakatadza. Mweya unotadza uchafa (cf. Genesi.2:17; Dhuteronomi.30:18; Ezekieri.18:4,20). Iri gwara rechisungo chakare rakavharwa. Rava mutongo werufu, chituko (cf.7:10; vaGaratiya.3:13; vaKorose.2:14).

**10:6-8** Uyu mufananidzo waDhuteronomi.30:11-14 mubhaibheri rechiGiriki rakare “*Septuagint*” (LXX), Uyo wakashandurwa naPauro achiitirawo zvinangwa zvake. Zvinyorwa izvi, mashoko akataurwa naMosesi achireva murayiro (kunyanya chirevo chechinyorwa icho chakanangana nerudo nemwoyo wakadzingiswa, cf. Dhuteronomi.30:6,16,20), asi pano zvinoreva kuita zimukadzimu kwaJesu, rufu nokumuka kuvakafa (cf. ndima.9; vaEfeso.4:9-10). Nhondeko yaPauro ndeyekuti ruponeso rwagara rwuripo munaJesu, iye Mesiasi, kuburikidza nokutenda (cf. Dhuteronomi.30:15-20). Rwakapfava; rwuripo; nderwe munhu wose, urwo rwaiva rwakasiyana nemurayiro waMosesi.

**10:6** “Asi kururama kunobva pakutenda kunoreva kudai” Pauro agara achitsanangura “zvivi,” “nyasha,” “shoko,” nechimiro chemunhu, zvino avakutsanangura “kururama nokutenda”

nenzira imwecheteyo. Zvinoreva kudai muzvinyorwa zvemutestamende yakare mundima.6,7 na8.

☐ **“MWOYO”** Mwoyo unomirira munhu pachake. Tarira nhaurwa inokosha pa 1:24.

☐ **“ACHAKWIRA...ACHADZIKA”** Vanhu havanga fambi vachitsvaga Kristu; Mwari akamutuma pachena kunavose. Kutsvaga kwevanhu hakuna basa.

**10:8 “SHOKO RIRI PEDYO NEWE”** Izvi zvakatorwa kubva muna Dhuteronomi.30:14. Muna Dhuteronomi.30:11 mune kumikidzo yezvido zva Mwari “YHWH” kuvanhu vake, Isiraeri yaiwanika (kureva ndima.12-13). Pauro anoshandisa ganhurio iyi (ndima.11-14) kukumikidza kuva pakarepo repo kevhangeri!

**10:9 “Kana”** Uyu mutsara uneshongedzo yezvinogona kuitika muneremangwana. Ndima .9 ndiyo hwerengedzo (*hoti*) yeshoko rokutenda.

☐ **“Pupura”** Iri izwi remubatanidzwa rokuti, **“homologeō”** rinoreva kwazvo kwazvo kuti **“kuti”** nokutiwo” zvimwechetezvo,” uye raireva kuti **“kubvuma paruzhinji”** (taurira pamusoro kuti vamwe vanzwe). Kududza paruzhinji kutenda muna Kristu kunokosha zvikuru (cf. Mateu.10:32; Ruka.12:8; Johani.9:22; 12:42; 1Timoti.6:12; 1Johani.2:23; 4:15). Kududza paruzhinji kwaiitwa nekereke yokutanga rwaiva rubhabhatidzo. Iye nyakutendeuka aidudza kutenda muna Kristu nenzira yokuti” ndinotenda kuti Jesu ndishe.” Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

#### **NHAURWA INOKOSHA: MHUPURO**

A. Pane zvimiro zviviri zvemabviro ezwi rechi Giriki rokuti **“homologeō”** **“exomologe”** ayo anoreva kuti mhupuro kana kududza. Izwi remubatanidzwa nderokuti **“homo”** iro rinoreva kuti **“zvimwechetezvo;”** nerokuti **“legō”** iro rinoreva kuti **“kutura;”** nerokuti **“ex”** rinoreva kuti **“panze pe.”** Chirevo chaicho ndechekuti **“kureva zvimwechetezvo,”** kana kuti **“kubvumirana ne.”** Izwi rokuti **“ex”** rakawedzerwa kumaitiro okuyavaya paruzhinji.

B. Shandurudzo yechirungu yemipanda yezwi iri ndeinoti

1. Rumbidzo
2. Kubvuma
3. Kuyavaya (cf. Mateu.7:23)
4. Kududza
5. Kupupura

C. Uyu mupanda wezwi waiva nemashandisiro maviri airatidza kusiyana

1. Kurumbidza (Mwari)
2. Kubvuma zvivi

Aya anogona kunge akabva pamaonero evanhu outsvene hwa Mwari uye nokuva nezvivi kwavo. Kubvuma chokwadi chimwe, kubvuma zvokwadi dzose.

D. Mashandisirwo emipanda yezwi mutestamende itsva anoti

1. Kuvimbisa (cf. Mateu.14:7; Mabasa.7:17)
2. Kubvuma kana kutenderana  
nechinhu (cf. Johani.1:20; Ruka.22:6; Mabasa.24:14; vaHebheru.11:13)
3. Kurumbidza (cf. Mateu.11:25; Ruka.10:21; vaRoma.14:11; 15:9)
4. Kubvumira

- a. Munhu(cf.Mateu.10:32;Ruka.12:8;Johani.9:22;12:42;vaRoma.10:9;vaFiripi.2:11;1Johani.2:23;Zvakazarurwa.3:5)
- b. Chokwadi(cf.Mabasa.23:8;2vaKorinde.11:13;1Johani.4:2)
- 5. Kuyavaya paruzhinji zve(mataurire ezvemutemo akaiswa murukumikidzo yezvezvinamato,cf.Mabasa.24:14;1Timoti.6:13)
  - a. Pasina kubvuma mhosva(cf.1Timoti.6:12;vaHebheru.10:23)
  - b. Pane kubvuma  
mhosva(cf.Mateu.3:6;Mabasa.19:18;vaHebheru.4:14;Jakobho.5:16;1Johani.1:9)

**NASB** “Jesu saIshe”

**NKJV** “Ishe Jesu”

**NRSV,TEV,**

**NJB** “Jesu ndishe”

Izvi ndizvo zvaiva muzvidzidzo zvouMwari zvekereke yokutanga pamusoro pokududza rutendo pamwe nedzidziso yerubhabhatidzo.Kushamdiswa kwezwi rokuti”Ishe” kwaipa chirevo chakasimba chouMwari hwaJesu(cf.Joere.2:32;Mabasa.2:32-33,36; 10:36; 1vaKorinde.12:3; 2vaKorinde.4:5; vaFiripi.2:11; vaKorose.2:6), apo zita rokuti Jesu rinopa chirevo chekuva munhu kwake(cf.1Johani.4:1-3).Chirevo ichi chaishandawo sorudaidzo rwoudzidzi /nokuva saKristu.

Kushandiswa kwezwi rokuti “Ishe” kwaivawo nehochekeche nokutsivaniswa kwezwi rokuti”YHWH”nerokuti”*adon*”pakuyerenga shoko. Tarira naurwa inokosha :Mazita ouMwari pa.9:29.Izvi zvinotsigirwa nezviri munaJoere.2:32 mundima.13.

Jesu anopihwa mazita oruremekedzo akawanda.

1. Jesu ndiye Mesiasi/Kristu—Mabasa.5:42;9:22;17:3;18:5,28;1vaKorinde.1:23
2. Jesu ndiye Mwanakomana waMwari—Mateu.4:3,6;Mabasa.9:20;13:33;vaRoma.1:4
3. Jesu ndiShe—Tarira pamusoro

### **NHAURWA INOKOSHA:ZITA RASHE**

Uyu waiva mutsara waiva wakajairika wemutstamende itsva wokureva kuvapo mbune nesimba raMwari vatatu mumwe mukereke.Yaisava nzira yemaminimini asi chaiva chikumbiro kumaitiro aMwari.

Kazhinji mutsara uyu unoreva Jesu saShe (cf.vaFiripi.2:11)

1. Pakududza kutenda munaJesu kwomunhu pakubhabhatidzwa(cf.vaRoma.10:9-13;Mabasa.2:38;8:12,16;10:48;19:5;22:16;1vaKorinde.1:13,15;Jakobho.2:7)
2. Pakudzanga mweya yetsvina (cf.Mateu. 7:22; Mako. 938; Ruka. 9:49; 10:17; Mabasa. 19:13)
3. Pakurapa (cf.Mabasa. 3:6,16; 4:10; 9:34; Jakobho.5:14)
4. Pachiito choushumiri(cf.Mateu.10:42;18:5;Ruka.9:48)
5. Panguva yokudzorana mukereke(cf.Mateu.18:15-20)
6. Pakuparidzira vaHedheni (cf.Ruka.24:47;Mabasa.9:15;15:17;vaRoma.1:5)
7. Pamunyengetro(cf.Johani.14:13-14;15:2,16;16:23;1vaKorinde.1:2)
8. Senzira yokureva chiKristu (cf.Mabasa. 26:9; 1vaKorinde. 1:10; 2Timoti. 2:19; Jakobho. 2:7;1Petirosi.4:14)

Zvose zvatingaite sevaparidzi, vashumiri, vabatsiri, varapi, vadzingi vemweya yetsvina, nezvimwewo, tinozviita mumaitiro ake, musimba rake, mukupa kwake—muzita rake!



▣ **“Tenda mumwoyo mako”**Mutsara uyu unofambirana nokupupura,naizvozvo unoburitsa chimiro chounyambiri hwekutenda.Izwi romubhaibheri rokuti”tenda”(pistis,tarira nhaurwa inokosha pa.4:3 na 4:5)riripowo

1. Kuvimba pazima(chiHebheru)
2. Zviri mundangariro(chiGiriki)
3. Ziendamberi rokuzvipira(Dhuteronomi.30:20)

Izwi rokuti “mwoyo “rakashandiswa nenzira yemutestamende yekare yokureva munhu chaiye.Pauro anoreva “muromo” ne “mwoyo” nenzira iyi nokuda kwezvaanotora munaDhuteronomi.30:14 izvo zviri mundima.8. Izvi zvaisareva kuita mutemo wokuti munhu aifanira kunyengetra nezwi riripamusoro kuti aponeswe.

▣ **“kuti Mwari akamumutsa kuvakafa”** ChiKristu chinomira kana kuparara pachokwadi cherinda risina chinhu(cf.4:24;8:11;1vaKorinde.15).Ndicho chokwadi chiri pamuzongozongo wemharidzo dzevapositori (*kerygma*,tarira nhaurwa inokosha pa.1:2yaMabsa 9kureva.,2:31-32;3:15;4:10;5:30;10:40;13:30,37).

Kuti Baba vakamutsa Mwanakomana ndihwo humboo hwekugamuchira kwavo hupenyu hwaJesu , dzidziso jnokuzvipira kwake.Testamende itsva inoti vanhu vatatu vose vaMwari vatatu mumwe vakava nechekuita pakumuka kuvakafa kwaJesu.

1. Baba-Mabasa2:24; 3:15; 4:10; 5:30; 10:40; 13:30,33,34,37; 17:31; vaRoma. 6:4,9; 8:11; 10:9; 1vaKorinde. 6:14; 2 vaKorinde. 4:14; vaGaratiya. 1:1; vaEfeso.1:20; vaKorose. 2:12; 1vaTesaronika.1:10
2. Mweya—vaRoma.8:11
3. Mwanakomana—Johani.2:19-22;10:17-18

**10:10 “Ndookururamiswa”** Vavariro yaMwari kumutendi wose haisi yedenga rimwe ramazuva,asi kuvasaKristu izvozvi!umwe muvaravara uri pamusoro pezvakarongwa kare uyo uri munavaEfeso.1:3-14,unotaura chokwadi ichi zvakasimba mundima.4.Vatendi vakasarudzwa kuti vave vatsvene vasave nekushoreka !Sarudzo haisingori gwara redzidziso,asi kuti mararamiro(cf.Dhuteronomi.30:15-20).

Ndima .10 inoratidza zvinhu zvikuru zviviri zvoutumwa(cf.Mateu.28:19-20),ruponeso(itai vadzidzi)nokururama(vadzidzisei zvose zvandinokurayirayi).nengaidzo yiy inowanikwazve munavaEfeso.2:8-9(ruponeso rwepachena rwaMwari kuburikidza naKristu)uye norudaidzo ku”mabasa akanaka “munavaEfeso.2:10.Vanhu mumufananidzo wake vagara vari chidokwadokwa chaMwari.

**10:11** Izvi zvakatorwa munaIsaya.28:16,Pauro akazowedzera izwi rokuti “ani naani”kuzvinyorwa izvi.Muna Isya,izvi zvaireva kutenda muna Mesiasi,ibwe repakona raMwari(cf.9:32-33).Sezvo vaRoma.9 ichiburitsa zvakajeka hutongo hwaMwari,chikamu.10 inoburitsa kuti zvinodiwa kuti vanhu pachavo ,vose zvavo,vave norudaviro kunaKristu.Pfupiro yepasi rose inoonekwa pazwi rokuti”vose zvavo”repa ndima.4 uye rokuti”ani naani”repa ndima.11,13 nerokuti”vose” repandima.12(kaviri)!Iyi nengaidzo yezvidzidzo zvouMwari yekumikidzo yesarudzo yechikamu.9.

☐ **“Anotenda kwaari”** Ichi chirevanguva chinonongedza zvirikutoitika pamwe nechireva mwene chokuti *epi*(cf.4:24;9:33;1Timoti.1:16).Kutenda hakusingori rudaviro rwekutanga,asi kunodiwa kuti kuenderere mberi muruponeso!Hakusiri kupinguka kwezvidzidzo zvouMwari(zvokwadi dzevhangeri)kunoponesa koga,asi hukama hwepauzima(munhu wevhangeri)hunounza hutsvene hwaMwari.Kutenda kunoponesa ndiko kutenda kunoshandura uye kuchiramba kuripo!Hupenyu nokusingaperi hune maitiro anoonekwa!Tarira nhaurwa inokosha:Vatendi pa.4:5.

**NASB, TEV**                   **“Haanganyadziswi”**  
**NKJV, NRSV**               **“Hazonyadziswi”**  
**NJB**                           **“Haazova nechekushorerwa”**

Avo vanovimba (“tenda”)munaKristu havazosiyiwe voga.Izvi zvakatorwa munaIsaya.28:16,izvo zvakava ndima huru muruturo rwaPauro muna9:33.

**10:12 “Nokuti muJudha nomuGiriki havasiyani”** Iyi ndiyo nyaya huru yechisungo chitsva(cf.vaRoma.3:22,29; vaGaratiya.3:28; vaEfeso.2:11-3:13; vaKorose.3:11). Mwari mumwe akadzikinura zvisikwa zvake zvakararika kuburikidza nezviito zvake.Anodokwairira kuti vanhu vose vakasikwa nomufananidzo wake vaue kwaari **vave saiye! Vose vanogona kuuya kwaari** Chimiro chevhangeri pasirose (“vose”akashandiswa kaviri mundima.12)chinoita nzira mbiri.

1. MaJudha nemaHedheni havasiyani;vose vakarasika(cf.3:9,19,22-23;11:32)
2. MaJudha nemaHedheni havasiyani;vose vanogona kuponeswa

Vhangeri rinobvisa mipanda yose inoiswa nevanhu(cf.Joere.2:28-29; 1vaKorinde. 12:13; vaGratiya. 3:28; vaKorose.3:11), panyaya yeruponso.

☐ **“Akapfuma”** Apo Pauro anofunga nezvenyasha dzaMwari muna Kristu ,kazhinji anoshandisa izwi rokuti”pfuma”(cf.2:4;9:23;11:12 [kaviri], 33; 1vaKorinde. 1:5 2vaKorinde. 8:9; vaEfeso. 1:7, 18; 2:7; 3:8, 16; vaFiripi.4:19;vaKorose.1:27;2:2).

**10:13** Ichi chinyorwa chinemukurumbira icho chakatorwa munaJoere.2:32 chine zvirevo zviviri mumashandisiro aPauro.

1. MunaJoere zita raJehovha”YHWH” rakashandiswa,Pauro munavaRoma naPetirosi mnaMabasa.2:21,vanotsivanisa zita raJesu neraMwari(tarirazve munaJohani.12:41 naIsaya.6:9-10;vaFiripi.2:9 naIsaya.45:22-25;vaRoma.9:33 naIsaya8:13-14)
2. MunaJoere”kuponeswa”kwaireva kudzikinurwa panyama,munavaRoma kwaireva kuregererwa pamweya neruponeso rwusingaperi.

Pfungwa yemutestamende yekare okuti”kudana zita”kwaireva kupupura kutenda pachena panzvimbo inenge ichinamatirwa.Pfungwa imwecheteyo inoonekwa munaMabasa.7:59;9:14,21;22:16;1vaKorinde.1:2;2Timoti.2:22.Tarira nhaurwa inokosha :kudanwa pa.1:6.

**NASB( ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):10:14-15**  
<sup>14</sup>Zvino vachagodana Seiko kunai ye wavasina kutenda maari?vachatendeka Seiko kunai ye,wavasina kunzwa?Vachanzwa Seiko kana kusina muparidzi?<sup>15</sup>Vachaparidza Seiko,

**kana vasingatumwi?Sezvazvakanyorwa ,zvichinzi,”Dzakanaka sei tsoka dzavanouya namashoko omufaro ezvinhu zvakanaka?”**

**10:14-15** Pane nhevedzo yemibvunzo yakawanda kuzvinyorwa zvinotorwa mutestamende yekare inoburitsa kuti Isiraeri haina kuva norudaviro kuvatumwa neshoko raMwari(cf.Nehemiya.9;Mabasa.7).Mwari anotumira vatumwa (maporofita,mapositori,vaparidzi,vadzidzisi,vavhangeri).Vatumwa ava ndivo chipo chaMwari kunyika inezvainotsvaka.Sezvo Mwari achituma vatumwa vevhangeri vateereri vanofanira kudavira zvakafanira kushoko ravo.Pauro akajekesa pfungwa iyiy nezvaakatora kunaIsaya.52:7.Pauro anovandudza ndima dzemutestamende yekare achiureva vaparidzi vevhangeri.

Kutenda kweruponeso kunezvinhu zvakananda(1)shoko rinofanira kutendwa;(2)munhu anofanira kugamuchirwa;(3)kudavira kwokutenda kwokutanga nokutendeuka kunoenda mberi;(4)hupenyu hweruteerero;pamwe ne(5)kutsungirira(tarira chinyorwa pa.1:50).

**10:15** Izvi zvakatorwa munaIsaya.52:70.Ndihwo utumwa hwevaRoma.Ruponeso runouya nokunzwa nokugamuchira vhangeri.Vaparidzi vanotumwa kuti”vose”vaponeswe! Zvimwe zvinorwa zvechiGiriki zvakare (kureva.,MSS<sup>2</sup>,D,F,G,nezvimwe zvakananda )zvinowedzera mutsara kubva mubhaibheri rakare(LXX)kubva munaIsaya.52:7.Gwaro reUBS<sup>4</sup>rinopa chinyorwa chipfupi ichi chipimo chokutanga”A”(kureva chokwadi).

**NASB,NKJV,**

**NRSV,NJB**

**TEV**

**NET**

**NET**

**“Dzakanaka sei tsoka”**

**“Kwakanaka sei kuuya”**

**“Dzakaranga sei nguva dzokusvika”**

**nechinyorwa mujinga”Kuuya nenguva chaiyo”**

Izwi rokuti”kunaka”rinoshandiswa sedimikira.Pano rinoreva nguva kwete kutarisika.

**NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):10:16-17**

**<sup>16</sup>Asi vose Havana kuteerera mashoko omufaro.Nokuti Isaya anoti,”Ishe ndianiko akatenda zvatakaparidza?” <sup>17</sup>Naizvozvo kutenda kunouya nokunzwa,nokunzwa kunoya neshoko raKristu.**

**10:16** Pano zvakare Pauro anoshandisa mitsara yechiporofita chemutestamende yekareiyo yaireva kwazvo kwazvo shoko raMwari kuIsiraeri,kureva vhangeri raJesu,Mesiasi.Sekuramba kwakaita maJudha etestamende yakare shoko raMwari,nemaJudha enguva yaPauro akarirambawo.Izvi zvakatorwa muna Isaya.53:1Asi pazvidzidzo zvouMwari zvinehochekeche nokuramba kweIsiraeri shoko raMwari munaIsaya.6:9-13.

**10:17** Chokutanga vhangeri ishoko(cf.vaGaratiya.3:2).Asi shoko rakaparidzwa rinova repauzima,”shoko raKristu akagamuchirwa”(cf.vaKorose.3:15-16).

☐ **“Shoko raKristu”** Nokuda kwechirevo chemanyorerwo,izvi zvinofanira kureva shoko pamusoro paKristu iro rakaparidzwa.Kuparidza vhangeri raMwari ndiyo nzira yokufambisa pfupiro yaKristukunyika.Pano pane musaku wechinyorwa chechiGiriki.

1. MSS P<sup>46</sup>,N,B,C,D\*zine mutsara wokuti”shoko raKristu”

2. MSS N<sup>C</sup>,A,D<sup>C</sup>,K,P zvine mutsara wokuti”shoko raMwari”  
Wokutanga ndiwo usina kujairika(cf.vaKorose.3:16)uye ,naizvozvo,ungangova iwo wechaiwo iwo(uyu ndiwo mumwe wemisimboti yekutsoropodza zvinyorwa).Gwaro reUBS<sup>4</sup> rinoupa chipimo chokutanga ”A” (kureva., chokwadi). Apandipo pamwe pepaunowanikwa mutestamende itsva. Wechipiri wokuti ”shoko raMwari,” rinowanikwa kakawanda (cf.Ruka.3:2; Johani.3:34; vaEfeso.6:17; vaHebheru.6:5 na 11:3)

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):10:18-21**

**<sup>18</sup>Asi ndinoti, “Havana kunzwa here? Izwi ravo rakabuda kunyika yose,Namashoko avo kumigumo yenyika.”<sup>19</sup>Asi ndinoti, VaIsiraeri Havana kuziva here? pakutanga Mosesi anoti, “Ndichamutsa godo renyu nerudzi rusati ruri rudzi, Ndichamutsa kutsamwa kwenyu norudzi rusinganzwisi.”<sup>20</sup> NaIsaya, asingatyi, anoti, “Ndakawanikwa navasina kunditsvaka, Ndakaonekwa navasina kundibvunza,”<sup>21</sup> Asi kuvaIsiraeri anoti,” Ndakatambanudzira maoko angu zuva rose kuvanhu vasingateereri,navanokakavara.”**

**10:18** Ndima iyi inoti kwazvo kwazvo maJudha mazhinji akanzwa shoko uye nokuti vaiva nomurandu wokuriramba( mutsara wechiGiriki unoramaba zvapaketwa ruviri;mubvunzo unotarisa mh9induro yokuti “kwete”).Dambudziko raisava rokusaziva asi rokusatenda nokuda! Pauroanotora mazwi munaMapisarema.19:4.MuMapisarema aya,ndima.1-6 dzinoreva kuzviratidza kuburikidza nezvisikwa ,zvichireva kuti Mwari achitaura kuburikidza nezvisikwa(cf.vaRoma.1-2).Pauro anoshandura

1. Mufakazi wepasirose(“munyika yose”uye “kumapetero enyika”)
2. Nzira yokufambisa shoko kubva kuizwi zinyerere rokusika kusvika kuvaparidzi veshoko(mapositori,maporofita,vaVhangeri,vaFundisi,nevaDzidzisi,cf.vaEfeso.4:11), iyo inoreva kuzviratidza kwakasanangurwa(cf.Mapisarema.19:8-14)

Mafungiro chaiwo ndeekuti shoko revhangeri rakanga rasvika kwese kwaizivikanwa pamazuva aPauro(kunyika dzemaGiriki nemaRoma”*Greco-Roman World*”).Pauro arikushandisa hupirikiri hwevadzidzisi vechiJudha;anoshandura mabviro echirevo chechinyorwa chetestamende yekare kuti azadzise dengetera rezvinangwa chezvidzidzo zvouMwari zvake.Zvinofanirawo kudonongodzwa kuti,kushandisa testamende yekare kwaPauro,semamwe mapositori,kwainge kwakatungamirwa neMweya mutsvene(cf.2Petirosi.1:20-21).Vatendi nhasi,vaine rujeko rweMweya ,havangaitezve nzira dzoupirikiri dzakaitwa nevanyori vetestamende itsva.

**NHAURWA INOKOSHA:RUJEKO**

“Kare Mwari akaita zvokuti azviratidze zvakajeka kuvanhu.Muzvidzidzo zvouMwari izvi zvinodanwa kuti kuzviratidza.Akasarudza vamwe vakadzi nevarume kuti vanyore nokutsanangura kuzviratidza uku .Muvidzidzo zvouMwari ,izvi zvinodanwa kuti kutusa.Akatumira Mweya wake kuzobatsira vaverengi kuti vanzwisise shoko rake.Muzvidzidzo zvouMwari izvi zvinodanwa kuti rujeko. Dambudziko rinovapo apo patinozoti Mweya unechekuita nekunzwisisa shoko raMwari---Saka sei paine mhirikiro dzeshoko dzakawanda? Zvimwe zvinoita kuti pave nedambudziko inyaya yezvagara zvichinzwisiswa nemuverengi asati averenga shoko kanazvaakasangana nazvo muupenyu hwake.Kazhinji muverengi anoshandisa bhaibheri kutaura zvoupenyu hwake kana kujinyura vamwe .Kazhinji dandadzira rezvidzidzo zvouMwari rinowaridzwa pamusoro pebhaibheri kuti ritaure nyaya nenzira dzinodiwa nemuparidzi.Rujeko harunga enzaniswi netuso kunyangwe zvazvoMweya mutsvene uine

chekuita nazvo zvose.

Nzira ingava yakanakisa pane dzose ndeyekuedza kuburitsa muzongozongo wepfungwa yeganhuro, kwete kupirikira hurongetedzwa hwechinyorwa hwose. Ipfungwa yechirevo chenhaurwa iyo inoburitsa muzongozongo wechokwadi chaicho chemunyori. Kudonongodza gwaro kana chidzidzo chechinyorwa kunobatsira muverengi kuti anzwisise chinangwa chemunyori, nyakutuswa. Hakuna mupirikiri akatuswa. Hatikwanise kuita patsva nzira youpirikiri yemunyori webhaibheri. Tinofanira kuedza kunzwisisa zvavaida kutaura pamazuva avo, tobva tataura chokwadi ichocho kuvanhu venguva yedu. Pane zvimwe zvikamu zwebhaibheri zvinoreva zvakanakisa kana zvakanakisa (kusvikira yatozova imwe nguva kana mukore). Kusaringana kwemagwaro nezvidzidzo kungovapo asi tinofanira kudonongodza muzongozongo wechokwadi uye nokubvumira kuti muverengi avewo nemhirikiro yake, iyo inofanira kuenderana nechinangwa chemunyori, iye nyakutuswa. Vapirikiri vanofanira kufamba muchiedza chavainacho, vachigara nguva dzose vakagadzirira kugamuchira chiedza kubva kubhaibheri neMweya. Mwari achatitonga maringe nekunzwisisa kwatinako uye nemaramiro atinota maringe nokunzwisisa ikoko.

**10:19-20** MaJudha akanzwa shoko (dzose ndima.18 na19, mibvunzo inotarisira mhinduro yokuti "kwete"), chero kubva kubva kuna Mosesi. MaJudha akwanisa kunzwisisa shoko rokutenda rezibatakwose rokururamisa munhu wose kuna Mwari.

Mundima idzi, Mwari akataura nevanhu vake vechisungo nezvekusanganisirawo maHedheni. Izvi zvinoitwa nemashoko akatorwa kuna Dhuteronomi.32:21 mundima.19 naIsaya.65:1-2 mundima.20-21. Kusanganisira maHedheni uku, uko kunoshamisa kwakaitirwa kudenhura (chero zvazvo negodo) kutenda kwemaJudha (cf.11:11,14).

**10:21** Mutsara uyu; uyo uri maererano nekuramba Mwari "YHWH" kwakaitwa nevanhu vechisungo, wakatorwa mubhuku raIsaya .65:2 remubhaibheri rakare "*Septuagint.*" (cf. Isaya.65:1-7). Mwari akararatidza kutenda; Isiraeri yakaratidza kusatenda. Kare, kusatenda uku kwakaunza kutongwa muchidimbu kwerudzi pamwe nevanhuwo zvavo, asi kuramba kwavo kururama kwaMwari kuburikidza nokutenda muna Kristu kunounza kutongwa kusingaperi!

## MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Kana sarudzo yaMwari ichikosha, sei Pauro achiteurira Isiraeri muchikamu.10:1? Sei chikamu.10:9-13 chichitaura zvakasimba pamusoro pokudiwa kworudaviro rwevanhu?
2. Ndimu.4 inorevei?"Kristu akagumisa murayiro here?"
3. Denengudza zvinhu zvinechekuita nokutenda muchikamu.10:9-10
4. Sei Pauro achinyanya kutora mashokoemutestamende yekare? Izvi zvinehochekeche ipi nekereke yemaHedheni oga muRoma?
5. Ko ndima.11-13 dzine hochekeche ipi nechikamu.9?
6. Ko ndima.14-15 dzine hochekeche ipi neutumwa hwepasi rose?
7. Ko sarudzo yemunhu yakaratidza sei kuti inechekuita neruponeso rwake, muchikamu.10?

# VAROMA 11

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Tsarirwa YeIsiraeri 11:1-10	Kuarambwa KweIsisrarei hakupo zvachose 11:1-10	Kurambwa kwaIsiraeri hakupo zvachose 11:1-10	Tsitsi dzaMwari 11:1-6	Tsarirwa YeIsiraeri 11:1-6
			11:7-10	11:7-10
Ruponeso rwevaHedheni 11:11-12	Kurambwa kweIsiraeri hakupo zvachose 11:11-36	11:11-12	11:11-12	VaJudha vachadzoredzwa muneremangwana 11:11-12
11:17-24		Chibhende CheMuorivhi 11:17-24	Ruponeso Rwe vaHedheni 11:16-18	11:16-24
Kudzoredzwa kweIsiraeri 11:25-32		VaIsiraeri Vose Vachaponeswa 11:25-32	11:19-24 Tsitsi dzaMwari Kuvanhu vose 11:25-32	Kutndeutswa kweVaIsiraeri 11:25-29 Rwiyo Kutsitsi neungwaru HwaMari 11:33-36
11:33-36		11:33-36	Mwari ngaarumbidzwe 11:33-36	11:33-36

## MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)

*ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA*

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori, Ndiyo zve hwaro hwekupirikira.Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO**

A. Chikamu.11 chinoenderera mberi nokutsanangura hukama hwegangaidzo huri pakati pesarudzo nevhangeri.Sarudzo yetestamende yekare yakanga iriyeushumiri,iyiwo yetestamende itsva ndeyeruponeso(tarira bhuku rejekeso).Neimwe nzira,vatendi vanodanirwa kuva mhuri yaMwari(testamende itsva)nokuva vashumiri(testamende yekare).Sarudzo ndeyezibatakose pamwe nepauzima,zvakanaka nezvisina kunaka(Jakobho/Isiraeri-Esau/Edhomu;Mosesi/Farao).Kwzvo kwazvo makatanwa hasiri pakati peutongo hwaMwari nesarudzo yevanhu,asi mumaitiro aMwari pachake.Zvikamu.9-11 zvinotsanangura chaizvo,tsitsi dzaMwari noupanduki hevatadzi.Mwari anokutenda,vanhu Havana kutenda.

Sarudzo harisi gwara redzidziso rokuketa vamwe,asi ndihwo hwaro hwetariro,kudziviririka nokudzikama kune avo vanerudaviro ku(1)vimbiso ne(2)Mwanakomana waMwari anoita zvisungo.

B. Muchikamu.9,Pauro anotaura zvakasimba nezverusununguko neutongo hwaMwari. Chero muukama hwechisungo,Mwari anerusununguko.Muchikamu.10,Pauro anoti maJudha aiva akasununguka kugamuchira kana kuramba vimbiso nezvisungo zvaMwari.Sezvo vakaratidza kusatenda nokuramba vimbiso nezvisungo zvaMwari,neimwe nzira vakabva varambwa naMwari.Zvisineyi, muchikamu 11 Pauro anokumikidza kutenda kwaMwari,cheru munguva yokusatenda kweIsiraeri(cf.Dhuteronomi.8).

C. Kare,sazvino,tsarirwa yemaJudha yakatenda ikaita zvorutendo munaMesiasi waMwari.Iye pauro pachake aiva muenzaniso wenyaya iyi.Kurambwa kwemaJudha aisatenda kwakaita kuti nemaHedheniwo anotenda agamuchirwe.Kugamuchirwa kwemaHedheni kunounza (1)kukwana kwevanhu vaMwari kana(2)huwandu hwakakwana hwevasarudzwa vaMwari,vose maJudha nemaHedheni.Kusanganisirwa kwemaHedheni uku kuchadenhura maJudha kuti vavimbisike muna Mesiasi waMwari, Jesu.

D. Semuchikamu.9 na10,Pauro anoshandisa mashoko emutestamende yekare muchikamu.11.



1. Ndimba.3—1Madzimambo.19:14
2. Ndimba.4—1Madzimambo.19:18
3. Ndimba.8—Isaya.29:10 naDhuteronomi.29:4
4. Ndimba.9—Mapisarema.69:22
5. Ndimba.10—Mapisarema.69:23
6. Ndimba.26—Isaya.59:20-21
7. Ndimba.27—Isaya.27:9
8. Ndimba.34—Isaya.40:13-14
9. Ndimba.35—Jobho.35:7;41:11

## DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

### NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):11:1-6

<sup>1</sup>Zvino ndinoti, Ko Mwari wakarasa vanhu vake here? Haisva! Nokuti neniwo ndiri muIsiraeri, worudzi rwaAbhurahamu, wemba yaBhenjamini.<sup>2</sup>Mwari haana kurasa vanhu vake vaakaziva pakutanga. Ko hamuzivi kuti rugwaro runoti kudini pamashoko aEriya here? Kuti anokumbira kunaMwari pamusoro pavaIsiraeri, achiti,<sup>3</sup> “Ishe, vakauraya vaporofita venyu, vakaputsa aritari dzenyu ;ini ndakasiyiwa ndoga, zvino vanotsvaka kundiuraya?”<sup>4</sup> Asi Mwari anomupindureiko? Anoti , “Ndakazvisiyira varume vane zviuru zvinomwe vasina kupfugamira Bhaari.”<sup>5</sup> Zvino, saizvozvo nenguva inowo variko vakasara, vakatsanangurwa nenyasha.<sup>6</sup> Zvino kana kutsanangura kuri kwenyasha, hakusati kuchiri kwemabasa; kana zvisakadaro, nyasha hadzichiri nyasha.

**11:1 “KoMwari Akarasa vanhu Vake”** mubvunzo uyu unotarisa mhinduro yokuti “kwete.” Pauro anopindura mubvunzo uyu mundima.1b-10. Chipimvu chino chinofanira kuva nehochekeche negakava raPauro rekumashure. Zvikamu.9-11 zvinovaka chidzidzo chechinyorwa, gakava rakasimba.

Izwi rakashandurudzwa rokuti “kuramba” izwi rechiito rinonongedza zvakaikwa, richireva kutoi “kuramwa” kana “kurasa.” rinoshandiswa muna

1. Mabasa.7:39—Isiraeri murenje ichiramba hutungamiri hwaMosesi
2. Mabasa.13:46—MaJudha emusinagoge yePisidhiya muAndiyoku vachiramba mharidzo yaPauro
3. 1Timoti.1:19—Dzimwe nhengo dzekereke kuEfeso vachiramba nokuparadza kutenda kwavo (kureva., Himenio naErikizanda)

“YHWH” Mwari haana kurasa Isiraeri! Isiraeri ndiyo yakarasa Mwari nokusateerera kwayo, kunamata zvipanidzo nokuzviita yakarurama kuburikidza nomurayiro.

Zvinonakidza kwazo kuti zvinyorwa zvechiGiriki zvokutanga “P<sup>46</sup>” nezvimwewo zvakare **F na G** zvinoshandisa izwi rokuti “nhaka” kunze kwerokuti “vanhu” iro rinogona kunge rakabva munaIsaya.94:14 wemubhaibheri rechiGiriki rakare(LXX). Gwaro reUBS<sup>4</sup> rinoti izwi rokuti “vanhu” ndiro chairo uye rinoripa chipimo chokutanga “A” (chokwadi).

☐ **“Haisva”** Iyi ndiyo nzira yaPauro yokudavira mubvunzo wemupikisi wefungidziro (mubvunzo mhindu, cf.3:4,6,31;6:2,15;7:7,13;9:14;11:1,11).

☐ **“Neniwo ndiri muIsiraeri”** Pauro anozvishandisa pachake soumboo hwokuti kunetsarirwa yevaJudha vanotenda. Kuti uve nerujeko rwekuva muJudha kwaPauro verenga vaFiripi.3:5.

▣ **11:2”Mwari haana kurasa vanhu vake”**Izvi zvinogona kunge zvichitsigira zviri munaMapisarema.94:14(cf.Dhuteronomi.31:6;1Samueri.12:22;1Madzimambo.6:13;Kuungud za kwaJeremiya.3:31-32).Iyi ndiyo mhinduro yakanangana nemubvunzo wepandima.1.

▣ **“Vaakaziva pakutanga”**Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kusarudzwa kweIsiraeri naMwari.Tarira chinyorwa pa.8:29.Zvinodzorerera gakava iri kuchikamu.9,sezvinoita ndima.4-6.Nyaya yakanga isiri yemabasa eIsiraeri,asi sarudzo yaMwari.Mwari akatendeka kuzvivimbiso zvake nokuda kwezvaari,kwete mabasa eIsiraeri(cf.Ezekieri.36:22-32).

▣ **“Rugwaro runoti”**Izvi zvinoreva nyaya yokutizwa kwaJezebheri naEriya muna 1Madzimambo.19:10,izvo zvakataurwawo mundima.3.

**11:4 “Ndakazvisiira varume vane zviuru zvinomwe”** “kuzvi”izwi iri hariwanikwe muna.1 Madzimambo.19:18 wezvinyorwa zvechiHebheru **“Mesoteric Hebrew texts”**Pauro haatore mazwi muzvinyorwa zvechiHebheru(MT) kana mubhaibheri rechiGiriki rakare(LXX)Asi anoshandisawo izwi iri senzira yokujekesa sarudzo yaMwari.Tsarirwa inotenda yemuna1 Madzimambo.19:18 inoonekwa senzira yesarudzo yaMwari ,kwete nokuramba kwavo kunamata bhaari.Nyaya iri kutaurwa naPauro ndeyekuti paiva nevatendi vechiJudha vashoma chero pamazuva aEriya apo MaJudha akanga asisatendi uye vachinamata zviumbwa.Pamazuva aPauro kwaivawo netsarirwa yevatendi vechiJudha(Tarira nhaurwa inokosha pa 9:27-28).Panguva dzoga dzoga mamwe maJudha vanova norudaviro rwokutenda.Pauro anoti vaJudha vanotenda ava vanopiwa samba netsitsi nenyasha dzaMwari(ndima.5-6).

▣ **“Kuna Bhaari”**Uyu ndiwo munongedzo wechikadzi unechipauro chechikadzi .Izvi zvinodaro nokuti MaJudha ainyanya kuisa mavara anedinguko yechikadzi kuizwi rechiHebheru rokuti “chinyadzo”vachiaisa mudinguko pfupi senzira yokusvora vamwari vechiHedheni.

**11:5-6** Idzi ndidzo ndima dzinotaura nyaya huru.Dzino batanidza zvakaitwa naMwari kare zvemutestamende yekare kumamiriro ezvinhu mazuva ano.Hochekeche ndiyo sarudzo yaMwari netsitsi (cf.9:15, 16, 18;11:30, 31,32). Nyasha dzaMwari ndidzo dzinokosha, asikutenda kwavanhu kunodiwa (cf.Mako.1:15; Mabasa.3:16, 19;20:21), zvisineyi, hazvina chokuita nemabasa evanhu (cf.vaEfeso.2:8-9; 2Timoti.1:9; Tito.3:5). Zvokwadi idzi dzinokosha munyaya yaPauro muzvikamu.9-11.

**11:6 “kana”** Uyu mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi pamaonero emunyori.Ruponeso runouya nenyasha dzaMwari(Tarira nhaurwa inokoshapa.3:24,cf.6:23;vaEfeso.2:8-9).

▣ Bhaibheri reKJV rinowedzera mutsara pandima .6 unoti”kana zvisakadaro ,nyasha hadzichiri nyasha:neimwe nzira basa harisiri basa.”Mutsara uyu hauwanikwi muzvinyorwa zvizhinji zvechiGiriki zvakare zvinoti **P<sup>46</sup>,<sup>Ⓝ</sup>,<sup>Ⓟ</sup>,<sup>Ⓠ</sup>,<sup>Ⓡ</sup>, kana P**,Uye nezvimwe zverurimi rwechi “Latin”,asi zvimwe zviviri zvine munyorero wakasiyana zvinowanikwa muchinyorwa che<sup>Ⓢ</sup> naB.Gwaro re UBS<sup>4</sup> rinoti kusawanikwa kwawo uku ndiko chaiko uye chinokupa chipimo “A”(chokwadi).

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 11:7-10**

<sup>7</sup>Zvino tichatiiko? VaIsiraeri Havana kuwana zvavakanga vachitsvaka, asi vakatsanangurwa ndivo vakazviwana; vamwe vakaomeswa,<sup>8</sup> sezvazvakanyorwa, zvichinzi,” Mwari akavapa mweya wehope; kuti varege kunzwa, kusvikira zuva ranhasi.”<sup>9</sup> NaDhavhitiwo anoti,” Tafura yavo ngaitwe musungo, neriva,<sup>10</sup> Meso avo ngaasvibirwe, varege kuona; mukotamise misana yavo misi yose.”

**11:7** “VaIsiraeri Havana kuwana zvavakanga vachiutsvaka” uyu mutsara ndiwo uripekutanaga muzvinyorwa zvechiGiriki senzira yokujekesa pfungwa yaPauro. MaJudha mazhinji aida kururama kuna Mwari ndokuita izvi nenzira yokupira, zverudzi, nemabasa okuzviitira. Vakapotsa chinangwa chavo! Hakuna nyama inerumbidzo pamberi paMwari (cf. 1vaKorinde.1:29; vaEfeso.2:9).



**NASB** “Asi vakatsanangurwa ndivo vakazviwana”  
**NKJV** “Asi vakasarudzwa ndivo vakazviwana”  
**TEV** “Vashoma vakasarudzwa naMwari ndivo vakazviwana”  
**NJB** “Asi vakasarudzwa vashoma”

Iyi ndiyo pfungwa ye “tsarirwa” ye testamende yekare (Tarira nhaurwa inokosha pa.9:27-28), pano zvinoreva zviuru zvinomwe zvinorehwa muna1Madzimambo.19:18. Nyaya pano haisi yemabasa evanhu, rudzi, kana chinamoto (ndima.6) asi nyasha dzaMwari musarudzwo (cf.vaEfeso.1:3-14).

▣ “Vamwe vakaomeswa” Iri izwi rechiito rinonongedza kuitirwa (cf.2vaKorinde.3:14). Chirevo pano ndechekuti Mwari akavaomesa (cf.ndima.8-10). Muiti wekuomesa ndiye muipi(cf.2vaKorinde.4:4). “Kuomeswa” (*pōroō*) iri izwi rezveurapi rinoreva kurirvara kana kuva bofu(cf.vaRoma.11:25;2vaKorinde.3:14;vaEfeso.4:18).Izwi rimwechetero rinoshandiswa kureva mapositori munaMako.6:52.rimweizwi rechiGiriki rokuti (*sklerunō*) ndiro rinodzivana nerokuti tsitsi (cf.cf.vaHebheru.3:8,15;4:7). Ndima iyi yakajeka kwazvo uye ndiyo pfupiso yechikamu.11:1-6. Vamwe vakanga vasarudzwa vakatenda, vamwe vakanga vasina kusarudzwa vakaomeswa. Zvisineyi, ndima iyi haina kunyorwa yakamira yoga, sechiga chezvidzidzo zvouMwari.Yaiva chipimvu chegakava rezvidzidzo zvouMwari.Pane makakatanwa pakati pechokwadi icho chakadonongodzwa zvakajeka mundima iyoyi nerukoko rwepasi rose rwuri muchikamu.10 Pane gangaidzo pano. Mhinduro hakisiri kupikisa kana kudimbura nyanga dzegangaidzo.

**11:8-10** Ndima idzi,mazwi akatorwa kubva munaIsaya .29:10 (ndima.8a), Dhuteronmi.29:4 (ndima.8b, asi kwete kubva muzvinyorwa zvechiHebheru (MT) kana bhaibheri rechiGiriki rakare (LXX) naMapisarema.69:22-23 (ndima.9-10). Dzinoratidza kudanwa nokutumirwa kwaIsaya kuIsiraeri yakapanduka muna.6:9-13. Isaya aizotura shoko raMwari, asi vanhu vaMwari vakatadza, Havana kuva norudaviro. Pauro arikupa humboo hwekuomeswa kwevamwe naMwari sezvaakaita muna.9:13, 15, 17.

**11:8**

**NASB, NKJV**

**“Mwari akavapa mweya wehope”**

**NRSV, NJB**

**“Mwari akavapa mweya wokunonoka”**

**TEV**

**“Mwaru akaita kuti pfungwa dzavo nemwoyo yavo zvidzimirwe”**

Izwi rechiGiriki rokuti (*katamuxis*), iro rinoshandiswa pano chete mutestamende itsva, rinoshandiswa kureva kurumwa nechipembenene chinouturu hunokonzera kudzimuka kwendangariro, huchikonzera kuvavirirwa kukuru.

**11:10 “MESO AVO NGAASVIBIRWE, VAREGE KUONA; MUKOTAMISE MISANA YAVO MISI YOSE”** uyu mutsara wechiito unoreva chikumbiro chokuitirwa uchiteverwa neuno reva kuitwa kwechikumbiro. Iri ndiro gangaidzo reutongo hwaMwari nerudaviro runodiwa rwevanhu. Mwari ndiye mabviro ezvinhu zvose, muparuri wezvose, kunyangwe zvazvo muutongo hwake akadzika kuti vanhu avo vakasikwa nomufananidzo wake, vave norudaviro kwaari sokuda kwavo. Avo vasingadavire mukutenda vachaomeswa (kureva., sarudzo yavo, ichizadziswa) mukusatenda kwavo.

Pamaonero aya, Pauro anoti zano raMwari nokusingaperi rokudzikinura vana vaAdhamu. Kusatenda kwemaJudha kuchazarurira gonhi rokutenda KuvaHedheni uye kuburikidza negodo rudzi rwaIsiraeri ruchadzoredzwa! Izano rokusinganisira (cf. vaEfeso.2:11-3:13) kwete kusiya! Kuomesa kunounza goho guru (kureva., Farao)!

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):11:11-16**

**<sup>11</sup>Zvino ndinoti, vakagumbuswa kuti vawe here? Haisva! Asi nokuwa kwavo ruponeso rwakasvika kuvaHedheni, kuti vamutsirwe godo. <sup>12</sup>Zvino kana kuwa kwavo kwakafumisa nyika, nokutapudzwa kwavo kwakafumisa vaHedheni, zvikuru sei kuzara kwavo?**

**<sup>13</sup>Ndinotaura kwamuri, imi vaHedheni. Zvandiri mupositori wavaHedheni, ndinokudza basa rangu <sup>14</sup>Zvimwe ndingamutsa godo kana venyama yangu, ndiponese vamwe vavo.**

**<sup>15</sup>Nokuti kana kuraswa kwavo kuri kuyananiwa kwenyika, kugamuchirwa kwavo kuchagoveiko, asi upenyu pakufa? <sup>16</sup>Zvino kana chibereko chokutanga chiri chitsvene, bundu rose rakadarowo; kana mudzi uri mutsvene, matavi ase akadarowo.**

**11:11 “Zvino ndinoti”** Uyu ndiwo mutsara mumwechetewo werunga mutauro seuri muna.11:1. Unoendesera mberi gakava rezvidzidzo zvouMwari neimwewo nzira. Mundima.1-10, haisri Isiraeri yose yakaraswa naMwari; mundima.11-24, kuraswa kweIsiraeri hakuna kuitirwa zvachose; kune chinangwa. Nokuda kwokuraswa kweIsiraeri uku, vaHedheni vakasanganisirwawo.

▣

**NASB**

**“Vakagumbuswa kuti vawe here? Haisva!”**

**NKJV, NRSV**

**“Vagumbuswa kuti vawe here”**

**TEV**

**“Pakagumbuswa vaJudha vakawa vakaparara here”**

**NJB**

**“Ko vaJudha vava zvachose here, kana kuti vangogumbuswa chete”**

Mubvunzo uyu waitarisira mhinduro yokuti “kwete.” kusatenda kweIsiraeri hakuchazovapo zvachose.



<b>NASB</b>	<b>“Nokuwa kwavo”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Kuburikidza nokuwa kwavo”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Nokugumbuswa kwavo”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Nokuti vakatadza”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Kuwa kwavo”</b>

Mumaonero emanyorero aya, izvi zvinoreva kuramba Jesu Mesiasi kwevaJudha (cf.ndima.12)

▣ **“Ruponeso twakasvika kuvaHedheni”** Houno mutsara unoshamisa uyo waive wakanangana nevaJudha vemakore zana okutanga(cf.ndima.12;Mabasa.13:46;22:21;28:28).

▣ **“kuti vamutsirwe godo”**Izwi rokuti”godo”rir muna.10:19 na11:14.Zano raMwari rokusanganisira vaHedheni rinoita zvinhu zviviri.

1. Rudzikinuro rwaMwari kuvanhu vose
2. Dzreredzo yaMwari yerutendeuko rwokutenda kwepauzima rwaMwari kutsarirwa yeIsiraeri

Ini pachangu ndinogaro zvibvunza kuti nyaya inorehwa nemutsara wepiri inosanganisira zvinotevera here

1. Mutsiridzo yemaJudha panguva yokupedzisira (cf.Zekariya.12:10)
2. Vatendi vechiJudha vemakore zana okutanga nenguva dzose
3. MaSinagoge matsva echiMesiasi anogona kuva zadziso yevimbiso

**11:12-14** mundima idzi mune mitsara yakashongedzwa inokwana gumi inehochekeche nekusatenda kwevaJudha maringe nekutenda kwevaHedheni.Ndima 12,14,15,16,17,18,21,24 dzose mitsara ineshongedzo yekuva yechokwadi pamaonero emunyori,ukuwo ndima.22 na23 dzose dzinonongedza zvichaitka muneremangwana.

### 11:12

<b>NASB</b>	<b>“Zvikuru sei kuzadziswa kwavo”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Zvikuru sei kuzara kwavo”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Zvikuru sei kusanganisirwa kwavo kucharevei”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Zvino zvichakombora zvakadii kana huwandu hwakakwana hwevaJudha hwasanganisirwa”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Zvino funga kuti zvichanaka sei kana vose vatendeutswa”</b>

Dambudziko rokupirikira nderechirevo chemutsara wokuti”kuzara kwavo.”Ungava uine hoche koche here ne(1)vaJudha vachiponeswa,ndima.14b,26b kana(2)huwandu chaihwo hwevatendi vakasarudzwa vechiJudha nevechiHedheni?

**11:13 “Ndinotaura kwamuri imi vaHedheni”** Zvikamu. 9-11 zvinovaka chidzidzo chechinyorwa chakapindura mubvunzo wokuti “sei Mesiasi wechiJudha akarambwa nevaJudha?” Zvisinei mubvunzo unovapo ndewekuti sei Pauro akaona zvakakosha kubata mubvunzo uyu mutsamba ino,panguva yokutura kuno.

Ndima 13-24,25c dzinoita sokuti dzinoburitsa dambudziko raiva mukereke kuRoma pakati pevaJudha nevaHedheni.

Kuti dambudziko raiva pakati pevatendi vechiHedheni nevaJudha kana vatendi vechiHedheni nevaJudha vaisa tenda hazvinyatsozivikanwi.

☐ **“Ndiri mupositori wevaHedheni”** Pauro aiona sokuti ainge adanwa kuti ashumire kuvaHedheni (cf.Mabasa. 9:15; 22:21; 26:17; vaRoma.1:5;15:16; vaGaratiya.1:16; 2:7,9; 1Timoti.2:7 2 Timoti.4:17).

☐

**NASB,NKJV**

**“Ndinokudza basa rangu”**

**NRSV**

**“Ndinorumbidza basa rangu”**

**TEV**

**“Ndichawana kuzvikudza mubasa rangu”**

**NJB**

**“Uye ndinozvikuudza nebaso rangu routumwa”**

Izwi rokuti”kukudza” rinogona kureva (1)matendo;(2)kuzvikudzira;kana kuti(3)kuitisisa chinhu.Izwi zvinogonawo kuratidza dambudziko mukereke yeRoma!Pauro (1)anofarira kushumira vaHedheni kana(2)Aiona sokuti hushumiri hwake hwaiita kuti vaJudha vaisatenda vave negodo,izvo zvaizoita kuti vawane ruponeso(cf.ndima.11.14 ne9:1-3).

**11:14 “Ndiponese vamwe vavo”** Urwu ndirwo rudano rwouvhangeri hwaPauro.Aiziva kuti vamwe vachava norudaviro kumharidzo yake yevhangeri (cf.1vaKorinde.1:21), apo vamwe vaisadavira (cf.1vaKorinde.9:22). Ichi ndicho chakavanzika chesarudzo(testamende yekare neitsva)!

**11:15** Kurambwa (izwi rakasiyana neremundima.1) kweIsiraeri yakanga yakasarudzwa kwaivawo nechekuita nezano raMwari rerudzikinuro kuvanhu vose (*kosmos*). Kuzviita vakarurama, kuzvitutumadza serudzi, nokubatirira pamurayiro ndiko kwakakonzeresa kudiwa kworutendo(cf.9:30-33). Kutenda muna “YHWH” Mwari naMesiasi ndiyo shanguriro yokururama, kwete mabasa okupira kwezvinamoto zvevanhu.Asi rangarira kuti,kurambwa kweIsiraeri kwaiva kwechinangwa chokudzikinura vanhu vose.Hazvisi zvokuti vanhu vazvitutumadze nazvo,muJudha kana muHedheni.Iri ndiro shoko chairo raifanira kunzwickwa kukereke yeRoma!

☐ **“Kuyananiwa kwenyika”** Pavidzidzo zvouMwari izwi zvinofambira no”kururama kwaMwari. “Izwi romubatanidzwa rinobva panerokuti *kata* nerokuti *allassō* (kushandura, sudurudza, kana kushandudza). Rinoreva kuita mutambidzanwa wegakava nerunyararo, naizvozvo kudzoreredzwa kwokudiwa (cf.vaRoma.5:11;11:15; 2vaKorinde.5:18,19). Mwari anotsvaka kudzoreredza ruwadzano rwomubindu reIdheni.Zviv ndizvo zvakaparafdza ruwadzano irworwo, asi Kristu akadzoreredza chimiro chaMwari muvatadzi kuna avo vose vanotenda .Vayananiwa nokugamuchirwa (fananidzo yendima.15). Vanhu havaigona kudzoreredza hukama uhwu, asi Mwari anogona uye akazviita!

☐ **“Asi upenyu kuvakafa”** Mumaonero emanyorero aya, izwi zviru kureva rudzi rweIsiraeri, naizvozvo

1. Uyu mutsara unoreva rudzi rwaIsiraeri rwakadzorerredzwa here?
2. Uyu mutsara unoreva”huwandu hwakakwana “hwevaJudha nevaHedheni (kureva., Isiraeri yepamweya,cf.9:6;11:25-26) here?
3. Uyu mutsara unoreva nguva youpenyu hutsva, hupenyu hwokumuka kuvakafa here?

Ini ndinofarira mubvunzo wetatu.Kuzvinangwa zvangu tarira “chinyorwa chinokosha chenhanganyaya,”mutsoropodzo yangu yaZvakazarurwa padzimudzangara;pa [www.freebiblecommentary.org](http://www.freebiblecommentary.org).

**11:16 “Kana chibereko chokutanga chiri chitsvene”** Uyumutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi kubva pamaonero emunyori.Itsigiro yaNumeri. 15:17-21.Idimikira iro rinofanana nepfungwa yetestamende yekare yemichero yokutanga (kana mupiro)iyoyaiyipihwa Mwari sechiratidzo chokuti goho roseraive rake.

Tsarirwa yevaJudha vakare iyo yaitenda yaiva nechiguro kurudzi rwose(cf.Genesi.18:27-33; 2Makoronike.7:14). Dimikira rokuti “chibereko chokutanga” rinofambirana nerokuti “mudzi” (cf.Jeremiya.11:16-17), ayo ariose anoreva kuvatendi veIsiraeri, kunyanya madzibaba (kureva.,”mudzi” wemundima.16-17) dzemutestamende yekare (cf.ndima.28).

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):11:17-24**

<sup>17</sup>Zvino, kana mamwe matavi akavhuniwa, iwe, muorivhi wokudondo ukabatanidzwa pakati pawo, ukava nomugove pamwechete nawo pamudzi napamafuta omuorivhi;  
<sup>18</sup>usazvikudza pamusoro pamatavi; kana uchizvikudza, hausuwe unotakura mudzi,asi mudzi ndiwo unotakura iwe.

<sup>19</sup>Zvino iwe uchati, “Matavi akavhuniwa,kuti ini ndibatanidzwe.” <sup>20</sup>Ndizvo-zvo; vakavhuniwa nokusatenda kwavo iwe unomira nokutenda kwako. Usazvikudza asi utye;<sup>21</sup> nokuti kana Mwari asina kurega matavi okutanga, haangakuregi newewo.<sup>22</sup>Zvino tarira unyoro nokukasharara kwaMwari; kukasharara kuna vakawa,asi kwauri unyoro hwaMwari, kana uchigara paunyoro hwake; <sup>23</sup>Naivowo, kana vasingagari pakusate kwavo,vachabatanidzwa; nokuti Mwari anogona kuvabatanidzazve.<sup>24</sup> Nokuti kana iwe wakatemwa kumuorivhi, uri wokudondo pakusikwa kwawo, ukabatanidzwa pamuorivhi wakanaka, zvichipesana nokusikwa kwawo zvikuru sei ava vari vomuti iwoyo umene, vangabatanidzwa pamuorivhi wavo!

**11:17-24** Zvinoshamisa zvikuru kuti izwi rokuti”iwe” muganhuro ino iri muchimiro chomwe (chouwandu chinoonekwa mundima.25). Zvimorevei izvi?

1. MuHedheni mumwe semumiririri wevaHedheni vose
2. Dambudziko remukereke yeRoma regakava pakati pevatungamiri vevaJudha nevevaHedheni,naizvo-zvo zvinorevawo vatungamiri vevaHedheni vemazuva ano(cf.ndima18-20)

**11:17 “kana”** Tarira nhaurwa inokosha pa.11:12-24.

☐ **“Matavi akavhuniwa”**Izvi zvinoreva vaJudha vasingatendi(cf.ndima.18,19,”matavi chaiwo,”ndima.21)

☐ **“Muorivhi wokudondo”**Izvi zvinoreva vaHedheni vanotenda avo vakava norudaviro kukuparidzwa kwevhangeri.

☐ **“Kubatanidzwa”** Pauro anoenderera mberi nedimikira rezvokurima iro raakatanga mundima.16.Kubatanidzirwa kwematavi emuorivhi wokudondo pamuorivhi wakanaka kwaibatsiridza pakuvandudza goho (cf.ndima.24).

☐ **“Pamudzi napamafuta omuorivhi”** Muvaravara chaiwo wemabviro wokuti, “mudzi wamafuta” (gwaro reUBS rinoupa chipimo chepiri”B” [kureva pedo nechokwadi]), unowanikwa muzvinyorwa zve”MSS N\*,B,C. Pane zvimwe zvinyorwa zvakawanda zvechiGiriki izvo zvinoedza kugadzururda kusavapo kwemazwi okubatanidza pakuvaka mutsara (vaBruce Metzger, mugwaro ravo retsoropodzo yezvinyorwa zvetestamende itsva yerurimi rwechiGiriki”A Textual commentary on the Greek New Testament,p526”).

☐ **“Muorivhi”** Iri ndiro izwi remiririro yerudzi rweIsiraeri (cf.ndima.24; Mapisarema.52:8; 128:3; Jeremiya.11:16; Hosea.14:6). Iri ndiro dimikira raPauro rechipiri iro raanoshandisa kutsanangura hukama pakati pevaJudha nevaHedheni.

**11:18 “Usazvikudza pamusoro pamatavi”** Uyu mutsara unechirevo chokuregwa kwezviri kuitwa.Ndima ,pamwe nendima .13,20,25,dzinoratidza kuti paiva nedambudziko mukereke yeRoma pakati pevatendi vechiJudha nevechiHedheni .

**11:19-20** Ndima 19 ndiwo mumwe mubvunzo-mhindu(mupikisi wefungidziro).Pauro anotsanangura kuti sei vaJudha vakaraswa.Kwaiva kuda kwokusatenda kwavo,kwete nokuti vaHedheni vaidiwa naMwari kuvapfuura!VaHedheni vakagamuchirwa nokuda kwerudo rwaMwari(cf.Genesi.3:15)nokutenda kwavo!Vaizogona wo kuitisa kuti vaJudha vadzokere kunaMwari nokuda kwegodo(cf.ndima11,14).

**11:20**

**NASB**

**“Asi unomira nokutenda kwako”**

**NKJV**

**“Uye unomira nokutenda”**

**NRSV**

**“Asi unomira kuburikidza nokutenda chete”**

**TEV**

**“Apo uchiramba uripo nokuti unotenda”**

**NJB**

**“Kana ukaramba wakamira, kuda kwokutenda kwako”**

Iyi mitsara inechirevo chezviri kuitwa chaizvo”PERFECT ACTIVE INDICATIVE.”Zvisinei ,yakanyorwa nechimiro chemitsara ineshongedzo”CONDITIONAL SRENTENCES.” Kumira kwedu panaMwari ndekwekutenda uye kunoramba kuri kwekutenda.Kana kutenda kukasavapo,nokumira kunosavapowo.Ruponeso ndirwo (1) rudaviro rwekutenda kwekutanga (2) chimiro chezvauri mukutenda (3) zierendamberi rokutenda (4) Manhengatenga okutenda.Ngwarira dzidziso dzezvouMwari idzo dzinoti tande tande nedzidziso imwechete pakati pedzose idzi. Tarira nhaurwa inokosha :Zvirevanguva zvechiGiriki zvinoshandiswa kureva Ruponeso pa.10:4

Mwari ndiye muvambi, muparuri, muchengeti, nemunhengaidzi weruponeso, asi nenzira yechipirwa.Akasarudza kuti vatadzi vanofanira kuva norudaviro uye nokuramba vachidavira kuburikidza norutendeuko uye nokutenda panhanho yoga yoga yomundinde uyu.Anotarisira kuteerera, kuvasaKristu, uye nokutsungirira!

☐

**NASB**

**“Usazvinyepera asi utye”**

**NKJV**

**“Usazvikudza asi utye”**



**NRSV** “Saka usava nokuzvikudza ,asi mira mukutya”  
**TEV** “Asi usava nokuzvikudza nazvo;asi itya”  
**NJB** “Kunze kwekuti zvikuite kuti uzvikudze,zvinofanira kuita kuti utye”

Yose mitsara iyi ine chirevo chezvinogona kuitwa .Wekutanga une chirevo chezvisakarurama,zvichireva kuregwa kwezvirikuitwa.Wakaburitsa dambudziko mukereke yeRoma.Chinangwa chokutya uku chinodonongodzwa mundima.21.

**11:21 “Haangakuregi newewo”** Sezvakaita vaIsiraeri vakasava nokutenda vakabva panaMwari “YHWH” nokuzvikudza uye vakabva varaswa, saizvo-zvo, kereke inoraswawo kana ikasiya kutenda munaKristu kuburikidza nokuzvikudza nokuzviita yakarurama.Kutenda kwokutanga kunofanira kuteverwa nemararamiro okutenda (cf.Mateu.13:1-23; Mako.4:1-12; Ruka.8:4-10). Kuzvikudza kunofanira kuramba kuchirambwa.Tiri zvatiri nenyasha dzaMwari uye tinowadzana navose vanovimba naKristu!

### **NHAURWA INOKOSHA:KUSAVA NOKUTENDA(*APHISTĒMI*)**

Izwi rechiGiriki rokuti “*aphistēmi*” rinechimiro chezvirevo zvemazwi chakakura.Zvisineyi izwi rechirungu iro rinoreva kuti “kusava nokutenda” rinobva pane irori uye rinonyanya kutonhisa kushandiswa kwaro kuvaverengi vemazuva ano. Senguva dzose maonero emanyorerwo ndiyo shanguriro kwete chirevo chokufanoita.

Iri ndiro izwi remubatanidzwa rinobva pachirevamwene chokuti “*apo*” icho chinoreva kuti “kuna” kana “kubva kuna” na “*histēmi*,” iro rinoreva kuti “kugara pasi,” “kumira,” kana “kugadzirirsa.” Tarira mamwe mashandisiro (asinei nezvezvidzidzo zvouMwari).

1. Kubvisa chaiko kwepanyama
  - a. Kubva muTembere,Ruka.2:37
  - b. Kubva mumba,Mako.13:34
  - c. Kubva mumunhu,Mako,12:12;14:50;Mabasa.5:38
  - d. Kubva kuzvinhu zvoze,Mateu.19:27,29
2. Kubvisa nezvematongerwo enyika,Mabasa.5:37
3. Kubvisa zvehukama,Mabasa.5:38;15:38;19:9;22:29
4. Kubvisa nemutemo(kuchatanura),Dhuteronomi.24:1,3(LXX)netestamende itsva,Mateu.5:31;19:7;Mako.10:4;1vaKorinde.7:11
5. Kubvisa chikwereti,Mateu.18:24
6. Kuratidza kusava nehanya nokuenda,Mateu.4:20;22:27;Johani.4:28;16:32
7. Kuratidza hanya nokusaenda,Johani.8:29;14:18
8. Kubvmidza kana kupa mvumo,Mateu.13:30;19:14;Mako.14:6;Ruka.13:8

Pazvidzidzo zvouMwari ,izwi rechiito rinoshanda zvakasiyana-siyana:

1. Kupfudza ,kuregerera,kuripira zvivi,Ekisodho.32:32(LXX);Numeri.14:19;Jobho.42:10 netestamende itsva,Mateu.6:12,14-15;Mako.11:25-26
2. Kusiya zvivi,2Timoti.2:19
3. Kusiya nokubva
  - a. Pamurayiro,Mateu.23:23;Mabasa.21:21
  - b. Pakutenda,Ezekieri.20:8(LXX);ruka.8:13;2vaTesaronika.2:3;1Timoti4:1;vaHebheru.2:13

Vatendi vemazuva ano vanobvunza mibvunzo yakawanda yezvidzidzo zvouMwari ,yokuti chero

vanyori mvetestamende itsva havangadai vakaibvunza. Umwe wemibvunzo iyi ,kusiyaniswa kwekutenda nokutendeseka.

Kune vamwe vanhu vari mubhaibheri vanobatika muvanhu vaMwari uye pane zvinozowanikwa zvichiitika.

A. Testamende yekare

1. Avo vakateerera vane gumi nevaviri nevasori gumi, Numeri.14(vaHebheru.3:16-19)
2. Kora, Numeri.16
3. Vanakomana vaEri, 1Samueri.2,4
4. Sauro, 1Samueri.11-31
5. Maporofita enhema(mienzaniso)
  - a. Dhuteronomi.13:1-5;18:19-22(nzira dzokuziva muporofita wenhema)
  - b. Jeremiya.28
  - c. Ezekieri.13:1-7
6. Maporofitakadzi enhema
  - a. Ezekieri.13:17
  - b. Nehemiya.6:14
7. Vatungamiri vakaipa veIsiraeri(mienzaniso)
  - a. Jeremiya.5:30-31;8:1-2;23:1-4
  - b. Ezekieri.22:23-31
  - c. Mika.3:4-12

B. Testamende itsva

1. Izwi rechiGiriki kwazvo-kwazvo nderokuti”*apostasize*”kureva kusava nokutenda. Testamende yekare neitsva dzose dzinotaura zvakasimba nezvekuwanda kwekuipa nedzidziso yenhema, kudzoka rwepiri kusati kwaitika(cf. Mateu.24:24; Mako.13:22; Mabasa.20:29,30; 2vaTesaronika.2:9-12; 2Timoti.4:4). Izwi rechiGiriki iri rinogona kureva mashoko aJesu anowanikwa mumienzaniso yake iri munaMateu.13; Mako.4; naRuka.8. Zviri pachena kuti vadzidzisi venhema ava havasi maKristu, asi vainge vari mukati mekereke(cf. Mabasa.20:29-30; 1Johani.2:19); zvisineyi vanokwanisa kukwezva nokubata vatendi vanenge vasati vakura pashoko(cf. vaHebheru.3:12). Mubvunzo wezvidzidzo zvouMwari unoti; ko ivo vadzidzisi venhema vakambovawo vatendi here? uyu mubvunzo wakaoma kupindura nokuti vaiva vadzidzisi venhema mukereke yomumana(cf. 1Johani.2:18-19). kashinji tsika dzedu dzezvevidzidzo zvouMwari nemapato edzikereke anopindura mubvunzo asingashandisi zvinyorwa zve mubhaibheri(kunze kwenzira yokutora ndima yobviswa mumaonero emanyorerwo senzira yokupa humboo hwemaonero aiye muparidzi).
2. Kutenda kuripachena
  - a. Judhasi, Johani.17:12
  - b. Simoni n’anga, Mabasa.8
  - c. Avo vanotaurwa nezvavo munaMateu.7:13-23
  - d. Avo vanotaurwa nezvavo munaMateu.13; Mako.4; Ruka.8
  - e. VaJudha vemunaJohani.8:31-59
  - f. Erikizanda naHimenayo, 1Timoti.1:19-20
  - g. Avo vemuna1Timoti.6:21
  - h. Himenayo naFireto, 2Timoti.2:16-18
  - i. Dhimasi, 2Timoti.4:10

- j. Vadzidzisi venhema, 2Petirosi.2:19-22; Judhasi. ndima. 12-19
- k. Vapikisi vaKristu, 1Johani.2:18-19
- 3. Kutenda kusina zvibereko
  - a. 1vaKorinde.3:10-15
  - b. 2Petirosi.1:8-11

Hatinyanye kufunga nezvezvinyorwa izvi nokuti gwara redu rezvidzidzo zvouMwari(Calvinism, Arminianism nezvimwewo) zvinogara zvatiudza nzira yokuva norudaviro nayo. Ndapota musawane zvamungandifungira nokuti ndataura nezvenyaya iyi. ndine hany'a zvikuru pamusoro penzira chaiyo yokupirikira. Tinofanira kuita kuti bhaibheri ritaure nesu kwete kuriumbiridza kuti ritaure nezve gwara rezvidzidzo zvouMwari zvanhasi. Izvi zvinoshamisa uye zvichirwadza nokuti zvidzidzo zvouMwari zvedu zvizhinji ndezvemapato edzikereke, tsikanemagariro kana hukama(mubereki, shamwari, mufundisi), kwete zvebhaibheri. Vamwe vanoti vari muvanhu vaMwari zvinozobuda kuti havamo (semuna., vaRoma.9:6).

**11:22 “Uyoro nokukasharara kwaMwari”** Nzira dzaMwari dzagara dziri gangaidzo kuvatadzi (cf. Isaya.55:8-11). Srudzo dzedu dzine zvibereko. Sarudzo yaMwari haikanganisi basa revanhu. Kusarudzwa kwerudzi rweIsiraeri kwaisareva kuvapo kweruponeso kumunhu pazima.

☐ **“Kana uchigara paunyoro hwake”** Uyu mutsara unonongedza zvichaitika uine shongedzo yeshuviro. Muvakirwo wemutsara uyu unoreva kuti kuendamberi kwekutenda kwevaHedheni kune chimiso(urwu ndirwo rumwe rutivi rweutongo hwaMwari hwemunavaRoma.9); Tinofanira kushinga pakuchengetedza kutenda kwedu(cf. vaFiripi.2:12-13). Izvi zvinoreva kutsungirira kwesangano pamwe nemumwe nemumwe pazima(cf. vaGaratiya.6:9; Zvakazarurwa.2:7,17; 3:6,13,22). Iri ndiro gangaidzo negakava rezibatakose pamwe nemunhu pazima mubhaibheri. Dzose ivimbiso(dzinobva pamaitiro aMwari) nezvisungo zvine zvimiso(zvinobva parudaviro rwevanhu). Tarira nhaurwa inokosha :kudikwa kwokutsungirira pa.8:25.

**11:23** Ndima iyi inotevera munyerekete wezvivakamutauro nezvidzidzo zvouMwari zvendima.22. Kana vaJudha vakatendeuka vakatenda vachagamuchirwa. Kana vaHedheni vakarega kutenda vacharambwa(cf. ndima.20) Kutenda kwokutanga munaKristu nekweziendamberi maari kwakakoshera vose.

**NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):11:25-32**

<sup>25</sup>Nokuti hama dzangu ,handidi kuti musaziva chakavanzika ichi, kuti murege kuva namanyawi; kuti kuomeswa kwamwoyo kwakauya pamusoro pavamwe vavaIsiraeri kusvikira kuzara kwavaHedheni kwapinda;<sup>26</sup> naizvozvo rudzi rwose rwavaIsiraeri ruchaponeswa; sezvazvakanyorwa zvichinzi,

“PaZioni pachabuda musununguri; achabvisa kusada kwaMwari kuna Jakobho;

<sup>27</sup>Iyi ndiyo sungano yangu navo, musi wandichabvisa zvivi zvavo.”<sup>28</sup>kana iri vhangeri ,ivo vavengi vaMwari nokuda kwenyu; asi kana kuri kutsanangurwa ,vadikanwi nokuda kwamadzibaba.<sup>29</sup>Nokuti zvipo zvaMwari nokudana kwake hazvishandurwi.<sup>30</sup>Nokuti semi kare makanga musingateereri Mwari, asi zvino makanzwirwa ngoni nokusateerera kwavo,<sup>31</sup>saizvozvo naivo zvino Havana

**kuteerera,kuti nengoni dzakaitirwa imi naivo vanzwirwewo ngoni.<sup>32</sup>Nokuti Mwari akavapfigira vose pakusateerera kwavo,kuti avanzwire ngoni vose.**

**11:25 “Hama dzangu handidi kuti musaziva”** Ichi ndicho chirahwe chinozivikanwa chichishandiswa naPauro (cf.1:13; 1vaKorinde.10:1; 12:1;2vaKorinde.1:8; 1vaTesaronika. 4:13). Chinowanotura nhauriranochaiyo iyo. Chinoshanda semashoko aJesu okutanga okuti”Ameni,Ameni.”Pauro anowanzoashandisa kana ava kutanga nhaurwa itsva .



**NASB, NKJV,  
NRSV  
TEV  
NJB**

**“Chakavanzika”  
“Chokwadi chakavanzika”  
“Vavariro yakavanzwa yezvose izvi”**

### **NHAURWA INOKOSHA: CHAKAVANZIKA**

Mwari anechinangwa chakabatana cherudzikinuro rwevanhu ,icho chakavapo chero kutadza kusati kwaitika(cf.Genesi.3). Ruvhevhe rwezano rake runoburitswa mutestamende yekare(cf.Genesi.3:15;12:3;Ekisodho.19:5-6;nemivaravara yepasirose iri muzvinyorwa zveaparofita).Zvisineyi,donzvo renyaya harina kujekeswa(cf.1vaKorinde.2:6-8).Nokuuya kwaJesu pamwe neMweya zvinotanga kujeka.Pauro anoshandisa izwi rokuti”zvavanzika”kutsanangura zano rerudzikinuro rose(cf.1vaKorinde.4:1;vaEfeso.6:19;vaKorose.4:3;1Timoti.1:9).Zvisineyi anorishandisa nenzira dzakawanda dzakasiyana-siyana.

1. Kuomeswa mwoyo zvishoma kwavaIsiraeri kuitira kuti vaHedheni vazare.Uku kuwanda kwevaHedheni kuchashanda senzira yokuti vaJudha vagamuchire Jesu saKristu akaporofitwa(cf.vaRoma.11:25-32).
2. Vhangeri rakaziviswa kumarudzi ose ,ayo akasanganiswa munaKristu kuburikidza naKristu(cf.vaRoma.16:25-27;vaKorose.2:2).
3. Mitumbi mitsva yrvatendi pakudzoka kwepiri(cf.1vaKorinde.15:5-57;1vaTesaronika.4:13-18).
4. Kupfupiswa kwezvinhu zvose munaKristu(cf.vaEfeso.1:8-11).
5. VaJudha nevaHedheni vose vadyi venhaka(cf.vaEfeso.2:11-3:13).
6. Hukama hwepedyo pakati paKristu nekereke,hwakatsanagurwa nemazwi ekuroorana (cf.vaEfeso.5:22-33).
7. VaHedheni vakasanganiswawo muvanhu vechisungo,Mweya waKristu ukadzikira pavari senzira yokuvapa udzamu hwokuva saKristu,kureva kuti kugadziriswa kwechimiro chaMwari icho chakanganisika muvatadzi(cf.Genesi.6:5,11-13;8:21)waMwari muvanhu(cf.Genesi.1:26-27;5:1;9:6;vaKorose.1:26-28).
8. Vapikisi vaKristu venguva yokupedzisira(cf.2vaTesaronika.2:1-11).
9. Pfupiso yekereke yokutanga yezvakavanzika inowanika muna1Timoti.3:16.

▣ **“kuti murege kuva namanyawi”** Heruno rumwe ruvhevhe rwegakava raiva mukereke yeRoma(cf.ndima .18).

☐	
NASB	“Kuti kuomeswa kwamwoyo kwakauya pamusoro pavamwe vavaIsiraeri”
NKJV	“Kuti kuomeswa mwoyo muchidimbu kwakaitika kuna vamwe vavaIsiraeri”
NRSV	“Kuti kuomeswa mwoyo kwauya pamusoro pavamwe vavaIsiraeri”
TEV	“Kuoma mwoyo kwavaIsiraeri hakuna kuisira zvachose”
NJB	“Vamwe vavaIsiraeri vava mapofu”

Mutsara uyu unosunga chikamu.11 chose .Kwaiva uye kucharamba kuchiva nevamwe vaJudha vanotenda. Hupofu hwevamwe vavo uhwu ,hwakaitwa naMwari(ndima.8-10) nokuda kwokuramba Jesu kwevaJudha ,kunopindawo muzano raMwari rokudzikinuro vanhu vose.Mwari akavimbisa ruponeso kuvanhu vose(cf.Genesi.3:15).Akasarudza Abhurahamu kuti asvikire kuvanhu vose (cf.Genesi.12:3).Akasarudza Isiraeri kuti asvikire kuvanhu vose(cf.Ekisodho.19:5-6, Tarira nhaurwa inokosha pa.8:28).Isiraeri yakakoniwa basa rayo routumwa nokuda kwokuzvikudza,kusava nokutenda pamwe nokusatenda.Mwari aida kusvikkira vaHedheni kuburikidza nokukomborera kwake Isiraeri(cf.Dhuteronomi.27-29). Isiraeri yakakoniwa kuchengeta chisungo,naizvo-zvo kutonga kwenguva pfupi kukava pamusoro peIsiraeri.Zvino Mwari akatora kutonga uku ndokukushandisa kuzadzisa chinangwa chake chepakutanga chokudzikinura vanhu vose nokutenda(cf.ndima.30-31;Ezekieri.36:22-38).

☐ “**kusvikira kuzara kwavaHedheni kwapinda**” Izwi rimwechetero iri rokuti (*pleroma*)ndiro rinoshandiswa mundima12 kureva vaJudha.Ndima dzose dzirimbi idzi dzinotaura nezve kufanoziva nesarudzo yaMwari.Izwi rokuti”kusvikira “rinoreva kuganhurwa kwenguva iyi yevaHedheni(cf.Ruka.21:24).

**11:26 “Rudzi rwose rwaIsiraeri ruchaponeswa”** Pane mhirikiro mbiri dzinogona kuitwa.

1. Izvi zvinoreva rudzi rweIsiraeri—kwete muJudha mumwe pachake asi ruzhinji paneimwe nguva munhorondo yeIsiraeri.
2. Neimwe nzira izvi zvinogona kureva Isiraeri yepamweya , kereke

Pauro anoshandisa mafungiro aya munavaRoma.2:28-enzira 29; vaGaratiya. 6:16; 1Petirosi .2:5, 9; Zvakazarurwa. 1:6. “Huwandu hwakakwana hwevaJudha” mundima.12 ne “huwandu hwakakwana hwevaHedheni” mundima. 25 vane hukama hunofanana.kuti “vose” nenzira yesarudzo yaMwari hazvirevi mumwe noumwe pazima.Muorivhi wechisungo uchakwana nerimwe zuva.

Vamwe vatsoropodzi vanoti izvi zvinofanira kureva rudzi rwaIsiraeri nokuda kwe

1. Pfungwa yemanyorerwo ezvikamu.9-11
2. Mashoko ari mundima.26-27
3. Mutsara wakajeka uri mundima.28

Mwari achiine rudo rwokuponeswa kwerudzi chairwo rwaAbhurahamu!Runofanira kuuya kuburikidza nokutenda munaKristu(Zekariya.12:10).

Mubvunzo wokuti avo vaJudha vakaomeswa mwoyo vachazovawo nomukana wokuva norudavirowo here panguva yokupedzisira,haugoni kupindurwa nechinyorwa chino kana chimwewo hacho.Isu sevanhu verudzi rwechi “American”tine tsika yokubvunza mibvunzo inechekuita nemunhu pazima asi bhaibheri rinonangana nemibvunzo yezibatakose.Mibvunzo

yose yakaita seuyu inofanira kuiswa kuna Mwari. Achava noruenzaniso kuvanhu vake vaakasika uye vaanoda!

▣ **“Sezvazvakanyorwa”** Izvi zvinoreva zvinyorwa zviviri zvakatorwa mubhaibheri rakare rechiGiriki *“Septuagint”* zvemuna Isaya. 59:20-21 (ndima .26) na 27:9 (ndima.27). Nzira yeruponeso ichava kutenda muna Jesu iye Mesiasi. Hakuna rimwe zano, iroro roga. Kunongori nenzira imwe yokuponeswa (cf. Johani. 10:7-18; 11:25-29; 14:6).

**11:27** Isaya. 27:9, iyo inoshandiswa mundima. 27, inobatanidza kudzoreredzwa kwe Isiraeri kunyika yechipikirwa (ndima. 1-11) norukoko kumuvengi wakare (ndudzi dzeva Hedheni) kuti dzisanganisirwewo (cf. ndima .12-13) kana dzoreredzo iyi iri yekwazvo-kwazvo saka kusvika kwemakore zviuru zviviri kunofanira kuzadzisa chiporofita ichi. Kana chiri chibhende, saka chisungo chitsva, zvakavanzika zvevhangeri, umo muJudha nemu Hedheni vqanobatanidzwa muna Mesiasi wa Mwari zvinova vavariro (cf. vaEfeso. 2:11-3:13). Zvakaoma kuita rutemo. Zvimwe zviporofita zvetestamende yekare zvinoshandiswa mukereke yechisungo chitsva. Izvo Mwari anokutenda muvimbiso dzake, chero vanhu vasina kutenda (cf. Ezekieri. 36:22-36).

**11:28** Ndima iyi inoratidza unyambiri hwesarudzo.

1. Mutestamende yekare sarudzo yaiva youshumiri, vanhu vasarudza kushanda kwevanhu senzira yechinangwa cherudzikinuro rwavanhu
2. Mutestamende itsva sarudzo inehochekeche nevhangeri pamwe neruponeso rusingaperi, urwu ruponeso rwevanhu vose avo vakaitwa nemufananidzo wa Mwari rwagara rwuri irwo vavariro (cf. Genesi. 3:15)

Mwari anotenda kuvimbiso dzake. Ichi ndicho chokwadi kuvatendi vetestamende yekare nevatsvene vetestamende itsva. Shanguriro ndiko kutendeseka kwa Mwari, kwete kwevanhutsitsi dza Mwari, kwete mabasa evanhu. Sarudzo ndeye makomborero kwete kupesanisa!

▣ **“Vadiwa nokuda kwamadzibaba”** Iyi ndiyo vimbiso imwechete seyemuna Ekisodho. 20:5-6 na Dhuteronomi. 5:9-10 na 7:9. Mhuri dzinokomborerwa nokuda kwekutenda kwezvizvarwa zvakare. Isiraeri yakakomborerwa nokuda kwekutenda kwamadzibaba (cf. Dhuteronomi. 4:37; 7:8; 10:15). Kuti Mesiasi aizobva kudzinza raJudha yaivawo vimbisokuna Dhavhita (cf. 2Samueri. 7). Zvakadaro zvinofanirawo kudonongodzwa kuti chero ivo vaiva no”kutenda” Havana kukwanisa kutevedzera murayiro zvakakwana (cf. Ezekieri. 36:22-36). Kutenda ---kutenda kwepauzima, kutenda kwemhuri, asi kwete kutenda kwakaperera---ndiko kunogamuchirika kuna Mwari uye kunogona kuva mutambidzanwa mumhuri (cf. 1vaKorinde. 7:8-16).

**11:29**

**NASB, NKJV,**

**NRSV**

**TEV**

**NJB**

**“Nokuti zvipo nokudana kwa Mwari hazvishandurwi”**

**“Nokuti Mwari haashanduri pfungwa dzake pamusoro pewaano sarudza kana kukomborera”**

**“Mwari haadzori zvipo zvake kana kushandura sarudzo dzake”**

Izvi hazvirevi zvipo zveMweya kuvanhuwo zvavo(cf.1vaKorinde.12),asi zvinoreva vimbiso dzaMwari kuruponeso,mutestamende yekare neitsva.Sarudzo inoshanda.Kutendeseka kwaMwari ndiko tariro yerudzi rweIsiraeri(cf.Maraki.3:6)neIsiraeri yepamweya!

**11:30-32** Ndima idzi ndidzo pfupiso yezvinangwa nemazano aMwari.

1. Dzagara dziri pahwaro hwetsitsi dzake(Tarira chinyorwa pa9:15-16),kwete rutemo rwoudzvanyiriri.Izwi rokuti”tsitsi”rino runa mumaonero emanyorero aya(cf.9:15,16,18,23).
2. Mwari akatonga vanhu vose.VaJudha nevaHedheni vose vanezvivi(cf.3:9,19,23;5:11).
3. Mwari akashandisa utera nezvinodiwa nevanhu semukana wekuratidza tsitsi dzake kuvanhu vose(cf.ndima.22).Mumaonero echinyorwa mune izwi rokuti”vose”iro rinofanira kuonekwa muchirevo chendima.12 nendima.25-26.Havasiri vanhu vose vachava norudaviro kupfupiroyaMwari,asi vose vanosanganisirwa muurongwa hwerudzikinuro(cf.5:12-21;Johani.3:16).Aiwa ,Mwari ngazvive saizvozvo!!!

**11:30 na31 “Asi zvino”** Izvi zvinoreva kwazvo-kwazvo kutendeutsa pamweya kwerudzi rweIsiraeri nokutenda munaJesu (cf.Zekariya.12:10). Sezvo” kusatenda” kwevaHedheni kwakakundwa netsitsi dzaMwari,ndizvowo zvichaitwa “kusatenda” kwevaJudha.

**NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):11:33-36**

<sup>33</sup>Aiwa kupfuma kwokuchenjera nokuziva kwaMwari kwakadzika sei!kutonga kwake hakunganzverwi,nenzira dzake hadzingarondwi! <sup>34</sup>Nokuti ndianiko akaziva murangariro waIshe? Ndianiko akanga ari murayiri wake?  
<sup>35</sup>Ndianiko akatanga kumupa, kuti aripirwezve? <sup>36</sup>Nokuti zvose zvinobva kwaari,zviripo naye,zviripo nokuda kwake.Ngaave nokubwinya nokusingaperi.Ameni.

**11:33-36** Ichi ndicho chipuremhure chegwara redzidziso yomunyengetero chakaitwa naPauro.Pauro akakatyamadzwa nenzira dzaMwari:rutendo rwechisungo,kusanganisira kwechisungo,kumunyungira kwechisungo.

**11:33 “kufuma”** ichi ndicho chirahwe chinofarirwa naPauro (cf.2:4; 9:23; 10:12; 11:12,33 ;vaEfeso. 1:7, 8; 2:7; 3:8, 16; vaFiripi .4:19; vaKorose. 1:27). Chinangwachevhangeri netariro yevanhu ifuma yetsitsi dzemaitiro nezano raMwari(cf.Isaya.55:1-7).

▣ **“kutonga kwake hakunganzverwi,nenzira dzake hadzingarondwi”** iyi ndiyo nzira chaiyo yedzidziso yekunyengetera iyo inopa mhinduro kugangaidzo rezvokwadi dziri muzvikamu.9-11(cf.Isaya.55:1-7).

**11:34** Izvi zvakatorwa muna raIsaya. 40:13-14 wemubhaibheri rechiGiriki rakare”*Septuagint*”, apo Mwari anodzikinura vanhu vake nokuvatora kubva muudzingwa. Muna 1vaKorinde.2:16 Pauro anoshandisa mashoko mamwechetewo asi anozowedzera zita reruremekedzo rokuti “Ishe,” kunaJesu.

**11:35** Izvi zvingangodaro zvakatorwawo munaJobho.35:7 kana 41:11.

**11:36 “Nokuti zvose zvinobva kwaari,zviripo naye, zviripo nokuda kwake”** Mumaonero echinyorwa chino, izvi zvinoreva Mwari baba (cf.1vaKorinde.11:12), asi zvinofanana nemimwe mivaravara iri mutestamende itsva iyo inoreva Mwari mwanakomana (cf.1vaKorinde. 8:6; vaKorose. 1:16;vaHebheru.2:10).Pauro anotsigira kuti zvinhu zvose zvinobva kunaMwari uye zvinodzokera kuna Mwari.

▣ **“Ngaave nokubwinya nokusingaperi”**Iyi inzira inowanikwa zvikuru mutestamende itsva yokukombora uMwari.Zvaireva

1. Dzimwe nguva kunababa (cf.16:27; vaEfeso.3:21; vaFiripi.4:20; 1Petirosi.4:11; 5:11;Judhasi.25; Zvakazarurwa.5:13;7:12)
2. Dzimwe nguva kuMwanakomana (cf.1Timoti.1:17; 2Timoti.4:18; 2Petirosi.3:18; Zvakazarurwa. 1:16) tarira chinyorwa chakazara pa3:23

▣ **“Ameni”** Tarira nhaurwa inokosha pa.1:25

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro.Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko Isiraeri yakapotsa sei nzira yaMwari yeruponeso?
2. Ndeipi misaka miviri inopihwa naPauro yokuratidza kuti Isiraeri haina kuraswa?
3. Ko Mwari akaomeserei mwoyo yevaJudha? Sei?
4. Ko pfungwa yokuti”tsarirwa “yevaJudha inorevei (ndima.2-5)?
5. Buritsa zvinoreva izwi rokuti”zvakananzika” mutestamende itsva.
6. Ko chikamu 11:26 chinorevei? Sei?chine hochekeche ipi nechikamu.9:6?
7. Ndeipi chenjedzo inopihwa naPauro kuvatendi vechiHedheni (ndima.17-24)?



# VAROMA 12

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Upenyu hutsva MunaKristu 12:1-2	Zvibayiro Zvipenyu KunaMwari 12:1-2	Hupenyu Hwaereswa 12:1-2	Hupenyu Muushumiri HwaMwari 12:1-2	Kunamata muMweya 12:1-2 Kuzvininipisa nomutsa
12:3-8		12:3-8	12:3-8	12:3-8
Mitemo Youpenyu hweChiKristu 12:9-21	Itai SemaKristu 12:9-21	Tsiudzo 12:9-13	12:9-13	Mutsa Kumunhu wose Pamwe nevavengi
		12:14-21	12:14-16 12:17-21	12:14-21

## MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)

### ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo,nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo.Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe,Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari.Usafe wakasiyana nazvo,zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo.Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyori,Ndiyozve hwaro hwekupirikira.Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga

2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVENDIMA. 1-8**

- A. Apa ndipo panotangi rushandwa rwevaRoma (12:1-15:13). Tsamba dzaPauro dzaiva magwaro ezvainge zvaitika, naizvozvo dzinobata zvose, gwara redzidziso yemanamatiro pamwe nezvinofanira kuitwa. Pauro akanyora achida kugadzirisa makakatanwa kana dambudziko raiva mukereke. Sezvo vaRoma.1-8 iri pfupiso yedzidziso yemanamatiro yakanaka, chikamu chinobata nyaya yetsika nemagariro akanaka pamwe noshandwa nachowo chakasimba.
- B. Dzidziso yezvouMwari isiri yemararamiro haisi YaMwari (cf.Mateu.7:24-27; Johani.13:17; vaRoma.2:13;Jakobho.1:22,25;2:14-26).Pauro anodzidzisa ruponeso rwepachena nenyasha dzaMwarikuburikidza nokutenda munaJesu,asi chipo chokungopihwawo ichi chinoitirwa kushandura hupenyu hwedu!Ruponeso nderwe kungopihwawo,asi runofanira kuteverwa nokuvasaKristu!Hatifanire kusiyanisa ruramiso nokuitwa mutsvene!
- C. Ndimba.1-2 dzinoumba nhanganyaya yechikamu chouahandwa chose.ndihwo hwaro hweupenyu hwemweya (kureva.,chikamu.8).
- D. Ndimba.3-9 dzinotaura nezve zvipo zvemweya.Kuzvipira kwedu kwose kunaKristu kunofanira kuva nezvibereko zvoushumiri kunaMwari (cf.Dhuteronomi.6:4-5; Mateu. 22:37) nekune vamwe (cf.Revhitiko.19:18;Mateu.19:19). Zvipo izvi zvinoratidza zvakasimba kubatana kwedu munaKristu uye nokusiyana kwazvo (cf.vaEfeso.4:1-10). Vatendi vanofanira kushingairira kubatana kwete kufanana.Mwari anoti gadzirira kuti tibatsirane (cf.1vaKorinde.12:7,11;vaEfeso.4:11-13)!

## **DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA**

### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :12:1-2**

**<sup>1</sup>Naizvozvo ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, netsitsi dzaMwari, kuti muise miviri yenyu, chive chibayiro chipenyu, chitsvene, chinofadza Mwari, ndiko kunamata kwenyu kwomwoyo. <sup>2</sup>Musaenzaniswa nenyika ino; asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa, kuti muedze muzive kuda kwaMwari kwakanaka, kunofadza kwakakwana.**

☐ **“Naizvozvo”**Pauro anoshandisa izwi iri panhanho huru dzshanduko yekutura zvokwadi dzevhangeri mugwaro ravaRoma.

1. Muna.5:1ff rakapa pfupiso ye”kururamiswa nokutenda”

2. Muna.8:1ff rakapa pfupiso yehukama hwevatendi kuzvivi,uhwo hwaidanwa kuti kuitwa mutsvene
3. Muna.12:1ff rinosanganisa kuitwa kwekururamiswa pamwe nokuitwa mutsvene muupenyu hwevatendi hwemisi yose

## 12:1

<b>NASB</b>	<b>“Ndinokumbira zvikuru”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Ndinoteterera zvikuru”</b>
<b>NRSV,TEV</b>	<b>“Ndinoteterera kwamuri”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Ndinokumbira zvikuru”</b>

Mutsara uyu unounyoro pamwe nokukasharara .Ndirwo rudano rwokurarama kwakanaka.Pauro anonyanya kushandisaizwiirori (cf.12:1; 15:30; 16:17; 1vaKorinde. 1:10; 4:16; 16:15 2vaKorinde. 2:8; 5:20; 6:1; :10:1; 12:8; vaEfeso. 4:1; vaFiripi.4:2; 1vaTesaronika. 4:10; 1Timoti.1:3; Firimoni.ndima.9-10).

☐ **“Hama dzangu”**Pauro anowanzo shandisa izwi iri kana achitanga kuunza nyaya itsva.

☐ **“Netsitsi dzaMwari”**Mubhaibheri rechiGiriki rakare (LXX) izvi zvinotsanangura unyoro hwaMwari (cf.Ekisodho.34:6). Pano rinoreva hwendera hwedzidziso yezvikamu .1-11.Pane tsanangudzo yakajeka, munavaRoma, iyo iri pamusoro pe “tsitsi” (dzose *“oṭkieirō* na *eleeō*) dzaMwari kuvatadzi(cf.9:15, 16, 18, 23; 11:30, 31, 32; 12:8; 15:9). Nokuti nyasha netsitsi dzaMwari dzinopihwa pachena,vatendi vanofanira kurarama hupenyu hwouMwari (cf.vaEfeso.1:4;2:10) nokuda kworutendo kwete mabasa (cf.vaEfeso.2:8-9). Hupenyu hutsva (kureva., vaKorose.3:9,10,12) hunoitirwa kutendeutsira vamwe kukutenda munaKristu!

☐ **“Muise”**Iri izwi rechiito rinoreva zindamberi.Iri rimwe remazwi rinoreva kuzvipira ,iro rakashandiswa mumaonero echinyorwa: kuzvipira ndima.1; utsvene, ndima.1; kugamuchirika, ndima.1. Pfungwa imwecheteyo inoburitswa muna. 6:13, 16, 19. Vanhu vangangozvipira chete kuna Mwari kana kunaSatani. Sezvo Kristu akazvipira kuita kuda kwaBaba, chero rufu pachipiyano, vateveri vake vanofanira kutevedzera mararamiro ake aya (cf.2vaKorinde.5:14-15; vaGaratiya.2:20;1Johani.3:16).

☐ **“Miviri yenyu”** ChiKristu chakasiyana zvikuru nekudzamisa ndangariro kwechiGiriki, uko kwaiti muviri wenyama waiva wakashata. Ndiwo nhandare yemiedzo asi hauna kwawakarerekera panyaya dzounhu.Izwi rokuti “mutumbi” rinoita sokuti rinofambirana nerokuti “murangariro” mundima.2.Vatendi vanofanira kuzvipira nezvavo zvole kunaMwari (cf.Dhuteronomi.6:5; 1vaKorinde.6:20) sekuzvipira kwavakange vakazviita kuzvivi(cf.vaRoma.6).

☐ **“Chipenyu”** Izvi zvaiva zvakasiyana zvikuru nezvipiriso zvakafa zvevaJudha kana tembere dzevaHedheni(cf.6:13;vaGaratiya.2:20).

Zvinofanira kusiyaniswa nekuzvibingidza (kurwadzisa muviri senzira yechinamoto). Hakusi kurwadzisa muviri kana kusawana mukadzi kunorehwa pano, asi upenyu hweushumiri nerudo rwekuva saKristu.

▣ **“Chitsvene chinofadza”** Izwi rokuti “chitsvene” rinoreva “kusanangurirwa ushumiri hwaMwari.” Chirevo chezwi iri pano ndeche kusanangurwa kwevatendi nokuvapo kwavo kuti vashandisirwe zvinangwa zvaMwari.

### **NHAURWA INOKOSHA: MUTSVENE**

1. Testamende yekare
  - A. Mabviro echirevo chezwi rokuti *kadosh* (BDB 872) haanyatso zivikanwa, angangova erurimi rwechiKenani. Zvinogoneka kuti chimwe chikamu chemabviro (kureva, *kd*) chinoreva kuti “kuparadzanisa.” Ndiwo mabviro ezwi rokuti “kupatsanura” (kubva mutsika dzeKenani, cf. Dhuteronomi. 7:6; 14:2, 21; 26:19) kuitira kushandiswa naMwari.”
  - B. Rinoreva kuvapo kwaMwari muzvinhu, nzvimbo, nguva, nemuvanhu. Harishandiswe munaGenesi, asi rinowanikwa zvikuru munaEkiSodho., Revhitiko, naNumeri.
  - C. Muzvinyorwa zvechiporofita (kunyanya. Isaya naHosea) nyaya yepauzima yambvapo, asi isina kutsanangurwa zvakajeka inowanikwa iri mberi. Inova nzira yokunan, anura kukosha kwaMwari (cf. Isaya. 6:3). Mwari ndiye mutsvene. Zita rake richimirira maitiro ake idzvene. Vanhu vake avo vacharatidza maitiro ake kunyika navowo vatsvene (kana vakateerera chisungo nokutenda).
  - D. Tsitsi nerudo rwaMwari, hazvipatsanurike kubva kupfungwa dzezvidzidzo zvouMwari zvezvisungo, ruenzaniso nemaitiro ake chaiwo. Apa ndipo panae gakava raMwari kunavasina utsvene, vatadzi, vanhu vanoupanduki. Pane chinyorwa chinofadza icho chiri pamusoro pehukama pakati paMwari we “tsitsi” naMwari “mutsvene” mugwaro rava Robert B. Girdlestone, rinonzi, Mazwi anoreva zvakananana emutestamende yekare; “*Synonyms Of the Old Testament, pp.112-113*”
2. Testamende itsva
  - A. Vanyori veTestamende itsva (kunze kwaRuka) vadzamisi vendangariro vechiHebheru, asi vakabatwa zvikuru nemaitiro echiGiriki (kureva, bhaibheri rechiGiriki rakare “*Septuagint*”). Ishandurudzo yechiGiriki yetestamende yekare, kwete zvinyorwa, mafungiro kana zvinamoto zvechiGiriki zvakaumbura mazwi avakashandisa.
  - B. Jesu mutsvene nokuti ndiMwari uye anova saMwari (cf. Ruka. 1:35; 4:34; Mabasa. 3:14; 4:27, 30) Ndiye mutsvene uye akarurama (cf. Mabasa .3:14; 22:14. Jesu mutsvene nokuti haana zvivi (cf. Johani. 8:46; 2vaKorinde. 5:21; vaHebheru. 4:15; 7:26; 1Petirosi. 1:19; 2:22; 1Johani. 3:5).
  - C. Nokuti Mwari mutsvene, vana vake vakafanira kuvavatsvene (cf. Revhitko. 11:44-45; 19:2; 20:7, 26; Mateu. 5:48; 1Petirosi. 1:16). Nokuti Jesu mutsvene, vateveri vake vakafanira kuvavatsvene (cf. vaRoma. 8:28-29; 2vaKorinde. 3:18; vaGaratiya. 4:19; vaEfeso. 1:4; 1 vaTesaronika. 3:13; 4:3; 1Petirosi. 1:15). VaKristu vanoponeswa kuti vashumire mukuvasa Kristu (utsvene).

▣  
**NASB** “Ndiko kunamata kwenyu kwomwoyo”  
**NKJV** “Ndihwo ushumiri hwenyu”  
**NRSV** “Ndiko kunamata kwenyu kwomwoyo”

**TEV** “Uyu ndiwo munamoto wezvokwadi wamunofanira kupa”

**NJB** “Neimwe nzira izvi ndizvo zvakafanira kuitwa navanhu vanofunga”

Izwi *rokuti [logikos]* rinobva panerokuti *logizomai*, iro rinoreva kuti “kuva nomurangariro” (cf. Mako.11:31; 1vaKorinde.13:11; vaFirpi.4:8). Mumaonero emanyorero ano zvinogona kureva kuti kuva nepfungwa kana kugamuchirika. Asi izwi iri rakashandiswa kureva “zveMweya,” semuna 1Petirosi.2:2. Nyaya chaiyo inoratidza kuva yokuzvipira maringe nokupira mhuka dzezvipiriso dzakafa. Mwari anoda upenyu hwedu murudo nouchumiri kwaari, kwete mabhindauro asina chokuita noupenyu hwamazuva ose.

**12:2 “Musaenzaniswa”** Uyu mutsara unechirevo chokuudzwa kurega zvokuita, kureva kuregwa kwechiito change chichiitika. Pane musiyano nendima. 2 izvo zvinofanana nemunava Firipi 2:6-8, pakati peshanduko yepanze inoonekwa (*schema*, 2:8) nokusashaduka kwomukati (*morphe*, 2:6-7). Vatendi vanokurudzirwa kuti vasafanana nenyika yevatadzi iyo inoshanduka nguva dzose (nguva youpanduki yakare) iyo yavachiri mairi panyama, asi kuti vashanduke vave saKristu (nguva itsva yeMweya).

☐ “**Nenyika ino**” Iri ndiro kwazvo-kwazvo izwi rokuti “nguva.” VaJudha vaiona nguva mbiri (cf. Mateu.12:32; Mako.10:30; Ruka.20:34-35), nguva ino youipi (cf. vaGaratiya. 1:4; 2 vaKorinde. 4:4; vaEfeso. 2:2) nenguva ichauya (cf. Mateu. 28:20; vaHebheru. 1:3; 1Johani. 2:15-17). Vatendi vanorarama munguva izere nemakakatanwa, umo nguva mbiri idzi dzakatotsikatidzwa. Nokuuya kuviri kwaKristu, vatendi vanorarama mumakakatanwa enguva “yakato pamwe neisati” yeushe hwaMwari, senguva yazvino neichauya.

#### **NHAURWA INOKOSHA: NGUVA INO NENGUVA ICHAUYA**

Maporofita emutestamende yekare aiona remangwana sehwendera hwazvino. Kwavari ramangwana raiva dzoredzo renyika chaiyo yeSiraeri. Zvisineyi, chero naivo vaiona izvi sezuva idzva (cf. Isaya. 65:17; 66:22). Nokuenda mberi kwokurambwa kwaMwari nezvizvarwa zvaAbhuramu (chero mushure moudzingwa) maonero matsva akawanikwawo mumusanganiswa wezvinyorwa zvetestamende zvechiHebheru zvakare neitsva izvo zvinotaura nezvekuparara (kureva, 1Inoki, 4Ezira, 2Bharuki). Zvinyorwa izvi ndizvo zvinotanga kuratidza musiyano wenguva mbiri: nguva ino iyo izere nouipi ichitongwa naSatani pamwe nenguva ichauya yokurama iyoinotongwa neMweya mutsvene uye yakagadzwa naMesiasi (kazhinji murwi chaiye wemandorokwati).

Panyaya iyi yezvidzidzo zvouMwari (dzidzo yemagumo) pane vandudzo inoonekwa. Vadzidzi vezvouMwari vanoidana kuti “hwendera hwokuzviratidza.” Tetsamende itsva inotsigira zvokwadi yepasi rose iyi yenguva mbiri (kureva, hunyambiri hwenguva pfupi).

#### **JESU**

Mateu. 12:32

Mateu.13:22 na29

Mako.10:30

Ruka.16:8

Ruka.18:30

Ruka.20:34-35

#### **PAURO**

vaRoma. 12:2

1vaKorinde.1:20;2:6,8;3:18

2vaKorinde.4:4

vaGaratiya.1:4

vaEfeso.1:21;2:1,7;6:12

1Timoti.6:17

2Timoti.4:10

#### **VAHEBHERU**

1:2

6:5

11:3

Tito.2:12

Muzvidzidzo zvouMwari zvemutestamende itsva nguva mbiri dzechiJudha idzi dzakatsikatidzwa nokuda kwetsitsiko yefembero yenguva mbiri dzokuuya kwaMesiasi idzo dzakanga dzisina kutarisirwa. Kuita zimukadzimu kwaJesu kwakazadzisa zviporofita zvetestamende yekare izvo zvaitaura nezvekuiswa kwenguva itsva(Dhanieri.2:44-45). Zvisinei, testamende yekare yaionawo kuuya kwake sokuuya kwemutongi pamwe nomukundi, zvino iye akauya pakutanga somuranda anotambura (cf.Isaya.53; Zekariya.12:10), ari zinyerere akanyorova (cf.Zekariya.9:9). Achadzoka musimba sezvakafembedzwa mutestamende yekare (cf.Zvakazarurwa.19). Idzi nhanho mbiri dzezadziso dzakakonzera kuvapo kwoushe (kuiswa), asi remangwana (zvisingamunyungidzwi zvakaperera). Aya ndiwo makakatanwa emuTestamende Itsva ezvakatoitika, nezvisati!

- ▣ **“Mushandurwe”** Vatendi vanofanira kushandurwa (cf.6:4; 7:6; 2vaKorinde.5:17; vaGaratiya. 6:15;vaEfeso. 4:22-24; vaKorose.3:10), kwete kuziviswa chete!chimiro chechivakamutauro chezwi iri chinogona kureva chiitiko chokuzvitira uye chineziendamberi.,sokuti “rambai muchizvishandura” kana kureva kuitirwa sokuti”rambai muchishandurwa.”Ndizvo zvimwechetewo nezwi rokuti”enzana”riri mundima.2a. Fananidzwo naEzekieri.18:31 (kuita nokuzvipira kwevanhu) naEzekieri.36:26-27 (chipo choiuMwari). Zvose zvinodiikanwa!

Chimiro chezwi rimwechetero chokuti “kuitwa” chijnoshandiswa naJesu pakubwinya kwake pagomo9cf.Mateu.17:2), apo zvaiva ari chaizvo zvakararidzwa. Uhwu huMwari chaihwo (cf.2Petirosi.1:3-4) huchaitwa mumutenda woga-woga (cf.2vaKorinde.3:18;vaEfeso.4:13).

- ▣ **“Murangariro wenyu uchivandudzwa”** Uyu mutsara unemabviro echiGiriki okureva hutsva mumaitirwo(*kainos*) kwete hutsva munguva(*chromos*). KuvaJudha kunzwa nokuona aiva mafafitera emweya.Munhu zvaanofunga pamusoro pazvo ndizvo zvinoitika.Mushure mokuponeswa ,nokuda kweMweya womukati,vatendi vava nemaonero matsva(cf.vaEfeso.4:13,23;Tito.3:5). Maonero matsva ebhaibheri epasi rose aya,pamwe nomweya womukati,ndizvo zvinoshandura murangariro nemararamiro emutendi mutsva.vatendi vanoona zvokwadi youpenyu nenzira yakasiyana nevamwenokuti mirangariro yavo inesimba reMweya.Murangariro mutsva wakadzikinurwa ,unotungamirwa neMweya unezvibereko zveamararamiro matsva!Izvi ndizvo zvinovimbiswa nechisungo chitsva(cf.Jeremiya.31:31-34).

**NHAURWA INOKOSHA:VANDUDZA (ANAKAINŌSIS)**

Izwi rechiGiriki irir muzvimiro zvaro zvose(*anakainoō, anakainizō*) rine zvirevo zviviri.

1. “kuita kuti chinhu chive chitsva zvinomusiyano (kureva.,kuva nane)”— vaRoma.12:2;vaKorose.3:10
2. “kuunza shanduka kumamiriro anga agara ari nane”—2vaKorinde.4:16;vaHebheru.6:4-6 (zvakatorwa muduramazwi reChirungu nechiGiriki ravaLouw nava Nida,”*Greek –English Lexicon,vol.1pp157,594*)

VaMoulton navaMilligan,mugwaro ravo rinonzi,mazwi makuru etestamende yechiGiriki ,”*The*

**Vocabulary of the Greek Testament,**”vanoti ,izwi iri rokuti(kureva .,anakkainōsis)hariwanikwi muzvinyorwa zvechiGiriki ,pauro asati avapo.Pauro anogona kunge ari iye akagadzira izwi iri pachake(p.34).

VaFrank Stagg mugwaro ravo rinonzi ,zvidzidzo zvouMwari zvetestamende itsva”**New Testament Theology,**”rinetsoropodzo inofadza zvikuru.

“kumutsiridza nokuunza utsva ndezvaMwari oga.*Anakkainōsis*,izwi rinoreva “kuunza utsva”izwi rinonongedza zita asi rinechirevo chokuita,uye rinoshandiswa mutestamende itsva ,pamwe nemazwi anezvimiro zvechiito,kutsanangura kuenda mberi kwekuunza utsva,semunavaROMA.12:2,’Muchishandurwa nokuvandudzwa kwomurangariro wenyu’na2vaKorinde.4:16,’Munhu wedu womukati anoitwa mutsva zuva nezuva.’vaKorose.3:10 inotsanangura ‘munhu mutsva’ sa’iye anoitwa mutsva kuburikidza nokuziva mufananidzo waiye akamusika.’Saka ‘munhu mutsva,’ ‘hutsva hweupenyu,’ ‘kumutsiridza’ kana ‘kuunza hutsva,’zvisineyi nemanan’anurirwo,zvose zvine chokuita nechito chokutanga uye nokuendamberi kwaMwari semupi nomuchengetedzi weupenyu nokusingaperi”(p.118).

- ▣ **“Muedze muzive kuda kwaMwari”**Uyu mutsara uneshongedzo yezviri kuitika uye zvine zierendamberi.Izwi rokuti (*dokimazō*)rinoshandiswa neshongedzo yechirevo choku”edza nechinangwa chokupembedza.”Tarira nhaurwa inokosha pa.2:18.

Kuda kwaMwari ndekwe kuti vanhu vose vaponeswe kuburikidza naKristu(cf.Johani.6:39-40),nokuzo rarama saKristu (cf.vaRoma.8:28-29; vaGaratiya.4:19; vaEfeso.1:4;4:13,15;5:17-18).simbiso yevaKristu(tarira nhaurwa inokosha pa.5:2)ndeeye

1. Vimbiso yaMwari anovimbika
2. Mweya mutsvene womukati(cf.vaRoma.8:14-16)
3. Hupenyu hwevatendi hwakashanduka uye huri kushanduka(cf.Jakobho. 1Johani)”pasina chibereko,hapana mudzi”(Mateu.13:1-9,19-23)

- ▣ **“Muzive kuda kwaMwari”** Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

## **NHAURWA INOKOSHA : KUDA KWAMWARI(*thelēma*)**

### **VHANGERI RAJOHANI**

- Jesu akauya kuzoita kuda kwaBaba(cf.4:34;5:30;6:38)
- kumutsa pazuva rokupedzisira vose avo vakapiwa Mwanakomana naBaba(cf.6:39)
- kuti vose vatende muMwanakomana(cf.6:29,40)
- kupindura minyengetero inehochekeche nokuita kuda kwaMwari(cf.9:31 na1Johani.5:14)

### **VHANGERI INA DZOKUTANGA MUTESTAMENDE ITSVA**

- Kuita kuda kwaMwari kunokosha(cf.Mateu.7:21)
- Kuita kuda kwaMwari kunokuita mukoma nehanzvadzi naJesu (cf.Mateu.12:50; Mako.3:35)
- Hakusi kuda kwaMwari kuti ani naani aparare(cf.Mateu.18:14;1Timoti.2:4;2Petirosi.3:9)
- Pakuruvhari kwaiva kuda kwababa kunaJesu(cf.Mateu.26:42;Ruka.22:42)

### **TSAMBA DZAPAURO**

- kudzama noshumiri hwevatendi vose(cf.vaRoma.12:1-2)
- vatendi vakadzikinurwa kubva kunguva youipi iyi(cf.vaGaratiya.1:4)
- kuda kwaMwari ndiro zano rake rokudzikinura(cf.vaEfeso.1:5,9,11)
- vatendi vanowana nokurarama upenyu hwakazadzwa neMweya(cf.vaEfeso.5:17-18)
- vatendi vakazadzwa noruzivo rwaMwari(cf.vaKorose.1:9)
- vatendi vakaitwa vatsvene nokuzadziswa(cf.1vaKorose.4:12)
- vatendi vakaitwa vatsvene(cf.vaTesaronika.4:3)
- vatendi vachipa kutenda muzvinhu zvose(cf.1vaTesaronika.5:18)

#### **TSAMBA DZAPETIROSI**

- vatendi vachiita zvakanaka(kureva., kuzvinipisa kuvatungamiri)naizvozvo nokunyaradza mapenzi,vachiita mukana wokuparidza vhangeri(cf.1Petirosi.2:15)
- vatendi vachitambura(cf.1Petirosi.3:17;4:19)
- vatendi vasingarami upenyu hwezindoga(cf.1Petirosi.4:2)

#### **TSAMBA DZAJOHANI**

- vatendi vachiita rugamuchiro nokusingaperi(cf.1Johani.2:17)
- vatendi ndivo shanguriro yeminyengetero yakapindurwa(cf.1Johani.5:14)

- ▣ **“Kwakanaka, kunofadza, kwakakwana”** Izvi zvimiririra kuda kwaMwari kuvatendi mushure moruponeso(cf.vaFiripi.4:4-9).Vavariro yaMwari kumutendi wose ndeye kukura mukuva saKristu izvozvi(cf.Mateu.5:48).
- ▣ **“kwakakwana”** Izwi iri rinoreva “kukura kuva nezvekushandisa zvakakwana kuti upedzise basa rawapihwa,” “kuibva” kana “ kukwana.” hazvirevi kusava nezvivi.”Raishandiswa kureva
  1. Makumbo nemaoko ainge ambotyoka asi ainge arapwa kuiti ahandiswezve
  2. Mambure ainge ambobvaruka ainge asonwa uye ava kubatiswazve hove
  3. Nhiyo dzainge dzakura zvokukwanisa kutengeswa kumusika
  4. Ngarava dzagadzirira kupinda mumvura

#### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):12:3-8**

<sup>3</sup>Nokuti nenyasha dzandakapiwa, ndinoudza mumwe nomumwe ari pakati penyu,kuti arege kuzvifunga kuti mukuru kupfuura paanofanira kufunga napo;asi afunge nokufunga kwakachenjera,mumwe nomumwe nechiyero chokutenda, sezvaakagoverwa naMwari.

<sup>4</sup>Nokuti sezvatine mitezo mizhinji pamuviri mumwe, asi mitezo yose haina basa rimwechete;<sup>5</sup> Saizvozvo isu,tiri vazhinji ,tiri muviri mumwechete munaKristu,mumwe nomumwe ari mutezo wavamwe. <sup>6</sup>Tine zvipo zvakasiyana, patakapiwa nyasha napo; kana kuri kuporofita ,ngatiporofite zvakaenzana nokutenda kwedu;<sup>7</sup> Kana kuri kushumira, ngazvionekwe pakushumira kwedu;kana kuri kudzidzisa ,pakudzidzisa kwedu;<sup>8</sup> Kana kuri kurayira , pakurayira kwedu; anopa, ngaape nomwoyo wose; ari mukuru, ngaabate nokushingaira; anoitira ngonj,ngaaite nomufaro.



**12:3** Ndima 1-2 dzinosimbisa kudikwa kwe”pfungwa itsva.”mundima .3 mune dambanemazwi rakaitwa nezwi rokuti “funga” runokwana runa.Mugwaro re*Zondervan Study Guide Commentary,Romans*,vaBruce Corley navaCurtis Vaughan vanoti:

“kufunga kwakamhamhidzirwa...kufunga chaiko...kufunga kunechinangwa...kufunga kwakapengenuka”(p.138).

Fananidzo iyi inobatsira.

Ndima iyi,semuna 11:13-24,inogona kureva

1. Makakatanwa aiva mukereke yeRoma pakati pevatendi vechiRoma nevechiHedheni.
2. Nyaya yokuti Pauro akanyora tsamba yekuvaRoma ari kunyika yeKorinde ,uko akanga asangana nevatendi vaiva noushwindi nokuzvikudza.

▣ dzakabva kunaMwari ,muchiitiko chakakwana chakare(kureva .,masanga munzira yokuenda kuDhamasiko).Mumanyorerwo akaitwa pano “nyasha “dzine chokuita nechipo cheMweya(cf.15:15;1vaKorinde.3:10;15:10;vaGaratiya.2:9;vaEfeso.3:7-8),kwete chipo chokururama(cf.vaRoma.4).Izvi zvinoreva kutendeuka kwaPauro nokudanwa kwake semupositori kuvaHedheni(cf.Mabasa .9:15;vaRoma.1:1,5;vaGaratiya.1:15-16;2:7-8;vaEfeso.3:1-2,8;1Timoti.2:7;2Timoti.4:17).

▣ “**Ndinoudza mumwe nomumwe ari pakati penyu**”Chenjedo iri pandima.3 ndeye vaKrisu vose,kwete vatungamiri voga.

▣ “**Kuti arege kuzvifunga kuti mukuru**”Tarira nhaurwa inokosha:kushandiswa kwezwi rokuti *huper* nemibanidzwa yaro naPauro pa.1:30.

▣ “**Sezvaakagoverwa naMwari**”Ichi ndicho chirevo chomuiti anoitirwa.Vatendi havasarudzi zvipo zvavo zveMweya(cf..1vaKorinde.7:17;12:11;vaEfeso.4:7).Vanopiwa neMweya pakuponeswa kuitira kuti zvinakire vose(cf.1vaKorinde.12:7).Zvipo zveMweya hazvisi minembo yokugona yokuti munhu azvikudze nayo,asi ndiyo micheka youranda yokuitira kuti mutendi wogqa woga ,agone kushandira muviri waKristu,kereke.

▣ “**Nechiyero chokutenda**”Izvizvinoreva kukwanisa kwemunhu kurarama kwazvo kwazvo muchipo chake cheMweya(cf.ndima.9-12;vaGaratiya.5:22-23).Zvipo ndizvo ushumiri hwaKristu hwakapatsanurirwa kuvateveri vake,apo pfungwa dzaKristu ndidzo zvibereko.Zvose zvinodikwa kuitira ushumiri chaihwo.

**12:4** Iri idimikira rakajairika muzvinyorwa zvaPauro.Mubatirapamwe wemuviri wemunhu ndiwo unotsanangura zvipo mukereke (cf.1vaKorinde.12:12-27; vaEfeso.1:23; 4:4,12,16;5:30; vaKorose.1:18,24;2:19). ChiKristu ndechezibatakose nepauzima!

**12:5 “Isu,tiri vazhinji tiri muviri mumwechete munaKristu”** Ndima iyi inosimbisa kubatana nokusiyana kwevatendi. Aya ndiwo makakatanwa ezvipo zveMweya mukereke. Chikamu chinotaura nezverudo muna1vaKorinde.13, chinotaura nezvemakakatanwa okusiyana kwezvipo zveMweya(cf.1vaKorinde.12 na14).vaKristu havasi kukwikwidzana,asi mumushandira pamwe woushumiri!

**12:6-8** Ndima idzi dzinoumba mutsara umwe mururimi rwechiGiriki nezvirevanguva zviviri asi pasina izwi rechiito. Rinonyanya kushandurudzwa riine ruvanzarira rwenzwi remutauri wetatu., sokuti “ngati shandisei.”

**12:6 “Zvipo...nyasha”** Mazwi okuti”zvipo”(charismata)nerokuti “nyasha” (charis) anobva pazwi rechiGiriki ,rinoreva kuti “kupiwa pachena”tarira chinyorwa pa.3:24.Zvipo zveMweya zvakadonongodzwa muna1vaKorinde.12;vaRoma.12;vaEfeso.4 na1Petirosi.4.Donongodzo nemuronga wazvo hauna kufanana,naizvozvo anofanira kuva nechirevo chakapangama kwete kukwangurudza.Bhaibheri hariudzi vatendi kuti vangazive sei zvipo zvavo zveMweya.Tsanangudzo yakajeka isiri yechiKristu pamusoro penyaya iyi,inowanikwa mumisimboti iri muchinyorwa chavaPaul little chinonzi; Kusimbisa kuda kwaMwari”Affirming the will of God”icho chakatsikiswa nemubatanidzwa wezvikoro zvepamusoro.Mironga mimwecheteyo yekuziva kuda kwaMwari ndiyo inoshanda pakuziva zvipo zveMweya muushumiri.Kwazvo-kwazvo kuziva kuti vatendi vanezvipo kunokosha kupfuura kuziva kuti vakapiwa zvipo sei kana kuti vakanyatso piwa chipo chipi.

▣ **“kana”**Iri ndiro izwi rokuti”eite”(cf.ndima.6,7[kaviri],8),iro rinoshandurudzwa richireva kuti”kana...dai” kana kuti”nyangwe....chero.”hariteverwi nezwi rechiito mundima ino(cf.1vaKorinde.3:22;8:5;2vaKorinde.5:10),asi kazhinji rinoteverwa nechirevo chemunongedzo wezvirikuitika “PRESENT INDICATIVE” (cf.1vaKorinde. 12:26; 2vaKorinde.1:6) uye,naizvozvo ,uyu mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamaonero emunyoru,uyo une fungidziro yokuvapo kwezvipo zveMweya izvi.

▣ **“Kuporofita”**Izvi hazvina chirevo chokuti zviporofita zvetestamende yekare zvaiva shoko reratidzo(kutuswa)yaibva kunaMwari.Mutestamende yekare maporofita ainyora shoko (tuso).Mutestamende itsva, chiito chokutaura zvokwadi yaMwari.Zvinogonawo kusanganira kuudzwa naMweya(cf.Mabasa.11:27-28;21:10-11).Nyaya haisi yezvitsva zviru mushoko asi kutsanangura vhangeri nokuti rinoshanda sei mazuva ano.Izwi iri rinokuzerereka.Rinogona kureva izvo zvinoitwa nevatendi,(1vaKorinde.14:1,39)nechipo cheMweya (cf.1vaKorinde. 12:28;14:29; vaEfeso.4:11). Kuzerereka kumwecheteko kunogona kuonekwa mutsamba dzaPauro kuvaKorinde, idzo dzakanyorwa panguva imwecheteyo (cf.1vaKorinde. 12:10, 12;13:8;14:1,5,29,39).

#### **NHAURWA INOKOSHA: CHIPOROFITA CHEMUTESTAMENDE ITSVA**

- I. Hachina kufanana nechemutestamende yekare(BDB 611),izvo zvinedudziro yezvirevo zvevadzidzisi vechiJudha yekutuswa kweratidzo yakabva kunaMwari “YHWH” (cf.Mabasa.3:18, 21;vaRoma.16:26).Maporofita oga ndiwo ainyora shoko.
  - A. Mosesi aidanwa kuti muporofita(Dhuteronomi.18:15-21).
  - B. Mabhuku enhoroondo (Joshua-Madzimambo[kunze kwaRute])ndivo vakadanwa kuti “aimbova maporofita”(cf.Mabasa.3:24).
  - C. Maporofita anotorera mapirisita makuru basa rokuva tsime rezvinobva kuna Mwari(cf.Isaya-Maraki)
  - D. Mhatsanuro yepiri muzvinyorwa zvechiHebheru ndeye “maporofita” (cf.Mateu.5:17; 22:40; Ruka.16:16; 24:25,27; vaRoma.3:21).
- II. Mutestamende itsva pfungwa iyi inoshandiswa nenzira dzakawanda uye dzakasiyana.
  - A. Kureva maporofita etestamende yekare neshoko ravo rakatuswa (cf.Mateu.2:23;

5:12; 11:13; 13:14; vaRoma.1:2)

- B. Kureva shoko rinoenda kumunhu pazuzima kwete bokorodzi(kureva kuti.,maporofita etestamende yekare aitura neIsiraeri chete)
- C. Kureva vose Johani mubhabhatidzi(cf.Mateu.11:9;14:5;21:26;Ruka.1:76)naJesu sevaparidzi veUshe hwaMwari (cf.Mateu. 13:57; 21:11, 46; Ruka. 4:24; 7:16; 13:33; 24:19). Jesu akatiwo iye mukuru kupfuura maporofita (cf.Mateu. 11:9; 12:41; Ruka.7:26).
- D. Mamwe maporofita mutestamende itsva
  - 1. Upenyu hwaJesu ari mudiki uhwo hwakanyorwa muvhangeri raRuka(kureva ndangariro dzaMariya)
    - a. Erizabheti(cf.Ruka.1:41-42)
    - b. Zekariya(cf.Ruka.1:67-79)
    - c. Simioni(cf.Ruka.2:25-35)
    - d. Ana(cf.Ruka.2:36)
  - 2. Kufembera kwedambe(cf.Kaifasi,Johani.11:51)
- E. Kureva uyo anoparidza vhangeri (donogodzo dzezvipa zvekuparidza munaIvaKorinde. 12:28-29; vaEfeso.4:11)
- F. Kureva chipo chirikuenderera mberi mukereke (cf.Mateu. 23:34; Mabasa.13:1; 15:32;vaRoma.12:6;IvaKorinde.12:10,28-29;13:2;vaEfeso.4:11)nedzimwe nguva izvi zvinogona kureva madzimai(cf.Ruka.2:36;Mabasa.2:17;21:9IvaKorinde.11:4-5).
- G. Kureva gwaro rinotaura nezve magumo reZvakazarurwa (cf.Zvakazarurwa. 1:3;22:7,10,18,19)

### III. Maporofita eTestamende itsva

- A. Haapi sarudzo inetuso nenzira inofanana neyemaporofita etestamende yekare(kureva, shoko). Mutsara uyu unogona kuvapo nokuda kweshandisa kwemuvaravara wokuti”rutendo”(kureva, pfungwa yevhangeri rakapedzeredzwa) inoshandiswa munaMabasa. 6:7;13:8;14:22; vaGaratiya.1:23;3:23;6:10;vaFiripi.1:27;Judhasi.3,20. Maonero aya akajekeswa mumuvaravara unoshandiswa munaJudhasi.3, wokuti”kutenda kwakapiwa vatsvene kamwe.”Muvaravara wokutikutenda”kamwe”unoreva zvokwadi,gwara redzidziso,mazano anobata pasi rose edzidziso yechiKristu.Iyi kumikidzo yekupiwa kamwe ndiyo hwaro hwezvidzidzo zvouMwari zvebhaibheri hwokuganhurira tuso kukunyorwa kwetestamende itsva uye isinga bvumire zvimwewo zvinyorwa kuti zvionekwe sezvine ratidzo.Mutestamende itsva mune zvinhu zvizhinji zvisina kunyatsojeka ,asi vatenda vanosimbisa nokutenda kutizvose zvinodikwa zvokutenda nokuita zvakaiswamo zvakajeka.Pfungwa iyi yakatsanangurwa nenzira inodanwa kuit”gwara reratidzo remakumbo matatu”

- 1. Mwari akazviratidza munhoroondo yemuhasva nenguva (RATIDZO)
- 2. Akasarudza vamwe vanyori kuti vanyore nokutsanangura mabasa ake (TUSO)
- 3. Akapa Mweya wake kuti uvhure ndangariro nemwoyo yevanhu kuti vanzwisise zvinyorwa izvi,kwete zvakaperera,asi zvkaranganira ruponeso nokurarama hupenyu hwechiKristu chaihwo (RUJEKO). Nyaya yezvose izvi ndeyekuti,tuso ndeyevanyori chaivo veshoko.Hakusisina zvimwe zvinyorwa ,manyindingidira kana ratidzo yaMwari.Mvumo yaMwari yokuita izvi yakapera.Tine chokwadi chose chakakwana kuti tive norudaviro chairwo kuna Mwari Chokwadi ichi chinoonekwa mukubvumirana kwevanyori vebhaibheri

maringe nokusabvumirana kwevatendi chaivo,vanouMwari.Hakuna munyori wanhasi anoutungamiri hwouMwari uhwo hwaiva nevananyi veshoko.

- B. Neimwe nzira maporofita etestamende yekare anofanana neetestamende itsva.
  - 1. Kufemba zvichaitika mberi(cf.Pauro,Mabasa.27:22;Agabho,Mabasa.11:27-28;21:10-11;nemamwe maporofita asina kunyorwa nezvawo,Mabasa.20:23)
  - 2. Kuparidza kutongwa(cf.Pauro,Mabasa.13:11;28:25-28)
  - 3. Mabasa makuru anoburitsa chiitiko(cf.Agabho,Mabasa.21:11)
- C. Anoparidza zvokwadi yevhangeri dzimwe nguva nenzira dzekufemba (cf.Mabasa. 11:27-28;20:23;21:10-11),asi ichi handicho chinangwa chaicho.Kuporofita kwakaitwa muna1vaKorinde kwaingoitirwa kuburitsa vhangeri(cf.14:24,39).
- D. Ndidzo nzira dzeMweya dzanhasi dzokuratidza mabasa nezvokwadi yaMwari muzuva , nemamiriro tsika nemagariro kana nguva yaanhasi(cf.1vaKorinde.14:3).
- E. Vaibata zvokwadi mukereke dzokutanga dzaPauro(cf.1vaKorinde.11:4-5; 12:28, 29; 13: 29; 14:1, 3, 4, 5, 6, 22, 24, 29, 31, 32, 37, 39; vaEfeso. 2:20; 3:5; 4:11; 1vaTesaronika.5:20) uye vanotaurwa nezvawo mugwaro rinonzi “*didache*” iro rinoita sokuti rakanyorwa pakati pemakore zana okutanga nemakore mazana maviri okutanga,
- F. mazuva chaiwo arakanyorwa haanyatsozivikanwa)uye munguva yechinamoto chemuporofita Montanu, mumakore mazana maviri nematatu okutanga nechekuchamhembe kweAfrica.

IV. Ko zvipo zveetestamende itsva zvakaopera here?

- A. Mubvunzo uyu wakaoma kupindura.Zvingati batsira kujekesa nyaya iyi kana tikataura nyaya yechinangwa chevipo.Zvakaitirwa kusimbisa kuparidza vhangeri kwokutanga here kana kuti ndidzo nzira dzekereke nguva dzose dzokuzvishumirira pamwe nenyika yakarasika?
- B. Ko munhu angade kutarisa nhoroondo yekereke here kana testamende itsva pachayo kuti apindure mubvunzo uyu?mutestamende itsva hamuna zviratidzo zvokuti zvipo izvi zvaiva zvechinguvana.Avo vanoedza kushandisa 1vaKorinde 13:8-13 kubata nyaya iyi vanoguma vavhiringidza chinangwa chaicho chomuvaravara uyu,uyo unoti zvose zvichaguma kunze kwerudo.
- C. Ndinobatwa nemuedzo wokuti nditi,sezvo testamende itsva,kwete nhoroondo yekereke,ndiyo inesimba vatendi vanofanira kusimbisa kuti zvipo zvinoendera mberi.Zvisineyi,ndinotenda kuti tsika nemagariro zvinechekuita nemhirikiro.Zvimwe zvinorwa zvakajeka hazvichashandisike(kureva.,tsodo tsvene,kupfeka renda kwemadzimai,kusangana mudzimba kwekereke,nezvimwewo).Kana tsika dzichibata zvinorwa ,saka nhoroondo yekereke ingatadza sei?
- D. Uyu ndiwo umwe wemibvunzo isinganyatso pindurike zvakajeka.Vamwe vatendi vanoti”zvakaopera” vamwe vachiti”hazvinakupera.”Panyaya iyi ,sepanedzimwe nyaya dzokupirikira ,mwoyo womutendi ndiwo shanguriro.Testamende itsva haina kwayakarerekera uye inoratidza tsika nemagariro.Dambudziko nderekugona kusarudza zvinorwa zvakaabatwa netsika nemagariro pamwe nenhoroondo pamwe neizvo zvenguva dzose netsika dzose(cf.vaFee navaStuart mugwaro ravo rinonzi,maverengerwo ebhaibheri nezvose zvariri”*How to Read the Bible for All Its Worth,pp14-19 ne69-77*”). Heino nhaurwa yerusununguko nokubatika,iyo inokosha inowanika munavaRoma.14:1-15:13nemuna1vaKorinde.8-10.Nzira yatinopindura nayo mubvunzo inokosha nenzira mbiri.

1. Mutendi woga woga anofanira kufamba mukutenda muchiedza chaainacho.Mwari anotarisa mwoyo nezvinangwa zvedu.
  2. Mutendi wose anofanira kubvumira vamwe kuti vafambe mukiunzwisisa kwekutenda kwavo.Panofanira kuva nokugamuchirana munyaya dzebhaibheri.Mwari anoda kuti tidanane sezvaanoita iye.
- E. Kupedzesa nyaya iyi,chiKristu hupenyu hwekutenda nerudo,kwete zvidzidzo zvouMwari zvakaperera.Hukama naye hunobatawo hukama hwedu nevamwe ndihwo hunokosha kupfuura horokodzwa yakaperera kana zvitendero zvakaperera.

☐ **“Zvakaenzana nokutenda kwake”**Izvi zvinofanana kwazvo kwazvo nendima.3, “mumwe nomumwe nechiyero chokutenda sezvaakagoverwa naMwari” (cf.vaEfeso.4:7). Inofanirawo kuenderana nemhangamo inechekuita nokuti vatendi vanoshandisa sei zvipo zvavo. Izvi zvinoreva mafungira, zvinangwa nokugwinya pakushanda kwavo pazvima muushumiri hwavakapiwa naMwari,hunova chibereko cheMweya chaicho icho chakadonogodzwa munavaGaratiya.5:22-23.

**12:7**

**NASB**

**“Kana kuri kushumira”**

**NKJV,NRSV**

**“Kana kuri kushumira, ngatikushandisei muushumiri hwedu”**

**TEV**

**“Kana kuri kushumira, ngati shumirei.”**

**NJB**

**“Kana huri utariri, saka hushandise kuutariri”**

Shandurudzo itsva dzinosiyana nokuti hapana izwi chairo rechirungu rinoenderana nerechiGiriki rokuti(*diakonia*).Rinogona kureva (1)ushumiri chaihwo(2) utariri (cf.Mabasa. 6:1; 1vaKorinde. 12:5,28). Duramazwi reongororo rechiGiriki rakanyorwa patsva; rakanyorwa navaHarold K Moulton, “*The Analytical Greek Lexicon Revised*” rinoridudza richiti “mushando, ushumiri, kana hofisi munavaRoma. 12:7; 1vaKorinde. 12:5; vaKorose.4:17; 2Timoti.4: 5”(p.92). Manyorerwo ari pano haasi ekubatsira vamwe vatendi.

☐ **“Vadzidzisi....kudzidzisi”** Chipa ichi (*didaskō*) chakadonogodzwa muna1vaKorinde. 12:28 na14:26. Rinehochekeche nemaporofita munaMabasa.13:1 nevaFundisimuna vaEfeso.4:11.Kereke yemazuva okutanga yaiona izvi sevanhu vane zvipo vanoshanda nenzira dzakasiyana-siyana.Kuparidza ,kuprofita,kufundisa,nokudzidzisa zvose zvinosimudzira vhangeri,asi nekumikidzo uye nzira dzakasiyana.

**12:8 “kurayira....pakurayira”** Izwi iri rokuti (*parakaleō*) rinehochekeche nekudzidzisa (cf.1Timoti.4:13). Hunogona kuva ihwo ungaru hwokushandisa chokwadi muupenyu.Zvikadaro zvinobva zvava nehochekeche nezviri munavaEfeso.4:15,16”kutaura chokwadi murudo...muviri uchizvivaka murudo.”

☐ **“Anopa ngaape nomwoyo wose”**Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

**NHAURWA INOKOSHA:MUPAVHURIRE/NEMWOYO WOSE(HAPLOTES)**

Izwi iri rokuti(*haplotes*)raiva nezvirevo zviviri,kuti”mupavhurire” kana kuti”nemwoyo

wose.”Raiva dimikira raiva nechekuita nemanyingidira.

Mutestamende yekare,ziso raishandiswa sedimikira rokureva chinangwa;nenzira mbiri.

1. Ziso rouipi(kuomera,cf.Dhuteronomi.15:9 naZvirevo.23:6;28:22)
2. Ziso rakanaka(mupavhurire,cf.Zvirevo.22:9)

Jesu akatevedzerawo mashandisire aya(cf.Mateu.6:22-23;20:15).Pauro anoshandisa izwi iri nenzira mbiri.

1. “Ujekenyeke,nomwoyo wose, utsvene” (cf.2va Korinde. 1:12; 11:3; vaEfeso.6:5; vaKorose.3:22)
2. “ugovi” (cf.vaRoma12:8;2vaKorinde.8:2;9:11,13)

▣ **“Ari mukuru ngaabate nokushingaira”** Izvi zvinoreva hutungamiri hwechiKristu, vanoshanya kana vemunharaunda.

▣ **“Anoita ngoni, aite nomufaro”** Izvi zvinoreva kubatsira varwere nevanoshaya. Hapafanire kuva nomusiyano pakati pegwara redzidziso nezvinonetsa munharaunda yevatendi.inhivi mbiri dzezukwa rimwe. Hakuna chinonzi “vhangeri rekugarisana” ,vhangeri ivhangeri!

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO YENDIMA.1-8**

Gwara rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwara.Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Chii chiri mukupira muviri wako sechibayiro chipenyu (ndima.1)?
2. Ko mutendi wose anechipo cheMweya here (ndima.3-8;1vaKorinde.12:7) Kana zvakadaro; vanosarudza zvipo zvavanoda here?
3. Ko zvipo zveMweya ndezvechinangwa chei?
4. Ko mubhaibheri munehorokodzwa yezvipo zveMweya here?
5. Ko munhu angaziva sei chipo chake?

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVENDIMA 9-21**

A. Mhatsanuro ino inogona kudanwa kuti”Gwara rokugarisana rechiKristu.”Iyi inhaurirano chaiyo yerudo9cf.Mateu.5-7;1vaKorinde.13 na1Johani.3:18;4:7-21).

B. Chikamu 12 chavaRoma chakafanana ,zviri mukati pamwe nemarongerwo na1vaKorinde.12-13.Uchangobva munhaurirano yezvipo zveMweya kunouya chenjedzo pamusoro pokuzvikudza pamwe kumikidzo pamusoro pokurarama upenyu hwerudo chaihwo.

C. Zvirimuchinyorwa zvinobata nyaya ye

1. Hukama hwedu nemamwe maKristu(cf.12:9-13).Izvi zvinotaurwa zvakadzama muna.14:1-15:13 uye nemuna1vaKorinde.8:11ff;10:23-33
  2. Hukama hwedu nevasingatendi kana avowo vanotenda asi tiine kusanzwisana navo(cf.12:14-21).Mhatsanuro ino inoita sokuti inoratidza mharidzo yaJesu pagomo(cf.Mateu.5-7).
  3. Mhatsanuro yemuvara vara uno inoratidza kuva mutendareva nokuti nyaya idzi dzinopfekana(hukama)
- D. Muvaravara uno wakazara nezvirevo zvezvinodikwa kutizviitike ,zvemirayiro yemararamiro (PRESENT ACTIVE IMPERATIVES, CF.ndima.4 [rutatu], 16,20 [ruviri] 21[ruviri] pamwe nezvirevanguva zvezviitiko izvo zvakashandiswa nenzira yezvinodikwa kagumi nekanomwe). Ruponeso ndicho chipo chokungopihwawo chaMwari kuburikidza nebasa rakapedzwa raKristu pamwe nokukwezva kweMweya,asi kana changogamuchirwa chine ndyeko dzakawanda dzokurarama kwokuzvipira!Kudana Jesu kuti “Ishe” harisi dimikira(cf.Ruka.6:46)!
- E. Muvaravara uyu une zvirevanguva zvinoreva zvirikuitikawo (PRESENT PARTICIPLE) zvakashandiswa nenzira yezvinodikwa (IMPERATIVES) Zviine chirevanguva chokuramba (NEGATIVE PARTICIPLE) Icho chinowanoreva kumiswa kwechiitiko chirikutoitika,ndima14,16 (ruviri), 17,19 na21. MaKristu akanga agara achirarama zvokupfurikidza mwero! Neimwe nzira chivi chinogona kududzwa chichinzi kushandisa chipo chaMwari zvakapfurikidza mwero wake.
- F. ChiKristu chinofanira kuva chaka”zaruka”---ndangariro dzakazaruka,maoko akazaruksa,mwoyo wakazaruka nemusiwo wakazaruka(cf.Jakobho.2).

## DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

### NASB (ZVINYORWA ZVAKVANDUDZWA):12:9-13

<sup>9</sup>Rudo ngarurege kuva nokunyengera.Vengai zvakaipa;namatirai zvakanaka.<sup>10</sup>kana ruri rudo pakati pevatendi, danai norudo rukuru;pakukudzana tungamiriranai.<sup>11</sup>Regai kuva nousimbe pakushingaira; pisai pamweya;batirai ishe; <sup>12</sup>farai patariro; tsungirirai pakutambudzika; rambai muchinyengetera; <sup>13</sup>govanai navatsvene pakushayiwa kwavo;itirai vaeni rudo.

**12:9 “Rudo ngarurege kuva nokunyengera”** Muzvinyorwa zvechiGiriki maiva musina mazwi okubatanidza (*asyndeton*) muchirevo chechinyorwa chino izvo zvaiva zvisna kujairika mururimi rwechiGiriki.Zvinogona kureva chimiro chezvivakamutauro zvechiHebheru izvo zvinoumba mashoko ekurudziro ari munaMateu.5.Chimiso chezvivakamutauro izvi chinokumikidza mutsara mumwe nomumwe sezvokwadi yakazvimirira yoga.

“kunyengera” raiva izwi redambe rokureva “kutaura wakazvidzikatidza.” Rudo harufanire kuva rwedambe kana rwekuedzesera (cf.2vaKorinde. 6:6). Rudo ndiwo maitiro evatendi (cf.Johani.13:34-35; 15:12, 17;1Johani.3:11,18;4:7-21)nokuti ndiwo maitiro aMwari.

▣ **“Vengai zvakaipa”**Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitika chakashandiswa chine shongedzo yezvinodokwairirwa.Vatendi vanofanira kutyamadzwa nokunyangadzwa nezvakaipa(cf.1vaTesaronika.5:21-22).Nguva zhinji tino katyamadzwa nezvibereko zvokuipa kunobata upenyu hwedu.

▣

**NASB,NKJV “Namatirai pane zvakanaka”**  
**NRSV “Batirirai kune zvakanaka”**  
**TEV “Batirirai pane zvakanaka”**  
**NJB “Namatirai kune zvakanaka”**

Ichi ndicho chirevanguva chinoreva kuitirwa (asichakashandiswa nenzira inoreva kuita)chine shongedzo yezvinodokwairirwa---“Namatirai ku”(cf.LXX yaGenesi.2:24;Mabasa.8:29 pamwewo navaFiripi.4:8;1vaTesaronika.5:21-22).Tarira uone kukosha kwekushingaira nekutsungirira!

**12:10**

**NASB “Danai norudo rukuru”**  
**NKJV “Iva netsitsi,kumumwe nomumwe”**  
**NRSV “Danai mumwe nomumwe wenyu”**  
**TEV “Danai samaKristu”**  
**NJB “Danai mumwe nomumwe sehama”**

Iri raiva izwi remubatanidzwa rechiGiriki(*phileo+storge*)rinobatanidza mazwi okuti”rudo rweukama”nerokuti”rudo rwemhuri”uye rinoshandiswa pano chete mutestamende itsva.MaKristu imhuri.Tinorayirwa kuti tidanane(cf.1vaTesaronika.4:9).

Ichi ndicho chivakamutauro choktanga pazvivakamutauro zvakasiyana siyana zvinoreva mabviro ,muiti nechiiito zvakaiswa pokutanga pemitsara yechiGiriki senzira yokuratidza kumikidzo.

▣

**NASB “Pakukudzana tungamirai”**  
**NKJV “Pananai rukudzo”**  
**NRSV “Kwikwidzai mukukudzana”**  
**TEV “Shuvirai kukudzana”**  
**NJB “Ivai norukudzo rukuru kumumwe nomumwe”**

Ichi ndicho chirevanguva chinoreva kuudzwa zvokuita chakashandiswa nenzira yekureva zvinodikwa.Vatendi vanofanira kubata vamwe vavanoshanda navo muchisungo nokukosha kwokuvaisa pamberi kupfuura ivo pachavo.(cf.Efeso.4:2;vaFiripi.2:3).

**12:11**

**NASB “Regai kuva nousimbe pakushingaira”**  
**NKJV “Musingaite usimbe mukushingaira”**  
**NRSV “Musava nousimbe mukushinga”**  
**NJB “Shandirai Ishe musinganeti”**

Rudo rwechokwadi runounza samba guru(cf,vaGaratiya.6:9).

▣



**NASB,NKJV** “Pisai pamweya”  
**NRSV** “Shingai pamweya”  
**TEV** “Nemwoyo wakazara nokuzvipira”  
**NJB** “Nokuzvipira kukuru kwomweya”

Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitika, chakashandiswa nenzira yokureva zvinodokwairirwa. Zvimoreva kwazvo kwazvo kuti “kufashaidza.” Izvi zvinogona kureva mweya womunhu wakamutsiridzwa kana Mweya Mutsvene womukati (RSV,cf.Mabsa.18:25; Zvakazarurwa.3:15-16).

▣ **“Batirai Ishe”** Izvi zvinoreva zvirikuitika zvakashandiswa nenzira yokureva zvinodokwairirwa.Pane kusiyana kwezvinyorwa panyaya iyi.Zvimwe zvinyorwa zvechiGiriki zvekumadokero(MSS D\*<sup>3</sup>,F,naG)zvinonyora kuti”munguva”(kairos)kunze kwekuti”munaShe”(kurios).Kusiyana uku kunokumikidza kubatira Ishe nekereke yake pose panowanika mukana wokudaro(cf.Johani.9:4;vaEfeso.5:16).

Pamwe bishapisha rakavapo nokuda kwokuti izwi rokuti”kurios”harina kunzwiswa kana kuti rakatadza kuverengwa .Chinyorwa chakanaka pane zvose uye chakare cheP<sup>46</sup>,N,A,naB zvine mutsara wokuti”kubatira Ishe.”Gwaro reUBS<sup>4</sup>rinopa mutsara uyu chipimo chokuva wechokwadi (A).

**12:12 “Farai patariro”** Ichi chirevanguva chinoreva zvirikuitika uye chine shongedzo yezvinodokwairirwa. (cf.5:2).

Izwi rokuti “tariro”rainyanyoshandiswa riine hochekeche nekuuya kwepiri(cf.5:2;8:24;15:13;1vaTesaronika.5:8). Haisi tariro yechirevo chezwi rechirungu rinoreva kudokwairira zvakasimba , asi chirevo chetestamende itsva chokureva chiitiko chichaitika zvechekwadi, asi nguva yokuitika isingazivikanwi.Tarira zvinyorwa zvakazara pa.4:18 na.5:2.

▣ **“tsungirirai”** Ichi chirevanguva chinoreva zvirikuitika uye chiine shongedzo yezvinodokwairirwa.Izwi iri rinoreva kuti”kushangazhika,kuita nokuda,kushivirira.”

▣ **“Pakutambudzika”** Semuna.5:3,5 “tariro” yaiva nechekuita nekutambudzika (*thlipsis*).Iyi ndiyo tsika yevateveri vaKristu munyika inouipi (cf.Mateu.5:10-12; Johani.16:1-3;17:14; Mabasa.14:22; vaRoma.5:3-4; 8:17; 2vaKorinde. 4:16-18; 6:3-10; 11:23-30;vaFirpi.1:29; 1vaTesaronika.3:3; 2Timoti.3:12; Jakobho.1:2-4; 1Petirosi.4:12-16).Hatifanire kutsaka kutambura kana kukuramba!Tarira nhaurwa inokosha :kutambudzika pa.5:3.

▣ **“Rambai muchinyengetera”** Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitika uye chine shongedzo yezvinodokwairirwa.Munyengetero inzira yokuratidza kudzikama pamweya uye ndicho chipo chokuratidza kuziva kushangazhika kweruoko rwaMwari munhorondo.Vatendi vanogona kubata Mwari werudo wekudenga.Mwari akasarudza kuzvinangisa paminyengetero yevana vake(cf.Mabasa.1:14;2:42;6:4;vaEfeso.6:18-19;vaKorose.4:2).Izvi zvinoita kuti munyengetero uve chinhu chikuru.Verenga gwaro rinonzi;Mibvunzo mitatu inokosha pamusoro pehondo yepamweya”*Three Crucial Questions About Spiritual Warfare,pp43-44,187-188*”rakanyorwa navaClinton Arnold.

**12:13**

**NASB,NRSV** “Govanai navatsvene”  
**NKJV** “Muchigovana navatsvene”  
**TEV** “Govanai zvamunazvo navamwe vaKristu”  
**NJB** “Govanai navose vatsvene vaMwari”

Izwi rechiGiriki rokuti *koinōneō* rinoreva kuti “kuwadzana na.” Kuna Pauro izwi iri rinoreva zvakawanda. Rinosanganisira kuwadzana muvhangeri pamwe nezvinodiwa panyama (cf. vaGaratiya.6:6). Rinoto shandiswawo kureva kugovana kutambura kwaKristu (cf. vaFiripi.3:8-10; 1Petirosi.4:13) nekwaPauro (cf. vaFiripi.4:14). Kubatana naKristu kunoreva kubatana nevanhu vake panhanho dzose! Tarira nhaurwa inokosha: Vatsvene pa.1:7. Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitika uye chine shongedzo yezvinodokwairirwa (cf. Zvirevo.3:27; vaGaratiya.6:10). Vatendi vachashanda zvakaoma kuti vave nezvakawanada kuti vapewo vamwe, muzita raJesu (cf. 2vaKorinde.8:11-12; vaEfeso.4:28).

### **NHAURWA INOKOSHA: KUWADZANA KOINŌNIA**

Izwi rokuti “kuwadzana” (*koinōnia*) rinoreva kuti

1. Kuva nokuwirirana kwepedo nemunhu
  - a. neMwanakomana (cf. 1Johani.1:6; 1vaKorinde.1:9)
  - b. neMweya (cf. 2vaKorinde.13:13; vaFiripi.2:1)
  - c. naBaba neMwanakomana (cf. 1Johani.1:3)
  - d. nevakoma nehanzvadzi dzechisungo (cf. 1Johani.1:7; Mabasa.2:42; vaGaratiya.2:9; Firimoni.17)
2. kuva nokuwirirana kwepedo nezvinhu kana zvikwata
  - a. nevhangeri (cf. vaFiripi.1:5; Firimoni.6)
  - b. neropa raKristu (cf. 1vaKorinde.10:16)
  - c. kwete nerima (cf. 2vaKorinde.6:14)
  - d. nokutambudzika (cf. vaFiripi.3:10; 4:14; 1Petirosi.4:13)
3. Chipa kana kuita mudeme nemwoyo wose (cf. vaRoma. 12:13; 15:26; 2vaKorinde.8:4; 9:13; vaFiripi.4:15; vaHebheru.13:16)
4. Chipa chaMwari chenyasha kuburikidza naKristu, icho chinodzoreredza kuwadzana kwemunhu naMwari pamwe nevakoma nehanzvadzi dzake

Izwi zvinoreva hukama hwepanyika (munhu nemunhu) uhwo hunounzwa noukana hwemunhu nedenga (munhu nemusiki). Zvinoburitsawo kwazvo kwazvo kudiwa kwekufara nemufaro muvaKristu. Zvirevo zvezmazwi echiito zvinoreva kwazvo kwazvo kutanga nokuenda mberi kwemuitiro uyu (cf. 1:3 [ruviriri], 6, 7). ChiKristu zibatakose!

☐ **“Itirai vaeni rudo”** Ichindicho chirevanguva chinoreva zvirikuitika uye chine shongedzo yezvinodokwairirwa. Zvinoreva kwazvo kwazvo kuti “kuitira vaeni zvakanaka” (Tarira chinyorwa pa.14:19, cf. 1Timoti.3:2; Tito.1:8; vaHebheru.13:2; 1Petirosi.4:9). Ushumiri uhwo hwaikosha chaizvo mukereke yokutanga nokuda kwezvakaipa zvaitwa” munzvimbo dzevashanyi.” Izwi zvaingorevawo kupa pekurara nechekudya kuvafundisi vechiKristu.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):12:14-21**

<sup>14</sup>Ropafadzai vanokutambudzai; ropafadzai, musatuka.<sup>15</sup>Farai navanofara ;chemai navanochema. <sup>16</sup>ivai nomwoyo mumwe pakati penyu. Musatsvaka zvinorumbidzwa,asi mufambidzane navanozvinipisa. Musati pamwoyo yenyu makachenjera. <sup>17</sup>Musatsiva munhu chakaipa kana akuitirai chakaipa. Tsvakai zvakarurama pamberi pavanhu vose. <sup>18</sup>kana zvichibvira, pamunogona napo,ivai norugare navanhu vose. <sup>19</sup>Musatsiva , vadikanwi, asi mudziurire kutsamwa; nokuti kwakanyorwa, kuchinzi,” kutsiva ndokwangu,ini ndicharipira ndizvo zvinoreva Ishe.” <sup>20</sup>Asi kana muvengi wako aziya, umupe kudya; kana afa nenyota ,umupe kunwa; nokuti kana uchiita izvozvo,uchatutira mazimbe omoto pamusoro wake.<sup>21</sup>Usakundwa nezvakaipa,asi kunda zvakaipa nezvakanaka

**12:14 “Ropafadzai vanokutambudzai”** Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitika uye chine shongedzo yezvinodokwairirwa, chakashandiswa ruviri mundima ino. Tinwana izwi rechirungu rinoreva kuti ”chinyorwa cherumbidzo” kubva paizwi irori, ”komborera” (cf.Mateu.5:44;Ruka.6:28;1vaKorinde.4:12;Jakobho.3:9-12;1Petirosi.3:9).MuP<sup>46</sup>(Gwaro reChester Beatty Papyri)nechinyorwa chepiri(B)(Vaticanus),izwi rokuti “iwe” rinosiyiwa zvinozoita kuti mutsara uyu usanganisire kana kuti neimwe nzira unova mutsara unoreva zvakanwanda.Nezve”kutambudzwa” tarira chinyorwa pa.14:9.

☐ **“Musatuka”**Ichi chireva nguva chinoreva zvinofanira kuitwa uye zvinodokwairirwa.zvinechirevo chezvinofanira kusaitwa.Izvi zvinotaura nyaya yokudanira zita raMwari kutsiva mumunyengerero(zvinofanana nezvituko zvomun1vaKorinde.12:3).Izvi hazvirevi kufumura(cf.vaEfeso.4:29;1Petirosi.3:9)

**12:15 “Farai navanofara, chemai navanochema”** Izvi zvirevo zviviri zvinonongedzo zvinofanira kuitika neziendamberi zvinoshandiswa nenzira yokureva zvinodokwairirwa. MaKristu imhuri imwe.Vatendi havasi mumakwikwi, asi vanofanira kudzidzisana murudo rwemhuri. Nokuda kwemanyorerwo endima.14-21, zvinogonawo kureva mashandiro angaitwa nomutendi nevasingatendi, achishandisa tsika nemamiriro ezvinhu semikana yekuparidza shoko.

**12:16**

**NASB,NKJV “Ivai nomwoyo mumwe pakati penyu”**

**NRSV “Garai murunyararo pakati penyu”**

**TEV “Ivai nepfungwa imwe pakati penyu”**

**NJB “Batai munhu mumwe zvakaenzana”**

Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitika uye chine shongedzo yezvinodokwairirwa(cf.15:5;2vaKorinde.13:11;vaFiripi.2:2)Ndima 16 inogona kutariswa maringe nemakakatanwa pakati pe

1. VatendivechiJudha nevechiHedheni mukereke yeRoma(cf.11:13-24)
2. Makakatanwa agara aripo pakati pevanhu vanowana zvakasiyana
3. Zvipa zveMweya izvo zvinosiyana
4. Tsika dzezvizvarwa nesarudzo dzavanhu

☐ **“Musatsvaka zvinorumbidzwa,asi mufambidzane navanozvinipisa”**Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa ,asi paine shongedzo yokumisa zvirikuitika.

Izwi rokuti”vanozvinipisa”rinogona kuva neshongedzo yechirume kana kusava neshongedzo yechirume kana yechikadzi.Kana zvisingarevi chirume kana chikadzi ,saka shandurudzo inofanira kuverengwa ichinzi”gamuchirai mabasa okuzvinipisa”;kana uine shongedzo yechirume ,zvinofanira kuverengwa zvichinzi”mufambidzane nevarombo kana vanozvinipisa.”

☐ **“Musati pamwoyo yenyu makachenjera** “ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitwa chine shongedzo yetsiudzo yezvinodokwairirwa.,iyo inowanzo reva kumiswa kwezviri kuitwa (cf.Zvirevo.3:7;Isaya.5:21;1vaKorinde.10:12;vaGaratiya.6:3).Vatendi havafanire kuzviita vakuru kuna vamwe vavo kana kuzvikudza pamberi pevasingatendi.

**12:17”Musatsiva munhu chakaipa”**Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitika uye chine shongedzo yezvinodokwairirwa pamwe netsiudzo.,iyo inoreva kumiswa kwezviri kuitika.Zviri kunaMwari kunakisa zvinhu,kwete vatendi(cf.Zvirevo.20:22;24:29;Mateu.5:38-48;Ruka.6:27;1vaTesaronika.5:15;1Petirosi.3:9).

☐ **“Tsvakai zvakarurama pamberi pavanhu vose”** Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitwa uye chine shongedzo yezvinodokwairirwa (cf,2vaKorinde.8:21; 1vaTesaronika.5:22 na1Timoti.3:7).Izvi zvinogona kutsigira Zvirevo.3:4,mubhaibheri rechiGiriki rakare”*septuagint*”(LXX). Vatendi vanorarama vakagadzirira kuparidzira vasingatendi. Hatifanire kuita zvinotsamwisa kana kusarudza vasingatendi (cf.1vaKorinde.9:19-23).Chero kuzvipira kwedu kwakadini tinofanira kukuratidza murudo.

**12:18”Kana zvichibvumira,pamunogona napo ivai norugare navanhu vose”**Uyu mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamaonero nemafungiro emunyori.Uchiteverwa muchipimvu chepiri nechirevanguva chinoreva zvirikuitika uye chine shongedzo yezvinodokwairirwa.Iyi haiwanzova sarudzo yemutendi,asi zvivakamutauro zviri kureva kuti izvi zvinowanzogoneka(cf.Mako.9:50;2vaKorinde.13:11;1vaTesaronika.5:13).

**12:19”Musatsiva vadikanwi”**Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitwa chiinetsiudzo uye neshongedzo yezvinodokwairirwa ,iyo inoreva kumiswa kwezviri kuitika.Mwari achazvinakisa nerimwe zuva(cf.Revhitiko.19:18;Dhuteronomi.32:35;vaHebheru.10:30).

☐ **“Nokuti kwakanyorwa kuchinzi”**Izvi zvinoreva zvainge zvichiitirwa,Iyi itsumo yendimi dzakare yokureva shoko rakatuswa.Tsumo iyi yetuso inoenzaniswa nokuti”sezvo Ishe vachiti”(cf.1vaKorinde.14:21 na2vaKorinde.6:17).Izvi zvakatorwa munaDhuteronomi.32:35.

**12:20”Asi kana muvengi wako”**Uyu mutsara unechirevo chezvingangoitika muneremangwana.Vavengi vachavapo!

☐ **“Uchaturira mazimbe omoto pamusoro wake”** Izvi zvinotsigirana nezvir munaZvirevo.25:21-22.Mhando dzokupirikira nedzintoti:

1. Iyi itsumo yechiIjipita yaireva kuti unyoro ndiyo nzira chaiyo yokushandura muvengi kuti ave shamwari.Ichir nzira yechiKristu yokubata nyaya youipi(cf.Mateu.5:44).

2. “mazimbe omoto” mutauriro unoita sokuti unoreva kunyadzisa kwemaitiro anenge aburitswa pachena norudo noruregerero rweatadzirwa(cf.Ambrosiaster,Augustine naJerome).
3. Origen naChrysostom vakati izvi zvinoreva unyoro hwemaKristu uhwo hunoita kuti Mwari atonge avo vasingade kutendeuka ,zvakaomarara(cf.Tsoroprdzo yebhaibheri yava Jerome”*Jerome Biblical Commentary*,vol2,p.326).

Mhando dzatsanangurwa pamusoro ndizvo zvadziri.Nyaya iri mumutsara wepfupiso waPauro mundima.21.

**12:21 “Usakundwa nezvakaipa,asi ukunde zvakaipa nezvakanaka”**Uyu mutsara uneshongedzo mbiri ,inoreva zvirikuitirwa neinoreva zvirikudokwairirwa kuti zviitike.Zvatinoita kana tatadzirwa ndizvo zvinopa rutemo nokuratidza nhanho yorunyararo nomufaro muhana dzedu.Kuva norunya kwakafanana nechirwere chenhuta mumweya womunhu.Vatendi vanofanira kurupa kunaMwari.

▣ **“Zvakaipa”** Izwi iri rinogona kuva nechirevo chechirume,naizvozvo rinobva rareva iye wakaipa (Tarira nhaurwa inokosha pa.16:20), kana kuti rinogona kusava nechirevo chechirume kana chechikadzi, ipapo rinobva rareva kungoipa ipawo hako(cf.12:9; vaTesaronika.5:21-22). Uku kureva zvakaanda kunowanzowanikwa mutestamende itsva (cf.Mateu. 5:37; 6:13; 13:19, 28;Johani.17:15;2 vaTesaronika.3:3;1Johani.2:13-14; 3:12; 5:18-19).

Zvinofanira kurangarirwa kuti chinangwa chemafungiro nemaitiro matsva aya,kuparidza vhangeri!

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO YENDIMA.9-21**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro.Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei paine zvevo zvezvinodokwairirwa kuti zviitike zvine tsiudzo zvakaanda mundima.9-21?
2. Denengudza murayiro umwe neumwe .Idenengudzo inoshamisa yemararamiro chaiwo echiKristu!
3. Sei zvakaoma kuona ndima dzinoreva kubata kunofanirwa kuitana maKristu uko kunopa chiedza chemabatiro avanoita avo vasingatendi?

# VAROMA 13

<b>GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO</b>				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kuteerera Mitemo	Kuzviis Pasi pehurumende	MuKristu ne hururmende	Zvokuitira vemasimba ehurumende	Kuzviisa pasi pevamasimba
13:1-7	13:1-7	13:1-7	13:1-5  13:6-7	13:1-7
Kudanana	Ida wokwako	Rudo runozadzisa murayiro	Zvokuitirana	Rudo nehondo
13:8-10	13:8-10	13:8-10	13:8-10	13:8-10
Kusvika kwezuva raKristu	Kuiswa PanaKristu	Zvokwadi Yokuuya KwaKristu		Vana Vechiedza
13:11-14	13:11-14	13:11-14	13:11-13  13:14	13:11-14

## **MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)**

### *ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA*

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo.Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyoru,Ndiyozve hwaro hwepupirikira.Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

### **RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWENDIMA.1-7**

- A. Sezvo chikamu 12 chakabata nyaya yeruwadzano rwemaKristu nevamwe vatendi(ndima.9-13)nevamwewo muruwa(ndima.14-21),chikamu.13:1-7 chinobata kwazvo kwazvo nyaya yehurumende yepanyika.Zvisineyi,hapana musiyano panyaya idzi.Pauro aizviona sechinhu chimwe.Hapana wepaMweya newepanyika.Hupenyu hwose ndehwaMwari.Vatendi vatariri pazvinhu zvose!Hochekeche yezvikamu zviriri izvi inogona kuonekwa muchikamu.12:18.
- B. Kunzwisisa kwevatendi pamusoro pehurumende yepanyika kunosiyana-siyana.Mutestamende yekare ,hurumende inotanga kuonekwa muzvizvarwa zvaKaini (cf.Genesi.4:16-22). Rusvingo rweBhabheri(cf.Genesi.11)rune hochekeche nekuedza kuzvitonga kwavanhu vasina Mwari.Humambo muIsiraeri hwaifanira kureva hutongo hwaMwari nomurayiro uye kuburikidza nomugadzwa wake(Mambo),asi izvi hazvina kubudirira nokuda kwezvivi zvavanhu .Nhaurwa yaJesu pamusoro pehurumende munaMateu.22:21 naMako.12:17, inokosha .Zvinoshamisa kuti Pauro haataure nezvemazwi aJesu panyaya iyi (nyangwe zvazvo ndima.1-7 na11 dzinoita sokuti dzinofanana naMateu.22:15-22 na39). Hurumende munyika inouipi inebasa guru raMwari.Kazhinji vapositori vainetseka nokuti vangashande sei nevakuru,vose venyika nevezvinamoto.Rinova basa rakanaka kana rakaipa maereranao nemaitiro ehutongi hwevanhu. Pauro akadzivirirwa pamwe nokushungurudzwa nehurumende.Zvisineyi, Johani, munaZvakazarurwa, anotaura nezvehurumende sechifeve chikuru(cf.Zvakazarurwa.17)!
- Tinofanira kutsigira hurumende kana chete isinga kanganise murangariro wedu paMweya kana kutsvaka kuti tizviite zvirayiro kwairi.Kutonga kwakanarongeka kunodiwa uye hakufanani nebongozozo(cf.2vaTearonika.2:6-7)
- C. Nyaya imwecheteyo inotaurwa wo munaTito.3:1 na1Petirosi.2:13-17.
- D. Chitendero chechiJudha chaiva pamutemo panguva yehurumende yevaRoma yemakore zana okutanga.ChiKristu chaonekwa semhanzu yechiJudha kwemakore

akawanda(cf.Mabasa.18:12-16).Izvi zvakaita kuti vafambisi veshoko venguva iyi vadzivirirwe nomutemo.Chimwe chezvinangwa zvaMabasa chaiva chokuratidza kuti chiKristu chaisava dambudzika kuRoma panyaya yezvematongerwo enyika.Roma ndiyo yaipa kugadzana norunyararo pasi rose(*pax Romana*)kwaiita kuti shoko riparidzike(cf.1Timoti.2:1-2).

- E. Muvaravara uno wakazara nenyaya dzezvasangana naPauro pauzima mukushandidzana kwake nvatungamiri.Zvinigonekawo kuti chipimvu chino chakaiswa nokuda
1. Makakatanwa aiva mukereke yeRoma ayo aiva nechekuita nemirawo yehurumende (kureva, kudzivisa kupira kwevaJudha). Izvi zvinogona kuva zvakaita kuti vatendi vechiajudha vabude muguta (sevana, Akwira naPirisira, cf.Mabasa. 18:2). Vatungamiri vevatendi vechiJudha vasisipo, vechiHedheni vakakura kwazvo.
  2. Makakatanwa muRoma ayo ainge akonzerwa nokuparidzwa kwevhangeri munzvimbo dzaigara vaJudha vakawanda.Munyori wenhorooondo ,vaSuetonius ,mugwaro ravo rinonzi upenyu hwaClaudius "*Life of Claudius*25.2,"vanoti ,Mutongi wenyika akadzanga vaJudha muguta mugore raA.D.49 nokuda kwekusagadzana kwaikonzerwa naKristu;apa pakashandiswa izwi rerurimi rwe"*Latin*"rokuti"Chrestus" iro ringangova raireva kuti Kristu(christos).

## DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

### **NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):13:1-7**

**<sup>1</sup>Munhu mumwe nomumwe ngaazviise pasi pamasimba makuru;nokuti hakuna simba risina kubva kunaMwari;iwo aripo akaiswapo naMwari.<sup>2</sup>Saka anoramba simba ,anodzivisa zvakaiswapo naMwari;zvino ivo vanodzivisa vanozvitorera mhosva.<sup>3</sup>Nokuti vabati havatyisi anobata basa rakanaka,asi rakaipa.Unoda kusatya simba here?Ita zvakanaka,ugorumbidzwa naro;<sup>4</sup>nokuti ndiye mushumiri waMwari kwauri,kuti akuitire zvakanaka.Asi kana uchiita zvakaipa,chitya;nokuti iye haabati munondo pasina;nokuti ndiye mushumiri waMwari,mutsivi wokutsamwakunoanoita zvakaipa.<sup>5</sup>Naizvozvo munofanira kuzviisa pasi pavo,musingadaro hnokuda kwokutsamwa bedzi,asi nokuda kwehanawo.<sup>6</sup>Nokuti nemhaka iyo munoripawo mutero;nokuti navowo varanda vaMwari,vanoramba vachingobatira chinhu icho.<sup>7</sup>Ripirai vose zvavanofanira kuripirwa,mutero kuna vanofanira kutererwa;kutya kuna vanofanira kutyiwa;kukudza kuna vanofanira kukudzwa.**

**13:1 "Munhu mumwe nomumwe ngaazviise pasi"(1)**izvi zvinoreva zvirikudokwairirwa kuitirwa,"ngaarambe ari pasi" kana(2)zvirikudokwairirwa kuitwa,"zviise pasi"(cf.Tito.3:1;1Petirosi.2:13)."kuteerea"raiva izwi rechiuto raireva kupihwa kwemurawo.Pauro arikutaura navatendi vose.Pauro anoti vatendi vanofanira kuteererana mumwe nomumwe (cf.vaEfeso.5:21).

Mazuva ano kuteerera ;kunoita sechinhu chakaipa.Izwi,rinoreva zvose kuzvininipisa nokunzwisisa nyika yaMwari zvakadzama pamwe nepatimire mairi. Jesu anonzi aiteerer (1)vabereki vake venyama (cf.Ruka.2:51) na(2) Baba vake vokudenga (cf.1vaKorinde.15:28). Ndiye muenzaniso wedu panyaya iyi!Tarira nhaurwa inokosha :Ruteerero pa.10:3.



☐ **“Pamasimba makuru”**Nyangwe zvazvo Pauro akashandisa izwi iri rokuti(*exousia*)nedzimwe nzira kureva masimba engirozi,kazhinji dzemadhimoni(cf.8:38;vaKorose.1:16;2:10,15;vaEfeso.1:21;3:10;6:12),pano manyorerwo anoreva “masimba makuru epanyika” (cf.1vaKorinde. 2:6,8; Tito.3:1; 1Petirosi.2:13). Bhaibheri rinoita sokutirinoreva kuti pane masimba engirozi pahurumende dzavanhu(Dhanieri.10 neLXX yaDhuteronomi.32:8,”Wokudenga-denga nguva yaakapa ndudzi nhaka yadzo,wakatema miganhu yendudzi achirangarira kuwanda kwengirozi dzaMwari.”Tarira gwaro ravaOscar Cullman ,rinonzi;Kristu nenguva “*Christ and Time*” pamwe neravaHendrickus Berkhof,rinonzi; Kristu nemasimba “*Christ and the Powers*”) Asi chero zvakadaro hurumende dzinoshanda dziri pasi paMwari (cf.ndima.1b, 4a,na6). Tarira nhaurwa inokosha inotevera .

### **NHAURWA INOKOSHA :MASIMBA(EXOUSIA)**

Zvinodakadza kuona mashamdisirwe anoitwa izwi rokuti(*exousia*)naRuka(masimba ,simba kana simba romutemo).

1. Muna.4:6,Satani anoti anogona kupa Jesu masimba.
2. Muna.4:32,36,vaJudha vanoshamiswa nokudzidzisa kwaJesu achishandisa masimba ake.
3. Muna.9:1,anopa simba nemasimba ake kuvapositori vake
4. Muna.10:19,akapa masimba ake kuvatumwa makumi manomwe.
5. Muna.20:2,8,mubvunzo mukuru wemasimba aJesu unobvunzwa.
6. Muna.22:53.Zvakaipa zvapihwa masimba okutonga nokuuraya Jesu

Nyangwe zvisimo munaRuka,nhanganyaya yaMateu.youtumwa ukuru ,inoti;”Ndakapihwa samba rose kudenga napanyika,”uyu mutsara unofadza zvikuru(Mateu.28:18).

Mhinduro yaJesu kumubvunzo wavo yaigona kuva yokuti

1. Mashoko akataurwa naMwari pa
  - a. Kubhabhatidzwa kwake(Ruka.3:21-22)
  - b. Kubwinya kwake pagomo(Ruka.9:35)
2. Chiporofita chetestamende yekare chakazadziwa
  - a. Dzinza raJudha(cf.Genesi.49:10)
  - b. Mhuri yaJese(cf.2Samueri.7)
  - c. Kuzvarwa muBheterehema(cf.Mika.5:2)
  - d. Kuzvarwa muutongo hwechina hweRoma kwaDhanieri
  - e. Akabatsira varombo,mapofu,nevanoshaya(Isaya)
3. Kudzinga kwaaita mweya yetsvina kwakaraidza samba nemasimba ake pamusoro paSatani noutongo hwake.
4. Kumutsa kwake vakafa kwakaraidza samba rake pamusoro poupenyu hwepanyama norufu.
5. Mashura ake ose anoburitsa simba nemasimba ake pamusoro pezvechinguvana zvemuhhasva,nezvepanyama.
  - a. Chisikirwe
  - b. Kupa zvokudya
  - c. Kuporesa
  - d. Kufembera
  - e. Kubata hove

## **NHAURWA INOKOSHA:HURUMENDE YEVANHU**

### **1. NHANGANYAYA**

**A.** Zvazvinoreva—Hurumende hurongwa hwevanhu hwokuita nokuwana zvavanoda(semuna.,Genesi.4 na11).Vanhu zvisikwa zvomugarisanwa(chero apo kutadza kwakanga kusati kwaitika(cf.Genesi.2:18).Mhuri,madzinza,ndudzi ndidzo dzinotipa maruwa.

**B.** Chinangwa—Mwari akaita kuti kurongeka kutambirike pane kusagadzikana.

1. Kuitwa kwemurayiro naMosesi,kunyanya mitemo ine gumi ndiyo kuda kwaMwari kuvanhu mukugarisana.Ino nengaidza kunamata noupenyu

2. Hakuna chimiro kana murongerwo weHurumende wakakurudzirwa mushoko,nyangwe zvazvo hutongo hwaMwari hweIsiraeri hwakare ndihwo chimiro chedenga chinotarisirwa. Hutongo hwegutsa ruzhinji kana hwe avo vanoremekedza chouviru,hakuna hune zvokwadi yemubhaibheri.MaKristu vanofanira kuita zvakanaka kuhurumende yose yava chava pasi payo.Chinangwa chemuKristu ndechekuparidza shoko noushumiri,kwete chimurenga.Hurumende dzose dzinouya dzichienda!

**C.** Mabviro ehurumende dzavanhu

1. Sangano reKaturike rinoti hurumende yevanhu chidokwairirwa chagara chingoripo,chero kutdza apo kwakanga kusati kwavapo.Aya mafungiro akatangwa nava Aristotle.Anoti,"munhu chiskwa chinoita zvevatongerwo enyika"nematauriro aya aireva kuti hurumende"inoitirwa kusimudzira hupenyu hwevanhu."

2. Avo vezvitendero zvaipikisana nesangano rekaturike,kunyanya vaMartin Luther,vakati hurumende yevanhu inerukonye routadzi.Anoidana kuti"hutongo hwekuruboshwe kwaMwari."Vakati"nzira yaMwari yokufudza vatadzi ndiko kuvaisira vafudzi vakaipa."

3. VaKarl Marx vakati hurumende inzira inoita kuti vanhu vashoma vagone kufudza ruzhinji .Kwavari ,hurumende nezvitendero zvinoita basa rimwechete.

### **2. ZVEMUBHAIBHERI**

**A.** Testamende yekare

1. Isiraeri ndiyo munyereketete uchashandiswa kudenga.MuIsiraeri yakare "YHWH" Jehovha ndiye aiva mambo.Izwi rechirungu rokuti (theocracy)ndiro rinoreva hutongo hwaMwari chaihwo (cf.1Samueri.8:4-9).

2. Hutongo hwaMwari muhurumende yevanhu hunoonekwa mukugadza kwake

a. Madzimambo,Dhanieri.2:21;4:17.24-25

b. Hutongo hwevaMesiasi,Dhanieri.2:44-45

c. Nebhukadhinezari(mushure mokuenda muudzingwa kuBhabhironi), Jeremiya.27:6; Dhanieri.5:28

d. Koreshi wepiri (Perisia), 2Makoronike. 36:22; Ezira.1:1; Isaya.44:28;45:1

3. Vanhu vaMwari vanofanira kuteerera nokuremekedza hurumende dzeavo vanovarwisa nokuvadzvanyirira:

a. Dhanieri.1-4, Nebhukadhinezari (mushure mokuenda muudzingwa kuBhabhironi)

b. Dhanieri.5. Bhesazari (mushure mokuenda muudzingwa kuBhabhironi)

- c. Dhanieri.6. Dhariusi (Perisia)
- d. Ezira naNehemiya (Perisia)
- 4. Dzinza raJudha rakadzoredzwa raizofanira kuzonyengeterera Koreshi neutongo hwezvizvarwa zvake
  - a. Ezira.6:10;7:23
  - b. vaJudha vaifanira kunyengeterera vatongi vepanyika,Mishnak,Avot.3:2

B. Testamende itsva

- 1. Jesu akaratidza kuremekedza hurumende dzevanhu
  - a. Mateu.17:24-27;akabhadhara mutero wemutembere(vatungamiri vezvitendero nevehurumende vainge vachifanira kufanana,cf.1Petirosi.2:17)
  - b. Mateu.22:15-22;Mako.12:13-17;Ruka.20:20-26,akakurudzira mutero wevaRoma uye nemasimba okutonga avo
  - c. Johani.19:11,Mwari akabvumira masimba okutonga epanyika
- 2. Mazwi aPauro aireva hurumende dzevanhu
  - a. vaRoma.13:1-5,vatendi vanofanira kuzviisa pasi pehurumende dzepanyika nokuti dzakaiswa naMwari
  - b. vaRoma.13:6-7,vatendi vanofanira kuripa mitero nokukudza vamasimba makuru
  - c. 1Timoti.2:1-3,vatendi vanofanira kunamatira vehurumende
  - d. Tito.3:1,vatendi vanofanira kuzviisa pasi pehurumende
- 3. Mazwi aPetirosi aireva hurumende dzavanhu.
  - a. Mabasa.4:1-31;5:29,Petirosi naJohani pamberi pedare(uyu ndiwo muenzaniso wokutanga wemubhaibheri wokuramba zvinodiwa nehurumende dzepanyika)
  - b. 1Petirosi.2:13-17,vatendi vanofanira kuzviisa pasi pehurumende kuitira kugara zvakanaka kwevanhu pamwe nokufambisa vhangeri.
- 4. Mazwi aJohani aireva hurumende dzavanhu
  - a. Zvakazarurwa 17,Bhabhironi yose inomirira kuvapo kwehurongwa hurumende yevanhu nokushanda pasina Mwari
  - b. Zvakazarurwa.18,Bhabhironi yose inoparadzwa

3. MHETO

- I. Hurumende dzevanhu(munyika yakatadza)dzinogadzwa naMwari.Iyi haisiri “kodzero tsvene yemadzimambo,”asi basa dzvene rehurumende.Hapana maitiro anonzi ndiwo akanaka kupfuura mamwe.
- II. Ibaso rounamati hwevatendi rokuteerera nokunyengeterera hurumende dzavanhu.
- III. Chinhu chakanaka kuti vatendi vatsigire hurumende dzavanhu nemutero nomwoyo unomufaro.
- IV. Hurumende dzakaitirwa kugadzikana mukugarisana.Dzinomira sevaranda vaMwari pabasa iri.
- V. Hurumende dzavanhu hadzingaite zvose.Simba radzo rine muganhu.Vatendi vakafanira kuramba hurumende idzi kana dzopfurikidza mwero webasa radzo.Sezvinotaurwa naAugustine mugwaro rake rinonzi;Gura raMwari “*The City of God*,”tiri vagara venyika mbiri,imwe yechinguvana neimwe isingaperi(cf.vaFiripi.3:20).Tine basa rokuita munyika dzose dziri mbiri,asi youtongo hwaMwari ndiyo chaiyo!rudaviro rwehu kunaMwari nderwe pazizama nezibatakose.

VI.	Tinofanira kukurudzira vatendi avo vari muurongwa hwexzvematomongerwo enyika egutsaruzhinji kuti vabatikane mukushanda kwehurumende pamwe nokuti,kana zvichigoneka,vadzidzise shoko raMwari
VII.	Shanduko chaiyo inofanira kubva kwemunhu pazuma.Hapana tariro yakaperera yemagumo pahurumende.Hurumende dzose dzavanhu,cheru dzakaitwauye dzichishandiswa naMwari,ndidzo chiratidzo chokuva nezvivi nokuda kurongeka pasina Mwari kwevanhu.Pfungwa iyi inoburitswa mukushandiswa kwezwi rokuti”nyika “ naJohani(kureva.,1Johani.2:15-17).



**NASB** “Two aripo akaiswapo naMwari”

**NKJV** “Aripo akaiswa naMwari”

**NRSV** “Akaumbwa naMwari”

**TEV** “Two akaiswapo naMwari”

**NJB** “Akaiswa naMwari”

Uyu mutsara uneshongedzo yechirevanguva chechivakamutauro chokureva kuti Mwari ndiye muiti. (cf.Johani.19:11;Dhanieri.2:21;4:17). Izvi hazvirvi “kodzero tsvene yemadzimambo,” asi kugadzano tsvene inodiwa naMwari.Izvi hazvirevi kuketwa kwemhando imwe yehurumende.Kugadzikana kwakanaka pane bongozozo(cf.ndima.6)

**13:2”Anoramba samba”**Ichi ndicho chirevanguva chokureva zvirikuitwa,kureva kuramba hurongwa huripo;kureva kwazvo kwazvo,”kuzvisanangurira kupikisa” (cf.Mabasa. 18:6; Jakobho. 5:6). Muna Mako.12:17,Jesu anodonongodza muhasva wehurumende nekereke.MunaMabasa.5:25-32 tinoona zvinoitika kana vemasimba vadarikidza mwero wavo.

☐ **“Anodzivisa...vanodzivisa”**Izvi zvinoreva zvirikuitwa uye nechirevanguva chezvirikuitika.chinotaura upanduki huri kutoitwa.Mwari akaisa kurongeka munyika yakatadza(cf.ndima.4,6).Kudzivisa kurongeka ndiko kudzivisa Mwari,kunze kwekunge vatungamiri vakadarikidza mwero wawakapiwa naMwari.Nyaya chaiyo yeMweya ndeyekuzviisa pasi pevatongi.Vatadzi vanoda kuzvitonga!

☐ **“Vanozvitorera mhosva”**Bhaibheri reKJV rinoshandurudza izwi irir richit”kurangwa nokusingaperi”Izwi iri rakavirika chirevo charo mururimi rwechirungu kubva mugore raAD 1611.Bhaibheri reNKJV rinorishandurudza richiti”kutongwa.”Kwazvo kwazvo izvi zvinogona kureva (1)kutonga kwaMwari kana(2)kuranga kwepanyika(cf.ndima.4).Vanhu ava vanoziunzira kutongwa nokuda kwepfungwa nemaitiro okupikisa masimba(cf.Johani.3:17-21).

**13:3** Tarira zvakaturwa muna1Petirosi.2:14,izvo zvinofambirana neizvi.

☐ **“Vabati”** Tarira nhaurwa inokosha :*Arche* pa8:38.

☐ **“Masimba”** Tarira nhaurwa inokosha pa.13:1.

**13:4**”Nokuti ndiye mushumiri waMwari kwauri”Vabati vehurumende vanodzora vatadzi asi mutendi anozvidzora (cf.cf.12:17-19).Martin Luther anoti”nzira yaMwari yokudzora muipi ndeyokumupa mufudzi akaipa.”

▣ “kana” Uyu mutsara unoreva chiitiko chemuneremangwana .

▣

**NASB** “Haabati munondo pasina”

**NKJV** “Iye haabatiri munondo pasina”

**NRSV** “Nokuti masimba haabati munondo pasina”

**TEV** “Simba ravo rokuranga nderechokwadi”

**NJB** “Hazvina kuitirwa pasina kuti mufananidzo wemasimba ndiwo munondo”

Izwi rokuti “munondo”(machaira) rinoreva munondo mudiki wevaRoma uyo waishandiswa kune avo vainge vatongerwa rufu(cf.Mabasa .12:2;vaRoma.8:35).Muvaravara uyu pamwe naMbas .25:11 ndizvo zvinopa hwaro hwemutongo werufu mutestamende itsva,ukuwo Genesi.9:6 ndiyo inonyatso donongodza maonero emutestamende yekare pamusoro penyaya iyi.kutya ndikowo chimwe chezvinhu zvinodzora bongozozo!

▣ “Nokuti ndiye mushumiri waMwari, mutsviri wokutsamwa” Izwi rinoreva mutsviri nderokuti (*ekdikos*) iro rinoshandiswa kakawanda mutestamendeyekare. Rinotoshandiswawo pokutanga paRevhitiko.19:18. Mutestamende yekare kana munhu akauraya mumwe, chero netsaona mhuri yake yaiva nemvumo yokutsivira (rutsivo rweropa). Pauro anoita sokuti anofananidza tsika yekare iyi nemasimba ehurumende.

Muna1vaTesaronika. 4:6 Mwari anonzi ndiye mutsviri, izvo zvinoteverana nezvirimunava ROMA.12:19. Zvose izvi zvinoreva zviri munaDhuteronomi.32:35(cf.vaHebheru.10:30).

**13:5**”Naizvozvo munofanira kuzviisa pasi pavo”Pane zvinangwa zviviri zvakadonongodzwa pano(1)kuzvenga kurangwa,naMwari kana nehurumende pamwene(2)kuda kwehana yevatendi.

▣ “kuitirawo hana” Mutestamende yekare hamuna izwi rinoenderana neiri rechiGiriki rokuti”hana”kunze kwerechiHebheru rokuti”chipfuva”iro rinoreva kuti kuva nedzikitsiki rezvauri pamwe nezvinangwa .Pamabviro aro izwi rokuti hana raireva utetsa ushanu.Rakazoshandiswa kureva mumwoyo(vaRoma.2:15).Pauro anorishandisa ruviri mukutongwa kwake munMabasa.(semuna .,23:1 na24:16).Izvi zvinoreva kuti ,pamaziviro ake haana basa raMwari raakanga arega kuita maune(cf.1vaKorinde.4:4).

Hana ndiyo vandudzo yekunzwisisa kwevatendi pakuita nezvinangwa zvavo iyo inobva pa

1. Maonero enyika anegwara rebhaibheri
2. Mweya womukati
3. Ruzivo rwemararamiro eshoko raMwari

Izvi zvinogoneswa nokugamuchira shoko pazvima.

**13:6** “Nokuti nemhaka iyo munoripawo mutero” Uyu mutsara unoreva zvirikuitwa, nyangwe zvazvo uchigona kuva nechirevo chezvinodokwairirwa kuti zviitwe(cf.JB). Uyu ndiwo umwe wemifananidzo yebasa romuKristu kuhurumende,kwazvo-kwazvo nokuti vakuru vehurumende navo varanda vaMwari(cf.ndima.1-2).

<b>13:7</b>	
<b>NASB</b>	<b>“Ripirai vose zvavanofanira kuripirwa:mitero...; muripo womurao...; kutya...; kukudza”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Naizvozvo ripirai vose zvavanofanira kuripirwa; mitero...; muripo murao...; kutya...; kukudza”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Ripai kunavose zvamunofanira kuvaripa---mitero...; muripo womurao...; ruremekedzo...; kukudza”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Zvino ripai zvamunova kwereta; varipirei mitero yenyu neyevamunazvo, uye muratidze vose rukudzo noruremekedzo”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Muripire mushandi wose wehurumende zvaakafanira kuripirwa — chero ingava mitero chaiyo kana yeimwe nzira, muvatye nokuvakudza”</b>

Izvi zvinogona kureva zvikwata zviviri zvehurumende(cf.RSV),Asi pamwe zvinoreva kuti maKristu anofanira kuripira zvose mitero nerukudzo kuvakuru vehurumende nokuti vanoshanda sevashumiri vaMwari(cf.ndima.1,4[ruviri],6;Mateu.22:15-22).

Mazwi maviri okuti”mutero” na”muripo wemurao” anoshandiswa zvakafanana(nyangwe zvazvo bhaibheri reTEV richisiyanisa).Kana akaongororwa chirevo chawo(chirevo chawo chemabviro),rokutanga rinoreva mutero unoripwa nenyika yakapambwa(cf.Ruka.20:22)repir rinoreva mutero wepauzima(cf.Mateu.17:25;22:17,19).

#### **RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWAVAROMA.13:8-14**

- A. Zvinogoneka kunzwisisa ndima.1-7 sechirevo chechidzidzo chakazvimirira.Zvisineyi nyaya yoku”:kwereta”iri mundima .7 inoita sokuti inoendeserwa mberi neimwe nzira mundima.8.Vatendi vane zvavanosungirwa kuitira hurumende;vatendi vane zvavanosungirwa kuitirawo vamwe vanhu.
- B. Ndima.8-10 dzinoita pfungwa imwe yakabatana,sezvinoita ndima.11-14.dzinoendesera mberi nhaurwa inobva kuchikamu.12 yemurandu wevaKristu wokuratidza rudo kuna vamwe.
- C. Mashandisirwo anoitwa gumi remitemo remutestamende yekare na Pauro senzira yokupa gwara rounhu kuvatendi vechisungo chitsva,anoratidza kukosha kwetestamende yekare panyaya yokurarama zvinouMwari(kuoitwa vatsvene),kwete ruponeso(kururamiswa,cf.vaGaratiya.3).Zvinoratidza kuti Pauro akabatanidza zvinhu zvakabva kwakasiyana-siyana kuti avake gwara rake rokuzvibata;
  1. Mashoko aJesu
  2. Gwara reMweya
  3. Testamende yekare
  4. Dzidziso yevadzidzisi vechiJudha
  5. Ruzivo rwake rwevadzamisira vendangariro vechiGiriki(kunyanya Stoics)
 Izvi zvaipa “murayiro werudo”—rudo rwaMwari k8uvanhu,kushuira Mwari,kushumira vanhu!
- D. Ndima 11-14 dzinedzidziso yemagumo.Muenzaniso wechiedza nerima wairatidza dzidziso yechiJudha,kusanganisira zvinyorwa zveDSS.Zvinowanikwawo

muzvinyorwa zvaJohani naPauro.Makakatanwa echiKristu pakati pe”Zvakatoitwa “maringe ne”Zvisati zvaitwa”ndiwo anosvusvudza kurarama kunouMwari.”Nguva itsva”(utongo hwaMari hwadzikwa uye huchamunyungidzwa munguva shoma inotevera.Muvaravara uyu unofanana zvikuru na1vaTesaronika.5:1-11.

- E. Ndima.13-14 dzkashandura upenyu hwaAugustine muzhizha megore raA.D.386.Anoti mukupupura kwake8:29,”Ndakanga ndisisadi kuverenga ,uye pakanga pasisina chokuverengera ;chiriporiporipo pamagumo emutsara uyu,mwoyo wangu wakazara nechiedza uye rima rose nokupokana kukapera.”

## DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

### NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :13:8-10

**<sup>8</sup>Musava nechikwerete nomunhu, asi chokudana;nokuti anoda muvakidzani,azadzisa murayiro.<sup>9</sup>Nokuti izvo zvokuti,” Usaita upombwe,usauraya,usaba,usachiva;kana murayiro upi noupi,”zvakaunganidzwa pashoko rokuti,”ude wokwako sezvaunozvida iwe.”<sup>10</sup>Rudo haruitiri wokwako zvakaipa; naizvozvo rudo runozadzisa murayiro.**

**13:8 “Musava nechikwerete nomunhu”** Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitwe chine tsiudzo ;kureva kumiswa kwezvanga zvichiitwa.Mutsara wetsindikidzo uyu unetsiudzo mbiri .Izvi zvaigona kuva zviine chokuita nenyaya yemutero(ndima.6-7).Kuva nechikwerete kunokanganisa mwoyomnemweya.Ngarira zvepanyika.Zvinokanganisa vatendi kuita basa rokutsigira zvinangwa zvechiKristu pamwe nokupa kwavo pazvima.Zvisineyi,ndima iyi haigone kushandiswa seumbo hwokureva kuti munhu haangavi nechikwerete.Bhaibheri rinofanira kupirikirwa nechiedza chemazuva arakanyorwa.Harisiri bepanhau!Ndima.8-10 dzinokumikidza kukosha kwokudanana kwedu(1)sehama muchisungo(Mateu.22:39-40;Johani.13:34-35) ne(2)sevanhu vamwe(cf.Mateu.5:42;vaGaratiya.6:10).

Gwaro reNIDNTT,Vol.1,p.668 rinoti iro izwi rechiito rokuti”kwereta”rinezvirevo zviviri.

1. Muvhangeri rinoshandiswa kureva chikwerete
2. Mutsamba dzaPauro rinoshandiswa kureva murandu

Muchinyorwa chino Pauro anoita sokuti anobatanidza zvirevo izvi zvose.

▣ **“Asi chokudana”** Iyi ndiyo pfungwa huru yendima.8-10 (cf.Johani. 13:34;15:12; vaRoma.12:10; 1vaKorinde.13; vaFiriipi.2:3-4; 1vaTesaronika. 4:9; vaHebheru. 13:12 Petirosi .1:7; 1Johani.3:11;4:7,11-12).

▣ **“Nokuti anoda muvakidzani”** Chirevo chezwi rechiito ichi chine shongedzo yechirevanguva chezvirikuitwa.Izvi hazvirevi rudo rweapo neapo,asi mararamiro erudo rwokuva saKristu.

Izwi rokuti “muvakidzani”rinoreva kwazvokwazvo kuti”mumwe worumwe rudzi”(heteros),nyangwe zvazvo musiyano pakati (heteros)nerokuti(allos)jiro rinoreva kuti “mumwe werudzi rumwechetero”wakanga woparara mururimi rweGiriki.Kwazvo izvi zvinogona kureva muvakidzani,kureva ,mutendi kana asiri mutendi(cf.Ruka.12:14-21;10:25-37).Zvisineyi zvakanorwa munaRevhitiko .19:18 zvinoreva hama muchisungo(mumwe muIsiraeri).

MaKristu anofanira kuva norudo nemamwe maKristu uye kuva nerudo nevakarasika nokuti vanotarisirwawo kuzova hama muchisungo(cf.vaGaratiya.6:10).ChiKristu ndiko kuva mhuri.Nhengo imwe neimwe inorarama nokushumirira nokukura kwavose(cf.1vaKorrinde.12:7).



**NASB,NKJV,**

**NRSV**

**TEV**

**NJB**

**“Runozadzisa murayiro”**

**“Rwateerera murayiro”**

**“Rwaita mirandu yako”**

Izwi rechiito rechiGiriki rokuti(*pleroō*)rinogona kushandurudzwa nenzira dzakasiyana siyana.Izwi iri rineshonedzo yokureva zvakaitwa uye zvicharamba zvichiitwa.Gwaro ravaRobert Hanna rinonzi ;Batsiridzo yezvivakamutauro zvetestamende itsva yechiGiriki,vanotora mazwi avaA.T.Robertson uye vanoadana kuti”mazwi akashongedzwa netsumo dzakadzama(kureva zvokwadi yainzwiswa nevaitaurirwa )”(p.28).Anodzokororwa mundima.10(cf.vaGaratiya.5:14;6:2).

**13:9** Hazvishamise kuti Pauro anoshandisa murayiro waMosesi(Ekisodho.20:13-17 kana Dhuteronomi.5:17-21 naRevhitiko.19:18) kukurudzira vatendi vechisungo chitsva. MunavaEfeso. 6:2-3,Pauro anoshandisa umwe wemirayiro inegumi kukurudzira maKristu(cf.1Timoti.1:9-10).Chinyorwa chetestamende yekare ichi chakanga chisiri choruponeso,asi zvakadaro chaiva ratidzo yokuda kwaMwari yokuti vanhu vangabata Mwari navamwe nenzira ipi(cf.vaRoma.15:4;1vaKorinde.10:6,11).Zvinogoneka kuti kutora mazwi emutestamende yekare yaiva nzira yaPauro yokubatana navatendi vechiJudha pamwe navechiHedheni mukereke yeRoma.Kushandiswa kwezwi iri rokuti”kuzadzisa”kunechokuita nenhaurwa yaJesu pamusoro pomurayiro munaMateu.5:17.

Zvinogoneka kuti izvi zvinoreva mutemo zvawo,mutemo setsika dzokugarisana,kwete murayiro waMosesi pachawo(cf.JB).Zvisineyi,nyaya yokuti Pauro anotora mazwi mutestamende yekare mundima.9 zvinoreva kushandiswa kwemurayiro waMosesi.Tarira uone kuti rudo chete ,kwete kuchengeta murayiro,ndirwo runogona kuzadzisa murayiro!Tarira nhaurwa dzinokosha dzinotevera .

Revhitko.19:18 inorishandiswa nenzira mbiri.

1. Jesu anorishandisa maererano ne*Shema* (semuna., Dhuteronomi.6:4-6) sepfupiso yemurayiro wose (cf.Mateu.22:37-40;Mako.12:29-31;Ruka.10:27).
2. KunaPauro rinoshanda sepfupiso yechipimvu chepiri chemirayiro inegumi(kureva, hukama hwemunhu nevamwe muchisungo(cf.vaGaratiya.5:14),kuchiteverwa mashoko aJesu munaMateu.7:12 naRuka.6:31).

**NHAURWA INOKOSHA :MAONERO APAURO KUMURAYIRO WAMOSESI**

Wakanaka uye unobva kunaMwari(cf.vaRoma.7:12,16).

- A. Hausiri nzira yokururama nokugamuchirwa naMwari(unogona kuva chituko,cf.vaGaratiya.3).
- B. Uchiri kuda kwaMwari kuvatendi nokutindiwo kuzviratidza kwake(Pauro anotora mazwi kutestamende yekare senzira yokusungidzira pamwe nokukurudzira vatendi).



C. Vatendi vanooneswa chokwadi netestamende yekare(cf.vaRoma.4:23-24;15:4;1vaKorinde.10:6,11),asi havaponeswe netestamende yekare(cf.Mabasa.15;vaRoma.4;vaGaratiya.3;vaHebheru.).

D. Rinoshanda muchisungo chitsva :

1. Kuratidza kuva nezvivi(cf.vaGaratiya.3:15-29)
2. Kutungamira vanhu vakadzikinurwa muchita
3. Kupa kuzvibata kurutemo rwavaKristu

Ndiyo sharaude yezvidzidzo zvouMwari iyoyi kubva pakutuka zvichienda kuropafadzo pamwe nokuvapo zvachose inokonzera dambudziko pakuedza kunzwisisa maonero aPauro kumurayiro waMosesi.Mugwaro rinonzi ;munhu munaKristu”*A Man in Christ,*”vaJames Stewart vanoratidza gangaidzo remanyorero nemafungiro aPauro;

“Unotarisa kuti munhu arikuronga gwara remafungiro nedzidziso kuti aite kwazvokwazvo zvirevo zvemazwi aaishandisa.unomutarisira kuti ananganise mitsara yake nehurongwa hwemafungiro ake.ungada kuti kana munyori wako uyu akashandisa izwi ,izwi rimwechetero rirambe riine chirevi chimwechete kusvika chinyorwa chapera.Asi kutarisira izvi kuna Pauro kunogumbura.Mitsara yake mizhinji inozereka haina kukutika...Anonyora kuti’ murayiro unoutsvene,’ ‘ndinofarira murayiro waMwari kumunhu womukati’(cf.vaRoma.7:12,22)asi imwe nyaya ye”*nomos*”inoita kuti zoti kunezvime zvinyorwa,’Kristu akatidzikinura kubva kuchituko chomurayiro’(cf.vaGaratiya.3:13)” (p.26).

## NHAURWA INOKOSHA: ZVINYORWA PAMUSORO PA EKISODHO.20

### EKISODHO 20:13, KUURAYA

#### I. ZVIRI MUGWARO

- A. Zvinofanira kurangarirwa kuti, chero mirayiro iyo yaiita sokuti ndeyokugarisana;zvokwadi ndeyezvekunamata.Utongo hwaMwari pamusoro pezvisikwa nerudzikinuro huri mumirayiro iyoyi.Murayiro wokuti usauraya,unotaura kwazvo-kwazvo pamusoro pemufananidzo waMwari uyo uri mumunhu wose nokuchengeta nokuda kunoitwa upenyu hwemunhu naMwari.
- B. Zvinofanira kurangarirwa kuti murayiro woga woga unoratidza kubatana kwevanhu mukutenda.Kurambidzwa kwekuparadza upenyu hwemunhu nenzira isiri pamutemo kwakanangana nevatendi.Zvibereko zvokuita izvi zvakapararira sezvakaita vanhu!

#### II. DZIDZO YEMAZWI MAKURU

##### A. “Kuuraya”

1. Iri izwi risina kujairika rokuti(*rasah*)rokureva kuparadza upenyu,rinoshandisa kamakumi mana nenhanhatu mutestamende yekare.Kune mamwe mazwi akajairika maviri.
  - a. *Harag*,rinoshandiswa kanokwana zana nemakumi matanhatu aneshanu,”165”
  - b. *Hemit*, rinoshandiswa kanokwana mazana maviri neimwe,”201”
2. Izwi rokuti (*Rasah*)rinoita sokuti,pamabviro aro rine chirevo chisina kutambanuka pamwe nechakatambanuka.
  - a. Pamabviro aro raiva nechekuita nekuparadza upenyu hwehama yemuchisungo nenzira yakarongwa uye iri pamutemo,zvaiva nehochekecho

kazhinji ne”mudzikinuri wepahukama” kana”go’el.”mushandisirwo uyu waiva nechekuita nokufanoronga asi nenzira yokutsiva iri pamutemo(cf.Numeri.35:30-34;Revhitiko.24:13-23).Pachokwadi nzira yokutsiva “yokutsiva zvakarungana,”(cf.Genesi.9:5-6)yaiva nzira yokudzikisa nyaya yokutsiva .Pava paya maguta orutiziro(Dhuteronomi.4:41;Joshua.20:3)akazo vakwa kuitira kuti hama dzechisungo idzo dzainge dzauraya munhu netsaona kana nemaune ndokwadzaizo tizira .

- b. Pava paya izwi iri rakazoreva chinangwa kana pfungwa yokuuraya.Pfungwa yokuti”kuita nokuda”ndiyo inonyanya kuonekera!(cf.Ekisolodho.21:12-14;Numeri.35:11,22;Dhuteronomi.28:24).
  - c. Musiyano uyu unonyanya kuonekwa mumurayiro uyu.Unoratidza sokuti unoreva avo vari muchita chechisungo.Unehochekeche nemudzikinuri wehama,kana rutsivo rweropa.Zisineyi,izwi iri rinoshandiswa mberi mumivaravara inoratidza mitemo gumi yaMosesi,Hosea.4:2 naJeremiya.7:9kureva mhondi.Izwi irir harirevi mutemo woga asi chinangwa.Chirevo charo chinovandudzika kubva pamuvakidzani kusvika kumunhu wose.
3. Izwi iri harina chokuita nehurongwa hwemaitiro edu emazuva ano okutongera rufu kana hondo.VaJudha vakanga vasina dambudziko nekutongera rufu kana kurwa hondo inoera(kana., zvakare kurwa hondo isina utsvene!).
  4. Shandurudzo yakanaka uye inofambirana netsika dzedu dzemazuva ano ndeye”humhondi hwakarongwa.”

### III. RUONO RWEZVIRI MUGWARO

- A. Murayiro wechitanhatu,wechinomwe newechisere inovakwa nemazwi maviri echiHebheru.Mazwi aya mapfupi zvikuru uye haapoterere pazvirevo zvawo.
- B. Upenyu sehumwe hupenyu hwose ,hunechokuita naMwari.Mabatiro atinoita vamwe ndiwo anoratidza maonero atinoita Mwari

### IV. FANANIDZO DZETESTAMENDE ITSVA

#### A. Jesu

1. Kuvandudza kwake murayiro uyu(cf.Mateu.5:21-26)kunosipa gwara chairu renhaurirano yemazuva edu pamusoro pekushanda kwechinyorwa ichi mumazuva edu.
2. Jesu akabvisa mirayiro inegumi kuruvanzarira rwezviito achiendesa kuruvanzarira rwemupfungwa.Isu vanhu tiri zvatinofunga!”munhu zvaanofunga mumwoyo make ndizvo zvaari.”hupenyu hemurangariro hunoshanda uye hunokosha kupfuura zvatinofunga.

#### B. Johani

1. 1Johani.3:15,Pfungwa imwecheteyo yokuti ruvengo runofanana nokuponda ,inodonongodzwa.
2. Mazwi echiGiriki akashandiswa munaMateu.5:21ff na1Johani.3:15akasiyana asi chirevo chawo chinofanana.
3. Tarira nyaya yakanaka iyo iri muna.1Johani.4:19-21.

## V. ZVOKWADI YEZVINOITWA

- A. Nyangwe zvazvo uyo akauraya netsaona achikwanisa kutizira kuguta rerutizi (cf.Numeri.35;Joshua.20), anoripa mhosva yake nokugara asinga bude muguta iroro kusvikira mupirisita mukuru azofa. Zvibereko zvemabasa ake zvinoramba zviripo!
- B. Nyangwe zvazvo ndima iyi isisnga taure kwazvo kwazvo nezvekuzvisungirira,sezvo zvichigineka kuti vanhu vakare Havana kumbofunga nezvechiitiko ichi,chinyorwa chinopa musimboti wezveMweya maererano nekukosha kweupenyu hwemunhu,utongo hwaMwari pamwe nechinangwa choupenyu hwemunhu uyo akaitwa nemufananidzo wake.Chinyorwa ichi chinotaura zvakasimba nezvenyaya iyi panguva yedu ino!
- C. Zvisineyi chinyorwa ichi hachitaure zvakaperera pamosoro penyaya iyi ,mumazuva edu ano nezve(1)kutongera rufu kana(2)hondo.KuIsiraeri,izvi zvaisava zvinhu zvakaipa.vaIsiraeri vaiita zvinhu zvose izvi.Chero zvakadaro ,nyaya yokukosha kweupenyu hwemunhu uyo akaitwa nomufananidzo waMwari uye ari pasi pake ndicho chinhu chinokosha.
- D. Chinyorwa ichi hachitaure izwi rinodikwa pamusoro pechiremerera pamwe nekukosha kweupenyu hwemunhu!Isu vatendi tiri vatariri,kwete vezviito zvedu chete,asi vechita chedu chose.Chipo choupenyu ndechepauzima pamwe nezibatakose.

Tine murandu wokunyangadzwa kwepanyama ,magariro pamwe nendangariro dzemitumbi yedu sezvo nesu tiri vanyangadzi vepanyama ,pamagariro pamwe nepandangariro kunavamwe mumana edu.Ichi ndicho chokwadi chemagariro akaita seedu ,umo tinobvumirwa kutaura pamwe nokushandura nzira yemaitirwo ezvinhu.Tiri vatariri vehama dzedu!

## EKISODHO.20:14, UPOMBWE

### I. ZVIRI MUGWARO

- A. Zviri pachena kuti murayiro uyu unechekuita nokukudza Mwari uko kunoonekwa nokukudza muvakidzani wako,mukadzi wake ,nezvaanazvo(cf.Jeremiya.5:8).Izvi zvinoburitswa nemurongerwo wakasiyana wemirayiro uri mubhaibheri rakare (Septuagint).
- B. Mufananidzo wemunaDhuteronomi unoratidza kukosha kwezvokwadi yakare iyi tichiishandisa mutsika nemagariro edu.
- C. Sekukosha kwaiita nyaya yokukusza vabereki mukugadzana kwemugarisanwa,ndizvowo zvimwechete nemurayiro uyu.
- D. Murayiro uyu unorevawo kuti Mwari ndiye muridzi weupenyu hwemhuri uye nepabonde.
- E. Murayiro uyu unoita sokuti unobva pamashoko emunaGenesi.2:24,sezvo murayiro wechina waibva munaGenesi.2:1-3.

### II. DZIDZO YEMAZWI

- A. Izwi rinokosha muchinyorwa ichi nderokuti”upombwe.”Rinokosha zvokuti rinonzwisika muruono rwetsika namagariro echiHebheru akare.
  - 1. Izwi iri rinosiyana zvikuru nechirevo chetestamende yekare yakare nezwi rokuti”nyengo.”Upombwe hunoreva kuva noushamwari nomunhu kadzi iwe uine muchato .Izwi rokuti”nyengo”rinoreva kuti ava vanoita ushamwari vanenge vose

pasina akaroorwa kana kuroorwa(cf.Zvirevo.29:3;31:3).Musiyano unoshayikwa mumazwi echiGiriki emutestamende itsva.

2. Vinogona kuita kuti kumikidzo iyi yomuchato ine chokuita nekukosha kwekodzero yenhaka iyo yaiva nechokuita nechisungo chaMwari che"ivhu."makore makumi mashanu oga oga.Ivhu rose raifanira kudzokera kumadzinza emabviro,ayo aiva varidzi varo.
3. Upombwe hwakanga hwagara husingadiwe patsika mutemo waMosesi usati wavapo(cf.Genesi.12:10ff;26:7ff;39:9).
4. Upombwe hwaionekwa sechivi :
  - a. Kumuvakidzani—Ekisodho.20:14;Dhuteronomi.5:18
  - b. Kumuchato—Revhitiko.18:20
  - c. kunaMwari—Genesi.20:1-13;26:7-11
5. Hwatongerwa rufu kuvaviri :
  - a. Revhitko.20:10
  - b. Dhuteronomi.22:22-24
  - c. Ezekieri.16:40(chibhende)
  - d. Tsiudzo dzakasimba dzinnowanikwa muna.Zvirevo.1-9

### III. HOCHEKOCHE NETESTAMENDE ITSVA

- A. Jesu akashandisa Revhitko sepfupiso yeratidzo yekare (cf.Ruka.10:27).Izvi zvinotsigira kuti mitemo inegumi inechekuita nekubata kwatinoita vamwe.
- B. Jesu anosimbisa mitemo munaMateu.5:28.Anoisa kumikidzo pachinangwa kwete chiito.VaJudha vaiona murangariro sebindu renhondo remweya.Munhu zvaayi funga ndizvo zvaakanga ari kwazvo kwazvo (Zvirevo.23:7).Izvi zvinoita kuti mazwi gumi anetse kuchengeta—ndicho chinangwa!(cf.vaGaratiya.2:15-3:29).

### IV. MASHANDISIRWO MATSVA

- A. Muchato ndiyo inganidzo itsva yekuzvipira kweupenyu hwose muzita raMwari. Ndiwo mukana chaiwo watiinawo wokunzwisisa zvimene zvezvisungo zvetestamende yekare (Maraki.2:14). Rukudzo kunemumwe wedu munazvose, kusanganisira zvepabonde,zvinotibatsira kuti tinzwisise chinangwa chendima iyi.
- B. Kugadzikana kwemuchato pamwe nkutendeseka, sekukudza vabereki,ndiwo mutsigo mukuru wekusimba kwekugarisana pamwe nokureba kwoupenyu.
- C. Zvino fanira kukumikidzwa kuti kuita zvapabonde chipo chinobva kunaMwari.Raiva zano nokuda kwake kumunhu.Hurongwa hauna kuitirwa kukanganisa rusununguko kanamufaro womunhu,asi kuisawo hurongwa hwaMwari kuvatadzi. Miganhuru inoratidzwa kuitira rugare nomufaro wedu.Chero munhu akanyangadza nyaya yepabonde, sezvaakaita zvimwe zvipo zvose zvaMwari, ichiri nyaya inorutunzvaizvo muvanhu inofanira kuva pasi pehurongwa nokubata kwaMwari.
- D. Zvepabonde zvinofanira kuchengetedzwa kuitira kuti kukosha kwemunhu(mukadzi kana murume)kuremekedzwe nokuti vakaitwa nomufananidzo waMwari.Kunyangadzika kwedu pakuti"ini"ndiko kunooneka panyaya iyi.

## EKOSODHO.20:15, IBA

### I. HOROKODZWA YENHUNGAMIDZO

- A. Sedzimwe dzoreredzo dziri mumitemo inegumi, kutenda kwedu, rudo, nokuremekedza Mwari kunofanira kuonekwa pamabasa edu epanyama neepamweya misi yose. Chinhu chisakarurama kuna Mwari kuti unomuziva bvepo wova chinyangadzo kuhamu muchisungu (cf. 1 Johani. 4:20-21; 2:7-11).
- B. Murayiro uyu wakaitirwa kusimbisa kuwadzana kweavo vari muchisungu. Kukosha kweruwadzano rwepamweya urwu ndiko kunokwezvera nyika yakarasika kuna Mwari, icho chinova ndicho chinangwa cheshoko.
- C. Sokunongedza kunoitwa nemimwe mirayiro kunyaya yokuti Mwari ndiye muridzi woupenyu hwose, nouyuwo unodaro! Tiri vatariri, kwete varidzi. Mwoyo wedu woutadzi wokuda zvinhu, zvatisina kuahandira, ndiwo wakaunza kurambidzwa uku (cf. Mapisarema. 50:10-12).

## II. DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

- A. Uyu ndiwo mutemo wechitatu muchikamu chepiri chemitemo inegumi, uyo unovakwa nemazwi maviri chete mururimi rwechiHebheru.
- B. Chinangwa chokudzivisa hachipo. Izvi zvinownzo tsigirwa ne:
  - 1. Zviri mumitemo miviri yokutanga izvo zvine hochekeche nemhosva dzinomutongo worufu.
  - 2. Kuvapo kwemivaravara inechirevo chepakarepo (Ekisodho. 21:16) neisina (Dhuteronomi. 24:7). Tarirawo Genesi. 37.
- C. Zvisineyi, chinyorwa chipfupi chinogona kudzivirirwa nokuti
  - 1. Chakanyorerwa isu netuso
  - 2. Chinovandudza zvinogona kuitwa nemutongo
  - 3. Pane mumwe muvaravara vunofanana nouyu, unechirevo chepakarepo uyo unehochekeche nokuba—Ekisodho. 22:1ff.
  - 4. Jesu anoshandisa kwazvo muvaravara uyu achitaura nezvekuba (cf. Mateu. 19:18).
- D. Kuba kunobatwawo nemimwe mitemo yakare asi kazhinji chirango chingova rufu, kuchekwa mitezo kana kudzora zvabiwa rwakapetwa makumi matau.
- E. Pane mimwe mivaravara inofanana neiyi iyo inodudza nokutsanangura zvokwadi iyi:
  - 1. Revhitiko. 19:1-18—“muchava vatsvene nokuti, ini Jehovha Mwari wako ndiri mutsvene”
    - a. Mararamiro edu anofanira kuratidza hunhu hwemhuri hwaBaba naMwari wedu (cf. ndima. 18).
    - b. Kutenda kwedu kunofanira kubata hupenyu hwedu misi yose, zvose zvakanaka pamwe nezvinorambidzwa, zvose tichiitira zvakanaka (cf. ndima. 17).
    - c. Kuratidza rudo kuna avo varikusvovo dzerwa, ndima. 9-10, 13, kunoenzana pakukosha nokuramba kukosvora vavakidzani vedu, ndima. 11).
  - 2. Amosi. 8:4-7—Mwari anovenga kushandiswa kwevanhu!
  - 3. Mika. 6:6-8—Mwari anoda zvinangwa zvakanaka muzviito zvedu zvose. Nyaya ndeyekuti sei tisingabe!
  - 4. Ekisodho. 22:1ff—Kazhinji chokwadi chinoshayikwa munhaurwa dzedu dzamazuva ano idzo dziri pamusoro poumbavha, ndiyo nyaya yomuripo! Nguva dzose zvivi zvinendyeko!

### III. ZVOKWADI DZINOITWA

- A. Mudzimai wavaJoy Davidman, Mai C.S. Lewis, vakanyora gwaro rakanaka kwazvo pamusoro pemitemo inegumi. Vanoshandurudza mutemo uyu wokuti "Usatora chausina kushandira." Izvi zvinosimudza kwazvo kwazvo nyaya iyi kupfuura chirevo chenhumbi. Vanotiwo "nhumbi hachisiri chivi kana kodzero yezvausingafaniri kushaya, asi kuti chikwereti, zvawakabatiswa nsa Mwari."
- B. Kuba, sezvimwewo zvivi zemwoyo woutadzi, zvinogadziriswa nomwoyo mutsva, vaEfeso. 4:28. Zvinoshamisa kuti hunhu hwakare hwokuti "tora" hunoshanduka huchiti "gova!"
- C. Kukudza kwedu Mwari kunoonekwa nokukudza kwatinoita hama dzedu muchisungu! Chokwadi ichi chikuru kupfuura mitemo inegumi.
- D. Munhu wemazuva ano anoba nenzira dzakawanda!

### MIBVUNZO YENHAURIRANO

- 1. Ko vanhu vanhasi vanoba sei?
- 2. Ko muripo unehochekeche ipi nekutendeuka?
- 3. Ko ndima iyi inopindirana papi nenzira yemararamiro okuzvitsvakira mari?

### EKISODHO 20:17, KUCHIVA

#### I. NHANGANYAYA

- A. Zvinogoneka kuona hochekeche iripo pakati pemitemo mishanu nenzira inotevera
  - 1. Mutemowechutanhatu, wechinomwe newechisere inorambidza kutadzira hama muchisungu nezviito.
  - 2. Mutemo wechipfumbamwe unorambidza kutadzira hama muchisungu nokutaura
  - 3. Mutemo wechigumi unorambidza kutadzira hama muchisungu nokufunga
- B. Ichokwadi kuti kuchiva kuno kanganisa nyakuchiva kwete chinochiviwa, muvakidzani. Zvisneyi, zvinogoneka kuti mutemo uyu unotarisa kuti pfungwa ndidzo dzinozova zviito.
- C. Vazhinji vanoona mutemo uyu senzira yemafungiro inowanikwa mugwaro remitemo rekare reIsiraeri uye isingawanikwe mune mamwe magwaro ekumabvazuva. Iyi nzira yemafungiro itsva inova yokudzivisa kufunga. Ichokwadi kuti vaIsiraeri vaiona kufunga semabviro ekuita zvakaipa (Zvirevo. 23:7; Jakobho. 1:14-15). Saizvozvo ndima iyi inoita sokuti inehochekeche nepfungwa dzinozova zviito. Mivaravara mizhinji inoshandisa izwi rokuti "kuchiva" zvine hochekeche nezviito (cf. Dhuteronomi. 7:25; Joshua. 7:21; Mika. 2:2).
- D. Kana chiri chokwadi kuti kumikidzo inoiswa padonongodzo yekutanga neyekupedzisira, kukosha kwemutemo kunoonekwa. Kunamata muzvokwadi ndiko kekutanga, asi pfungwa nezvinangwa zvedu kuzvinhu zvenyika ino zvinokanganisa kuzvipira kwedu kuna Mwari. Kumikidzo yemunyambiri iyi inoonekwa mumharidzo ya Jesu pagomo, muna Mateu. 6:33— "Asi tangai kutsvaka ushe hwa Mwari, nokururama kwake; izvozvi zvose zvichawedzerwa kwamuri (cf. ndima. 19-32)."

#### II. DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

- A. Ekisodho. 20:17 na Dhuteronomi. 5:21, nyangwe dzakafanana, dzine misiyano yakawanda zvikuru:

1. Mukadzi anoonekwa papfungwa yokuti”imba”kana nhumbi yemunhurume munaEkisodho.20 ukuwo achiiswa muchikamu chokuva munhu anokosha munaDhuteronomi.5.
  2. Muvaravara uri munaEkisodho.20 une izwi rechiHebheru rokuti”kuchiva”iro rinoreva kuti”kuva norupango,”asi Dhuteronomi.5 ine izwi rechipiri rokuti,”kupanga”pamwe nokuti”kuchiva”iro rinoreva rupango runehochekeche nechiiito chokuva nechapangwa,asi “kupanga “kunoita sokuti kungori kuita fungira mumwoyo chete.
  3. Ekisodho zvakare ,iyo yakanyrerwa vana vaIsiraeri vari murenje,haitaure nezve “munda”mukudenengudza nhumbi,asi Dhuteronomi.5 inotaura nezve mutemo mumwechetewo asi uchipiwa vanhu vavakugara munyika yechipikirwa.
- B. Izwi rokuti”kuchiva “izwi risina kwarakarerekera .Rinogona kureva kupanga zvinhu zvakanaka(cf.Mapisarema.19:101vaKorinde.12:31).
- C. Kupanga zvisakarurama ndicho chikonzero chikuru chokutadza kwaSatani,Adhamu naEvha pamwe nesu tose.Pauro akatsanangura kurwisana kwake pauzima nokuchiva munavaRoma.7:7-8.kuchiva kunobva mukusagutsikana nokushayiwa ruvimbo mukuchengeta nokupa kwaMwari.
- D. Mivaravara mizhinji yemutestamende itsva inotaura nezve ruchiva:
1. Dambudziko remunhu nderekusagutsikana nemakaro(cf.Ruka.12:15;1Timoti.6:8-10).
  2. Ruchiva ruripowo padonongodzo yaJesu yezvivi zvinonyangadza(cf.Mako.7:17-23; 1vaKorinde.5:10;vaEfeso.5:5;vaKorose.3:5).

### III. ZVOKWADI DZINOITWA

- A. Mhinduro kunyaya yokuva nemakaro oruziso uyekusagutsikana ndeyokuti:
1. Rudo—vaRoma.13:8-10
  2. Kugutsikana—vaHebheru.13:5;vaFiripi.4:11-13(nokugovana,vaFiripi.4:14)
- B. Mutemo unoti”rega”asi Kristu chete ndiye akatipa nzira yokurega!Maari tinogonawo kuzvidzora pamafungiro.
- C. Mwari anoziva mwoyo yedu nepfungwa dzedu
1. 1Makoronike.28:9
  2. Zvirevo.20:27
  3. Mapisarema.139:1,23
  4. Jeremiya.17:10
  5. vaRoma.8:27
  6. Zvakazarurwa.2:23
- D. Zvinhu zvose hazvina kuipa,asi zvikava izvo zvobata upenyu zvinova zvakaipa.Zvinhu hazvina kuperera kana kuvapo nokusingaperi;vanhu vakaitwa nomufananidzo waMwari ndivo varipo nokusingaperi!Ruchiva runopinda zvishoma nezvishoma asi ruchiparadza chita chechisungo nenzira huru!

### MIBVUNZO YENHAURIRANO

1. Chii chinonzi ruchiva?

2. Ko vanhu vemazuva ano vanochiva sei?
3. Ko pfungwa dzedu ndizvo zvivi here?
4. Sei pfungwa dzichikosha muupenyu hwechiKristu?
5. Sei mutemo uri munaEkiSodho.20:17 wakati siyanei nouri munaDhuteronomi.5:21?

▣ **“Nokuti izvo”**Izvi zvinoreva mitemo inegumi.Hurongwa hwekudonongodzwa kwechikamu chepiri chemitemo ine gumi hunotevera chinyorwa chechiGiriki,B,Icho chinonzi “Vaticanus”.Chinosiyana zvishoma nechinyorwa che”Masoretic Hebrew Text”chaEkiSodho .20 naDhuteronomi.5.Chikamu chepiri chemirayiro inegumi chaibata nyaya youkama pakati pavaIsiraeri maringe noukama hwavo naMwari”YHWH”.

▣ **“Kana murayiro upi noupi”**uyu mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi kubva pamaonero emunyori.kune mimwe mirayiro.Mutsara uyu waireva kuti”kana kuine mimwe mirayiro kunze kwemirayiro inegumi.”Neimwe nzira izvi zvinozadzisa mutemo waMosesi kana kuti chero unonzi “mutemo”zvawo.

Kune kusiyana pazvinyorwa zvechiGiriki panyaya yokuti mitemo ine gumi yakanyorwa yakarongwa sei.Vechitender chechiJudha vane murongero wavo;vesangano reKaturike neavo vakabva mariri vane munyorero wavowo.Chirevo chomuvaravara uyu hachikanganiswe nokusiyana uku,izvi ndizvo zvimwechetewo nezvimwe zvinyorwa zvakawanda.

▣ **“Zvakaunganidzwa pashoko rokuti”** Izvi zvakatorwa kubva munaRevhitiko. 19:18. Zvakashandiswa kakawanda muvhangeri (cf.Mateu.5:43; 19:19; 22:39; Mako.12:31 naRuka.10:27). Jesu anoudana kuti murayiro mukuru wepiri.Akashandiswawo munavaGaratiya.5:14 naJakobho.2:8.Kana munhu akada Mwari,zvinorevawo kuti anoda zvinodiwa naMwari(kureva .,vanhu avo vakaitwa nemufananidzo wake,cf.Genesi.1:26-27).

▣ **“Ude muvakidani wako sezvaunozviita iwe”**Vatendi vanofanira kuzvida sokudiwa kwavanoitwa naMwari vasati vada nokugamuchira vamwe.kuzvida hachisiri chivi.Zvokwadi huru yechikamu chino yakadonongodzwa zvakajeka—ude vamwe(cf.ndima.10).Avo vanenge vabatwa nerudo rwokuzvipira rwaMwari,vanoda vamwe nenzira imwecheteyo(cf.1Johani.3:16).Iyi ndiyo nyaya huru yokuvasaKristu(mufananidzo waMwari wakadzoreredzwa). Kuvapo kwerudo rwakadai kunoshayisa “mutemo” basa.

#### **NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):13:11-14**

<sup>11</sup>Zvikuru itai izvi izvozvi,zvatinoziva nguva,kuti zvino yatova nguva yokumuka kwenyu pahope;nokuti zvino kuponeswa kwedu kwava pedyo kupfuura zuva ratakatanga kutenda naro.<sup>12</sup>Usiku hwapfuura,kwoeza;naizvozvo ngatirase mabasa erima,ngatishonge nhumbi dzokurwa dzechiedza.<sup>13</sup>Ngatifambe nenzira yakafanira sapamasikati;tisingafambi nokutamba kwakaipa,nokubatwa,kana noupombwe,noutere,kana negakava,negodo.<sup>14</sup>Asi pfekai Ishe Jesu Kristu,musatsvaka kufadza nyama pakuchiva kwayo.

13:11

NASB “Itai izvi”

NKJV “Uye itai izvi”

NRSV “Kunze kwezvizi”



**TEV** “Munofanira kuita izvi”

**NJB** “Kunze”

Iyi inzira yekupa sungano kune zvinotevera(ndima.11-14)kune zvokutanga(ndima.9-10)Ivai vaiti veshoko kwete vanzwi chete(cf.Jakobho.1:22,23,25)!Rudo ngaruve zviito.

▣ **“Zvatinoziva nguva”**Iyi ndiyo shongedzo yechirevanguva chinoreva zvakaitwa uye zvine zvibereko munguva yanhasi.Iri izwi rokuti nguva(*kairos*) raiahandiswa nenzira yokureva nguva inokosha,kwete nguva zvayo(*chromos*).Vatendi vanofanira kurarama (1)muchiedza chokuti Jesu anodzoka chero nguva zvayo(2)nechokuti nguva itsva yasvika.

▣ **“Zvino yatova nguva”**Chibhende ichi chokuti,”yatova nguva”(icho chakashandiswa muvhangeri yaJohani),chinoreva nguva yakasanangurwa(zvinofanana nokuti *kairos*)muzano rokudzikinura raMwari (cf.3:26; 1vaKorinde. 7:29; 10:11; Jakobho.5:8; 1Petirosi.4:7; 2Petirosi.3:9-13;1Johani.2:18;Zvakazarurwa.1:3;22:10).Rinoshandiswa kureva zvose nguva yokuroverwa nokudzoka kwaJesu.

▣ **“Hope”** Izwi iri rinoshandiswa pano sechibhende chokureva kuora pamweya nepahunhu(cf.vaEfeso.5:8-14;1vaTesaronika.5:6).Mazwi anongova nechirevo maringe nemashandisirwo aakaitwa.Chenjerera dudziro dzakakohoredzwa.Mazwi ose ane zvirovo zvakasiyana siyana(ruvanzarira rwemazwi nezvirevo zvawo).

▣ **“Nokuti kuponeswa kwedu kwava pedyo”**Ruponeso ndirwo rutemo rwokutanga uye ziendamberi (Tarira nhaurwa inokosha pa.10:14). Ruponeso harunga zozadziske kana vatendi vasati vava nemitumbi mitsva (cf.1Johani.3:2; 1vaTesaronika.4:13-18; vaHebheru. 9:28; 1Petirosi. 1:5). Pazvidzidzo zvouMwari izvi zvinodanwa kuti “kubwinyiswa” (vaRoma.8:30). Ndiyo tariro yechizvarwa choga choga chevaKristu chokutarisira kudzoka Kwashe munguva yavo(cf.Ruka.21:28).Pauro aivawo mumwe wavo(cf.1vaTesaronika.4:15).

▣ **“kupfuura zuva ratakatanga kutenda naro”** ChiKristu chinotanga norutemo(kururamiswa nokuitwa mutsvene pakarepo),asi runofanira kuzova nezvibereko zveamaramiro ouMwari(ziendamberi rokuitwa mutsvene,tarira nhaurwa inokosha pa.6:4)uye huchiguma nokuvasaKristu kubwinyiswa). Munhu anofanira kugamuchira pfupiro yaMwari yokuva saKristu (cf.Johani.1:12;3:16;vaRoma.10:9-13). Urwu rutemo rwokutanga harusiri irwo magumo,asi ndirwo mavambo!

**13:12 “Husiku hwapfuura”** Izvi zvinoreva nguva ino youipi iyo irikuto paradzwa nokutsiviwa (cf.1vaKorinde. 7:29-31; 10:11; Jakobho. 5:8, 14; 1Johani .4:7; 2Johani. 2:17-18; Zvakazarurwa. 1:3; 22:10). Tarira nhaurwa inokosha pa.12:2.Pauro ,kunyanya nJohani,anoshandisa musiyano werima nechiedza,sezvinoitwa muzvinyorwa zve”Dead Sea Scrolls.”

▣ **“kwoedza** “Ichi ndicho chirevo chezvakaitwa uye zvicharamba zvchiitwa.Ano ndiwo mazuva okupedzisira(cf.vaFirpi.4:5;Jakobho.5:9).Tagara tiri mumazuva okupedzisira kubvira pakuita zimukadzimu kwaJesu.Achavakokusvikira pakudzoka kwake.Vatendi vose ,kubvira pamakore zana okutanga vanoshamiswa nokunonoka kudzoka kwaKristu uku.Zvisineyi,nguva itsva yasvika munaKristu.

Chinyorwa ichi icho chinotaura nezvekuva pedyo kwekudzoka kwaKristu chinotorwa kubva mu “nhanganyaya inokosha” yetsoropodzo yangu yaZvakazarurwa. Ione padzangaradzimu, pa. [www.freebiblecommentary.org](http://www.freebiblecommentary.org).

**“GAKATANWA RECHITANHATU**(chokwadi chokudzoka kwaKristu maringe nekunonoka kwekudzoka *perousia*)

Vatendi vazhinji vakadzdziswa kuti Jesu anodzoka nokuchimbidza, chiriporiporipo, uye pasina anofungidzira (cf.Mateu.10:23; 24:27, 34, 44; Mako.9:1;13:30). Asi zvizvarwa zvose zvevatendi zvaitarisira zvispo! kuchimbidzika (pakarepo) kwekudzoka kwaJesu ndiyo vimbisoyetariro huru kuzvizvarwa zvose,asi ichokwadi kuchizvarwa chimwechete(uye ichocho chichashungurudzwa).Vatendi vanofanira kurarama sokuti Jesu anouya mangwana,asi vachironga nokuita ushumiri(cf.Mateu.28:19-20) kana vakarindira.

Mimwe mivaravara iri muvhangeri(cf.Mako.13:10;Ruka.17:2;18:8)pamwe na 1 na2vaTesaronika.dzakanyorwa pa hwaro hwokudzoka kwakanonoka(*parousia*).Pane zvimwe zviitiko zvikuru zvinofanira kutanga zvaitika:

1. Kuparidza vhangeri pasi rose(cf.Mateu.24:15;Mako.13:10)
2. Kuratidzwa kwe”munhu wezvivi”(cf.Mateu.24:15;2vaTesaronika.2;Zvakazarurwa.13)
3. Kushungurudzwa kukuru(cf.Mateu.24:21,24;Zvakazarurwa.13)  
Pane kuva nezvirevo zvakawanda kune chinangwa(cf.Mateu24:42-51;Mako.13:32-36)!Rarama zuva roga roga sokunonzi ndiro rokupedzisira asi dzidza nokurongera ushumiri hwamangwana!”

▣ **“Ngatirase....ngatishonge”** Aya mazwi ;mazwi echiito anechirevo chokutangwa kwechiito kana kuregwa kwacho,nyaya ndeyekuti “imi pachenyu rasai....shongai zvachose.”Vose Mwari nemunhu vanobata zvikuru mukururamiswa(rutendeuko nokutenda)pamwe nokuitwa mutsvene(kurarama zvouMwari).Iri dimikira rokushonga rinowanikwa zvikuru muzvinyorwa zvaPauro.Vatendi vacharasa nhumbi dzvavo dzvokurarisa,voshonga nhumbi dzokurwa(cf.vaEfeso.4:22-25;vaKororse.3:10,12,14).Tiri mauto echiKristu anogadzirira hondo yemweya zuva roga roga(cf.vaEfeso.6:10-18).Tarira chinyorwa muNIDNTT, Vol.1,pp.315-316.

▣ **“Nhumbi dzokurwa dzechiedza”** Izvi zvinenge zvinotsigirana nezviri munaIsaya.59:17.Kwazvo kwazvo vatendi vanofanira kushonga nhumbi nezvombo zvokururama(cf.2vaKorinde.6:7;10:4;vaEfeso.6:11,13;1vaTesaronika.5:8).Vatendi vanogona kuwana nhumbo dzaMwari asi vanofanira kutanga va:

1. Ziva zvavanoda
2. Ziva kupa kwaMwari
3. Vozvishandisa muopenyu hwavo zuva roga roga

Inokosha pamusoro pehondo dzemweya.”*Three Crucial Questions About Spirirtual Warfare.*”

**13:13”Ngatifambe nenzira yakafanira”** Aya ndiwo mazwi echiito anechirevo chokutangwa kana kuregwa kwechiito,zvimoreva kwazvo kwazvo kuti “famba.”iyi yaiva tsumo yechiHebheru yokureva mararamiro(cf.vaEfeso.4:1,17;5:2,15).Pauro anoishandisa runopfuura makumi matatu anenhatu”33”.

Dungwerungwe rezvivi zviri mundima ino rinoubwa neminyambiri mitatu yemazwi maviri. Pazvidzidzo zvezvivi nezvirevo zvawo mazwi aya anovirikana. Zvinogoneka kuti akaitwa kuti ave nechirevo chimwechete. Tarira nhaurwa inokosha :Mano nounaku.pa.1:28-32.

Mazwi aya anogona kuva nehochekeche nemakakatanwa aiva pakati pevavendi vechiHedheni nevechiJudha mukereke yeRoma. Vavendi vatsva vechiHedheni vanogona kunge vakange vachienderera mberi(1) nenzira dzavo dzokunamata dzechiHedheni kana(2) kuzvikudza pamberipevavendi vechiJudha avo vainge vodzoka mushure mokudzingwa nokudziviswa kupira namambo Nero weRoma.

- ▣ **“Tisingafambi nokutamba kwakaipa nokudhakwa”** Izvi zvinoreva ufeve uhwo hwaivawo zvikuru muzvinamato zvevaHedheni pamwe nokudhakwa. mudungwerungwe rezvivi zvenyama munavaGaratiya.5:21, mazwi aya akadonongodzwa pamwechetepo.
- ▣ **“Tisingafambi muupombwe noutere”** Munyambiri wemazwi uyu unoita sokuti unovirika wekutanga. Izwi rechipiri rinoshandiswa zvikuru mtestamende itsva (cf. Mako. 7:22; 2vaKorinde. 12:21; vaGaratiya. 5:19; vaEfeso. 4:19; 1Petirosi. 4:3; 2 Petirosi.2:7). Kana munyambiri wokutanga uchinagana zvikuru nokudhakwa, uyu munyambiri wemazwi unonangana noufeve, chero kusarungeka kweutere mukugarisana.
- ▣ **“Tisingafambi mugakava negodo”** Mazwi aya anotaure nezvegakava pakati pavanhu(cf. vaGaratiya.5:20). Izvi zvinogona kukonzereswa nokuda kwokuita kusakarurama kweminyambiri miviri yekutanga. kana vaKristu vakadzidziswa izvi (cf. 1vaKorinde.3:3; vaKorose.3:8), dzinoratidza zviito zvezvinamato zvevaHedheni izvo zvinofanira kuregwa muupenyu hwevavendi. Zvisineyi ,muchirevo chemanyorerwo ayo, ndima iyi inopikisa vavendi, saka inofanira kuva yetsiudzo.

**13:14 “Pfeka Ishe Jesu Kristu”** Dimikira iri rinoreva hanzu youshe yashe Jesu iyo yakaiswa zvino pamapendekete evavendi (kuitwa mutsvene kwepauri). Vamwe vadzidzi vanoti izvi zvinotsigira kushonga kweurbhabhatidzo. Dimikira rokushonga iri rinotanga kushandiswa mundima. 12. Inzira yokuratidza vavendi chinzvimbo chavo chitsva munaKristu. Rinokumikidzawo kuti vavendi vanofanira kutanga kuita sarudzo dzemararamiro avo matsva (kuitwa mutsvene kweziendamberi) nokuda kwechinzvimbo chavo munaKristu (cf. vaEfeso.4:22, 24; vaKorose.3:8). MunavaGaratiya.3:27 chokwadi ichi chinoratidzwa semutsara, munongedzo; Pano rinoratidzwa riine shongedzo yezvirikudokwairirwa, murayiro.

Kupikisana kuri pakati pemutsara wemunongedzo newezvirikudokwairirwa ndiko kupikisana kuri pakati pechinzvimbo chedu munaKristu nekuedza kwedu kuva nechinzvimbo ichocho (Tarira nhaurwa inokosha pa.6:4). Tiri “vatsvane”panguva yokuponeswa, asi tino yambirwa kuti tive “noutsvene.” Iri ndiro gangaidzo rebhaibheri reruponeso rwepachena munaKristu pamwe nerudaidzo rwokuva saKristu!

- ▣ **“Musatsvaka”** Ichi ndicho chirevo chezviri kudokwairirwa chine chirevanguva chetsiudzo. Chimiro chechivakamutauro ichi chinowanoreva kumiswa kwechiito chirikuitwa. Zvinoita sokuti mamwe maKristu muRoma aisa rarama upenyu hwechiKristu. Izvi zvinogona kuva zvaibva kuzvinamato zvavo zvakare zvechiHedheni.

Zvakaoma kutsanangura dzidziso yetestamende itsva pamusoro pechiKristu chisakarurama. Vanyori vetestamende itsva vanotura chimiro chemunhu muzvirevo zviviri. MuKristu asakarurama ndirwo rupikiso .Asi ichi ndicho chokwadi choupenyu hwedu “hwakato”asi”husati.”Pauro akaisa vanhu muzvikwata zvitatu(1vaKorinde.2:14-3:1):

1. Munhu wokusikwa (akarasa hunhu), 2:14
2. Munhu wemweya (akaponesa vanhu), 3:1
3. Munhu wenyama (vaKristu vasakarurama kana vaKristu vasati vakura ), 3:1

▣ **“Nyama pakuchiva kwayo”**Pauro aiziva zvakajeka nezve kutadza kwaAdhamu kuri matiri (cf.vaRoma.7;vaEfeso.2:3), asi Jesu anotipa samba nokuda kuraramira Mwari (cf.vaRoma.6). Ibasa rinoramba richiitwa (cf.8:5-7; 1Johani.3:6-9). Tarira nhaurwa inokosha :Nyama (*sarx*)pa 1:3.

## MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei mutauro waPauro pamusoro pehurumende kuvaKristu vemakore okutanga, wakadzama kudaro?
2. Ko vaKristu vanofanira kuzviisa pasi pehurumende yose yose here?
3. Ko vaKristu vanofanira kutevera chero mutemo wehurumende here?
4. Ko ndima .1 inodzidzisa nezvekodzero inoera yemadzimamo here?
5. Ko Pauro arikutanga imwe dzidziso youMwari here kana kuti pane mufananidzo wakaitwa naJesu mumashoko ake munaMateu.22:21?
6. Ko kusateerera hurumende kunobvumirwa kuvaKristu here(cf.Mabasa.5:25-32)?
7. Ko ndima 4 inofambirana sei nenyaya yemutongo werufu?
8. Ko hana yomuKristu inogara yakarurama here(ndima.5)?
9. Takatarisa pandima .8,ko vaKristu havabvumirwe kuva nezvitupa zvekutora chikwereti here?
10. Ko ndima.8 inotaura nezverudo rwedu kunavamwe vaKristu here kana kumunhu wose?
11. Sei Pauro achishandisa mitemo inegumi kudzidzisa vatendi vetestamende itsva?
12. Sei Pauro achidonongodza zvivi zvakaipa kudaro maringe nevatendi?
13. Ko munhu anga”pfeka sei ishe Jesu Kristu?”



# VAROMA 14

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Usatongesa hama yako	Mutemo worusununguko	Rudo runoremekedza hukurokodzwa hwavawe	Usatongese vamwe	Kupa murudo kuneavo vano hukorokodzwa
14:1-12	14:1-13	14:1-4 14:5-6 14:7-9 14:10-12	14:1-4 14:5-12	14:1-12
Usapinganidza hama yako	Mitemo worudo		Usawisa vamwe	
14:13-23		14:13-23	14:13-18	14:13-21
	14:14-23		14:19-23	(14:22-15:6)
				14:22-23

## MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)

### ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyoru, Ndiyozve hwaro hwakupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga

2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVENDIMA.1-12**

- A. Chikamu chino chinoedza kunengaidza murandu nerusununguko rwokuva MuKristu. Chidzidzo chechinyorwa chinobatawo chikamu.15:13.
- B. Dambudziko rinogona kuva rakaita kuti chikamu chino chivepo ndiro remakakatanwa pakati pevati vechiHedheni neve chiJudha (zvinogonawo kuva izvo zvainge zvaonekwa naPauro kuKorinde).Vasati vatendeuka vaJudha vaitevera mutemo uye vaHedheni vaitevera nzira dzavo dzisakarurama dzokupira.Rangarira kuti chikamu chino chinotaura nevatendi chaivo vaJesu.Chikamu chino hachitaure nevatendi vasina kuperera(cf.1vaKorinde.3:1).Shuviro huru inoiswa kuzvikwata zvose zviri zviviri.Kunogona kuva nedambudziko kana shuviro yakawanda ikapiwa kuchikwata chimwechete.Nhaurirano ino haipi mvumo kune avo vanoshora vamwe nokuda kwemurayiro kana kusautevera.  
Rangarira kuti Pauro akanyora tsamba kuva Roma iye ari kuKorinde.Dambudziko reko raiva romweya wokuisa vanhu mumapato asi rokuvaRoma raiva revatendi vakasiyana.
- C. Vatendi vanofanira kungwarira kuti vasashandisa nzwisiso yavo yezvouMwari kana maitiro avo sechipimo kuvatendi vose(2vaKorinde.10:12).Vatendi vose vanofanira kufamba muchiedza chavainacho asi vanzwisise kuti dzidzo yavo yezvouMwari haisiri iyo yaMwari.Vatendi vose vachiri kubatwa nezvivi.Tinofanira kukurudzira ,kudzora,uye nokudzidzisana neshoko raMwari,kufunga nokurarama ,asi murudo nguva dzose.Kuwanda kworuzivo kumunhu ndiko kuwanda kwokuziva kuti haazive.(cf.1vaKorinde.13:12)!
- D. Pfungwa dzomunhu nezvinangwa zvake pamberi paMwari ndizvo shanguriro chaiyo yokupima zviito zvavamwe.VaKristu vachamirawo pamberi paMwari vachitongwa nemabatiro avaitana (cf.ndima.10,12 na2vaKorinde.5:10).
- E. Martin Luther akati”MuKristu ndiye munhu akasununguka kunavose;haasiri muranda waani kana ani zvake;MuKristu ndiyezve anoshumira vose ,achishandira vose.”Kazhinji zvokwadi yebhaibheri inoturwa izere ne gangaidzo .
- F. Iyi nyaya yakaoma asi ichikosha inobatwa muchidzidzo chose chavaRoma.14:1-15:13 uyezve nemuna1vaKorinde.8-10 navaKororse.2:8-23.Gwaro rinogaro ndibatsira panyaya

iyi nderakanyorwa nava Gordon Fee pamwe navaDouglas Stuart,rinonzi,Kuverenga bhaibheri zvariri zvose”*How To Read the Bible For All Its Worth*,pp.75-86.

- G. Zvisineyi ,zvinoda kudonongodzwa kuti huwandu hwevatendi chaivo hachisiri chinhu chakaipa.Mutendi wose ane zvaanogona nezvaasinga goni.Umwe noumwe anofanira kufamba muchiedza chaainacho,akazvipira nguva dzose kuMweya nebhaibheri kuitira kuwana chiedza.Munguva ino yokukoniwa kuona zvakajeka(1vaKorinde.13:8-13)munhu anofanira kufamba nerudo(ndima.15)norunyararo(ndima17,19)kuitira kuvhenekerwa.
- H. Mazita okuti”kusimbarara” na”kurenguka”ayo anopiwa zvikwata izvi naPauro ,anotipa chitarisiko chechimiro chisiriicho.Iyi yakanga isiri iyo mvavariro yaPauro. Zvikwata zvose izvi vaiva zvavatendi chaivo.Isu hatipo kuti tiumbe vamwe vatendi kuti vave sesu!tinogamucirana munaKristu.
- I. Doritori rose rinogona kudenengudzwa sokuti
1. Gamuchiranai nokuti Mwari anotigamuchira munaKristu(cf.14:1,3;15:7);
  2. Musatongana nokuti Kristu ndiye tenzi nemutongi(cf.14:3-12);
  3. Rudo rwakakura kudarika rusununguko rwepauzima(cf.14:13-23)
  4. Tevera muenzaniso waKristu uye uise kodzero dzako pasi pezvakanaka neruvhenekero rwavamwe (cf.15:1-13).

## DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

### **NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):14:1-4**

**<sup>1</sup>Zvino gamuchirai asina samba pakutenda kwake musingaite gakava naye pamusoro kwokufunga kwake.<sup>2</sup> Mumwe munhu anokutenda kuti angadya zvose;asi asina samba anodya miriwo.<sup>3</sup> Anodya ngaarege kuzvidza asingadyi; asingadyi ngaarege kupa mhosva anodya; nokuti Mwari akamugamuchira.<sup>4</sup> Iwe ndiwe aniko unopa muranda womumwe munhu mhosva? Iye anomira kana anowa pamberi paIshe wake. Achamiswa hake,nokuti Ishe anesimba rokumumisa.**

### **14:1**

**NASB** “Zvino gamuchirayi”  
**NKJV** “Tambirai”  
**NRSV,TEV** “Gamuchirayi”  
**NJB** “Ipayi rugamichiro”

Ichi ndicho chirevo chineshonedzo yezvirikudokwairirwa kuita(cf.15:1).Uyu murayiro unoreva zvinofanira kuramba zvichiitwa.Izwi rinesungano nezita rokuti “iwe”riri muizwi rechiito rechiGiriki,asi rinodudzwa mururimi rwechirungu uye rinoreva kuti “kusimba” kweva Kristu(cf.15:1). Izvi zvinoreva zvikwata zviviri zvemukereke yeRoma. Izvi zvinogona kuva



zviine chekuita ne (1) makakatanwa pakati pevatendi vechiJudha nevechiHedheni(cf.15:7-21)kana (2) kusiyana kwemaitiro evanhu. Chirevo chechinyorwa chose ichi chakanangana nevatendi vezvokwadi chaiva; vamwe vakasimba, vamwe vakarenguka mukutenda kwavo. Pano, kutenda kunoshandiswa nenzira yokureva kunzwisisa vhangeri uye neshanduko huru itsva yerusununguko yarinounza.



**NASB,NKJV “Asina samba pakutenda kwake”**

**NRSV,TEV “Vasina samba pakutenda kwavo”**

**NJB “Kana kutenda kwomunhu kusina kutenda”**

Mutsara uyu unosimbiswa nokuisa pamberi (kureva.,kuiswa pokutanga muzvinyorwa zvechiGiriki).Kwazvo kwazvo unoreva kuti”kusasimba mukutenda.”Chirevanguva chezvirikuitika ichi chinoreva kuti ichi chiito chemararamiro.Aya mafungiro eavo vanotevera mutemo.Vatendi verukorokotedzwa vechiKristu ava vanotsanangurwa nenzira nhatu:

1. Kurambidza kudya (cf.14:2,6,21)
2. Kukoshesa mazuva(cf.14:5-6)
3. Kurambidza zvokunwa(14:17,21)

Mhando imwecheteyo yomunhu yakataurwawo munavaRoma.15:1 na1vaKorinde.8:9-13;9:22.Chenjerera kuti usakurumidza kuzviisa mumupanda wokuva muKristu akasimba kana asina kusimba.Kazhinji vaKristu vakasimba pane zvimwe zvinhu uye vakarenguka kune zvimwe.

Mafungiro aPauro pamusoro penyaya idzi akasiyana munavaGaratiya.4:9-10 navaKorose.2:16-23.Zvinyorwa izvi zvinoratidza mafungiro nedzidziso yevadzidzisi venhema.Muna vaRoma,ava vatendi chaivo vanoukorokotedzwa.

Vatsoropodzi vazhinji vanoti kuti”kusasimba mukutenda “zvinoreva vatendi vechiJudha(kureva vaidzidzisa chiJudha)nekumikidzo yavo yokuteerera mutemo waMosesi sokunzwisiswa kwaunoiwa mudzidziso yechiJudha (kureva.,gwaro remitemo yechiJudha “*Talmud*”). Izvi zvinofambirana zvikuru netsanangudzo yokutanga neyechipiri muganhuro yokutanga,asi hazvifambirane netsanangudzo yetatu. Nokuda kweizvi ndinofunga kuti pane mamwewo maitiro anonyatso fambirana nechirevo chechinyorwa ichochi.Zvinogona kureva vatendi vechiJudha nevechiHedheni avo vairamba vakabatirira pakupira kwavo kwakare!

### **NHAURWA INOKOSHA:KURENGUKA**

Houno musiyano.Vadzidzisi venhema vanozvikudza nedzidzo pamwe nemhando dzezvirunga mutauro zvavo, asi Pauro anoziva kukosha kwe”kurenguka/kusasimba”(astheneō).Tarira uone kuti mazwi aya(kana zvimwe zvimiro zvavo zvakawanda)anoshandiswa zvakadii muna1 na2vaKorinde.

**Kuzvikudza**

1vaKorinde.1:29,31  
3:21

**Kurenguka/kusasimba**

1vaKorinde.1:25,27  
2:3

4:7	4:10
5:6	8:7,9,10,11,12
9:15,16	9:22
2vaKorinde.1:12,14	11:30
5:12(ruviri)	12:22
7:4,14(ruviri)	15:43
8:24	2vaKorinde10:10
9:2,3	11:21,29,30
10:8,13,15,16,17	12:5,9,10(ruviri)
11:12,16,17,18,30	13:3,4(ruviri),9
12:1,5,6,9	

Pauro anoshandisa pfungwa yekurenguka/kusasimba nenzira dzakawanda dzakasiyana.

1. Kusasimba kwaMwari, 1gvaKorinde.1:25
2. Kusasimba munyika, 1vaKorinde.1:27
3. Kusasimba nokutya kwaPauro, 1vaKorinde.2:3;9:22;2vaKorinde.11:29,30;12:5
4. Pauro nechikwata chake choushuri, 1vaKorinde.4:10;2vaKorinde.11:21
5. Mutendi asina kusimba(cf.vaRoma.14:1-15:13), 1vaKorinde.8:7,9,10,11,12;9:22
6. Kurwara panyama, 1vaKorinde11:30
7. Nhengo dzomuviri womunhu, 1vaKorinde.12:22
8. Muviri wenyama, 1vaKorinde.15:43
9. Kuvapo panyama kwaPauro kana umhizha hwake hweturunga mutauro, 2vaKorinde.10:10
10. Kusasimba kwaPauro kwakakudza kusimba kwaMwari, 2vaKorinde12:9,10;13:4,9
11. Shoko raKristu rakauya kuburikidza naPauro, 2vaKorinde.13:3
12. Muviri wenyama waKristu, 2vaKorinde.13:4



**NASB** “Musingaiti mutongo pamusoro pokufunga kwake”

**NKJV** “Asi musingaiti gakava pamusoro peizvo zvisina kujeka”

**NRSV** “Asi musingaiti gakava pamusoro kwekufunga”

**TEV** “Asi musaiti gakava pamusoro kwekufunga kwavo”

Vatendi vanofanira kugamuchira vamwe vatendi avo vavasinga bvumirani navo, vasingaedzi kuva shandura!. Izvi zvinotoda kuti kusunguka mundangariro huve hwaro hweruwadzano, kwete kumanikidzira pfungwa dzako kunavamwe kuti mufanane. Vatendi vose vari mubikiro. Vanofanira kupa Mweya nguva yokushanda nokuumba mumwe nomumwe kuti akure, asi chero vakakura, havazobvumirane.

**14:2** Zvokudya zvinorehwa mundima ino ndezvekunamata kwete hutano. Iri dambudziko rezvekudya rakabva pzinhu zviviri(1) mitemo yechiJudha yezvekudya (cf.Revhitiko.11) kana (2) Nyama yaipirwa zvimwari zvavaHedheni (cf.1vaKorinde.8-10). Jesu akadzidzisa zvakajeka kuti kudya hakusvibise munhu(cf.Mateu.15:10-20); Mako.7:14-23). Zvokwadi iyi inosimbiswa nezvakaonekwa pamweya naPtiroso pamusoro paKonerio munaMabasa .10.

**14:3 “Anodya ngaarege kuzvidza asingadyi”** “ngaarege kuzvidza” ichi ndicho chirevo chineshonedzo yokureva zvirikudokwairirwa kutizviitwe (*ezoutheneō*) uye chine tsiudzo iyo inoreva kumiswa kwezvirikuitwa.

“kuzvidza” zvinoreva kwaazvo kwazvo kuti”kurerutsa,””kushayisa basa”kana “kusaverenga” (cf.14:10; Ruka. 18:9; 1vaKorinde. 6:4; 16:11; 2vaKorinde. 10:10; vaGaratiya. 4:14; 1vaTesaronika. 5:20) Vatendi vanofanira kungwarira tsika yokutarisira vamwe vachizviita vakarurama. Vakasimba pakutenda ngavarege kuzvidza vasina kusimba pakutenda.

☐ **“Mutongi”** Ichi chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitwe chine chirevangva chetsiudzo, icho chinoreva kumiswa kwezviri kuitwa. Vasina kusimba pakutenda ngavarege kuisa mutongo kuzviito zveavo vasinga bvumirane navo.

☐ **“Nokuti Mwari akamugamuchira”** Iri izwi rechiito rinoreva zvakaitwa. Izwi rimwechetero rinoshandurudzwa kuti”tambira “mundima.1.Hwaro hwokuti vatendi vagamuchirane ndehwekuti, Mwari kuburikidza naKristu(15:7) akavagamuchira. Muchirevo chechinyorwa, ndima.3 iri kutaura nevakristu verukorokotedzwa, avo vasina samba pakutenda.

**14:4 “Iwe ndiwe ani”** Uku kutaura kwakadzama, kunoreva vasina kusimba pakutenda kwavo.

☐ **“Muranda”** iri ndiro izwi rokuti *oiketes*, iro rinoubwa kubva paizwi rokuti *oikos*, iro rinoreva kuti”imba,” naizvozvo, uyu muranda wemumba kana mushandi (cf. Ruka. 16:13; Mabasa. 10:7; vaRoma. 14:4; 1Petirosi. 2:18). Rinoshandiswa nenzira iyi mubhaibheri rechiGiriki rakare”Septuagint” (cf. Genesi. 9:25; 27:37; 44:16, 33; 50:18). Harishandiswe sezwi chairo rokureva muranda kana mushandi mutestamende itsva, rinova rokuti “*doulos*”, rinogonawo kureva vashandi vemumba kana varanda.

Doritori raPauro pano nderekuti mutendi woga woga muranda /mushandi waKristu. Ndiye “Ishe” wavo uye iye woga ndiye anovatungamira achivaita kuti vamiririre zvinangwa nemabasa avo (cf. 2vaKorinde. 5:10).

☐ **“Iye anomira kana anowa pamberi paIshe wake”** Muchirevo chechinyorwa, Pauro arikutaura nevatendi vanoukorokodzwa, asi zviripachena kuti mutsara uyu uri kureva zvikwata zvavatendi zvose. Vatendi vangaite zvakanaka kana vakabvisa zvitanda zviriri mumaziso avo (cf. Mateu. 7:1-15).

☐ **“Achamiswa hake nokuti Ishe anesimba rokumumisa”** Iyi yaiva vimbiso inofadza (cf. 5:1-2; Judhasi. 24-25). Zvinodawo kubatira pamwe kwevatendi vose (cf. 1vaKorinde. 15:1-2). Tarira nhaurwa inokosha :Mira pa. 5:2. Pane musiyano wezvinyorwa zvechiGiriki panhanho ino. Bhaibheri reNKJV, zvichitevera zvinyorwa zvakare, D, F, G, 048 ne 0150, pamwe negwaro re”vulgate” ane izwi rokuti “Mwari” (*Theos*), zvisineyi magwaro e, MSS P<sup>46</sup>, x, A, B, C, P ane izwi

rokuti “Ishe”(kurios).Gwaro reUBS<sup>4</sup> rinopa chipimo chokuti izwi rokuti”Ishe “ ndiro rechokwadi (A)Kureva zvokwadi.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):14:5-9**

<sup>5</sup>Mumwe munhu anoti zuva rimwe rinopfuura rimwe; mumwe anoti mazuva ose akafanana. Mumwe nomumwe ngaazive kwazvo mumwoyo make.<sup>6</sup> Uyo anochengeta zuva ,anorichengeta nokuda kwaIshe;uyo anodya, anodya nokuda kwaIshe,nokuti anovonga Mwari;uyo asingadyi, haadyi nokuda kwaIshe,naiye anovonga Mwari.

<sup>7</sup>Nokuti hakuna mumwe wedu anozviraramira iye oga,hakuna anozvifira iye oga.<sup>8</sup> Nokuti kana tichirarama, tinoraramira Ishe;kana tichifa ,tinofira Ishe;Zvino kana tichirarama, kana tichifa ,tiri vaIshe.<sup>9</sup> Nokuti Kristu akafira izvozvi,akararama zve kuti ave Ishe wavose vakafa navapenyu.

**14:5 “Mumwe munhu anoti zuva rimwe rinopfuura rimwe”** Vamwe vanhu vanotevera mazuva panyaya dzekunamata(kureva., mamwe mazuva kana zviitiko zvepagore, cf.vaGaratiya. 4:10; vaKorose. 2:16-17). Mazuva ose ndeaMwari uye akaenzana. Hakuna mazuva anokosha. Hakuna e”nyika” maringe ne “anoera” Ose anoera!

- ▣ **“Mumwe nomumwe ngaazive kwazvo mumwoyo make”**ichi chirevo chokudokwairira kuitirwa.Iyi ndiyo shanguriro yerunyararo panyaya iyi.Kuzvipira kwevatendi ndicho chinhu chokutanga pakuita kwavo(cf.ndima.23),asi kwete kuvatendi vose.Mwari haagare muzvidzidzo zvangu zvouMwari.Zvidzidzo zvangu zvouMwari hazvisati zviri izvo zvaMwari!

**14:6 “Nokuda kwaMwari”** Uyu mutsara unechirevo chechido,uyo unoshandiswa rutatu mundima.6 neruviri mundima.8.Sarudzo dzevamararamiro dzevatendi chaivo dzinoitirwa “KunaIshe” (cf.vaEfeso.6:7 navaKorose.3:23), kwete zvavanoda pazvima,mafungiro kana tsika pamwe nebande rekereke yavo!

**14:7 “Nokuti hakuna mumwe wedu anozviraramira iye oga”** Hakuna muKristu anorarama sechitsuwa. VaKristu vanoraramira Kristu(cf.ndima .8). Zviito zvevatendi zvinobata vamwe vanhu.Ivo chikamu chemhuri huru yeMweya.Naizvozvo,vanofanira kudzora rusununguko rwavo murudo(cf.1vaKorinde.10:24,27-33). Vanofanira kubvumira vamwe kuti vamwe vakurewo. Kutevera mutemo kunounza kuzviita munhu akarurama, uko kusiri kwaMwari.Mazwi aJesu okutsamwa nokusvora akanga akanangana nevaFarisi avo vaizviita vakarurama.

**14:8 “Kana....kana”** Iyi mitsara miviri inoreva zvichaitika muneremangwana.Vatendi vanoshumira Mwari munezvese zvavanobata mazviri(cf.vaEfeso.6:7;vaKorose.3:23)!

**14:9 “Ishe wapakafa navapenyu”** Uyu muronga wemazwi usina kujairika .Murongerwo wawo unogona kureva kufa nokumuka kuvakafa kwaJesu.Iye zvino ava namasimba pamusoro perufu noupenyu.

Iyi zvokwadi ndiyo inoumba muronga wezvidzidzo zvouMwari wokuti sei vaKristu vasingafanire kuzviraramira,asi kuraramirawo vamwe vatendi.Havazvimiriri ivo pachavo;vakatengwa .Ndivo varanda vaJesu,uyo akafira zvivi zvavo kuti vasave varanda kuzvivi,asi kunaMwari (cf.vaRoma.6). Vatendi vanofanira kutevedzera hupenyu hwaKristu hwerudo rweushumiri nokufira kuzvitutumadza kwavo (cf.2vaKorinde.5:14-15; vaGaratiya. 2:20; 1Johani.3:16).

**NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):14:10-12**

**<sup>10</sup>Asi iwe,unopireiko hama yako mhosva? kana newewo, Unozvidzireiko hama yako? Nokuti isu tose tichamira pachigaro chokutonga chaMwari.<sup>11</sup> Nokuti kwakanyorwa, kuchinzi, “Noupenyu hwangu ndizvo zvinoreva Ishe, ibvi rimwe nerimwe richandipfugamira, rurimi rumwe norumwe ruchakudza Mwari.”<sup>12</sup> Naizvozvo mumwe nomumwe wedu achazvidavirira kuna Mwari.**

**14:10”Asi iwe”**Izvi zvakaiswa pokutanga kuitira kumikidzo.

▣ Mibvunzo miviri yemundima.10 ndiyo donzvo rendima.1-12.Zvikwata zviviri zvinorehwa mundima.3 zvinofananidzwa zve.Chimwe chikwata “chinopa mhosva”uku chimwe chichi”zvidza.”Maitiro ose aya haana kunakira “varanda!”Ishe wavo Jesu Kristu,ndiye chete anekodzero yoku”tsoropodza “kana”kusvora.”Kuti vatendi vazviite vatongi(1)zvinotora nzvimbo yaMwari(2)chinhu chisina kuperera.

▣ **“Tichamira pachigaro chokutonga chaMwari”**Zvokwadi imwecheteyo iyi inotaurwa muna2vaKorinde.5:10.Vatendi vachatsanangura kunaMwari nyaya yemabatiro avanoitana.Jesu anenge ari mutongi mutsvene(cf.Mateu.25:31-46).

Bhaibheri reNKJV rinemutsara wokuti”chigaro chokutonga chaJesu.”Zvinyorwa zvechiGiriki izvo zvinotsigira bhaibheri reKJV ndiwo okutanga ayo anogadzurudza zvinyorwa zvakare zvechiGiriki  $\alpha^2$ , naC<sup>2</sup>.Izwi rokuti “*Theos*” riri muMSS  $\alpha$ ,B,C,D,F naG. Vanyori vanogona kunge vakashandura zvinyorwa zvechiGiriki kuti zvifambirane na2vaKorinde. 5:10. Zvinogonekawo kuti vanyori vakashandura ndima iyi kuti ipikise maonero aJesu anonzi “kuitwa hama.”Kune kusiyana kukuru kwezvinyorwa zvakawanda izvo zvinoita sokuti zvakaitwa kuti zvienderane nezvinyorwa zvakare(cf.gwaro ravaBart D.Ehrman rinonzi;kukanganiswa kweshoko kwekare,rakatsikiswa neOxford University Press”*The Orthodox Corruption of Scripture,pp,90-91.*” Gwaro reUBS<sup>4</sup>rinopa izwi rokuti”*Theos*”chipimo chechipiri“B” Kureva kuti pedo nechokwadi.

**14:11 “Nokuti zvakanyorwa”** Iyi ishongedzo yokureva kuitirwa .iyi yaiva tsumo yechiHebheru yaishandiswa kutsanangura mazwi akatuswa nemweya emutestamende yekare.iyi itsigiro yaIsaya.45:23,ayo akashandiswa munavaFiripi.2:10-11.

☐ **“Noupenyu hwangu”**uyu muronga wemhiko uyo unova dambanemazwi rokureva zita rechisungo raMwari.”YHWH”Unovawo chimiro chezwi rechiito rechiHebheru rokuti”kuva”(cf.Ekisdho.3:14).Ndiye anorarama zvachose,mumwe Mwari anorarama.Naizvozvo arikupika noupenyu hwake.Tarira nhaurwa inokosha :Mazita ouMwari pa9:29.

**14:12 “Naizvozvo mumwe nomumwe wedu achazvidavirira kuna Mwari”** VaKristu vachatongwa(2vaKorinde.5:10),neavowo vanotsoropodza vamwe vachatongwawo.Zvimwe zvinyorwa zvechiGiriki zvinosiya mutsara wokuti ”kunaMwari.” Zvinoratidzwa pachena nechirevo chechinyorwa. Kusiyana uku kunogona kunge kwakakonzerwa nekusiyana kuri mundima.10.Gwaro reUBS<sup>4</sup>rinopa kuisirwa kwaro muchinyorwa (kureva.,MSS N,A,C,D) Chipimo chechatatu(zvakaoma kupa rutemo).

#### **RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWAVAROMA.14:13-23**

- A. Nyaya yokuti vaKristu vanobatana sei yakatanga mundima.1-12.Inobva pachokwadi chokuti vanofanira kugamuchira mhando dzose dzavaKristu nokuti Kristu,anova iye tenzi nemutongi wavo,anogamuchira zvikwata zvose izvi zvakakwana.Kazhinji zvinhu zveMweya zvinokosha kune chimwe chikwata nokuda kwenhorondoyacho,hunhu,vabereki,zvavanoda,zvoupenyu nezvimwewo.hazvikoshe kunaMwari.
- B. Bande repiri renhaurwa yerusununguko nemurandu wevaKristu inoubwa nemamwe maonero.Mundima idzi ,ndirwo rudo rwemutendi kunaMwari,munaKristu,runomupa kurudziro yokuda vamwe vaKristu.Sezvo Kristu akapira hupenyu hwake kuvatendi,vanofanirawo kupira rusununguko rwavo kuna avo(kureva.,vamwe vatendi)vaakafira(cf.2vaKorinde.5:13-14;1Johani.3:16).Iyi kumikidzo yerudo sehwaro hwekurudziro youpenyu hwevaKristu inoonekwawozve munavaRoma.13:8-10 muukama hwevatendi nevasiri vatendi.
- C. Chokwadi chokuti zvinhu zvose munyika zvakachena chinonetsa kugamuchira kunavamwe vaKristu.Kazhinji chero vatendi vanopomerawo zvivi pa”zvinhu “kunze kwekuzvipomera (kureva.,”nyaya yemadhimoni”) Pauro anodonongodza zvakanyanya kutizvinhu zvose zvakachena9cf.14:14,20;1vaKorinde.6:12;10:25-26;1Timoti.4:4;Tito.1:15).Mitsara yake inofambirana neyaJesu pamusoro pezvokudya

munaMako.7:18-23.Zvokudya zvakasviba nezvisina zvakashandiswa kutsanangurira Petiroso kugamuchirwa kwaKonerio naMwari munaMabasa.10:15.

- D. Bande rino rinotaura kuna “vakasimba.”Pauro anobvuma kusaperera kwenyaya yomutsara wokuti”zvinhu zvose zvakachena,”Asi anowedzera kuti zvinhu zvose hazvivake kana kupa rujeko kumhuri yaMwari(cf.1vaKorinde.6:12;10:23).Rusununguko rweuyo akasimba runokanganisa vamwe vaKristu.Vatendi ndivo vachengeti vevamwe vavo,kuburikidza naKristu uye kuitira Kristu.
- E. Zvinoshamisa kuti Pauro haadonongodzi kana kureva kuti”vasina kusimba “vari mugwara reMweya rokuzova”vakasimba.”Nhairwa yose yiy haiyatauri nezvekukura munyasha,asi kudiwa kwerudo pakati porunzwisiso rwechiKristu.Kuiswa kwevatendi muzvikwata kungori nechekuita nehunhu hwavo,dzidziso yezvinamato,nezveupenyu hwavo kupfuura “kunaka” kana “kushata.”Basa romutendi harisi rokushandura vamwe, asi rokuratidza rudo neruremekedzo kune chimwe chikwata.Inyay yehana, kwete pfungwa.Mwari akada ,akagamuchira uye akapa mwanakomana wake kuvanhu,zvikwata zvose.

## DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):14:13-23**

**<sup>13</sup> Naizvozvo ngatirege kuramba tichitongana;asi zviri nani kuti mutonge,kuti munhu arege kuisa chigumbuso kana chinopingaidza pamberi pehama yake.<sup>14</sup>Ndinoziva, nokuzivisisa kwazvo munaIshe Jesu,kuti hakuna chinhu chine tsvina.<sup>15</sup>Nokuti kana hama yako ichisvibiswa mwoyo nokuda kwezvokudya,iwe hauchafambi norudo.Usaparadza nezvokudya zvako uyo akafirwa naKristu.<sup>16</sup>Naizvpozvo kunaka kwenyu ngakurege kuzvidzwa. <sup>17</sup>Nokuti ushe hwaMari hazvizi zvokudya kana zvokunwa,asi kururama, norugare, nomufaro muMweya Mutsvene.<sup>18</sup> Nokuti unobatira Kristu pazvinhu izvi,anofadza Mwari,uye anotendwa navanhu.<sup>19</sup>Nokuti ngatitsvake izvo zvinhu zvinouyisa rugare nezvatingasimbisana nazvo.<sup>20</sup>Regai kuparaza basa raMwari nokuda kwezvokudya.Zvinhu zvose zvakanaka hazvo,asi zvakaipira munhu anodya achigumbusa vamwe.<sup>21</sup>Zvakanaka kusadya nyama,kana kusanwa waini,kana kusaita chimwe chinhu chingagumbusa hama yako.<sup>22</sup>Kana uri iwe, kutenda kwaunako uve nako umene pamberi paMwari.Akaropafadzwa munhu uyo asingazvipi mhosva pazvinhu zvaanozvitendera.<sup>23</sup>Asi uyo anonyunyuta ava nemhosva kana achidya, nokuti haadyi nokutenda; zvose zvisingabvi pakutenda, zvivi.**

**14:13 “Ngatirege kutongana”** Ichi chirevanguva chetsiudzo chinoreva zviri kuitika uye chichinongedza zvingangoitika muneremangwana, kurevawozve kumiswa kwezviri kutoitika.Iyi

haisi yambiro asi kuti kurambidza.Zvinofanana nezviri mundima.16. Izwi rokuti “kutonga” rakashandiswa katatu naPauro mundima.1-12 uye runawo mundima.13-23.

### **NHAURWA INOKOSHA:KO VAKRISTU VANOFANIRA KUTONGANA HERE?**

Nyaya iyi inofanira kubatwa nenzira mbiri.

1. VaKristu vanoyambirwa kuti vasatongana (cf.Mateu.7:1-5; Ruka. 6:37, 42; vaRoma. 2:1-11; Jakobho.4:11-12)
2. VaKristu vanoyambirwa kuongorora vatungamiri(cf.Mateu.7:6,15-16; 1vaKorinde. 14:29; 1vaTesaronika.5:21;1Timoti.3:1-13;na1Johani.4:1-6)

Dzimwe nzira dzokuongorora dzingabatsira ndeidzi.

1. Chinangwa cheongoror chinofanira kuva chokutsigira(cf.1Johani.4:1—“yedza” nechinangwa chokutsigira)
2. Ongororo inofanira kuitwa nounyoro nokuzvininipisa(cf.vaGaratiya.6:1)
3. Ongororo haifaniri kuitirwa zvinodiwa nomuongorori pazuma(cf.vaRoma.14:1-23;1vaKorinde.8:1-13;10:23-33)
4. Ongororo inofanira kuona vatungamiri vasina kumbova namabasa anoshoresa mukereke kana mumana(cf.1Timoti.3).

☐ **“munhu arege kuisa chigumbuso kana chinopingaidza pamberi pehama yake”**Ichi ndicho chirevo chezviri kuitwa uye zvicharamba zvichiitwa ,uye chine shongedzo yekumiswa kwezvirikuitwa.Zvokwadi imwecheteyo inodonongodzwa mundima.21 na1vaKorinde.8:9.

Izwi rokuti”chipingaidzo”rinoreva chinhu chiri munzira icho chinogumbusa munhu.Izwi rokuti”chipingaidzo chinogumbusa”rinoreva kwazvo kwazvo ,mhindya yemuteyo wemhuka.

Kune nyaya yezibatakose muchiKristu. Tiri vachengeti vavamwe vatendi, vakurudziri, neshamwari. kutenda ndiko kuva mhuri!

#### **14:14**

**NASB** “Ndinoziva ,nokuzivisisa munaIshe Jesu”

**NKJV** “Ndinoziva,nokuziviswa naIshe Jesu”

**NRSV** “Ndinoziva ,nkugombedzerwa munaIshe Jesu”

**TEV** “Kubatana kwangu naIshe Jesu kunondiita kuti ndive nechokwadi”

**NJB** “Zvino ndinoziva kwazvo kwazvo uye ndinotaurira Ishe Jesu,”

Apa pane chirevo chokureva zvirikuitwa,chechimiso cheizwi rokuti *oida*,iro rakashandiswa nenzira yechirevanguva chezvirikuitika pamwe nechirevo chomunongedzo wozvakaitirwa.Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” ndinoramba ndichiziva uye ndakaziva pamwe nokuzivisisa.”Uku kudzororwa kwezvokwadi iri mundima.5b nendima.22-23.Kunzwisisa zveMweya kwevatendi kunobva pahukama hwavo naJesu kuburikidza neMweya Mutsvene.Vanofanira kurarama muchiedza chavainacho.

☐ **“Kuti hakuna chinhu chine tsvina”**Zvokwadi imwecheteyo inotaurwawo kwazvo munaMabasa.10:9-16. Zvinhu hazvina kuipa, vanhu ndivo vakaipa. Hakuna chinhu chakasikwa chakaipa (cf.ndima20; Mako.7:18-23; 1vaKorinde.10:25-26; 1Timoti.4:4 naTito.1:15)!



☐ **“Asi kunouyo anofunga kuti zvine tsvina, kwaari zvine tsvina”** Izvi zvaireva kuva netsvina panyaya dzokunamata. Vatendi vanofanira kuongorora zviito zvavo maringe nomurangariro wavo (cf. ndima.5,22-23) kunyangwe vasina ruzivo rwakakwana pamusoro pechinhu ivo ngavafambe muchiedza chavainacho pamberi paMwari. Havafanirewo zvakare kutongesa vamwe vatendi pamusoro pechiedza chavainacho kunyanya panyaya dzisina chirevo chakati twasa. (cf. 14:1,3,4,10,13).

**14:15 “Nokuti kana hama yako ichisvibiswa mwoyo nokuda kwezvokudya”** Uyu mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi pamaonero emunyori. Rudo kwete kodzero; basa rokuita kwete rusununguko ndizvo zvinopa gwara kumararamiro edu.

Izvi hazvirevi (1) mitemo yezvokudya yevaJudha (cf. Revhitiko.11) kana (2) nyama yaipirwa kuvamwari vekuveza (1 vaKorinde.8-10). Ndima.20 inoburitsa zvokwadi iyi zvakajeka.

☐ **“Iwe hauchafambi norudo”** Izvi zvinowanzo danwa kuti” mutemo wokusununguka” (cf. Jakobho.1:25;3:12),” mutemo woushe” (cf. Jakobho.2:8), kana “mutemo waKristu” (cf. vaGaratiya.6:2). Pane basa negwara rechisungo chitsva!

☐

<b>NASB,NKJV</b>	<b>“Usaparadza nezvokudya zvako uyo akafirwa naKristu”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Usaita kuti zvokudya zvako zviparadze uyo akafirwa naKristu”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Usarega zvokudya zvako zvichiparadza uyo akafirwa naKristu”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Kwazvo kwazvo hauna mvumo yokudya zvokudya zvako kana zvichiparadza uyo akafirwa naKristu”</b>

Apa pane chirevo chezvirikudokwairirwa pamwe nechirevanguva chokurambidza zvirikuitwa. Nzira yematauro iyi yakadzama zvokwadi. Kusununguka kwavamwe vaKristu hakufanire kuparadza vamwe vaKristu! Izvi hazvirevi kushaikwa kweruponeso, asi kushayikwa kwerugare, simbiso noshumiri chihwo. Verenga gwaro rava F.F. Bruce, rinonzi, mhinduro kumibvunzo *Answers To Questions, pp.88-89.*

Izwi rokuti”kuparadza” ndiro izwi rechiGiriki rokuti *hupeō* iro rinoreva kuti “kukonzera dambudziko, nhamo, kana marwadzo” (zvimechetezvo muLXX). Pauro anonyanyoshandisa izwi iri muna2vaKorinde. (cf. 2:2,4,5;6:10;7:8,9,11). Kutikuparadza ishandurudzo yakadzama. Izvi hazvirevi kushayikwa kweruponeso, asi ruvimbo rweMweya Mutsvene pamusoro pokunyangadzwa kweruvimbo rwemunhu pazvima. Kana zviito zvevutendi zvisingabvi pakutenda, zvivi (cf. ndima.23).

**14:16**

<b>NASB</b>	<b>“Naizvozvo kunaka kwenyu ngakurege kuzvidzwa”</b>
<b>NKJV,NRSV</b>	<b>“Naizvozvo kunaka kwenyu ngakurege kutauro noruzvidzo”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Naizvozvo kunaka kwenyu ngakusava nezita rakaipa”</b>

**NJB**

**“Musazvidza kunaka kwenyu”**

Izvi zvinoreva zvirikudokwairirwakuitirwa pamwe nechirevanguva chokurambidza zvirikuitwa.Rusununguko runogona kushanduka ruchiva mvumo!

“Kunaka” uku, mundima ino kunoreva zviito zvemutendi akasimba pakutenda kwake.Kana mutendi akasimba pakutenda kwake akaita zvinoita kuti avo vasina kutenda kwakasimba vanyangadzwe nokuparadzwa paMweya,”kunaka “kunova mukana wowakaipa!

Ndima iyi inoshanduka kubva pakureva pakubatana kwavatendi ichienda kunyaya yokubata vasingatendi(cf.ndima.18b).Izwi rechiito rinobva paizwi rokuti”kunyomba”(sokutaurwa kwaro)iro rinonyanyoshandiswa kureva vasingatendi.

**14:17 “Ushe hwaMwari”** Aya ndiwo mashandisirwe omutsara uyu chete munavaRoma.Inhaurwa yaJesu inyanyotaurwa.Izvokwadi izvozvi pamwe nokumunyungirwa muneremangwana(cf.Mateu.6:10).

Zibtakose roupenyu hwemuviri waKristu rinokosha kupfuura kuitwa kworusununguko rwemunhu pazvima!Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

**NHAURWA INOKOSHA :USHE HWAMWARI**

Mutesatmende yekare Mwari “YHWH” ainzi ndiye mambo weIsiraeri (cf.1Samueri. 8:7; Mapisarema. 10:16; 24:7-9; 29:10; 44:4; 89:18; 95:3; Isaya.43:15; 44:4,6) naMesiasi samambo chaiye (cf.Mapisarema.2:6; Isaya.9:6-7; 11:1-5). Nokuzvarwa kwaJesu kuBheterehema(6-4B.C.)Ushe hwaMwari hwakapararira mu nhoroondo yavanhu nesimba idzva pamwe norudzikinuro(chisungo chitsva,cf.Jeremiya.31:31-34;Ezekieri.36:27-36).Johani mubhabhatidzi akashevedzera kusvedera kwoushe((cf.Mateu.3:2;Mako.1:15).Jesu akadzidzisa zvakajeka kuti ushe huri maari nemudzidziso yake(cf.Mateu.4:17, 23; 9:35; 10:7; 11:11-12; 12:28; 16:19; Mako.12:34; Ruka. 10:9, 11; 11:20; 12:31-32; 16:16; 17:21). Asi ushe huriwo remangwana (cf.Mateu.16:28; 24:14; 26:29; Mako.9:1; Ruka.21:31; 22:16, 18).

Muenzaniso yemagwaro evhanger mana okutanga munaMako naRuka tinowana mutsara wokuti, “ushe hwaMwari.” Iyi nhaurwa yedzidziso yaJesu, inechekuita nokutonga kwaMwari mumwoyo yavanhu zvino, iyo, nerimwe zuva ichazomunyungirwa pasi rose.Izvi zvinoratidzwa nomunyengetero waJesu munaMateu.6:10.Vhangeri yaMateu yakanyorerwa kuvaJudha ,naizvozvo yakasarudza mutsara usingashandisi izwi rezita raMwari rokuti(ushe hwaMwari), ukuwo , vhangeri yaMako naRuka idzo dzakanyorerwa kuvaHedheni,dzinoshandisa nan’anuro yakajairika, yokureva zita rouMwari.

Uyu mutsara mukuru kwazvo muvhangeri ina dzokutanga.Mharidzo dzokutanga nokupedzisira dzaJesu, nemifananidzo yake mizhinji yaibata nhaurwa iyi.Inoreva kutonga kwaMwari mumwoyo yavanhu iko zvino!zvinoshamisa kuti Johani anoshandisa mutsara uyu ruviri chete(haana kumboushandisa mumifananidzo yaJesu).Muvhangeri yaJohani “upenyu nokusingaperi”ndiro dimikira guru.

Makakatanwa nemutsara uyu anokonzerwa nokuuya ruviri kwaKristu.Testamende yekare yaingotaura nezvekuuya kamwe kwaMesiasi—kuuya kwehondo,kwekutonga kunobwinya—asi testamende itsva inoratidza kuti akauyakokutanga somuranda anotambura womunaIsaya.53 uye samambo akazvininipisa womunaZekariya.9:9.Nguva mbiri dzechiJudha,nguva youipi nenguva yokururama,dzinovirikana.Iko zvino Jesu anotonga mumwoyo yavatendi,asi ,nerimwe zuva

achatonga zvisikwa zvose. Achauya zvakarehwa mutestamende yekare! vatendi vanorarama “zvatoitwa” maringe ne”zvisati”zvoushe hwaMwari (cf. va Gordon D. Fee nava Douglas Stuart, mugwaro ravo rinonzi; maverengerwo ebhaibheri nezvariri zvose) *How to Read The Bible For Its Worth*, pp. 131-134).

▣ **“Asi kururama, norugare, nomufaro muMweya Mutsvene”** Mweya mutsvene ndiwo unopa zvinhu izvi kuvatendi, mumwe nomumwe wavo pamwe nechita chevatendi. Aya ndiwo maitiro emhuri yaMwari, kunze nemukati.

Izwi rokuti “kururama” rinoshandiswa naPauro nenzira yakasanangurwa. Tarira nhaurwa inokosha pa 1:17. Kazhinji kwaari rinoreva kururama kwokungopiwa, kwerutemo (kupoimwa) naMwari kururegerero nokumira kwavo munaKristu (cf. 3:21-31; 4). Vatadzi havangoverengwi chete sevakarurama, vacharurama. ichi chipo pamwe nevavariro, munongedzo pamwe nerudokwairirwo, chiito chokutenda neupenyu hwekutenda! Tarira nhaurwa inokosha pa 6:4.

**14:18** Kuzvidzora kwevatendi vachiitira vamwe vatendi avo vasina kusimba pakutenda ndihwo ushumiri kunaKristu pachake. Hakuna imwe nzira yokuratidza rudo rvedu kunaKristu inopfuura kunatsira nokudzivirira avo vaakafira.

▣ **“Anotendwa navanhu”** Izvi zvinogona kureva kuti rudo rwemuKristu kuna vamwe runogona kuzarura musuo weushumiri nokupupura kuna avo chokutenda ndiko kupupura kwakasimba, nenzira yakanaka kana yakaiipa.

**14:19 “Ngatitsvake”** Izwi rokuti *diōkō* iro rinova tsumo inowanika zvikuru mutestamende yekare, mubhaibheri rekare rechiGiriki “Septuagint” uye inowanikwawo muzvinyorwa zvaPauro, rinoreva kuti”kutevera nokuda zvikuru” kana kuti”kuedza kuwana neshungu.” Pauro anoshandisa izwi iri munavaRoma. 9:30, 31; 12:13; nepano nenzira yokureva kuti”kutsvaka,” asi munavaRoma. 12:14 kureva avo vanoshungurudza vatendi (cf. 1vaKorinde. 4:12; chero kureva iye pachake, 15:9; 2vaKorinde. 4:9; vaGaratiya. 1:13, 23; vaFiripi. 3:6).

Uyu unogona kuva munongedzo wevirikuitika (**MSS  $\alpha$ , A, B, F, G, L naP**) Kana wezvirikuitika uye zvinogona kuramba zvichiitika muneremangwana (**MSS C, D**) Zvakashandiswa neshongedzo yokureva zvirikudokwairirwa. Gwaro reUBS<sup>4</sup> rinopa shongedzo yokureva zvicharamba zvichiitika muneremangwana iyi chipimo chechina ”D” (kureva kuti zvakaoma kupa rutemo).

Tarira zvinhu zvinofanira kutsvakwa navaKristu.

1. Kuitira mwoyo chena
2. Zvinhu zvorugare nokusimudzirana, 14:19
3. Rudo, 1vaKorinde. 14:1
4. kuvasaKristu, vaFiripi. 3:12, 14
5. zvakanakira mumwe nomumwe pakati pedu uye vanhu vose, 1vaTesaronika. 5:15
6. kururama, uMwari, kutenda, rudo, kutsungirira, nounyoro, 1Timoti. 6:11
7. kururama, kutenda, rudo, norugare, naavo vanodana Ishe nemwoyo wese, 2Timoti. 2:22

☐ **“Rugare nezvatingasimbisana nazvo”** Iyi ndiyo inofanira kuva vavariro yomutendi pazvinhu zvose(cf.Mapisarema.34:14;vaHebheru.12:14).Rusununguko nenzwisiro yomunhu pazvidzidzo zvouMwari ndizvo zvinofanira kusimbisa kukura kwemuviri waKristu(cf.15:2;1vaKorinde.6:12;14:26;vaEfeso.4:12).Tarira nhaurwa inokosha :Simbisa pa.15:2.

**14:20 “Regai kuparadza basa raMwari”** Uyu mutsara unonongedza zvirikudokwairirwa kuitika pamwe nechirevanguva chokurambidza, zvichireva kurambidzwa kwezvirikuitwa.Iri izwi rechiiito remubatanidzwa rakadzama (*kata+luō*).Rinoshandiswa rutatu chete muzvunyorwa zvaPauro (cf.2vaKorinde.5:1 kureva rufu nemunavaGaratiya.2:18 nenzira iyi pano,yokureva kuparadza). Pane dabanemazwi pakati pezwi rinoreva kuti “kusimbisana” mundima.19 neizwi iri,iro rinoreva kuti “kuparadza.”Ose mazwi aya ndezechibhende chezvivakamutauro. Chii chinonzi “basa raMwari”muchirevo chechinyorwa chino?Hazvingarevi kukura pakutenda,asi basa reMweya muupenyu hwevatendi “vasina kusimba pakutenda”Hapana pazvakarehwa naPauro muchirevo chechinyorwa chino kana muna1vaKorinde.8-10,kuti chikwata chimwe chevatendi chinofanira kubatsira chimwe panyaya dzokushanduka!

☐ **“Zvinhu zvose zvakanaka hazvo”**Tarira chinyorwa pandima.14.

☐

**NASB** “Asi zvakaipira munhu anodya achigumbusa vamwe”

**NKJV** “Asi zvakaipira munhu anodyira kugumbusa”

**NRSV** “Asi zvakaipa kana uchiitira kuwisa vamwe”

**TEV** “Asi zvakaipa kudya chkudya chinoisa mumwe muzvivi”

**NJB** “Asi zvakaipa kana nokudya kwako uchiita kuti vamwe vawe”

Ndima ino ndiyo zvokwadi chaiyo yechikamu chino(cf.1vaKorinde.10:25-26;Tito.1:15).

Izvi zvinoreva nyama yaipirwa kuvamwari vekuveza(cf.1vaKorinde.8-10).Nyama iyi yakaipa kana kuti yakashata,asi kana mutendi asina kusimba pakutenda ,uyo anofunga hazvina kunaka ,akaona mumwe mutendi achiidya,akadyawo,izvo zvisina kwazvakarerekera patsika ,anoita chivi nokuti zvinonyangadza murangariro wake pazvima wekuda kwaMwari (cf.ndima.23).

Shandurudzo zhinji dzechirungu dzinoti mutsara unoreva “mutendi akasimba pakutenda kwake” pakuti nokudya kwake, uyo asina kusimba pakutenda anotevedzerawo. Shandurudzo yeBhaibheri reNASB iyo inoitwa nevesangano reKaturike inopawo imwe nzira yokuti mutsara uyu unoreva “mutendi asina kusimba ,“ ”Asi zvakaipira munhu kudya kana chokudya chichinyangadza murangariro wake.” Muchirevo chechinyorwa ,tsanangudzo yokutanga inoratidza kuva yakanaka ,asi kusanyatsojeka uku kunogona kuine chinangwa chokureva zvikwata zvose sezvinoita ndima.22-23.

**14:21** Iri ishoko reyambiro kune avo “vakasimba pakutenda kwavo.”Uhwu ndihwo hwaro chete huri mubhaibheri hwezvidzidzo zvouMwari hwokureva “kurega zvachose”zvimwe zvokunwa

kana zvokudya.VaKristu vakasimba vanofanira kuzvidzora kuitira hama neavo vanotsvaka (vanhu vakarasika).Zvizhinji zvokuzvidzora zvinechekuita netsika dzemagariro,nzvimbo dzinogarwa kana kereke dzinopindwa.

Pane mazwi echiito anoreva zvakaitwa uye zvine zierendamberi pamwe nechirevanguva chokurambidza /tsiudzo icho chinoreva kuti “usafa wakatanga chiito.”Vamwe vakapirikira mazwi echiito aya sokuti anoshanda chete mune zvimwe zviitiko(cf.1vaKorinde.8-10). Zvokwadi kudya nokunwa hakungarambidzwi.

**14:22**

- NASB** “Kutenda kwaunako uve nako umene pamberi paMwari.Akaropafadzwa munhu uyo asingazvipi mhosva pazvinhu zvaanozvitendera”
- NKJV** “Unokutenda here?uve nako umene pamberi paMwari.Akaropafadzwa munhu uyo asingazvipi mhosva pamberi paMwari.”
- NRSV** “Kutenda kwaunako,uve nako umene pamberi paMwari.Akaropafadzwa munhu asingazvipi mhosva pazvinhu zvaanozvitendera”
- TEV** “Chengetedza zvaunotenda pamusoro penyaya iyi,pakati pako naMwari.Akaropafadzwa asingazvipi mhosva pazvinhu zvaanozvitendera”
- NJB** “Batirira pakutenda kwako,pakati pako naMwari—uti ane rombo rakanaka munhu uyo anoita rutemo rwake asinga pikisani nomurangariro wake.”

Urwu ndirwo rutsigiro rwokuti vatendi vanofanira kurarama muchiedza chavo chomurangariro webhaibheri uyo unotungamirirwa neMweya Mutsvene(cf.ndima.5). Vanofanira kufamba muchiedza chavainacho;asi kwete kuitira kuti anyangadze kutenda kwevamwe vatendi. Ndimu.22 inotaura nezve ”vatendi vakasimba pakutenda ,“ ukuwo ndima.23 inotaurawo nezve “vatendi vasina kusimba pakutenda.”

Ndimu 22 inotanga nomusaku wechinyorwa.Inogona kuva mubvunzo (NKJV)kana kuva mutsara(NASB,NRSV,TEV,neJB).

☐ “Zvaanozvitendera”Tarira nhaurwa inokosha pa.2:18.

**14:23 “Asi uyo anonyunyuta”** Ichi ndicho chirevanguva chinoreva zvirikuitwa.Izvi zvinoreva vaKristu voukorokodzwa vanorehwa mundima.3.

☐ “Ava nemhosva” Uyu mutsara unoreva kuitirwa . kubva pamubatanidzwa wemazwi okuti *kata+krinō*,uchireva kuti

1. “kuva nemhosva semuenzaniso”(cf.vaHarold K.Moulton,muduramazwi ravo reongororo rechiGiriki rakanyorwa patsva”*The Analytical Greek Lexicon Revised,p.216*)

2. “kwete kuva nemhosva,asi chirango chomutongo” (cf.vaRoma. 5:16, 18; 8:1 [cf. vaMoulton nava Milligan, mugwaro ravo rinonzi,Mazwi emutestamende yechiGiriki;”*The Vocabulary of the Greek Testament*,p.328])

Pano izvi zvinoreva kunyangadzika kwemurangariro wemunhu nemarwadzo anechekuita nokutonga kweMweya Mutsvene.

▣ **“Kana achidya”**Uyu mutsara unechirevo chezvichaitika muneremangwana.

▣ **“uye zvose zvisingabvi pakutenda ,zvivi”**Panyaya dzisna chirevo chakajeka dzemubhaibheri,chivi chinyangadzo chomurangariro wedu,kwete kutyora mutemo.tinofanira kufamba muchiedza chatiinacho—zvizarurire chiedza chakawanda kubva mubhaibheri neMweya

Kunzwisisa kuda kwaMwari kwevatendi(kuti”kutenda “muchirevo chechinyorwa)kunofanira kupa rutemo kuzviito zvavo.Zvinogoneka kuti vatendi vakakura pakutenda vave nemaonero akasiyana pamusoro penyaya dzemubhaibheri dzisina chirevo chakajeka uye vose vari mukuda kwaMwari.

▣ Zvimwe zvinyorwa zvechiGiriki zvine gwaro redzdziso yemaonero ravaRoma.16:25-27 kumapeto echikamu.4.Zvimwe zvine gwaro iri munzvimbo dzose dziri mbiri.Chimwe chinyorwa chakare,P<sup>46</sup>,chine dzidziso iyi pamapeto echikamu.15.Pane nzvimbo nhanhatu dzakasiyana dzechidzidzo ichi muchinyorwa chakare chechiGiriki chavaRoma.Kuti uve nenhaurwa yakazara panyaya iyi verenga gwaro ravaBruce Metzger iro rakatsikiswa neveUnited Bible Societies,rinonzi Tsoropodzo yechinyorwa cheTestamende itsva yechiGiriki”*A Textual Commentary of the Greek New Testament pp.533-536.*”Heino pfupiso yenzira dzemaonero panyaya iyi.

1. Munyori ,Origen anoti umwewo mugarandoga ainzi Marcion wekuRoma ndiye akabvisa zvikamu zvokupedzisira zviviri zvavaRoma.Izvi ndizvo zvinoita kuti pave nedzidziso iri muchikamu.14.
2. Vamwewo vadzidzi vanofunga kuti Pauro akanyora imwe tsamba yavaRoma ,chikamu.1-14 ndokuzoona kuti aifanira kutumira tsamba imwecheteyo kuvaEfeso;kureva chikamu.1-16.Dungwerungwe rekwaziso riri muchikamu.16 rinoratidza kuti tsamba yaienda kuvaEfeso ,kwete kuvaRoma.
3. Kwaziso iri muchikamu.16 ndeyevatendi vaiava munzira yokuenda kuRoma nokuti Akira naPirisira vaiva kuEfeso uye Havana kumbonyorwa kuti vaidzoka kuRoma
4. Dzidziso iyi haina kugara iripo uye yakatowedzerwa nevanyori pava paya kuitira gwara remanamatiro revanhu.

Gwaro ravaM.R Vincent rinonzi, Dzidzo dzemazwi”*Word Studies, vol.2,*”chine tsanangudzo inofadza.

“Maringe nemakwara emafungiro aya pane nyaya yokuti,kune zvose zvinozivikanwa kutizviripo zvezvinyorwa zvaPauro mugwaro reMSS (Izvo zvingakwana mazana matatu) zvose

zvemugwaro reMSS zvaunganidzwa,kusanganisira nezvose zvinokosha,zvinopa zvikamu izvi kuwirirana nekurongeka,kunze kwegwara redzidziso “(p.750).

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe,Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro.Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Tsanangudza mutendi “asina kusimba”? Pauro anoti Havana kukura pakutenda here?
2. Ko kusununguka kwavaKristu kunopindirana papi nebasa rechiKristu?
3. Ko zvisikwa zvose “zvachena” here kana kusava nekwarzvakarerekera(ndima.14,20)?
4. Ko sei nyaya yezvokudya yaiva yakakosha kuKorinde(cf.1vaKorinde.8,10)Rangarira kuti Pauro akanyora tsamba kuvaRoma ari kuKorinde?
5. Tsanangudza hukama huri pakati peruzivo,rusununguko nerudo muchikamu chino.
6. Ko hwaro hwokuadzana mukereke huri pakudii?
7. Ko sarudzo dzedu pazvima tinodziita kubva pakudii?
8. Ko zviito zvedu zvinoiteyi kunavamwe?Izvi zvinorevei kwatiri?
9. Ko tinoona sei hunhu hwechiKristu?
10. Ko zvinogoneka here kuti vaKristu vakura pakutenda vasabvumirane panyaya dzechiKristu uye vose vago gamuchirika kunaMwari?

# VAROMA 15

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Fadza vamwe kwete kuzvifadza 15:1-6	Kutakura mitoro yavamwe 15:1-6	Vakasimba vano fanira kutakurira vasina kusimba 15:1-6	Fadzai vamwe kwete imi kuzvifadza 15:1-6	(14:22-15:6)
Vhangeri kuvahedheni pamwe nokuvaJudha 15:7-13	Rumbidzai Mwari pamwe 15:7-13	15:7-13	Vhangeri kuvahedheni 15:7-12 15:3	15:7-12 15:3
Kutumwa kwaPauro 15:14-21	Kubva Jerusarema kusvika Iririka 15:14-21	Zvinyorwa zvepauzima 15:14-21	Chinangwa chaPauro chokunyora zvakadzama kudaro 15:14-21	Ushumiri hwaPauro 15:14-16 15:17-21
Hurongwa hwaPauro Hwokushanyira Roma 15:22-29	Hurongwa hwokushanyira Roma 15:22-29	15:22-29	Hurongwa hwaPauro hwokushanyira Roma 15:22-29	Hurongwa hwaPauro 15:22-26 15:27-29
15:30-33		15:30-33	15:30-33	15:30-33

## MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)

### ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyori, Ndiyo zve hwaro hwepirikirira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.



1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO PANDIMA.1-13**

- A. Nhairwa yerusununguko nemurandu/basa rechiKristu inoenderera mberi munavaRoma.15:1-13 kubva pachikamu 14.
- B. Doritori rose ravaRoma.14:1-15:13 rinogona kudonongodzwa sezvizvi
  1. Gamuchianani nokuti Mwari anoti gamuchira munaKristu(cf.14:1,3;15:7)
  2. Musatongana nokuti Kristu ndiye chete tenzi nomutongi wedu(cf.14:3-12)
  3. Rudo runokosha kupfuura rusunguko pazvima(cf.14:13-23)
  4. Tevera muenzaniso waKristu umpire kodzerodzenyu kuzvakanakira kukura kwavamwe(cf.15:1-13)
- C. 15:5-6 inoratidza vavariro yakapetwa rutatu yechidzidzo chechinyorwa chose chechikamu.14:1-15:13
  1. Garai murunyararo
  2. Garai maererano nomuenzaniso waKristu
  3. Nehana dzakabatana uye nokurumbidza Mwari pamwe
- D. Nyaya imwecheteyo yemakatanwa pakati perusununguko rwepazvima nebasa rezibatakose inotaurwa muna1vaKorinde.8-10.

## **DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI**

### **NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) : 15:1-6**

<sup>1</sup>Zvino isu, tine simba, tinofanira kutakura utera hwavasina simba, tisingazvifadzi.<sup>2</sup> Mumwe nomumwe wedu ngaafadze wokwake pane zvakanaka zvinosimbisa.<sup>3</sup>Nokuti Kristuwo haana kuzvifadza; asi sezvazvakanyorwa, zvichinzi, “kuzvidza kwavakakuzvidza nako kwakawira pamusoro pangu.”<sup>4</sup> Nokuti zvose zvakanyorwa kare,zvakanyorwa kuti isu tidzidze kuti tive netariro inobva pakutsungirira napakunyaradza kwaMagwaro.<sup>5</sup> Zvino Mwari wokutsungirira nowokunyaradza ngaakupeyi mwoyo mumwe pakati penyu, sezvinoda Kristu Jesu;<sup>6</sup> Kuti mukudze Mwari, baba vaIshe wedu Jesu Kristu, nomwoyo mumwe uye nomuromo mumwe.

**15:1**

**NASB** “Zvino isu,tine samba,tinofanira kutakura utera hwavasina simba”

**NKJV** “Saka isu tine simba tinofanira kubata murandu wokukonewa kwevasina simba”

**NRSV** “Isu tine simba kutakura avo vasina simba kana vowa”

**TEV** “Isu tine simba mukutenda tinofanira kubatsira vasina simba kutakura mitoro yavo”

**NJB** “Isu tine simba tinofanira kutakura zvichemo zvevasina simba”

Pamitsara iyi pane shongedzo yezviri kuitwa uye zvine ziendanberi zvakashandiswa nenzira yokureva zvinodokwairirwa.Kutaurwa kwevanesimba nevasina kunoratidza kuti chikamu 15chiri kuenderera mberi nenhaurwa yakatanga muchikamu 14:1.Zvinoita sokuda kuratidza makakatanwa mukereke yeRoma,nekereke dzose,nenzira iyo vaKristu vanorarama nayo

1. Nyaya dzisina kuti twasa dzemubhaibheri
2. Zvinodiwa mutestamende yekare
3. Maonero enyaya dzisina chokuita neunhu netsika

Bhuku rakandibatsira panya iyi nderakanyorwa nava Gordon Fee rinonzi,Vhangeri neMweya.”*Gospel and Spirit*.

Kuvaverengi vatsva vechirungu, kushandisa mutauro wokuti “akasimba” na “asina kusimba” zvinoratidza kuisa rusaruro muzvikwata. Iyi yaisava vavariro yaPauro.Chikwata chakasimba chairehwa avo vakanga vasununguka kubva muzvinamoto zvokupira.Hukama hwavo naMwari hauna chokuita nokuitwa kwemipiro kana kusaitwa kwezvinonzi zvinoera nezvinamoto. Chimwe chikwata chaiva chevaKristu vakazara, uye vakagamuchirwa zvakazara, uye chikwata chevatendi vakazvipira. Zvisineyi, vaiona nyaya yokutenda kwavo kuburikidza nezvavaimboita kare. Vatendi vechiJudha vaibatirira pakuitwa kwechisungo chakare kwedzidziso yechiJudha.VaHedheni vakanga vatendeutsa vaibatirirawo patsika nemaitiro avo akare.Asi onai kuti Pauro haana kuti kuita uku, “zvivi” pakati pevatendi .Zvaizongova zvivi kana vanyangadza murangariro wavo(cf.ndima.23).

Izwi rokuti *adunatos*, “kushaya samba” (cf.Mabasa.14:8) rinehochekeche neizwi rokuti *astheneō* (cf.14:1,21; 1vaKorinde.8:7,10,11,12;9:22), iro rinorevawo kuti “kushaya simba.”

Chinyorwa chinoreva kuti vaKristu havafanire kugamuchirana noutsatsanhi, asi vanofanira kudanana nokushandira pamwe. Izwi rokuti “kutakura” rakashandiswawo kureva Jesu”kutakura chipiyaniso” munaJohani.19:17 naRuka.14:27. Pauro aiziva makakatanwa anoitika pakati pevanhu vezvinamoto.Akadzidzswa naGamario, uyo aiva mudzidzisi wechiJudha wechikoro cheHireri.

☐ **“Tisingazvifadzi”**Uyu mutsara unechirevo chinoreva zvirikudokwairirwa kuti zviitike uine shongedzo yechirevanguva chokurambidza zvirikuitwa,kuzvitutumadza ndicho chiratidzo chokusakura;kutevera muenzaniso waJesu(cf.ndima.3;vaFiripi.2:1-11)ndicho chiratidzo chokukura.Uyewo,vakasimba ndivo vaitaurwa navo(cf.14:1,14,16,21,27).Izvi hazvirevi kuti kuchengetedza ruwadzano wakanga wava murandu wavo.Vasina kusimba vanotaurwawo navo munavaRoma.14:3,20,23;15:5-6,7.

**15:2 “Mumwe nomumwe ngaafadze wokwake”** Iri izwi rokuti “wokwake” rakashandiswa nenzira yokureva mumwe muKristu.Izvi hazvirevi kusazviitira zvakanaka,asi kuti munhu asa manikdzira ruzivo rwake panyaya dzisina kutitwasa dzeshoko.Kukura nokubatana kwomuviri

waKristu,kwete rusununguko rwemunhu pachake,ndiko kunokosha(cf.1vaKorinde.9:19-23;10:24-33;vaEfeso.4:1-16).



**NASB**

**“Zvokumusimbisa”**

**NKJV**

**“Zvinomusimbisa”**

**NRSV**

**“Zvakanaka zvinosimbisa wokwako”**

**TEV**

**“Kuitira kuvavaka mukutenda”**

**NJB**

**“Vabatssirei kuti vave vaKristu vakasimba”**

Iri ndiro dingindira rechikamu.14(cf.14:16,19).Ndikowo kuedzwa kwevzipo zveMweya uko kunowanikwa muna1vaKorinde.10:23;12:7;14:26;vaEfeso.4:29.

Muchirevo chechinyorwa chino zvinoreva kuti mutendi akasimba anozvidzora kuitira vavariro yokubatsira vamwe vaKristu kuti vakure mukutenda.Chinyorwa chava Joseph .A.Fitzmyer navaRaymond E. Brown chinonzi, tsoropodzo yebhaibheri reJerome “*Jerome Biblical Commentary,vol.2,*” chine tsoropodzo yakanaka pamusoro pendima iyi

“Mutsara uyu unowanzoreva kuti ‘kumusimbisa’ (iye wokwako),kureva kuzvipira pazvima kubatsira kukura kwomuvakidzani wako.Asi tichitarisa kuti Pauro anowanzoshandisa dimikira rechivakwa mutsamba dzake nenzira yezibatakose,zviripachena kuti pano zvakare, mutsara uyu unechirevo chekugarisana, nezibatakose (cf.1vaKorinde. 14:12;vaEfeso.4:12; vaRoma.14:19)” (p.328).

#### **NHAURWA INOKOSHA:SIMBISA**

Izwi iri rokuti *oikodomeō* nezvimwe zvimiro zvaro rinonyanya kushandiswa naPauro.Kwazvo kwazvo,rinoreva kuti”kuvaka imba”(cf.Mateu.7:24),asi rakazoshandiswa sedimikira/chibhende kureva:

1. Muviri waKristu,kereke,1vaKorinde.3:9;vaEfeso.2:21;4:16
2. Kuvaka
  - a. Hama dzisina samba,vaRoma.15:1
  - b. Vokwako/vavakidzani,vaRoma.15:2
  - c. Mumwe nomumwe,vaEfeso.4:29;1vaTesaronika.5:11
  - d. Vatsvene voushumiri,vaEfeso.4:11
3. Tinovaka kana kusimbisa ne
  - a. Rudo,1vaKorinde.8:1;vaEfeso.4:16
  - b. Kuzvidzora,1vaKorinde10:23-24
  - c. Kudzima fungidziro,1Timoti.1:4
  - d. Kunyaradza vanotaura panguva yokunamata (vaimbi, vadzidzisi, vaporofita, vanotaura nendimi, nevapirikiri),1vaKorinde.14:3-4,12
4. Zvinhu zvose zvinofanira kusimbisa
  - a. Masimba aPauro,2vaKorinde.10:8;12:19;13:10
  - b. Mitsara yepfupiso munavaRoma14:19 na1vaKorinde.14:26

**15:3 “Nokuti Kristu”** Kristu ndiye munyereketete nomuenzaniso. Zvokwadi iyi inotaurwawo zve mundima.5; vaFiripi.2:1-11;1Petirosi.2:21;1Johani.3:16.



**“Zvazvakanyorwa”** Apa pane chirevo chokureva zvirikuitirwa,chinova tsumo yemushoko retestamende yekare.Izwi zvakatorwa munalsaya.69:9. Nokunongedza muenzaniso waKristu

(haanakuzvifadza, cf.vaFiripi.2:5-8) pamusoro pemashoko akatorwa mutestamende yekare,Pauro anoshandisawo zvinhu zviviri zvemasimba mukereke yekare(cf.Newman naNida mugwaro ravo rinonzi,bhuku romushandurudzi patsamba dzaPauro kuvaRoma;”A Translators Handbook on Paul’s Letters to the Romans,p.271).kuzvipira kwaKristu achitakura zviwi zvepasi rose ndiwo muenzaniso wedu(cf.1Johani.3:16).

Pauro anoita sokuti anobatanidza

1. kutakura murayiro kwaJesu saMesiasi
2. kutakura murayiro weshoko kwaPauro

Pane muripo unoripirwa kushumirira Mwari munyika inokutadza.

1. Jesu akarambwa nokuroverwa
2. Pauro anotaura nezvekurambwa nokutambudzwa kwake muna2vaKorinde.4:7-12;6:3-10;11:23-33.Pauro akazogurwawo musoro

**15:4 “Nokuti zvole zvakanyorwa kare,zvakanyorwa kuti isu tidzidze”** Testamende yekare yakanyorerwawo vatendi vetestamende itsva(cf.vaRoma.4:23-24; 15:4; 1vaKorinde. 9:10; 10:6,11). Inobatsira vatendi vechisungo chitsva(2Timoti.2:15;3:16-17).Pane kuendamberi,asi pane kudimbukawo zvakare pakati petestamende yekare neitsva.

☐ **“Kuti tive netariro inobva pakutsungirira napakunyaradza kwaMagwaro”**Tarira uone kubatana kwechokwadi cheshoko raMwari norudaviro rwemararamiro evatendi.Kutenda nokuita zvakabatanidzwa(cf.ndima.5).Zvinounza kuzvivimba muupenyu,murufu,uye nepavimbiso yetariro yokudzoka kwaKristu.

☐ **“Tive netariro”**Apa pane shongedzo yechirevo chezvirikuzoitika muneremangwana,zvichireva kuti tariro yedu iri pazviito zvakataurwa kare mundima.4.Mutestamende itsva izwi rokuti”tariro”rinoreva kudzoka rwepiri apo ruponeso rwedu ruchazo munyungirwa(cf.vaRoma.8:30;1Johani.3:2).Izwi rechiGiriki iri harina chirevo chokusanyatsojeka sezvinoita rechirungu.Kudzoka rwepiri chiitiko chezvokwadi chisina kupiwa nguva chaiyo.

Pauro anoshandisa izwi iri kakawanda nenzira dzakasiyana siyana asi dziine hochekeche.Kazhinji rinova nehochekeche nekumunyungidzwa kwekutenda kwevatendi.Izvi zvinogona kutsanangurwa sokubwinya,upenyu husinga peri,ruponeso chairwo,kudzoka rwepiri,nezvimwewo.Kumunyungidzwa ndekwechokwadi asi nguva ndiyo isingazivikanwi.kazhinji zvinowanzova nehochekeche ne”kutenda” pamwe ne “rudo” (cf.1vaKorinde. 13: 13; 1vaTesaronika. 1:3; 2vaTesaronika. 2:16). Donongodzo isina kuperera yemashandisiro aPauro ndeinotevera

1. Kudzoka kwepiri, vaGaratiya.5:5; vaEfeso.1:18; 4:4; Tito.2:13
2. Jesu ndiye tariro yedu,1Timoti.1:1
3. Vimba nevhangeri,vaKorose.1:23
4. Ruponeso chairwo,vaKorose.1:5;1vaTesaronika.4:13;5:8
5. Kubwinya kwaMwari,vaRoma.5:2,2vaKorinde.3:12;vaKorose.1:27
6. Simbiso yeruponeso,1vaTesaronika.5:8
7. Hupenyu husingaperi,Tito.1:2;3:7
8. Rudzikinuro rwezvisikwa zvole,vaRoma.8:20
9. Kutenda,vaRoma.8:23-25,15:4
10. Zita raMwari,vaRoma.15:13
11. Chido chaPauro kuvatendi,2vaKorinde.1:7

**15:5 “Zvino Mwari”** Uyu mutsara uneshongedzo yeizwi rechiito rinoreva zvaitarisirwa kuti zviitike,kana munyengetero.Munyengetero waPauro,mundima.5-6,unezvichemo zviviri.

1. Kuva mupfungwa imwe(cf.12:16;2vaKorinde.13:11;vaFiripi.2:2)
2. Kuva muinzwi rimwe rerumbidzo(cf.ndima.6,7,9)

☐ **“Mwari wokutsungirira nowokunyaradza”** Iyi itsanangudzo yezita raMwari (cf.15:13; 1vaKorinde.1:3). Maitiro aMwari aya anouya kuvatendi kuburikidza neshoko (cf.ndima.4).Tarira nhaurwa inokosha:kudiwa kwokutsungirira pa.8:25.

**15:6 “Mwari,baba vaIshe wedu Jesu Kristu”** Iri ndiro zita rakazara rouMwari remutestamende itsva(cf.2vaKorinde.1:3;vaEfeso.1:3;vaKorose.1:3;1Petirosi.1:3;tarira uone zita rinofana neiri munavaRoma.1:7).Uyu haazi Mwari wekutsvakwa kweudzamiswa kwendangariro,ndiMwari wokuzviratidza.Ona mazita aMwari mumunyengetero waPauro mundima.5-6.

1. Mwari wokutsungirira nokunyaradza
2. Mwari,baba waIshe wedu Jesu Kristu

Tarira nhaurwa inokosha :kutsungirira pa.8:25 pamwe naBaba pa1:7.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 15:7-13**

<sup>7</sup>Saka gamuchiranai Kristu sezvaakatigamuchira,kuti Mwari akudzwe.<sup>8</sup>Nokuti ndinoti,Kristu akaitwa mushumiri wokudzingiswa kuratidza zvokwadi yaMwari,kuti asimbise zvakapikirwa madzibaba.<sup>9</sup>Uye,kuti vaHedheni vakudze Mwari nekuda kwengoni dzake;sezvazvakanyorwa,zvichinzi, “Naizvozvo ndichakurumbidzai pakati pava Hedheni,Nokukuimbirai zita renyu”<sup>10</sup>uyezve unoti, “Farai imi vaHedheni,navanhu vake”<sup>11</sup>Uyezve, “Rumbidzai Ishe, imi vaHedheni vose;marudzi ose ngaamukudze.”<sup>12</sup>Uyezve, Isaya anoti, “Mudzi waJese uchavapo, Naiye anomuka kuti abate vaHedheni; vaHedheni vachamutarira iye.”<sup>13</sup>Zvino Mwari wetariro ngaakuzadzei nomufaro wose norugare pakutenda kwenyu, kuti muve netariro yakawandisa,nesimba roMweya Mutsvene.

**15:7**

<b>NASB,TEV</b>	<b>“Gamuchiranai”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Tambiranai”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Gashiranai”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Batanai muushamwari”</b>

Apa pane shongedzo yekudokwairira zino fanira kuitwa.Vatendi vanofanira kuramba vachigamuchirana nokuti Kristu akavagamuchirawo!chokwadi chimwechetewo chinowanikwa munavaRoma.14:1.Zvisineyi,pano chinotura dungwerungwe remivaravara yemutestamnde itsva inotaura pamusoro pekugamuchira Mwari kwevaHedheni(vf.ndima.9-12).Izvi zvinogona kureva makaktanwa aiva mukereke yeRoma.ChiKristu chizere nemaitiro okuzvipira kwavatendi nokuda kwavamwe(cf.1:12;12:5,10,16;13:8;14:13,19;15:5,7,14;16:16).

☐ **“Kristu sezvaakatigamuchira”**Apa pane izwi rechiito rinoreva zvakaitwa.heino vavariro nezvinoshingairirwa nomutendi kunavamwe(cf.14:3).Muchikamu.14 vavariro yakanga iri pamusoro pe:

1. Kristu satenzi nomutongi,1-12

2. Kristu semuenzaniso wedu werudo rwekuzvipira,13-23  
Kristu akatigamuchira,tinofanira kugamuchira vamwe!

☐ “**kuti Mwari akudzwe**”tarira chinyorwa pa.3:23.

**15:8**”Kristu akaitwa mushumiri pakudzingiswa”Jesu ndiye kuzadzisa kwaMwari kwechiporofita chetestamende yekare(cf.Mateu.10:6;15:24).Izvi zvinogona kureva makakatanwa pakati pevatendi vechiJudha nevechiHedheni mukereke yeRoma.

☐

**NASB** “**Kuratidza zvokwadi yaMwari kuti asimbise zvakapikirwa madzibaba**”  
**NKJV** “**Kutira zvokwadi yaMwari kuti asimbise zvakavimbiswa madzibaba**”  
**NRSV** “**Kuratidza zvokwadi yaMwari kuitira kusimbisa zvakapikirwa madzibaba**”  
**TEV** “**Kuitira kuratidza vaJudha kuti Mwari akatendeka, akaita kuti vimbiso dzaakapa kumadzitateguru avo dzizazdiswe**”  
**NJB** “**Kuitira kuti Mwari azadzise vimbiso dzaakapa kumadzibaba**”

Izvi zvinogona kureva vimbiso dzechisungo dzakaitwa naMwari kuvaIsiraeri mutestamende yekare (cf.4:16).Zvisineyi,zvinogona kureva vimbiso dzaMwari dzokudzikinura vanhu vose (cf.Genesi 3:15, 12:3, Ekisodho. 19:5-6; Isaya.2:2-4;56:7;66:18-24).Zvakavanzika zvehangeri ndezvekuti zano raMwari ragara riri rokubatanida vaJudha nevaHedheni kuburikidza naKristu(cf.vaEfeso.2:11-3:13).

Shoko retestamende itsva ndiyo zadziso yetariro dzetestamende yekare,kwete zvimwe zvitsva.Basa guru raKristu raiva roku(1) kuzadzisira Isiraeri tariro yayo yakavimbiswa (2)nokuzarurira vaHedheni musuo(cf.vaRoma.3:29-30;9:30;10:11-12,16-20;11: 25, 32; 16:25; vaEfeso. 2:11-3:21). Sezvo Isiraeri yakanga yakoniwa basa rokufambisa shoko rokuratidza Mwari nokukwezva vaHedhenimukutenda,Jesu anopa samba kuIsiraeri itsva yeMweya (cf.9:6;vaGaratiya.6:16) kupedzesa basa iri pasi rose (cf.Mateu.28:19-20; Ruka.24:47; Johani.3:16; Mabasa.1:8).

☐ “**Asimbise**” Tarira nhaurwa inokosha pa.4:16.

**15:9-12** Apa pane dungwerungwe remivaravara yakatorwa mutestamende yekare kuratidza kuti vaHedheni vagara vari chikamu chezano raMwari (tarira nhaurwa inokosha :Rerekero yevhangeri yaBob pa.1:5,cf.10:16-20).Herino dungwerungwe rezvakatorwa mutestamende yekare kubva pa

1. Ndimu.9—Mapisarema.18:49 kana 2.Samueri.22:50
2. Ndimu.10—Dhuteronomi.32:43
3. Ndimu.11—Mapisarema.117:1
4. Ndimu.12—Isaya.11:1,10

Tarira uone kuti pane zvakatorwa wo kubva mugwaro rechiHebheru:mutemo, Maporofita, nezvimwewo zvakanyorwa.

**15:9** “**Vakudze Mwari nokuda kwengoni dzake**” Ngoni dzaMwari ndidzo shanguriro yezvidzidzo zvouMwari zvezvakafanorongwa zvavaRoma (cf.9:15, 16, 18, 23) nokusanganisirwawo kwavaHedheni (cf.11:30, 31, 32; 15:9). Ngoni dzaMwari ndidzo dzakaponesa Isiraeri.Ngoni dzaMwari ndidzo dzakaponesa vaHedheni. Kuitwa kwazvo hakuzi

kwemabasa emunhu(cf.vaRoma.9),asi kusashanduka kwaMwari kwenyasha (cf.Ekisdho.34:6; Nehemiya.9:17; Mapisarema.103:8,4; Joere.2:13) nevimbiso yaMesiasi (cf.Isaya.11:1,10). Zvinofadza kuti vaHedheni vano “rumbidza” Mwari noku

1. Kupupura/kupembera
2. Kuimba

Kana mutendi achiimbira Mwari anenge achipupura/kureva nomuromo wake!nziyo, semhiko, inzira chaiyo yokupupura (cf.10:9-13).

**15:13 “Zvino Mwari wetariro”** Aya ndiwo mapetero edzidziso yenzira yokunamata echidzidzo chechinyorwa icho chakatanga munavaRoma.14:1.Iri raivawo rimwe zita rouMwari rinoshamisa—Mwari wetariro.

**15:13 “Ngaakuzadzei nomufaro wose norugare”** Iri ndiro izwi rechiito rine shongedzo yeshuviro,kureva munyengetero waPauro kuvatendi paRoma.tarira kuvapo kwezwi rokuti”wose”(cf.5:12;14:17).



**NRSV** “Pakutenda”  
**TEV** “Nokuda kwokutenda kwenyu maari”  
**NJB** “Mukutenda kwenyu”

Apa pane chirevo chezvirikuitika uye zviine zierendamberi.Izvi zvinoratidza kuzvivimba kwekutsungirira nenzira yokuramba uchitenda munaKristu,musimba reMweya mutsvene,zvichiva mumufaro norugare pazima.Kutenda munaKristu harusingori rudaviro rwepakutanga chete,asi rudaviro rwemararamiro.

▣ **“kuti muve netariro yakawandisa** “Ichi ndicho chirevo chezvirikuitika uye zviine zierendamberi cheizwi rokuti *perisseuō*, iro rinoreva kuti “pamusoro pezvo.” Nezve “tariro” tarira chinyorwa pa.15:4.

#### **NHAURWA INOKOSHA: ZVAKAWANDISA(PERISSEVŌ)**

Pauro anoshandisa izwi iri kakawanda .

1. Chokwadi chaMwari chawanzwa kukubwinya kwake,vaRoma.3:7
2. Chipo chokungopiwa munyasha dzomurume mumwechete,Jesu Kristu,chawanzwa , vaRoma.5:15
3. Tariro yawandisa,vaRoma.15:13
4. Vatendi havasvitswi kuna Mwari nekudya kana kusadya zvokudya,1vaKorinde.8:8
5. Vatendi vanotsvaka zvikuru kuti vasimbise kereke,1vaKorinde.14:12
6. Vatendi vanoshingairira zvikuru basa raIshe,1vaKorinde.15:58
7. Vatendi vanogovana zvikuru kutambudzika kwaKristu pamwe norugare rwake, 2vaKorinde.1:5
8. Ushumiri hwokurrama huzere mukubwinya,2vaKorinde.3:9
9. Nyasha dzavatendi dzakawanzwa navazhinji idzo dzakawana kuvonga kuti Mwari akudzwe, 2vaKorinde.4:15
10. Kuwanda kwomufaro wavatendi,2vaKorinde.8:2

11. Zvose izvi zvakawanzwa kuvatendi(kutenda,ruzivo,kuvimbika norudo),uyezve muchipo chekereke yeJerusarema,2vaKorinde.8:7
12. Nyasha dzose dzakawanzwa kuvatendi,2vakorinde.9:8
13. Kuwanzwa kwokutenda kwevatendi kunaMwari,2vaKorinde.9:12
14. Fuma yenyasha dzaMwari inowanzwa pamusoro pavatendi,vaEfeso.1:8
15. Rudo rwavatendi runowandiswa kwazvo kwazvo,vaFiripi.1:9
16. Kuzvirumbidza zvikuru kwavatendi munaKristu nokuda kwaPauro,vaFiripi.1:26
17. Kuva nezvakawanda,vaFiripi.4:12,18
18. Vatendi vachizadzwa nomufaro,vaKorose.2:7
19. Vatendi vanokura nokudanana,1vaTesaronika.3:12
20. Kuwanzwa kwemararamiro ouMwari,1vaTesaronika.4:1
21. Kuwanda kwerudo kunavamwe vatendi,1vaTesaronika,4:10

Kunzwisisa kwaPauro panyasha dzaMwari munaKristu kwaiva kwaka “wanzurudzwa,” naizvozvo, saka vatendi vachisungirwa kufamba munyasha nerudozvaka ”wanzurudzwa” izvi misi yavo yose!

▣ **“Nesimba reMweya mutsvene”**Mweya mutsvene mdiwo munhu waMwari vatatu mumwe ari kushanda panguva ino itsva.hakuna chingaveko kana kuitika asipo(cf.15:19;1vaKorinde.2:4;1vaTesaronika.1:5).Tarira nhairwa inokosha pa8:9 na8:11.

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo.Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho.Iwe,Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari.Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro.Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Dingindira rechokwadi chavaRoma .14:1-15:13 ,nderipi?
2. Sei Pauro achitora mivaravara yetestamende yekare mundima.9-12?ndechipi chokwadi chainodzidzisa?

## **RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWENDIMA 14-33**

A . Nenzira dzakawanda mapererero etsamba iyi anofanana nematamgiro ayo,1:8-15

1. Inorumbidza kutenda kwavo(cf.1:8)
2. Inodzivirira hupositori hwaPauro hwevhangeri kuvaHedheni(cf.1:13,14)
3. Inodzika chido chaPauro chokuvavhakachira(cf.1:10,13)
4. Inoburitsa chido chaPauro chokutivaizomubatsira painge oenda kunedzimwe nzvimbo idzo dzainge dzisati dzanzwa shoko(sipeini,cf.1:13)



- B. Apa zvakare pane runyerekupe rwemakakatanwa pakati pevatendi vechiJudha nevechiHedheni mukereke yeRoma,ayoakaturwa nezvawo mutsamba yose,asi kunyanya muchikamu.9-11,14:1-15:13.
- C. Panoratidza zvakarewo kuva nekusatambirika kwehupositori hwaPauro mukereke yokutanga.Anoita sokutianozvidzivirira mundima.15-19;1:2,5.
- D. Chidzidzo chechinyorwa chinochinenhaurwa mbiri.
1. Hupositori nouvhangeri hwaPauro kuvaHedheni(cf.ndima.14-21)
  2. Hurongwa hwenzendo dzake dzokuzadzisa chinangwa ichi hwaizo muita kuti apfuure nemuRoma(cf.ndima.22-33)

## DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

### NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):15:14-21

<sup>14</sup>Zvino hama dzangu,ini ndimene ndinoziva kwazvo pamusoro penyu,kuti imi mumene muzere nokunaka,makazadzwa nokuziva kwose,munogonawo kurayirana.<sup>15</sup>Asi ndinokunyorera zvimwe ndichinyanya kutsunga,ndichita sendinokuyeudzayi nenyasha dzandakapiwa naMwari,<sup>16</sup>kuti ndive muranda waKristu Jesu kuvaHedheni,ndichiita basa roupristi muvhangeri yaMwari,kuti chibayiro chavaHedheni chifadze Mwari,chakaitwa chitsvene noMweya Mutsvene.<sup>17</sup>Naizvo zvo ndinozvirumbidza munaKristu Jesu pazvinhu zvaMwari.<sup>18</sup>Nokuti ndingatya kutaura zvimwe zvinhu,asi izvo Kristu zvaakaita neni,kuti vaHedheni vaterereswe neshoko namabasa,<sup>19</sup>nesimba rezviratidzo nezvinoshamisa,nesimba roMweya Mutsvene;nokuda kubva Jerusarema nenyika yakapoterredza,kusvikira Iririko,ndakaparidza kwazvo vhangeri yaKristu;<sup>20</sup>ndichishingairira chinhu ichi kuti ndiparidze vhangeri,apo pasina kumborehwa zita raKristu,kuti ndirege kuvaka pamusoro penheyo dzomumwe munhu;<sup>21</sup>asi,sezvazvakanyorwa zvichinzi,  
**“Avo,vasina kuudzwa zvake,vachaona;naivo vasina kunzwa vachanzwisisa.”**

15:14

NASB

**“Zvino,hama dzangu,ini ndimene ndinoziva kwazvo pamusoro penyu”**

NKJV

**“Zvino ini ndimene,ndinoziva pamusoro penyu hama dzangu”**

NRSV

**“Ini ndimene ndinoziva kwazvo pamusoro penyu hama dzangu”**

TEV

**“Hama dzangu:ini ndimene ndinoziva kwazvo kuti imi”**

NJB

**“Hazvirevi kuti ndinokupokana pamusoro penyu hama dzangu,asi ndinoziva kwazvo kuti imi”**

Vara rokuti “ini” (*auto egō*) rinechirevo chetsanangudzo yakasimba muchiGiriki. Zvokwadi, Pauro ari kurumbidza kereke (“ndinoziva kwazvo,” chirevo chezvakaaitwa uye zviine ziendamberi).

Pauro anoburitsa zvinhu zvitatu pamusoro pevaKristu vekuRoma, mundima.14.

1. Vazere nokunaka (chirevo chezviri kuitwa)
2. Vazere noruzivo (chirevanguva chezvirikuitika uye zviine ziendamberi)
3. Vanogona kurayirana (chirevanguva chezvirikuitiranwa)

Ndima iyi inoreva kuti Pauro haazi kuunza dzidziso itsva kwavari, asi arikutsanangura nokujekesa mashoko akanaka avagara vainawo uye vakagamuchira(cf.ndima15).

☐ **“Imi mumene muzere nokunaka, makazadzwa nokuziva kwose”** Sezvo izwi rokuti “ini ndimene” riine chirevo chakasimba mumutsara wokutanga, rokutiwo “imi mumene” ndiro rine chirevo ichi pamutsara uno. Izwi rokuti “kuzara” (*mestostinoreva*) kuti “kuzara ne” kana kuti “kukuguta.” Pauro akashandisa izwi iri kaviri chete, kwose munavaRoma(1:29;15:14).

Izwi rokuti “kuzadzwa” (*plēroō*) rineshonedzo yechirevanguva chinoreva zvirikuitwa uye zviine zierendamberi. Pauro akashandisa izwi iri kazhinji munavaRoma (cf.1:29; 8:4; 13:8; 15:13, 14, 19). Anoshandisawo izwi rokureva zita rokuti (*plēr ōma*) kazhinji munava Roma (cf.11:12, 25; 13:10; 15:29), asi kwete chipauro chezwi iri muzvinyorwa zvake zvose.

Chaiva chido chaPauro kuti vhangeri rakakwana rizadze vatendi richipfachuka murudo noshumiri. vatendi vane zvose zvavanoda munaKristu. vanoda kuwana nokugamuchira simbiso iyi.

☐ **“Muzere nokunaka, makazadzwa nokuziva kwose”** Pane nzira mbiri dzokunzwisisa mazwi aya (1) kuti anehochekeche nechirevo chechidzidzo chechinyorwa chatapfuura munavaRoma.14:1-15:13—kudanana kwevatendi maringe nechimiro chokusiyana kwavo pakunzwisisa nyaya dzisna kujeka mubhaibheri. Izvi zvinogona kuzivikanwa nemashandisirwo anoitwa izwi rokuti “kunaka” munavaRoma.14:16;15:2 uye nepano kana (2) kuti rinehochekeche nevhangeri rose rokutenda nokuita, nzira yakare pamwe nemaitirwo ayo.

☐ **“Munogonawo kurayirana”** Kereke yakarongwa naMwari kuitira kukurudzira nokurayirana (cf.1vaKorinde.12:7; vaKorose.3:16; 1vaTesaronika.5:14; 2vaTesaronika.3:150). Takaponeswa kuti tishumire, kushumira Mwari nokushumurirana! Tinofanira kuraramira hutano nokukura kwomuviri!

**15:15 “Asi ndinokunyorera zimwe ndichinyanya kutsunga”** Pauro akanyorera tsamba yake kuvaRoma iye ari kuKorinde. Akanga asvora nerimwe bande revatendi vekereke iyi nokuti tsamba dzake dzaiva nokutsunga kwakanyanya, asi dzisingaratidzi kusimba kwake iye pachake. Chimiro cheizwi rechiito rokuti “kutsunga” chinowanika muna 2vaKorinde. 10:2, 12; 11:21. Kutsunga kwaPauro kwakabva mukutendeuka, kudanwa noruzivo rwake rwevhangeri.

☐ **“Nenyasha dzndakapiwa naMwari”** Pauro anonongedza nyasha dzaMwari cf.1:5;12:3; 1vaKorinde. 3:10;15:10; vaGaratiya.2:9; navaEfeso.3:7-8) idzo dzakamudana, dzikamuponesa ,dzikamupa zvipo,nokumutumira kuvaHedheni(cf.11:13;15:16). Inzira yokudura hupositori nemasimba ake (cf.1:1.5).

**15:16 “mufundisi...fundisa....chibayiro....gamuchirika”** Ndima. 16 na17 dzine mazwi nemitsara yechipirista yakawanda. Izwi rokuti “mufundisi” rinoshanda kureva basa reupirisita mundima.27. Rinoshandiswa kureva ushumiri hwaJesu munavaHebheru. 8:2. Pauro aizviona semuPirista (cf.vaFiripi.2:17) achipa chibayiro chavHedheni kunaMwari, iro raiva basa reIsiraeri (cf.Ekisoridho. 19:5-6; Isaya.66:20). Kereke ndiyo yakapiwa basa rouvhangeri iri (cf.Mateu. 28:18-20; Ruka.24:47; Mabasa.1:8). Kereke inodanwa nemazwi ouPirista emutestamende yekare muna1Petirosi.2:5,9 naZvakazarurwa.1:6.

☐ **“Vhangeri yaMwari”**Harizi vhangeri yaJesu chete(cf. Mako.1:1; vaRoma1:16; 15:19; 1vaKorinde. 9:12,18; 2vaKorinde. 2:12; 4:4; 9:13; 10:14; vaGaratiya.1:7, nedzimwewo), asi inogonawo kudanwa kuti “vhangeri yaMwari” (cf.Mako.1:14; vaRoma.15:16; 2vaKorinde.11:7;

1vaTesaronika.2:2, 8, 9; 1Petirosi.4:17). Ndiwo munhengatenga wemwoyo waMwari uyo wakavimbiswa munaGenesi. 3:15;12:3; Ekisodho.19:5-6 uye wakaporofitwa kakawanda munaIsaya (kureva., Isaya.2:2-4;51:4,5).

☐ **“Chakaitwa chitsvene noMweya Mutsvene”** Apa pane chirevo chezvachaitwa uye zviine zierendamberi, kureva, ;”chakaitwa chitsvene nomweya mutsvene uye chicharamba chichiitwa chitsvene nomweya mutsvene.” Izvi zvinogonawo kuratidza makakatanwa pakati pevavendi vechiJudha nevechiHedheni mukereke yeRoma. Pauro akataura zvachajeka kuti ndudzi(vaHedheni) dzakagamuchirwa nokuitwa tsvene noMweya Mutsvene uye dzicharamba dzichigamuchirwa nokuitwa tsvene noMweya Mutsvene(cf. 1vaKorinde.6:11).

**15:17-19** Tarira uone kushandirapamwe kwaMwari vatatu mumwe:kunaMwari(cf.ndima.17); uye musimba roMweya (cf.ndima.19). Tarirawo uone vanhu vatatu veushwe hwaMwari mundima.30. Zvisineyi izwi rokuti”Mwari vatatu mumwe”harina kubva mubhaibheri, mafungiro ndeekuti (cf.Mateu.3:16-17;28:19;Mabasa.2:33-34;vaRoma.8:9-10;1vaKorinde.12:4-6; 2va Korinde. 1:21; 13:14; vaEfeso.1:3-14;4:4-6;Tito.3:4-6;1Petirosi.1:2). Tarira nhaurwa inokosha:Mwari vatatu mumwe pa.8:11.

**15:18-19** Pauro akadonogodza nzira dzakawanda dzaaiona kuti ushumiri hwake hwainge hwashanda kuvaHedheni (1) neshoko; (2) nezviito; (3) nezviratidzo; (4) muminana; uye (5) zvose kuburikidza nesimba reMweya.

Pane kamwe kachinyorwa kane hochekoche netsanangudzo yechishanu, ”Mweya” (kureva., MS B): zvimwe zvinyorwa zvechiGiriki zvinowedzera kuti ”Mweya Mutsvene” (kureva., MSS A,D\*), Zvimwe zvinoti “Mweya waMwari” (kureva., MSS P<sup>46</sup>, N, D<sup>1</sup>). Sezvine misaku yose iyi, kuwedzera ukukana jekeso isina kutuswa, haikanganisi chokwadi mumuvaravara. Kwaingova kuedza kufananidza hurongwa hwemanyorerwo emitsaramutestamende itsva nevanyori vakazotevera avo vainyora zvachanyorwa kare. Gwaro reUBS<sup>4</sup> rinoti mutsara wokuti “Mweya waMwari” wakaoma kupa rutemo pamusoro pawo”C.” chipimo chetatu.

**15:18 “kuti vaHedheni vateerereswe”** Vavariro yaMwari yagara iri yavanhu vanoratidza chimiro chake. Vhangeri yaJesu ndiyo inodzoreredza chimiro chaMwari icho chakarasika pakutadza munaGenesi.3.kuwadzana naMwari kunoonekwa nounhu hwouMwari.Chinangwa chechiKristu ndiko kuwadzana naMwari nokuvasaKristu izvozvi!

☐ **“Neshoko nezviito”** Izvi zvaireva ushumiri hwaPauro, kwete kuteerera kwevaKristu vekuroma. Zviripachena kuti izvi zvinechekuita nesimba reMweya mundima.19.

**15:19 “Nesimba rezviratidzo nezvinoshamisa”** Mazwi maviri aya anoonekwa pamwechete kazhinji munaMabasa.(cf.14:8-10;16:16-18,25-26;20:9-12;28:8-9), achitsanangura samba raMwari richishanda kuburikidza nevhangeri(cf.2vaKorinde.12:12). Anoita sokuti akafanana.Kuti izvi zvairevei mashura here kana kutendeuka , hazvinytso zivikanwi.Pano zvachare panoratidza runyerekupe rwemakakatanwa pamusoro peupositori hwaPauro.Sezvo Mwari akatsigira basa reavo vane gumi muJerusarema, akatsigirawo basa raPauro pakati pavaHedheni nenzira yezviratidzo zvinoonekwa.

☐ **“Ndakaparidza kwazvo vhangeri yaKristu”**Apa pane chirevo chezvakitwa uye zvinezvibereko zvinongovapo zveizwi rokuti *pleroo*(cf.ndima.14).Izvi zvinoreva kuti Pauro aiona sokuti ainge apedza basa rokuparidza kumabvazuva egungwa reMedhitereniya(cf.ndima.23).

☐ **“Kusvika Iririko”**Dunhu reRoma iri ,iro rinozivikanwawo richinzi Dalmatia,raiva riri kurutivi rwekumabvazuva egungwa reAdriatic nehekuchamhembe kwekumadokero ekuMakidhoniya.Bhuku raMabasa harina nhoroo yoku Pauro akaparidzako asi rinomuisa munzvimbo iyoyo(cf.20:1-2).”kusvika ku” zvinogona kureva kuti”pamuganhu”kana kuti”mudunhu re.”

**15:20 “Ndichishingairira chinhu ichi kuti ndiparidze vhangeri apo pasina kumborehwa zita raKristu”** Uhwi kwazvo kwazvo ndihwo hwaiva humhizha hwaPauro hweushumiri(cf.1vaKorinde.3:10;2vaKorinde.10:15-16). Aida kusvika kuvaHedheni avo vainge vasati vambonzwa kana kugamuchira vhangeri.Aiwanzo nanga maguta makuru eRoma kuitira kuti kereke yainge atanga yaizokwanisa kutungamira nokupa vhangeri kunzvimbo dzakaipoteredza.

**15:21** Izvi zvakatorwa mubhaibheri rechiGiriki rakare “Septuagint, LXX” mubhuku raSaya .52:15 iro rinotaura nezvekunzwickwa kwaMwari kuvaHedheni.Pauro akasarudza chiporofita ichi senzira yokuparura ushumiri hwake.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):15:22-29**

<sup>22</sup>Naizvozvo ndakadziviswa kazhinji kuuya kwamuri;<sup>23</sup>zvino zvandisina pokubata panyika idzi,uye zvaava makore mazhinji ndichida zvikuru kuuya kwamuri,<sup>24</sup>kana ndichienda Sipeini,ndichauya kwamuri;(nokuti ndinotarira kukuonai parwendo rwangu,ndiperekedzwe nemi ikoko,kana ndamboguta zvishoma kuonana nemi). <sup>25</sup>Asi zvino ndomboenda Jerusarema kundoshumira vatsvene.<sup>26</sup>Nokuti veMakedhoniya neveAkaya vakati zvakanaka kuti vagovane navarombo pavatsvene vari muJerusarema.<sup>27</sup>Nokuti vakati zvakanaka;vane ngava navo.Nokuti kana vaHedheni vakaitwa vagovani navo pazvinhu zvoMweya,vane ngavawo rokuvashumira pazvinhu zvenyama.<sup>28</sup>Naizvozvo kana ndapedza chinhu ichi,ndikavavigirachibereko ichi,ndichaenda Sipeini nokwenyu.<sup>29</sup>Ndinoziva kuti kana ndichiuya kwenyu,ndichauya nokuropafadza kwakazara kwaKristu.

**15:22 “Naizvozvo”** Chikonzero chinotsanangurwa mundima.20.

**“Ndakadziviswa kazhinji”**Apa pane chirevo chokureva kuitirwa.Akadziviswa kakawanda(cf.1:13).Mudzivisi haana kutaurwa.Anogona kuva Mwari,Satani,vanhu vakashata,kanamimwewo mikana yevhangeri.

Rangarira kuti Pauro akanyorwa tsamba yokuvaRoma ari kuKorinde.MuKorinde vavengi vaPauro vakamurwisa nokuti akanga asina kuzadzisa hurongwa hwake hwerwendo.Zvokwadi Pauro akakanganiswa nokurwiswa uku uko kwaibva mukereke yeKorinde.Anogona kunge akange ataura kuti rwendo rwake rwainge rwadziviswa kakawanda.

**15:23 “Asi zvino zvandisna pokubata panyika idzi”** Ndima iyi inogna kureva kwazvo kwazvo chipimvu chidiki chedunhu rokumabvazva kana nzvimbo iri kumabva zuva kwegungwa reMedhitereniya. Pauro akanga asati aparidzira munhu wose, kwesekwese munzvimbo idzi, asi kunavamwewo .

▣ **“Uye zvaava makore mazhinji ndichida kuuya kwamuri”** Pauro akanga agara aratidza kuda kushanyira kuRoma (cf. 1:10-15; Mabasa. 19:21; 23:11).

Pane zvimwewo zvinyorwa zvechiGiriki zvisina kudonongodzwa mugwaro reUBS<sup>4</sup>. Zvinyorwa zvechiGiriki zvakare zveMSS P<sup>46</sup>, N, A, D, F, G & L. Zzvine izwi rokuti “mazhinji” (*polus*) iro rinoshandiswa mundima. 22 asi gwaro reMSS B, C & P rine izwi rokuti “akawanda” (*ikanos*). Zvinogona kuti vanyori vakazonyora pava paya Havana kufadzwa negudzanyaya raPauro.

**15:24 “Kana ndichienda Sipeini”** Pauro aida zvikuru kuenda kumadokero kwenyika ye Roma (2vaKorinde. 10:16). Pauro akanga aburitswa mutirongo yeRoma pakupera kwebhuku raMabasa achibva aenda murwendo rwake rweushumiri rwechina. Magwaro eufundisi (1Timoti, 2Timoti, naTito) akanyorwa parwendo rwechina urwu. Panenge pane nyaya iyi muna 2Timoti. 4:10 apo zvimwe zvechiGiriki, N, C ne “*latin vulgate pamwe neshandurudzo dze coptic*” zvine izwi rokuti “Gaul” iro raireva matunhu aiva enyika yeRoma. Clement weRoma (ona gwaro read. vaKorinde. 5:7), uyo akanyora makore zana okutanga asati apera, “mutsamba yake kuvaKorinde,” 5:7 anotiwo, Pauro “akavika kumiganhu yekumadokero.”

▣ **“Ndiperekedzwe nemi ikoko,”** Mutsara uyu wakazova tsumo mukereke yokureva kuperekedza vashumiri kunzvimbo dzavaino paridza (cf. Mabasa. 15:3; 1vaKorinde. 16:6, 11; 2vaKorinde. 1:16; Tito. 3:13; 3Johani. 6). Kereke yeRoma yaisakwanisa kubatsira kereke yeJerusarema nemari, asi vaiva nemari yokubatsira nzendo dzaPauro dzokumadokero.

**15:25 “kundoshumira vatsvene”** Izwi iri rinonyanya kushandiswa riine hochekeche nekuunganidza mari (cf. ndima. 31; 1vaKorinde. 16:15; 2vaKorinde. 8:4; 9:1). Tarira nhaurwa inokosha : vatsvene pa 1:7.

**15:26 “vagovane navarombo pavatsvene vari muJerusarema”** Pauro akanga achigamuchira mari iyi (tarira nhaurwa inokosha : kuwadzana (*koinōnia*) pa. 12:13) kwemakore akawanda kubva ku (1) vaGaratiya nechipimvu chidiki chedunhu rekumavirira (cf. 1vaKorinde. 16: 1-4), noku (2) Makedhoniya neAkaya (cf. 2vaKorinde. 8-9). Zano iri akanga ariwana kukereke yekuAndiyoku (cf. Mabasa. 11:30; 12:25). Zvaitirwa kubatanidzwa nhengo mbiri dzekereke yokutanga—vaJudha nevaHedheni. Kereke dzevaHedheni dzinonzi dzai “farira” “kuzviita (cf. ndima. 26 ne 27). Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

## **NHAURWA INOKOSHA : NZARA**

### **I. Nhanganyaya**

A. Nzara ndicho chirangaridzo chokutadza kwevanhu nezvisikwa.

B. Nzara ndiyo chimwe chezviratidzo zvenyaya yokuipa nokutambura. Kwazvo kwazvo izvi zvinechekuita nevanhu, kwete Mwari. Nyangwe zvazvo Mwari akashandisa chipo

chokurima kana chituko chokurima senzira yokupa kana kuranga vanhu vake vechisungo(Dhuteronomi.27-28),izvi hazvina chirevo kune vasingatendi(Mateu.5:45).Nzara ndiwo mumwe muenzaniso wekuchiva,makaro,kuda zvepanyika kwevanhu.Dambudziko renzara hakuzi kushaya zvokudya ,asi zvinangwa nourongwa hwevanhu.

C. Nzara ndiwo mukana kuvakadzikinurwa wokuratidza rudo Mwari.Kubata kwevatendi pane zvinodiwa mukereke nemunyika ndiko kunoratidza zvatiri chaizvo.

## II. Zvemubhaibheri

### A. Testamende yekare

#### 1. Mosesi

- a. Mhando nhatu dzechegumi muIsiraeri yakare dzaiva dzevarombo (Dhuteronomi. 14:28-29)
- b. Mutemo waiti kuve nezvokudya zvevarombo (Ekisodho. 23:11; Revhitiko. 19:10; 23:22; Dhuteronomi.24:19-22)
- c. Mutemo waiti kuve nezvibayiro zvisinga dhuri zvevarombo(Revhitiko.14:21)
- d. Isiraeri yaifanira kuva norudo nokupa varombo nevanoshaya (Dhuteronomi 15: 7-11, cf.Jobho.29:16; 30:25;31:16=23)

#### 2. Zvinyorwa zvoungwaru

- a. Kwaiva nemakomborero aiiirwa vanobatsira varombo(Mapisarema.41:4)
- b. Kubatsira varombo kwaiva kubatsira Mwari(Zvirevo.14:31;17:5;19:17)

#### 3. Maporofita

- a. Mwari aida kunamatwa nenzira yokubatsira norudo kunavano shaya(Isaya.58:6-7;Mika.6:8)
- b. Chimwe chiratidzo cheshoko raMwari kwaiva kuti zvakareverwa kuvarombo nevanoshaya(Isaya.61:1-2)
- c. Vaporofita vaMwari vaitsiura zvikuru kushandiswa kwavanhu(Amosi.2:6-8;5:10-13;Mika.)

### B. Testamende itsva

#### 1. Vhangeri

- a. Kubatsira varombo kunoyambirwa(Mako.10:21;Ruka.3:11)
- b. Mutongo unobva parudo rwatinoratidza vamwe pakugarisana munaKristu.kwazvo kwazvo kubatsira vanwe ndiko kubatsira Kristu(Mateu.25:31-46)
- c. Mako.14:7 haina kunzwisiswa zvikuru apo zvinonzi inoratidza kushayira hany'a kuvarombo kwaJesu.Ndimba yakaitirwa kuratidza kuva ziitakamwe kwake,kwete nyaya yevarombo.
- d. Isaya.61:1-2 inoratidza kuti vagamuchiri veshoko raMwari ndevaya vanochema(Ruka.4:18;7:22;14:21).

#### 2. Pauro

- a. Pauro akadzidza kuAndiyoku nyaya yemupiro wevarombo wekereke teJerusarema(vaRoma.15:26;1vaKorinde.16:1;2vaKorinde.8:4,6,19;vaGaratiy a.2).
- b. Pauro aikurudzira ,nyasha,kutenda,nemabasa(vaEfeso.2:8-10).

#### 3. Jakobho(zvinyorwa zvoungwaru zveutestamende itsva)

- a. Kutenda munaMwari kuburikidza naKristu pasina mabasa kunorwara(Jakobho.2:14-17).

- b. Anototi kutenda kusina mabasa kwakafa!
4. Johani
- a. Bhuku raJohani rinoti simbiso yevaKristu inobva paupenyu hwakashanduka hwekutenda noushumiri(1Johani.3:17-18)
- III. Mheto
- A. Kutambura nekushaya kwevanhu kunehochekeche nezvivi zvavo.kune zvinounza nzara zvakawanda:
1. Usimbe (Zvirevo.19:15)
  2. murango waMwari(Dhuteronomi.27:28)
  3. Zvinechokuita noushumiri hweMweya(2vaKorinde.11:27)
  4. Zvetsika nemagariro(makaro,kufunga,nezvimwewo)
  5. Chimiro chenyika(Nzara,mafashamu,chimvuramabwe,nezvimwewo).
- B. Mwari ane hany'a nevanhu.Anoda avo vanoshaya nenzira yakasanangurwa!
- C. Kereke inemabasa ndiyo mhinduro yaMwari kukushaya kwavanhu(panyama nepaMweya)
- 1 Kuita pazvima
  - 2 Kuita kwezibatakwose kwekereke
  - 3 Mapato ezvematongerwo enyika anounza shanduko
- D. Tinofanira kuongorora tsika nehurongwa hweupenyu hwedu muchiedza cheshoko(2vaKorinde.8-9)
- E. Tinofanira kuzarura maziso,mwoyo,nemaoko edu kuitira vanoshaya vokwedu nevekunedzimwe nzvimbo;mukereke nemunyika.
- F. Rubatsiro runofanira kuva nechekuita nezvatiri munaKristu muchiedza cheushumiri(Mateu,28:18-20).Rubatsiro ngaruve panyama nepaMweya.

**15:27 “kana”** Uyu mutsara uneshongedzo yokuva wechokwdi pamaonero emunyori.Kana vaHedheni vachigovanawo pazvikomborero zveMweya zvavaJudha(cf.vaRoma.10-11) vanofanira kubatsira pane zvinodiwa kukereke huru yeJerusarema.

**15:28**

**NASB**

**“Kana ndapedza chinhu ichi ,ndikavavigira chibereko ichi”**

**NKJV**

**“Kana ndaita chinhu ichi,ndikavavigira chibereko ichi”**

**NRSV**

**“Kana ndapedza chinhu ichi,ndikanovapa mushonje wavo”**

**TEV**

**“Kana ndapedza basa iri,uye ndikanovapa mari yavakaunganidzirwa”**

**NJB**

**“Kana ndapedza kuita izvi,uye ndavapa kwazvo izvo zvavakaunganidzirwa”**

Ichi chirevanguva chinoreva zvakaitika chine chirevanguvawo chezvakaaitwa.Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuvharwa kwemushonje kuitira kuti zvirimukati zvisarasike.Iyi inogona kuva nzira yokureva kwaPauro kuti mari yose yaakapihwa ichatumirwa kuvaridzi vayo.Kusimbisa izvi akatora vamiriri kubva kukereke dzainge dzaunganidza mari(cf.Mabasa.20:4).

Nezve “chidhindo” tarira nhaurwa inokosha pa.4:11.

**15:29** Tarira uone kuti izwi rokuti *plēroō/plērōma* rinoshandiswa zvakare. Tarira chinyorwa pandima.14.

☐ **“Nokuropafadza kwaKristu”**Uyu mutsara unoreva makomborero anounzwa nekuparidza /kudzidzisa shoko.Haurevi munyengetero muchirevo chechinyorwa chino.

Zvimwe zvinyorwa zvechiGiriki zvakare zvinoedza kujekesa nzwisiso iyi nokuwedzera mutsara wokuti “makomborero evhangeri yaKristu” (MSS  $\aleph^*$ ,A,B,C,D,F,G,P. Gwaro reUBS<sup>4</sup>rinopa chinyorwa chipfupi chipimo chokutanga “A” (kureva chokwadi).

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):15:30-33**

<sup>30</sup>Zvino ndinokumbira zvikuru,hama dzangu,naIshe wedu, Jesu Kristu, uye norudo rwoMweya, kuti murwe pamwechete neni pakunyengetera kwenyu kunaMwari pamusoro pangu;<sup>31</sup> kuti ndisunungurwe kuna vasingateereri muJudhea, uye kuti kushumira kwangu kuna veJerusarema kufadze vatsvene;<sup>32</sup> kuti ndiuye kwamuri nomufaro nokuda kwaMwari,ndiwane zororo pamwechete nemi. <sup>33</sup>Zvino Mwari worugare ngaave nemi mose. Amen.

**15:30 “Ndinokumbira zvikuru...kuti murwe pamwechete neni”** Aya mazwi echiGiriki akadzama.Rokutanga rinoshandiswawozve muna.12:1.Repir rinoshandiswa kureva kutambura kwaJesu muGetsemani.Pauro akaona kuti aida kunyengeterwa iye mbune pamwe nebaso rake roushuri hwevhangeri.(cf.2vaKorinde.1:11;vaEfeso.6:18-20; vaKorose. 4:3; 1vaTesaronika. 5:25; 2vaTesaronika3:1). Zvaakanga asangana nazvo muJerusarema zvairatidza kuoma (cf.ndima.31). Akasvika muRoma, asi kwete sematarisiro aakanga akaita. Tarira nhaurwa inokosha: munamato wokunyengeterera pa.9:3.

**15:30-33** Munyengetero waPauro wakaburisa zvinodiwa zvitatu

1. Kuti angangosunungurwa kuvavengi vake muJudhea (cf.Mabasa.20:22-23)
2. Kuti chipo chaibva kukereke yevaHedheni chaizogamuchirwa zvakanaka mukereke yeJerusarema (cf.Mabasa.15:1ff;21:17ff)
3. Kuti aizo kwanisa kushanyira Roma apo ainge oenda Sipeini

**15:30 “kuti murwe pamwechete neni”** Izwi iri rinoshandiswa pano chete mutestamende itsva.nderemubatanidzwa wezwi rokuti *sun*(pamwe chete ne) nerokuti *agōnizomai* (kukwikwidza, kurwa kwazvo kwazvo, cf. 1 vaKorinde. 9:25; vaKorose. 1:29; 4:12; 1Timoti .4:10; 6:12). Iri izwi rine chirevo cheziendamberi rinodana kereke yeRoma kuti inyengetere zvikuru pamwechete naPauro pamusoro pokugamuchirwa kwechipo chevaHedheni kukereke yeJerusarema.

**15:31”vasingateereri”**Izvi zvinogona kureva kupikisa kwaitwa nevaJudha kana vaidzidza tsika dzechiJudha ,asi kwete kereke yose zvayo(cf.11:30,31).

**15:32** Munyengetero waPauro unopedzeswa nezvikumbiro zviviri(1)Anogona kuenda kwavari nomufaro uye(2)anogona kuzorora navo (kureva zvirikuitwa zviin4e chirevo chokurambidza chezwi rokuti *sunanapauomai*,rinoshandiswa pano chete mutestamende itsva,asi rinoshandiswawo munaIsaya.11:6.Pauro akatora zviri munaIsaya.11:1,10 mundima .12).Pauro abnoda nguva yokuzorora nokubumbunuka ari mukati mevatendi vaakaura pashoko(cf.2vaKorinde.4:7-12;6:3-10;11:23-33)!zvisinei haana kuwana zororo iri.Makore okusungwa ,kupinzwa mumatarenokuiswa mutorongo aive akamumirira muParastina. Izwi rechiito rine munyorero wakasiyanasiyana.



**15:33 “Mwari worugare”** Iri izita raMwari rakanaka zvikuru (cf.16:20; 2vaKorinde. 13:11; vaFiripi. 4:9; 1vaTesaronika5:23;2vaTesaronika.3:16;vaHebheru.13:20).

▣ **“Ameni”** Tarira nhaurwa inokosha pa.1:25.

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo.Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho.Iwe,Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari.Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro.Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko testamende yekare inobatsira sei vatendi vetestamende itsva(ndima.4-5;1vaKorinde.10:6,11)?
2. Sei Pauro achitora zvirimutestamende yekare mundima.9-12? Zvinodzidzisa zvokwadi ipi?
3. Ndepapi muchipimvu chino chavaRoma panoburitswa makakatanawa pakati pevaJudha nevaHedheni?
4. Ndepapi muchipimvu chino chavaRoma panoburitswa kupokana pamusoro poupositori hwaPauro
5. Ko chinangwa chaPauro chokupa chipo kubva kuvaHedheni kuenda kuJerusarema ndechei(ndima.15-28)?
6. Ko zano raPauro roushumiri raiva rokudii? Sei aida kuenda Sipeini?
7. Ko Pauro anotsanangura basa rake seromupirista sei uye nenzira ipi?(ndima.16)maringe nelsiraeri soushe hwavaPirista(Ekisodho.19:5-6)kana kukereke (1Petirosi. 2:5, 9; Zvakazarurwa. 1:6)?
8. Ko Mwari akapindura here minyengetero yaPauro yepandima.30-33?

# VAROMA 16

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO				
UBS <sup>4</sup>	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kwaziso yepauzima	Fibhi anoturwa	Kwaziso	Kwaziso pauzima	Kwaziso neshuviro yakanaka
16:1-2	16:1-2	16:1-2	16:1-2	16:1-2
	Kukwaziswa kwavatsvene veRoma			
16:3-16	16:3-16	16:3-16	16:3-5a 16:5b-7 16:8-11 16:12-15 16:16	16:3-5a 16:5b-16
	Nzvingai avo vanopesanisa		Rairo yokupedzisira	Yambiro nechinyorwa chokuguma chokutanga
16:17-20	16:17-20	16:17-20	16:17-20a	16:17-20 Kwaziso yokupedzisira nechinyorwa chokuguma chepiri
	Kwaziso kubva kushamwari dzaPauro			
16:21-23	16:21-24	16:21 16:22 16:23	16:22 16:23	16:21-23
Dzidziso yejekeso	Komedzo		Kupeta munyengetero nerumbidzo	Dzidziso yejekeso
16:25-27	16:25-27	16:25-27	16:25-26 16:27	16:25-27

## MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p.viii)

### ZVICHITEVERA CHINANGWA CHOMUNYORI PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho .Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive

gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari.Usafe wakasiyana nazvo,zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe .ona zvidzidzo.Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri, echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya, asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori, Ndiyozve hwaro hwekupirikira.Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

### **RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWENDIMA.1-27**

A. Tarire uone kuti madzimai ose ari muchipimvu chokupedzisira aibata pamwe naPauro muvhangeri(cf.vaFiripi.4:3):Fibhi mundima.1;Pirirsika.mundima3;Maria,mundima.6;Junia(kana Juniasi uyu anogona kuva munhurume)mundima.7;Tirifaina naTirifosa,mundima.12.Pesisi,mundima.12;”mai vake”mundima.13;Juria,ndima.15.ne”hanzvadzi yake “mundima.15.Ngwarira dzidziso isakarurama panyaya youshumiri hawevanhukadzi.Vatendi vose vane zvipo(cf.1vaKorinde.12:7,11),kuva vaFundisi(cf.vaEfeso.4:12).

Mudonongodzo iyi tinowana mushandiri wekereke wechidzimai,Fibhi,neanogona kuva aiva mupositori wechidzimai ainzi Junia(cf.Joere.2:28;Mabasa.2:16-21).Zvakaoma kubata nyaya iyi nenzira yebhaibheri nokuda kwegangaidzo riri mumashoko aPauro semuna1vaKorinde.11:4-5 ichienzaniswa na14:34.

B. Tarira uone kuita sokuvapo kwechirevo cherudzi pamazita aya

1. Vatendi vechiJudha: Akira, Pirisika, Andironiko, Juniasi, Maria [zvimwe zvinyorwa zveMSS zvine zita rokuti Miriamu];
2. Mazita emhuri dzoushe dzevaRoma: Pirisika, Amipiriato, Apere, Narikiso, Juria, Firorogosi;
3. Mazita emhuri dzoushe dzechiJudha: Arisitobhuro, Herodhiyo.

C. Ndimba 1-16 ikwaziso yaPauro pachake, idziwo ndimba.17-20 ndidzo yambiro yake pamusoro pevadzidzisi venhema. Mundimba 21-23, chikwata choushumiri chinotumira kwaziso kubva kuKorinde.

D. Nhairwa yechikamu.16 mugwaro rakanyorwa navaF.F Bruce rinonzi;”*Tyndale New Testament Commentary*”kureva tsoropodzo yetestamende itsva, inobatsira zvikuru.kana uchida kudzidza zvakadzama pamusoro pemazwi anowanika muchikamu chino, verenga mapeji,266-284.

E. Pane kupokana pamusoro pokuti tsamba idzi dzinopeterwa papi chaipo. Mheto dzinowanikwa kakawanda pamagumo ezvikamu. 14,15 (Ms p<sup>46</sup> na 16, muzvinyorwa zvakare zvechiGiriki. Zvisineyi, mapeterwo echikamu 16:25-27 anowanikwa muMSS P<sup>61</sup>, N, B, C na D pamwe nezvinyorwa zvechiGiriki izvo zvakashandiswa naClement weRoma (A.D.95).

Ndima 24 haiwanikwi muzvinyorwa zvechiGiriki zvakare, P<sup>46</sup>, P<sup>61</sup>, N, A, B, C, chero muzvinyorwa zveririmi rweLatin chero zvechiGiriki zvakashandiswa naOrigen weArikizandiriya. Kuti uwane nhaurwa yakadzama yemisaku yezvinyorwa iyi, verenga gwaro rava Bruce M. Metzger, rinonzi, "A Textual Commentary on the New Testament, pp. 533-536." kureva tsoropodzo yezvinyorwa zvechiGiriki zvetestamende itsva.

## DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

### NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA): 16:1-2

<sup>1</sup>Ndinorevera kwamuri Fibhi, hanzvadzi yedu, mushandiri wekereke iri paKenikiria.  
<sup>2</sup>kuti mumugamuchire muna Ishe, sezvinofanira vatsevene, nokumubatsira pazvinhu zvose zvaangashayiwa; nokuti iye amene akabatsira vazhinji, neniwo ndimene.

**16:1 "Ndinorevera kwamuri"** Ndima 1-2 dzinoshanda setsamba yeyeuchidzo kumushandiri wekereke Fibhi. Anogona kuva ari iye akatakura tsamba yaPauro kuendesha kuRoma. Kune mienzaniso yakawanda yetsamba idzi nhanganyaya kana yeuchidzo mutestamende itsva (cf. Mabasa. 18:27; 1vaKorinde. 16:3; 2vaKorinde. 3:1; 8:18-24 navaFiripi. 2:19-30).

▣ **"Fibhi"** zita rake iri raireva kuti "rujeko" kana kuti "runyiny'ito."

▣

**NASB, NJKV** "Mushandiri wechidzimai wekereke"  
**NRSV** "Mudhikoni wechidzimai wekereke"  
**TEV** "Anoshandira kereke"  
**NJB** "Mushandiri wechidzimai wekereke"

Iri izwi rechiGiriki rokuti "*diakonos*, iro rinoreva kuti mufundisi/mushandiri. Pano riri muchimiro chinonongedza hudzimai chete. Rinoshandiswa (1) kureva Kristu munavaRoma. 15:8; Mako. 10:45; (2) kureva Pauro munavaEfeso. 3:7; vaKorose. 1:23, 25; ne(3) kureva maDhikoni munavaFiripi. 1:1; 1Timoti. 3:11.

Pane humboo mutestamende itsva pamwe nemuzvinyorwa zvakazonyorwa bhaibheri ravako, hwekuvapo kwechinzvimbo chomuDhikoni/mushandiri wekereke wechidzimai. Mumwe muenzaniso weushumiri mukereke hwevanhukadzi mutestamende itsva, "ndihwo ufundisi hwechirikadzi" (cf. 1Timoti. 3:11; 5:3-16). Mabhaibheri eRSV, rakavandudzwa, neshandurudzo yePhillips ane izwi rokuti Mudhikoni wechidzimai pachikamu .16:1. Bhaibheri reNASB nereNIV ane izwi iri pachinyorwa chirimujinga. ReNEB rine izwi rokuti "iye anobata chinzvimbo." Vatendi vose vakadanwa, vane zvipo, vafundisi chaivo (cf. vaEfeso. 4:12). Vamwe vakadanwa kuti vatungamire basa roushumiri. Tsika dzedu

dzinofanira kutevera shoko!Ava vaDhikoni vakare vechidzimai nevechirume vaiva vashandiri,kwete vanakatsekera vekereke.

Va M.R Vincent , muchinyorwa chavo chinonzi, dzidzo yemazwi “*Word Studies,vol.2,pp.752 &1196,*” vanoti; Bumbiro romutemo roupositori,kubva pakupera kwemakore mazana maviri nokutanga kwemakore mazana matatu okutanga ,rinojekesa zvikuru pakati pemabasa nokutora mhiko yokuva vashandiri vekereke kwemadzimai.

1. Mushandiri wechidzimai
2. Shirikadzi(cf.1Timoti.3:11;5:9-10)
3. Mhandara(cf.Mabasa.21:9 pamwewo na1vaKorinde.7:34)

Mabasa aya anosanganisira

1. Kutarira varwere
2. Kutarira vakaremara
3. Kushanyira vari mutorongo kuitira kutenda
4. Kudzidzisa vatendi vatsva
5. Kubatsira pakubhabhatidzwa kwamadzimai
6. Kutungamira nhengo dzekereke dzechidzimai

#### **NHAURWA INOKOSHA:MADZIMAI MUBHAIBHERI**

##### **I. Testamende yekare**

##### **A. Patsika, madzimai aionekwa semidziyo**

1. Vaiverengwa mudonngodzo yemidziyo (Ekisodho.20:17)
2. Mabatirwo evaranda vechidzimai (Ekisodho.21:7-11)
3. Mhiko dzvanhukadzi dzaigona kudziviswa navanhurume (Numeri.30)
4. Vakadzi vaiitwawo senhumbi dzabambwa pahondo (Dhuteronomi.20:10-14;21:10-14)

##### **B. Apa ndipo paiva nokubvumirana**

1. Munhukadzi nemunhurume vose vakaitwa nomufananidzo waMwari(Genesi.1:26-27)
2. Kudza amai nababa(Ekisodho.20:12[Dhuteronomi.5:16])
3. Iya amai nababa(Revhitiko.19:3;20:9)
4. Vanhurume navanhukadzi vaigona kuzvitsaurira Mwari,kureva kupika kwomuNaziri(Numeri.6:1-2)
5. Vanasikana vanekodzero panhaka (Numeri.27:1-11)
6. Vanhukadzi navowo, chikamu chevanhu vechisungo(Dhuteronomi.29:10-12)
7. Teerea dzidziso yamai nababa(zvirevo.1:8;6:20)
8. Vanakomana nevanasikana vaHimani (mhuri yevaRevhi)vakatungamira nziyo mutembere(1Makoronike.25:5-6)
9. Vanakomana navanasikana vachaporofita munguva itsva(Joere.2:28-29)

##### **C. Madzimai aiva muzvinzvimbo zvoutungamiri**

1. Hanzvadzi yaMosesi ,Miriemu,ainzi muporofita kadzi(Ekisodho.15:20-21 tarirawozve Mika.6:4)
2. Madzimai akapiwa chipo chokuruka jira retabhanekeri(Ekisodho.35:25-26)
3. Mudzimai,Dhibhora ,aivawo muporofitakadzi(cf.vaTongi.4:4),akatungamira marudzi ose(vaTongi.4:4-5;5:7)
4. Huridha aiva muporofitakadzi akarunzirwa namambo Josiya kuverenga “bhuku idzva romurayiro” (2vaMadzimambo.22:14;2Makoronike34:22-27).
5. Mambokadzi Esiteri, mudzimai aiva nouMwari akaponesa vaJudha muPezhiya.

## II. Testamende itsva

A. .Mutsika dzose dzechiJudha nedzechiGiriki nechiraRoma,madzimai aisaonekwa savanhu uye aiva nekodzero shoma(kunze kwekuMakhedhoniya).

B. Madzimai muzvinzvimbo zvoutungamiri

1. Erizabheti naMaria madzimai aiva nouMwari,vakadiwa pamberi paMwari(Ruka.1-2)
2. Ana, mudzimai aiva nouMwari aishumira patemberi(Ruka.2:36)
3. Ridhiya,mutendi nomutungamiri weimba yekereke(Mabasa.16:14,40)
4. Mhandara ina ,vanasikana vaFiripi,vaiva maporofitakadzi(Mabasa21:8-9)
5. Fibhi mushandirikadzi wekereke paKenikiria(vaRoma.16:1)
6. Pirika(Pirisira),aishanda naPauro uye arimudzidzisi waAporo(Mabasa.18:26;vaRoma.16:3)
7. Maria,Tirifaina,Tirifosa,Pesisi,JuriaHanzvadzi yaNarikiso,vakadzi vakawanda vaibata pamwe naPauro(vaRoma.16:6-16)
8. Junia(KJV)anogona kunge aiva mupositori wechidzimai(vaRoma.16:7)
9. Yuodhiya naSinitke vaibata pamwe naPauro(vaFiripi.4:2-3)

## III. Ko mutendi mutsva anonengaidza sei mienzaniso iyi yemubhaibheri?

A. Ko munhu angapa rutemo sei pazvokwadi yenhoroondo netsika,inoshanda chete muchrevo chechinyorwa pamabviro,kubva zvkwadi isina mugumo kukereke dzose,vatendi venguva dzose?

1. Tinofanira kutarisa vavairo yemunyori akatuswa wemabviro zvakakomba.Bhaibheri ndiro shoko raMwari uye ndiro chete hwaro hwokutenda nokuita.
2. Tinofanira kuongorora zvinyorwa zvinoratidza pachena kuit zvakatuswa nokuumbwa nenhoroondo.
  - a. Gwaro re”Cultus”(kureva., gwara rokupira nokunamata) reIsiraeri (cf.Mabasa. 15;vaGaratiya.3)
  - b. Tsika yechiJudha yemakore zana okutanga
  - c. Mashoko aPauro ayo anoratidza pachena kuti akaumbwa nenhoroondo muna1vaKorinde.
    - (1) Nzira yomutemo wavaHedheni vekuRoma(1vaKorinde.6)
    - (2) kuramba uri nhapwa(1vaKorinde.7:20-24)
    - (3) Kusawana(1vaKorinde.7:1-35)
    - (4) Mhandara(1vaKorinde.7:36-38)
    - (5) Zvokudya zvapirwa kuvaMwari vokuveza(1vaKorinde.8;10:23-33)
    - (6) Tsika dzisina kufanira patafura yaIshe(1vaKorinde.11)
3. Mwari akazviratidza zvakazara kunedzimwe tsika ,nerimwe zuva.Tinofanira kutora ratidzo iyi zvakakomba,asi kwete chimwe nechimwe chenhoroondo

yayo. Shoko raMwari rakanyorwa namazwi evanhu, rakanangana neimwe tsika pane imwe nguva.

- B. Kupirikira bhaibheri kunofanira kutarisa zvikuru vavairo yemunyori wemabviro. Airevei panguva yake? uhwu ndihwi hwaro hwakakosha hwakupirikira. Asi zve, t inofanira kushandisa izvi pamazuva edu. Zvino herinoi dambudziko nenyaya yemadzimai muutungamiri (dambudziko rokupirikira rinogona kuva rokududza mazwi. Kwaiva navashumiri vakawanda kupfuura vafundisi vaonekwa savatungamiri here? ko vaDhikonikadzi navaPorofitakdzi vaonekwa savatungamiri here?) Zviri pachena kuti Pauro muna1vaKorinde.14:34-35 na1Timoti.2:9-15, anoti madzimai haafanira kutungamira pakunamata! Asi izvi ndingazvishandisa sei nhasi? handidi kuti tsika nemagariro erudzi rwaPauro patsika nemagariro angu idzivise shoko nokuda kwaMwari. Nedzimwe nguva mazuva aPauro aiva nokudzivisa kwakawanda, asi ukuwo mazuva angu aine kuzarurwa kwemikana kwakawandisa. Handiwane kugadzikana kana ndichiti mashoko nedzidziso yaPauro zviri muchimiro chemazuva ake, emakore zana okutanga, chokwadi cheipapo. Ndiri aniko ini, ndingaita kuti pfungwa dzangu netsika namagariro angu zvipikise munyori akatuswa?!

Zvisineyi, ndingaita kuti paine mienzaniso yevatungamiri vechidzimai mubhaibheri (chero muzvinyorwa zvaPauro, cf. vaRoma.16)? Muenzaniso wenyaya iyi inhaurwa yaPauro pamusoro pokunamata pachitamuna1vaKorinde.11-14. Muna1vaKorinde.11:5 anoita sokuti anobvumira madzimai kuparidza nokunyengetera muchita, misoro yavo yakafukidzwa, asi muna.14:34-35 anoti vanofanira kunyarara! kwaiva navaDhikonikadzi9cf. vaRoma.16:1) navaporofitakdzi (cf. Mabasa.21:9). Kuwanda kwetsangudzo uku ndiko kunondipa rusununguko rwokuti mashoko aPauro aya (maringe nokudzivisa madzimai) akanangana neKorinde neEfso dzamakore zana okutanga. Mukereke mbiri idzi maiva nedambudziko remadzimai ainge oratidza rusununguko rwavo nenzira isina kururama (cf. vaBruce Winter muchinyorwa chavo chinonzi, mushure mokunge Pauro abva kuKorinde; *“After Paul Left Corinth,”*) izvo zvakange zvoita kuti kereke itadze kuita basa rayo raKristu mumugarisanwa wavo. Kusununguka kwavo kwaitoda kudziviswa kuitira kuti vhangeri rifambe.

Nguva yangu yakasiyana neyaPauro. Munguva yangu, vhangeri harifambe kana madzimai akadzidziswa akasabvumirwa kutaurira vamwe nezvehangeri, kana vakadziviswa kutungamira! Ko chinangwa chokunamata sechita ndechei? Hachisiri chokufambisavhangeri nokutevera Jesu here? Ko Mwari angarumbidzwa nokufadzwa nevatungamiri vechidzimai here? Bhaibheri rose rinoita sokuti rinoti “hongu”!

Ndinoda zvikuru kutenderana naPauro, gwara rezvidzidzo zvouMwari zvangu rinotevera dzidziso yaPauro. Handidi kunyengerwa nemafungiro emazuva ano okususukidza madzimai! Zvisineyi, ndinoona sokuti kereke yakanonoka kushandisa zvokwadi iri pachena yemubhaibheri, sokuipa kwekubamba, rusaruraganda, kusava norugamuchiro, nokusarura maringe nokuva munhukadzi kana munhurume. Kerekek yakanonokawo kubatikana panyaya yokukanganiswa kwekodzero dzemadzimai mazuva ano. Mwari munaKristu akasunungura nhapwa pamwe nomudzimai. Handidi kuti chinyorwa chakaitirwa imwewo tsika, chivasungirire zvekare.

Chimwe chinhu ndechekuti: Ini somupirikiri ndinozuva kuti kereke yokuKorinde yaiva yakabvanganyuka zvikuru. Kwaiva nokuzvikudza pamusoro pezvipa zvekubwinya. Madzimai anogonawo kuva akavawo nechokuita nenyaya iyi. Ndinozivawo kuti Kereke kuEfso yaiva nedambudziko revadzidzisi venhema avo vaishandisa madzimai sevatauriri vavo muimba

yekereke ikoko kuEfeso.

C. Zvinogona kuverengwa panyaya iyi  
Maverengerwo ebhaibheri zvariri zvose”*How to Read the Bible For All Its Worth*” nava Gordon ,zvebhaibheri”*Hard sayings of the Bible*” nava Walter C.Kaiser, Peter H. Davids, F.F. Bruce, nava Manfred T. Branch (pp.613-616;665-667).

▣ **“Kereke”** Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

### **NHAURWA INOKOSHA: KEREKE (EKKLESIA)**

Izwi rechiGiriki iri rokuti, *ekklesia*, rinoumbwa namazwi maviri, rokuti”kunze kwe” nerokuti”kudanwa” naizvozvo, izwi iri rinoreva kuti avo vakadanwa kunze naMwari. Kereke yakare yakatora mashandisirwe araiittwa nevanhu munyika (cf. Mabasa. 19:32, 39, 41) uye nemashandisirwe aro mubhaibheri rehiGiriki rakare okuti”gungano” raIsiraeri (*Qahal*, BDB 874, CF. Numeri. 16:3; 20:4). Vakarishandisa kuzvireva sokuendamberi nokureva vanhu vaMwari mutestamende yekare. Ndivo vaiva Isiraeri itsva (cf. vaRoma. 2:28-29; vaGaratiya. 6:16; 1Petirosi. 2:5, 9; Zvakazarurwa. 1:6), kuzadziswa kwekushumirwa kwaMwari pasi rose (cf. Genesi. 3:15; 12:3; Ekisodho. 19:5-6; Mateu. 28:18-20; Ruka. 24:47; Mabasa. 1:8).

Izwi iri rinoreva zvakanwanda muvhangeri nemunaMabasa.

1. Misangano yevanhu venyika muguta, Mabasa. 19:32, 39, 41
2. Vanhu vaMwari pasi rose munaKristu, Mateu. 16:18 navaEfeso.
3. Gungano rechita chavatendi munaKristu, Mateu. 18:17; Mabasa. 5:11 (mundima idzi, kereke yeJerusarema)
4. Vanhu veIsiraeri vose zvavo, Mabasa. 7:38, mumharidzo yaSifani
5. Vanhu vaMwari munharaunda, Mabasa. 8:3 (Judhea kana Parasitina)

▣ **“Kenikiriya”** Iri raiva rimwe remaguta ekumahombekombe muKorinde. Iri raiva kurutivi rwokumabvazuva (cf. Mabasa. 18:18).

**16:2”kuti mumugamuchire munaIshe, sezvinofanira vatsvene”** Iri izwi rechiito rinoreva zvaitwa riine yeuchidzo yezvinofanira kuitwa zvezwi rokuti *prosdechomai*, iro rinoreva kuti “kugamuchira vaenzi zvakanaka” (cf. vaFiripi. 2:29). Pauro aivaimba nemudzimai uye aida kuti Kereke imugamuchirewo pamwe nokumubatsira nokuda kwake. Kuti Pauro aitofanira kutaura izvi kunoratidza chimiro chokusiyana kwetsika namagariro.

▣ **“Vatsvene”** Izwi iri rinoreva kuti “avo vanoutsvene.” Haritsanangure chete chimiro chovatendi munaKristu, asiwozve hupenyu hwavo hunouMwari, kuramba vachiratidza maitiro echimiro chavo chitsva munaKristu. Izwi rokuti “vatsvene” rinogaro taurwa riri muuzhinji kunze kwemunavaFiripi (4:21) chero ipo pano riri muchimiro chezibatakwose. Kuva muKristu, kuva nhengo yechita chinotenda, mhuri, muviri. Kereke itsva kumadokero yakadurungundisa iyi nyaya yezibatakwose yekutenda kwemubhaibheri! Tarira nhaurwa inokosha: vatsvene pa1:7.



- ▣ “Nokumubatsira pazvinhu zvose zvaangashayiwa” Pane mazwi maviri eyruchidzo. Rokutanga rokutiparistemi (chirevo chezvinoitwa), rinoreva kuti”kuva pamwe kuitira kubatsira.” Repiri, rokuti, chrezvo (chirevo chezvirikuitwa), rinoreva” kubatsira nezvose zvingadiwa” (cf. 2vaKorinde.3:1)

Izvi zvaireva kubaysira vashumiri vaipfuura nezvose zvavaida. Ichi ndicho chaiva chinangwa chetsamba dzeyeuchidzo.



NASB, NKJV

“Akabatsira vazhinji”

NRSV

“Akava mubatsiri wavazhinji”

TEV

“Nokuti iye amene ishamwari yevanhu vazhinji”

NJB

“Akachengeta vanhu vazhinji zvikuru”

Izwi iri rokuti, *proistatis*, rinowanikwa pano chete mutestamende itsva. Izvi zvinogona kureva kubatsira nemari kana zbvimwewo zvinodiwa. Izvi zvaireva kwazvo kwazvo mubatsirikadzi anefuma zhinji. Sezvo Fibhi akanga achienda kuRoma (cf. ndima1) uye ainge abatsira vazhinji (cf. ndima.21), izvi zvinogona kuva zvechokwadi pamusoro pake.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):16:3-16**

<sup>3</sup>Ndikwazisirei Pirisika naAkwira, vanobata neni munaKristu Jesu, <sup>4</sup>vakaisa mitsipa yavo kurwira upenyu hwangu; vandisingavongi ini ndoga, asi nekereke dzose dzavaHedheni. <sup>5</sup>Ndikwazisireiwo kereke iri paimba yavo. Ndikwazisireiwo Epeneto, mudikanwi wangu, ndiye chibereko chokutanga munaKristu paAsia. <sup>6</sup>Ndikwazisireiwo Maria, akakubatsirai zvikuru. <sup>7</sup>Ndikwazisireiwo Andironiko naJunia, worudzi rwangu, vakasungwa pamwechete neni, vakakurumbira pakati pava positori, vakanditangirawo kuva munaKristu. <sup>8</sup>Ndikwazisirei Amipiriato, mudikanwi wangu munaIshe. <sup>9</sup>Ndikwazisirei Uribhano, anobata nesu munaKristu, naSitako, mudikanwi wangu. <sup>10</sup>Ndikwazisirei Apere, akatendwa munaKristu. Ndikwazisirei vokwa Arisitobhuro. <sup>11</sup>Ndikwazisirei Herodhiyo, worudzi rwangu. Ndikwazisirei vokwaNarikiso, vari munaIshe. <sup>12</sup>Ndikwazisirei Tirifaina naTirifosa, vanobata muna Ishe. Ndikwazisirei Pesisu, mudikanwi, akabata zvikuru muna Ishe. <sup>13</sup>Ndikwazisirei Rufosi, musanangurwi munaIshe, na amai vake, navangu. <sup>14</sup>Ndikwazisirei Asinikiroto, naFiregoni, naHerimesi, naPatirobhasi, naHerimasi, nehama dziri kwavari. <sup>15</sup>Ndikwazisirei Firorogosi, naJuria, naNerea, nehanzvadzi yake, naOrimipasi, navatsvene vose vari kwavari. <sup>16</sup>Kwazisanai nokutsvoda kutsvene. Kereke dzose dzaKristu dzinokukwazisai.

**16:3 “Pirisika naAkwira”** Ruka anomudana kuti “Pirisira.” Anowanzodomwa iye kutanga murume wake asati adomwa, chinova chinhu chaise nyanya kuitwa patsika (cf. Mabasa. 18:18, 26; 1vaKorinde.16:19; 2 Timoti.4:19). Anogona kunge aiva wemhuri youshe kuvaRoma kana kuti iye ndiye aiva nomukurumbira muvawanani ava. Vose Pauro nemhuri iyi vaiva vagadziri vematende kana vasuki vematehwe. Pauro anovadana kuti”vanobata neni munaKristu Jesu.” Anogona kunge akanga anzwa nezvematambudziko ekereke yeRoma kubva kuvaviri ava.

**16:4 “Vakaisa mitsipa yavo”** Iyi itsumo yokureva “demo reuyo anouraya vanenge vatongerwa rufu.” Bhaibheri haritaure kuti Pauro airevei nomutsara uyu.

- ▣ **“Vandisingavongi ini ndoga ,asi nekereke dzose dzava Hedheni”**Pauro aivonga zvikuru ushamwari norubatsiro rwaaiwana kubva kumhuri iyi.Akato paradzira ushumiri hwavo “kukereke dzose dzavaHedheni.”iyi ndiyo kumikidzo nematendo akanaka kwazvo!Zvinogona kuva zviine chokuita nokukurudzira pamwe nokudzidzisa kwavakaita Aporo(cf.Mabasa.18:24-28).

**16:5 “Kereke”** Izvi zvinoreva vanhu, kwete chivakwa.Izwi iri raireva kuti “avo vakadanirwa panze.” Mutestamende yechiGiriki yekare , “Septuagint(LXX)”, Izwi iri raishandiswa kushandurudza izwi rechiHebheru rokuti”*qahal*”iro rinoreva kuti”gungano.”veKereke yokutanga vaizviona sokuti ndvo zadziso nenhevedzo ye”gungano reIsiraeri “yemutestamende yakare,kwete sebokorodzi rakadambuka kubva kuIsiraeri.Tarira nhaurwa inokosha pa.16:1.

- ▣ **“Tri paimba pavo”** VaKristu vokutanga vaisangana mudzimba (cf.16:23; Mabasa.12:12; 1vaKorinde.16:19; vaKorose.4:15 naFirimoni.2). Zvivakwa zvemakereke zvakazovako mumakore mazana matatu okutanga(300 A.D.)

- ▣ **“Epeneto”** Zita romurume uyu rinoreva kuti “akarumbidzwa”

- ▣ **“Ndiye chibereko chokutanga munaKristu”** Izvi ndizvo zvinorehwawo pamusoro peimba yaSifefani muna1vaKorinde.16:15

- ▣ **“Pa Asia”** Izvi zvareva dunhu reRoma, iro raivanzarira kubata chikamu chimwe kubva muzvitatu zvenyika yeTurkey ,yatinoziva mazuva ano.

**16:6 “Maria,akakubatsirai zvikuru”** Hapana zvinonyatso zivikanwa pamusoro pemudzimai uyu.Anogona kuva mushumiri wekerke yeRoma.Kune vatendi vazhinji vatisingazivi asi vano zivikanwa naMwari.

**16:7 “Vakasungwa pamwechete neni”** Vanzveri vemagawro vemazuva ano havanyatso zive kuti husungwa hwairehwa ndohwe mhandoyi.Pauro akatambudzirwa kutenda kwake zvikuru9cf.2vaKorinde.4:8-11;6:4-10;11:25-28).Akaiswa mutorngo kuvaFiripi, paKesaria, kuRoma uye pamwe nedzimwewo nzvimbo zhinji( cf.KuEfeso, 1vaKorinde.15:32; 2vaKorinde.1:8).

- ▣ **“Juniasi”** zita iri rinogona kuva romunhukadzi kana romunhurume,izvo zvinogona kusiyaniwa nemadzaidzoirwo arinenge raitwa.Mune zvimwe zvinyorwa zvechiGiriki,munezita rokuti “*Iounian*,” Iri zita rinowanikwa muzvinyorwa zvakadai seMSS N,A,B,C,D,F,G naP,asi risina musiyano wemadaidziro.Iro rinodaidzwa nenzira yechidzimai rinowanika muMSS B<sup>2</sup>,D<sup>2</sup>,na 0150.Chinyorwa chemazuva okutanga cheP<sup>46</sup> nezvimwe zvakaita seshandurudzo dze”VULGATE ne COPTIC” pamwe nezvimwe zvinyorwa zvechiGiriki zvakashandiswa naJerome,zvine zita rokuti”*Ioulian*”rinova rechidzimai.Vamwe vanzveri vamagwaro vanofunga kuti imhosho yokunyora.Uyu mudaidziro wechikadzi unowanika muna.16:15.Zvinogoneka kuti vanhu vaviri vanorehwa mundima.7 vaiva

1. Vatendi vaviri vechiJudha vakasungwa pamwe naPauro
2. Hanzvadzi komana nehanzvadzi sikana

### 3. Murume nomukadzi

Kana zita iri richidanwa nenzira yokureva munhukadzi uye kana izwi rokuti mupositori vamwewo vasiri vaya”gumi nevaviri”saka uyu aiva mupositori wechidzimai.

Zvinoshamisa kuti chiperengo chokuti”Juniasi”hachina kuwanikwa chero papi hapo muzvinyorwa zvose zvechiRoma,asi zita rokuti”Junia”raishandiswa zvikuru.Raiva zita rechiRoma.kuti uzive zvakawanda pamusoro penyaya yemadzimai muushumiri ,verenga gwaro ravaLinda L.Belleville,rinonzi ;vatungamiri vechidzimai nekereke”*Women Leaders and the Church,pp.188 chinyorwa chomujinga42.*”



**NASB** “**Vakakurumbira pakati pava positori**”  
**NKJV** “**Vanoverengwa pakati pavapositori**”  
**NRSV** “**Vanomukurumbira pakati pava positori**”  
**TEV** “**Vanozivikanwa zvikuru pakati pavapositori**”  
**NJB** “**Kuna vapositori vakakurumbira**”

Izvi zvinogona kureva vane gumi navaviri,kana zviri izvo,ava vaviri vaizivikanwa zvikuru kwavari,kana kuvashumiri vakawanda avo vaizivikanwa nokuti”vapositori”(cf.Mabasa.14:4,14;18:51 vaKorinde.4:9;vaGaratiya.1:19;vaFiripi.2:25;1 vaTesaronika.2:6).chirevo chechinyorwa chinoreva ava vashumiri vakawanda,semunavaEfeso.4:11.asi chirevo chedudziro chinoreva ,guminevaviri.Tarira nhaurwa inokosha:tuma(*Apostello*) pa.1:1.

▣ “**Vakanditangirawo kuva munaKristu**”Izvi zvinoreva pachena kuti ava vakaponeswa vakatotanga kushumira Kristu ,rwendo rwaPauro kuDhamasiko rusati rwaitika.

**16:8-16** Mazita ari muchipimvu chino haazivikanwi navanzveri vemagwaro.Vadikanwi kunaMwari naPauro,asi mazita avo neushumiri hwavo hauna kunyorwa mutestamende itsva kana muzvinyorwa zvavaKristu vokutanga. Chinoshamisa ndechekuti pane musanganiswa we (1) mazita aizivikanwa kuti nde enhapwa (2) eushe hwevaRoma (3) mazita emhuri dzechiJudha.Ndevarume nevakadzi.Vanhu vakasunungurwa vane fuma uye nevaparidzi vaifambisa vhangeri.Vatorwa kudunhu rePezhiya.Zvidzviso zvose zvakawa mukereke yaKristu (cf.3:22; 10:12; Joere. 2:28-32 [Mabasa. 2:14-21] 1vaKorinde. 12:11; vaGaratiya. 3:28; vaKorose. 3:11)!

▣ “**Mudikanwi wangu munaIshe**” Izwi rokuti “mudikanwi”rinoshandiswa naMwari baba kureva Jesu Mwanakomana munaMateu.3:17 na17:5,rinogna kuva zita rakabva munziyo dzouranda dzaIsaya(cf.Mateu.12:18 yakatorwa kubva munaIsaya.42:1).Zvisineyi ,Pauro anorishandisa kureva vatendi (cf.1:7; 16:8, 9; 1vaKorinde. 4:14, 17; 15:58; vaEfeso.6:21; vaFiripi.2:12; vaKorose.4:7 ,9,14;1Timoti.6:2;Firimoni.ndima.16).

**16:9 “Ubhano”** Zita iri rinoreva kuti “munhu anogara muguta”kana kuti “akarererwa muguta.”

▣ “**MunaKristu**” Uyu mutsara unodzokororwa zvikuru pamwe newo kuti”Muna Ishe,”muchikamu chino chose.Vashumiri vechiKristu vose ava vaiva nhengo dzemhuriimwechete,muponesi mumwechete.

- ▣ **“Sitaki”** Iri izita risina kujairika ,iro rinoreva kuti”nzeve”(yezviyo).Vanoita zvokuchera vakaona zita iri riine chokuita nemhuri yaKesari.

**16:10 “Akatendwa munaKristu”** Iri dimikira rinoreva munhu akasangana nemisdzo yakawanada asi akaramba achitenda.Tarira nhaurwa inokosha pa.2:18

- ▣ **“Vokwa”** Vamwe vanzveri vamagwaro vanoti mutsara uyu unoreva varanda vaishanda mumba maArisitobhuro,kwete nhengo dzemhuri yake,uye ndizvo zvimwechetezvo nemutsara wemundima.11,”vokwa Narikiso.”
- ▣ **“Arisitobhuro”** Vamwewo vanzveri vamagwaro (Lightfoot) vanoti uyu aiva hama yamamboHerodhi Agiripa wokutanga (Uyo akatongera kuti mupositori Jakobho aurawemunaMabasa.12). Kana zviru izvo zvinoratidza kuti vhangeri rakanga rapinda zvakadii mumhuri yechiHidhumea iyi.

**16:11 “Herodhiyo”** Uyu anogona kuva aiva muranda wemhuri yaHerodhi.

- ▣ **“Vokwa Narikiso”**Izvi zvaigona kureva muranda aizivikanwa wamambo Kiraudhiyo.kana zviru izvo,zvinoratidzawo kupinda kwevhangeri mumhuri youshe hwechiRoma.

**16:12”Tirifaina”** Zita iri rinoreva kuti “munaku.”

- ▣ **“Tirifosa”** Zita iri rinoreva kuti “kupfava.” Ava vanogona kuva vakanga vari mapatya,cheru kuva noukama.
- ▣ **“Akabata zvikuru”** Izwi iri rinechirevo chokushanda “zvokutoneta.”
- ▣ **“Pesisi”** Izvi zvinoreva “mudzimai wekuPezhiya.”

**16:13 “Rufosi”** Izvi zvinoreva “utsvuku” kana “musoro wakatsvuka.” Pana Rufosi anozivikanwa zvikuru muRoma (cf.Mako.15:21).Kuti angava iye uyu anorehwa pano hazvinyatsozivikanwi,asi anogona kuva iye.

- ▣  

NASB	<b>“Musanangurwi munaIshe”</b>
NKJV, NRSV	<b>“Akasarudzwa munaIshe”</b>
TEV	<b>“Mushandi anomukurumbira muushumiri hwaIshe”</b>
NJB	<b>“Muranda akasangurwa waIshe”</b>

Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti”uyo akasarudzwa.”Pano izwi iri rinehochekeche kwete nokudanwa naMwari chete ,asiwo kumararamiro oushumiri hwake.Amai vake vakabatawo Pauro zvakana.

**16:14 “Herimesi”** Iri ndiro zita raipihwa mwari werombo rakanaka.Raiva zita rakajairika kuvaranda vevaGiriki nevaRoma.

**16:15 “Vatsvene vose”** Tarira nhaurwa inokosha:vatsvene pa.1:7.

**16:16 “Kutsvoda kutsvene”** Hapana humboo hwakare hwokuti ndiani aitsvoda ani,rini kana kupi.MuSinagoge,mune nzira yokukwazisa iyo yakazoshandiswawo mukereke,varume vaitsvoda varume padama uye vakadzi vachitsvodawo vakadzi (cf.1 vaKorinde. 16:20; 2vaKorinde. 13:12; 1vaTesaronika.5:26;1Petirosi.5:14). Muitiro wokukwazisa uyu wakava dambudziko mukereke nokuti waisanzwisiswa nevasingatendi, saka naizvozvo wakamiswa munedzimwe kereke, nyangwe zvazvo Justin Martyr achitaura nezvawo mumakore mazana maviri okutanga.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA ):16:17-20**

<sup>17</sup>Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri,hama dzangu,kuti mucherekedze avo vanopesanisa,navanogumbusa. vachiita zvinopesana nedzidziso yamakadzidza imi;muvanzvenge.<sup>18</sup> Nokuti vakadaro havabatiri Ishe weduKristu,asi dumbu ravo;vanonyengera mwoyo yavasina zvakaipa namashoko avo akanaka,anobata kumeso.<sup>19</sup> Nokuti kuteerera kwenyu kwakasvika kuvanhu vose. Naizvozvo ndinofara pamusoro penyu;asi ndinoda kuti muve vakachenjera kune zvakanaka uye musava nemhosva kune zvakaipa.<sup>20</sup>ZvinoMwari worugare achakurumidza kupwanya Satani pasi petsoka dzenyu. Nyasha dzaIshe wedu Jesu ngadzive nemi.

**16:17** Yambiro iyi inouya muchirevo chechinyorwa zvisina kutarisirwa.Zvisineyi ,Pauro anogna kunge akaiisa senzira yokusiyana navashumiri vaifamba nevhangeri yaMwari.Kune donongodzo mundima.17-18, yezvaititwa nevadzidzisi venhema ava.

1. Vaipesanisa
2. Vaigumbusa mutendi
3. Vaidzidzisa zvaipesana nedzidziso yekereke
4. Vaiitira matumbu avo
5. Vainyengera mwoyo yavasina zvakaipa namashoko avo akanaka ,anobata kumeso

Iyi donongodzo haina chokuita nevatendi vakasimba nevasina kusimba pakutenda vemunavaRoma.14:1-15:13.

- ▣ **“Vanzvengeyi”** Ichi chirevo chezvirikudokwairirwa kuitwa.Iri idingindira rinoramba richidzokororwa(cf.vaGaratiya.1:8-9;2vaTesaronika.3:6,14;2Johani.10).

**16:18**

**NASB,NRSV**

**TEV**

**“Matumbu avo”**

**NKJV**

**“Matumbu abvo”**

**NJB**

**“Makaro avo”**

Izvi zvinoreva “dumbu” chairo(cf.vaFiripi.3:19;Tito.1:12).Vadzidzisi venhema vaishandurira zvinhu zvose kuti zvizadze matumbu avo.

- ▣ **“Namashoko avo akanaka ,anobata kumeso”**Kazhinji vadzidzisi venhema vanotariska zvinegwezvo(cf.vaKorose.2:4).Vanotura nyaya nenzira yakanaka zvikuru.Ngwarirai!Zvimwe zvokukwanisa kuziva vadzidzisi venhema zvinowanika munaDhuteronomi.13:1-5;18:22;Mateu.7;vaFiripi.3:2-3,18-19;1Johani.4:1-3.

- ▣ **“Vanonyengera mwoyo yavasina zvakaipa”**Izvi zvinoreva zviri kuitika.kureva hunyengeri hurikutoitika.Ava vatendi vatsva vasina zvavaiziva ndivo vaikanganiswa zvikuru(“vasina zvavanoziva nezvezvivi”).

**16:19 “Kuteerra kwenyukwakasvika kuvanhu vose”**Izvi zvinorehwazve munavaRoma .1:8.Iri ndiro rimwe gudzanyaya raPauro.

- ▣ **“Muve vakachenjera ....kune zvakanaka,uye musava nemhosva kune zvakaipa”**Izvi zvinoreva dzidziso yaJesu9cf.Mateu.10:16;Ruka.10:3).

**16:20 “Mwari worugare”** Iri izita raMwari rinofadza (cf.15:33; 2vaKorinde.13:16; vaFiripi.4:9; 1vaTesaronika. 5:23 navaHebheru.13:20).

- ▣ **“Achapwanya Satani pasi petsoka dzenyu”** Izvi zvinotsigira zviri munaGenesi..3:15. Hukama hwavatendi naMesiasi hunovapawo kukunda (cf.1Johani.5:18-20). Urwu rudaviro nevimbiso inoshamisa.Muchirevo chechinyorwa chino chino Satani ndiye muenzaniso webongozozo nebesaniso rinokonzerwa nevadzidzisi venhema ,iro rinoita kuti kereke irasikirwe nokuita basa rayo guru.Chinotusa vadzidzisi venhema ndiwo madhimoni!Zvisineyi vhangeri rinoparadza rima nezvakaipa kuna avo vanorigamuchira uye vachirirarama.Kuti uzive zvakananada pamusoro penyaya iyi,verenga gwaro ravaClinton E .Arnold, rinonzi, mibvunzo mikuru mitatu pamusoro pehondo yeMweya;”*Three Crucial Questions About Spiritual Warfare.*”

## **NHAURWA INOKOSHA:HUIPI PAUZIMA**

Nokuda kwezvakananada ,iyi inyaya inonetsa zvikuru

1. Testamende yekare hairatidzi muvengi mukuru wezvakananaka,asi muranda waMwari ”YHWH” uyo anoratidza vanhu imwe nzira uye achivapomera mhosva yokusarurama (A.B.Davidson,pp.300-306).
2. Nyaya yomuvengi waMwari pachake, yakaunzwa nezvinyorwa nezvinamato zvekuPezhiya/Persia zve (*Zoroastrianism*). Izvi zvakananabata zvikuru dzidziso yechiJudha.
3. Testamende itsva inovandudza matingindira etestamende yekare nenzira iri pachena , yokusarudza mipanda.

Kana munhu akabata nyaya yedzidzo yezvakananada nemaonero ezvidzidzo zvouMwari zvebhaibheri (bhuku roga roga kana munyori woga woga kana manyorero oga oga achiongororwa nokudenengudzwa oga)zvinoburitsa maonero akasiyana ezvakananada.

Kana, hazvo munhu akabata nyaya yezvidzidzo zvezvakananada nenzira isiri yebhaibheri kana nzira yemaonero ezvinamato zvepanyika pose kana zvekumabvazuva, tsanangudzo yetestamende itsva, inodzimirwa nehunyambiri hwePezhiya/Persia nevemweya zvevaGiriki neva Roma.

Kana munhu pachake akamira pamasimba ouMwari eshoko,saka vandudzo yetestamende itsva inofanira kuonekwa seratidzo yeziendamberi.Vatendi vanofanira kungwarira kuti ngano dzavaJudha kana zvinyorwa zvavaRungu (kureva., Dante,Milton)kuti zvisavajekesera nyaya iyi.Pane zvakananzika nekusareva zvakananada panyaya iyi yeratidzo.Mwari akasarudza kuti asaburitsa zvinhu zvose zviri pamusoro pezvakananada,mabviro azvo,chinangwa chazvo,asi akaratidza kukundwa kwazvo!

Mutestamende yekare izwi rokuti Satani (BDB 966)kana mupomeri rinoratidza kureva zvikananada

zvitatatu zvakasiyana.

1. Vanhu vanopomera (1Samueri. 29: 4; 2 Samueri. 19: 22 1 Madzimambo. 11: 14, 23, 25; Mapisarema.109:6)
2. Ngirozi dzinopomera (Numeri.22:22-23; Zekariya.3:1)
3. Madhimoni anopomera (1 Makoronike. 21:1 ; 1 Madzimambo. 22: 21; Zekariya. 13 : 2)

Pakatozoti pava paya panguva iri pakati pokuguma kwetestamende yekare uye nokutanga kweitsva ndipopanobuda nyaya yokuti nyoka inorehwa munaGenesi.3.ndiye Satani(cf.Bhuku rounghwaru.2:23-24;2Enoki.31:3), uyewo inozova imwe yedzidziso dzevadzidzisi vechiJudha pavapaya (cf.*Sot 9bnaSanh.29a*) “Vanakomana vaMwari” vemunaGenesi.6 ndivo vanova ngirozi dzakaipa muna1Enoki.54:6.Ndivo vanova mabviro ouipi muzvidzidzo zvouMwari zvevadzidzisi vechiJudha.Ndinotaura nyaya iyi kwete senzira yokutsigira zvokwadi yazvo pazvidzidzo zvouMwari asi sokuratidza mafambiro azvakaita. Mutestamende itsva, zviitiko zvomutestamende yekare izvi zvinesungano nokuipa kwengirozi pachadzo (kureva. Satani) muna 2va Korinde.11:3; Zvakazarurwa.12:9.

Mabviro okuipa kwakapiwa chimiro akaoma kana kuti haagone kutsanangurika(zvichienderana nemaonero ako)kubva kutestamende yekare.Chimwe chikonzero cheizvi ndiko kunamata Mwari mumwechete kwevaIsiraeri(cf.1Madzimambo.22:20-22; Muparidzi.7 : 14; Isaya. 45:7; Amosi. 3: 6). Tsaona dzose dzainzi zviratidzo zvaMwari zvokuratidza hukuru nokuvamumwe kwake (cf.Isaya. 43: 11; 44: 6, 8, 24; 45:5-6, 14, 18, 21, 22).

Kunga wanika horokodzwa iyi ndekuna (1) Jobho.1-2, apo Satani anenge ari mumwe we ”vanakomana vaMwari” (kureva., ngirozi) kana (2) Isaya.14; Ezekieri.28, apo madzimambo aizvikudza epedo nokumabvazuva (Bhabhironi neTire) anoshandiswa kutsanangura kuzvida kwaSatani (cf.1Timoti.3:6). Ndine mafungiro akawanda pamusoro pemaonero aya. Ezekieri anoshandisa Bindu reIdheni sechibhende kwete chokureva mambo weTire chete saSatani (cf.Ezekieri. 28:12-16), asi kurevawo mambo weIjipita semuti weruzivo rwezvakanaka nezvakaipa (Ezekieri.31). Zvisineyi ,Isaya.14,kunyaynya ndima12-14,dzinoita sokuti dzinotsanangura kupanduka kwengirozi nokuda kwekuzvikudza. Kana Mwari aida kutiratidza chimiro chaicho nemabviro aSatani, apa handipo pokutiratidzira pachokwana kana nzira yacho yokutiratidza nayo.Tinofanira kungwarira muronga wezvidzidzo zvouMwari wokutora tuzvipimvu tudiki mutestamende dzakasiyana vanyori, mabhuku, nemanyorerero nokuzvibatidza sezvidimbu zvebungaidzo dzvene rimwechete.

Mugwaro ravaAlfred Edersheim,rinonzi;hupenyu nenguva yaJesu Mesiasi;”*The Life and Times of Jesus the Messiah,vol.2,appendices 13[pp.748-763] ne16[pp.770-776]*)rinoti dzidziso dzechJudha dzakanyaya kubatwa nehunyambiri hwekuPersia pamwe nepfungwa dzemadhimoni.Vadzidzisi vechiJudha havasiri ivo vangava nechokwadi panyaya iyi.Jesu anosiyana zvikuru nedzidziso dzemusinagoge.Ndinofunga kuti pfungwa yedzidziso yechiJudha yesvitsaniso nokupikisa pakupihwa kwomurayiro kunaMosesi pagomo reSinai,ndiyo yakaunza pfungwa yengirozi inova muvengi chaiye waMwari”YHWH”pamwe nevanhu.Kuna vamwari vaviri vehunyambiri hwePersia(Zoroastrian), *Ahkiman naOrmaza*,akaipa neakanaka.Hunyambiri uhwu ndihwo hwakazova mudzidziso younyambiri yechiJudha yaMwari”YHWH” naSatani.

MuTestamende itsva muneratidzo yezvokwadi yeziendamberi pamusoro petsanangudzo yezvakaipa, asi kwete yakajeka seinorehwa nevadzidzisi vechiJudha.Muenzaniso wakanaka wokusiyanana uku ndewe “hondo yakaitika kudenga. “Kutadza kwaSatani chinhu chaifanira kuzoitika, asi maitikire azvo chaiwo haana kutaurwa. Chero izvo zvakataurwa zvacho

zvafukidzwa nemutauro wemanyorero anonongedza magumo (cf.Zvakazarurwa.12:4,7,12-13). Nyangwe zvazvo Satani achikundwa nokukandirwa panyika, anoramba achishanda semuranda waMwari “YHWH” (cf.Mateu.4:1; Ruka.22:31-32; 1vaKorinde.5:5; 1Timoti.1:20). Tinofanira kudzora kutyamara kwedu panyaya iyi. pane samba romuedzo nezvivi,asi kunaMwari mumwechete uye vanhu vanomurandu wesarudzo dzavo.Pane hondo yeMweya, zvose usati nokunge waponiswa.Kukunda kunobva chete nokuramba kurikuburikidza naMwari vatatu mumwe.Kuipa kwakakundwa uye kuchabviswa!

- ▣ “Nyasha dzaIshe wedu Jesu ngadzive nemi”Aya ndiyo mapetero akajairika muzvinyorwa zvaPauro (cf.1va Korinde. 16:23; 2vaKorinde. 13:14; vaGaratiya.6:18; vaFiripi.4:23; vaKorose.4:18; 1vaTesaronika.5:28; 2vaTesaronika.3:18 pamwewo naZvakazarurwa.22:21). Zvinogona kuti izvi ndiye mbune akazvinyorera.Yaiva nzira yake yokuratidza kuti tsamba dzedzake (cf.2va Tesaronika.3:17; 1vaKorinde.16:21; vaKorose.4:18).

**NASB(ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):16:21**

**<sup>21</sup>Timoti anobata neni ,anokukwazisai;naRukio,naJasoni,naSosipatirosi,vorudzi rwangu.**

**16:21-23** Ndimba idzi dzakanyorwa tsamba yapedza kunyrwa kare.Avo vaibatawo naPauro kuKorinde vakatumirawo kwaziso dzavo.

**16:21 “Rukio”**Uyu aigona kuva

1. Ruka uyo aiva chiremba(cf.vaKorose.4:14),kana dimikira rokureva “munhu akadzidza”
2. Rukio weKurene(cf.Mabasa.13:1)
3. MuKristu aisazivikanwa

- ▣ “Jasoni” Uyu anogona kuva Jasoni anemumba maigara Pauro kuTesaronika(cf.Mabasa.17:5-9).
- ▣ “Sosipatirosi”Uyu murume anogona kuva Sopato weBhereya munaMabasa.20:4.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):16:22**

**<sup>22</sup>Ini Teritiosi, anoyora tsamba iyi ,ndinokukwazisai munaIshe.**

**16:22 “Ini, Teritiosi, ndinonyora tsamba iyi”** Pauro akashandisa munyori(*amanuensis*)kunyora tsamba dzake (cf.1va Korinde.16:21; vaGaratiya.6:11; vaKorose.4:18; 2vaTesaronika.3:17). Ndinofunga kuti Pauro aisaona zvakanaka uye aisa kwanisa kunyora mavara madiki aidiwa kunyorwa pamapepa kana pazvikumba kuitira kuchengeteda muhasvo webepa (cf.vaGaratiya.6:18!)

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA):16:23-24**

**<sup>23</sup>Gayo, akandigamuchira ini nekereke yose, anokukwazisai. Erasitosi,muchengeti wemari yeguta, anokukwazisai, naKwaritosiwo,hama.<sup>24</sup>[Nyasha dzaishe wedu Jesu Kristu ngadzive nemi mose. Amen]**



**16:23 “Gayo” Uyu anogona kuva**

1. Gayo Tito Jusuto wemuna Mabasa.18:7
2. Gayo weDhebhe(cf.Mabasa.19:29;20:4;1vaKorinde.1:14)
3. Gayo womuna 3 Johani.ndima1

▣ **“Akandigamuchira ini nekereke yose”** Uyu ndiwo mwoyo wokugamuchira vashnsyi waidiwa mukereke. Vamwe vatendi vaiva nefuma vaigamuchira vashumiri vaifamba neshoko kuti vagare mudzimba dzavo.Vamwewo, vakaita somurume uyu vakaita kuti dzimba dzavo dzive nzvimbo dzokusanganira vatendi. Kereke dzomudzimba dzakavako kusvika makore zana.Tarira nhaurwa inokosha:Kereke(*Ekklesia*)pa.16:1.

▣ **“Kwaritosi”** Zita iri rinoreva kuti “wechina” mururimi rwechiLatin.Anogona kunge aiva munun’una waTeritiosi,rinova zita rinorevawo kuti “wetatu” mururimi rweLatin”cf.ndima.22).

**16:24** Iyi ndima haiwanikwi muzvinyorwa zvechiGiriki zvakare,zvinoti;P<sup>46,61</sup>,N,A,B,C,ne, 0150. Inowanikwa munezvimwe zvinyorwa zvechiGiriki nechepamberi pa.16:23 nezvimwewo pamberi pa.16:27. Zviripachena kuti haimo mumabviro etsamba dzaPauro. Haimo mushandurudzo dzeNASB, NRSV, TEV neNJB.Gwaro reUBS<sup>4</sup>rinopa kusavapo kwendima iyi chipimo chekutanga “A” kureva chokwadi.Kuedza kupeta tsamba,kune chokuita nedzidziso yokujekesa iri pamagumo ezvikamu.14,15 na16,muzvinyorwa zvakare zvechiGiriki zvakawanda.

**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :16:25-27**

<sup>25</sup>Zvino iye ,anogona kukusimbisai,sezvimoreva vhangeri yangu, nokuparidzwa kwaJesu Kristu, nokuzarurwa kwezvakavanzika,zvisna kurehwa nguva dzisingaperi,<sup>26</sup>asi zvino zvinoratidzwa nokuziviswa kumarudzi ose, naMagwaro avaporofita, sezvazvakarayirwa naMwari asingaperi,kuti vateerere nokutenda;<sup>27</sup> Iye Mwari wakachenjera oga, ngaave nokubwinya naJesu Kristu nokusingaperi,Ameni.

**16:25-27** Izvi zvinoumba mutsara mumwechete mururimi rwechiGiriki.Shuviro yezvakanaka iyi inowanikwa muzvinyorwa zvakare zvechiGiriki, zvose pamagumo echikamu.15 nechikamu15. Muchirevo chechinyorwa chino iyi ironodorodzo yematingindira makuru ebhuku inogona kunge yakanyorwa noruoko rwaPauro pachake.

Vamwe vanoti dzidziso yejekeso iyi inogona kunge

1. Tsamba yedzokorodzo kuEfeso
2. Yeavo vaienda kuRoma nokuti
  - a. Pauro akanga asina kumboshanyira kuRoma,asi anokwazisa vanhu makumi maviri nevatanhatu
  - b. Chikamu ndicho chokutanga kutaura nezve vadzidzisi venhema
  - c. Dzidziso yejekeso iyi inowanikwa muzvinyorwa zvechiGiriki panzvimbo dzakawanda.

Zvinogoneka kuti Pauro akaita tsamba mbiri,chikamu.1-14 kuRoma,chikamu.1-16 kuEfeso.Kazhinji izvi zvinowaniso pindurwa nokuti

1. Ruzhinji rwevaKristu vakare ava rwaifamba zvikuru

2. Hakuna chinyorwa chechi Giriki chisina chikamu.16
3. Kugoneka kwokuti vadzidzisi venhema vanorehwa muchikamu.14:1-15:13

**16:25 “Iye anogona”** Iri izita raMwari rakanaka,iro rinoshandiswa katatu mutestamende itsva(cf.vaEfeso.3:20;Judhasi.24).

Tarira muone kuti Mwari anosimbisa vatendi sei.

1. Kuturwa kwevhangeri naPauro
2. Kuparidza nezva paJesu
3. Kuratidzwa kwezano nokusingaperi raMwari reruponeso iro ranga rakavanzwa(zvakavanzika)

Vatendi vanogoneswa nokuziva vhangeri.Vhangeri iyi yakaziviswa kuvanhu vose!

▣ **“Zvakavanzika”** Mwari anekumbanidzo yechinangwa chorudzikinuro rwavanhu iyo yakavapo chero kutadza kusati kwaitika (cf.Genesi.3).Runyerekupe rwezano iri runoburitswa mutestamende yekare (Genesi:15;12:3;Ekisodho.19:5-6; nemivaravara iri muzvinyorwa zvavaporofita). Zvisineyi, nyaya iyi yakanga isina kujeka (cf.1vaKorinde.2:6-8). Zvinozobuda pachena nokuuya kwaJesu neMweya.Pauro akashandisa izwi rokuti “zvakavanzika” kutsanangura hurongwa hwose hwerudzikinuro (cf.1vaKorinde.4:1; vaEfeso. 2:11-3:13; 6:19; vaKorose.4:3; 1 Timoti. 1:9). Zvisineyi, anorishandisa nenzira dzakasiyana siyana.

1. Kuomesa mwoyo weIsiraeri zvishoma kuitira kuti vaHedheni vakumbanidzirwewo.kuwanda kwavaHedheni uku ndiko kunozoita kuti vaJudha vagamuchire Jesu saKristu akaporofitwa(cf.vaRoma.11:25-32).
2. Vhangeri yakaziviswa kundudzi,idzo dzakakumbanidzwa munaKristu kuburikidza naKristu(cf.vaRoma.16:25-27;vaKorose.2:2).
3. Mitumbi yavatendi pakudzoka kwepiri(cf.1vaKorinde.15:5-57;1Tesaronika.4:13-18).
4. Kupetwa nokupfupiswa kwezvinhu zvose munaKristu(cf.vaEfeso.1:8-11).
5. vaJudha nevaHedheni vose vadyi venhaka(cf.vaEfeso.2:11-3:13).
6. Hukama hwepedo pakati pekereke naKristu hwakatsanangura nemazwi omuchato(cf.vaEfeso.5:22-33).
7. vaHedheni vakakumbanidzwa muvanhu vechisungo uye vakapindwa neMweya waKristu kuti vave nezvibereko zvokuva saKristu,kureva,kudzoreredza mufananidzo waMwari uwowakakanganiswa muvatadzi(cf.Genesi.6:5,11-13;8:21)waMwari muvanhu(cf.Genesi.1:26-27;5:1;9:6;vaKorose.1:26-28).
8. Vapikisi vaKristu panguva yokupedzisira(cf.2vaTesaronika.2:1-11).
9. Pfupiso yezvakavanzika zvekereke yekare inowanika muna1Timoti.1:16.

**16:26 “Asi zvino zvinoratidzwa”** Zvakavanzika kana zano raMwari razoratidzwa zvakajeka zvino kuvanhu.Ndiyo vhangeri yaJesu Kristu(cf.vaEfeso.2:11-3:13).

▣ **“Uye naMagwaro”** Mwari akaratidza zvakavanzika izvi munaJesu nebasa rake.Izvi zvakanga zvataurwa navaporofita vetestamende yekare.Kuitwa kwekereke yetestamende itsva iyo inokumbanidza vatendi vechiHedheni nevechiJudha, rakagara riri zano raMwari(cf.Genesi.3:15; 12:3; Ekisodho.19:5-6; Jeremiya.31:31-34).

▣ **“Mwari nokusingaperi”** Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

### **NHAURWA INOKOSHA:NOKUSINGAPERI**

Va Robert B.Girdlestone ,mugwaro ravo rinonzi,mazwi anofanana mutestamende yekare;”*Synonyms of the Old Testament*,”vanetsoropodzo yakanaka zvikuru pamusoro pezwi rokuti”nokusingaperi”:

“chipauro chokuti *aionios* rinoshandiswa kanokwana makumi mana mutestamende itsva,maringe nezwi rokuti *upenyu nokusingaperi*,rinoonekwa serino reva chipo chokutopiwa izvozvi, neimwe nzira sevimbiso yezviri muneremangwana.Rinoshandiswawo kureva kuvapo kusina mugumo kwaJesu munavaRoma.16:26;. nokugona nokusingaperi kwezodzo raJesu munavaHebheru. 9:12, 13:20; uye nekwenguva dzakare munavaRoma. 16:25, 2 Timoti.1,9,Tito.1.2.

Izwi iri rinoshandiswa kureva moto usingaperi,Mateu.18:8,25 .41,Judhasi.7;*murango usingaperi*, Mateu.25.46; *mutongo usingaperi kana mutongo worufu*, Mako.3.29, vaHebheru.6.2; *kuparadzwa kusingaperi*, 2vaTesaronika.1.9.Izwi riri mumivaravara iyi rinoreva magumo,rinoreva pachena kuti kana mitongo iyi yoitwa nguva yokugurukuta ,kushanduka kana kuedza kuzviburitsa pakutongwa inenge yapfuura zvachose.Tinonzwisisa zvisihoma pamusoro peremangwana ,pamusoro poukama hweupenyu hwevanhu nezvimwe zvisikwa, uye nezvibereko zvokusatenda, semaonero azvinoitwa muchiedza chokuti nokusingaperi. Kana zvisakarurama kuwedzera shoko raMwari,sakahatifaniri kurikamura;uye kana tichingwenda pasi pegwara redzidziso yemutongo nokusingaperi sezvo iri mumagwaro,tinofanira kugutsikana nokumirira, takabaturira pavhangeriyaMwari munaKristu,tichibvuma kuti pane zvakananzika zvatingakwanisi kunzwisisa” (pp.318-319).

▣ **“Yakaziviswa kumarudzi ose”**Ichi chirevanguva chinoreva zvakaikwa.Mazwi aya akaiswa pokupedzisira mumitsara yechiGiriki kuitira kumikidzo.Mwari akatura pfupiro yevhangeri kunyika yose,iyo yakagara iri vavariro yake(cf.Genesi.3:15)!

▣

<b>NASB</b>	<b>“Kuti vateerere nokutenda”</b>
<b>NKJV</b>	<b>“Kuitira kuteerera nokutenda”</b>
<b>NRSV</b>	<b>“Kuunza kuteerera kwokutenda”</b>
<b>TEV</b>	<b>“Kuti vateerere nokutenda”</b>
<b>NJB</b>	<b>“Kuvaisa mukuteerera kwokutenda”</b>

Pane nzira dzakasiyana dzokunzwisisa mutsara uyu,unogona kureva

1. Gwara redzidziso pamusoro paKristu
2. Kuvimba munaKristu
3. Kuteerera vhangeri kwokutanga nokuenda mberi

Kuteerera(cf.1:5) kunofanira, muzvidzidzo zvouMwari nepfungwa yekutendeuka nokutenda (cf.Mako.1:15; Mabasa.3:16,19;20:21).

**16:27 “Iye Mwari wakachenjera”** Izvi zvinotsigira Mwari mumwe (tarira nhaurwa inokosha pa.3:30, cf.Dhuteronomi.6:4-5). ChiKristu chinaMwari mumwechete, sechinamoto chechiJudha, zvisineyi 8

▣ “Ngaave nokubwinya nokusingaperi”Tarira chinyorwa pa.3:23.

▣ “Ameni”Tarira chinyorwa pa.1:25.

## **MIBVUNZO YENHAURIRANO**

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko Pauro akaziva sei vanhu vose ava vekereke yeRoma iye akanga asina kumbosvikako?
2. Ko kune humboo hwemubhaibheri, pamusoro pemaDhikoni echidzimai here?
3. Chirevo chokudonogodzwa kwemadzimayi muchikamu chino ndecheyi?
4. Tsanangura mutoo wemaitiro neshoko revadzidzisi venhema (ndima.17-18).

# HOROKODZWA YOKUPETA GWARO YOKUTANGA

## DUDZIRO MUCHIDIMBU YEMAZWI EZVIVAKAMUTAURO ZVECHIGIRIKI

Rurimi rweKoine Greek, urwo runozivikanwa wo nokuti Hellenistic Greek, rwakashandisa zvikuru mumatunhu ari kurutivi rweMediterranean kubvira panguva yokukurumbira kwaAlexander (336-323.B.C.) Jesu asati azvarwa, kusvika kumakore anokwana mazana masere (300 B.C.-A.D.500). Wakanga usiri mutauro wakajairika wechiGiriki, asi waitova mutauro mutsva uyo wakazovo mutauro wepiri munharaunda dzakadziva kumabvazuva nokuMediterranean.

Mutauro wechiGiriki wetestamende itsva waiva wakapesa zvikuru nokuti vaiushandisa ,kusiya kwaRuka nemunyori wevhangeri yevaHebheru,vanoita sokuti vaishandisa mutauro weAramaic.Naizvozvo zvinyorwa zvavo zvakaumbwa zvikuru nemadimikira nezvivakamutauro zvechiAramaic.Uyezve vainzvera nokutora zvakanyorwa muBhaibheri rechiGiriki rakare(Septuagint)iro raiva rakanyorwawo nerurimi rweKoine Greek.Asi Bhaibheri rakare rechiGiriki iri raivawo rakanyorwa nevanzveri vemagwaro vechiJudha avo vaisashandisa Giriki somutauro wavo.

Izvi zvinoti rangaridza kuti hatigone kuisa testamende itsva mumushwishwishi wezvivakamutauro.Testamende itsva yakapesa zvikuru asiwozve inofambirana zvikuru ne(1)bhaibheri rechiGiriki rakare(Septuagint);(2)Zvinyorwa zvechiJudha kunyanya zvaJosephus;pamwe(3)negwaro repapyri iro rakawnikwa kuljipita.Zvino tingasvika sei paongororo chaiyo yetestamende itsva?

Chimiro chezvivakamutauro zverurimi rweKoine Greek pamwe neKoine Greek yetestamende itsva chinozereka.Neimwe nzira iyi yaiva nguva yokusurudzwa kwe zvivakamutauro.Chirevo chechinyorwa ndicho chichava nhungamiri yedu huru.Mazwi anova nechirevo mukutambanuka kwechirevo chechinyorwa chese,chitarisiko chezvivakamutauro chinokwanisa chete kunzwisika (1)mumhando yemanyorero emunyori; ne(2)muchirevo chakanangana nechinyorwqa.Hazvi goneki kuva nedudzira chaiyo yemaumbirwo nokurongwa kwemazwi echiGiriki.

Rurimi rweKoine Greek rwainyanya kushandiswa pakutaura.Kazhinji nyaya huru yokupirikira ndiyo mhando nekuurungana kwematauro.MUmbadzi zhinji dzerurimi urwu,izwi rechiito ndiro rinotanga kuvapo,kuratidza kukosha kwaro.Pakuongorora izwi rechiito rechiGiriki,panofanira kutariswa mhando nhatu dzehorokodzwa (1)tsindikidzo yechirevanguva,mutauriro nechirevo chemafungiro(dzidzo yeruzha pamataurire kana dzidzo yekuumbwa kwemazwi);(2)chirevo chaicho chezwi rechiito(kunyorwa nokupepetwa kwemaduramazwi);pamwe ne(3)kuzereka kwechirevo(kurongwa kwemazwi mumitsara).

### I. ZVIREVANGUVA

- A. Zvirevanguva kana chimiro chinosisirira hochekeche yemazwi echiito pakureva chiito chakapedzwa kana chisina kupedzwa.

Izvi ndizvo zvinodanwa kuti”zvakaaitika uye zvizbereko zvichiripo”(perfective)pamwe ne”zvaiitika”(imperfective)

1. ‘Perfective tenses’zvirevanguva zvinoreva zvakaaitika uyezvizbereko zvichiripo zvinonyanya kutarisa kuitika kwechiitiko.Hapana zve imwe horokodzwa inopiwa kunze kwekungoti pane zvakaaitika!kutanga kuitika kana kusvika pamanhengatenga acho hakutaurwe nezvako.
2. ‘Imperfect tenses’zvirevanguva zvinoreva muitikiro wechiito.zvinogona kutsanangura maringe nemuronga wemaitikiro,nguva yokuitika nokuenda mberi kwacho,nezvimwewo.

B. Zvirevanguva zvinogona kutariswa maringe nokuti munyori anoona chiitiko sei

1. Zvakaaitika=AORIST
2. Zvakaaitika zvizbereko zvichiripo=PERFECT
3. Zvaiitika kare uye zvizbereko zvaivapo,asi kwete zvino=PLUPERFECT
4. Zvirikuitika=PRESENT
5. Zvaiitika=IMPERFECT
6. Zvichaitika=FUTURE

Muenzaniso ungapita chiedza chokuti zvireva nguva izvi zvinobatsira sei pakupirikira ndowezwi rokuti”ponesa.”rakashandiswa muchimiro chezvirevanguva zvakaasiyana zvakaanda kuratidza manhengatenga nemaitikiro ezvinhu

1. AORIST—“takaponeswa”(cf.vaRoma.8:24)
2. PERFECT—“zvakaaitika uye zvinoramba zvakaaro”(cf.vaEfeso.2:5,8)
3. PRESENT—“tirikuponeswa”(cf.vaKorinde.1:18;15:2)
4. FUTURE—“tichaponeswa”(cf.vaRoma.5:9,10;10:9)

C. Tichitarisisa zvirevanguva zvezvazwi echiito,vapirikiri vanotsvaka chakaita kuti munyori wokutanga ,asarudze kududza nyaya yake achishandisa chirevanguva chaangadai akashandisa.Chirevanguva chakajairika chokuti”hapana wedzero yezvisina mature”chaiva chirevanguva chezvakaaitwa(AORIST).Chaiva chimiro chechirevanguva” chisina chaizvo zvachinonongedza,” “chisina chaizvo zvachinodoma,” “chisinga shanduriki.” Chinogona kushandiswa nenzira zhinji dzakasiyana, asi chirevo chechinyorwa ndicho chinofanira kupa rujeko rwechirevo.Chaingo doma chete kuti pane zvakaaitika.Chirevo chenguva yekare chinotirwa muchirevo chepfungwa yokunongedza.Dai paine chimwewo chirevanguva chakashandiswa ,zvaireva kuti paive nechinhu chaida kudomwa.Asi sechipi?

1. PERFECT TENSE. Ichi chinotaura nezvechiitiko chakaaitika uye chine zvizbereko zvinoramba zvakaaro.Neimwe nzira waiva mubatanidzwa wechirevanguva chezvakaaitwa nezvirikuitika.Kazhinji nyaya ndeye kutarisisa zvizbereko zvicharamba zvakaaro kana kupedza kuitwa kwechiito.Muenzaniso:vaEfeso.2:5 ,8,”makaponeswa uye mucharamba muchiponeswa.”
2. PLUPERFECT TENSE. Ichi chaiva chakaita sechirevanguva chezvakaaitwa zvichisiyana chete pakuti pane ichi zvizbereko zvakaopera kare.Muenzaniso:”asi Petiroso akange amire panze pamusuo”(Johani.18:16).

3. PRESENT TENSE. Ichi chinotaura nezve chiitiko chisina kupera kana chiitiko chaitika. Nyaya ndeyekutarira kuendamberi kwechiitiko. Muenzaniso: "mumwe nomumwe anogara maari haaiti izvi" (1 Johani. 3:6&9).
4. IMPERFECT TENSE. Muchirevanguva ichi, hochekeche kuchirevanguva chezviri kuitika (PRESENT TENSE) ine ringanidzo nehochekeche pakati pechirevanguva chezviri kuitika niche zvakaitika kare zvikapera (PLUPERFECT). Chirevanguva ichi chinoreva zvaitika zvisina kupera asi nzvav zvakare kana kutanga kwechiitiko kareko. Muenzaniso: "zvino veJerusarema rose neJudhea nenyika yose yakapoterredza Jorodhani vakabudira kwaari" (Mateu. 3:5).
5. FUTURE TENSE. Ichi chinotaura nezve chiito chichaitika muneremangwana. Chaitarisa nezve kugoneka kwechiitiko kwete kuitika kwechiitiko chaiko. Chinowanzo taura nezvekuti zvokwadi chiitiko chinogona kuitika. Muenzaniso: "vakakomborerwa . . . vacha. . ." (Mateu. 5:4-9).

## II. MATAURIRE

- A. Mataurire ndiwo anoburitsa hochekeche pakati pechiito chezwi rechiito nemuiti.
- B. ACTIVE VOICE ;Mataurire Wokuratidza kuita ndiwo chaiwo ,unotarisirwa, usina wokusatsindikidza kuti anotaura ndiye aiva muiti.
- C. PASSIVE VOICE; Izwi rinononedza kuitirwa, mataurire aya anoreva kuti mutauri haasiri iye muiti wechiito chinonongedzwa nezwi rechiito, asi aitoitirwa. Iye muitiri uyu ndiye aiburitswa mutestamende itsva yechiGiriki nezvirevamwene zvinotevera:
  1. Muitiri chaye pazima uyo anorehwa nechirevamwene chokuti *hupo* pamwe nechirevo chokutsanangura kuparadzanisa 'ABLATIVE CASE' (Mateu. 1:22; Mabasa. 22:30).
  2. Mumiriri wepazima anorehwa nechirevamwene chokuti *dia* pamwe nechirevo chokutsanangura kuparadzanisa 'ABLATIVE CASE' (Mateu. 1:22)
  3. Muitiri asiri wepazima anorehwa kazhinji nechirevamwene chokuti *enpamwe* nechirevo chinonongedza kushandisa 'INSTRUMENTAL CASE'
  4. Nedzimwe nguva angava muitiri wepazima kana asiri wepazima ,pamwe nechirevo chinonongedza kushandisa 'INSTRUMENTAL CASE' choga.
- D. THE MIDDLE VOICE; Uyu mutaurire unoratidza kuti mutauri ndiye ari kuita chiitiko chiri kutsanangurwa nezwi rechiito. Ndiwo mutaurire unonongedza kuti mutauri ane chokuia nezviri kuitika. Kuumbwa kwemutsara uku kwaitindikidza kuita kwomuiti. Kuumbwa uku hakuwanikwi muchirungu. Mataurire uyu uneshandurudzo dzakawanda muchiGiriki. Mimwe mienzaniso yekuumbwa kwemitsara uku ndeinotevera :
  1. REFLEXIVE—tsanangudzo yechirevo chokuzvitira. Muenzaniso "akazvisungirira" (Mateu. 27:5)

2. INTENSIVE—Tsanangudzo yechirevo chokunongedza  
muiti.Muenzaniso:”satani anozvishandura achizviita mutumwa  
wechiedza”(2vaKorinde.11:14).
3. RECIPROCAL—Izvi zvinoreva vaiti  
vaviri.muenzaniso:”vakarangana”(Mateu.26:4).

### III. CHIREVO CHEMAFUNGIRO”MOOD /MODE”

- A. Pane zvirevo zvemafungiro zvina mururimi rweKoine Greek.Zvioburitsa hukama hwemazwi echiito nezvirokwazvo iripo,mumaonero emunyori.Zvirevo zvemafungiro izvi zvinopatsanurirwa muzvikwata zviriri:icho chinonongedza zvirokwazvo(INDICATIVE)icho chinonongedza zvinogona kuitika(SUBJUNCTIVE,IMPERATIVE and OPTATIVE).
- B. INDICATIVE MOOD ,Chirevo chemafunhiro ezvirokwazvo ndicho chinonongedza chiitiko change chaitika kana chakanga chichiitika maringe nemaonero omunyori.Ndicho chete chirevo chemafungiro emutauro wechiGiriki chaiburitsa nguva chaiyo yakaitika zvinhu,cheru pano nyaya iyoyi haina kukosheswa.
- C. SUBJUNCTIVE MOOD,Chirevo chemafungiro ichi chinotsanangura zviitiko zvemuneremangwana.Pane chakanga chisina kuitika asi pane mukana wokuti chingango itika.Ichi chirevo chaifanana zvikuru niche”FUTURE INDICATIVE”musiyano ndowekuti che”SUBJUNCTIVE “chinoburitsa kusagutsikana.Mururimi rwechirungu izvi zvinowanjo dudzwa nemazwi okuti”zvinogona” “zvichango” “zvingango” “zvingagona.”
- D. OPTATIVE MOOD,Ichi chaiburitsa shuviro iyo yaigona kuitika pamafungiro.Ichi chainzi chinenge chiri kure nezvirokwazvo kudarika che’SUBJUNCTIVE.’ Che’OPTATIVE ‘chinonongedza kuti zvinhu zvingangoitika maringe nemamiriro anenge akaita zvinhu .Ichi chirevo chemafungiro chaisanyanya kuwanikwa mutestamende itsva.Chakanyanya kushandiswa muzvinyorwa zvaPauro apo paanoti “haisva”(KJV,”haisva”),chichishandiswa kagumi netatu(cf.vaRoma.3:4,6,31;6:2,15;7:7,13;9:14;11:1,11;1vaKorinde.6:15;vaGara tiya.2:17;3:21;6:14).Mimwe mienzaniso inowanikwa munavaTearonika.1:38,20:16,Mabasa.8:20, navaTesaronika.3:11.
- E. IMPERATIVE MOOD,Ichi chirevo chaireva murayiro waigoneka,asi kumikidzo yaiva pachinangwa chemutauri.Chaireva kugoneka kunechokuita nesarudzo yomumwe.Paiva nenzira yemashandisirwo aaitwa chirevo ichi muminyengetero pamwe nemuchimiro chokukumbira somunhu wetatu.Mirayiro iyi yaiwanikwa iri muchimiro chezvirevanguva zvezvirikuitika nezvakaitwa mutestamende itsva.
- F. Zvimwe zvakamutauro zvinopatsanura zvreanguva zvemazwi echiito se mhando dzezvirevo zvemafungiro .Izvi zvinoitwa zvikuru muchiGiriki



chetestamende itsva ,zvinonyanya kududzirwa sezvipauro zvematauriro.Zvinoshandurudzwa pamwechetepo nezwi rechiito razviine hochekeche naro.Zvizhinji zvazvo zvakagoneka pakushandurudza zvirevanguva zvezwi echiito.Zvinobatsira kuringanidza shandurudzo dzechirungu dzakawanda.Bhuku rakanyorwa navaBarker rinonzi,bhaibheri mushandurudzo makumi maviri nenhanhatu”*The Bible in twenty six Translations*” ringabatsira zvikuru panyaya iyi.

G. AORIST ACTIVE INDICATIVE,Ndiyo yaiva nzira chaiyo yokunyora zviitiko”isina chaizvo zvainodoma”.zvimwewo zvirevanguva,mutauriro waivawo nokukosha pakupirikira izvo zvaida kurehwa nomunyori.

- IV. Kumunhu asinga zive mutauro weGiriki mabhuku anotevera anogona kubatsira:
- A. Fireberg,Barbara and Timothy.*Analytical Greek New Testament*.Grand Rapids:Barker,1988.
  - B. Marshal,Alfred.*Inerlinear Greek-English New Testament*.Grand Rapids:Zondervan,1976.
  - C. Mounce,William D.*The Analytical lexicon to the Greek New Testament*.Grand Rapids:Zondervan,1993.
  - D. Summers,Ray.*Essentials of New Testament Greek*.Nashville:Broadman,1950.
  - E. Academically accredited Koine Greek correspondents courses are available through Moody Bible Institute in Chicago,IL.”zvidzidzo zvemutauriro wechiGiriki zvinowanika kuchikoro cheMoody Bible institute kuChicago,IL.

V. MAZITA”NOUNS”

- A. Muzvidzidzo zvokurongwa kwemazwi ,MAZITA ano patsanurwa maringe nemamiriro awo.Mamiriro ezita ayo anoburitsa sungano yaro nezwi rechiito pamwe nezvimwe zvikamu zvomutsara.Mururimi rweKoine Greek mamiriro mazhinji ekushanda kwemazita uku kuno ratidzwa nezvirevamwene.Sezvo mamiriro ari iwo anodudza sungano dzaro dzakasiyana siyana,chirevamwene ndicho chaizo dudza zvakajeka sungano dzemashandiro aya.
- B. Mamiriro emazita echiGiriki anopatsanurwa nenzira sere dzinotevera:
  1. NOMINATIVE CASE. Chimiro chezita ichi ndicho chaishandiswa kudoma uye ndicho chaitakura chirevo chomutsara kana ganhuro.Chaishandiswawo kunongedza mazwi anopa chirevo chechikamu chomutsara (PREDICATE NOUNS) pamwe nezvipauro zvinobatanidzwa nemazwi echiito sokuti”kuva” kana”kuzova.”
  2. GENITIVE CASE.Ichi chaishandiswa kutsanangura uye chaidudza chirevo chemaitiro kana mamiriro kuizwi rachinenge chine sungano naro.Chaipindura mubvunzo, sokuti “chirudzii?”chaiwanzo shandiswa pamwe nechirevamwene chokuti”ku,kwa,zva.”
  3. ABLATIVE CASE.Chaishandisa muchimiro chimwechete neGENITIVE,asi icho chaishandiswa kutsanangura mharadzaniso.Chainyano shandiswa kutsanangura

mharadzano dzenguva,muhasva,mabviro kana danho.Chaiwanzoshandiswa pamwe nechirevamwene chokuti”kubva ku,kwa,”

4. DATIVE CASE.Chaihandiswa kutsanangura zvaitarisitwa pazvima.Izvi zvaigona kuva zvakanaka kana zvakaipa.Kazhinji ichi chaiva chipamaso.chaiwanzo shandiswa pamwe nechirevamwene chokuti”kuna.”
5. LOCATIVE CASE.Chaiwa muchimiro chimwechetecho necheDATIVE,asi ichi chaitsanangura nzvimbo kana nzvimbo mumuhasva,munguva,kana mumhenderekedzo dzomurangariro.chaiwanzoshandiswa nechirevamwene chokuti”mu,pamu,pa,mukati,panguva,ne,pamu,uye kunze kwe.”
6. INSTRUMENTAL CASE.Chaiwa muchimiro chimwechetecho necheDATIVE necheLOCATIVE,Ichi chaireva zvishandiswa kana sungano.chaishandiswa pamwe nechirevamwene chokuti”ne,na”
7. ACCUSATIVE CASE.Ichi chaishandiswa kutsanangura kupera kwechiito.chaitsanangura mhenderekedzo.chaisahandiswa kunongedza zviripo chaizvo.chaipindura mubvunzo wokuti”kure zvakadii?” kana”zvakadii?”
8. VOCATIVE CASE.Ichi chaishandiswa kutura nyaya kana kutaura nemunhu kana vanhu pachena.

## VI. MAZWI OKUBATANIDZA MITSARA NOKUIPA SUNGANO (CONJUNCTIONS AND CONNECTORS)

- A. Mutauro weGiriki unehudonongodzwa hwakawanda nokuti une mazwi anopa sungano akawanda.Anopa sungano kumafungiro(zvitsauko,mitsara neganhuro).Mazwi aya akajairika zvikuru zvokuti kusavapo kwawo kinoto kanganisa kuongororwa nokupirikirwa kwezvinyorwa.Kwazvo kwazvo mazwi okubatanidza nokupa sungano aya ndiwo anoratidza gwara remafungiro emunyorori.Anokosha zvikuru pakuona kuti chii chaicho chaida kutaurwa nemunyorori.
- B. Heino donongodzo yemazwi okubatanidza neekupa sungano nezvirevo zvawo(horokodzwa ino yakapemhenwa kubva muchinyorwa chava H.E.Dana navaJulius K.Mantey chinonzi ‘gwaro rezvivakamutauro zvetestamende itsva yechiGiriki’ (*A Manual Grammar of the Greek New Testament*).

  1. Mazwi anopa sungano yenguva
    - a) *Epei,epeid e,hopote,hōs,hote,hotan*(SUBJ.)—“riini”
    - b) *Heōs*—“apo”
    - c) *Hotan,epan*(SUBJ.)—“Chero riini”
    - d) *Heōs,achri,mekhri*(SUBJ.)—“kusvikira”
      - a. *Priv*(infin)—“kusati”
      - b. *Hōs*—“kubvira, “ “riini,” “se”
  2. Zvinopa sungano yemuronga
    - a. Chinangwa
      - 1) *Hina*(SUBJ.),*hopōs*(subj.),*hōs*—“nokuda kwokuti,” “kuti”
      - 2) *Hōste*(ARTICULAR ACCUSATIVE INFINITIVE)—“kuti”
      - 3) *Pros*(ARTICULAR ACCUSATIVE INFINITIVE) kana *eis* (ARTICULAR ACCUSATIVE INFINITIVE)—“zvokuti”

- b. Zvibereko(pane sungano yakasimba pakati pezvimiro zvezvinangwa zvezvivakamutauro nezvibereko)
- 1) *Hōste*(INFINITIVE,ichi ndicho chakajairika)—“nokuda kwokuti,” “saizvozvo”
  - 2) *Hiva*(SUBJ.)—“kuti zvi”
  - 3) *ara*—“saka”
- c. Honzeri kana musaka
- 1) *Gar*(honzeri/zvibereko kana musaka/mhendero)—“zva,ku,”nokuti”
  - 2) *Dioti,hotiy*—“nokuti”
  - 3) *Epei,epeide,hōs*—“kubvira”
  - 4) *Dia*(neACCUSATIVE)pamwe (neARTICULAR INFIN)—“nezvokuti”
- d. emhendero
- 1) *Ara,poinum,hōiste*—“naizvozvo”
  - 2) *dio*(izwi rinopabatanidzo yemhendero yakasimbisisa)—“pamusoro pokuti,” “nokuda kwazvo,” “naizvozvo”
  - 3) *oun*—“naizvozvo,” “saka,” zvino,” “zvadaro”
  - 4) *toinoum*—“zvakadaro”
- e. okupikisa kana kuratidza musiyano
- 1) *alla*(izwi rakasimba rokuratidza musiyano)—“asi,” “kunze kwe,kwa”
  - 2) *de*—“asi,” “zvisineyi,”izvozvo,” “norumwe rutivi”
  - 3) *kai*—“asi”
  - 4) *mentoi,oun*—“zvisineyi”
  - 5) *plen*—“nyangwe”(kazhinji munaRuka)
  - 6) *oun*—“zvisineyi”
- f. muenzaniso
- 1) *hōs,kathōs*(rinotura ganhuro dzomusiyano)
  - 2) *kata*(mumazwi emubatanidzwa,*katho,kathoti,kathōsper,kathaper*)
  - 3) *hosos*(munavaHebheru)
  - 4) *e*—“kudarika”
- g. Anotsanangura bindirira kana mukata mukata
- 1) *de*—“pamwe,ne,” “zvino”
  - 2) *Kai*—“na,ne,”
  - 3) *tei*—“na,ne”
  - 4) *hina,oun*—“kuti”
  - 5) *oun*—“zvino”(munaJohani)
3. Kushandisa kwekumikidzo
- a. *alla*—“zvokwadi,” “hongu,” “pakuti”
  - b. *ara*—“zvedi,” “zvokwadi,” “chokwadi”
  - c. *gar*—“asi chokwadi,” “zvokwadi,” “zvedi”
  - d. *de*—“zvokwadi”
  - e. *ean*—“chero”
  - f. *kai*—“chero,” “zvokwadi,” “chokwadi”
  - g. *mentoi*—“zvokwadi”
  - h. *oun*—“chokwadi,” “nenzira dzose”

## VII. MITSARA INECHIMIRO CHOKUVA YECHOKWADI KUBVA PAMAONERO OMUNYORI

- A. **CONDITIONAL SENTENCE.** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi ,paganhuro,ungava mumwe kana mizhinji.Chivakamutauro ichi chinobatsira pakupirikira nokuti chinopa shongedzo yemamiro,misaku kana zvikonzero zvokuti sei chiitiko chezwi rechiito chichiitika kana kusaitika.Kwaiva nemhando ina dzemitsara ineshongedzo.Inobva pane uyo uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamaonero omunyorori kusvika kunouyo waingori shuviro.
- B. **FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE.** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamaonero munyorori chero zvazvo wakataurwa nezwi rokuti”kana.”Mune zvimwewo zviro zvezvinyorwa unogona kushandurudzwa uchinzi “zvazviri”(cf.Mateu.4:3;vaRoma.8:31).Zvisineyi izvi hazvirevi kuti mitsara yose yakadai ndeyezvokwadi.Kazhinji yaingoshandiswa kuburitsa nyaya padoritori kana kusimudzira gakava (cf.Mateu.12:27).
- C. **SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE.**Uyu mutsara unowanzo buda uchiti ”zvisingaenderane nezviripo.”Uyu mutsara unodoma imwe nyaya isiri yechokwadi senzira yekuburitsa chokwadi.Mienzaniso:
1. “kana aive muporofita ,izvo zvaasiri,Aigona kuziva hunhu nokuti mukadzi akamubata ndiyani,asi haazive”(Thess.7:39).
  2. “nokuti dai msaitenda Mosesi,mungadai mainditenda ini,asi hamunditendi”(Johani.5:46).
  3. “Nokuti zvino ndinoita ushamwari navanhu here,kana naMwari?kana ndinotsvaka kufadza vanhu here?kana ndaifadza vanhu nazvino,handizaiva muranda waKristu(vaGaratiya.1:10).
- D. **THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE.**Uyu ndiwo mutsara unotaura nezvechiitiko chiri muneremangwana.Unonyanya kutaura nezvekuti chiitiko chingangoitika.Unowanzoreva nezve hurongwa hwemberi. Chiito chinorehwa nezwi rechiito chine chirevo cheremangwana sechinonongedzwa nevara rokuti”kana”.Muenzaniso,muna1Johani.1:6-10;2:4,6,9,15,20,21,24,29;3:21;4:20;5:14,16.
- E. **FOURTH CLASS CONDITIONAL SENTENCE.**Uyu ndiwo mutsara urikure nechokwadi.hauwanikwi mutestamende itsva.Kwazvo kwazvo ,hapana mutsara werudzi urwu unobuda wakaperera zvokuti nhengo dzawo dzienderane nedudziro.Muenzaniso wemutsara wemhando iyi uri mumutsara wezaruro muna1 Petirosi.3:14.Muenzaniso wemutsara wemhando iyi uri wemhendero uri munaMabasa.8:31.

## VIII. MHINGO (PROHIBITIONS)

- A. **PRESENT IMPERATIVE** une **ME PARTICIPLE.**Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokumisa(asi kwete iwo woga) zvinhu zviri kuitika.Mienzaniso ndeinoti”regai kuzviunganidzira pfuma pasi pano. . .” (Mateu.6:19);”regai kufunganya pamusoro poupenyu hwenyu. . .”(Mateu.6:25)”regai kupira miviri yenyu kuzvivi sezvombo zvokuitisa zvivi. . .”(vaRoma.6:13);”regai kuchemedza Mweya mutsvene waMwari. . .”(vaEfeso.4:30);”regai kudhakwa newaini . . .”(5:18).

- B. AORIST SUBJUNCTIVE une ME PARTICIPLE.Uyu mutsara unopa kumikidzo yokuti”usatombo ita kana kufunga zvokuita .”Mienzaniso :”musafunga kuti. . .”(Mateu.5:17);”muafunga muchiti tichadyei. . .”(Mateu.6:31);”usanyadziswa. . .”(2 Timoti.1:8).
- C. DOUBLE NEGATIVE uine SUBJUNCTIVE MOOD.Uyu mutsara unoburitsa kuramba zvinesimba .”kwete kwete “ kana “chero zvikadii.”Mienzaniso:”zvirokwazvo ndinoti kwete hangatongooni rufu”(Johani.8:51);”kwete ,kwete handingatongo. . .”(1vaKorinde.8:13).

#### IX. IZWI RINOTEVERWA NEZITA (ARTICLE)

- A. Mururimi rweKoine Greek ,izwi rinodudza zita(DEFINITE ARTICLE) serokuti”iyo,iye” ‘*the*’raishanda sezvarinoita kuchirungu.Basa raro guru raiva rokunongedza ,kupa chirevo kuizwi rarinotevera,sezita kana mutsara.Mashandisirwo anosiyana siyana pamunyori umwe noumwe mutestamende itsva.Izwi iri (DEFINITE ARTICLE)rinogona kushanda :
1. Nenzira yokuratidza musiyano sezwi rinesungano nezita rinechirevo cheratidzo;
  2. Sechiratidzo chokuyechidza nezve nyaya yambotaurwa kana munhu;
  3. Senzira yokududza nhaurwa mumutsara,pamwe nesungano yezwi rechiito.Mienzaniso:”Mwari ndiMweya,”Johani.4:24;”Mwari ndiye chiezwa,”1Johani.1:5;”Mwari ndiye rudo,”4:8,16.
- B. Mutauro weKoine Greek wainge usina izwi rising dudzi zita serechirungu romupanda wokuti”i” ‘*a,an*.’kusavapo kwezwi rinodudza zita ,kwaigona kureva kuti
1. Kutarisiswa kwemaitiro kana chimiro chazviri kutaurwa nezvazvo
  2. Kutarisiswa kwemupanda wechinhu
- C. Vanyori vetestamende itsva vaisiyana zvikuru panyaya yokuti izwi iri(ARTICLE ) raishandiswa sei.

#### X. NZIRA DZOKURATIDZA KUMIKIDZO MUTESTAMENDE ITSVA YECHIGIRIKI

- A. Mabhindauko okuratidza kumikidzo anosiyana kumunyori woga woga mutestamende itsva.Vanonyatso nyora zvakatsetseka ndiRuka nemunyori wevhangeri yavaHebheru.
- B. Tadonongodza kare kuti izwi rechiito rinoreva zvaitika raitirwa kuburitsa tsindikidzo,asi zvimwewo zvirevanguva ,mataurire kana chirevo chemafungiro zvaikoshawo pakupirikira.Izvi hazvirevi kuti izwi rechiito rinoreva zvaitika rakanga risingashandiswe nenzira yakakosha yezvivakamutauro.Muenzaniso:vaRoma.6:10(kaviri).
- C. Marongerwo emazwi mururimi rweKoine Greek
1. Mutauro weKoine Greek waiva uri mutauro waishanduka maringe nemataurirwo awaitwa,waisaumbwa nokurongeka kwemazwi sezvinoita chirungu. Naizvozvo munyori aigona kushandura murongerwo wemazwi senzira yokuratidza:
    - a. Zvaaida kutsindikidza kumuverengi
    - b. Zvaafunga kuti zvaizoshamisa muverengi
    - c. Zvaainzwa iye mumwoyo make
  2. Nyaya yokurongedzeka kwemazwi mumutauro wechiGiriki ,haisiri nyaya yati yava nokujeka.Murongerwo unotarisisirwa kuvapo ndeunoti:
    - a. Kuisa sungano mumazwi echiito(VERBS)
      - 1) Izwi rechiito

- 2) Nyaya irikutaurwa nezvayo kana mutauri
- 3) Mazwi okuzadzisa mutsara
- b. Mazwi echiito anodudza sungano
  - 1) Izwi rechiito
  - 2) Nhairwa
  - 3) Chokutaura nezvacho
  - 4) Chipamaso
  - 5) Mutsara wechirevamwene
- c. Zvemitsara yemazita
  - 1) Zita
  - 2) Izwi rokurunga
  - 3) Mutsara wechirevamwene
3. Kurongwa kwemazwi kunogona kukosha zvikuru mukupirikira.Mienzaniso:
  - a. “ruoko rworudyi vakapa kwandiri naBhanabhasi,kuyanana”(vaGaratiya.2:9).mutsara wokuti”ruoko rworudyi rwokuyanana”wakapatsanura ndokuiswa pokutanga kuratidza kukosha kwawo.
  - b. “naKristu”(vaGaratiya.2:20),uyu mutsara wakaiswa pokutanga .kufa kwake kwaikosha .
  - c. “zvaiva zvisvishoma nezvisvishoma uye nenzira dzakawanda”(vaHebheru.1:1)uyu mutsara wakaiswa pokutanga.Apa pairinganidzwa nzira iyo Mwari akazviratidza nayo,kwete
- D. Kazhinji kumikidzo inoratidzwa noku:
  1. Kudzokororwa kwezwi rinesungano nezita iro rakanga ragara riri muchimiro chemataurirwo ezwi rechiito.Muenzaniso:”ini,pachangu ,zvokwadi ndichava nemi. . .”(Mateu.28:20).
  2. Kusavapo kwezwi rinobatanidza iro rinotarisirwa kuvapo,kana rimwe rinopa sungano pakati pemazwi,ganhuro kana mitsara.Izvi zvinodanwa kuti”asyndeton” kureva ‘kushaya sungano .Izwi rokupa sungano raitarisirwa ,saka kusvapo kwaro kunokatyamadza.Mienzaniso:
    - a. Mazwi emadanha,Mateu.5:3ff(yakakumikidza denengudzo)
    - b. Johani.14:1(nhairwa itsva)
    - c. vaRoma.9:1(mbadzi itsva )
    - d. 2vaKorinde.12:20(yakakumikidza denengudzo)
  3. Kudzokororwa kwemazwi nemitsara nemazwi ayo ari muchirevo chechinyorwa.Mienzaniso:”kukurumbidzwa kwokubwinya kwake”(vaEfeso.1:6,12 &14).Uyu mutsara wakashandiswa kuratidza basa remumwe nemumwe wevanhu vaMwari vatatu mumwe.
  4. Kushandiswa kwedimikira kana dambanezwi(mutengenera)pakati pemazwi
    - a. Manatsamukanwa—kutsivanisa mazwi panyaya dzinoera kutaura sokuti”kurara”kuchirehwa rufu(Johani.11:11-14)kana kuti “tsoka”kureva nhengo yemunhurume(Rute.3:3:7-8;1 Samueri.24:3).
    - b. Chibhende—kutsivanisa mazwi kureva zita raMwari,sokuti”hushe hokudenga”(Mateu.3:21)kana “izwi rakabva kudenga”(Mateu.3:17).
    - c. Zvimiro zvomutauro
      - 1) Gudzanyaya risingadairiki(Mateu.3:9;5:29-30;19:24).

- 2) Mitsara inounyoro(Mateu.3:5;Mabasa.2:36).
- 3) Mazwi ari muchimiro chomunhu(1vaKorinde.15:55).
- 4) Bembera(vaGaratiya.5:12)
- 5) Mivaravara yenhetembo(vaFiripi.2:6-11).
- 6) Rudengenero pakati pemazwi
  - a. “kereke”
    - 1) “kereke”(vaEfeso.3:21)
    - 2) “kudanwa”(vaEfeso.4:1,4)
    - 3) “akadanwa”(vaEfeso.4:1,4)
  - b. “sunungura”
    - 1) “mukadzi akasununguka”(vaGaratiya.4:31)
    - 2) “rusunguko”(vaGaratiya.5:1)
    - 3) “sununguka”(vaGaratiya.5:1)

d.Mutauro wemadimikira—Uyu mutauro unechekuita netsika nemagariro uye unosiyana maringe nerurimi rwuri kutaurwa:

- 1) Ichi chaiva chibhende chokureva “zvokudya”(Johani.4:31-34).
- 2) Ichi chaiva chibhende chokureva kureva”tembere”(Johani.2:19;Mateu.26:61).
- 3) Iri raiva dimikira rechiHebheru rokureva tsitsi,”kuvenga”(Genesi.29:31;Dhuteronomi.21:15;vaTesaronika.14:36;Johani.12:25;vaRoma.9:13).
- 4) “vose” maringe ne”vazhinji.” enzanisa izwi rokuti(”vose”)riri munaIsaya.53:6 nerokuti (“vazhinji”)riri munaIsaya,53:11&12 .Mazwi aya anofambirana sezvinoratidzwa munavaRoma.5:18 na19.
- 5) Kushandiswa kwemutsara wose wakazara kunze kwezwi rimwechete.Muenzaniso:”Ishe Jesu Kristu.”
- 6) Kushandiswa kunokosha kwezwi rokuti *autos*
  - a. Kana riine izwi rinodudza zita(attributive position) ,raishandurudzwa richireva kuti”zvimechetezvo.”
  - b. Kana risina izwi rinodudza zita (predicate position)raishandurudzwa richiva nemataurire etsnangudzo yezwi rinesungano nezita romuiti(INTENSIVE REFLEXIVE PRONOUN)richireva—kuti “iye pachake’nechirevo chechirume” kana”iye pachake’nechirevo chechikadzi’ “ kana “icho,iyo. . . ’nechirevo chokureva chinhu’ .“

E. Munzveri wemagwaro asiri wechiGiriki anogona kudoma kumikidzo nenzira dzakawanda:

1. Nokushandisa duramazwi reongororo kana zvinyorwa zveshandurudzo yechiGiriki nechirungu.
2. Enzaniso yeshandurudzo dzechirungu,kunyanya idzo dzakanyorwa kubva pamaonero okushandurudza akasiyana.Muenzaniso:kuenzanisa “shandurudzo yezwi roga roga”(KJV,NKJV,ASV,NASB,RSV,NRSV)nedzimwewo shandurudzo”dzakanyorwa nounyanzvi”(Williams,NIV,NEB,REB,JB,NJB,TEV).Rimwewo gwaro rinogona kubatsira zvikuru,ndeiro rakatsikiswa navaBarker rinonzi,bhaibheri mushandurudzo makumi maviri nenhanhatu”*The Bible in twenty-six translations.*”

3. Nokushandisa bhaibheri rine kumikidzo *"The Emphasized Bible"* rakanyorwa nava Joseph Bryant Rotheham (Kregel, 1994).
4. Nokushandisa shandurudzo yakareruka
  - a. Bhaibheri rakanyorwa ku AMERICA *'The American Standard Version of 1901*
  - b. Shandurudzo yava Robert Young ye Bhaibheri *"Young's Literal Translation of the Bible"* (Guardian Press, 1976).

Kudzidza zvivakamutauro ibasa rinonetsa asi rinokosha kuitira kupirikira kwakanaka. Dudziro, tsoropodzo nemienzaniso iyi yakaitirwa kukurudzira nokubatsira avo vasingataure rurimi rwechi Giriki kuti vashandise pakuverenga chinyorwa chino. Zvokwadi dudziro idzi dzakarerutswa zvikuru. Hadzifanire kushandiswa nenzira yokukakavara, noukukutu, asi sezambuko rokuenda mukunzwisisa kurongwa kwemazwi emutestamende itsva. Tine tariro yokuti dudziro idzi dzichabatsira vaverengi kunzwisisa dzimwewo tsoropodzo idzo dzakanyorwa senzira dzokubatsira kunzwisiswa kwetestamende itsva.

Tinosungirwa kuva nezvokwadi yekupirikira kwedu igere pahwaro hwe horokodzwa yezvinyorwa zvinowanikwa mubhaibheri. Zvivakamutauro ndizvo zvimwe zveizvo zvezvinobatsira; zvimwe zvacho ndezvinosanganisira nhoroondo, zvidzidzo zvezvinyorwa, mashandisirwo emazwi mazuva ano nemivaravara inofambirana.

## **HOROKODZWA YOKUPETA GWARO YEPIRI**

### **ONGORORO YECHINYORWA**

Chidzidzo chino chichabatwa nenzira yokutsanangura zvakanyorwa muchinyorwa zviru mutsoropodzo ino. Donongodzo inotevera ndiyo ichashandiswa

1. Zvinyorwa zvinowanikwa mubhaibheri redu rechirungu
  - A. Testamende yekare
  - B. Testamende itsva
2. Tsanangudzo muchidimbu yematambudziko nemafungiro e"ongororo yepasi" iyo inozivikanwawo sokuti "ongororo yechinyorwa."
3. Zvimwewo zvinyorwa zvinokurudzirwa kuverenga
  1. zvinyorwa zvinowanikwa mubhaibheri redu rechirungu

#### **A. Testamende yekare**

1. Mesoteric Text (MT) Ichi chinyorwa chemavara orugadagada chakanyorwa nomumwe mudzidzisi wechi Judha ainzi Aquiba mugore ra A.D. 100. Mamwewo mavara akaita seayo anodudza ruzha, matauriro, mihoozira inoshandiswa kurongedza chinyorwa nezvimwewo zvakazotanga kuwedzerwa mumakore mazana matanhatu okutanga (Sixth century. A.D) Uye basa iri rakazopedzwa mumakore mazana mapfumbamwe okutanga (ninth century. A.D) Basa iri rakaitwa neboka revanzveri vemagwaro vechi Judha raidanwa kuti "The Mesorettes." Runyoro rwavakashandisa runofanana nerwakashandiswa pakunyora magwaro anoti re Mishnah, Talmud, Targums, Peshiita nere Vulgate.
2. Septuagint (LXX)—Zvinotaurwa zvichinzi bhaibheri iri rakanyorwa nevanzveri vemagwaro vechi Judha makumi manomwe (70) mukati memazuva makumi



manomwe (70 days)richinyorerwa jengeta magwaro reAlexandria,zvichibhadharirwa naMambo Ptolemy wechipiri mumakore (285-246 B.C).Shandurudzo iyi inonzi yakanga yakumbirwa neumwe wevatungamiri vechiJudha aigara muAlexandria.Nyaya iyi iri mutsamba yaAristeas"letter of Ariteas."Bhaibheri reLXX raive rakanyorwa norunyoro rumwewo rwechiHebheru rwaiye mudzidzisi wechiJudha ainzi Aquiba(MT).

3. Dead Sea Scrolls(DSS)—Aya magwaro akanyorwa muRoma munguva yokunge Kristu asati azvarwa(200 B.C –A.D 70)kusvika pamakore makumi manomwe Kristu akwira kudenga,nevanyori verimwewo bande revaJudha raidanwa kuti"Essenes"kureva avo vaidzidzisa kusafarira zvepanyika.Zvinyorwa zvechiJudha ,izvo zvakawanikwa munzvimbo dzakapoteredza dunhu reDead Sea anoratidza kusiyana nezvimwe zvakaita seMT ne LXX.

4. Mimwe mienzaniso inoburitsa kuti kuenzaniswa kwezvinyorwa izvi kwakabatsira vapirikiri vemagwaro kunzwisisa testamende yekare ndeinotevera:

a. Bhaibheri rechiGiriki rakare(LXX)rakabatsira vashandurudzi nevanzveri vemagwaro kunzwisisa (MT)

1) Bhuku yaIsaya.52:14 iri muLXX inoti,"vazhinji vachashamiswa naye."

2) Bhuku yaIsaya.52:14 iri muMT inoti,"nevazhinjiwo vakashamiswa pamusoro pako"

3) MunaIsaya 52:15 musiyano wezwi rinesungano nezita remugwaro reLXX unobuda pachena

a. LXX,"Sizvozvo achavhundusa marudzi mazhinji"

b. MT,"Saizvozvo anosasaidza marudzi mazhinji"

b.Magwaro e DSS akabatsira vashandurudzi vakaeanda kuit vanzwise bhaibheri reMT

1) Bhuku yaIsaya.21:8,iri muDSS ,inoti ,"zvino muoni akadanidzira, pamusoro peshongwe yokurinda ndimire. . ."

2) Bhuku yaIsaya .21:8,iri muMT,inoti,"zvino ndakadanidzira seshumba !ishe wangu ,ndinogara ndakamira pamusoro peshongwe yokurinda misi yose. . ."

c.Ose magwaro ari maviri aya reLXX nereDSS akabatsira pakujekesa bhuku yaIsaya.53:11

1) Gwaro reLXX nereDSS anoti,"mushure mokutambura kweMweya wake,achaona choiedza,achagutsikana"

2) Gwaro reMT rinoti,"achaona zvaakatamburira noMweya wake,achagutswa "

B. Tetsamende itsva

1. Kune magwaro anodarika zviuru zvishanu zvine mazana matatu(5 300), zvechiGiriki kana zvikamu zvetestamende itsva yechiGiriki zvichiripo pazuva ranhasi.Zvingasvika makumi masere nezvishanu zvakanyorwa mugwaro rePapyri uye zvinosvika mazana maviri nemakumi matanhatu aneshanu zvakanyorwa norunyoro rwakare(uncials).Pava paye,mumakore mazana mapfumbamwe okutanga(ninth century A.D)chinyorwa chorunyoro rudiki chakazoitwa.Zvinyorwa zvechiGiriki zvakanyorwa parizvino zvinosvika zviuru zvivi zvine mazana manomwe(2 700).tine zvimwewo zvinyorwa

zvakanongodzwa zvaishandiswa pakunamata zvinodanwa kuti magwaro edonongodzo yeshoko(lectionaries)

2. Mamwewo magwaro anezvinyorwa zvinosvika makumi masere neshanu izvo zvine zvimwe zvikamu zvetestamende itsva zvakanorwa paPapyri zvirumumatura enhoroondo.Zvimwe zvinoratidza kuiti zvakanorwa makore mazana maviri okutanga(2<sup>nd</sup> century A.D.)Asi mazhinji acho akanorwa mumakore mazana matatu kusvika pamazana mana okutanga(3<sup>rd</sup> & 4<sup>th</sup> century A.D.)Hapana kana rimwechete zvaro pakati pawo rinetestamende itsva yakazara.Kuva kwawo magwaro akare etestamende itsva hakurevi kuti ane misiyano mishoma.Mazhinji emagwaro aya akanorwa zvechimbichimbi achida kushandiswa.Pakunorwa apa hapana kunyiso tarisiswa .Naizvozvo, ane misiyano yakawanda.
3. Gwaro reCodex Sinaiticus,iro rinozivikanwa nevara rechiHebheru rokuti N(*aleph*) kana (01),iro rakawanikwa paimba yokunamatira yeSt Catherine pagomo reSinai naTischendorf.Iri gwaro rinoratidza kuti rakanyorwa mumakore mazana mana okutanga(4<sup>th</sup> century A.D.)Uye rinetestamende yakare yeLXX pamwe testamende itsva yechiGiriki.Yakanorwa norunoro rwemhando ye”Alexandrian.”
4. Gwaro reCodex Alexandrian iro rinozivikanwa nevara “A”kana(02),iri gwaro rechiGiriki rakanyorwa mumakore mazana mashanu okutanga(5<sup>th</sup> century A.D.)rakawanikwa muAlexandria,KuIjipita.
5. Gwaro reCodex Vaticanus,iro rinozivikanwa nvara”B”kana(03),iro rakawanikwa mujengete magwaro reVatican kuRoma uye rinoratidza kuti rakanyorwa mumakore ari pakati pemakore mazana mana okutanga(middle of the 4<sup>th</sup> century A.D.)rine zvole LXX yeTestamende yekare pamwe testamende itsva yechiGiriki.Rakanorwa norunoro rwemhando ye”Alexandrian.”
6. Gwaro reCodex Ephraemi,iro rinozivikanwa nevara”C”kana(04),rinoratidza kuva chinorwa chechiGiriki chemakore mazana mashanu okutanga(5<sup>th</sup> century A.D.).Raiva nechimwe chikamu change chapadzwa.
7. Gwaro reCodex Bezae,iro rinozivikanwa nemavara “D”kana(05)rinoratidza kuti rakanyorwa pamakore mazana mashanu kana matanhatu okutanga(5<sup>th</sup> or 6<sup>th</sup> century A.D.)Rakanorwa nechiGiriki.Ndiro gwaro rinezvinyorwa zvinodanwa kuti ;zvinyorwa zvokumadokero”The Western text.”Rine wedzedzodzodzokawanda uye ndiro gwaro rakanyanya kushandiswa pashandurudzo ye”King James Version.”
8. Testamende itsva yegwaro reMSS inogona kupatsanurirwa mumapato matatu kana mana ane zvinhu zvinofanana.
  - a. Zvinyorwa zveAlexandria zvokuIjipita
    - 1) P<sup>75</sup>, P<sup>66</sup>(akanorwa makore angava A.D.200),aya magwaro ndiwo anonyora vhangeri
    - 2) P<sup>46</sup>(akanorwa makore angava A.D.225)iri ndiro rine tsamba dzaPauro
    - 3) P<sup>72</sup>(akanorwa makore angava A.D.225-250),Iri ndiro rinonyora tsamba dzaPetirosi naJudhasi
    - 4) Gwaro reCodex B,iro rinonzi Vaticanus(rakanorwa makore angava A.D.325),ndiro rine testamende yekare netestamende itsva yose
    - 5) Origen anotorawo mazwi kubva muzvinyorwa izvi

- 6) Zvimwewo zvinyorwa zveMSS izvi zvinoratidzawo runyoro urwu ndezvinoti N,C,L,W,33
  - b. Zvinyorwa zvekumabva zuva zvekuchamhembe kweAfrica
    - 1) Mazwi akabva kumadzibaba ekereke dzekuchamhembe kweAfrica vanoti, Terullian, Cyprian, nedzimwe shandurudzo dzerurimi rwechiLatin
    - 2) Mazwi akabva kuna Irenaeus
    - 3) Mazwi akabva kuna Tatian pamwe neshandurudzo dzakare dzeSyriac
    - 4) Gwaro reCodex D “Bezae” rinotevera runyoro urwu
  - c. Zvinyorwa zvinobva kumabva zuva kweByzantine kuConstantinople
    - 1) Runyoro urwu runowanikwa zvikamu makumi masere kubva muzana muzvinyorwa zviuru zvisihanu zvine mazana matatu(5 300)zveMSS
    - 2) Mazwi orunyoro urwu akatorwa wo nemadzibaba ekereke yeAndiyoki paSiria vanoti, Cappadoceans, Chrysostom naTherodoret
    - 3) Gwaro reCodex A, riri muvhangeri chete
    - 4) Gwaro Codex E, rakanyorwa makore mazana masere(8<sup>th</sup> century) richinyorerwa testamende itsva yakazara
  - d. Mhando inogna kuva yerunyoro rwechina ndeye”Caesarean” yekuParastina
    - 1) Mhando iyi inowanikwa muvhangeri yaMako chete
    - 2) Mamwewo magwaro anoipupura ndeanoti reP<sup>45</sup> nereW
2. Matambudziko nemafungiro e”tsoropodzo yepasi” kana “tsoropodzo yemagwaro.”
- A. Musiyano wakavapo sei
    1. Wakaunzwa nokusanyatso bata magwaro zvakanaka(kazhinji kacho)
      - a. Kusaona zvakanaka pakunyora uko kwaizo konzera kuti pave nokunyorwa kwechikamu chepiri chemazwi akafanana, zvichizoita kuti mazwi ari pakati asanyorwa(homioteleuton)
        - 1) Kusaona zvakanaka uko kunokonzera kusanyorwa kwezwi rine mavara maviri kana mutsara kunonzi(haplography)
        - 2) Kusaona zvakanaka mundangariro nokudzorora mutsara kana mukwava wechinyorwa chechiGiriki(dittography)
      - b. Kusanzwa zvakanaka pakunyorwa nhorondo yokuudzwa uko kunokonzera kusanyoreka zvakanaka kwezviperego(itacism).kazhinji kusanyoreka kwezviperego uku kwaireva kuti painyorwa rimwewo izwi rinofambirana pamataurirwo nerino fanira kunyorwa.
      - c. Zvinyorwa zvakare zvechiGiriki zvakanga zvisina mhatsanuro yezvikamu kana ndima mihoozera inopatsanura kana kubatanidza mazwi yaiva mishoma kana kusatovapo zvachose. Naizvozvo zvinogoneka kupatsanura mazwi mumitsara yakasiyanasiyana uchiumba mazwi matsva asiri iwo aivapo kare
    2. Zvakaiywa nokuda
      - a. Shanduko dzakaitirwa kuvandudza chimiro chezvivakamutauro zvezvinyorwa zvakananyorwa
      - b. Shanduko dzakaitirwa kuti zvinyorwa zvifambirane nezvimwe mubhaibheri(harmonization of parallels)
      - c. Shanduko dzakaitirwa kubatanidza zvinyorwa zvakasiyana, zviviri kana zvinoraudza pachiburitswa chimwechete chakareba(conflation)
      - d. Shanduko dzakaitirwa kugadzirisa matambudziko aioneakwa muzvinyorwa(cf. 1vaKorinde. 11:27 na1Johani. 5:7-8)

- e. Imwe horokodzwa yenhoroondo yakawedzerwa ichiiswa mujinga mechinyorwa noumwe munyori iyo yaiitirwa kupirikira zvakanaka chinyorwa asi yakazoiswa muchinyorwa nomunyori wepiri(cf.Johani.5:4)
- B. Maitirwo ebasa rokuongorora magwaro(misimboti yokutema mabviro omaverengerwo egwaro kana paita musiyano)
1. Iro gwaro rine zvivakamutauro zvine unjonjoronjo kana manyorerwo asina kujairika ndiro rinogona kubva gwaro chairo remabviro
  2. Icho chinyorwa chipfupi pane zvole chinogona kuva icho chemabviro
  3. Chinyorwa chakare kare ndicho chinopiwa ruremekedzo rwekuva chemabviro nokuda kwekuva pedo nenguva yemabviro,kana zvimwe zvole zvichiringana
  4. Magwaro e MSS anobva kunzvimbo dzakasiyana siyana,kazhinji ndiwo ane zvinyorwa zvemabviro
  5. Zvinyorwa zvine dzidziso yemanatiro isina kusimba,kunyanya izvo zvine hochekeche nenhaurirano yezvidzidzo zvouMwari zvenguva yakaitika shanduko yezvinyorwa,senyaya yaMwari vatatu mumwe yemuna1Johani.5:7-8,zvinofanira kutarisiswa.
  6. Zvinyorwa zvinokwanisa kupa tsanangudzo yakakwana yemabviro ezvimwewo zvinyorwa
  7. Mapoka maviri emazwi anobatsira kuratidza nengaidzo yezvinyorwa zvakasiyana izvi
    - a. Bhuku rava J.Harold Grenlee rinonzi,Nnhanganyaya kuongororo yetestamende itsva”*Introduction to the New Testament Textual criticism*,rinoti:”Hapana gwara redzidziso yechKristu yakazendama pazvinyorwa zvisina kujeka;uye mudzidzi wetestamende itsva anosungirwa kungwarira kuda kuti zvinyorwa zvaezvivfanane nedzidziso yakare kana kuzvisimbisa pagwara redzidziso yemanamatiro kupfuura zvinyorwa zvemabviro izvo zvakatuswa”(p.68).
    - b. W.A.Criswell akaudza Greg Garrison nezve nyaya yaiva mupepa nhau yokuti iye (Criswell)aisatenda mazwi ose ari mubhaibheri yaiva tuso,”kureva kuti haasi ose mazwi akabva kuvashandurudzi achisvika kuvanhu vemazuva ano .“Criswell ,akati:”ini ndinotenda zvikuru mukuongorwa kwemagwaro.Naizvozvo ,ndinofunga kuti chikamu chokupedzisira chechikamu chegumi nenhanhatu chevhangeri yaMako chine mashoko enhema:hachina kutuswa,mashoko okuzviitira...kana ukatarisisa zvinyorwa nechekare kare,kwakanga kusina chinhu chainzi mheto yebhuku raMako.Pane munhu akawedzera izvi...”

Madzibaba weboka reavo vaizvidana kuti vasingaiti mhosho reSBC”INERRANTISTS”nayewo akati “kudzimikirwa kwemazwi”uku kunowanikwawo mubhuku raJohani.5,nyaya yaJesu padziva reBhetisaidha.uye anotaurawo pamusoro nyaya dzokuzvisungirira kwaJudhasi mbiri idzo dzakasiyana(cf.Mateu.27 naMabasa.1):”Anongori maonero okuzvisungirira akasiyana,” Criswell anoti.”kana zviri mubhaibheri,pano fanira kuva netsangudzo yokuzvijekesa.Uye nyaya mbiri dzokuzvisungirira kwa Judhasi dziri mubhaibheri.”anowedzera achiti,”ongororo yemagwaro ibhinduko rakanaka zvikuru.kana risina kuitwa kwenguva pfupi,harina kuzvidza.Ndere shanduko yakanaka uye ndiro mwoyo wenyaya...”

3. Matambudziko ezvinyorwa(ongororo yezvinyorwa)
  - A. Mamwewo magwaro anokurudzirwa kuverenga
    1. *Biblical criticism:Historical,Literary and Textual* ,by R.H.Harrison
    2. *The Text of the New Testament:It's transmission,Corruption and restoration*,by Bruce M.Metzger
    3. *Introduction to the New Testament Textual Criticism*,by J.H Greenlee

## **HOROKODZWA YOKUPETA GWARO YETATU DONONGODZO YEMAZWI NEZVIREVO ZVAWO**

**Adoptionism.** (*Kuiswa muukama utsva*). Aya ndiwo mamwe emaonerwo aita Hukama hwa Jesu nou Mwari pamazuva akare. Zvainzi Jesu aiva munhu chaiye uyo akaiswa muukama hwakasanangurwa na Mwari pakubhabhatidzwa kwake (cf. Mate. 3:17; Mako. 1:11) kana pakumuka kuvakafa kwake (cf. va Roma. 1:4). Jesu akararama upenyu hwakanaka zvokuti Mwari, paneimwe nguva (pakubhabhatidzwa, nokumuka kuvakafa) akamuisa muukama utsva “se Mwanakomana wake” (cf. va Roma. 1:4; va Firipi. 2:9). Aya aiva maonero evashoma mukereke yemakore mazana masere okutanga (8<sup>th</sup> century). Kunze kwekuti Mwari akava munhu (zimukadzimu) mafungiro aya anoshandura zvino munhu ndiye iota Mwari!

Zvakaoma kuisa mumazwi kuti zvakafamba sei kuti Jesu, Mwari mwanakomana, u Mwari hwakagara huripo, akashangamedzerwa kurarama upenyu hwakanaka. Kana akanga ari Mwari nakare, angazoshangamedzwa sei? Kana akanga aine rubwinyo rwokuvapo kare, akazopiwa ruremekedzo zvakare sei? Nyangwe zvakatiomera kunzwisisa, Baba vakaremekedza Jesu nenzira yakasanangurwa nokuzadzisa kuda kwababa kwake.

**Alexandrian School.** Iyi nzira yokupirikira bhaibheri yakaitwa mu Alexandria ku Ijipita, mumakore mazana maviri okutanga (2<sup>nd</sup> century. A.D.) Inoshandisa misimbotei yokupirikira ya Philo, uyo aiva mudzidzi wa Plato. Inonyanyo zivikanwa senzira yokushandisa zvirahwe. Yakashandiswa zvikuru kwazvo mukereke kusvika panguva yeshanduko yevandudzo. Vainyanya kuishandisa ndi Oregon na Augustine. Tarira bhuku rava Moises Silva rinonzi, kereke yakatadza kuverenga bhaibheri here? “*Has the church misread the bible?*” (Academic, 1987)

**Alexandrinus.** Ichi chaiva chinyorwa chemakore mazana matanhatu okutanga (6<sup>th</sup> century) chemu Alexandria mu Ijipita, chinonganisa testamende yekare, Apokirifa, pamwe nemabhuku mazhinji etestamende itsva. Ndicho chimwe chemagwaro makuru anotsigira testamende itsva yechi Giriki yose (kunze kwemabhuku a Mateu, Johani na 2va Korinde). Apo chinyorwa ichi, icho chinonan’ anurwa kunzi “A” nechinonan’ anurwa kunzi “B” (Vaticanus) zvinobvumirana pakuverengwa, zvinowanzo tambirwa sokuva zvemabviro nevadzidzi vazhinji.

**Allegory.** Iyi inzira yokupirikira bhaibheri yakatangwa neva Judha mu Alexandria. Yakazo paradzirwa na Philo woku Alexandria. Vavariro yayo huru ndeyekuita kuti shoko rienderane netsika pamwe nemafungiro evanhu kuchisiyiwa nhorondo yebhaibheri kana dzdziso yezvinyorwa zvaro. Nzira iyi inokurudzira kutsvaka zvakananzika zvemweya mushoko. Zvinofanira kubvumwa kuti Jesu, muna Mateu. 13, na Pauro, munava Garatiya. 4, vakashandisa nzira iyi yezvirahwe kutaura zvokwadi. Zvisineyi, ava vaviri izvi vakazviita nenzira yokushandisa udzamu huri mushoko kwete zvirahwe.

**Analytical lexicon.** (*Duramazwi reongororo*) Iri duramazwi rakango fanana nechombo chetsvakurudzo chinobatsira kududza mazwi ose zvawo echi Giriki ari mutestamende itsva. Iri gwaro, iwunganidzo yemuronga wemavara echi Giriki nedudziro dzawo. Uri maringe

neshandurudzo,rinobatsira vatendi vasingataure rurimi rwechiGiriki kuti vakwanise kuongorora zvivakamutauro nekurongwa kwemazwi echiGiriki mutestamende itsva.

**Analogy of Scripture. (*Ringanidzo yeShoko*)** Uyu ndiwo mutsara unoshandiswa kutsanagura maonero okuti bhaibheri rose rakatuswa naMwari uye nokudaro harizvipikisi asi rinofambirana.Aya mafungiro ndiwo rutsigiro rwokushandiswa kwemivaravara inofambirana pakupirikira chinyorwa chomubhaibheri.

**Ambiguity. (*Kureva zvakawanda*)** Izvi zvinoreva kusanzwisika kunowanika muchinyorwa kana paine zvirevo zvingaita zviviri kana kupfuura kana kuti painechirevo chezvinhu zviviri kana kuraudza panguva imwecheteyo.Zvinogoneka kuti Johani anoshandisa nzira iyi zvinechinangwa(hunyambiri hwezvirevo zvemazwi)

**Anthropomorphic. (*Kutsanangura Mwari somunhu*)** Zvichireva kuti”kuva nemaitiro evanhu,”Iri izwi rinoshandiswa kutsanangudza mutauro wedu wezvinamoto pamusoro paMwari.Rinobva pazwi rechiGiriki rokureva vanhu.Rinoreva kuti isu tinotaura nezvaMwari sokuti iye Mwari ava munhu.Mwari anotsanangurwa nemutauriro wepanyama,unechirevo chokugarisana kwepanyika,uye nenzira yemafungiro evanhu(cf.Genesi.3:8;1Madzimambo.22:19-23).Iyi ,ingova ringanidzo chete.Zvisineyi hapana imwe mhatsanuro kana mazwi atingashandise kunze kweiwawa epanyika.Naizvozvo kuziva kwedu Mwari ,chero kuri kwezvokwadi ,kune mhenderekedzo.

**Antiochian School.** Iyi nzira yokupirikira bhaibheri yakaitwa kuAndiyoki,Siria,mumakore mazana matatu okutanga(3<sup>rd</sup>century)senzira yokupikisana nenzira iya yezvirahwe (allegory)yemuAlexandria muljipita.Tsvegededzo yayo huru yaiva yokutarisisa chirevo chenhoroondo yebhaibheri.Yaipirikira bhaibheri segwaro chairo rakanyorwa navanhu.Chikoro ichi chakazopindawo zvikuru mudaritari rokuti chaiva chokwadi here kuti Jesu aiva nezvimiro zviviri(Nestorianism)kana chimiro chimwe(kuva Mwari nokuvamunhu azere).Chikoro ichi chakanzi chaiva chenhema nekereke yeRoma,chikabva chatamira kuPersia asi chikoro ichi chakanga chisina mukurumbira.Dzidziso yechikoro ichi yezvekupirikirwa ndiyo yakazoumba misimboto yokupirikira yakazoshandiswa navana Luther na Calvin.

**Antithetical.** Iri ndiro rimwe remazwi matatu rinoshandiswa kutsanangura kureva hochekeche iri pamitsara yenhetembo dzechiHebheru.Rinoreva mitsara yenhetembo inopikisana(cf.Zvirevo.10:1,15:1).

**Apocalyptic Literature.** Iyi nzira yemanyorero yaiva zvikuru kwazvo yechiJudha.waiva munyorero waiva wakavanzika zvikuru wakashandiswa munguva yokurwiswa nokutapwa kwevaJudha nedzimwe ndudzi.Inoti Mwari wepauzima,werudzikinuro ndiye akasika uye anoitisa zviitiko munyika,nokutiwo Isirari inokosha kwaari.Zvinyorwa izvi zvinovimbisa kukunda kuburikidza nokuita kwakasanangurwa kwaMwari .

Munyorero uyu une mifananidzo yakawanda wakanakisa uye uine mazwi akawanda.waiwanzoratidza zvokwadi nenzira yemhando dzoruvava dzakawanda,midzumbutsumbu,manyindingira,zviroti,mirangaridzo yengirozi,mazwi echivande pamwe nomusiyano wechakanaka nechakaipa.

Mimwe mienzaniso yemunyorero uyu ndeyi(1)mutestamende yekare,Ezekieri(zvikamu 36-48),Dhanieri(zvikamu 7-12),Zekariya.,ne(2)mutestamende itsva,Mateu.24;Mako.13;2vaTesaronika.2 naZvakazarurwa.

**Apologist (Apologetics)** Izvi zvinobva paizwi rechiGiriki rokuti”rudziviro pamutemo.”Ichi chidzidzo chinowanikwawo zvikuru kwazvo muzvidzidzo zvouMwari ,ndichi chidzidzo chokuita doritori rakanangana nokudzivirira chitendero chechiKristu.

**A priori.**Iri izwi rinofambirana nerokuti”kufanofungidzira.” Izwi iri rinechirevo chokufunga kubva mududziro,misimboti nemaonero akaitwa kare,ayo anonzi ndeekhwadi.Zvimoreva zviya zvinotambirwa zvisina kuongororwa .

**Arianism.** Arius aiva mufambisi webasa mukereke yepaAlexandria muJipita mukupera memakore mazana matatunokutanga kwemakore mazana mana okutanga (3<sup>rd</sup> –4<sup>th</sup> century).Akatsigirawo kuti Jesu akagara aripo asi haana uMwari(haana kuenzana naBaba),anogona kunge aitevedzera zviru munaZvirevo.8:22-31.Akapikiswa nemukuru wekereke yeAlexandria,uyo akatangawo daritari rakewo rakatora makore akawanda.Arianism yakava mhiko yekereke yokumabvazuva.Dare reNicaea mugore raA.D 325 rakaramba pfungwa yaArius rikati Mwanakomana akaenzana naBaba.

**Aristotle.**Uyu aiva mudzamisi wendangariro wenguva yakare wechiGiriki,akadzidziswawo naPlato uyo akadzidzisawo Alexander .Mukurumbira wake,cheru nanhasi unobata nharaunda zhinji dzedzidzo.Izvi zvinodaro nokuda kwokuti aikurudzira ruzivo kuburikidza nokuongorora nokupatsanura.Uyu ndiwo umwe wemisimboti yemabhindauko emhando dzokuongorora.

**Autographs. (Zvinyorwa zvekutanga)** Iri ndiro zita rinopihwa kuzvinyorwa zvebhaibheri zvemabviro.Zvinyorwa izvi zvemabviro izvo zvakanorwa nemaoko zvose zvakararika.Zvakanga zvanyorerwawo panemamwe magwaro chete ndizvo zvakasara.Izvi ndizvo zvasara zviru izvo zvinyorwa zvakaumba zvinyorwa zvizhinji zviripo nhasi muchiHebheru nechiGiriki nezvimwewo zvakare.

**Bezae.** Ichi ndicho chinyorwa chechiGiriki nechiLatin chemakore mazana matanhatu okutanga(6<sup>th</sup>century)chinonan’anurwa nevara “D.”chine vhangeri dzose nebhuku raMabasa pamwe nedzimwewo tsamba .Chinyorwa ichi chakawedzerwa mamwe mazwi evanzveri vemagwaro.Ndicho chinoumba hwaro hwechinyorwa chinonzi”Textus Receptus,”ndiro zve gwaro guru rakaumbawo bhaibheri re”King James version.”

**Bias. (Rerekero)** Iri ndiro izwi rinoshandiswa kutsanangura rerekedzo kuchinhu kana maonero.Aya ndiwo mafungiro asina kurerutsa mafungiro maererano nechinhu kana maonero.Aya ndiwo maonero anerusaruro rwuri pachena.

**Biblical Authority. (Hukuru hweBhaibheri)** Iri izwi rinoshandiswa nenzira inokosha zvikuru.Rinodidzirwa richinzi ,kunzwisisa kuti munyori wemabviro aida kurevei panguva yake uye nokushandisa chirevo ichi pangva yedu.Izwi iri rinowanzo dudzirwazve sokuti kutoa bhaibheri sairo nhungamiri yedu.Zvisineyi,kana kuchitariswa mhirikiro dzisakarurama dzemazuva ano,ndakadzora pfungwa iyi kuti ireve kuti kupirikirwa nenzira yemisimboti yezvivakamutauro zvenhorondo.



**Canon. (Zvinyorwa zvakatuswa)** Iri ndiro izwi rinoshandiswa kutsanagura zvinyorwa zvinotendwa kuti zvakatuswa. Rinoshandiswa kureva testamende itsva neyekare.

**Christocentric. (Kumira naJesu)** Iri izwi rinoshandiswa kureva kukosha kwaJesu. Ini ndinori shandisa muchirevo chokuti Jesu ndiye Ishe webhaibheri rose. Tetsamende yekare inonongedza iye uye ndiye zadziso nevavariro yayo (Mateu.5:17-48).

**Commentary. (Tsoropodzo)** Iri igwaro retsvakurudzo rinokosha. Rinopa nhoroondo yegwaro remubhaibheri. Rinozedza kutsanangura chirevo chembadzi yoga yoga yegwaro iroro. Mamwe anonyanya kutaura nyaya yokushandisa, mamwewo achitarisisa chinyorwa zvakadzama. Magwaro aya anobatsira, asi anofanira kushandiswa mushure mokunge iwe wamboitawo ongororo yakowo. Mhirikiro yemutsoropodzi haifanire kugamuchirwa zvisina ongororo. kuenzanisa tsoropodzo dzakawanda kubva kuvatsoropodzi vane maonero akasiyana siyana ndiko kunobatsira.

**Concordance. (Donongodzo yemazwi nezviitiko)** Iyi imwe nzira yetsvakurudzo. Inodonongodza izwi rechiiitiko choga choga mutestamende yekare neitsva. Inobatsira nenzira dzakasiyana siyana (1)kutsanangudza izwi rechiHebheru kana chiGiriki rinova mabviro ezwi rose zvaro rechirungu; (2)kuenzanisa mivaravara yose yakashandiswa mazwi echiHebheru kana echiGiriki anofanana; (3)kuratidza apo pane mazwi maviri echiHebheru kana echiGiriki anosiyana asi akashandurudzwa nezwi rimwechete rechirungu; (4)kuratidza kunyanya kushandiswa kwemamwe mazwi mumabhuku kana nevanyori; (5)kukubatsira kuwana muvaravara waunenge uchida mubhaibheri (cf. Walter Clark mubhuku rake rinonzi, mashandisirwo anoitwa magwaro anobatsira kunzwisisa testamende itsva yechiGiriki "How to use New Testament Greek Study Aids, pp. 54-55)

**Dead Sea Scrolls.** Izvi zvinoreva mitute mitute yemagwaro akanyorwa mururimi rwechiHebheru nechiAramaic ayo akawanikwa pedo negungwa reDead Sea mugore ra1947. Magwaro aya aiva jengeta magwaro rerimwe bande revaJudha venguva yemakore zana okutanga (1<sup>st</sup> century). Udzvanyiriri hwakabva pakutapwa nevaRoma pamwe nehondo dzemapindikiti dzakaita kuti vavige magwaro aya mumapako mumwena nemumakate akavharwa. Magwaro aya akati batsira kunzwisisa nhoroondo yeParastina yemakore zana okutanga uye akatsigirawo magwaro e MT, kuti ane humboo hwakanaka husina mhosho, zvokudzoka mumashure kusvika pamakore enguva iyo Jesu akanga asati azvarwa (B.C) Magwaro aya anonan'anurwa nevara "DSS."

**Deductive.** Iyi mhando yokushandisa murangariro inobva pamisiboti kusvika pakushandisa nenzira yokudzamisa ndangariro. Inosiyana neye'Inductive', iyo inoratidza nzira yeongororo nokufamba kubva pakutarisisa zvinhu kuenda kumhendero (maonero)

**Dialectical.** Iyi ndiyo nzira yokudzamisa ndangariro inoita sokuti inosanganisa zvinopikisana kana gangaidzo, ichitsvaka kuwana mhinduro inobata nhivi dzose dzegangaidzo. Gwara redzidziso zhinji dzemubhaibheri dzine hunyambiri hwemhando iyi, kufanoronga kare—Madiro; kudziviririka—kutsungirira; kutenda—Mabasa; rutemo—udzidzi; Rusununguko rwechiKristu—mabasa echiKristu.

**Diaspora. (*Udzingwa*)** Iri ndiro izwi raishandiswa nevaJudha vekuParastina kutsanangura vamwe vaJudha vaigara kunze kwenyika yechipikirwa.

**Dynamic equivalent.** Iyi inzira yemafungiro yokushandurudza bhaibheri. Kushandurudza bhaibheri kunogona kuonekwa seziendamberi re”izwi neizwi”umo ,izwi roga roga rechiHebheru rinosungirwa kuva nerimwe rechirungu rakanagana naro kana rechiGirikiwo rinosungirwawo kuva nerechirungu rakanangana naro,kusvika “pamutsara mudiki” apo chirevo chete ndichi chinoshandurudzwa pasinga tariswe mazwi emabviro nemitsara.Pakati nepakati penzira mbiri idzi ndipo pane”dynamic equivalent”iyo inoedza kushanda zvikuru nezvinyorwa zvemabviro,asi ichizvishandurudza nezvivakamutauro nemadimikira emazuva ano.Nyaya iyi inotaurwa zvakanaka mubhuku ravaFee navaStuart rinonzi,maverengerwo ebhaibheri nezvose zvariri”*How to read the Bible for All its Worth,p.35* nenhangananyaya yebhaibheri reTEV”*Introduction to the TEV*.rava Robert Bratcher.

**Eclectic. (*Ongororo yesungano yezvinyorwa*)** Izwi iri rinoshandiswa riine hochekeche neongororo yezvinyorwa.Rinoreva kusarudza zviyorwa zvakasiyana kubva muzvinyorwa zvechiGiriki kuitira kusvika pachinyorwa chine chirevo chiri pedo nemgwaro emabviro emubhaibheri(autographs)kushandoswa kwezwi iri kunoramba maonero okuti boka rimwe rezvinyorwa zvechiGiriki ndiro rinezvinyorwa zvemabviro .

**Eisegesis. (*Ongororo yechinyorwa inopinza mafungiro matsva*)** Iri izwi rinopikisana nerekuti”exegesis”iro rinoreva “zvinobvisa” muvavariro yemunyori wemabviro,asi iri rinoreva “zvinopinza “mu zano kana mafungiro matsva.

**Etymology. (*Dzidzo yezvirevo nemabviro emazwi*)** Iyi inzira yekudzidza mazwi inoedza kuburitsa chirevo chezwi chemabviro.kubva pachirevo ichi, mashandisirwe anoonekwa zvakapfava.Mukupirikira ,dzidzo yezvirevo nemabviro emazwi haisiri iyo nyaya,asi mashandisirwo aro nechirevo charo mazuva ano ndizvo zvinokosha.

**Exegesis. (*Kupirikira chinyorwa maringe nemuvaravara woga woga*)** Iri ndiro izwi rinoreva kupirikira muvaravara .Rinoreva kuti “kubvisa mu”(chinyorwa) zvichireva kuti chinangwa chedu ndechekunzwisisa vavariro yemunyori wemabviro maaringe nenhoroondo,chidzidzo chechinyorwa,kuumbwa kwemazwi pamwe nezvirevo zvemazwi pazuva ranhasi.

**Genre. (*Manyorero*)** Iri izwi rinobva pamutauro wechiFrench richireva kuti manyorero aksiyana.Vavariro yezwi iri ndeyekupatsanurira manyorero akafanana mumapoka akasiyana:rondezzero yenhoroondo,nhetembo,tsumo,kuparara nemutemo.

**Gnosticism. (*Kusanganisa shoko nemafungiro evanhu*)** Ruzivo ruzhinji rwatiinarwo pamusoro pemaitiro asakarurama aya runobva kuvanyori veboka irori vemakore mazana maviri okutanga(2<sup>nd</sup>century).Zvisineyi,pfumvuti dzemaonero aya dzaivapo mumakore zana okutanga(1<sup>st</sup>century) uye nekumashure kwenguva iyi.

Imwe misimbotti yakadonongodzwa yemapoka emafungiro aya e Valentian nere Cerinthian ayo aivako kumakore mazana maviri okutanga(2<sup>nd</sup>century) inoti(1)nyama neMweya zvole zvinorarama nokusingaperi(hunyambiri hwedzidziso yeraramo).Nyama inezvivi ,Mweya

wakanaka .Mwari uyo anova Mweya hangave nechekuita nekuumba nyama inezvivi;(2)kune nhume(*eons* kana nhanho dzoungirozi)pakati paMari nenyama.Wepasipasi kana wokupedzisira ndiye ‘YHWH’Mwari wetestamende yekare,akasika nyika(*kosmos*);(3)Jesu aiva nhume sa’YHWH’Mwari ,asi iye Jesu ari pamusoro pachikero,kuva pedo naMwari wezvokwadi.Vamwewo vaiti Jesu ndiye ari pamusorosoro asi ari pasi paMwari wezvokwadi uye haasi zimukadzimu rouMwari(cf.Johani.1:14).Sezvo nyama iine zvivi,hazvaiita kuti Jesu ave nemuviri wenyama ova mutsvene.Aiva dzangaradzimu (cf.1Johani.1:1-3;4:1-6);uye(4)ruponeso rwaiwanikwa kuburikidza nokutenda munaJesu pamwe nokuva noruzivo rwakasanangurwa,urwo runowanikwa nevanhu vakasananguewa chete.Ruzivo(mazwi echivande)rwaidiwa kutira kupfuura mihasva yedenga.Mirayiro yechiJudha yaidivikanwa kuti usvike kunaMwari.

Vadzidzisi venhema vemafungiro aya vaikurudzira nzira mbiri dzokurarama dzaipikisana:(1)kuna vamwe ,mararamiro akanga asina chokuita neruponeso.Kwavari ruponeso nezveMweya zvaiva zvakavigwa muruzivo rwechivande(mazwi echivande)kuburikidza nemihava yengirozi(*eons*);kana(2)vamwewo vaiti,mararamiro ndiwo aikosha paruponeso.vaikurudzira kusafarira zvepanyika senzira kuva muMweya chaiko.

**Hermeneutics. (*Misimboti yekupirikira*)** Iri ndiro izwi rinoreva misimboti inotungamira kupirikirwa kwemivaravara(exegesis).kuita uku kunoratidza zvose hurongwa hwenhungamiri uye zvidavado/chipo.Mumabasa ebhaibheri kana zvinoera,bhindauko iri rinopatsanurirwa mumapoka maviri:misimboti yakareruka nemisimboti inokosha.Izwi zvinechokuita nemanyorerero akasiyana anowanikwa mubhaibheri.Manyorerero mamwe nemamwe (genre)ane nhungamiro dzawo asi achisanganawo pamafungiro nemapirikirirwo .

**Higher Criticism. (*Tsoropodzo yepamusoro*)** Iyi ndiyo nzira yokupirikira bhaibheri inotarisisa nhorooondo nechimiro chemanyorerwo echinyorwa chemubhaibheri.

**Idiom. (*Tsumo/Dimikira*)** Iri izwi rinoshandiswa mumitsara inowanikwa mutsika nemitauro yakasiyana siyana iyo inechirevo chisiri chakajairika mazuva ose.Mimwe mienzaniso yemazuva ano ndeinoti:”zvaiva zvakanaka zvakaipa”kana “wazondiuraya.”Bhaibheri rinayowo mitsara yakadai.

**Illumination. (*Rujeko*)** Iri ndiro zita rinopiwa kumafungiro okuti Mwari akataura kuvanhu.Mafungiro akazara anowanzo buritswa nemazwi matatu(1)zaruro—Mwari akabata munhorooondo yevanhu;(2)tuso—akapa mhirikiro chaiyo yemabasa ake nezvirevo zvawo kuvanhu vaakasarudza kuti vanyorerere vanhu ;ne(3)rujeko—akapa Mweya wake kuti ubatsire kunzwiswa kwekuzviratidza kwake.

**Inductive.** Iyi imhando yehurongwa hwekudzamisa ndangariro,inoshanda ichibva pazvidiki ichienda pazvikuru kureva zvakazara.Iyi ndiyo yemazuva ano yokuongorora nokuedza.Iyi kwazvo inzira yaAristotle.

**Interlinear.** Ichi ndicho chombo chetsvakurudzo chinoita kuti chero avo vasingagoni kuverenga rurimi rwemubhaibheri vagonewo kuongorora chirevo charwo nemamiriro.chinoisa shandurudzo yechirungu paongororo yezwi nezwi mumutauro wemabviro webhaibheri.Chombo ichi,chikabatanidzwa neduramazwi re”Analytical lexicon,”zvinopa zvimiro nedudziro dzechiHebheru nechiGiriki.

**Inspiration. (*Tuso*)** Aya ndiwo mafungiro okuti Mwari akataura kvanhu nokutungamira vanyori vebhaibheri kuti vanyore zvakanaka uye zvakajeka kuzviratidza kwake. Pfungwa yakazara iyi inotsanangurwa nemazwi matatu(1)ratidzo—Mwari akabata munhorondo yevanhu;(2)tuso—akapa mhirikiro chaiyo yemabasa ake nezvirevo zvawo kvanhu vaakasarudza kuti vanyorere vanhu;ne(3)rujeko—akapa Mweya wake kuti ubatsire kunzwisiswa kwekuzviratidza kwake.

**Language of description. (*Mutauro wakashandiswa kutsanangura*)** Iyi tsanangudzo inoshandiswa nesungano yemadimikira ayo anonyorwa nawo testamende yekare. Inotaura nezvenyika yedu maringe nemaonekero ainoita kupfungwa dzedu shanu. Haisi tsanangudzo yemabhindauko eongororo, uye haina kubobvira yarongwa saizvozvo.

**Legalism. (*Zvemutemo*)** Chirevo chemafungiro ichi chinoratidzwa nekunyanya kukumikidza mitemo kana kupira. Zvinonyanya kuva nechekuita zvikuru nokugadzirika kwemabasa evanhu senzira yokugamuchirwa naMwari. Zvinoita sokudzikisira hukama naMwari zvichikwiridzira mabasa, zvose zviri zviviri zvinhu zvinokosha zveukama hwechisungo pakati paMwari mutsvene navatadzi.

**Literal. (*Kupirikira maringe nenhoroondo*)** Iri izita rinopiwa kuneimwewo zve nzira yokupirikira inotarisisa zvinyorwa maringe nenhoroondo yakaitwa kuAndiyoku. Rinoreva kuti kupirikira kunechokuita nemutauro chaiwo nechirevo chakajairika chemutauro wevanhu, nyangwe zvazvo richitambira kuvapo kwemadimikira mumutauro.

**Literary genre. (*Chimiro chechinyorwa*)** Izvi zvinoreva zvimiro zvenhaurirano yevanhu, senhetembo kana rondedzero yenhoroondo. Nzira yemanyorero imwe neimwe ine nzira dzayo dzokupirikirwa pamusoro pokuvapo kwemisimboto kuzvinyorwa zvose.

**Literary unit. (*Chidzidzo Chechinyorwa*)** Izvi zvinoreva kupatsanurwa kwemafungiro arimubhuku remubhaibheri. mhatsanhuro iyi inogona kuva yendima shomanana, ganhuro kana zvikamu. Imhatsanuro imwechete inenge iine chidzidzo chimwechete.

**Lower criticism. (*Ongororo yepasi*)** Tarira “ongororo yezvinyorwa.”

**Manuscript. (*Chinyorwa*)** Iri izwi rinoreva zvinyorwa zvakasiyana siyana zvetestamende itsva yechiGiriki. Kazhinji zvinenge zvakapatsanurirwa mumapoka emhando dzakasiyana siyana maringe ne(1)pazvakanyorerwa (pepa’Papyri ‘kana dehwe), kana(2)runyoro rwakashandiswa (mavara makuru kana akasangana). Rinorehwa muchimbu nokuti”MS”(Muumwe) kana”MSS”(Muuwandu).

**Mesoteric Text.** Izvi zvinoreva zvinyorwa zvetestamende yekare yechiHebheru, zvakaitwa makore mazana mapfumbamwe okutanga (9<sup>th</sup> century) izvo zvakanyorwa nezvizvarwa zvevanzveri vemagwaro vechiJudha, zvinyorwa izvi zvine mavara anodudza ruzha rwakaurungana uye nezvimwewo zvinyorwa zvipfupi. Ndizvo zvinoumba hwaro hwetestamende yedu yechirungu yakare. Runyoro rwazvo rwakatsigirwa negwaro rechiHebheru

reMSS,kunyanya bhuku ralsaya,iro rinozivikanwa kubva muzvinyorwa zveDSS.Zvinonyorwa muchidimbu kuti”MT.”

**Metonym. (*Dambanemazwi*)** Uyu mutauriro unoitwa wekuti zita rechimwe chinhu rinoshandiswa kureva chimwewo chinhu chine sungano nechinhu ichocho. Semuenzaniso, “ketero iri kufashaira” zvinoreva kuti “mvura iri muketero irikufashaira.”

**Muratorian Fragments.** Iyi ndiyo donongodzo yemagwaro akatuswa etestamende itsva.Donongodzo iyi yakanyorwa kuRoma makore mazana maviri okutanga asati akwana(200 A.D.)Donongodzo iyi ine mabhuku anokwana makumi maviri nemanomwe seari mugwaro retestamende yeavo vakapandukira sangano rekaturike.Izvi zvinoratidza pachena kuti kereke dzemunharaunda yeRoma dzakanga dzatoronga donongodzo yemagwaro akatuswa matare emakereke emumakore mazana mana okutanga asati azvironga.

**Natural revelation. (*Kuzviratidza kuburikidza nezvisikwa*)** Iyi ndiyo imwe mhando yokuzviratidza kwaMwari kuvanhu.kunosanganisira kuzviratidza kuburikidza nezvakasikwa(vaRoma.1:19-20)uye nokuburikidza nomurangariro(vaRoma.2:14-15)pamwe navaRoma.1-2. Izvi zvnosiyana nokuzviratidza kuburikidza nenzira yakasanangurwa,inova ndiyo nzira yaMwari chaiyo yokuzviratidza mubhaibheri pamwe nokuburikidza nemunaJesu weNazareta.

Iyi nyaya yebatsanurwa revzidzidzo zvouMwari iri kutsigirwawo neboka revaongorori vechiKristu rinonzi [“old earth “Movement] (semuenzaniso.,zvinyorwa zvavaHugh Ross).Vanoshandisa batsanurwa iri kureva kuti zvokwadi yose ndeyaMwari.Zvakasikwa ndiro gonhi rokuziva Mwari;Izvi zvakasiyana nokuzviratidza kwaMwari zvakanangurwa(kwebhaibheri).Kuzviratidza kuburikidza nezvakasikwa ndiko kunopa avo vemabhindauko okuongorora kwemazuva ano mukana wekuita tsvakurudzo pamusoro pezvisikwa .Pamaonero angu uyu ndiwo mukana wakanaka wokupupura kuna avo vokumadokero vanovimba nemabhindauko okuongorora nemichina.

**Nestorianism.** Nestorius aiva madzibaba kuConstantinople mumakore mazana mashanu okutanga(5<sup>th</sup>century).Akadzidziswa kuAndiyoku,Siria uye akatsigirawo kuti Jesu aiva nezvimiro zviviri,chimwe chokuva munhuchaiye ,chimwe chokuva nouMwari hwakazara.Aya maonero aisyana zvikuru neaitwa nekereke yakare paAlexandria okuti Jesu aiva nechimiro chimwechete.Chinhu chikuru chainyanyo tambudza Nestorius izita rokuti”amai vaMwari” iro raipiwa kunaMaria.Nestorius akapikiswa zvikuru naCyril wekuAlexandria,zvichireva kuti akanga opikiswa nevakamudzidzisa uye nedzidziso yake.Antioch ndiro raiva guta guru renzira iyi yokupirikira bhaibheri nokutarisisa nhoroondo yezvivakamutauro pamwe nezvinyorwa,ukuwo Alexandria raiva guta guru rechikoro choupirikiri hwemhando yezvirahwe.Zvakazoguma nokutiNestorius akadzingwa basa ndokuiswa muudzingwa.

**Original author. (*Munyori wemabviro*)** Izvi zvinoreva vanyori chaivo veshoko.

**Papyri.** Iyi imhando yebepa rokunyorera raibva kuljipita.Raigadzirwa nenhukwe dzomurukova. Ndiro bepa rakanyorerwa zvinyorwa zvedu zvakare zvetestamende itsva yechiGiriki.

**Parrallel passages. (Mivaravara inofambirana)** Izvi zvinobatwawo munyaya yokuti bhaibheri rose rakabva kunaMwari, naizvozvo,iro bhaibheri ndiro rinogona kuzvipikira zvakakwana nokunengaidza zvokwadi dzegangaidzo.Izvi zvinobatsirawo kana uchiedza kupirikira muvaravara usina kunyatsojeka uye uine zvirevo zvakawanda. Zvinobatsirawo kuti uwane muvaravara wakajekesesa pachidzidzo chaunenge uchiita pamwe nezvimwewo zvingava zvine chokuita nezvidzidzo vzheshoko.

**Paraphrase. (Mutsumbutsumbu wemitsara)** Iri ndiro zita reimwe nzira yokushandurudza bhaibheri.Kushandurudza bhaibheri kunogona kutorwa seziendamberi rinobva “paizwi neizwi”umo izwi rechirungu rinosungirwa kuwanikirwa rose rechiHebherukana rechiGiriki “muganhuro yemivaravara”umo chirevo chete ndicho chinoshandurudza pasinga tarirswi mazwi emabviro kana mivaravara.Pakati nepakati penzira idzi ndipo pane nzira iyi inonzi”the dynamic equivalent”iyo inoedza kutarisisa zvinyorwa zvemabviro asi ichi shandurudza nezvimiro zvezvivakamutauro nemadimikira emazuva ano.Nhaurwa yakanaka iri pamusoro penzira dzekushandurudza idzi inowanikwa muchinyorwa chavaFee nava Stuart chinonzi kuverenga bhaibheri nezvose zvariri”*how to read the bible for all its worth,p.35.*”

**Paragraph. (Ganhuro)** Iyi ndiyo rondedzero yechidzidzo chechinyorwa.Inobata pfungwa yechidzidzo chimwechete nevandudzo yacho.Kana tikatevedzera vavariro yayo chaiyo hatinga zvisungirire munyaya dzisina mature uye hatirase vavariro yemunyori wemabviro.

**Parochialism.** Izvi zvinoreva rerekero dzezvidzidzo zvouMwari idzo dzinechokuita netsika nemagariro enzvimbo.Rerekero iyi haitarisiwo kana kusahndisa ruzivo rwekuvapo kwezvokwadi yebhaibheri iyo inosanganisa tsika nemagariro akasiyana siyana .

**Paradox. (Gangaidzo)** Izvi zvinoreva zvokwadi dziya dzinoita sokuti dzinopikisana,asi dzose dziine chokwadi,chero dzichikakavadzana. Dzinoburitsa chokwadi nenzira dzinopikisana. Zvokwadi zhinji yemubhaibheri yakaburitswa nenzira yegangaidzo(hunyambiri).Zvokwadi yemubhaibheri haina kuita senyeredzi dzkamira dzoka, asi ibokorodzi rakaitwa nounyirikiti hwenyeredzi zhinji.

**Plato.** Uyu aiva mudz misi wendangariro wekare wechiGiriki.Gwara rendanagariro rake rakava nechekuita zvikuru nekereke yokutanga kuburikidza nevadzidzi vake paAlexandria,Ijipita ,uye pava paye naAugustine.Akati zvose zviripanyika hazvina mature uye zvinongori mufananidzo wezviripaMweya.Vadzidzi vezvidzidzo zvouMwari vakazoenzanisa maonero ake aya “nenyika dzimu.”

**Presupposition. (Mifungo)** Izvi zvinoreva zvatagara tichifunga pamusoro pezvinhu. Kazhinji tinogara tiine maonero edu pamusoro pezvinhu tisati taverenga shoko.Iyi nzira yemaitiro inodanwawo kuti rerekero,kufunga maringe nedudziro dzagara dziripo,fungidziro,kana garoziva.

**Proof texting.** Iyi ndiyo nzira yokupirikira shoko nokutora ndima pasingatariswe chirevo chechinyorwa charo kana chirevo chechidzidzo chose.Izvi zvinobvisa ndima muvavariro yemunyori wemabviro uye zvinowanizo ratidza chido chokutaura maonero omuparidzi achishandisa bhaibheri.

**Rabbinical Judaism.** Iyi nhanho toupennyu hwevaJudha yakatanga vari muudzingwa kuBhabhironi(586-538 B.C).Sezvo mukurumbira wevaPirista netembere zvakanaga zvisisipo,masinagoge akatanga kukurudzira upenyu hwechiJudha.Nzvimbo idzi ,idzo dzaidzidziswa tsika nekagariro echiJudha,kuwadzana,kunamata nekuverenga bhaibheri dzakakurumbira panyaya dzoupenyu hwekunamata kwerudzi rwechiJudha.Munguva yaJesu “chinamato chevanzveri vemagwaro “ichi chakanga chichifanana nechevaPirista.Pakaparadzwa Jerusarema mugore raA.D.70.Chinamato chevanzveri vemagwaro ,ichi chakange chotungamirwa nevaFarisi ndicho chakange chotungamira zvikuru nyaya dzokunamata dzevaJudha.Mufambiro wechinamato ichi ndechekupirikira murayiro uyo uri mugwaro reTorah sekutsanangurwa kwazvakaitwa mudzidziso yemadzinza (Talmud).

**Revelation (Ratidzo).** Tarira rujeko,tuso

**Semantic field. (*Hwenzera hwezvirevo zvemazwi*)** Izvi zvinoreva hwenzera hwose hwezvirevo zvinosungano nezwi.Izvi zvinongoreva zvinorehwa nezwi muzvimiro zvezvirevo zvakasiyana siyana.

**Septuagint.** Iri ndiro zita rinopiwa kushandurudzo yechiGiriki yetestamende yekare yechiHebheru.Zvinonzi yakanyorwa nevadzidzi vechiHebheru makumi manomwe mumazuva makumi manomwe,richinyorerwa jengeta magwaro reAlexandria,muljipita.zvinonzi izvi zvakaitika mugore ra250.B.C.(Pachokwadi zvinogona kunge zvakatora makore zana kupedza).Shandurudzo iyi inokosha nokuti(1)inotipa chinyorwa chakare chokuzanisa nacho gwaro rechiHebheru reMesoteric;(2)inotiratidza chimiro chekupirikira kwevaJudha mumakore mazana maviri kusvika pamazana matatu okutanga,Kristu asati azvarwa;(3)inotiratidza kunzwiswa kwezvaMesiasi kwechiJudha ,Jesu asati arambwa .Pfupiso yayo ndi”LXX.”

**Sinaiticus.** Iri ndiro gwaro rechiJudha remakore mazana mana okutanga (4<sup>th</sup>century).Rakawanikwa nemudzidzi wechiJerimani anonzi,Tischendorf panzvimbo yokunamatira yeSt Catherine paJebel Musa,panzvimbo iri pagomo reSinai.Gwaro iri rinonan’anurwa nevara rokutanga rwerunyoro rwechiHebheru rokuti”*aleph*”[N].Rine dzose testamende yekare neitsva.Iri gwaro ndiro rimwe remagwaro akare e MSS.

**Spiritualizing.** Iri izwi rinofanana nechirevo chemhando yokupirikira iyo inobvisa chirevo chenhorooondo nechechinyorwa chemuvaravara nokuupirikira maringe nemaonero.

**Synonymous. (*Mazwi anezviperego zvakafanana*)** Izvi zvinoreva mazwi ane zvirevo zvimwechete kana zvinofanana (nyangwe zvazvo pasina mazwi maviri anekusangana kwehwenzera hwezvirevo).Mazwi aya anenge aine sungano iri pedo zvikuru zvokuti anogona kutsivaniswa mumutsara chirevo chawo chisingakanganiswi.Zvinoshandiswawo kunan’anura zvimiro zvitatu zvekufambirana kwenhetembo dzechiJudha.Mumaonero aya ,zvinoreva mitsara miviri yenhetembo inoreva chokwadi chimwechete(cf.Mapisarema.103:3).

**Syntax. (*Chimiro chemutsara*)** Iri izwi rechiGiriki rinoreva murongerwo wemutsara.Rinoreva nzira inosanganiswa nayo zvikamu zvomutsara kuti uvake pfungwa yakazara.

**Synthetical. (*Kurukirirana kwemitsara*)** Iri ndiro rimweremazwi matatu anehochekechoche nemhando dzokudetemba dzechiHebheru. Izwi iri rinotaura nezvekurukirirana kwemitsara yenhetembo ichiumba chirevo. Izvo zvinowanzo danwa kuti ”manhengatenga” (cf. Mapisarema. 19:7-9)

**Systematic theology. (*Dzidziso yekupirikira sungano yezvouMwari*)** Iyi inhanho yokupirikira yokuedza kupa sungano kuzvokwadi yebhaibheri kuti ireve chinhu chimwe. Iyi ndiyo nzira yezvidzidzo zvouMwari zvechiKristu inoshandisa kurongeka mumipanda kwendangariro kwete nhorondo yoga (Mwari, munhu, zvivi, ruponeso, nezvimwewo.)

**Talmud.** Iri ndiro zita rinopiwa kugwaro rakaunganidzirwa dzidziso yechiJudha. VaJudha vanotenda kuti dzidziso iyi yakapiwa kuna Mosesi naMwari pagomo reSinai. Kwazvo kwazvo gwaro iri rinoratidza kuva uchenjeri hwechiJudha hwakaunganidzwa navadzidzisi vavo kwenguva yakareba. Kune zvinyorwa izvi zvemhando mbiri: chekuBhabhironi nechipfupi chisina kupera chekuParastina.

**Textual criticism. (*Ongororo yezvinyorwa*)** Iyi ndiyo dzidzo /ongororo yemagwaro emubhaibheri. Dzidzo iyi inokosha nokuti parizvino hakuna magwaro emabviro achiripo uye aripo acho anosiyana rimwe nerimwe. Ongororo iyi inoedza kutsanangura misiyano iyi nokuedza kuumba munyorero wemabviro wezvinyorwa zvakatuswa zvetestamende yekare neitsva. Iyi ,nzira ndiyo inowanzo danwa kuti”ongororo yepasi”

**Textus receptus.** Nan’anuro iyi yakabatawo zvikuru chinyorwa chaElzevir chetestamende itsva yechiGiriki, mugore ra1633. A.D. Kwazvo izwi iri rinoreva chinyorwa chetestamende yechiGiriki yakanyorwa kubva mumagwaro mashoma echiGiriki neechiLatin aErasmus(1510-1535), naElzevir(1624-1678). Mubhuku ravaA.T Robertson rinonzi, nhanganyaya kuongororo yezvinyorwa zvetestamende itsva”*An introduction to the textual criticism of the New Testament*, p.27.” vanoti;”gwaro reByzantine ndiro rimwechetero nere Textus receptus.” Gwaro reByzantine ndiro risinganyani kukosheswa pamagwaro ose ari matatu ezvinyorwa zvechiGiriki zvokutanga zvinoti (Western, Alexandrian nereByzantine). Rine mhoshho dzakawanda dzinobva mukunyorwa nemaoko kwemakore mazhinji. Zvisineyi vaA.T. Robertson vanoti”gwaro reTextus receptus rakatichengetera chinyorwa chisina mhoshho”(p.21). Izvi zvinyorwa zvakare zvechiGiriki(kunyanya chaErasmus chechitatu chegore ra1522) zvinoumba hwaro hwebhaibheri re”king James version ra1611. A.D.”

**Torah.** Iri izwi rechiHebheru rinoreva kuti “kudzidzisa.” Rakazoshandiswawo kureva zvinyorwa zvaMosesi(Genesi kusvika kunaDhuteronomi). KuvaJudha ,zvinyorwa zvetuso zvechiHebheru izvi ndizvo zvinonyanya kukosha.

**Typology. (*Mhando yekupirikira*)** Iri izwi rinoreva mabhindauro epamusoro mukupirikira .Kazhinji rinova nechekuita nezvokwadi dzemutestamende itsva idzo dzinowanikwa mumivaravara yetestamende yekare nenzira yemufananidzo weringanidzo. Iyi mhatsanuro yezvidzidzo zvemabhindauro okupirikira yaiva chinhu chikuru kwazvo munzira yaidzidziswa pachikoro cheAlexandria. Nokuda kwekusashandiswa zvakanaka kwenzira yokupirikira iyi, tinofanira kuishandisa chete mumienzaniso yakanyorwa mutestamende itsva.



**Vaticanus.** Ichi chinyorwa chechiGiriki chemakore mazana mana okutanga(4<sup>th</sup> century A.D.).Chakawanikwa mujengeta mawaro reVatican.Pamabviro acho chaiva netestamende yekare yose,Apokirifa netestamende itsva.Zvisineyi,zvimwe zvikamu zvacho zvakazarasika(Genesi,Mapisarema,Tsamaba dzouparidzi,Firimoni naZvakazarurwa).Chinyorwa ichi chinokosha zvikuru pakutema manyorerwo emabviro ezvinyorwa zvokutanga.Chinonan'anurwa nevara guru"B"

**Vulgate.** Iri ndiro zita rinopiwa kushandurudzo yebhaibheri yeLatin yaJerome.Ndiro rakava gwaro reshandurudzo resangano reKaturike.Gwaro iri rakaitwa mugore ra380 A.D.

**Wisdom literature. (Magwaro emuBhaibheri edzidziso yeuchenjeri)** Aya ndiwo manyorerwo akanga akajairika kunyika dzokumabvazuva (nemazuva ano). Manyorerwo aya aingori nzira yokuedza kudzidzisa chizvarwa chitsva misimboti yokurarama zvakanaka kuburikidza nenhetembo ,tsumo,nengano.Dzidziso iyi yainge yakanyorerwa kumnhu pazvima kwete mugarisana wose.Yaisa tsvaka rutsigiro rwenhorondo asi yaitaura nezvinoitika muupenyu pamwe neongororo.Mubhaibheri ,Jobho kuburikidza nerwiyo rukuru rwaSoromoni akava nokuvapo nokurumbidza Mwari'YHWH',Asi muonero wekunamata uyu haushandi mune zvose zvinowanika muupenyu nguva dzose.

Senzira yemanyorerwo waidonongodza zvokwadi dzinowanikwa misi yose.Zvisineyi,munyorero uyu haushandiswe pose pose.Pane mitsara isingashandi muupenyu hwevanhu vose.

Vachenjeri ava vaibvunza mibvunzo mikuru youpenyu.Kazhinji vaibvunzurudza pamusoro penzira dzakare dzokunamata(Jobho naMuparidzi).Vanoumba nengaidzo nemakakatanwa kumhinduro dzakapfava dziri pamusoro pematambudziko oupenyu.

**World picture and worldview. (Mazwi ekutsanangudza maonero enyika)** Aya mazwi ndeefananidzo.Ose mazwi okudzamiswa kwendangariro pamusoro pokusika.Izwi rokuti "world picture"rinoreva mubvunzo wokuti"zvakaiteka sei"zvokusika iriwo rokuti "worldview"rinehochekeche nokuti"ndiyani akasika."Mazwi aya anokosha pakupirikira kuti munaGenesi.1-2 munobatwa nyaya yokuti ndiyani,kwete zvakaiteka sei,zvokusika.

**YHWH. (Mwari)** Iri ndiro zita rechipikirwa raMwari mutestamende yekare.Rinodudzwa munaEkiSodho.3:14.riri muchimiro chouhonzeri hwezwi rechiHebheru rokuti"kuva."VaJudha vaitya kutaura zita iri,nokuti vaizoritura zvisina mature;Nokudaro vakaritsiva nerechiHebheru rokuti *Adonai*,"ishe."Ukiu ndiko kushandurudzwa kwezita iri rechipikirwa muchirungu.

## **HOROKODZWA YOKUPETA GWARO YECHINA MITSARA YEDZIDZISO YEKUTENDA**

Ini pachangu handina basa nemisara yokutenda kana mhiko.Ndinosarudza kutsigira iro bhaibheri chairo.Ndinoona kuti mitsara yokutenda unoita kuti avo vasingandizive vawane nzira yokuongorora maonero angu panyaya dzedzidziso yezvokutenda.Munguva yedu ino yemhosho nokunyeperana pamusoro pezvidzidzo zvouMwari,ndinopa pfupiso yangu yezvidzidzo zvouMwari, niotevera.

1. Bhaibheri,rose testamende yekare neitsva rakatuswa,harina mhosho,rine samba,ndiro shoko raMwari nokusingaperi.Ndiro kuzvitatidza kwaMwari kwakanyorwa navanhu vachitungamirwa neMweya.Ndiro chete rinezvokwadi yakajeka pamusoro paMwari nezvinangwa zvake.Ndirozve rinopa kutenda pamwe nekushanda kwekereke yake.
2. Kunongori nemusiki mumwe chete nokusingaperi,Mwari mudzikinuri.Ndiye musiki wezvose,zvinooneka nezvisingaoneki.Akazviratidza saMwari muchengeti anerudo nyangwe zvazvo ari Mwari weruenzaniso.Akazviratidza muvanhu vatatu:Baba,Mwanakomana neMweya,vakaparadzana asi vakafanana zvokwadi.
3. Mwari anobata nokushanda munyika yake.Pane mazano maviri nokusingaperi,rezvisikwa zvake iro risingashanduki nerepauzima iro rinobvumira zvido zvevanhu.Hapana chinoitika chisina kubvumidzwa kana kuzivikanwa naMwari,ukuwo achibvumirasarudzo pauzima kungirozi navanhu.Jesu ndiye munhu akasarudzwa nababa uye vamwe vanhu vose vanogona kusarudzwa maari.Kufano ziva zviitiko kwaMwari hakurevi kuti vanhu ava matemhe asina sarudzo.Tose tinechokuita nepfungwa nezviito zvedu.
4. Vanhu nyangwe zvazvo vakaitwa nomufananidzo waMwari uye vasina zvivi,vakasarudza kupandukira Mwari.Nyangwe vakafurirwa neaiva nesimba remweya ,Adhamu naEvha vaiva nemurandu wokuzvitutmadza kwavo.Kupanduka kwavo kwakanganisa vanhu nezvisikwa .Tose tinoda tsitsi nenyasha dzaMwari,kuitira chimiro chedu munaAdhamu pamwe nokusarudza kwedu kupandukira Mwari pauzima.
5. Mwari akaisa nzira yoruregerero nedzoreredzo kuvatadzi.Jesu Kristu,iye Mwanakomana waMwari,akava munhu,akararama upenyu husina zvivi,uye nenzira yerufu rwake rwetsivaniso,akaripira chirango chokutadza kwevanhu.Ndiye chete nzira kudzoreredzo nokuwadzana naMwari.Hakuna imwe nzira yoruponeso kunze kwekuburikidza nokutenda mubasa rake rakapedzwa.
6. Umwe noumwe wedu akafanirwa kugamuchira pfupiro yaMwari yoruregerero nedzoreredzo munaJesus.Izvi zvinoitwa nenzira yokusarudza kuvimba muzvipikirwa zvaMwari kuburikidza naJesus uye nokusiya zvivi zvaunoziva
7. Tose takaregererwa nokudzoreredzwa zvizere maringe nokuvimba munaKristu nokutendeuka kubva muzvivi.Zvisinei,humboo hwehukama hutsva uhwu,hunoonekwa muupenyu hwakashanduka uye hurikushanduka.Vavariro yaMwari kuvanhu haisingori yedenga rimwe zuva,asi kuvasaKristu izvozvi.Avo vakadzikinurwa zvechokwadi ,nyangwe vachimbotadza ,vanoramba vachitendeuka nokutenda hupenyu hwavo hwose.
8. Mweya mutsvene ndiwo”mumwe Jesu.”Arimo munyika kuitira kutungamirira vakarasika kunaJesus nokuvandudza kuvasaKristu kune vakaponeswa.Zvipo zveMweya zvinopihwa pakuponeswa.Ndizvo upenyu noushumiri hwaJesus hwakapatsanurirwa pamuviri wake,kereke.Zvipo zvinova izvo ndangariro nezvinangwa zvaJesus zvinoda kukurudzirwa

nezvibereko zveMweya.Mweya urikubata mazuva ano sokubata kwawaiita munguva yakanyorwa bhaibheri.

9. Baba vakaita Jesu akamutswa kuvakafa mutongi wazvose.Achadzoka panyika kuzotonga vanhu vose.Avo vakavimba munaJesu uye vane mazita akanyorwa mubhuku rehwayana vachawana mitumbi inobwinya nokusingaperi pakudzoka kwake.Vachava naye zvachose.Zvisineyi,avo vakaramba kudavira kuzvokwadi yaMwari vachataramutswa nokusinga peri kubva mukufara kwekuwadzana naMwari vatatu mumwe.Vacharaswa pamwechete naSatani nengirozi dzake

Izvi hazvina kuperera asi ndinovimba kuti zvichakupa chimiro chezvidzidzo zvouMwari zviru mumwoyo wangu.Ndinofarirra mutsara wokuti:

“Muzvokwadi—kubatana,Munezvimwewo—  
rusununguko,Munazvose—rudo.”